84 Қар 7
С 68

**Сейтов Ш. Жаман шығанақтағы Ақ туба: (роман).** Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 567 б.

**Ш. Сейтовтың** усы романы терилип атырған ўақытта оған Қарақалпақстан республикасының халық жазыўшысы атағы берилди. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери Шаўдырбай Сейтовтың бул жаңа романы 1950-жыллардан тап усы бүгинге шекемги дәўирди өз ишине қамтыйды. Романда жекке ҳүкимиранлық, ийесизлик жылларында өптер-төптер болып әбигерленген хожалықлардың, биреўди биреў езген, биреўди биреў тонаған, ҳәмме өз тағдийрлерин тек жоқарыдағыларға тапсырып, солардың ғана изинен соқыр ҳәм шексиз исеним менен ере берген тубалаўшылық жылларындағы адамлардың мәңгүрлик психологиясы, аянышлы тағдийрлери сөз етиледи, нызам өз күшин жоғалтқан я қуры қабыл алынғаны менен ол инсан ҳуқықын қорғай алмаса адамлар өшти өзи алыўға өтип, түрли жаўызлықлардың, меҳримсизликлердиң ҳәм шермендешиликлердиң ҳәўиж ала беретуғыны тартымлы тил, қызықлы ўақыялар арқалы сүўретленеди.

С $\frac{4803270201-033}{М-357\ (04)\ 92}$ 80—91

ISBN 5—8262—0997—3

© «Қарақалпақстан» 1992.

*Бул дүньядан бахты ашылмастан кеткен қыз апаларым Базаргүл Сейтова, Тоты Сейтоваларға ядыгарлық.*
Автор.

## 1.

Буннан бир ҳәпте бурын болған еди. Ғалаўыт кешқурын-ақ еситилди. Буны ең биринши—раймагтың баслығы Әмирхан билди. Қараса өзине таныс, бийтаныс баслықлардың жылтыр «Победа»лары... өтип баратыр, өтип баратыр! Дәрья бойына булар бүйтип мәзи шабыспайды, аманлық па?!

Военкоматта ислейтуғын Бердәмбет партизан, үстине жеңсиз брезентке усаған плащ кийип, аттың үстинде қоқаңлап баратыр екен; зорға иркип сорады:

— Ҳә Бердәмбет аға, аманлық па?!

— Қыпшақтан сең тығып атыр, Нөкиске қәўип!!!— Сөйдеди де Бердәмбет Буденныйға еликлеп, атын қоқырақлатып шаўып кетти.

Енди, дүканда турып, Әмирханның берекети болмады. Өзи дүканда баслық еди, кабинетине кирди де, дүканның жақында алынған жүкшиси, Айбөрек деген дүканшы қызына өзи жақында ғана үйлендирген Жердашты шақырды. Гәп қысқа болды:

— Дәрҳал «Ақ тубаға» шап! Суў алыў қәўпи бар! Жамылғандайларын қалдырыңдағы, басқа—ийге тартар затларды буўып-түйип қойың, дүкан жабылыўдан мен де жетемен!

Жердаш—бир, тил алғыш жигит, ашыўы да жоқ. «Жердаш деген не, сондай—ҳәм ат бола ма! Қарақалпақта бундай ат болмайды, сен я мийманның баласысаңдағы, я атыңды пияң қойған!..» деп басқылағанлар-

ға да ашыўланбайды. «Әкемниң өзи-ақ «көз тиймесин» деп қойған! Не исиңиз бар, мен уллы болсам, баламның атын Бердаш қояман!..» дейди адамлардың жинин тырыстырып. Складтағылар да, дуқандағылар да аты-жөни жоқ, «қол бала» деп шақырады, өзи де «қол бала» десе қол бала! Әмирханның «Жердаш!» деп даўысы шығыўы мәтдал: «Мен мундаман!»лап жуўырады. Бала жигиттиң Әмирханға унап қалғанлығы соншелли, үйиниң қасынан гербишин өзине қуйдырып, үш қабат өжире салдырып берди. Дуқаннан қарасты, өз баҳасына складтан әперди, анаў-мынаў базаршылық еттирди, өйтти-буйтти, Жердаштың үйин ҳәм бир жылдың ишинде журт күлместей ортадәрмиян хожалық ҳалына алып келди. Соң Айбөрек пенен соңғы ақшамласқанында:

— Сени Жердашқа бермесем, биреў алар да кетер! —деди дурысынан келип.—Сөйтпесем сеннен айырылып қала жақпан! Билип қой, атың Жердаштики болғаны менен затың бизики. Закон көтермейди, болмаса үйге-ақ апарар едим, бурынғы заман төрт қатынға шекем-ақ урықсат еткен, сөйткенде қарақалпақлардың саны қашшан-ақ миллионнан асқан болар еди!—деп күлди.

Айбөрек көзлери кесадай, кирпиклери шаншылған, қаслары, шашлары қап-қара, талдырмаш денели ақ қыз. Квас сатып турған жеринен қәлеп, Әмирханның өзи дуқанға алып келди, өзи жумысқа алды. Оғада жупыны еди, оғада қыт жипек таўарлар бөлимине үш ай дуқаншы, соң меңгериўши болыўдан көгин алып, жабағысын таслаған ақ боз тайдай жалтырап шыға келди. Енди келген ревизордың, келген милиционердиң усыған аңсары аўады да турады. Қала берди, «қараңғы қонаққа» тиккелей Әмирханның өзинен сорайды. Усы ўақытқа шекем: «сол ағайин еди», деп ревизорлардан да, милиция қырғыйларынан да басқа биреўлерин берип қутылып жүр.

— Жердашқа берсем, бизиң қатын да, басқа да гүманланбайды! «Қол үземен» деп қорқпай-ақ қой, сени сөйтпесем, ревизор менен милиция бул дуқанға сени көриў ушын-ақ келе береди! Басынды байлап қоя жақпан, түсин! Несине жылайсаң?!—деди бақырып.

Қыз шыңтлап жылағанында өзин бирден тыя алмас па еди, әлле қәйтер еди, бирақ, бул сапары өзин бир-

ден тыя алды. Муҳаббет дегенниң не екенин жөнлеп түсинбесе де Жердаш сулыў, жас ҳәм шаққан, әри үйленбеген еди, соның ушын ҳәм көзи жылағаны менен өзи жыламады.

Күйеўи Жердашты аўылы—«Ақ тубаға» жуўыртқан соң Әмирхан кабинетинен саўда залына шықты. Сипсекешке ҳәммени шығарыўды, дүканға тазадан қарыйдар киргизбеўди тапсырды. Дүканшыларға: «Инкассаторға пулларыңызды таярлаң! Тез-тез!», деп буйырды.

— Еле жаўатуғын ўақыт болған жоқ! Неге жаўасыз?!—деп бақырды «Шығың» дегенде биреў. Әмирхан көп ойланып турмады:

— Азаматла-ар! Үйлериңиз болса қайтың, Әмиўдиң ырашы жыға жақ!!!

Әлбетте, ҳәмме́ниң өз үйи өзине керек, ҳәмме́ниң өз бала-шағасы өзине дәри. Дүкандағы апалақласқан журттан бир минуттың ишинде биреўи де қалмады, қапы иштен илдирилди. Әмирханнан бундай хабарды көп еситкен, буның тәсилине қаның, бес дүканшының бесеўи де буған исенбеди. Саўда жүрмесе, план орынланбай қала жақ болса гөне қалада Әмирханның пияншиклери көп, жыйнап алып араққа бир тойдырады да: «пул сынатуғын қусайды!.. дегизип, ғаўасат тарқаттырады, соң дүканды журт жылан жалағандай етип кетеди. Қатты ғәҳәт нәрсе келип, прилавкаға шығарылды бир сапары. Қараса —үлкен баса-бас, Әмирхан шайының бул түриниң ғәҳәтлигин жаңа билди, енди сатыўды қалай тоқтатыў керек, Айбөрек болса өз нырқынан дәсте-дәсте жыртып жиберип атыр. Әмирханның жүйрик геллеси бирден иследи де асханаға келип, өзинен күнде тийин сорап алатуғын биреўин бармағының ушы менен сыртқа шақырды:

— Баса-басқа жуўырып бар да «дүканға от тийди!» деп даўрық сал, соң бир шийше ақтан әперемен! —деди.

Бәри ойлағанындай болып шықты—ҳәмме есикке урды, Әмирхан иштен илип қалды да, барлық дүканшыны жаўып, ғәҳәт шайыны, тағы басқа сол сыяқлы қарыйдары үстинде турған бир-еки затты складқа тақлатты. Па-ай, сонда Әмирханды жақында келген Айбөректен қызғанып, ишлеринен өлип жүрген төрт дүканшы келиншек—сулыў келиншектиң ишлери ғыжлап жанды-аў! Ғыжламай қәйтсин, бәри де бул дүканға

Айбөректей сулыў болған соң Айбөректиң жолы менен келген! Ҳәммеси де Әмирханның ықласына тарығады, соның ушын боянады, соның ушын жилўа-назды биринен бири өткериўге жарысады! Сөйтип жүргенинде гөрт арыўға—төрт келиншекке кеше келген Айбөректиң жүгин тасытса! Булар биринен бири қызғаныш жүргенинде араларынан Әмирханды Айбөрек суўырып алып кетсе!.. Жердашқа басын шатқалы: «бурынғыдай бола бермес, Жердаш баслықтың жек-жаты емес пе?!» деп, келиншеклердиң қызғанышы басылайын дегенде, қара! Тағы Айбөрек пенен сыбырласып тур!!!

Кийиниўден, пәрдозланыўдан, жилўа-наздан бирин-бири қойыспайтуғын, жүзимниң суўындай ширели, жуқа капрондай үлбирескен аппақ ал келиншеклер тап усы сапары мәзи қызғанысыпты. Әмирхан Айбөректен соң қабағында қалы бар, тобының кишкенелигине бола «Бөдене» атанған Оразгүл деген келиншекке келип, сыбырланды!

— Бөденем,—еркелете сөйледи.—Пулларыңды сана, муғдарын маған жазып бер де, үйиңе алып кет! Буны анаўлар билмейди, тек сен ең түйғыным болған соң айтып атырман, тисиңнен шығарма...

Кейин талма бойлы, қыпша белинен қушақласаң билегине талып түсейин деп турғанға усайтуғын, кийик көзли Кеңесгүлге!

— Сырнай сеслим,—деди елжирей сөйлеп.—Суў алыўы мүмкин, тисиңнен шығарма, пулларыңды тез-тез сана, муғдарын маған айт, сөйт те маңқа ғаррының алдына бар, есап-китапты соң ислеймиз. Бирақ суў алмаса, пулды азанда алып кел! Мен буны анаўларға айтқаным жоқ, аржағын өзиң билесең, сеннен ақыллы кимим бар, шабазым!

— Сеннен исенимли кимим бар!—деп сыбырлады Гүлара дегенине. Зулпын қайырып, мойнына алақанын салып, шекесин өзине тартқанға «Сүйер ме екен анаўлардың көзинше, ишлерин жандырып!..» деген үмит пайда болған Гүлара тилла сырғасын кешки сағымға жалт еттирип бетин тосып еди, сыбырлағаны жаңағы гәп. Өппегени менен турмай: —Булар неге сени жақтырмайды, меннен басқа сүйенишиң қалмады-аў! —деп, жарасына дуз сеуип өтти арғы келиншекке.

— Сени анаў төртеўине талатпайман!—Сыбырлана

ымлады анаўларды буған.—Қупыя гәпим бар, мақул тыңлап ал!..—Соң жаңағыларға айтқанларын айтты.

Бул керилген, сызылған төрт арыў жалғыз Айбөректи емес, бәри де бирин бири көре алмайды, бирин бири аңлыйды, бәри де өзинше «Әмирханның сүйгилигимен, меннен басқаларды мәзи алдастырып жүр,..» деп ойлайды ишинен.

Бул келиншеклердиң бирин бири аңлысқаны соншелли, қайсысы қайсы күни қайсы ревизорға, қайсы милиционерге бала пышықтың қылығындай сүйкимли қылықларын көрсетип, өзлери геўмис сыйырдай күнде саўып алып отырған раймагиниң, қала берди өзлерин жоқшылықтан барщылыққа жетеп келген Әмирханның абырайын сақлап қалғанларын анық биледи. Ҳәммеси ҳәммесине аян, «бул дүканда ҳәмме нәрсе қупыя, биреўдиң сырын биреў билмейди», деген менен шынында ҳәммеси ҳәммесине аян. Кеңесгүлдиң айыбын Гүлара күйеўине туйдырып көрсин, Гүлараның барлық урлықғарлығын Кеңесгүл паш етип таслайды! Биреў Оразгүлди шертсин, Оразгүл не қылар екен?!

«Мениң системам!—деп мақтанады ишинен өзине өзи Әмирхан.—Бул ханлардан қалған система! Қатынлардың бирине бирин қараўыл етип қойыппан, булардың бәри усы дүканның ийтлери. Усы дүканның намысын қорғайды, усы дүкан ушын, керек десем, министрге еркелетип жиберемен, қәлегени дүканға бир «майлы жилик» тислеп келе алады, усы ойнақы қаншықларым саў турса көрейин қәне мениң дүканымда зат болмағанын! Мениң дүканыма көз алартқанын көрейин ОБХС ың ба, редакцияң ба, келе берсин! Қатын емес, булар—шәйтанлар, булардың жолдан шығармай жағы жоқ, бул шәйтанларды ышқыпазларға мен пери қылып көрсетемен, ашық қылып өлтиремен буларға! Булар мениң ўақты хошлығым, жаў-жарағым, дәўлетим, қулласы, барлығым! Шәйтанды жумсаў ушын шәйтанға тәсил үйрететуғын шәйтан болыўың керек, соны билмейди бул журт!..

Әмирхан, өзиниң сөзи менен айтқанда, «бул шәйтанлардың» екеўин бир қабыл етип көрген емес, бирим-бирим кирип шығады. Усы сапары да бирим-бирим кирип, саўда пулларының тийынына шекем қалдырмай жаздырып шықты.

Дүкан шам жағып та бираз ислеўи керек еди, то-

нип киятырған апатқа байланыслы олай ислемеди, дүкан ерте жаўылып, ерте мөрленди. Әмирханның «шәйтанлары» бир-бир таксиден минисип, үйлерине асығыс дағысты. Әмирхан болса асықпады, албырамады, автобазаға келди. Бул жердегилердиң шоферынан директорына шекем Әмирханды танымайтуғыны жоқ. «Бер» деди, берди бир ГАЗ—51 ди. Директор өзи узатып салып қалды.

Жүк машинасы менен Әмирхан үйине келгенде Жердаш қоңсысы Нурлепес шолақты жәрдемге алып, үйге тартар нәрселериниң ири баслысын бууыстырыптүйистирип таслаған екен, Жердаштың өзиниң үйинде артық-аспай не болсын, мың айтсаң да жаңа хожалық ғой! Өз үйине хожейинниң жумысын питкерип барады да, Айбөреги дүканнан келемен дегенше-ақ жүклерин түйеге арта беретуғындай теңлеп-теңлеп, есигиниң алдындағы үлкен торанғылдың ашасына тийеп таслады.

Биреўден биреў көрип, биреўден биреў еситип, ҳәмме үйде жүк бууыспақ, биреўди биреў даўыслап шақырыспақ, даўрығыспақ!.. Бул кәраларға еле электр сымлары тартылмаған, сонлықтан үйлер менен үйлердиң арасына да түни менен паныслар қатнап жүрди. Әсиресе, қырық биринши жылдың суў алыспағы жүрегин жарып таслаған, жаңа-жаңа қайта тикленип: «хожалық болдым!» дегенде қара орманынан айырылып, тағы жер сыйпалап қалыўдан қорыққан хожалықлар ҳаўлығысты. Олар қашшан кими ешекли, кими арқаламай менен жүклерин Қызкеткенниң бәлент ырашына үйип, гәси ешкисин, гәси қара малын сояқларға тартып баратырған...

Мына аласапыран кинофильмлерде «немис киятырғанда» болатуғын еди, соннан айнымайды. «Дүнья ушын бас қатырмайман!» деп қайқайып келген Әмирханды да бул алапасыр, урда-тут, қаша-қаш күтә албыратпағаны менен: «сақлықта қорлық жоқ!..» дегизди ҳәм таза қала жақтағы бөлесиникине қымбат-қымбат, гилем-пилем қусаған олжасынан бир машинасын жөнетти, аўысқанын «суў алса садағамға» қалдырды, машақатынан қашып мал-ҳал тутпайтуғын еди, өзгелердикинен машғаласының жеңиллеўине бул да бир себеп.

Әмирханның көшин апарып келген Жердаш «тап усы машина менен мен де апарсамбекен?» деп турды-

дағы, тағы апармады: «торańғыл жығылмаса менин жүгиме бәле жоқ!..»

Бул дөгеректиң ең тәўекелшили бир-еки жыллықта Ақтубадан, Ақтуба болғанда да Қегейлидеги ҳақыйқат Ақтубадан көшип келип, еки қат өжире салып алған Нурлепес шолақ болып шықты: көшпек түўе жүгин де жыйған жоқ. «Тубинде буйырмайтуғын нәрсе бәри бир, буйырмайды», деди де қойды. Оның есесине көмек кереклердиң бәрин көширисип жүрди. «Жумаш» атанып кеткен ҳаялы Жумагүлдиң де пәрўайы пәнсери, суў ала жақ па, жаў ала жақ па, буған бәри бирдей күнделикли машғаласы менен аўара.

Усы пайытлары ең көп жуўыра-жуўыр, баса-бас Жердаштың басында. Әмирханның көшин түсирип келген соң да астындағы машина менен дүканнан еки ирет, дәрья бойынан бир ирет хабар алып келди. Айтыўына қарағанда» ыраштың басы ала ғарғадай қостаңласқан ғоппық шалбарлы нәҳәнлер! Машинаның нешше түри сөйерде, шүй-шүйге қағысады! Экскаваторлар, бәри саз тур! Прожектордың жарығы сеңниң үстин жалап өткен сайын тап урыстағыға усап кетедиәй, сәмий урыс, урыс!.. Ҳәзирше аманлық!..»

— Онда жақсылап бир аўқатланып алайық, келинди шақыр!..

Әмирханның үйиниң шыраларын сыйырып-сыпырып, пешлерине от жағып жақында ғана қайтып, өз үйиниң шырасын жаңа сыпырып атырғанда күйеўи Жердаш қуўып келди де:

— Жақпа шыраны,—деди Айбөрекке.—Бүгинги кешликти шефтикинен қайырамыз. Гөшти көп сал!..

— Абысын нәўбетте-аў?—Усы шақырықтың болатуғынын күтип-ақ өз үйине кем салыйқа айналысып атырған Айбөрек: «Шыны менен-ақ ҳеш нәрсе сезикленбей ме?!» деген ой менен күйеўине сын нәзерин жиберип еди, қараңғыдан ағараңлаған жүзинен ҳеш нәрсе аңғара алмады. Қисиси бир өкшеден келген изине бурылып баратырып сөйленип кетти:

— Тап... билип турып сорайды-әй!..

Гөш ырасында да көп салынды. Бул үйде ҳәптесине бир кем дегенде қонақ болады, қой сойылады, бәри баршылық. Жердаш түўе Нурлепес шолақтың базар сорпасы да усы үйде сойылатуғын қой-жанлықтың ишек-қарынынан. Қулласы, бәри баршылық. Со-

ның ушын—ҳәм дәстүрхан молдан жасалды, әдеттегише, ҳалўа, кишмиш, нуқыл ерикке шекем қойылды. Чай-пай келтирилди, шоколадтың не тури.

Қолы бос ўақытлары есик-песигин сыпырып, атыз-патызына қарап, усы үйдиң бир адамына айналып баратырған Нурлепес шолақ аўқатты ишисип болған соң да кетпей узақ отырды. Бунның не тәме етип отырғанын аңлады ма, я қутылғысы келди ме:

— Келин,—деди Әмирхан Айбөрекке.—Бул үйде еки бастан ийт жоқ, аўысқан аўҳатыңды Нурекеңе берип жибер, жеңгей сорпасы суўымастан бурын ишип алсын.

Нурлепес: «керек емес» демеди, Айбөрек өзине тән жипектей жағымлы сыпайылық пенен орнынан турып кетип, бир табақ толы ишинде гөши бар гүртик-сорпа әкелип қойды Нурлепестиң алдына. Нурлепес қайта-қайта пәтиясын берип атыр:

— Қара-ап тур, иним, журттың жайы жығылса да сениң жайың жығылмайды, иншалла! Себеби, Алла таала сениң көкирегиңе бола берип қойыпты саған. Иләйым, толы дәстурханның ортаанбағай!..

— Әўмийин!..

— Сен қыйналма, иним,—деди шофердың дизесине қолын қойып Әмирхан.—«Бүгинги таң—бүлген таң!». Дүканда сонша жүз мыңлық зат тур, меники емес, халықтики, ҳүкүўметтики. Сояқларын айтып, директорыңнан сорап алып едим, аман қалсақ та, дүкан кетсе де хызметиңди баҳалайман. Жердаш пенен екеўиңиз усы түнде дүканды қараўылламасаңыз жатып тақатым болмас!..

— Қараўылы бар емес пе?!—Шофердың хош жақтырмағанлығы даўысынан мәлим. Әмирхан түңилгендей қолын силтеп сөйледи:

— Әәй, қараўылы бар болсын! Өлеси бир тазша кемпир! Қулағына үңилип ешек аңқырғанда оянды ма сол! Аржақтан дәрья жықты дегеннен берман шабыўыңыз керек, ақыры, болмаса ғой дүканды ийт жемесаў! Әңгиме, суў кеткендей болса, дүкандағы ҳасыл затларды қутқарып қалыўда болып ту-уур, енди түсиндиңизлер ме гәпке?!

Буннан: «төгилгеннен жалап қал!» дегенди аңлады Жердаш ҳәм көзи масаладай жанып сала берди. Сон-

да да шофер «бир майдан мызғып алмасам болмайды!» деп, көне қоймады.

— Барың онда, Жердаштикинде мызғып ала қойың,—Әмирхан басын екшеди:—Дурыс айтасаң иним, шофер дегенниң уйқысы мудамы қанық болыўы керек, рульде қалғысаң шата-ақ. Барың, еки сааттан соң өзим оятаман, бизге бүгин уйқы жо-оқ!..

Жердаштың үйиниң шырасы жанды, аздан соң тағы өшти. Буны Әмирхан Жердашларды узатып салған соң, тамды айналып, дәрья жаққа тың тыңлап жүргенинде көрди.

Қызкеткенниң бәлент ырашына жүклерин апарып отырғанлар шығар, ортада лаўлаған оттың қызыл жалыны өртелген тандырдың жалынындай аспанға шапшыйды, жалынның ояғынан буяғына, буяғынан ояғына ўақты-ўақты қара көлеңкелер одағайласып өткендей болады. Айтбай домком—финагенттиң ийти ме екен, кимниң ийти болса да жүректи сарсылдырарлық бир муң менен созып улыйды. Ҳаўа салқын еди, «канал бойындағылардың жанына саддақ!»—Әмирхан тоңып ишкериледи.

Бес жыл удайы өкшеси қанамағанлықтан дәслепки ҳаялы менен доктор қалмады, тәўип қалмады, барып көрди Әмирхан. Қырғызыстандағы бир тәўип Әмирханның көзинше-ақ ҳаялына: «Сизде бала бар, мынада жоқ!» деди Әмирханды түртип көрсетип. Басқа да адамлар бар еди, уятын айтсеш! Онысы менен де турмай: «бийперзент ҳаял мийўасыз дарақ, жас екенсең, қызым, бас пүкил қуўрамасыңнан бурын бул кисиден талақ хатынды ал да басыңның ғамын же!» деди-аў! Қайтып келген соң ҳаялдың сылайы бурынғыдай болмады, «қыйт» етсе төркинине тартты. Өзи де бир бала жанлы нашар еди, ақыры буның дүнья-малынан да пайын алмастан басын арашалап алып, өтә кетти! «Сүйемен:» дейтуғын еди, қәне сүйгени! Ендиги өшим ҳаял туқымында болсын!..» —Пааай.. Гижинди-аў Әмирхан, сөгинди-аў, тас болмаса пияншик болып кете жазлады! Күтти, бир жыл үйленбей күтти, қалтасы қашан көрсең бурқыраған пул, астында такси! Шалқыды-аў жигитиң, шалқыды-аў, дүкандағы бес периштени де сондай шалқыспақларының даўамында гәўҳардың қыйқымындай биримлеп жыйнап алды. Қыз-келиншектен аяр жаны, аяр пулы болған жоқ, шашты, шашты, қал-

тасында пулы менен қоса блокноты жүрди, есабын жазып барады, атын жазып барады, есаптан өткергени абзал, жақсы-жаманы, сулыў-сулыў емеси парқ емес. «Биреўлер конверттен, биреўлер сынған пуллардан, биреўлер гүкирттиң қабынан коллекция жыйнайды, бизики оннан жаман ба? Убайдуллада бар ақыл менде жоқ па, я Пердебай қурақым ғәрип жанымның рәҳәтин билмеймен бе!..» деп ақлады өзин өзине. Сонша ҳаяллдан бири: «сеннен ҳәмиладар болып қалдым!» дермекен деп кеп күтеди, жабысса ала қоя жақ, тек тәуиптиң гәпи бийкарланса болғаны, жақ, еле ҳеш ким буған жабыса қойған жоқ. «Тәуиптиң гәпи ырасланайын деди-аў!» деген сайын түнлерде уйқысы шайдай ашылып сала берди. Сөйтип жүргенинде Айбөрекке тап болды, бунын ысылса алтындай жарқылдайтуғынын китап дүканында биринши көриўден-ақ абайлады. Жас қыз ырасында да бунын үмитин пуш қылмады, таўыстай таранып шыға келди, күннен-күнге ағарды, шырайланды.

Өзине қупыя дәри-дәрмақ таярлап беретуғын, фармацептикадан мине деген бир фармацепт қурлым хабарлы, өзи қусаған донжуанлаў врач жорасы: «Менде бир медсестра қыз бар! Анасы ешкидей жылына еки туўады, тап сен соған үйлен,..» деп, усы күнги ҳаялына үйлендирди де, бийшара Айбөрек журттан урланып жылап қала берди.

Сол ҳаялы менен ҳәзир жасап атыр, бурынғы ҳаялы болса Төрткүлли бир персиянға тийип, қашшан қара бала туўып алыпты. Ал, бул Әмирхан Айбөректи оғада сүйип қалғанлығын ҳәтте Жердашқа узатқан соң да байланысын үзе алмаўынан абайлады ҳәм: «журттың ашықлық дегени усы шығар, болмаса неге соған ынтығым қурыйды да турады!..» деп шамалады.

Ҳаялы бүгин де республикалық емлеўханада нәўбетте тур, Әмирханға төсегин өзи салыў жаңалық емес, бүгин де өзи салды. Шыраны өширмеди, сыртқы кийимлеринен басқасын шешинген де жоқ, оятқыш саатын еки сааттан соң безилдейтуғын етип, бас ушына таманлаў қойды. Сөйтип, пружиналы ақ қаслы кәттиң үстине шалқасына таслап созылды. Дийўалдағы, едендеги гилемлери алынған тоналғандай жалаңаш дийўаллар оған кеўилсиз, жәп-жаман, қорқынышлыдай көринди. Түски тәнепистиң ўағында түсликке бирге

шығып, Кеңесгүлдиң микрорайондағы еки өжирели квартирасында уйқыны урып, кешқурын келип еди, бул баса-бастың болатуғынын қайдан билсин, уйқысы сонда-ақ қанып қалыпты, енди темир кәтти сықырлатып, ийттей аўнап атыр, сирә уйқысы келер емес. Бир саат болса да уйқылап алғанға не жетсин, геллеси шайдай ашыла қояр еди, сол уйқы жоқ қой! Көп ойланыўдың да кереги жоқ, оның жүйрик геллесине тасқынның хабарын еситиўден-ақ не қылыў кереклики жылт етип келген, экрандағыдай жылтылдап көзиниң алдынан да өткен. Әне, суўдың хабарын айтып, Жердаш ҳаплығып кирди, мотор өширилмеген. Бунық өзи шапшып турды да, машинаның кабинасына минди, Жердаш кузовта, тартты дүканға! Келди де складтың аўызына кесе тартты машинаны! Ҳасыл жипек, мақбал, қымбат билезик, сырға, жүзик, саатлардың турған жерин қараңғыда қармалап та таба алады. Машинаға салды да таза қаланың арғы шетиндеги бөлесиникине апарып таслады!.. Асығып дүканға қайтты... Қашшан суў басып кеткен, дүканның орнынан үйрек ушып, ғазлар қонады!.. Бул қыйналып атыр, ўах-ўахлап атыр, сөйтпесе болмайды ақыры! Шоферға бир топ шайы, қараўылға бир топ шайы, ўәсқиншим-ўәссалам!—Әне, усы елеслерди көрип атты ол, оннан соң уйқы қалай келсин?! Бунық көзин илиндирмей-ақ оятқыш саат безилдеди, көрпени серпип таслап өрре турды, етигин қоңылтаяқ, носкишең кийди, желең пальтосын жамылды да шығып кетти, күн желемик екен, ети түршигип, териси қустың етиндей бөртип сала берди, аспан ашық, жулдызлар шағырайысып тур. Қызкеткенниң ырашындағы отлар еле өшпепти, көлеңкелер жалынның фонында одағайласып, еле «шәйтанның ойынын» қурып атыр, бағанағыдан парқы—ийт улып атырған жоқ.

Айбөрек «бул еки бийшараны» не ушын жумсап атырғанын «яр» дегеннен түсинген, түсингенликтен «бул адамның» тап усы бүгин өзине келетуғынын—ҳәм түсинген. Затларының ийге тартарының бәрин тораңғылдың ашасына тийеп, булар да тақыр тамда қалған адамлар емес пе? *«Жатқандай болсақ жамылармыз»* деп алып қалған гөне жупқа көрпесин, еки көрпешени, бир құрақлы дастықты аўыздағы жайға шофер менен Жердашқа салып берди. Өзи төрги жайдағы гол-

ланд пешиниң қуўысына бир гөне кийизди таслап, көпшиксиз, дағысыз, аяқларын баўырына тартып, саатлы қолын шекесине жастанып аманат ғана жатып еди, көзи илинип кеткен екен, қапының тақырлысы менен шоршып ояныўдан басына шапшыған: «алла бәрәкәлле! Суў басты!» деген ой қапыға бақыртып жуўыртты. Бунның бәдайбат даўысынан аўыздағы өжиредегилер ҳаўлығысып басқы тапты. Қапы ашылыўдан салқын самал алып, ишке Әмирхан кирди:

— Турың жигитлер, еки саатыңыз питти! Саат үшке қарады!

Айбөрек титирек қоллары менен шыраны жағып, көкирегине түпирди, соң сарқум менен шелектен муздай суў алып, уртлады, тағы көкирегине түпирди. Машинаның гүрилдиси есиктиң аўызынан узап кетип баратты. Тағы есик ашылды, суўық самал алып, тағы Әмирхан кирди, кирди де есикти илип таслады. Соң ҳеш ким менен, ҳеш нәрсе менен иси жоқтай арқайынлық пенен пальтосын мыйыққа қыстырды, етигин аўызға қалдырып, салыўлы төсекке өтти, отыра қалып, көйлегин, майкасын, носкийин шешти.

— Мына төсектиң жып-жыллысын-ай!—деди гөне жупқа көрпени үстине тартып атырып. Айбөрек шыраның қасында шөкке түсип, бул ҳәрекетлерди ҳәйранлық пенен бақлап отыр еди.—Пыш-пыш-пыыш, ақ пышы-ық,—деп шақырды еркелеткен даўыс пенен тиллә таслерин көрсете күлип Әмирхан.—Кел, кел, еркелеп кел, пышықтың баласындай сүйкимли болып ойнап кел, ең сүйкимли ойыншығым, ақ ботам...

— Бүгинше қоя қояйықшы! Нәм-нәҳән киси уялмайды-әй!—деп барып, пердени бастырды да, кемсалыйқалаў жипеклерин үстинен суўсылдата сықпанатып, шешине баслады.

Жалаңаш тулғаның булаңлап шыраға баратырғаның көрген Әмирхан:

— Ўай-бай, өшире көрме!—деп сыбырланды еситерлик дәрежеде.—Сени сулыўлардың конкурсына жиберсе, биллә, бириншиликти аласаң!!! Ақ сийнендеги қара лешшигиңди де шеш, ең сулыў жериңди жасырма, қудай ушын!

— Қойш, нетыласаң...

— Емсмен мәмишиңнен, емиренип еме жақпан! Ҳай-ҳай, пышығым, пышығым, мамығым! Усыншелли жып-

жыллы болармысаң, ауышты әкел!... — Шорп-шорп-шорп сүйди, өзиниң демине өзи «түйилип» сөйленди:— Усыншелли шийрин болармысаң, усыншелли!.. Нәзигим, нәзигим...

— Өтирик! Усы гәплерди Оразгүлге де, Кеңесгүлге де, Гүлараға да айтқансаң...

— Оларға ойнап айтаман, саған шынтлап айтаман, жанымм...

— Тап үсейтип, өз ҳаялың Үбәйданың да алқымынан сорыйсаң...

— Өтирик айтпа, шам-шырағым!..

— Абысынның ақ тамағы азанда көк талақ болып шығады, онда жин сорып кететуғын шығар...—Бүлкилдеп күлди Айбөрек, Әмирхан да күлди:

— Ерли-зайыплылық-дә, өйтпесек болмайды енди...

— Мен сени Үбайда абысыннан қызғанаман, сен мени Жердаштан-ше!..

— Сен бир, қудайдың йошып отырып соққан аппақ мүсинисең, мүшигим! Бир жериңди бүлдирип аламан ба деп, ҳәтте сени өзимнен де қызғанаман, билләә, шыным!

— Сонда неге Жердашқа бердиң мени?!—Шынтлап сорады келиншек.

— Басқаға берсем, елден шығынып кетесең-ғоо, оннан соң бир көрмеге зар боламан сени. Жердашта болсаң, қасымда боласаң, Жердаш күшигинен талап таслаған қулым, қәлеген жағыма жорттыраман да қасыңа келе беремен...

— Қойып тур,—былқылдақ алақаны менен Әмирханның жалаңаш көкирегин сыйпап еркеленди Айбөрек.—«Жердашты күшигинен таладым, қулым» дедиң ғой, айт ырасыңды, Жердаш саған усындай күшик болып, қул болып жүре бере ме? Егер ондай ететуғын болсаң, оны өсириўдиң жолын өзим билемен, қолыңнан келмесе, жолды өзиме бер, жақ, шыным, сеннен ҳәм үлкен адамлар бар шығар, ақыры...

— Ҳаў-ҳаў! Сен бирден хотқа кеттиң-ғо, «байын жек көреди» десем...

— Байын жек көретуғын ҳаял болмайды,—көкирегине шапалағы менен және бир шырп еттирди.—С... меўи мүмкин, бул еле жек көргенлик емес, жек кө... адам айырылысып тынады, мениң ойымда ол жоқ... мек, жек көрмегеним, ким биледи, бәлким, сөйте-с...

сүйип те қаларман, бәлким, соған шекем жүрермен сениң менен...

— Я-аа алла, сүймегейсең-дә!..

— Өйдеме, адамларға меҳир-муҳаббет тиле, сонда сени журт сүйеди! Мен Жердаштың өзиме муҳаббетин тилеймен, ол муҳаббет онда оянып киятыр, енди күни-түни өзиме муҳаббет тилеп жүрмен...

— Сонда неге мениң менен жүрипсең?!

— Бул—зәрүрликтен, сен танксең, қарсыласқан менен, бәри бир, басып кетесең. Мен ҳәзирше саған кеўил бергеним менен Жердаштың жолына бас тиккен адамман, оның тик аяғынан турып, өмирди түсинип кетиўи ушын ҳеш нәрседен де тайынбайман, өзиң менен неге жүргенимди де ҳәзир бир нәўйе абайлаған шығарсаң..

— Өйте берсең Жердаштан айырып аламан!

— Соның ушын—ҳәм сениң менен жүре беремен, сен қәўипли адамсаң, сөйтпесем, айырыў қолыңнан келеди...

— Айырмасам-ше?!

— Айырмасаң—ҳәм жүре беремен! Себеби, сен мықлы ҳәм абырайлы адамсаң, саған ҳәмме қатын сонлықтан таласады, ал мениң болса ҳәмме қатынды руўҳый өлтирип, жеңимпаз болып жүргим келеди...

— Ал, сениң менен жүрмесем-ше?!

— Онда жүдә бәрәкәллә! Сениң министриң менен жүремен де, сени Жердашты жумсағаныңдай етип жумсатаман, бирақ сен кете алсаң кете бер...

— Үҳҳҳ, әзәзүл екенсең-ғо!

— Қатынның әзәзүл емеси жоқ, шайырлар оларды сүттен ақ периге теңеп, мәзи көпире береди-дә, ҳаялдан пери шықпайды! Сен—ҳәм адам танымайсаң, дүкандағылардың ең садасы мен, анаў төрт әширепиң меннен ҳәм әзәзүл!..

— Шетиңизден шығарып қутылмасам!..

— Қутылсаң қутыла ғой, өзиңди алып кетемиз.

— Биллә, шетиңизден қаматаман!

— Қаматсаң қамата ғой, бес қатын сеннен айырылыспаўға ант ишискен, тюрьмада да өзиң менен бирге жатамыз. Сен бүгин «бес қатынды алдап жибердим» отырсаң, бес қатын да алданған түр билдирип, ...ди алдап кетти. Мәгар бүгин түнде дүканды суў ...ғын, ертең саған бир қатын бир манат—ҳәм услатмады...

— Меники емес, ҳүкүметтики-ғо!
— Ҳаўўа, ҳаўўа!—Бирден жууҳаланды, ермекледи Айбөрек.— Ҳүкиметтики екен-аў!
Жетер енди усы ойнағанымыз! Анығынан кел де муддоҳоңди айт!!
Мен жаманымның күшик емес, адам болғанын көргим келеди, дүкандағылардың байлары шетинен нениң, бизики жүкши!..
— Дүканды етсем бола ма?! Кеңесгүлдиң орнына!..
— Кеңесгүлди қайда жибересең?
— Винзаводтың директоры сорап жүр, өл деген анық! Складшы етпекши-и.
— Екеўимиз бир дүканда ислемей-ақ қояйық, сол жерге Жердашты жибер?!
— Жердашың қатын ба?—Даўысы ашыўлы шықты. —Ол қатын сорап жүр!
— Онда мени жибере ғой!
— Сени өзим өлмей бермеймен, қала берди, ол Кеңесгүлди сорайды...
— Кеңесгүлге күши жетпейди, айтып бар!—Еринин пылт еттирди.—Билип қой, шырағы-ым, оның сеннен басқа да жигити бар! Респрокурорда! Керек десе, винзаводыңның директорына қосып, сақпанға салады да былғап-былғап зыңып жибереди, екеўиңиз бирден он үшинши тюрьманың төрине торс ете қаласыз!
— Онда не қылайын?!
— Жердашты жибер, көзимше арқаланып жүргенин көргим келмейди!
— Арқаланғаны менен табысы жаман емес ғой, керегин алып тур, сатып жүр қымбат баҳасынан, бул аз ба?!
— Неге гәпке түсинбейсен, көзинше қалай жүремен сениң менен! Қатынлардың бәри биледи, бир күн болмаса бир күни баспай ма бетине быжылдатып, мың айтқан менен еркек-ғо! Намысы оянып я саған, я маған балта урмайды деп ойлаймысаң?..
— Яқшы, мен ойланып көрермен. Бир майдан көзсир алайық!..
— Сөйде оннанша... Айтқандай, ҳаў, усы болғаның ба?..
— Жердашың шыррыя қойса шыдата ма мени! Бери жатш, шашыңнан ийискеп жатайын, нәзигим, нәзигим...

Азанда булар таң ала геўгимнен оянды. Әмирхан үйине кеттидағы, Айбөрек жуўынып-шайынып, кийинип, ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай, тымпыйып үйинде қалды. Ол Әмирханның үйине келип тоқтаған машинаның гүрилдисин еситсе де сыртқа жуўырып шықпады. Аздан соң үйге Жердаш кирди: «Бир өзиң қорқпадың ба? Нурекеңниң ҳаялының қасына барып-ақ жата ғойсаң болады-ғо, соны айтарман десем, тарса есимнен шығып кетипти баса-баста!» деп атыр, ҳеш нәрседен бийхабар.

— Жыққын жыққан жоқ! Барып, шай қайнат, сояқта ише қояйық, бизлер де тоңып келдик...

Әмирханның дәстурханын дөгереклеп шофер, Жердаш, Әмирхан жаңа отыра бергени, аўылдың барлық ийтлерин шабаландырып, бир атлы шаўып өтти:

— Суў кетти, ҳааа суў кетти-ии! Басыңыздың ғамын жең!..

Дәстурхан басындағылар бириңе бири жалт-жалт қарасты да, үстилерине елден-ақ дийўал қулап, пәтик түсип киятырғандай өзлерин бирден есикке урды, жан ийманы қалмай сырттан ишке жуўырып киятырған Айбөрек есиктен зоңқ етип сыртқа атлыққан Жердаштың соққысынан қаймығып аман қалды. Буның бәри тек «тамның астында қалмаў!» қорқынышы қусаған, сыртқа шыққан соң, дийўалдан былайлаў узақлап, дийўалларына қарап, қулап киятырмағанына көзлери жеткен соң булар да питегене өзлерин басты. Әмирханның көзине биринши түскени—баласы Нурқасымды жетеклеўи менен Қызкеткенниң ырашына қарап, қашып емес, ушып баратырған Жумаш атанып кеткен Жумагүл! Арнаның бәлент ырашындағы кем-кемнен көбейип атырған аламан, ешкисин сүйрелеклеп, ырашқа шығара алмай тырбанып атырған кишкене бир бала!..

Жердаш серлеп қараса Нурлепес тамының басында намаз оқып атырғандай қублаға қарап тур! «Журт тамнан жырақласа алмай жүрсе, тамның басында не турыс! Журттың Нурлепести: «арқасы бар, еки если жинли» дегени ырас болды-аў!..» деген бир ой жылт етти де жоқ болды. Жоқ болыўына себеп, машина дөдетлеп атыр екен, Айбөрек қашшан қузовқа минип алыпты, соған қарағанда Әмирхан, баслық ғой, ақыры, кабинада шығар, оны ойлап турыўға пурсат қайда, Жердаш ке-

тип баратырған машинаны қуўалап жүрип асылып минди! Жол-жөнекей жете алған усейтип асылып мине берди, тилсиз жаўдан қашып баратырғанлардың тоқтамасын биле ме, қол көтерип атырған ийт жоқ, «қайда барады?» деп сорап атырған ийт жоқ, «алып кет!» деп, өтиниш етип атырған ийт жоқ, жеткен асылып минип атыр, жетпеген қалып атыр, машина үзликсиз дөдетлеп баратыр! Нанбайхананың гудоги үзликсиз гүўилдейди! Арқаланып қашқан, мал жетеп қашқан, бақырып қашқан, шақырып қашқан посқыншылар...

Тамның басындағы Нурлепеске урыс тағы басланып кеткендей түйилди: «Ҳеў-еее, бендеңди бул апатлардан өзиң сақлай гөр, жаратқан жан Ийем!—дейди даўысы дирилдеп. —Аспанды қара ғарғадай қаплаған самолет, партланып атырған бомба жоқ демесең, мынаўың сәмий урыстың өзи! Түүўў, мынжақтан немис басып келгенде журт усейтип шубырысты-аў, Доң жақта, сәмий өзи, өзи!..»

Усынша жасаса да Нурлепес бундай үлкен жыққынды биринши көриўи! Бул сапары да қырық биринши жылдағыдай «Әләмин пушықтан» кеткен жыққынның сарылдысы тап усы жақтағы анаў тамның басында еле жүрген Нурлепес шолақтың қулағына еситилип тур. Оның көзлери ыраштың үзигин кеңейтип үш-төрт метр бәлентликтен суўға араласа шапшыған сеңлерди көрип турған жоқ, бир нешше қасқыр үлкен қораға үйирилген бир отар ақ қойларға шапқанда, қойлар пәт пенен келип, ергенекти жығып жибергенинде ергенекке сыймаған ақ қойлар бириниң үстине бири усейтип дүрлигиседи! Барымтаға қуўылған үйир-үйир жылқы салмалардан секирип, қайда бәлент болса шапшып өтип, сайларды сықырлатып, тақырларды дүбирлетип, алдынан не келсе соны жапырып, алды-артын шаңғытып, усейтип шабысатуғын!.. Буны Нурлепес бала күнлеринде көрге-ен!..

— Ҳәәәй, Нурлепес ағаааа! Түс, түс, суў келип қалды-ы!..

Оны усы сес есине енгизип, зәңгиге жуўыртты. «Жаны көзине көринди» дегени менен жанның қандайлығын көрген адам жоқ, буны Қызкеткенниң ыраўына жанталасып өрмелеп баратырған Нурлепес те билмейди!.. Билетуғыны тек «Нурымбет пәтке» менен буның тамының арасы еки шақырымдай, Қызкеткен менен буның

тамының арасы жүз елли—еки жүз адым! «Еки шақы-рымнан суў келемен дегенше еки жүз адымға еңбеклесе де жетер адам!..» деген ойы бар еди, бул да ыраштың басына өрмелеп үлгерди, тасыр-тусыр өзиниң жайы да гүмпә-гүмп, ларса-ларс қулап үлгерди! Ол жайға қыйналған жоқ: «Қудай сақлап қалды мени!» деп көкирегине түпирди!

Бул кәрадағылар ермек ушын-ақ кими «Қаратерең», кими «Ақтуба» атап кеткен үлкен қазан шуқыр бар еди, суў әдеп саңлақ таўып, сол «Ақтубаға» сарылдап қуйылды. «Ақтуба» менен Қызкеткенди тутастырып турған гөне сай бар еди. «Ақтуба»ның тас төбесинен қулап ағып, ҳәйле-пәйлеге қарамай төппелеме еткен суў қазан шуқырдың түбинде қысы менен муз болып қатып, күн жылытыўдан порсып атырған ешеклердиң, ийт, пышықлардың өликлерин түйектегидей тубаның жүзинен бир айналдырды да, гөне жылғадан айдап жиберди. Буннан сәл алдын ыраштың арқасындағы қубласына, қубласындағылар арқасына жуўырысып өтип турған суў алма жасқадан өлик-пөлиги менен, щөп-шаланы менен, сең-пеңи менен Қызкеткенге ҳарылдап пәтли аққанлығы соншелли, бул ағып атырған қара лөтре батпақ па, суў ма, айырыў мүмкин болмай қалды, арқадан да, қубладан да ырашлар ларс-ларс қулап, суўдың «дәрўазасы» барған сайын аңқая берди-аңқая берди. Соңсоң барып, қара лөтре ылай суў түсин алды. Жумагүл—Жумаш Нурқасымның тамбасына қойылған, ҳәзир суўда ығып киятырған бесигин таныды, лийкин, алыўдың иләжы жоқ еди, ала берсең дөңгеленип киятырған қазан, табақ, қабақ, көрпе-төсек, беде... тағы не жоқ дейсең бунда!..

Суўдың «Ақтуба»—«Қара тереӊ» қазан шуқырын бурынғыдан да шуқып қуйып, ески сайдан Қызкеткенге сарқырап қуйыўы жән-жақты жайлаған айдын шалқар қәддин сәл ғана пурсатқа болса да бир қәлипте услап турды. Усы ўақытта Қызкеткенге қуйып турған арна—сайдың қубласындағы ыраште атаўлағанлар арқасында атаўлағанларға бақырысып-шақырысып, бир нәрселерди тапсырысып атты. Қубла ыраштағы Айтбай финагент—домком . арқа ыраштағы жорасына аўызын көлегейлеп бақырды:

— Гүлимбай Нағыметы-ыыш! Насос салманы жы-

ғы-ың, өйтпесеңиз қублада бир де жай аман қалмайды-ыы!..

— Болмайды,—деп бақырды ояқтан Гүлимбай Нағыметыш қолын былай-былай сермеп.—Насос салманың ырашын милиция қорып жүррр!

Ырасында да насос салманың ырашында атларын қоқырақлатып шаўып, ырашты жықпақшы болғанларға наганларынан жоқарыға оқ атып, абай етип милиционерлер жүр. Пахта пункттиң директоры Айтжанға ерип. тобы муштай ғана, кишкене балалардың кийими емин-еркин бола беретуғын Ахыметжан дүканшы өрден ыққа, ықтан өрге жуўырады, Айтжан директор қайда жуўырса, бул да сонда! Салманың ырашын жықпақшы болғанларға Айтжан мушын көрсетип абай етсе, Ахыметжан дәстеси өзиниң бойынан үлкен қулақлы белди шошаңлатып абай етеди. Бул екеўинен үсы этирапларда қорқпайтуғын, сыйламайтуғын адам жоқ. Бул кәрадағылардың көбиси анаў пахта пунктинде—Айтжанның қарамағында ислейди, азық-аўқатты пункттиң шарбағының ишиндеги дүканнан алады, ал ол дүканды Ахыметжан ашады, дүкан тиккелей, пунктке, Ахыметжан тиккелей Айтжанға қарайды. Насос салманың арқасына еле шық тамған жоқ, жайлары арқадағылардың қолларында, бел, таяқ, жаба, балта, булар да насос салманың жерден еки метрдей бәлентликке көтерилген, нешше жыллардан бери үстинен адам қатынап жент болып қалған, қала берди хәр бел топырағы салманы жағалай егилген сығасқан қара таллардың тамырлары менен торланған, сонлықтан да күш салып бузылмаса бузылмайтуғын мийтиндей беккем хәм бәлент салманы қорғаўда еди. Буларға да хәзир Айтжан менен Ахыметжан үлкен абай, ал, салманың қубласында жайлары қашшан гүмпа-гүмп болған хәм болып атырған, сонлықтан—хәм арқадағылардан өзлерин бахты қара сезип, уўласқан-шуўласқан, арқадағыларға: «...—Ашыңлар-шы, салманы, жығыңларшы, ең болмаса қалған тамлар аман қалсын!..». «Хәй, Аллаи маңқа! Кеше ғана, тап жаңа ғана жан қоңсым едиң-ғо, аямайсаң ба бизди!..». «Хәй, Пиржан палым шапаш! Айтжан Еркетаевқа сонша халықтың үй-жайы әдийин шорт! Оған пункт керек, оған «пунктти сақлағаны ушын байрақ» керек, саған не керек, а-аш!..» деп бақырғанлардың, жалынғанлардың Айтжан Еркетаев

пенен Ахыметжан дуканшыдай да нәҳәни жоқ, гилең колхоздан қашып-пушып келип, жақында үй-жайлы болғанлар, еле де «башқуртсыз жүргенлер», соның ушын—ҳәм Нурлепес шолақшылап, жайды «пылан-сылансыз урлап салғанлар», арты қуўыс, қыпығы болғанлықтан—ҳәм басынан қорқатуғын, батыл ҳәрекетке жүреги даўамайтуғынлар еди. «Ийттиң ийеси болса бөриниң—ҳәм қудайы бар» екен. Атын патырақлатып шаўып келген Бердәмбет партизан:

— Тынышланың, алама-ан!—деп бақырды қубладағыларға қолларын сермеп.—Сизлер «жығың салманы!» дейсизлер, ҳа бул жақта музей бар-ғо, музей мәмлекеттики! Ҳа пахта пункт бар-ғо! Пахта бизиң миллий байлығымыз-ғо, не ужелий соған түсинбейсиз? Ҳа бул жақта раймаг бар-ғо, сизлердиң шат қораңызды сақлаймыз деп, раймагтың сонша миллионлық затын жибере берейик пе! Ҳа-аа нан завод бар-ғоо, нан заваоод! Сизлердиң қақыраларыңыз ушын пүткил Нөкис аштан қырылсын ба, ойланың жекке меншиктиң қуллары, ойланыңң! Ҳәр бириңиз мәмлекеттиң мәпин жекке мәпиңизден жоқары қоймасаңыз, усы социализмде қалып отырысыңыз, коммунизм түўе гөрге де бара алмайсыз, ҳа оңбағанлар, ойлансаңыз-ғооо! Биз коммунизмге барамыз, жекке меншикти қуртамыз деп жүрсек, булар мал қорасын қорый береди, билесиз бее, мал қора дегенди ийт қорыйды, а-аа сизлер адамларсыз, ойланың адамларша!..—Қасына милиция лейтенантын шақырып алып: —Ғыңқ еткенин апарып баса бер!—деди ҳүким етип.—Жуўабын өзим беремен! Бәри бир, Сибирьге адам көп керек, бизиң ендиги өндирис ошағымыз Сибирь, сол ошағымызға гүдибузар от жағарлар керек!.. Баса бер лейтенант, баса берр!..

Еки урыстың басында болған, әсиресе өткен урыста военкомлық еткен дәўиринде өзиниң ҳәдден тыс ҳадаллығы, ҳәдден тыс Сталинге, ҳүкүўметке берилгенлиги, ҳәтте ҳәдден тыс жаўызлығы менен даңқ шығарған бул киси не десе сол. Урыс жыллары әскерий хызметтен жалтарғаны ушын өзиниң жалғыз баласын өз қолы менен атып өлтирген қаталлығы ҳәзир—ҳәм ел арасында аңыз, ҳәзир—ҳәм буннан адамларды қорқытады. «Қызын буған таслап, орыс ҳаялы армян менен қашып кеткен. Атайын десе еле табалмай жүр! Жекке меншиктиң барып турған душпаны! Сонша абырайы

менен қызы екеўи ҳәзир де ҳүкүўметтиң бир қат жайында жасайды! Буннан түрли реҳимсизлик күтиўге болады!..» деген сыбырлылар ол ҳәммени жым қылып кеткеннен соң ғана тисленген ләплерден шығып атты. Лийкин, буннан қорықпайтуғын да адам табылып қалды. Жердеги суў алыспа аздай аспанды тегис қаплаған қарақоқшыл—гүлиреқ булытлардан найзағайсыз, гүлдирмамасыз жамғыр сиңгенлей баслағанда военкомат жаққа патырақлап шаўып баратырған оған «ГАЗ—51» машинасы қапталласты. «Бердәмбет аға!» деген сеске жалт қараса, айнадан мойынын созып киятырған Әмирхан!

— Қәтелестиңиз, Бердәмбет аға!—деди. Бердәмбетке бириншиден, қәтелескенин билиў, екиншиден, бул қателескенин бетине айта алғаны қызық-дә! Соның ушын—ҳәм аттың басын кекшейтип тартты. Ат пенен қосыла машина да тоқтады. «Қателигим неден ибарат?!» деген әри таңлақлы, әри қәҳәрли сораўды Бердәмбет көзи менен үнсиз берди.

— Қәтелигиңиз соннан ибәрат, Бердәмбет аға! Насос салманы жықтырмасаңыз нешше жылдан бери жығылмай келген военкоматыңыз, тас больница тып-тыйпыл болады!..

— Өткен суў алыспақта қулағаң жоқ...

— Соның ушын—ҳәм усы сапары қулайды!..

— Ашсам сениң дуканың кетеди-ғо!—деди гүмансырап қарап.—Оны неге сен тилеп турсаң?!

— Кетпейди мениң дуканым! Дукан военкоматтан бәлентте!..

— Гәпиң қурысын!!!—Атын қамшылап шаўып кетти. Гөне машина ходланаман дегенше-ақ военкоматтың тусындағы асфальт жолда Чапаевы шығып, атын тикке шаншылдырды, соң қамшылап-қамшылап, айдыншалқарға салып жиберди.

Аспаныў—зәминди тутастырған сансыз сызық шаўылдап-шарылдап, ҳәзир ғана бир тегис көтерилип киятырған айдынды қазандай қайнатып жибергенге меңзеди. Аспанды елек қылып қудайдың өзи елеп атырғандай, ун орнына суў жиберип атырғандай пашырпашыр, шапыл-шапыл.

Бердәмбет жеңсиз брезент желегиниң жегдесин басына кийип алған, бурынлары (енди «бурынлары» деймиз ғой) асфальт жол менен Қызкеткен жағысын ту-

тастырып турған арба жолдың «силеми усы-аў!» деп атын кештирип баратыр, жаңбырдың шаўқымынан, адамлардың шаўқымынан асфальт үстиндеги бирли-ярым басшының қаңылтыр гернай арқалы: «Қайт, Бердәмбет аға! Оқпанға түсип өлесең!..» деген даўысларын да еситкен жоқ. «Дийўалдың астында қаламан» деп те ойламады, «военкомат» атанып кеткен, буннан жүзлеген жыл илгериде патша Россиясы тамамынан арқадан қублаға қарата созыла салынған узын тас жайға атын өңменлеп баратыр, қамшылап баратыр. Бул жол Бердәмбетке де, әскерий атқа да бес енеден белли, усыннан Қызкеткенге шығаман дегенше бул ат бочка тийелген арба менен күнине үш мәрте суў тасыйды. Бердәмбет—ҳәм бул жолдан күнине үш-төрт мәртебе ғоббық шалбарының ғоббығын ғоббыйтып өтеди, демек, ойлы-шуқыры мәлим, суў басса да батыл жүре бериўге болады. Ол ердиң зәңгисин қайырып айдады, жақынлап барып, айнадан еденге үңилип қарамақшы еди, жылда тас төгиле берип, жол жайдан бәлентлеп кеткен қусайды, ат ойға түсип барып кейин шегиншекледи. Енди аржағына ол атты қыйнаған жоқ. Сансыз сызықлардың арасынан «военкоматтың қатара айнасы көринди ҳәм айналардан сарылдап ишке қуйылып атырған суўдың сестин жамғырдың сестинен айырыў Бердәмбетке қыйын болмай қалды. Атын бурды да, тап жаңағы келген бағдары менен қамшылап айдады. Оған бир ой келген еди, сол ойын тез иске асырмаса «Атаңа мың нәлет Әмирканның айтқаны дурыс бола жақ!» (Бердәмбет бай жасағаны, жайларын пардозлап жасандыра бергени ушын Әмирханды «Амиркан», «Капиталист!» деп оғада жек көретуғын).

Қалада «белсенди», «баслық» атаўлы қалмай, Әмиўдәрья жағысынан Қызкеткен көпирине шығатуғын бас магистраль асфальт гүзарды қараўыллар, әлле кимниң асфальтты бузып жиберип, қаланың күн батысындағы Көкөзек, Қумбыз аўыл, Хромзавод, ҚаҚаТранс, Отқараз аўылларын да суўға ғарқ етпеўи ушын бар қырағылықларын көрсетип, гәси жеңил машиналарын, әтияжлық ушын ертип жүрген эксқоватор, бульдозерлерин асфальттың шетине дизип қойып, өзлери жолдың үстинде алағарғадай қостаңласып жүрисер, ўақ-ўақласар, бақырысып-бақырысып сөйлесер, үлкен ҳәмелдар-

лар кишилерине, кишилери өзлеринен кишилерине, олар милиция-плицияға, тракторшы-практоршыларына ақырысып-бақырысып, ақыйысып-ақыйысып, жекиринип-жекиринип, гә басларын шулғынып, гә қолларын силтесип, тәртип берисип атыр еди.

Атының, өзиниң үстинен суўын сорғалата айдынды самбырлатып сыртқа шыққан Бердәмбеттиң жеделин көргенлер қаймығысып-қаймығысып жол берди, «Мынаў тиккелей республика ақсақалының үстинен ат айдады-аў!..» деген қорқынышлы қыял менен қаймыққанлар да жоқ емес еди, лийкин, олай емес екен. Әскерий адамға тән батыллық ҳәм бәлент даўыс пенен бақырып сөйледи де:

— Тез, тез! Еки бульдозер тумсығы менен жер гүреп, изиме ерип отырсын!—деди буйрықтай етип.—Алда бөгет бар, соны жығамыз, тамам, суў жол таўып кетеди!..

Ақсақалдың ымлаўы мәтдал, қалалық милиция начальниги тракторшыларды қаңылтыр гернайдан ғаңғырлап шақырып атты.

— Ә-ә жөнлеп айтсаңә!—Ашыў менен бақырды Бердәмбет.—Маған тракторшының неге кереги бар, мен бир, пахта аңыз сүре жақпан ба! «Бульдозерши» десеңо ақыры! Үшпелектен басқаны билмейсиз сизлер!..

Бердәмбетке еки бульдозер емес, бир бульдозер ерди, биреўиниң бульдозери хотланбай қалды.

— Мени жибер, начальник!—деп жулқынып шықты бети сепкилли бир рус жигити.—Ыраш болса менақ бузып беремен ғой!

—Исти қардарына бер, Айтбай-ай!—деп даўыслады ақсақал начальникке.

Бердәмбет артына қарар емес, селлеп жапқан жаўыннан қақпақтай жаўырыны сийледен көрингендей ме, қулласы солардың бирине усап суўды самбырлатыўы менен арман баратыр. Бульдезер оннан елиўлеген адым кейнинде, сум бала тумсығын жерге тийер-тиймес көтерип, Бердәмбеттиң артына қарамастан-ақ: «айда-аа!» деп силтеген қолынан нәзер аўдармай айдайды, арты қара лөтире, алды тегис айдын, қай жери ой, қай жери шуқыр—буны «бир алла билсин!».

Бердәмбет атын кейин бурып, Өтепбай дуканшының тусына келгенде из бетке қарады ҳәм бульдозердиң изинде шөмишин сәлleңлетип киятырған экскаваторды

көрди. «Бул да жарайды!» деди өзине өзин мақуллатып ҳәм қолларын бийтақатлық пенен былғап:

— Жаныңыз бар ма, айда-аң!—деп бақырды дауысының барынша.

Ол тағы жолын даўам етти. Сапарбай тауықтың жайының орыны тып-тыйпыл, ҳәтте кесеги де көринбейди, Бердәмбет оны қыйсайып атырған шертегинен таныды. Тилеўли менен Сәлменниң жайларының диййуаллары жән-жаққа таслап, ортасына түскен пәтиклерин тесип шыққан ба, тас гербиштен өрилген сырты қаңылтырлы голланд пешлери жетим минәрдай соррыйысып-соррыйысып қалған, пешлердиң жамғыр шайған лаклери тап-таза, тап жаңа боялғандай. Мине, мынаў Қазақбай мураптың жайы, қырық биринши жылғы суў алыспақта қулаған Қырғыз соттың жайының кесегин тегислеп үстине салып еди, жай орыны басқалардыкинен метрден аслам бәлент болғанлықтан буған еле берин суў шығатуғын түри жоқ, өзлери ат арбаға жүгин тийеп көшип кеткен, жайын айналып ийти үрип жүр, қызық, жуўынды ишкен жерин ийт те қыймайды екен-аў, адамлар қашшан басын алып қашқан! «Нина не қылды екен?!» деген бир қорқынышлы ой келди оған ҳәм усы ойы атын бәлент жай орынға қарай айдатты. Ол жай орынды жағалай өскен орыс терекке шылбырын илдирди ҳәм өзи теректиң нәҳән ербек шақасына салланып, қурғақлыққа Тарзан болып секирди, төменде шабаланып үрип турған ийт жоқарыдан жалп етип түскен дәпең кисиден сескенгени соншелли, қуйрығын қысыўы менен мүйешти айналып зытты. Жаңбыр еле тынбаған, карниздиң қаңылтыр наўаларынан сарылдап қуйған суўдың қапталынан малпақ-салпақ болып дәлиздиң қапысын тартса—ашық! Полланып сырланған дәлиз де тап-таза, жып-жыллы. Усылардың бир өжиресинде Бердәмбеттиң ашна ҳаялы —Москвалы геолог кирейге туратуғын, кеше кеште келип, ақшамласыўға уәдеси бар еди, таңды дәрья ырашының басында өткерди ғой, баса-бастан ядына да келмепти, болмаса хабар алып кетиўге де болатуғын еди. Өжирени жулқып ашса бул дәлизден де жып-жыллы, азада. Кире беристеги мүйеште примус, примуста кастроль. Өшире салып қаштымекен? Қақпақты көтерди, мазалы сорпаның ийиси иштейин ашып жиберди, «шошқаның ети болса керек» деп шамалады ҳәм өжирениң

ишин асығыс шолып шықты, бәри өз орнында, ақ жабылған темир кәт, қапталда сюзана, ҳаялдың қыз күнлериндеги урыста өлген жигити менен түскен сүўрети. Ортадағы аўқат столында аўызы бузылған бир шийше, дузланған қыяр, кесилген колбаса, тағы-тағылар... «Меннен басқа биреў келди ме екен?!» деген ой менен «мени күте-күте келмегеннен соң ашыў менен өзиақ ишкенди-дә!..» деген ой қатар келди ҳәм бир стаканды сыйпаламай етип тартып жиберди де, дузланған қыярды аўызына апарыўы менен есикке жуўырды.

Атқа қарап үрип турған ийт есиктен шыққан дүрсилдини еситип, тағы мүйешке қашты. Бердәмбет атының қашшан қырға шығып турғанын көрди: «Жаның жайлысын ат та биледи-аў!» деп гүбирленди.

Узақта қалған бульдезер менен эксковатор Салықтың жайының қасына келип қалыпты, насос салма беттен адамлардың еле ғаўқылдасқан, ҳаяллардың бажылдасқан, жыласқан, кимлердидур, ғарғанысқан сеслери, аннан-мыннан дийўаллардың суўды шашырата қулаған ларсылдылары еситиледи.

Бердәмбет бульдозершыға: «Тумсығыңды түсириңкире!—деп буйырды.— Усы бағдарыңнан қайтпа! Қызкеткенге шекем сүрип кете бер! Мен ҳәзир изиңнен жетемен!.. Қуйдыр, Қызкеткенге қуйдырмай тынба!.. Тыңлама ҳеш кимди, тыңлама, жуўабын өзим беремен!..».

Жән-жағы суў, насос салманың бийик ырашындағыларды есапламасаң, әтирапта қыбырлаған жан көринбейди, «бул адам маған кимди тыңлама!» деп баратыр екен,» деген күлкили ой келди бульдозершыға. Бул ўақытта Бердәмбеттиң:

— Өзим жуўап береме-ен! Өзим жуўап береме-ен, қаш жолдан Айтжан!—деген пәтли даўыслары барлық шаўқымлар арасынан ҳөктем шығып атты.

Бети сепкилли орыс эксковаторшы отставкаға шыққан соң Бас Түркмен каналынан пулды «шөмишлеп алыў » ушын талап ислеп шыққан лейтенант еди , буған майор Бердәмбет буйырса басқалар уўласа ма-шуўласа-ма, урыса ма, қарғаса ма,—«один черт!», әскерий буйрық «талқыланбайды, а-аа орынланады!..»

— Буздырмаймыз ырашты! Қолында өлемиз! Ширкин!..—деген лердики де мәзи айбарақ екен, үстине шөмиш төменлей бергенде ҳәммеге жанның татлылығы белгили болып қалды. Ең әдеп Айтжан Еркетаев қай-

мықты, оның изинен Ахыметжан дуканшы бүлкилдеп қашты. Ыраш жығылып, тамларына анық суў шапшырын сезинген аржақлылар, бири қалмай үйли-үйине жуўырысты, қолға илингенин алып қашпақшы...

Эксковаторшы аңсат болыўы ушын терексиз тусты таңлап алды да өзи берги жағада—суў ишинде турып, лаңғарын арғы жағаға таслады. Бул жән-жақлама суў алмада, қуйып турған нөсер астында темир шөмиштен бурқылдап төгилген май топырақты, сәл ўақытқа болса да түтиндей «пысқып өшкен» ақ—ала шаңғытты көриў ҳәм бир ҳәўес екен. Шаңғыт төрт-бес мәрте бурқылдады, соң шөмиш тамырларды гүтирлетип-гүтирлетип берги жақтың суў кийип турған ылайланған ырашын да бузып жиберди. Бурқ ете қалған суў үш тәреппке—аяққа да, сағаға да салманың ултанындағы шөпшарды үйирип шаңғыта жөнелди, жардай қулап түскен ең үлкен бөлеги арқаға қарап лап қойды. Эксковатордың таспасын жасырып турған суў кем-кемнен тап таслай баслады. Бердәмбет жүдә бир үлкен ис питиргендей: «Кеттиқ!» деп қолын былғады эксковаторшысына.

Ол изде қалған пахта пункт дийўалларының өзи аштырған суўдан төртеўи төрт жаққа таслағанын, қула дүзге қурылғандай дәрўазасының еп-ерси болып қалғанын, пункт алаңында ығып жүрген брезентлерди, гөне ләгенлерди, сипселерди, ишинде текшелеринен басқа заты жоқ болса да аўызы қулыпланып, мумлы мөр басылған нан дүкан пәтигиниң қалай ортаға түскенин, әдеп гөне керизлерге, керизлерден ески тартпаларға қуйылып, суўдың ақыры Қызкеткенге қуйғанларын, Қумаўыл менен тигиў фабрикасы аралығындағы жигилдик тоғайлы қумайт сайдың канал менен тутасып, демниң арасында-ақ көлге айналғанын көрген жоқ. Оның бар дыққаты жаңарақта кеткен бульдозерда. Суўдың тап таслағанын да Қазақбай мураптың жайының тусына келгенде билди, «еки қарыстай төменлепти-аў демниң арасында, сөйтпегенде бир де жай қалмас еди!..» деп ақлады өзин өзи. Ийт еле жайын айналып жүр. Жығылмаған жайларға өзи сүйеп қалғандай ырзалық пенен қызығып қарайды. Дәрьядағы сең де жөн алып кеткенликтен суў сабасына түскен, енди қуўып киятырған тасқын жоқ, соның ушын бул қарағанлардың суўы да Бердәмбет аштырған бөгетлерге қурдымға тартылғандай симирилип, жығылған жайлардың «өликлери

де» қалқып шыққандай айдыннан еплеп-еплеп көрине баслады, ал бульдозер сүрип барып, каналға қуйдырғаннан кейин «киттиң арқалары» аннан да мыннан да көзге таслана берди.

Изинде бир бульдозер, бир экскователордан ибәрат «армиясы», жаўды жеңип, салтанат пенен киятырған Бердәмбеттиң ядына бирден нанбайхана, раймаг түсиўи мәтдал, «армиясына», «кете бериң» ишаратын берди де Әдинаевтың үйиниң тусынан атын бурып жиберди.

Пахта пункттиң ишиндеги шарбағы қулаған соң оның ишиндеги кеңсениң, турақ жайлардың боздың қаўынындай тасырайып-тасырайып қалғанлығын көрди, лийкин «бул мениң әламатым!» деп ойлаған сайын маңлайынан муздай тер ақты. «Айтжан арза жазып, туқым-қурт етпесе болар еди!..» деген қәўпи бар. «Музей де кеткен болса дадымды алла берсин, оның директоры Оралбаев Айтжаннан да арзагөй!..»

Насос салманың арқасынан қулаған бир де жай жоқ, тек ғана пункттиң шарбағы! Суў қайда ой болса қуўалап ағып, қумлаққа шығып кеткен! Музей де өз орнында! Раймагқа суў дарымастан кетипти.

— Ақсақаллар сизге алғыс айтып қайтты,—деди алдынан шыққан Әмирхан өтирикли-ыраслы күлип.—Енди сиз маған рахымет айтыўыңыз керек.

— Сизге раҳыметти қубладағы жайы аман қалғанлар айтады, иним. Мениң өзим елге хызметти рахымет алыў ушын ислемеймен...

— Оныңыз да дурыс. Бир шийше урамыз ба?!

— Бунның несин сорап турсаң?!

— Түсиндим. Жерда-ашш!..

— Усы баланның атын өзгертсеңо, иним!

— Жүре берси-ин, көз тийеди, аға! Бар да асхананы аштыр, Жердаш «Бердәмбет ағам келди» де, тез ашсын! Айбөре-ек, ашың дуканыңызды!..

— Олай болса мен военкоматтан айналып келейин, арқайын отырамыз. Айтқанын қылмасақ болмас, асқазан «түслик иш» деп атыр, әри сениң кеўилиңди алайық, шуў, мен кеттим!..

Әмирхан өзин өлердей жек көретуғын, нәҳәнлерге оғада абырайлы бул адамның өзин «сенсирегенине» қуўанды. Бердәмбеттиң жақсы көретуғынларына ғана сенсирейтуғынын ол жақсы билетуғын еди.

Қосберген дарғаның кемеси Қызкеткенниң оярынан буяғына тартыла керилген тростқа подшивникли блок пенен бекитилген. Жасқадан бир қашырсаң болды, кеме ағыстың пәти менен зырлайды да отырады, зырлағанда да кемениң тросттан тартылған сым арқаны айдында сүйир мүйеш жасап зырлайды.

Әне, усы ушан кемеге суўдың қәўпи еситилиўден үйиндеги ийге тартарын тасып алған Қосберген дарға «жыққын кетти!» дегеннен еки ҳаялын, бала-шағасын кийим-кеншеги, азық-аўқаты менен кемеге әкелип, ишинен: «енди жыққын кетсе кете берсин, дүньяны суў алса да үйрекке бир пул!..» деп турғанында жән-жақтан жапырылып қуйған суўдан Қызкеткенниң көзди ашып-жуғманша тасығанлығы соншелли, кенарынан шығып кете жазлады. Таянайын десе қыр да суў, суў да суў! Қарсы «Алла, Алла!» деп бақырыўы менен рольде бақырайып, ол жақтан бул жаққа, бул жақтан ол жаққа кемени жуўыртып бақты. Бир ўақытлары түбин суў алған батыстағы темир өре қыйсайды да, оған байланған трост сыпырылып кетти. Қосбергенниң бала-шағасы шуўласып сала берди. «Тросттан арқан шықпаса болды!.. Бәле келмейди!..» деп турғанында кеме тросты да сүйреп, көпирге қарап ҳағлады. Тросттың узынлығы, арқанның узынлығына қосылып, дуўтардың тарындай шертилип, каналдың ортасында кеме турды-турды зирилдеп, «әй не қылар дейсең, сым арқанға бәле келе ме!» деп, Қосберген бала-шағаларына шуўласпаўды нәсиятлап атырғанда «парт» етип сым арқан үзилди де кетти! Кеме алдында көткеншеклеп баратыр еди, туўылғалы «Госпароходтың» нанын жеп киятырған Қосберген өлдимазарда кемесиниң басын Қызкеткенниң ағаш көпирине туўрылап алды.

Көпирдиң үстиндегилер бул шуўласып киятырғанларды алдында «қосық айтысып киятырған пияңлар шығар!» деп еди, жақ, көпирдиң астынан жыласып өтип кетти. «Бул бир ақымақ адам шығар!—дести көпир үстиндеги базылар.—Бала-шағасын буншелли шуўлатып, жыққыннан қашып көшпегенде не қылады! Ақымақ адам екен. Әмиўдиң жиллиншилигин көрип жүргени усы ма, буншама не?!

Ағыстың пәтлилиги соншелли, «Шағал көпирде ир-

кип аларман!» деп еди, жақ, оннан да зоңқ етип өтип кетти, усы пәт пенен жасқаға шығар болса кемениң жарға соқлығыўынан бала-шағасы түўе өзи де аспанға малақай болып зыңғытыла жақ.

Сол кетистен Шымбайға барғанында ағыс пәсейди, дәрьяның жөн алғанын бул да билди ҳәм бала-шағасын қырға шығарып, үлкен ҳаялын кемеде қалдырып, кишкене бажасының үйине келди. Кешке шекем бажасы екеўи көшин ешек арба менен тасып алды. Күни мененги жаңбыр, ызғар сай-сүйегинен өтип кеткен бе, түни менен ыссылығы көтерилип, ертеңине де Қосберген дарға төсегинен тура алмай қалды...

Дәрья жөн алып, Қызкеткен қайтқан соң да серпиле көшкен журт үй-жайларына қара жерди қайра-қайра басып келе алмай қалды, үш-төрт күнге шекем жайы жығылмай қалғанлар үй-дәскелеринен қайықлы хабар алып кетип турды.

Әмирхан менен Жердаш сол күни Бердәмбетти түслендирип жиберген соң-ақ бир уралскиниң қайығын жаллап келди. Жердаштың жайы орынында болмай шықты. Жердаш жайының орынын тораңғылға тырмышланған көрпе-төсегинен таныды. Нурлепестиң өткен гүзде зорға еки қабатын питкерип, бастырып алған, үстин, ишин сыбағаны менен сыртын сыбаўға қарағанда суўық түсип, не де болса быйыл қыслап шыққан жайынан намыў нышан жоқ. Қулласы бул дөгеректе жай дегеннен шошайып жалғыз Әмир[illegible]ханның ғана жайы қалыпты! «Апырмай бала! Нурле[illegible]пес ағаның арқасы бар деген гәп ырас болды-аў![illegible] Айтқаны келди де турды: бизиң жайға қа[illegible]!!» деп қуўанды Әмирхан: «Жығылмайды [illegible]» деп еди, жығылған жоқ!..» Соң: «[illegible]уқыры толы» деген, ғошшым, қыйналма, бар жәрдемимди беремен», деп Жердашқа кеўил айтты. Нурлепести аяды: «Қайда жүрген екен, бийшара!..»

Күн батарға таман бир милиционер менен еки жигит келди. Қайықшы оралски, Әмирхан, Жердаш үшеўи колбасаларды, нанларды туўрап, ортаға бир шийшени жаңа алып атыр еди. Қасындағы еки жигит дәстурхандағыларды көрип, жаланып сала берди де:

— Мынаў Нөкербай деген,—деди милиционер қысық көзли, бети бужыр, еки урты кирип кеткен, арық узын қараны ийеги менен нусқап. Соң дөңгелек көзли, қалқан қулақ сарыға ишарат етти:—Анаў Сийсен де-

ген. Екеўи де институттың студентлери, екеўи де дружинник, бизлер дөгерек—дашты қараўыллап журмиз. Уры-ғар көп, Әмирхан аға! Әсиресе, мынаў Бас түркмен каналы басланғалы дүньяның сайгелдиси сорлы қарақалпақстанды ғарғадай басып атыр:..

Милиционер ишпейди екен, оралский де ишпей жақ еди:

— Алсаң-ә!—деп зорлады Әмирхан.—Сен не, жол қәдесин бузарман деппең! А-алл, ал!—дей бергенсоң назырқаныңқырап алып жиберди де:

— Мен қайтаман,—деди бирден асығып.—Мени еглемең, ақыры, мен талаптың адамыман!

— Усы қайық пенен мен де қырға шығып қалайын, Нөкербай!—Милиционер де турды.—Бизиң қайық сизлерде қала берсин, ҳәзир биймәлел отыра бериң, бул ўақытта уры келмейди, кешлетип, әтирапты бир шолып шығарсыз! Бул жайда ким болады?

— Мынаў Жердаш инимиз болады, жигитлерди зериктирме, мен де қырға шығып қалайын, мақул ма Жердаш!—Жердаш байғус не десин, ийегин екшейдидә, бирақ үки көзи Әмирханға, негедур, жексурынлық пенен бежирейди, ишинен: «ҳәҳ сенийй!» деп гижингенге усайды.

— Аўқаттың машақатынан қашпасаңыз, писирип жең. Гөш, арақ мынадан!—деди Әмирхан өз тамағын [illegible] алақаны менен шалып көрсетип.—Ўақтыңыз болса ертең—ҳәм[illegible]келиң, жигитлер, Жердаш хызметиңизде!..

Нөкербайы бө[illegible]ик көрсеткени менен:

— Ўәәй, болды-ғо [illegible] онда!—деп, Сийсени жеңилтеклик қылып қойды. [illegible]

Милиционер, оралски, Әмирхан [illegible]шеўи кетти. Қалғанлар тағы бир шийше әкелип ишти. [illegible]

— Әмирханның дәўлети буның менен қурымайды-ы—деди Жердаш созып.—Ишсеңиз және беремен, гөш писирсеңиз пажалыста! Отынханада сексеўил бар, гилтин беремен!

— Гилтти бер,—Нөкербай алақанын жайды.—Мен отын усақлаўға, ишиўге, жеўге шебермен. Аўқат писириў мен түўе Сийсенниң—ҳәм қолынан келеди!

— Келмей не?! Шаппа гүртик салып писирип берейин-ә, ун бар ма?!

— «Бар ма!» деме-е, керегиңди сорай бер. Қәне,

алып қойиық! Ҳаяллардың ўападарлығы, Әмирхан ағаның қулларының саўлығы ушын, кеттик!..

Нөкербай өзиниң кем-кемнен қуўанып баратырғаның сезди, қараса, Сийсен өзинен бетер.

— «Бүгинги таң бүлген таң», жигитлер бирр,.. жазылысайық!..

— Қапасаң ғой, Жердаш аға, жай аман ба?!

— Жайдың дәртин сорама, жай әўмийн!—Жердаш бетин сыйпады.

— Қорықпааа Жердаш аға, еле гербишинди өзим қуйып беремен...

— Мен өрип беремен! Гилтинди берсе, Жердаш аға, балтаңды бер!

Жердаштың өзи турып кетти. Нөкербайды өзине ертип жүрип, қулыпты аштырды. Сыртқа үш-төрт сексеўил алып шығартты. Отынхананың мүйешинен сыйпалап жүрип, қолына балтаны таўып услатты.

Ай жап-жарық, жулдызлар суўға шашылып атыр, этирап—айдын шалқар көгала көк теңизге меңзейди, кете береди, кете береди жайылып, туўў анаў Ешбай көрдиң жайына шекем жай қалмағандай, оның арғы жағы дәрьялық, оннан өтсең Пристань аўылы, соның шырақларының сағымы шығар, узақ-узақтан жымылдықтай тутылған бир тутас сарғыш сағым көринеди. Жән-жақтан суў салқынын салғанлықтан атаўлап қалғандай бул жалғыз үйдиң этирапы суўық. Самал жоқ. Сонда да Жердаштың көрпе-төсеги тырмышланған торañғылдың басы ўақты-ўақты патырласады, «ғарғалар қонған шығар, торañғыл барда ғарға бар» деп тынышландырды өзин-өзи Жердаш ҳәм ишкерилеп:

— Сийсен,—деди.—Изиме ер, мен саған ғарежетлеринди көрсетейин.

— Әдеп от жағып алмай, ғарежет қашпас...

— Жақ, мен саған ғарежетлеринди көрсетип, питегене мызғып аламан...

Ас үйге кирип, шыраны жақты.

— Усыншелли шишкардың свет қурғызбағаны неси?—деп таңланды Сийсен.

— Бул қәралар плансыз салынған, адамлар бирикпей атыр еди, бирикпегени де жақсы болыпты, бәрибир, бизиң жайдай суўға кетер еди. Гөшиң әне, шызымға дизиўли тур, дузланған, дузына бек бол. Анаў

қалтадағы унын, картошка, пиязың әне, мүйештеги яшикте.

Ырасында да шаршаған екен, Жердаш төрги өжиреге кирди де, ақ баслы темир кәтке шалқасына таслады. Сырттан балта сести жайларды жаңғыртып еситиледи, қызық: Жаңғыртқаны қалай балтаның сести ешейинде тосаң шықпайтуғынбеди?! Физикадан гүзги сынаққа қалып, мектепти зорға питирген Жердаштың буған ақылы жетпеди, «уйқылайыншы, жаңғырса жаңғырады-дә!..». Бунын бир, тамаша қус уйқысы бар, азғана «қур-қур» етеди де, сергекленип шыға келеди. Усы сапары қанша уйқылағанын билмейди, ақ атқа минген Әмирхан аппақ Айбөректи алдына алып, үлбиреген ләплеринен, буғақларынан сүйип баратыр, қушып баратыр, мықшыйтып келип сүйеди-ә! «Өлер болсаң өл Жердаш! Сениң исминди аяқ асты, қара жер болып жүриўиң ушын нәпес етип қойған шығар моллаң, өл Жердаш, өл!..»—Усы гәпти буған ҳаялы бақырып баратыр ма, қалай-қалай!... Тағы бир қараса ақ аттың ақ қуйрығына жабысып, бул да ушып баратыр, астында таў, дала, тоғайлар қалып баратыр, мисли, самолеттағыдай жерге қарап-қарап ушып баратыр, ал аттың белинде Әмирхан бунын ҳаялын қушып баратыр, мықшыйтып қушады-аў, мықшыйтып!... Бул аттың қуйрығынан саўмалап барып Әмирханға жабыспақшы ма-аў, қалай-қалай!... Аттың қуйрығы жулынып кетти ме-аў, я бунын қолы шығып кетти ме-аў, қалай-қалай... Ҳаўада ербеңлеп-тырбаңлап киятыр, жер менен аспанның арасы мәңгилик жолдай сирә жеткерер емес!.. «Бәри бир, өлмеймен,—дейди түсинде өзине-өзи.—Анаў ағарып атырған булыт емес, фонд-фонд пахта, пахтаға түскен адам өле ме, өлмесем көремен сени, Әмирхан!» Жа-ақ, бул булт та, пахта да емес, өртенип атырған Бекбай тоғайының аппақ түтинлери!... Бақырып оянды, шаршап, терлеп қалыпты, «туф-түфф!..»

Аўыздағы жайдан Сийсен менен Нөкербайдың бақырып сөйлескенлери, нениңдур үстинде ерегисип, бәсекелесип атырғанынан дәрек берер еди-дә, лийкин, Жердаш оған мән берип қулақ түре қойған жоқ, онда еле уйқының қурысы бар, түни менен ги уйқыламастан шаба-шап есесин бүгин алдыра жақ па, тағы буйығып кетти. Сол түстиң екинши сериясы екен-аў дейди. Айбөректи артына мингестирип, енди бул ушып киятыр,

аттың қуйрығында сәлленлеп киятырған Әмирхан қуйрықты саўмалап жоқары өрмелейди! Қамшыны Айбөрекке берип: «Басы—көзине ур, Айбөрек, саған ол керек емес!» десе де Айбөрек урмайды. «Ол маған сениң ушын керек, ақымақ!» дейди қайтама байына. Оныс-сы менен де турмай арқасынан жулқылайды. Жулқылағанға көзин ашса, Сийсен екен:

— Тур, аға, аўҳатты шығардым!..

— Үҳҳҳ, оятқаның жақсы болды-аў!

Аўқат жеп отырып та ойлана береди: «Айбөрек неге түсиме ене береди! Қоныўға Кеңесгүлдикине кетти ме екен, Гүлараникине ме!.. Қайда кетсе сонда кетсин, Әмирхан менен үзилген байланысын жалғамаса болар! Бунын ҳаялы қайда жүр екен!..».

— Алың, Жердаш аға, аўқат суўып кетти. Нөкербай, мазаң жоқ, ишиң қалтырап отыр ма!..

— Мениң кеселимди сен билесең-аў!—Нөкербай келди-келмеди күлди.—Маған дийдимди билип жүретуғын сендей нашар керек!

— Онда дүньядан тақ өтесең, сорлы! Мендей нашар жоқ, мендей еркек бар, ол да дәкең—Сийсен Елмуратович...

— Жигитлер!—Жердаш гәпти бөлди.—Усы, қай шама болып қалды!!

— Ярым ақшамнан асқан шығар!..

— Әйтеўир де сергек көринесиз-аў, уйқылап алдыңыз ба!

— Бизлерге уйқылаўға болмайды,—деди Нөкербай төрелиленип.—Ҳәзир қалада угоншик бар...

—Өйдеген не?!

— Машин алып қашатуғын урылар-дә! Мынаў тусыңыздағы кемени алып қашқанын билесиз бе?!—«Соны да билмеймисең!» деген таңлақ пенен қарады Нөкербай.—Қосберген дарға-ше!!!

— Ҳе-ҳә!!..

— Оны айтыў ушын иштиң қалтыратпасын басып алыўым керек, Жереке!

— Айтпасаң айтпай-ақ қой,—деди Жердаш.—Бирақ мен аяп отырғаным жоқ, умытып отыр едим. Сийсен, хызмет болмасын, төрги жайға кирип, буфеттиң астын аш...

— Ойынның азы жақсы жигитлер.—Сийсен бирден парасатлы бола қалды.—Я әкелейин бе?

— Ояғын өзлериңиз билесиз, жигитлер,—Жердаш сын көзи менен алма-гезек қарады. Нөкербай жылан көзленип, Сийсенге тесирейди. Сийсен буны көрсе де көрмегендей, бар дыққатын аўқатқа берген болып атыр. Шыдамай Нөкербайдың өзи түргелип кетти де, бир шийшени алып шықты.

— Сыпайы бола қалдың-ғо, Сийсен, ишиң тилеп өлип отырсаң!—деди Нөкербай отыра сала шийшени шайқап атырып.—Тап, усыннан бермеймен саған!!

— Ондай ақмақлық сениң қолыңнан келмейди!—Сийсен күлди. Жердаш шийшеге қолын созды:

— Бери әкел, ийеси қуйғаны мақул!!

Нөкербай нәйлаж созды. Сийсен: «Бапландың ба?!» нәзери менен қарады. Булардың қандайлығын абайлаған Жердаш:

— Қулар жай қулады,—деди шийшени ашып атырып.—Енди, жигитлер, бизге, шынында да жәрдемиңиз керек. Бағанағы гәплериңиз ойын ба, шын ба, Сийсен, не дейсең!

— Бизлер бир мезгил оқыймыз, бир мезгил талап ислеймиз. Жағдай солай, биз кемпир-ғаррыны жөнетип жибергенбиз. Бул,—деди Нөкербайға ийегин созып.—Атақлы байдың, колхоз баслықтың баласы болғаны менен әкеси үйинен ада-жуда қуўып жиберген...

— Не жазығы ушын?!

— Бул жигит арақ ишсе әкесиниң абырайын төгип, күшик пенен ойнай берген, тағы бир сапары... айта берейин бе, Нөкербай?!

— Дос болған соң, несин жасырамыз, айта бер!!

— Тағы бир сапары райкомның кишкене баларының ойнап жүрген ылағын урлап қашқан. Буны тутып алып ғана қаматып қойған жеринен әкеси райкомға барып, зорға босатып алған, солай ма, Нөкербай!!

— Айта берсе!

— Оның ушын әкеси қуўмайды!!

— Тыңлап отыра бер, Жердаш аға, тағы да бар. Сөйтип, райкомнан зорға сорап әкелип отырған күни, бул жаман, бир экскаваторшылардың қасына барып, олардың арағын ишеди, солай ма, ҳимм, сөйтип мақуллап отыр, ақыры. Сөйтип, сол жерде оларға «мына жерде мениң дайым бар, ешки сойдырып беремен», деп ертип келсе дайысы: «келсең мәс болмай жөни менен жолдасларыңды таўып кел!» деп, қуўып жиберип-

ти. Буған ерегискен Нөкербай түнде шарбақтан асырырылып түсипти де бир ешкини баўызлапты, екинши ешкини жығып атырғанда, ешки бақырып, ийелери оянбасын ба?! Нөкербай тасыр-тусыр шарбақтан секире қашыпты. Қорада ақ плащы қалып қойған екен, дурыс па Нөкербай, яқ, қосып айтсам өзиң тоқтат! Сөйтип, дайысы азанда Әкимнияз баслыққа барып, «ал, сондай сондай балаң елди бүлдирип атыр! Баланды басқара алмай жүрип сен қалай ел басқарасаң! Мен райкомға бараман, мине, плащы!..» демей ме! Әкеси сол заматы буны елден шығарып жиберипти. Соннан бери бул «Қақаман» аўылына бармайды. «Адам болмай елге қайтпайман» деп жүр, химбиологияға өз күши менен кирди, өзиниң мийи шағады, базда-базда қосық-посық та шығара қояды, какаязлитте оқысамда мен шығара алмайман қосықты. Ал енди жағдай солай, өз күшимиз бенен оқыймыз, бизлерге жәрдем жоқ, жай сыбаймыз, жай өремиз, гербиш қуямыз, жаллана беремиз...

— Нан тапқанның неси айып?!

— Ҳәзир де биреўимиз Ғайып баслықтың, ал мынаў Ералы баслықтың баласынан пул алып, солардың орнына келип отырмыз...

— Ал енди, онда бизге керек жигитлер екенсиз, бирақ мен де өзлериңиздеймен ғой, ояқлары қалай болар екен?!

— Ўәәй, қуйса анаўыңды, қолды бери бер!—Нөкербай қолын созды.—Талап күнде табыла бере ме бизлерге, талап арасында-ақ дөндирип беремиз!..

— Дөндириўин дөндирерсизлер-аў, пул жағын айтаман!..

— Көп бермесең, аз берерсең, әйтеўир, сениң менен саўдаласпайық! Еле оған шеллим қайда-а! Күн жылытыўы, мынаў суўлардың орыны қурғап, жол түсиўи керек, «қой ноғайда, еипсе тоғайда!» Ал кеттик, ендиги жайларыңның мәңгилик болыўы ушын!..

Үшеўи бирден қағыстырып, симирип жиберди. «Бул қыйлылары арзан түседи,—деп ойлады ишинен Жердаш.—Арақ-параққа-ақ қуя береди!..»

— Қосберген кемешиниң жайының гербишин қуйып, өрип берген бизлер!—деди Сийсен үлкен мақтаныш пенен.—Кимнин жайынан кем!!

— Сизлер ме еди соны өрген?

— Бизлер емей ким?!

— Жарайды, жарайды! Сөйтип, Қосберген ағаның кемесин алып қашқан дедиң бе!!

— Бай-бай, еле еситпедиңиз бе?! —Ҳәйран қалды Сийсен.—Суўдан қашып, жүк-пүгин, көрпе-төсегин кемеге жайлаған екен дейди. Жыққын кетиўден бала-шағасы менен жуўырысып барып минбей ме кемеге! Бир жигит те минген екен дейди. Қосберген: «суўдан қашқан өзимиздей биреў ғой» деп ойлағанды-дә! Кеме каналдың ортасына барған соң: «бириңиз тырп етпейсиз, тырп етсеңиз атаман!» депти наганын гезенип. Наганын гезеп турып, темир пышқы менен кемениң сым арқанын тап Қосберген дарғаның өзине қыйдырыпты-ә, қыймай қәйтеди, «алтын үйден жан татлы!»

— Тап усыны ырас айтып отырмысаң, Сийсен?!

— Ҳаў! Айтса, Нөкербай-аў!

— Ырас, ыра-ас! Бала-шағасы менен уў-шуў болып, көпирден өткенин көргенлер ба-ар!

— Сөйтип, тутып па?!

— Қайда-а тутады, азанлы берли ҳеш жерден дәреги шықпай атыр. Милиционерлер каналды жағалап «Шағал көпирге» шекем атлы барып келди, «көрдим-билдим» адам жоқ...

— Онда кеме аўдарылған шығар?!

— Мүмкин, мүмкин. Бирақ, онда да бир белги қалыўы керек ғой, бирли ярымы қырға жүзип шықпай ма?—Нөкербай қолын қылыш қылып сермеди.—Мен кеме аўдарылғанына исенбеймен. Онда да Қосберген аман шығыўы керек, «Әмиўдәрьядан жүзип өте аламан» дегени бар маған, оның Қызкеткенге кетип өлиўи мүмкин емес!

— Онысын, қатынларын атып өлтирсе-шее!..

— Онда... билмедим.—Нөкербай басын шайқады.—Қәне, бир жутымлық болды!..

— Сонда оны не ушын өйтеди?!

— Пулы ушын-дә!

— Пул бар ма сонда?!

— «Пул бар ма-аа?!» Күниге былай-былай неше адам өтеди, ҳәр қайсысынан бир мана-ат! Биреўине билет жыртқанын көрмейсең! Сирә адамсыз я орта өткен кемени көрдиң бе? Қудайдың күни деген тарыдан көп! Миллион бар онда, миллиоооонннн!!

— Онда үйин аңлып жүрген адам бар екен-дәә!..

— «Банда бар» десе, банда! Бас түркмен каналы! басланғалы кимниң ким екенин билмей кеттик-ғо өзи! Урлықтың не бир шеберлери шығып атыр, затларыңды алады да дүканыңды өртеп кетеди!—деп қапылтты Сийсен.—Тахиатас деген нағыз уры жатаққа айналды! Биреў бир дүканды урлап, өртеп кетипти, ҳа биреў өртеген болса сирә из қалмай ма, жақ, из жоқ!

— Япырмай-ә!—Таңланды Жердаш.—Онда қалай өртеген?!

— Ҳәйранман. Әй, Сийсен, усы сениң менен бизди де «уры тутады» деп жиберип қойыпты-аў, басшы қылып жиберген милициясының қудай билсин қайсы дүканшының қойнында жатырғанын, сонда екеўимизге уры туттыра ма, я наганымыз болмаса!

— Сизлерди сөйдеп жиберди ме?!

— Енди не деп едиң, «арақ ишип отыра бер» деп жиберди ме!. «Сол объектте болың, кемени алып қашқанлар биреў емес, олар көп, шериклери Қосбергенниң үйин келип тинтиўи мүмкин, сол үйди аңлың» деп жиберген жоқ па?!

— Сонда неге бул жерде отырсыз, я Қосбергенниң жайы қулап па?!

— Бизлер салған жай қуламайды-ы!—Мақтаныш пенен гәрдийди Сийсен.—Оның тырнағын қарамайсаң ба, өрилиўин қарамайсаң ба!..

— Сен гәпти басқа жаққа тайғаната берме, Сийсен! —Нөкербай жеделленди.—Бизлерге хабар алың деген жоқ педи милиционер!\

— Мен саған усы гәпти айттырмаў ушын гәпти тайғанатып атыр едим, тек бир, суў шықпай қалды-дә, суў шыққанда жығылмай жай тура ма!

— Гәптиң тоқ етеринен келсеш енди, айналып жайды айта бересең!!!

— Тоқ етери: таң атсын, хабар аламыз. Яқ, алақаның қышып баратырса әне қайық, әне таяўы!—деди Сийсен әйўанның есигине алақанын жайып.—Бирақ билип қой, сен мудамы усы ишип алған соңғы батырлығыңнан бәле таўып жүрсең! Батырлық етейин десе лейтенант көрмей кеткен жоқ, «ийт ийтке, ийт қуйрығына айтты да» кетти, түримди өзим унатпасам да жанымды жақсы көремен, ҳимм, оннанша сөйтип, арақ қуй!..

Нөкербай үндеген жоқ, кесаны сыйпаламай етин

өзине қуйды да тартып жиберди. Соң аўызын жеңи менен сыпырып, шығып кетти.

Отырып қалғанлар бирине-бири «мынаў ырасладыма-әй?» дегенди көзлеринен аңлатып, бир зум үнсиз отырды. Шийшени Жердаш алып қуйды.

— Тартып жибер, Сийсен, жығылған жай болсын, азамат жығылмасын!

— Усыны ишпей-ақ қойғанда не қылады?—деди Сийсен қағыстырып.

— Ояғын өзиң билесең,—Жердаш тартып жиберди. Көзи жылт-жылт:

— Кел енди, гәпиң сынбасын!—Сийсен де аўзына апарды.

— Жоқ, жақпаса өзиңди қыйнама!..

— Жа-ғәә, сениң сөзиң сынғанша...—Ғылық-ғылық-ғылық.—Үҳҳҳ-аа. Жаңағының кеткени ырас болды ма-әй! Жилли!!!

— Дуканды сөйтип, Тақыятаста из қалдырмай өртеген бе, я-ғә!..

— Олла шыным! Ийтин де алып келди, из жоқ, көзим менен көрдим! «Светтен болған» деди де кетти, «короткая замекания» деп акт жазды, қол қойдырды бизлерге...

— Сен не, ояқта да иследиң бе?

— Жа-ғә! Жинлиханаға шанышдырыўға барып едим, арақты қойыўға! Бәри бир, оның менен қоя алмадым. «Енди ишсең өлесең» деп еди, яқ, бәле де келмейди екен-ғо! Оннан бери қаншасы кетти! Пулды табыўын табамыз-аў, ишилип кете береди! Сабақта да ынтығым қурып, аңсарым аўып отырғаны, пиянщик болып кетемен бе деп қорқаман!..

— Абайлаў кере-ек, бул—жаман нәрсе!

— Болмайды абайламасақ... Бир қуйып жиберш, «бүгинги таң бүлген таң!». Ең әдеп, арақ ишиўден қорқаман, арақ ишкен соң пиян болмай қалыўдан оннан бес бетер қорқаман, пияң болмасақ, пул күйип кетежақ!

— Онда бизге гербиш қуя алмайды екенсең!!

— Ҳа, о неге?!

— Мениң үйим арақсыз болмайды.

— Онда гербишиң қуйыўсыз қалмайды! Гербиш қуйыў ушын гел359лениң кереги жоқ, терлеп-тепшип жүрип, ғәлипти таслай бересең, пияң да болмайсаң! Анық қуй-

ғызатуғын болсаң, сен биз екеўимизге сегиз ғәлип таярла, қапталымызға шийшең менен наныңды қой, пөлке нан болса болды бизлерге, сегиз ғәлип тап, соң ҳәр күни екеўимизден еки мың гербишти санап ала бер!

— Әне-ее, пияң болдың!

— Пияң кәпир болсын, биз пияң болмаймыз!

— Пияң болмасаң еки адамға сегиз ғәлиптиң неге кереги бар?!

— Оны өзлеримиз билемиз, сен мына Тәңирберген устаға сегиз ғәлип буйыр, соң Сийсен менен Нөкердиң қызығына қара да тур, әкел қолдың!..

Кем-кемнен әплер алысып, бириниң даўысы бирине узақтан еситилип атырғандай қатты-қатты сөйлесип отырды. Кем-кемнен бирин-бири жақсы көрип баратырғандай, «усыны айтқан аўызыңды әкел!» десип, бирин-бири сүйесип, биреў мүлгисе биреўи қосық айтып, ақыры отырған отырған жеринде ғылжыйысып қалған, басында ўай-ўайлап, даўыс шығарып атырған бир бәдайбат сестен оянды. Биринши оянып кеткен Жердаш: «не бәле болып қалды екен!» деп, жан иймамы қалмастан дәстурханның шетиндеги пияз ләккиден басын жулып алып қараса қарсы алдында Нөкербай жағымсыз даўыс пенен ўай-ўайды салып отыр, еки қолы еки бүйирине таялып «Ф» ҳәрибин жасап алыпты.

— Қоясаң ба, Нөкербай, я маңлайыңа шийше менен урайын ба?!—деди бир пәтли даўыс. «Бул жоқ қусаған еди-ғо!..»

— Ҳә, Тәңирберген уста!—деди Жердаш таңланыўын жасыра алмай.—Сен қайдан келип қалдың!

— Ўәй, мынаў ақымақ қайық пенен үйге барып еди, бир шийше-аў тек ишкенимиз, бир шийше!—Тәңирберген алдына түсип баратырған шашларын саўсақлары менен өрлеп таслап шулғына сөйледи.—Ҳаа буяқта-ақ силеси қатып барған екен-дә! Енди «ўай-ўайды» сала береди! Ҳа, Қосберген өлген болса, әдеп хабарын билип ал, ақыры! Оннан соң ўай-ўайлаў қаша ма! Ўайўайламасаң уят—ҳәм болады! Усыннан тири шықса, не қыласаң!..

— Өлген өле-өө, ўай-ўай!..

— Ҳақыңды ала алмай, кеше емеспеди сөгип жүргениң?!

— Ўа-аай, ўайй! Сийсен—ҳәм өлген қусайды-ғо, оянбайды-ғо! Ўайй..

— Бир нәрсең бар ма?!—Жердаштан сорады Тәңирберген.—Мынаў «гүбили майға батыраман» деп келип еди, қойғаны бир шийше!

— Ҳәй-ҳәй, Нөкербай!—Жердаш жылаўықтың дизесин мушлады.—Жылағаныңды қой, бир шийше беремен!..

— Давай-давай!—Нөкербай ўай-ўайын пышақ кескендей тыйды. Соң Жердаштың бетине бежирейип қарады да турып кетти.—Отыра бер, өзим әкелемен, отыра бер дедим-ғо, ўааай-ўай, Қосберген!..

— Ҳә турсаң-ә .Сийсен, жаның бар ма!—Тәңирберген Сийсенди жулқылады, жулқылап атырып Жердаштан таңланып сорайды:—Буларды қаяқтан таўып жүрсең?!

— Сен таныйтуғынбедиң!

— Мынаў Сийсени мениң менен бир курста оқыйды, анаў химбиологияда, булар екеўи де Қосбергенниң қуллары, арақ берип жумсай береди! Екеўи де күшли! Буларды Қосберген пияншик етти, бирақ жайларын питкертип алды. Ҳаа тур деймен, Сийсен! Енди буларға бул аўылдан жумыс көбейип қалды! Жайың аман ба?!

Жердаш бетин сыйпап: «әўмийин!» ишәратын берди ҳәм гүрсинди. Тәңирберген: «тырмасып, зорға салыпең, қыйын болған екен,—деди.—Бизге соқтырған айнақапың аман ба?!».

— Билмеймен. Суў кеткен соң мәлим болмаса...

— «От бәлесинен, суў бәлесинен сақла» деген. Дукан аман ба?!

— Ҳукуўметтиң затына бәле келе ме-әә! Бизге және айна-қапы соқпасаң болғаны-ғо!..

— Ондай ойың болса, мыналардан айырылма!—Жердаштың қулағына сыбырлады.—Қосбергенге мен әкелип берип едим буларды! Еки қатыны еки жақтан бул еки алаңғасардың майлы тил менен-ақ жилиншигин шақты!..

— Сен адам жаманлағаныңды коймайсаң, маңлайың қара!—Нөкербай сөйленип шықты.

— Мен сизлерди мақтап атырман, «ну, погоди!»—деп күлди Тәңирберген. Бул сол мультфильмдеги қасқырдың қайсарлығына усаған қайсарлығы, арсызлығына усаған арсызлығы, түриниң де, минезиниң де соған усаңқыраған, отырыс-турысы да айнымағанлықтан Нөкербайды студентлердиң «ну, погоди» дейтуғынын айтып, Жердашты бир күлдирип алды.

— Мақтасаң сыбырлап мақтайсаң ба, ақымақ,—Нөкербай жумсақ күлди.—Со-оо, мынадан қуймай несийбеңнен қағайын ба?!

— Онда жақсы болар едим-аў!—Тәңирберген қуўланды.—Мен өш алыў ушын ашыў менен штраф қуя ма деп қорқып отыр едим!..

— Ҳиммм,—Нөкербай қуўанып қолын жоқары көтерди.—Сени сөйтип баплайын, демигип өл!—Шимпилдетип қуйды.—Турсаң-ә Сийсен!..

Сийсен мыжымырланып қалғандай езилип қалыпты, зорға түргелип отырды. Бул шийше де кетти. Тәңирберген бундай табақ толы гөшти көре алмай жүр еди, аўқаттан қолы босамай атыр, Нөкербайдың қосығына даўыс қосайын десе аўызы да бос емес.

— Сен қосықты қой,—деди әллен ўақыттан соң басын көтерип ҳәм май-май қолы менен қапталындағы Нөкербайдың басына қарағанда жиңишке, жалаңаш мойынын өзине тартып әкелип, қулағына сыбырлады. —Қосберген, бир, жақсы адам еди бийшара! «Ўай-ўай» салыў да үлкен өнер, Жердаш арақты сол өнериңе елжиреп берди!..

— Ааах, әрманда кеткен Қосберген ағам-ааў! Он сом берип еди-аў маған, шулық ал деп еди-аў, аах, баўырманым-аўў!

— Ҳее!—Сийсен шоршынып тиршеленди.—Қосберген өлип пе?!.

Күн шықпастан сәл алдын насос салманы жағалап сол тусқа келген милиционер дружинниклерин өзи таслап кеткен үйден шығып атырған ашшы ўай-ўайды еситкени де сол, дизесинен димәр кетип, ғарға қонақлас пенен шәкке түсти, еки көзи айдыннан атаўланған жекке тамға кирпик қақпастан бақырайды, гөне пақса баққан байыўлыға меңзеп гә буғып, гә мойынын созып тесирейди, қулағы да, ойлай алатуғын ой саңлағы да тасгереҢ-питип қалған тәризленди. «Қасыңдағы еки студентти жаўға таслап, қайда қаштың?!..»—Қорқынышлы усы саза биринши келди. «Сен халық душпанысаң, бандаға шериксең! Еки студентке қыянет етип, ҳақ қанына қалдың, лейтенант, мойынлаа!..»—Бул даўыс бурынғыдан да қәҳәрли, қатал саза берди, тап бир, КГБ ның подвалынан шыққандай... Тюрьмаға басса да, қолын кисенлеп Сибирьге айдаса да «бәри бир өлим! Қамақтағылар милиция екениңди билсе путыңды пут,

қолыңды қол етеди!..» «Жақ-жақ, сен Сәлмен ийшандай болasаң, подвалда қаласаң!..»—Оған атылар ҳалаты, жан сызлаўлары елеслеп тула-бойы шым-шымм... «Усы, қашып қутылыўға болмаспеди, я КГБға өзим барсамбекен, қайткенде жан сақлаў мүмкин!..»—усы еки ойдың арасында толғатып турса,.. өз көзине өзи исенбейди, гөрден шыққандай созылып үңирейген есиктен әдеп Сийсен, соң тағы биреў, кимдур желкесинен түйип жибергендей қапыдан қолларын қармаланыўы менен ет бетинен таслады... Милиционер «атылыўдан қутылғанына» қуўанғанынан еңиреп жиберди. Нөкербай қанша ўайўайласа да: «Суўдың да сораўы бар, ҳаў! Қайқайың, уятсызлар!» деп, Жердаштың қуўып шығып атырғанын, түйип шығарып атырғанын милиционер қайдан билсин.

## 3

Жап-сәлма, ой-шуқырдағыларын есапламасаң суў ағып жалшымады. Жайы қулағанлар да, қуламағанлар да батпақлап болса да келип атты,. Бүгин дем алыс-базар күн еди. Аўылдың сийрексигени соншелли, дем алыс болыўына қарамастан Ғайыпназар хожаның бир жан садақасына адам аз келди. Жыйналғанлар бирин бири сағынысып қалғандай, гәпти жән-жақтан қашырып отыр. Алды Мақтымқулыдан басланған гәп бара-бара сыптырыңқыланды:

— «Өледи деген Өмирбек, өгиз жетеп киятыр!» Қосбергенниң бир жан садақасына айтып келдим, —деди соң келген Тайырбай жалғыз жайласып отырып алып. —Нөкербайы түспегир қапыны бузып кирип, пияң болса ўайўайлап, Қосбергенди жоқлап, па-ай, пәтеңге келтирди-аў, әне сол Қосекеси... Неге оныкине бузып кирген, ҳәйранман, демниң арасында үйи пиянхана...

— Бурын сүзип кирип үйренген жайы-дә! «Доңызды мәшке үйретпе» деген! Мәшке үйренген доңыз, «ийеси өлди» деген соң қудайы әбден берип, тумсығы менен қырманын сүрип жүрген-дә!—деди Тәңирберген уста.—Мен үйиме киргизбеймен, киргизсем, билемен, биринщиден ол ҳаялдың балларға қойған аўқатын-әм урлап алып жей береди. Және аўқатыңа тойып алып, пияң болса өзиңе ҳүжим ететуғыны бар! Ҳа билемен-ғо Нөкербайды, аты химбиологияны айырып жүр!!

— Сен өзиң усы аўылға ертип келген!—дейди мына мектептиң физиги Гүлимбай Нәметович.—Енди жаманлайсаң да жүресең. Бир қумалақ қырық қарын майды ширитетуғынын билмейтуғынбедиң?..

— Қаа-айдан билейин, Қосберген «бала таўып бер» деген соң әкеле қойып едим. Хәмме бәле Қосекеңниң өзинен! Исинди ислет те төтенине бир теп-тә! Хә ол екеўине гөне жайын берип қойды-аў!..

— Қосекеңниң гөне жайы енди қулады-ғо, кетермекен?—дейди Айтбай домком—финагент.—Кетпесе исласын өзим ислеймен, талап ислеп тапқан пулына салық салайын, не қылар екен!

— Сениң аўызыңа таслап жибереди, жым боласаң!..

— Жым бола-ар, милицияға ғана беремен-аў!

— Милицияға бермейсең!—деп оны өшестиреди Гүлимбай Нәметович.—Аўызыңа тийген нәрсени милицияға беретуғын ақымақ сен емессең! Өзиң ғана оны ғылқ еттирип жутасаң!..

— Нени-и?!

— Пулды-дәә! Солай ма, Тәңирберге-ен?!—Гүлимбай Нәметович Тәңирберген устаға Айтбайдың көзин ала берип, көз қысты. Буннан бийхабар Айтбай финагент домком, қараса, Тәңирберген ийегин үнсиз екшеп отыр. Жақында ғана Тәңирбергенге «салық саламан» деп аяқ тапылдатып, үш жүз сом пулын алып еди, соның бәле болып турғанын қараш!..

— Қосекең қуўған ба енди Нөкерди!—Бәрзиў Айтбайдың жанына ара турып қалды.—Қуўған деп еситтим-ғо!

— Үйинде ўай-ўай сала берсе қуўмай не қылады?!

— Өзлери жоқта ўай-ўай салғанын биреў айтқанды-дә!

— Айтқан еме-ес,—деп билгишсинди Тайырбай жалғыз.—«Ағаңның үйинде даўыс шығып атыр» деген хабар жеткенди-дә, кеше кеште Шортанбайдағы иниси, жетегинде бир қой, узақтан даўыс шығарып келипти! Келсе Қосберген аман. «Бул не гәп?» демей ме инисине. «Бандитлер кеме-пемеси менен алып кетипти, қырып таслаған қусайды; қонсы-қобалары даўыс шығарып атыр, дегенди еситкен соң дәтим қалай шыдасын! Берман, шыға бердим. Жуман трактор излеп қалды, ертең мынжағы Шортанбай, мынжағы Ақтерек, қалмай ойысып жақ, мәга-ар бүгин түни менен айтыўшы кеткен боле

деп атырғанының үстине өзим келип қалдым,—деди Тайырбай жалғыз исендирип.—Соннан ийтиң Қосберген болмасын, түни менен машин тауып, инисин мә-мент қайтарды-ау! «Ағайинлердиң шалабы шайқалмасын, тез жет» деп зинҳарлап атыр, бийшара! Қараң, бир жаманның кесири жети журтқа тийип жүргенин! Қулпын бузып кирип, жәҳәннемниң пиянщиклерин жыйнап, үйин арақханаға айналдырған бассыныўына шыдамай отырған Қосберген: «Сен елде жоқпедиң; ким ол даўыс шығарып жүрген?» деп, маған қарады, мен ийегим менен Нөкербайды нусқадым. Сол ўақытта-ақ Сийсени екеўин дизилистирип қуўып жиберди. Нөкербай сол үйден кетти не, кетпеди не, неге кереги бар сол гәптиң!..

— Әәә бир қарап отырғанша гәп болсын дедик-дә! —деди Тәңирберген уста ыңғайсызланып.—Жаңағы, Қосекеңниң аўқаты пискен болса барайық-дә! Я Ғайыпназар хожаны тағы бир жан сойып береди деп отырсыз ба?! Етилер [illegible]тия етилди, шайылар қол шайылды, қәне, турың!..

Ҳәмме бирим-бирим есиктен шықты. Тәңирберген, жасы киши болғаны менен төрелерден, соның ушынҳәм буны ғаррыларға шекем сыйлайды. Өзи де не тапқаны аўызында, кек сақламайтуғын саўдырақ жигит, бул аўыл түўе басқа аўылларда өлгенлердиң де көбиси усы Тәңирберген соққан табытлар менен қойымгершиликке кететуғынын еситкен курсласлары: «табытшы» деп күле берген соң: «олла, биллә, енди табыт соқпайман!» деп шатқаяқлағаны менен: «басқа адам жоқ, ақыры, саўап керек емес пе!» деп, ғаррылар еле табыт соқтыра береди. Өзи өлсе де табытын усы Тәңирберген соғатуғынын жақсы билген, партия хызметинен жылдан жылға төменлеп киятырған Бәрзиў мақсым:

— Ал, иним, Тәңирберген,—деди марапатын берип. —Өзиң баслап шыға қойып един, кәраматың болса аяғымызға шық жуқтырмай апар!

— Апарамыз аға!—Тәңирберген ойланбастан шулғынды.—Бирақ айтқан жеримнен жүриң мениң, кәраматымды көрсетейин!..

— Тәңирбергенде неғыған кәрамат-әә!—Тайырбай илип қалды. —Нөкербайдың жорасы-ғо, «достыңды көрсет, кимлигиңди өзим айтаман» деген-ғо!

— Ол да дурыс, жорамыз екенин жасырмайман, бирақ Тайырбай, ол сеннен төрелилеў. Биринщиден, ял-

ған гәпирмайды, екиншиден, оның билими сеникинен күшли, тарийхшы болсаң бола ғой, оның бестен бир билгенин билмейсең. Тек бир... дәўлети тайып журд-әә! Ҳим, Таеке, қалай, жым қылдым ба?!

— Журсе, журсе, таяғың тайып кетер!..

— Ол және сендей қорқақ емес, ҳәмелдарға да жортпайды, бас кетсе де пикирин ашық айтады!..

— Ашық айтпай не қылады пияң адам! Бул заманда ҳақыйқатлықты я жинли, я пияң айтады, сен оны...

— Қәне, журиң-журиң, гәп-сөзди қойың!—деп кейиди Бәрзиў.

Ырасында да түсликтен арқадағы аўылға өтетуғын бул салманың бойы оғада қырағылықты талап етеди, дизилисип киятырғанлар аяқларын мергенлик пенен басыўға мәжбүр, сәл қыя басса мына жағы да, мына жағы да еле из түспеген, табы бузылмаған батпақ, алдағы Тәңирберген тайса ийт қуйрық ойнағандай бирине бири асылысып киятырғанлардың бирин бири сүйреп кетиў итималлығы жүдә ғана бар.

— Еситтиңизлер ғой, яҳ, ақсақаллар,—деди Тәңирберген артына қарамастан.—Мектебиңниң тарийхшысының гәпин сен де еситтиң, Гүлимбай Нағыметович. — «Ҳақыйқатлықты бир айтса, жинли, бир айтса пияң айтады екен!» Онда айтың маған, жолдас Сталин ҳақ сөйлей ме, ҳақ сөйлейди, Маленков, Булганин, Хрущев, Каганович, Молотовлар-ше, ҳақ сөйлей ме, ҳақ сөйлейди-и, қурыдың, Тайырбай жалғыз! Үйленбеп те едиң, бирақ мен ишимиздеги кимниң сексот екенин билмеймен, бүгин түнде сени ким алып кетсе де ыразы бол, бирақ меннен көрме, ўаҳа-ҳа-а!...

Тайырбай жалғыз ең соңында киятыр еди, келген жеринде гилт тоқтады. Оның киятырған-киятырмағанын көриў ушын ҳеш ким артына да қарай қоймады. Сол журистен тиртеклесип, садақашылар қумның үстине шығып, суўық демлерин бир-бир алысты.

— Қара, Бәрзиў аға, аяғыңа шық илди ме?!—деди мақтаныш пенен.—Жаңағы Тайырбай ләўзе қайда, қәне жоқпекен дәкенде кәрамат!—деп қараса, Тайырбай жоқ.—Айттым-ғо «қорқақ» деп, қашшан қуйрығын қысып зытыпты-ә!..

Соң бул гәпке ҳеш ким қайтып айналмады. Булар «Қаратерең», «Ақтубаның» тусына келгенде:

— Уай-бооой, мына тереңниң толыўын-айй!—деп ҳәммени тағы иркти Тәңирберген. Шынында да суў алмадан соң биринши көрип турғаны.—Айдынының кеңейиўин қара, суўының меруерттей тынығын қара! Ал енди, Бәрзиў аға, сен де жасында редакцияда ислегенсең, халтуршик болсаң да журналист болғансаң, қулласы! Халтуршик емес адам бар ма-ә, қарақалпақ жазыўшы-шайырларының бәри халтуршик, инанбасаң, батысқа салыстырып көр, мен филологпан-ғо, билемен-ғо ақыры...

— Әдеп институтыңды питкерип алса!—Гүлимбай Нағыметович аўызын қақпақлады.—Соң айтарсаң филологлығыңды!..

— Питпеген неси қалды енди!—Қолын гөлегейледи.—Сен гәпти бөлмей тыңлап тур! Ал енди, сол жазыўшы-шайырлардың биреўиниң де өзин «халтуршикпен» деп мойынлаўға мәртлиги жетпейди...

— Қайдан билесе-ең, мойынласа мойынлап жүрген шығар!..

— Мойынласа Бәрзиў аға қусап жазбай кетеди-ғо, жазбай кеткен жазыўшыны мен көргеним жоқ. Журналисттен де халтуршиклигин мойынлап, редакцияны таслап кеткен тек усы Бәрзиў аға...

— Не демекшисең, тоқ етеринен келсе, иниме,—Бәрзиў пысынады, шаршап қалыпты.—Не демекшисең, тоңып кеттик!!

— Сен, енди, халтуршик болсаң да, бәри бир, журналистсең-ғо, қапылғанда Гүлимбай Нағыметовичтен тәўирсең. Мына шуқырды усы ўақытқа шекем «Қара тереқ» деп келдик пе, келди-ик, «Ақ туба» дедик пе, дедик. Енди усының қай тәўирин таңлап бер, бизге, қайсысы сулыў?!

Ойда жоқ саўал Бәрзиўди бирден ойландырып таслады. Бронхити тутты ма, бир тыма жөтелип алды да, қапталына түпирип таслап:

— Япырмай, бала, жаман жерден туттың-аў!—деди ойшаң пишинде.—«Көп қорқытады, терең батырады» деген гәп бар, «терең» деген бул қорқытады адамды. Буннан әжелдиң ийиси келеди, «терең» болған соң, биреўлерди жутып атыўы, биреўлер кетип атыўы керек...

— Кетсе талай ийт, пышықлар кетти-ғо-о! Ешеклер ҳәм кетти-ә!—деди гәпке Гүлимбай Нағыметович суғы-

лысып.—Талай адамның да өлиги шықты!—деп қапылтты.—Сизлер жақында келген соң билмейсиз, түўе! Қыз кеткен қазылған жылы-ақ бул терең адам жутып атқан!..

— Әне, айтпадым ба!—Бәрзиў басын шайқады.—Буған бир соқыр ийшанлар-ҳәм кетип өлген деп еситтим. Большойлар атылған халық душпанларының өликлерин усы тереңге түнде таслайды екен. Халық душпанлары да большойларды услап өлтирсе аўзына аттың теззегин тығып, тири жанға көрсетпей усы шуқырға әкеп таслаған деген-ҳәм мыш-мышлар ба-ар!..

— Әйтеўир де усы шуқырдан түнде сыңсыған сес шығатуғын еди!..

— Өлгенлердиң әрўақлары-ғо, әрўақ өлмейди, ол қай ўақ бир ўақ тирилип жақты дүньяға шығады, сондай гәп бар, үҳе-үҳәәәҳ, түпиў!.. Ҳимм, үҳҳ, бул шуқыр «Қара тереңлик» дәўирин өтти, қараң, төменде қап-қара, көп-көмбек болып жатқан шүңгил суў бар ма, жоқ! Қараң, тып-тынық суў жайылып атыр! Бул ҳәзирше өмирдеги үлкен ағыс—Қызкеткен менен байланысып турар, бара-бара үзиледи. Соң тунба болып тубалап қалады. Сол ўақытта да аппақ болып жатсын усы жарқылық! Қәне, буның атын «Ақ туба» дей қояйық, «Ақ тунба» дегенде де болар еди-дә, ол келисиңкиремейди, ал әўмийин, енди бул кәраны «Қара терең» демегейли, «Ақ туба», әўмийин, сен ҳеш қашан «Қаратереңдей» адам жутпа, сенде ийт-пышықтың да өлиги сасып атпасын, аўылдың атын да сениң ҳүрметиңе «Ақ туба» дедик, жолы аппақ болсын, ығбалы ақ болсын әўмийин, әўмийин!..

— Айттымғоо Бәрзиў аға, сиз халтуршик болсаңыз-ҳәм мәрт халтуршиксиз! Усыншама талантыңыз бенен, енди, халтуршиклигиңизди мойынлағаныңыз, турдым ғайратыңызға!.. Ал енди, жолдаслар, ким де ким буннан былай бул шуқырды «Қара терең» десе аўызына урғайлы!..

— Ҳаў!—деди буларды көриўден Қосберген дарға.—Тайырбай қайда?

— Изимизде киятыр еди, қайдам, жоқ...

— Мен оны таза қалаға жиберип аларман деп едим, қашқан екен-дә!

— Садақаң қабыл болсын, Қосеке!

— Әўмийин!..

Ҳәкисине сол күни таң атқаны менен адамлар күнниң көзин көп ўақытқа шекем көре алмады. Әлемди шаңғыт па, булыт па, бир нәрсе иркилдеп қаплап турғандай, қуяш жадырап бир шықпады.

Суў алып, жайы қулағалы бул әтирапқа келип турғаны жаңа, онда да қаладан емес, Қызкеткенниң оң ырашын жағалап, «Социализмнен» қайтты. Әдебинде өзиниң буннан сәл бурынғы гүрең ел—«Ақтубасын» танымай турды. Ҳәр жерде шошайып, бир жай қалыпты. Сол жайларды да «Ақтубаның» бурынғы жайларынан қалған жайлар» дейин десе, бәриниң басына жалаў қыстырыўлы. «Басқа жай!», «Бул басқа аўыл!» дейин десе, жақ, тап мынаў Әмирханның жайы. «Әне, Үбәйда келин де шықты!» «..Сонда бул неге жалаў қыстырып қойыпты, я жайы жақсы болған соң бирер кеңсе кирейге алғандур, Бас Түркмен каналы ашылғалы қаерди көрсең кеңсе ашылып атырған, қаерди көрсең қала бола жақ! Ал, Әмирхан жайын кирейге таслап кеткен болса ҳаялы неғып жүр онда?!.. Әй, я-ға Тәңирбергенниң питпеген еки қат жаман жайын да кеңсе кирейге алған ба сонда! Қосбергенниң, Гүлимбайдың, Айтбай домкомның жаман жайларын да алған ба?! Алға-ан, алмаса неге жалаў қыстырады?! Жығылмағанда бизикин де алады екен-дә!.. Бәрине опшыйт бергендур булардың, жығылмағанда бизге де берер ме еди!..» деген садалық пенен, садалық болғанда да тек ғана Нурлепестиң өзине тән журтта жоқ садалық пенен ойлады Нурлепес.

Суў алған күни-ақ, өзи Қызкеткенге «Ақ тубадан» суў сүзип түскен аңғардың қубласындағы ыраштың басында қалған күни-ақ, өз жайының, Жердаштың жайының ларса-ларс қулағанын көзи менен көрген күни-ақ, ҳаялы Жумагүл—Жумаш ешкисин жетеп, бул Нурқасымын изине ертип, «Я-аа пәләк, енди қайда бараман, жай бунда кетти, көрпе-төсек, қазан-табақ бунда кетти, енди қайда бараман, енди қайда батаман!.. Буннан бетеринен сақлағайсаң, я-аа пәлек!..» деп кете берген, кете берген. Жылағанда да қатыны Жумагүл—Жумаш жылады, Нурлепес ҳәрщеңки жылайтуғын пурсатта да: «Буннан бетеринен сақлағай, шүкир ет, кеўилим, шүкир ет!..» деп, өзине өзи тәселле берип, жыламай қала

алатуғын адам ғой! Жумагүл—Жумашқа да: «Жылама, қатын, буннан бетеринен сақлағай!» деп атыр еди:

— Сақламаса терис сақласын! Буннан бетери қандай болады?—деп өкирди қатыны.—Таза пахталаған көрпемди айтсаң-ә! Гәўҳар машыншыдан қыйынды сатып алып, қурақтан тиккен дастығымды айтсаң-ә!.. Жердаштай тораңғылдың ашасына тырмышла десем де қылмадың! «Қудай сақлайды» деп един, қәне, сақлағаны! Бәри сеннен!..

Бәри усыннан болғаны ырас, оны өзи де биледи. Сеннен бола қойған екен,—деди «Социализмдеги» Тәжимурат деген танысы.—Ең болмаса кийим-кеншегиңизди алып қашсаңыз болады-ғо!..»

Тәжимурат өзи менен урыста бирге болған, молласымақ адам еди, буларға, әлбетте, қабақ шытқан жоқ. Бирақ, Тасқылық деген, аты жәп-жаман баласы менен барған күни-ақ Нурқасымының басы писпеди. Нурқасым жуўас ғой, сонда да Тасқылығы басып сабай береди, Тәжимурат Тасқылықтың гөне кийимлерин кийгизе қойып еди, Тасқылық жағаласып жүрип Нурқасымнан шешип алды. Баласының боз-боран болып жылаўы Нурлепестиң аянышын онша оятпаса да аўлағында Жумагүл—Жумашты тоңқылдатты:

— Бул кисиниң көкнарына бөгип жата бердиң-ғо әбден!—деди ҳаялы олар жоқта.—Мынаў жүўернемеги баланды қан қустыра береди! Барып хабар алөссоңо, ел барған болса биз де барайық, алдымыз бәҳәр, ендиги жағында шертек қурып отырсақ та өлмеймиз!..

«Көрдиң бе айтатуғынын ҳаялдың! «бөгип жата бердиң!» дейди-ә! Мен бир, мәслигимнен иштим бе, соның көкнары болмағанда буўаққа шекем белим ийреңлеп... Бул, қатын деген, абайлы болмасаң, дос-ярдан, дос-яран түўе туўған егизиңниң сыңарынан-ҳәм айырсын-ә!..» деп тоңқылданыўы менен жолға шыққаннан Қызкеткенниң ырашындағы қумды өңменлей-өңменлей усы ғой жетип турғаны. Келсе—саў қалған жайлардың бәрине «пылақ қыстырылып» қалыпты, оның үстине: «бул не?! Бул нениң сәни?!» деп сорайын десе, жолда-изде қыбырлаған жан жоқ, улуўма, аўылда («аўыл» дейберейик-дә енди, аўыл сыйқы қалмаса да) былай-былай жүрген, ямаса есик алдыларында, үй қапталларында пақыр-пуқарашылығы менен айналасып жүрген ҳеш ким көринбейди. Узақтан Үбәйда бир көрингендей болып

еди, лəген төкти ме, бəле қылды ма, ол да қайтадан ишке сүңгиген соң анаў дөңниң басына арқанланған Айтбайдың сыйырынан ҳəм мынаў ыраштан түсип киятырған Нурлепестиң өзинен басқа бул дөгеректе қыбырлаған жан қалмады. Бул ҳəдден тысқары тынышлық та кеўилге ғул-ғула салады екен, Нурлепес өзин əўлийешиликтиң иши менен киятырғандай сезди. Жүдə бир гөне сай, ойлы-шуқырда болмаса тай туяғы сиңгендей ығал қалып жалшыманты, бирақ аспан тегис булыт, силпилей қойса да суў алмадан кейинги даланың батпағы пияданың аяғына көтерем болатуғыны турған гəп, сонда да Қызкеткеннен земнасос шығарып таслаған бул сылдыр шегеде аяғыңа шық илиўи нағайбыл.

Сылдыр шегеден түсе беристе-ақ бурын шүңирейген көздей ойылып, төменде суўы қудықтың түбиндегидей жылтырап көринип ататуғын «Қаратерең»—«Ақ тубаның» оғада бир саўлат пенен, оғада бир парасат пенен булытлы аспанның күлиреңин өзине сиңирип, тунжырап атырған жайылымын көрди. «Қудайымыз берип қалған екен,—деп қуўанды ишинен.—Мен билсем, бунық иши шыпырлаған балық!..»—Ырасында да шортан қуўған шабақлар елден-ақ шоршысып атты.—«Шабақтың ойнаўын қара!»..

Ол жайының үйиндисине келгенде де, өзин өлиниң басына келгендей кеўилсиз, муңлы сезди. Лийкин, ол тегинликте көз жас төкпейтуғын адам ғой, оның өзин-өзи жубататуғын, өзин өзи жигерлендиретуғын гəплери бар, бул гəплерди Нурлепес күтə кишкентайында кемпир апасы қулағына қуйған: «Буннан бетеринен сақлағай! Қудайға керек болса, малың түўе жаныңды алады! Малдүнья басқа жыйналады, бас саў болсын, де!..» Əне, Нурлепес өзин өзи жыйнап алды. Сонда да ешкисине соққан қыспа қорасын, қораның үстиндеги қуламай сол қəддинде турған шертегин көрип: «Усының басына шығарғанымда да көрпе-төсегим аман қалады екен-аў!..» деген өкиниш басын бир шайқатты. Оны енди қайсы дийўалының ишке, қайсы дийўалының сыртқа қулағаны қызықтыра баслағанда: «Ҳəə қайнаға-а!» деген Үбайданың шақырған даўысы дыққатын бөлип жиберди ҳəм жым-жыртлықтан шыққан бул ҳөктем даўыс та гөристаннан бақырып жиберген «өлиниң даўысындай» қорқынышлы əри ерси еситилгени соншелли, Нурлепес бир зум өзин жоғалтып ала жазлады.

Ҳаял сыртқа кир жайып атырған екен. Нурлепес жалқынлай берип, тап өзиниң жайы аман қалғандай қууаныш пенен даўыслады:

— Айттым-ғоо, «сениң жайың қуламайды» деп, бизлер тегин адам емеспиз, көз айдын, келин!..

Үбайда пуўы шыққан ҳөл қолы менен әдеп сақлап қол алысты.

— «Зиян шуқыры толы» деген қайнаға! Жайыңыздың жығылғанына қыйналдым, қыйналсам қайтейин!..

— Бендесин қудай аясын, келин, буннан бетеринен сақлағай!..

— Ҳаўуа-дә, ишкериле, қайнаға,—деди ҳаял өзи жол баслап баратырып.— Атамыз-ҳәм сондай бола қойды, төрлей бериң, чай қояйын ба?!

— Ишсек ишейик, келин. Түсликтиң де ўақты болды. Әй, келин,—деди Нурлепес төрге шығып, жалаң аяғын тәррийтип отырған соң.—Мен бир нәрсеге түсинбей турман, ҳүкуўмет жығылмаған жайлардың бәрине пылақ қыстырып, белгилеп кетти ме? Белгилеген жайларға бере ме пулды, белгилемеген жайларына бере ме, «госстрах» пул береди» деп еди-ғоо?!.

Шәўгимге шай қойып атырған Үбайда қазан жайдан даўыслады:

— Уай-буўўў, қайнаға, еле хабарыңыз жоқ па?!

— Неден, шырағым?!

— Атамыз қайтыс болды-ғо!—Ҳаял қазан жайдан әйўанға қолларын сермеп сөйледи.—Халықтың қазанына қан қуйылып атыр ҳәзир!..

— Мен атаңды танымай турман, келин, ол кимниң ғаррысы өзи?!

— Сталин атам-дә!—Ҳаялдың даўысы күйиништен ашшы шықты, бир тартарының ушы менен көзиниң жасын сыпырып атырғанында Нурлепес орнынан ушып турды да:

— Келди-келмеди гәпти айта берме, кели-ин!—деди суқ бармағын Үбайдаға шошайтып.—Басың жас, заң ғарры—жасыңа қарамайды, сәл жерде атылып кетерсең де гүлдей соларсаң! Бул гәпиңди мен еситпедим, басқаға айтпа, шырағы-ымм, мына көзим усындай гәплерден көп жастықлардың қурығанын көрди-и-и...

— Бай-буўўўў қайнаға, қайдан киятырсыз өзиңиз?!

— «Социализмнен!!!»

— Қайда баратырсыз?!

— Мынаў қараң қалған «Ақтубаның» үсти менен қулаған жайымнан хабар алып, «Коммунизмге» өтип кетпекши едим. Ол колхозда да паян таппасам, билмедим қайда қонысласарымды! Мениң қайда бара жағымды не қыласаң, келин жан, жайы жығылған бир мен емес, «көп пенен көрген уллы той» бизиң ушын бас қатырып атырғанлар аз емес, ояғын ойлап турғаным жоқ, —деп күйинди Нурлепес.—Сен ашыў менен айтсаң да жаңағы гәпти айта гөрме, саў болсын бахтымызға Сталин! Хә келин-аў!—Келиншектиң бетине едирейип, сын көз бенен қарады.—Ҳәзиргиниң жасларына исенип болмайды, сен усы Әмирханға ашыўланып, бир нәрсе жутып қойғаның жоқ па?!.. ·

— Ишпеймен ғой, қайнаға-аа!—Созды.—«Социализмде» радио жоқ, азанлы берли радио заңқылдап атыр. Бизиң радионың суў менен өреси қулап, сымы үзилип қалыпты, болмаса тыңлар едиң...

— Усы ырасың ба келин?! Сеннен басқа адам жоқ па бул дөгеректе, сорап бир көрейик-ши!..

— Кетти бәри!!

— Қайда-аа?!

— Обкомның алдында-а!!

— Не болып атыр ояқта-а!

— Намаз-дә!!!

— Кимниңңң?!!

— Сталинниң-дә!

— Әне, және айта береди!—Нурлепес тасыр-тусыр есиктен шығып кетти. Былайырақ барған соң: «мени» хабар бериўге кетти», деп жүрер-аў! Бир гәп болса меннен көрер байғус нашарым, ескертип кетейин» деген ой менен епелеклеп және жуўырып келди де: «мен ҳеш кимге айтпайман, меннен көрме жақсы-жаман ис болса, бирақ, аўызыңа бек бол, ҳеш гәп болмас!..» деп ескертип кетти.

Майда силпи таслаўға қарады. Военкомат пенен кеме жағысты тутастыратуғын, үлкен болса да еле асфальтланбаған, кешеги суў алыспақта Бердәмбеттиң бульдозери ырым-жырым етип кеткен қара жолға түсти.

Насос салманың арқа таманындағы жайлардың көбиси қуламастан дин аман қалғаны, не ушын булай болғаны суў алыспақта көшениң бул таманларында не болып, не қойғанын билместен «Социализмге» шығынып жеткен Нурлепести: «Апырмай, мына жақтың жайлары

дин аманғо!» дегизип таңландырыўы керек еди, лийкин, бунын мийинде ҳәзир жай қайғысы жоқ, сирә суў алыспа болды ма, болмады ма, ояғы да тап усы киятырғанда есинде емес, оның барлық ес-ақылын бир ғана нәрсе бәнт етип киятыр: «Бәршемиз ушын Сталин атамыздың өзи ойлайтуғын, бизиң сирә ойланыўымызды ҳеш ким керек етпейтуғын, соның ушын-ҳәм ҳеш кимнен ҳеш ким ақыл сорамайтуғын, ең ақыллы, дана турғанда биз қусағаннан ақыл сорап не қылады?.. Енди не қыламыз! Енди бизлердиң ғамымызды ким ойлайды! А-ал, ол сызып кеткен айдын жол менен жүрермиз-аў, ол-ҳәм түўесилип қалса қай жолдан жүремиз?! Ким бизге тағы Сталиндей болып жол силтей алады, саррас жолға баслай алады, ўах-ўах-ўах, халық жетим қалды-аў!. Өткен урыста «Сталин ушын алға!» деп әжелге қарсы жуўырдық, қайтып урыс болмағай, тағы урыс бола қойса ким ушын алға деп жуўырысады бул халық, ўах-ўах!.. Халық жетим қалды-аў, жетим қалды-аў!.. Бәриннен бетер,, маңлайы қара қарақалпаққа қыйын болды, быйыл Сталин атам бизге депутат-ҳәм болып еди!.. Тақыятасты-ҳәм салдырып атыр еди, бәри қалды енди, бәри қалды! Үҳҳ!..»

Қосберген-ҳәм кемесиниң азнасына «пылақ» қыстырып алыпты, билегинде де қызыл байлам бар. Көптен бери көрмеп еди Нурлепести, сәлем-әликтен соң кемеши гүрсинип: «Усындай болып атыр, Нуреке!—деди.—Күнниң де тутылып турғанын қара! Үҳҳ! Аманлығы болғайдә, бир апат бир апатты жетеп жүреди. Кеше ғана суў алып еди, мине бүгин атамыз өлип атыр, әәәееҳ, қудайым-ай!..»

Таза қалаға қарап өтип атырған бар, бери қарап өтип атырған жоқ. Нурлепес көзин көлегейлеп, туў анаў жақтағы көпирден де колоннаның шубырып өтип атырғанын көрди. «Бундай парад адам өлгенде де болады екен-аў!» деп ойлады Нурлепес, бунын парад емеслигин ол түсинбейтуғын еди. Журт қатары түсиў ушын ең соңынан трапқа мине бергенинде билегинен Қосберген тартып еглеп қалды.

— Тоқтап тур, гәп бар!—Адамларды узақластырып қырап, гәпин айтты.—Пайғамбердиң жыйынында бир уйып қайтайын деп едим, берекет тап, аға! Кемеге ... маз қарап турсаң-о, тапқаның өзиңдики!..

— Не дейди екен десе-ем!—Қолын жулып алып, ке-

меден түсип кетти Нурлепес. Изинен Қосберген:

— Бери ке-л, тағы он сом беремен!—деп бақырды. Нурлепес артына қараған жоқ. Силпи ириленди:..

Инният болыстың шығыр керизиниң қушақ жеткисиз ақ талларының тусына келгенде көпир жақтан киятырған оқыўшылар колоннасы бас көшеге түсти. Тым-тырыс, ҳәмме тым-тырыс. Оқыўшылардың қолларында Сталинниң шети қара менең әдипленген портретлери...

Өредеги үлкен алюмини радио қалпақтан бир даўыс: «Қандай ақыл шырағы сөнди,.. Қандай жүрек соғыўдан қалды!..» дейди де соң қаралы хабардың ҳәр ўақытта бир сөзин айтып, гүрсинеди...

Алдына өтиўге имкәнийят жоқ, жығынның бара беристеги ең шетине барып турды. Қәдимги, ҳүкимет адамлары турып, парад қабыл алатуғын минберден Бердәмбет партизан әскерий командаға тән өктем даўыс пенен:

— ... Жекке меншиклик санаға қарсы, ҳәр қандай душпанлыққа қарсы қасық қаным қалғанша гүресемен!..—деп атыр.—Сениң салған даңғыл жолыңнан Коммунизмге барамыз!.. Бул даңғыл жолға тозаң қонғандай болса кирпигим менен тазалаўға ант етемен!.. Ант етемен, еки урысты бастан кеширген коммунист командир сыпатында ант етемен!.. Хош, хош! Сиз өлмейсиз, жасайсыз Әмиў жағаларында-а!..

Гәпиниң соңы ма, я аржағын буўлығып айта алмай қалды ма, Бердәмбет көзин сыпырып, минберден ары кетти... Соң тағы бир студент... Тағы, тағы биреўлер... Бәри де Нурлепести жылата алатуғын гәп таўып айта алып атыр...

Ол жүдә езилген, шаршаған ҳалда «Социализмге» жылап қайтты. Өзине өзи тәселле таба алмайды, «буннан бетеринен сақлағай!» дегенди болса, тилине алмайды, себеби, оның ушын «буннан бетери» жоқ еди-дә! Соның ушын: «енди урыс болса ким ушын ҳүррәлайман!» деп уўайым шегип жылайды, кешеги урыста Ўатан ушын-ҳәм, халық ушын-ҳәм емес, тек Сталин ушын-ақ ҳүррәлаған, әжелге қарсы шаўған сияқлы! Өйткени, бул адам ушын Сталинниң буйрығы—Алланың ҳәмири еди-дә!..

## 5

Мектептиң Тайырбек тарийхшысы ушты-күйди жоқ болып кетти. Ол өзи ҳәр жорасының үйинде бир қонып кетип жүрген, еле үйленбеген өжет ҳәм сәтең жигит

еди. Сол садақаға баратырып, Тәңирберген менен бир ерегисти ғой, соннан ертеңине көргенлер бар, Әмирхан менен Жердаш көрипти, оннан соң көрдим-билдим адам жоқ. Үйиң, бала-шағаң болмаса сени ким излейди? Мектеби де тарийх сабағында балалары шаўқымласып, пәтеңге келтире берген соң Тайырбай муғаллиминиң жоқлығын билди. Баратуғын үйлерине бала жуўыртып излеў салды, дым болмаған соң Халқабадтағы, Шымбай шайханадағы ағайинлерине хабар берди, соңғы жағын солар излести де Тайырбайдың муғаллимшиликтен босатылғанлығы ҳаққында анаў-мынаў жерден емес, жоқарыдан буйрық келди.

Оқыў жылының ақыры шамаласып тур, қалған бир шеректи бөлистирип оқытыўға имкәният болса да горОНО мектеп директоры Гүлимбай Нағыметовичти шақырып алып:

— Парткабинеттеги Бәрзиў ақсақалды сизге жиберемиз,—деди биймәлел ғана.—Бәрзиў ақсақал деген горкомның мине деген лекторы еди, ўаз оқып турғанда жөтел тутып қала берген соң парткабинетке жиберилип еди. Мектепке барыўға тилекти өзи билдирипти. Кеўилине тиймей, яқшылап ислесиң,—деп тапсырып жиберди.

Бәрзиўдиң ўаз оқып турғанда тосыннан тутып қалатуғын жөтели жоқ қусаған, оны сабағына кирип, директор Гүлимбай Нағыметовичтиң өзи анықлады. Сабақты да Тайырбайдай өз сөзине өзи күле бермей, оқыўшылар менен ерегисип, не болса соннан мин таўып, тоңқылдана бермей жап-жақсы етип-ақ өтеди екен. Сабақ даўамында өзи отырған столдың астына еки мәрте қақырды ҳәм оны аяғы менен ысып таслады, директордың тапқан бир ғана кемшилиги сол болып еди, оны да сыпайылап ескертип кетти, «ҳеш гәп, бара-бара жөнлесип кетеди!..»

Сөйтип, орнына муғаллим келген соң Тайырбайды жоқлаған да ҳеш ким бола қоймады, өзи де киси менен әлпи алыса бермейтуғын, жора-жолдасы аз жигит еди. Жалғыз жорасы-көзи орыс ийттиң көзине усайтуғын Өтеп томпақ деген бала жигит. Өзи де Тәңирберген менен қоңсы, оннан усташылықтың да анаў-мынаў тәсилин үйренип алған, еден-педениң өзи қаққандай да шамасы бар, сүўрет-пүўрет те сала алатуғын, әсиресе ешектиң сүўретин салғанды тәўир көретуғын нәшели жигит еди. Сол бир күни сыртта ағаш жонып атырған Тәңирбергенге келип:

— Тайырбай тумғыйыққа кеткен қусайды-ғо,—деп сыбырлады.—Жигитлер сеннен көрип жүр!!

— Тумғуйыққа кеткени қалай?!

— Қамалған-дә! Неге түриң бузылды, гәп ба-ар өзиңде!..

— Тап, қудай урсын, нан урсын, жигит жүўернемегимнен кетейин!..

— Тшш! Сен болмасаң ким болыўы мүмкин, арада сексот бар!..

— Өзиң емесписен?!

Өтеп қолын бир силикти де кетип қалды. Енди Тәңирберген төрениң қолы иске барған жоқ. Бул сыбыр-сыбыр мектепке жайылса бәринен жаман. Ҳәзир қаладан тилшилерге муғаллимлик орын табыў қыйын, соның ушын айлығын Гүлимбай Нағыметовичтиң өзине беретуғын болып, бир-еки айлықта ярым штат пенен «плотник» деген буйрық алып еди. «Ишинде жүре бер, ақыры өзим қағыстырып сабақ беремен», деген Гүлимбай. Соннан бери күниге бир көринеди, сынған-пынған көз болса салады. Әри оқыўы, әри жумысы жай еди, енди «Тәңирберген сексот екен!» деген хабар мектепке жетсе шатақ-дә! Институтқа жетсе, оннан да шатақ! Питиўине бир-еки ай қалып турғанда сексот атанып кетсе, я?!

Жаңа Өтептен зәрре алдын мектептиң завхозы келди. Муғаллимлердиң айлығын тарқататуғын сол ғой. Айлығын берип, қол қойдырып кетти. Сол төрт жүз манат қалтасында. Гүлимбайға кеште бармақшы еди, енди сол пулдан қутылғанынша асықты. Қолларының шаңын, үстине жабысқан жоңқаларды қағып-қағып, жаў кийими менен-ақ Гүлимбайдың үйине кирип келип еди, әйўанның сыпасында жападан жалғыз шай ишип отырған жигит өрре турғаны менен де турмай: «Сыртта сөйлесейик!» деп, ырасли-өтирикли күлип, сыртқа шығарды.

— Мениң сөйлесетуғын гәпим жоқ, аманатыңды әкелдим...

— Жақ, жақ!—Гүлимбай шегиншеклеп-шегиншеклеп ишке кирди де, қапыны тақырлатып тәмбилеп атты.— Мениң сенде аманатым жоқ, кет, кет дегенде Кет! Болмаса шатақ шығараман да, өзиңди устап беремен!..

«Ҳимм! Бул гәп қашшан жайылған екен!»—Үйине келип, жоңғысын алды да ашыў менен тақтасын сүре берди. «Не ушын қамады екен? Садақа күнги мениң гәпимнен гуманланып жүрген-ғо адамлар! Сол күни Гү-

лимбай да бар еди! Оны ким жеткерген!.. Ким болса да өзи жеткерип болып, жаланы маған жапқан!..» Аздан соң тағы иши пытырлады. Дәскесин орнында қалдырды да Өтеп томпақтикине келди. Жеринин аяқ ушына шүлликлеп ақ терек шаншып атырған екен.

— Таекең тири болса мына шүллик жайға салынаман дегенше бир келе-ер,—деди өзине тән жиңишке даўыс менен.—Бир шийше виноны тийин шығарысып ишип жүрип, сеники дым ийтшилиқ! Көз көзге тири болса түсер..

— Оянын көре берермиз, мен айтқан менен сен исенбейсең. Сол күни сен де, Бәрзиў аға да бар еди. Мениң мына нәрсени билгим келеди: не ушын қамаған оны?!

— «Американың шпионы!» депти. Сен әстелеў, ўадырлай берме!..

— Япырмай, бала,—шыны менен-ақ таңланды Тәңирберген.—Американы қызықтырғандай хабар Қарақалпақстанда да бар екен-аў бала!..

— Қәне, исиңе бар, Тәке! Анаў қоңсылар бизлерди көрип, үйли-үйине кирип баратыр...

— Өле қал, ийт көз! Өл қорқып!..

— Ҳаў-ҳаў! Сениң кеўилиңе қарайман деп мерекеге шақырылыўдан қалатуғын жағдайым жо-оқ!...

— Тифүў, ақымақ, орыс ийт!..

— Сеннен ийисшил емеспен бәри бир, қасқыр ийт!..

Тәңирбергенниң суғанақлығы, жүрис-турысының шаққанлығы қасқыр ийттиң ҳәрекетине усайтуғын еди. Ойынлы-шынлы күнде еситип жүрген гәпи болғаны ушын ҳеш қайсысы да әләмата ашыўлана қоймады.

Ертеңине сабақ тарқаған соң факультеттиң комсорги:

— Шаббазов!—деди.—Паспортстолға бар, атында қәте бар қусайды.

— Қәте жоқ!

— Жоқ болса да барасаң, «ҳәзир жетсин» деп атыр!..

Сонда-ақ жүреги лүпилдеп еди-аў, паспортстолда оны еки жигит «бир жерге кирип шығамыз», деп, ертип шықты. Милицияның қараңғы машинасына мингизип атырғанында: «институтты питкере алмай-ақ кететуғын болдым-аў!» деп еди. Жақ, олай болмады. Оны КГБның подвалына түсирди ҳәм: «Американың шпионы екенлигин мойнына қойып бересең!» деп талап қойды. Тәңирберген қасқалтақтай суў шашып еди, қақ жаўырынынан

тийген соққыдан демин ала алмай қалды.

Таң азанда көзин ашса үйинде жатыр екен. Түндеги оңы ма, түси ме, билмей отырғанында есик тақырлады. Өзи барыўға қорқып, түскенине бир жыл тола қоймаған келиншегин оятып жиберди. Қолында фонариги бар еки адам кирип келди. Тәңирберген кешеги еки залымын таныды. Олар ойнап-күлип сөйлеп келиншекти шығарып жиберди де, Тәңирбергенниң алдына бир бет ақ қағаз қойды ҳәм «Өмир бойы өзимнен саўал алғанын тисимнен шығарсам жинаятлы жуўапкершиликке тартылатуғыным өзиме ескертилди» дегизип жаздырып алды, қолын қойдырды. Соң келиншектен биймезгил ояткӑны ушын кишипейиллик пенен кеширим сорады да, шығып кетти.

Олар кеткен соң ишке кирген келиншеги: «Өйтип ише бермесоңо! Сол еки жигит болмағанда дүзде қалып өледи екенсең!..» деди нарыйзалық кейип пенен: «Онысыз да кембағал жасаймыз, сен тапқан пулыңды араққа бере bересең!..» Жигит ҳаялына қарады да гүрсинди, үндемеди. Қабырғалары саўсап қалғанға усайды, бирақ, көк түспепти, соған ҳәйран. Азанда оқыўына зорға жетти. «Өтепти де сөйтип жиберсе тәәжип емес!..»

## 6

Сол күни ырасында да төрт көз түўел еди. Үбайда менен Айбөрек, биреўи аўқатқа айналысса, биреўи көрпешелердиң әтирин келистирип салып, еки кисини— Әмирхан менен Жердашты күтиўде еди. Шай-пай әкелинген, дәстүрхандағылар түўелленген соң ҳаяллардан биринши болып Үбайда кисисиниң шеп жағында қонды да:

— Бүгин бир, ғаррымыз бенен арқайын отырып шай ишейик!—деди ҳәзил-дәлкекке бейимлесе жамалы жадырап.—Үйге Айбөрек келгели келин жумсап ҳәз етип қалдым-ғо! Айбөр-ек, атландырып бол да кел сен це!..

Қаймақ қуйылған ҳинд шайын қуйып отырған Үбайда шәйнеги менен Айбөрекке ысырды:

— Келин қуйған шай мазалы болады! Мен де бир яшуллы қусап отырайынш!..

Шай үстинде гәп аннан-мыннан кетип атты. Маленковтың ким болғаны да, «Ақтубадан» Америка шпионының тутылғаны да қалып атырған жоқ.

— Тананың көзиндей көзи жаман еди найсаптың!—

дейди Әмирхан.—Ояқта бир милиционерди бир урған екен, өлипти де қалыпты!..

— Өзи өлейин деп турған милиционерди-дә!—Үбайданың исенгиси кележақ емес.—Билеклери қамыстай, жүргенде тирсеги қағысады-аў, жиңишке аўырыў-дә, я бабасыр сол Тайырбай! Сол қалай адам өлтиреди?!

— Сен шпион ҳаққында не билесең, қатын!—Әмирхан өз сөзин ҳаялының бийкарлайжағына шамырқанды. —Шпионлардың мектебинен өткен-дә! Билекке қарай ма ол! Адамды туртип жиберип өлтиретуғын да, қытықлап өлтиретуғын да усыллары бар қусайды, кинолардан көрмеймисең ақыры! Бир шпионның өзи бир машина қуўғыншыға туттырмай, қыйратып кете береди! «Мынаўда не бар» деўге болмайды ҳәзир, адамлар мийримсиз болып баратыр. Бурынғыдай ўәжлесетуғын, сөгисетуғын, жағаласатуғын төбелеслер қалды ҳәзир, жан жериңе бир таслайды, зир-зир қатасаң да қаласаң. Так что, қатын жора, бизиң гәпти бийкарлаўға көп урына берме, бул өсип өнериңе жақсы...

— Яқшы, яқшы-аў! «Бир шаппатты урыппыз, не десең де турыппыз!» Сөйлесип атыр едиңизлер,—дейди Жердашқа ийегин қағып Үбайда. —Шолақ қайнаға не дейди, көшип келе ме екен?!

— Көши болмаса көшип келе ме?!—Әмирхан илди ҳаялын.—Көрпе-төсегин дийўалы басып атыр, ағашларын алмаса!

— Жа-ақ, Әмирхан аға!—Жердаш араласты.—Нурлепес аға кележақ. «Социализмде» көргени күн емес қусайды, оның өзи де аш колхоз ғой. «Коммунизмдеги» танысы шақырса керек, Нурекең: «колхоздан көнимди алып, бир қашып шығып едим, тағы колхозға тығылмай-ақ қояйын», депти. Соған қарағанда, келеди ол киси!

— Келсе келсин, үйренискен жери,—деди Әмирхан. —Кисиниң ҳайтын соң ҳайтлармыз, а-ал, Айбөрек келин, өзлериңиз не қылажақсыз! Сизлердиң-ҳәм ырғалған бағыңыз, ҳәўли-ҳәремиңиз қалып баратырған жоқ ғой, жайыңыздың орнына жай саласыз ба, я планластырып жер аласыз ба?!

«Оны неге меннен сорап отырсыз, оны бул киси биледи», дегендей Айбөрек Жердашқа қарады. Жердаш көкирегиндегини жасырмады:

— Мен, аға, әзелден биреўге асылып өсип үйренген

адамман. Ата-анам барда ата-анам сүйеў еди, олар өлген соң, қудай бизди өлтирсин бе, өзиңиз қанатыңыздың астына алдыңыз. Үйли-жайлы, жумыслы еттиңиз, сизде айып жоқ, изи бундай болды. Айбөрекке үйленерде: «өзим менен зәңгилес хожалық етпегенше қасымнан шығармайман» деп едиңиз, мен соған қуўанып жүрсем... —Тығылып айта алмай қалғанға усады.—Жаңағы гәпиңиз батады маған, қуўсаңыз кете беремен!..

Айбөрек кисисиниң бүгурлым гәп таўып айта алғанына қуўанды. «Ҳәзирше өзиң ҳеш нәрсени келистире алмайсаң, Әмирханға қул болыў маған да жақпайды, бирақ, басқа иләжымыз жоқ, Әмирханнан ала жипти кесетуғын ўақытты өзим айтаман, соған шекем тигислигиңди билдирсең бул—жаўыз адам, жоқ қылып та, қуўып та жибереди!..» деп талай зинҳарлаған күйеўине. Сол ақылының жуққанына қуўанып отыр ҳәзир. Әмирханға Жердаш керек емес, Айбөректиң өзи керек, буны да келиншек жақсы ғана түсинеди, түсинсе қайтсин, басқа иләжы жоқ! Бул ғәрип күйеўин келе қылып алыўы, Әмирханнан оздырыўы керек, сонда Әмирханның үстине шығады!.. Сол күйеўин оздырыўды Әмирханның өзине ислетиўи тийис, Әмирхан өзиниң шалқасына түскенин бир-ақ билип қалсын! «Соның ушын, шабазым, маған ойласпай, өзиңше ис тутпа, бул Әмирханды меннен жақсы билмейсең. Бир ис буйырса, «яқшы, ертеңге шекем ойланып көрейин», де. Соң ойласамыз-ғо екеўимиз, пайдалы болса көрермиз!..» деп қойыпты Жердашқа.

Бул Жердаштың ҳаялы мәтибий екенин, не қылса да ҳаялының гәпи менен қылатуғынын, өзинше ойларлық ақылының жоқлығын Әмирхан да жақсы биледи, соның ушын да алды менен Айбөректи көндирип алып, соң Жердаш пенен көзабаға ойласады. Ҳәзир де көзабаға ойласты. Ойлаған жеринен шықты.

— Инимдей болып қалып едиң, дурысын айтсам, сени бир күн көрмесем жеккесиргендей боламан-әй!—деди Әмирхан.—Сени қуўыў мениң қолымнан келмейди, өзиң таслап кетсең иләжым жоқ!..

— Ондай ийт мен емес!..

— Ҳә, бәрәкәллә, ийттиң де ўападары жақсы!—деп күлди Әмирхан. Айбөрекке бул күлки «шымм» етип тийди.—Ийт те кетсе тойып болып кетеди, сени тойдыра алғаным да жоқ. Ийтке теңеп атырғаным еме-ес, тек

тәптиң утыры келген соң айтып атырман. Егер, жай орныңызға жай салатуғын болсаңыз, жүдә бәрәкәллә! Айландырған Үбайда екеўимиз алты қат жайға сыймай атырғанымыз жоқ, кеңи сеники, тары меники! Жайың питкенше бола бер пәкизе!..

— Олай емес, аға, бизге бир өжиреңди ата! Биз де торанғылдың ашасына тырмышлап қоя бермей көрпе-жастығымызды киргизейик!...

— Пажалыста, қәлегениңди ал, солай ма Үбайда?

— Ҳаўўа-дә, «бирге болған мыңға болады!» Биз де келин жумсайық!

Сол, сол екен, сол ақшамы-ақ түни менен дәнхана, пытты-сытты болып турған өжирени ҳаялы екеўи түни менен босатып, ишиндегилерин басқа жаққа жайлады. Ертеңине бир шелек ҳәк таўып келип ҳәкледи, еденин мурынның қанындай қызартып сырлады. Ацетонның ийиси барлық өжирелерди алып кетти. Түни менен сырланған өжирениң айна-қапысын аңқайтып ашып жатты. Таң азанда носки менен жүрип барып қараса бояў носкиге жабыспайды.

— Енди төсестире берсең болады,—деди Айбөрекке.

Соннан бери сол өжиреде болып атыр, қазан бир, қасық-табақ қашшан араласып кетти. Бәри бир дәстүрханнан аўқатланады, бир қапыдан кирип шығады. Түнлерде ғана төсек жайы басқаланады. Айбөрек пенен Жердаш әне, сонда сыбырласады.

— «Сабыр түби сары алтын, сарғайған жетер мурат-қа», сабыр ет шабазым, бул хорланыўлардың да ақый-ры-қайыры болар,—деп сыбырлайды Айбөрек. —Ким биреўди хорладым десе, өзин өзи хорлағаны. Биреўге ислеген хорлығы адамның басына келмей турмайды, буны маған кемпир апам түсиндиретуғын еди! Билемен, сениң намысың келетуғынын билемен, билсем қайтейин, журттан асқан билимиң жоқ, өз ҳақыңды өзиң жулып алып жегендей арқаң жоқ, соның ушын ҳәзирше аяқ асты болғаныма да қайылман, буны мен жеңиске ерисиўимиз ушын ислеўге мәжбүрмен. Нақәсти жеңиў ушын оның өзинен-ҳәм бетер нақәсликке барып ийилиў-ге туўра келетуғын жағдайлар болады! Ийилип болып, оның өзин ийилдиресең, соған шекем ол сени «тиклене алады» деп ҳеш ойламасын, ойлаған күни сеннен қуты-лады, соятынан сақ бол. Ол сени «адастырып баплап қойыппан» деп қалады, сен сонда алданған болып,

садасыраўың менен оның өзин алдап кете ал, алданбағаныңды билген күни ол сеннен қарсы гүреседи, оның жудырығы күшли, арқасы бек ҳәм, гүрессе сени адам етпей таслайды. Соның ушын, өзиңе қарсы гүрестирмей жаса! Сени халық қатарына қосыў ушын мен намыс ғой, намыс, жанымды-ҳәм пидә қылып жүрмен, соған неге түсинбейсең?..

— Қызғанып өлип баратырман-аў!

— Тисленип шыдай бер. Қызғансаң тек мениң кеўилимди қызған, кеўилим сеннен басқа ҳеш кимде емес, басқа жағымды түк қызғанба, бәри сениң уллы мақсетлериңниң жолына садақа. Сен быйыл институтқа сырттан кир...

— Ўай-баай, билим жоқ ғой?..

— Билим—болады! Анаў еки пияңшикти таўып ал, солар береди билимди! Журт жириксе де солардан сен жирикпе, арағын өзим таўаман!..

— Маған оқыўдың неге кереги бар?!

— Әмирханның билими орта, оннан сени оздырыўым керек! Үбайданы есигиме малай етпей қоймайман, билип қой соны! Үбайда жақсы ҳаял, бирақ ақыллы ҳаял емес, бул да мениң бахтым шығар!..

— Басың жап-жас, сен усы тәсиллердиң бәрин қайдан, қашан үйренип жүрсең өзиң?!

— Қыз балаға тәсилди қудайдың өзи бойына қуйып береди. Қудай маған журтта жоқ сулыўлығын берди, бирақ шайылжып-шалқып жасайтуғын, оқыйтуғын хотлы хожалық бермеди. Қараўсыз, әменгерсиз сулыўды ҳәмме аңсат көре береди, олар менен гүресип қутылыўға менде шама қәне, күш қәне! Енди тәсилди ойламай көр! Тәсилкөр болмағанымда қашшан көшениң жәлебине айналдыратуғын еди мени ышқыпазлар! Биреўиниңҳәм қолына түскен емеспен солардың! Ал, Әмирханның қолына өзим түстим...

— Не ушын?!

— Буның ақымақ адам екенлигин билдим! Бул тек ақымақшылығы, ақ көзлиги менен-ақ дүнья-мал, ақша арттырып алған, енди тек соны көбейтиўдиң жолын биледи, ал, сақлаўдың, үрим-путағына қалдырыўдың жолын билмейди. Маған сонысы керек, бул мени ышқыпазлардан ақ көзлиги менен қорғай алатуғынын билип тығылдым, қанатының астына. Өзине қолай биреўге әперетуғынын да билдим. Көрейик, қашанғы қол жаў-

...ли, етер екен. Тек сен сыр берип қойма, ҳеш нәрсе билмеген, сезбегенге салып жүре бер, жеңдирмесем ...и жүзиңе!» де де алдыма арқан тасла, көзиңше асып ... өлип беремен!..

...сөйтип сыбырласып шығады түни менен, тәсил ой... ...ып шығады. Азанда сыртынан қарасаң елпилдескен ...ық көкиреклер.. Әмирханның аўызы қыбырласа да, Үбайданың ләби қыбырласа да «ләббәй» деп турған тил ...алғышлар, Әмирхан менен Үбайданың өз үйлерине өз... ...лери қонақтай болып күтилип атқан.

Сөйтип жүрген күнлердиң биринде Кеңесгүл вино-заводқа алынды, Әмирханның күйеўин өткере алмағанлығын Айбөрек түсинди, Кеңесгүлдиң орнына Әширепи деген қыз келди де Айбөректи қамастыра баслады. Әширепи десе әширепи, қолларының бәри тилла-яхут жүзик, сырға, шынжыр, жасандырылған жанлы қуўыршақ Кеңесгүлдиң парфюмерия бөлимин алды, өзи, усы бөлимнен басқаға жараспайтуғын да еди. Қыздың сулыўлығынан, ҳасылзадалығынан, қылықларының сүйкимлилигинен-ақ Айбөрек көзин қамастыратуғының бирден-ақ сезди. Жа-ақ, Әмирханның таслап кетиўинен қорқпайды, өз нийетлериниң иске аспай қалыўынан қорқады. Болмаса Әмирханнан қутылғысы келмей жүрген бул жоқ. Егер усы турысында Әмирхан буған қыйсайып қарамай кетсе, онда буған берген пәнти, сүйреп-сүйреп, гөне геўишиндей зыңғытып таслап кеткени! Гүманланғандай да өзгерис бар, Әмирхан адам жоқта да буған бурынғыдай ашықыў-сәркашталық пенен қарамайды. Сөйлессе де баслықтың хызметкери менен сөйлескениндей:

— Сени кабинетке шақырып отырғанымды ҳәзир түсиндиремен!—деди жайына шақырып алып. Қапыны да өзи беккем жаўып келди.—Қараўылымыз жумыстан шығып атыр. Ҳеш нәрсениң сенсиз болмайтуғынын билемен, сонлықтан сениң менен келисип алыўым керек. Жердашты қараўыл ете жақпан, үш күннен бир күн турады, соған көндир. Мақсетке түсинсе түсингени, түсинбесе, өмиринше кәмбағал болып өтейин дегени. Айтып болдым, исиңе бар...

Исине барды. «Не ушын қапыны нықлап жаўып келди! Демек, айтажақ қупыя гәпи болған, бирақ... айтпады!..»

Ол күни кеште гәп қозғалмады. Сол күни булардың

түнде ойласып алатуғынын билди. Соңғы күни кеште төрги жайға оңаша алып кетип:

— Буны сен Айбөрекке де айтыўшы болма!—деди сыбырланып.—Ҳәзир ҳүкүўмет басшысының өзи күнде өзгерип атыр. Бундайда ел талан-таражға көп ушырайды, тап усындай қыйын пурсатта сени өзимиздиң дүканға қараўыл етпекшимен. Бирақ сен оның ушын орныңа Нурлепес шолақты таўып әкелип бериўиң керек. Айбөрек пенен ойласамысаң, я өзиң жуўап бере аламысаң?

— Ҳәзирше өз бийлигим өзимде,—деп жымыйып күлди Жердаш. «Өз бийлигиң өзиңе енеңниң шонтайында!—Ишинен сөйленди Әмирхан.—Қәлесем, ҳәзир ийт қылып үргизе аламан сени! Қәлесем,, қаматып-ҳәм жибере аламан, ақымақ!..»—Бул, қалай, аға, бизиң зиянды ойламайтуғыныңызды билемен, өзиңиз шешесиздағы оянын!

— Енди жай-пайыңа да айналысатуғын шығарсаң...

— Әлбетте, әлбетте!

— Үш күннен еки күн үйде болсаң жаман ба?!

— Жаман емес, питпеген ис қалмас еди-аў онда!

— Қатынларға арқаң жаўыр болғанша жүк тасып бериўден тағы қутыласаң. Келин сен жүк арқалап шыққан сайын, өзиндей қатынлар байын бармағы менен шақырып алып, қулындай ис буйырғанын көрген сайын бир терлеп басылады, буны айтпаса да билемен. Сени Кеңесгүлдиң орнына өткере қояйын деп едим, «мойнына зат түсирип алар» деп қорқтым!..

— Ырасында да дүканшылықтан қорқаман, бизге, сол қараўылшылығың мақул, аға!

Арадағы гәп усы ғана болды. Ертеңине Жердашқа «Социализмнен» Нурлепес шолақты қуўдырып алдырды. Жумысқа кирейин десе паспорты жоқ, кирмейин десе оңысық өтпей колхоздан қашып келгели күнликшилик пенен күнелтип жүрген бийшара Нурлепестиң «жумысқа аламан, дүканның ишинде ислейсең, қыста ыссы, жазда салқын сая!» дегенде қуўанғанынан жүреги жарылып кете жазлады:

— Иләйым, өмиримше қулың болып неге жүрмеймен, иним!

— Қул болмай-ақ қой, пәтиянды берип турсаң болды. «Жайың аман қалады» деп единң, аман қалды!

— Келинниң қәдди-қәўметин көрип, қуўанып жүрмен! Қудай қәлесе, келин енди ат басындай ул туўып

береди!—деп еди, жасы отыздан асса да бир тырнақ көрмеген, әри тәуиптиң «сенде бала жоқ» дегенинен жүреги жарылып қалған, ҳаялы толысқалы ай санап, күн санап жүрген Әмирхан столының тартпасын тартты да буўаттан соқтадай бес қызыл отызлықты суўырып, столдың үстине таслады:

— Ал, аға, жақсылап бир пәтиянды бер!

Нурлепес шолақ аларын да, алмасын да билмей аңырайды. Усыншелли ири қайыр-сақаўатты көрип пе! Тамыз түўе сыпырасына шекем суў алып кеткен, үйи-күйи жоқ, барарға жери, батарға көли жоқ, елеге шекем Тасқылығының сонша азабына шыдам берип, Тәжимурат жорасыникинде оңысып отырған Нурлепес Әмирхан отызлықларды қалтасына тығып жибергенинде елжирегенинен даўысы дирилдеп отырып, пәтиясын шубыртт-аў!

6

Әмирханның ҳаялы Үбайданың шыпаханада нәўбетте туратуғын күни Жердаштың дүканға қараўыллық ететуғын күни менен мудамы сәйкес келе беретуғынына Айбөрек таңланған жоқ. «Сөйтпесе Әмирхан бола ма!» деди де қойды ҳәм Жердаш қараўыллықта турған биринши ақшамы-ақ Айбөректиң ойлаған жеринен шықты—керек десең өзи де келген жоқ, қойнына шақырды. Соннан соңғылары да мудамы сөйтип кете берди. Бундайға қашшан ети өлип кеткен Жердаш болса онша ойлай бермейди, ойласа да: «оннан басқа не болыўы мүмкин, ким жаман болса қудайдан тапсын, зордың үйи күйсин деген усы-дә!..» дейди де басын көп айналдырмайды. Ал ақ көкирек Үбайда ондай ҳарам ойдың басына да барған емес, қайта нәўбетке кетер алдында:

— «Айлас қатын муңлас» деген, екеўмиз де айлас шығармыз! Енди бир-еки айдан отпускаға шығарар-аў! Соған шекем мениң жоқлығымды билдирме, қонағы келсе күт, «ердиң атын қатын шығарады, қатынның атын отын шығарады», өзим жоқта келгенлер қуры аўыз кетпесин! Қайнағаңның шайы-суўына қарай тур, келин, иләйым бахтың ашылғай,—деп жалынып кетеди. Өзиниң жоғын билдирмеўди өтинеди.

Жердаш қараўыллықта жоқ еки күнинде гербиш қуяды, гербишин айдың жарығында ҳаялы ексүн жый найды. «Ура берсең қудай да өледи» дегендей тынбасаң бул да өнеди екен, ҳәзирги күнлери Жердаштың ша-

жынларының араларына қумның ыссылығынан бауыры күйген кесиртке, жыланлар да емин-еркин паянлап үлгерди.

Жайының ағашларын алып, Нурлепес шолақ жығылмай қалған ешки қорасының орнына шертек соғып алды. Ҳаялы Жумагүл—Жумаш қарыўлы ҳаял, буны да, кисиси Нурлепести де адамлар «арқасы бар» деп айтысады. Екеўи де аўырса дәри ишпейди, тумаў-пумаў болса тик аяғынан жүрип тәуир болады, ал «кесел қусаған кеселге» тап болса Әззилер бабадан айналып, «сен көр, мен көр» болып келеди. Бурынлары колхоздың не бир қазыўларында, тоң жармаларында табаны тесилип, кәмбил болып қалған Жумагүл—Жумаш нәҳән бел менен қамбадан ылай зыңғанда малақайдай дөңгеленип келип жалпылдап атады. Ҳәр куни: «бес жүз гербиш шығасаң-аў! деген шамадағы ылайды суйық етип шығарып, үстин шаппатлап, тап мөрелегендей қуяшқа жалтыратып қояды. Нурлепес келгенше ылайы қәддин алып, саққыздай бир ылай болып береди! Нурлепес дүкандағы «дүканшы қызлардың» үйинен түсликке апарған колбаса, баўырсақ, қымбат кәмпийт, писken мәйек қусаған затларына өзи тойғаны менен турмай аўысқанын корзинкасына салып, алып та келеди. Дүкан дегенде күнде жүк бола бермейтуғын қусайды. Дүкан жабылғанша отыра да бермейди. Жумысы жоқ болса: «Бара бер, Нурлепес аға, үй беттен көз қулақ болып тур», деп, базда түстен кейин-ақ, базда еп-ертеақ қайтарып жибереди. Соннан кейин бунық да паққылдатып гербиш таслап атырғаны! Қәлиби екеў, биреўин таслап келемен дегенше Жумагүл—Жумаш екиншисин зуўалаға толтырып, көтерип кете беретуғын етип қояды. Ал, дем алыс күнлери екеўлеп өндирип таслайды. Азық-аўқаттан қысылып атырған дымы жоқ, дүканшы қызлардан аўысқан ширеден-ақ, колбасадан-ақ Нурлепестиң шырайы шығып қалды. Не бир кишмиши бар булочкалар аўысады қызлардан! Әмирхандикине қонақ келсе ғой бул үйдегилер де оңып қалады, қонақ келмесе де ол үйде ҳеш ким жылытпа ишпейди, пйти де жоқ. Нурлепеске болса өз сөзи менен айтқанда: «пөлке нан болса жетип атыр:..» Пөлке нанның пулы ма, дүканшы қызлар-ақ күниге бир-бир манаттан берип жүр, аяй ма, сыйлай ма, сөйтеди, ал, биреўи бузық түс көрип, түсинде ревизордан қорқса да, милицияға усла-

нып оянса да дуканға келген соң Бәҳәўәтдинниң жолына атаған жети манатын беретуғын Нурлепестен басқа дийўанасы жоқ: «Соған берген тийеди, шолақ десең шолақ, ғәрип десең ғәрип, арақ ишпейди, жаман сөз айтпайды, динине берик, әри арқасы бар!..»

Қалай еткенде де бул дукан ушын да, дуканшылар ушын да Жердашқа қарағанда Нурлепес қолайлы шықты, бириншиден, шырриймайды, ҳәжетхананы да тазалайды, дуканның әтирапын да сыпыра береди, дуканшы қызлар оны анаў турған азық-түлик дуканына жумсайжақ болса да ол ҳәмийше тайын, қолына пулын услатса нәўбетке турып, наннан, қант-чай, гөш-пөшине, сары майына шекем, ҳәтте дуканда ишетуғын лимонатларына шекем, ишлери қызып баратырса мынаў турған будкадан балалардың арасында зәмилдей болып турып, муз қаймақларына шекем алдыра береди, тек ишкен суўларыңның шийшелерин берсең болғаны, дуканшылар ғой, дуканшы, сыртта бир шийшени асығыс қағып кетиўшилер болса оларға да стакан шығарып береди, сөйтип-ақ күниге қапылғанда дуканның иши-сыртынан жигирма-отыз шийше жыйнап, Енжалының шийше дуканына бир кенеп қапшық етип тапсырады, «Бул не, пул емес пе? Журт кинәз болып кеткен, жыйнай берсең пул деген қара жерде-ақ жатыр!» деп мақтанады колхоздан базарлап кеткен аўылласларына. «Усы ўақытқа шекем колхозда тирсегим шыйқылдап, баслықтың таяғын жеп жүре бергенимди айтсаң-ә! Пул санаў дегенди жаңа үйренип киятырман!..» деп өкиниш билдиреди, халық қатарына қосқаны ушын Әмирханға алғысын шубыртып жүргени. Екиншиден, Жердашты ҳаялы Айбөректен тартынып-ақ дуканшы қызлар жумсай алмайтуғын, ол да баслықтан басқаның айтқанын тыңламайтуғын, басқа биреў айта қойса да: «сениң қулыңман ба?!» деп, бақырып жиберетуғын ал, Нурлепес болса усы бәҳәрди мынаў дуканшы қызлардың—жери барлардың бәрине пияз, қызыл көт егип берип, ҳәжетханаларына шекем көширип берип қайтты, қайсысы жумсаса да «бир иләжын таўып барарман» деп қалады, Әмирханның жоқ ўақтында-ақ барып қайтады. Дуканшы қызлар да қуры қол жибермейди, «алмайман, бизики қалыс хызмет» десе де таўығы барлары мәйек-пөйек, болмаса бир таўық, қапылғаны қалтасына пул салып жибереди. «Бай-баай, усы ўақытқа шекем колхозда кү-

йип кеткен өмирим-ә!..» дейди тапқан-тупқанын Жумагүл — Жумашқа әкелип берип атырып. Жумагүл—Жумаш та отырыс-турысы салақ болғаны менен пул жыйнауға пухта—бирин еки, екисин үш етип, шүбереккс түйип, күнде санап көрип жүргени. «Ҳаў, мына гербишиң қуйылмай қалып баратыр-ғо!» деп, журттың қатынындай бажалақламайды, күнде шығарған шамалы ылайын, етегин шеңберине жымқырып тығып жиберип, шемиренип жүрип, өзи-ақ қуйып таслайды. «Ҳаў, ғаррыңа қуйдырсоңо, дуйым жurттың хызметин ислеп жүр, жurттың хызметин еткен өзиниң хызметинен қалады», деген ҳаялларға да дым үндемейди, малпақ-салпақ, өз жумысы менен өзи болып жүре береди.

Үшиншиден, бул Жердашқа қарағанда қаратабан ҳәм оннан мықлы, бунЫң дамбалы кең ақ ыштан, геўиш кийгенине, шашын пәки менен қырғызып, узын сақал жибергенине, жазда да малақай-палақай кийип жүре бергенине қарап, буны «ғарры» дейди, жасы қырқтан жаңа асып баратырғанынан хабары жоқ, өзинен үлкен қырма сақал шыррықлар-ҳәм «ағалап» сөйлейди, өзинен үлкенлер-ҳәм автобуста: «отыра ғой, ғарры» деп жай береди, бунЫң ийининде жазы-қысы бир кенеп қалта болады, урыстан соңғы ашлықтан көзи қорқып қалған, анжер-мынжерде шала тисленип қалған нан-пан, бос шийше-пийше болса жыйнап жүргени, «не зияны бар, керек тастың аўыры жоқ!» дейди, жақында ылақлаған, үйиндеги ешкиси де мудамы ядында, пошақсошақ болса да ала жүреди, «керек тас ақыры!..» Бир жаман жери—ҳаялына қусаған өзи де салақ, қашан көрсең жағасы кир-кир, көйлеклерине бүрге бүрке берген. Адамлардың иштейин байлап, жағасынан қолын суғып жиберип, тыр-тыр қасынып та отыра береди. Әне, сондай бул ағаң! Дүканшылардың бәрин, нешше байдан қайтыўынан бийғәрез, нешинши байында отырғанынан бийғәрез «дүканшы қызлар» деп айтады, олардың оғада азадалығына қашан көрсең таңланып жүргени! Әне, сондай сада, бирақ қарыўлы бул ағаң! Анаў турған дүканға келген унды ол жердеги жүкши қатынларға машинадан түсирисип, үстин ақ шаңғыт етип те келе береди, сондай қарыўлы, сондай, сондай!.. Соған қарамастан «шолақ» аты қалмайды, лийкин, бунЫң шолақлығының иске кесенти жоқ. Шеп қолының екинши бууынының сызықларынан оқ жулып кеткен. Сонда да бу-

ны госпиталға алды, журт анаў жақта қырылып атырғанда бундай менен көп жатыў уят әри қыйын, жатқың келгени менен де жатқармайды. Арқасы бир қозғанында урысқа өз арзасы менен кетип қалғаны менен урыста көп болғызбай-ақ қара жумыс батальонына жибертким ген де усы шеп қолдың оқ жулған төрт бармағы! Сол бармақ жулынбағанда бул да ғайры еллердиң топырағында қалармеди, әллеқәйтер еди?! «Паххх, хәз берди бул төрт бармақ, елден тататуғын дуз бар!..» Усы шолақ қолдың бас бармағы дин аман, қәлеген затын шала қысымлап услай алады. «Усы геллекленген қолым геллекленбеген оң қолымнан күшли!..» деп мақтанады өзи. Бунық бул айтқанына Әмирхан онша исенбейтуғын еди. Әмирханға тамаша керегин қайдан билсин!

— Үш ийт бир ийтти талап атыр, ананқара, Нуреке! —деди дуқанның нәхән айнасынан асхананың алдындағы ийттей бығырласып, төбелесип атырғанларды ийеги менен нусқап.

— Ҳаў! Анаў Нөкербай-ғо!—деп бирден шоршынды таяқ жеп атырғанына жаны ашып.—Қосбергендикиндеги оқыўшы бала-ше, гербишин қуйған!

— Танымайман!..

— Ҳаў, жайын өрген бала-ше?!

— Танымайма-ан!—Милиция менен үйине қайықлы келген жигиттиң сықылсыз сылынғыры екенлигин таныпақ тур. —А-ал, танысам-ше?!

— Айырыў керек-ғо, мусылманшылыққа жатпайды! —Сөйдеди де есиктен шыға жуўырды. Әмирхан тек жасында ғана емес, қошқар урыстырғанды, қораз урыстырғанды ҳәзир де жақсы көреди, өзи қошқарпаз болмаса да тойларға қошқардың қызығы ушын-ақ барады. Адамның төбелескени, әлбетте, қошқардикинен қызықлаў Әмирхан ушын: «адамның ақымағы да усындайда белгили болады,—деди өзине өзи ишинен.—Есиң болғанда пиянлардың төбелесин арашалаймысаң?..»

— Хәй қойың, ҳа қойың деймен!—Шолақ қолын шошаңлатып, биреўин Нөкербайдан айырып алып былай бир ийтергени, кепкасының қаснағын артына айналдырып кийди де екинши биреўи қошқар шегиншеклик пенен кейин бәсти де Нурлепестиң тумсық тусын көзи менен шөкелеп алды ҳәм басын ийип, еки қолын қанатлап қарсысындағы «қошқарға» қошқар жуўырыс пенен барып таслады. Шалқалап баратырып, Нурлепес еки қо-

лын ескектей есип қарманды, қарманғаны менен жаўырыны жерге тийемен дегенше қолына ҳеш зат илинбе қоймады. Көзиниң алды тынып, қулағы питип қалғандай болып, еди, мурынынан жып-жыллы зат келди, буның қан екенин ол билди, сол мәўритте көзиниң алды да, қулағы да бирден ашылып кетти ҳәм Нөкербайдың: «Қаш, Нурлепес аға, өлтиреди сени!!!» деген қырылды аралас жаман даўысы еситилди. «Әй, мыналар не қылады-әй, ырас-ақ қоймай ма!» деген ой жылт етип келди Нурлепеске ҳәм орнынан шапшып турды да Нөкербайдың еки жағынан жулқылап урып атырғанларға шүйликти, тап бир қыстырылған гөне шапанды жулып алғандай бирин Нөкербайдан жулып алды да, сол қолтығына қысты: «усы қолым мықлылаў!» деген ой келген еди оған ҳәм құдайбийзардың геллеси оның қолтығынан қолтықтағы қара ғарбыздай жуп-жумалақ болып көринип турды. Бир тамаша жери усы қара ғарбыз: «ўай-ўай, өлдим! Өтеп қара, бармысаң?» деп сес шығарып атты. Бул «Өтеп қара» дегени жаңа өзин дүккен бала екен, Нөкербайды қоя берип, тағы дүкиў ушын бәсип баратырғанында көзи шалып қалды ҳәм «ҳәзир келип тағы дүкеди-аў!» деген қорқыныш та санасына жетип үлгерди. Нурлепес дегениң үш пақсаның үстинде ылай қақшыўға, трактордың үстинде ғарбыз қақшыўға бенде емес адам! «Пул берсе мен турып берер едим, билләә, бир топ өткерсем пулын қайтып беремен, дәрўазаманлыққа гилең әўмерлерди таўады-аў усылар!» деп, футбол ойынында дәрўазадан дәрўазаманның топ өткизгенин көрсе арқасы қозады ғой, реакциясы тездидә! Жаңағы қорқыныштың жылт етиўи де сол, қорғаныў усылы да жылт етип келгени ғой, «жылт» етип келмесе жылдырымдай «ушып киятырған гелледен» қаймығып үлгере ме, оң қолтығын дузақлап тутып үлгере ме! «Өтеп қара» деген қошқар баланың жаўырыны кең, ыйықлары жайқыйған болмағанда цирклерде жанып атырған дөңгелектен өткен қара гүржидей Нурлепестиң қолтығынан «зоңқ» етип өтип кететуғын еди. Бир ыйығы өкпесин «солқ» еттирип Нурлепестиң омыраўына соқты да, бул адам шалқайып барып, өзин зорға тиклеп алды. «Өтеп қара» деген қошқар баланың бөксе жағы дәстанлардағы өзин тоңыртқаға урып, я ары өте алмай, я басын суўырып алып кете алмай ғарғалардың шоқыўына қайым болып қалған Мәстан маманың бөк-

сесиндей бултаңлап атты, томпайып атты, аяқлары тырбанып, қоллары қарманып атты. Мурынынан сорғалаған қан ыңғайсызландырған Нурлепес: «Ҳәй баллар, жалынсаңыз жиберемен! Жалынағойың маған!..» деп жалынды ентиккенине пысынап. Шеп қолтықтағысы есесине ата-бабасынан қайтарып, усыннан босана қойса өлтирмей қоймаўға ўәде етти.

— Ўай-боой, онда саған беккем болайын, иним!— Нурлепестиң ойыны да, шыны да сол, шолақ қоллы билегин қаттылаў қысты ҳәм өлтириўге ўәде еткен баланың да даўысы қаттылаў қырылдап шықты. Оң қолтықтағы қошқар бала ўәде де берген жоқ, жалынбады да: «Ўай, билә-эт!» дей береди қайта-қайта, болғаны. Бир балаға бир өзи қалған соң күшейип кеткен Нөкербай оны шаштәрезхана жақта қуўып теўип жүрип сүрникти ме, не қылды, «ўай-ўай, көзим! Насыбай септи!» деген ашшы даўысы шығып атыр еди, соның арасынша дүканның аўызына журт жыйналып қалды. «Биреўлери арашалай қойса жибере қояр едим», деп ойлайды Нурлепес, қашанғы турсын, адамларға умидиўарлық пенен қарайды. Арашалаўға нийетленип атырған ҳеш ким жоқ. Қайта Әмирхан басын шайқап:

— Жиберме,—деди.—Тоба қазығына таямай жиберме, жибердиң, өзиңди нан қылып жалпайтып кетеди!

Әмирхан не десе де буйрық, жибере жазлап турған Нурлепес: «Жалына қойың-дә, баллар, ашыўым жаман, қыршыныңыздан кетип қаларсыз сәл жерде, жалына қойың-дә!..—деп жалынып атырғанда Нөкербайдың сөгинип киятырған даўысы еситилди:

— Сизлер шетиңизден сиясий саўатсызсыз! —деди ол адамларға.—«Душпан жеңилмесе, оны куртар болар!» Ким айтқан соны, әлбетте, өзим де билмеймен, бирақ буларды жалындырыўдың жолын билемен!..

Сөйдеди де, әдеп қошқар баланың, соң анаўының қайысларын жаздырып, шалбарын дизелеринен төмен түсирип-түсирип жиберди.

Прилавканың аржағында болса да айнадан көрип турған дүканшы «қызлар» бетлерин шымшысып-шымшысып, терис бурылысты. «Қайтқан жаўға қатын зор», Нөкербай бар батырлығын көрсетип атыр:

— Жалының, ўәләтизиналар; егер жалынбасаңыз жалтыраған бөкселериңизге қара май менен уят сөз жазаман, жалыны-ың!..

Қошқар бала жалынған жоқ, тоқлыға қусап маңырап жылады, қошқар емес бала мойынын үзип алып болса да қайысына қол жеткериўге жанталасып атты. Усы ўақытта: «Жоқ болың, жүўернемеклер!» деп еки баланы бирден жиберип қалды Нурлепес ҳәм: «Ең болмаса сақалымды сыйлап жалына қойғаныңызда болады-ғо!» деп өкпелеп бақырды қашып баратырғанлардың изинен. Усы ўақытта милиционер келди ҳәм Нурлепеске: «Бизиң менен жүриўиңизге туўры келеди! Мурыныңыз қанапты, қан шығарған жинаятты биз тексермей жибере алмаймыз», деди. Сүйеў излегендей жән-жағына қарады. Нөкербай қашшан қашып кетипти.

— Урғанлар қашып кетти,—деп атыр Әмирхан.— таяқ жегени ушын да адам жуўап бере ме екен?!

— Ояғын өзимиз билемиз, —милиционер айтқанды қылажақ болмады, соның өзи-ақ Әмирханға батты:

— Қоя қойсо-ңо, жора, дүканымның жүкшиси еди!..

— Бириншиден, мен сизиң жораңыз емеспен, лейтенант Шамуратовпан...

— Яқшы-ы, жолдас Шамуратов!..

— Екиншиден, дүканшы болсаңыз дүканыңызға барың. Сизиң тайпаны заң иси аз қызықтыратуғынын билемен...

— Дым қызықтырмайды-ғоо,—деди жинин тырыстырыў ушын. «Бизлерди де алып кете ме?!» гүдикленгенлер де таса-таса менен айдады.—Сонда да лейтенант Шамуратов, маған ҳүжжетиңизди көрсетип қойың!..

— Буныңыз дурыс,—лейтенант қызыл китапшасын шығарып ашты да, Әмирханның көзиниң алдына тутты. —Мине, ҳүжжет, лейтенант Атамурат Шамуратов! Бүгиннен баслап участкалық милицияңызбан!

— Онда...—Әмирхан күлди.—Ертеңнен баслап, басқа жерде ислейсиз!

Жығырданы қайнап кеткен лейтенант оған оқырайып бир қарады да:

— Жүри-иң!—деди ийеги менен Нурлепеске жолды нусқап.—Мен қаяқта ислейтуғынымды сизден сорамайман, дүканшы жолдас!..—деди Әмирханға. Әмирхан тағы бир нәрсе айтажақ болып еди, «әйй, бунын менен ҳәм сөйлесип,..» деген пәм менен қолын бир силкип, дүканына кирип кетти.

Сол кетистен ушинши күни түнде қосына келсе, Нөкербайдың шала мәс ҳалында талқыйын айтып, Нурқа-

сымды алдына отырғызып, жылап отырғанының үстинен шықты.

— Пажалыста!—деди алақанын сырт жаққа жайып. —Айыбымды жуўдым. Өзиң келемен дегенше үш мың гербишиңди қуйып таслады!..

— Ырас па?!

— Ырас!—Нөкербай ушын Жумагүл—Жумаш жуўап берди.—Ертең келгениңде төрт мың болатуғын еди!..

— Сен не, келгениме қыйналып турмысаң?!

— Сени қамады ма, не қылды?!—деп гәпти басқа жаққа бурды Нөкербай.—Я жумыс ислетти ме?!

— Сен оны қайдан билдиң?!—Нурлепес таңланды. Көзи ашықпысаң?!

— Ол сволош адам! Паркте таяқ жеп атырғанымда тутып әкетип, үш қабат жайын өргизди маған! Бирақ, арақ беретуғын еди, саған да берди ме?!

— Берген менен ишкеним жоқ...

— Не қылдырды?!

— Сол үш қабат жайдың ишин сыбатты. Бирақ мен тисимнен шығармаўға ўәде берип, ант ишип едим, антты буздым-аў!

— Оның менен бәле келмейди-и,—қолын былай сермеди Нөкербай.—Мен бул дүньяда бир мың бир жүз он еки ирет ант иштим, оннан бәле келген жоқ маған. Маған бәле,—гегирдегин шертип көрсетти, — мынадан келип жүр. Усыны ишемен де адамларға жабыса беремен, жабыспасам, жаман шайырлығым бар-ғо, бир-еки қатар жаман қосықты дөндирип жиберемен, олар мениң ойнап айтып атырғанымды қайдан билсин, тумсығыма дөндиреди, сөйтип таяқ жеп қала беремен! Улыўма, билип қой, Нурлепес аға, шайыр халқы өмиринше таяқ жеп жасайды... Оларды биреўлер урып жүреди, әйтеўир! Я сыншылар, я күншиллер, я хәмелдарлар... Әне, солардың урғаны жаман, муш хеш гә-әп, урғанның мушы аўырмаса мениң хеш затым кетпейди, урған сайын хасылланаман-ә!..—деп ғарқ-ғарқ күлди. —А-ал, сени не ушын үш күн иркип жүр?..

— Башқурт жоқ ғой, колхоздан қашып келгенмен!..

— Онда еле берин сени жумсайды екен-ғо!

— Хызметтен адам өлмейди. Бирақ сен бунымды Әмирханға айтып қойма, оның менен милиция хорре көзленип дағысып еди. Дүньяда еки пил алысса да аяқ астында қурт-қумырысқа женшилип өледи, уқтың ба!.

— Мен сол Әмирхан дегениңди жаман көремен, сөйлеспеймен.

— Неге?!

— Ол капиталист! Жекке меншиктиң қулы! Қулқынының қулы!..

— Оның айыбы жоқ, тири бенде әйтеўир бир нәрсеге қул болады...

— Сен кимниң қулысаң?!

— Мен, әўелҳа, рәсиўли ҳақтың қулыман. Қалаберди, ҳүкүметтиң қулыман. Құраный шәрипте «патшаның буйрығы алланың буйрығы, патшаның қуллығын қылмаған-ҳәм қуданың қуллығын қылмаған менен барабар» дейди екен. Буны маған Зарымбет молла айтты.

— Зарымбет молла былшылдай береди. Бирақ ҳүкүўметтиң буйрығын орынлаў керек. Себеби, ҳүкүўмет деген бул—Жоқарғы Сове-ет!—Қолын жоқары көтерди. —ЦеҚа-аа!—Қолын және көтерди.—СовМИНннн!!! Әне, солар ойланады мен ушын, мениң ойланыўымның түкке кереги жоқ!..

— Ҳаўўа-дә!—Мақуллады Нурлепес.—«Сөзиңди биреў сөйлесе, тилиң қышып бара ма, исиңди биреў ислесе қолың қышып бара ма!» Баўрәкәллә, Ленин бизге бир әжайып дәўран жасап берген екен-дә!

— Сталин бизди ойланбай жасай беретуғын, қыйналмай ислей беретуғын...—мырс етип күлди.—Заманларға жеткерип еди-дә, өлип кетти!..

— Тағы азмаз өлмей турғанында нан, шырпы дегенлериң тегинге айналып баратыр еди-дә, еле де арзанлай берер ме екен?!

Нөкербай үндеген жоқ, еки бармағының ортасына бас бармағын тығып көрсетти ҳәм усының менен «түсинген шығарсаң» деген мәнини аңлатты.

— Қосберген ағаның айтыўына қарағанда аўылда сексот ба-ар!

— Өйдеген не?!

— Секретный сотрудник деген, —деп сыбырланды Нөкербай, күлди.—«Қорқпасаң сыбырлаймысаң» дей ме қарақалпақта?!

— Ондай гәп бар. Мен бирақ жаңағы «секретный сотрудник» дегениңе тағы түсинбедим...

Нөкербай бурынғыдан да бетер аўызын гөлегейлеп сыбырлады:

— Қулағынды бери тут! «КГБ ның астыртын жансызы» деген сөз! Аўылдағы ҳәр үйди аңлытып қойған қусайды! Тайырбайды аттырып жиберипти, қай жансыз аттырғанын ҳеш ким билмейди!..

— Қудайдың өзи сақлағай!—Жән-жағына ҳүрейленип қарап, көкирегине түпирди.—Сен, иним, келди-келмеди сөйлей бересең, аўызыңа бек бола гөр, мендей бир ақ көкирек маңлайы қара екенсең, бек бол, бек...

—Ояғын енди, көре берермиз, гәп мынадай, аға! Ишкениме қарамай-ақ қойың, мен маңлайы қараның биреў берсе «яқ» дей алмайтуғын усындай жаман әдетим бар. Жаңа кешқурын Жердаш шақырып еди, екеўимиз еки шийшени қотарып тасладық...

— Жердаштың жумысы болды ғой сенлик!..

— Жумысы соннан ибарат, ҳаялы: «институтқа сырттаң киргизип бер», деп жалынады, Жердаштың өзи мыңқ етпейди, саўатсыз ғой, саўатсыз, билимниң қәдирин не билсин ол! Ал, ҳаялы шаққа-ан, узақты гөзлейди. «Яқшы», дедим, не дейин! Институтта жақсы оқыдым, оннан өзиңниң хабарың ба-ар,—деп қойды тап бир Нурлепес пенен бирге оқыйтуғындай. Нурлепес те тап бирге қатнағандай:

— Ҳаўўа, жақсы оқыдың,—деп қояды әбден.

— Соны билсең бопты!—Турпайылығын қараң бул Нөкердиң.—Аз-маз жасың үлкен...

— Көп үлкен десе!..

— Бәри бир, ҳеш гәп, заманымыз бир. Мен әкеме де «сиз» деп сөйлеп көргеним жоқ, воопшем, мениң сөзлик запасымда сыпайы сөзлер көп емес, соның ушын муқым тыңлап отыр. Ҳәзир арақтың күши менен айтпасам, ендиги арақ ишкениме шекем кутиўиңе туўры келеди. Қаяққа келип едим?!..

— Жердаш «инстототқа киргиз» деген...

— Ҳаўўа, киргизиўдиң бир жолы бар. Оның ушын имтиханға шекем оған тәлим беремен, соған келистик. Билип қой, мениң қылығым жаман, шырайым пәс болғаным менен түсиндириўге бенде емеспен, педпрактикадан да бе-ес!—Бес бармағын тәррийтип көрсетти.—Әбдиқадир, Әбдисайыт дегенлер билмесең бес түўе үш қоймайды, үү-үш! Соның ушын, исендирип айтаман, мен оқытсам, маймылды да химик, биолог етип шығарып аламан. Әй, усыны неге саған айтып отырман?!

— Соған ҳәйранман!—Нурлепес те күлди.—Сонда да айта бер.

— Енди, айта беретуғыны жоқ бунын. Бизиң ғаррыгының еки кемпири барын билесең...

— Айта берсе!

— Кишкене ҳаялы да ешкидей жылына еки туўады-ә заңғар! Әжағам кемпирди алып, бөлек шығып кетти, жеңгей жаман. Оның менен отым өре жанбайды, оны билемен. Соның ушын Қақаманға қайтпайтуғын болдым, тап мына мектепте,—бармағын шошайтты,—қалдым. Гәпке ҳәзир түсинесең. Жердаш: «бизиң үйде бола бер, оқыта бер мени, пулыңды беремен» дейди. Мен анаў Әмирхан капиталистин көргим келе бермейди, оның үстине олар, Жердашты айтаман, өз алдына қазан аспайды екен, биреўдиң қуўысында отырып, маған «бола бер» дейди-әй! Мен айттым, «мен мына Нурлепес ағаның қосында боламан, жазы менен жайын салысаман, оннан соң Нурлепес аға мени үйинде болдырады, өз аўқатым, өз төсегим өзимнен» дедим, дурыс айтыппан ба?!

— Ояғын өзиң билесең-дә, иним, мен әйтеўир усы ўақытқа шекем көмеклессин, көмеклеспесин, келгенге «кет!» деп көргеним жоқ...

— Таста бести онда!—Қолын созды.

Қашшан көрпе-төсегин де әкелип алыпты. Қостың сыртына, қумның үстине қаўсырмалы әләўмийн кәтин қурып жатып еди, таң азанда орынынан турған Нурлепес оның трусийщең ылай шығарып атырғанын көрип: «маңлайға сыйсаң болар еди-аў!» деп еди сонда-ақ.

Күндеги әдети бойынша шай-суўын шалақ-шулақ ишип, Нурлепес дүканға келди де Жердашты қайтарды. Өзи дүканның алдын тап асханаға шекем аймандай етип сыпырып таслады.

Саат тоғызға шамаласқанда «дүканшы қызларынан» биринши болып, Айбөрек, соң Әширепи, кейин Гүлара, ең ақырында тери ширкет ғарры байының «Победасына» минип, Оразгүл келди. Бәри де жабырласып үш күнге шекем қайда болғанын сорап атыр. Жағдай өтирик те сөйлетеди екен, бәрине бир жуўап:

— Қотанкөлде жекке баслы бир апам бар еди, жесир. Соның дийханшылығын жөнге салып қайттым!

— Ал, Әмирхан аға ертеңине-ақ сиз бенен ерегискен лейтенантты өзгертип алды. Ол ҳәзир респода участковой, респоники бизге келди!

— Ақымақ жигит екен, еси болса бизиң баслық пенен ерегиссин!..
— Бай-буўў, шийше көбейип қалды, Нурлепес аға!..
— Па-ай, қәдириң өтти-аў бизлерге!..
Әмирхан түске таман келди, буның үш күннен бери қайда жүргенин сораған да жоқ, соған қарап: «усының өзи жиберген жоқпекен!» деп те гүманланды Нурлепес, не де болса сорамағанына қуўанды, себеби, Нурлепес ушын баслығы—ҳүкүўмет, ал ҳүкүўмет деген, бул—қудай. Ол қудайды алдаўдан оғада қорқатуғын еди-дә!

## 7

Нөкербайды бул үйдегилер де «Нөкер» деп шонтыйтты да «байын» жеп қала берди. Буның өзине Нөкердиң өзи де себепши.
— Сени қәйним деймен бе, не деймен?!—деген Үбайдаға джентельменлерше қатнас жасаған болып, қызық ушын-ақ:
— «Граф» деп ғой айта алмайсыз, «сэрди» өзим жаман көремен, мырзашылығым бар болғаны менен дүньям, үйим-күйим жоқ, былайынша айтқанда жалаңаш корольман. Бирақ сиз өйдемей-ақ қойың...
— «Нөкер Ниязович» десем бола ма?! Бизлер врачларға сөйтип «увышын» қосып сөйлеймиз!
— Әне, әне—Нөкер Ниязовичтиң өзи де қуўанып қалды.—Буныңызға турдым! «Нөкер Ниязович!»—Қанша салмақласаң да турады! Мен дүньяда «бай» дегени бар атларды унатпайман, байдың өзин-ғо, сирә-да! Не ушын әкем «байды» қостырды екен, ҳәйранман. Болмаса сол жылы өзи Тарыөзекте комсомоллардың көсеми-ақ болған; соннан кеп «байды» қостырған-аў!..
— Байды не ушын жаман көресиз, Нөкер Ниязович? —Үбайда сын нәзери менен қарады. Ирети келсе Әмирханның: «үйге саяқ-сандырақты жыйнай берме, қайсысы жансыз екенин қайдан билесең?» деп қорқытып кеткенине бола сорамай-соқпай кирип келе беретуғын бул турпайы адамды қашыртпақшы, бездирмекши. Нөкер Ниязович не дер екен?
— Бай дегеннен маған қолтығы сасық, иплас адам елеслей береди.
Үбайда сол шаппатына оң қолының арқасын урып күлди:
— Тап мендей екенсиз, Нөкер Ниязович! Неми «бай»

«бек», «хан» менен питпеген адамның аяғы, қоллары шуўаш сасып жургендей бола береди маған! Сизге де солай ма?!. Қолыңыздан шуўаштың ийисин сезесиз бе?!

Нөкер Ниязович ҳәрре көзленип қарады, соң ызғарлы күлди.

— Мен биологпан, саразбан деген сулыў ҳәрре, бирақ шаққаны яманә ашытады, зәҳәрли!..

— Мен медикпен, зәҳәр менен де емленетуғын аўырыўлар бар, соның ушын-ҳәм зәҳәр алтыннан базда қымбат турады! Усы, сизиң белиңиз аман ба, Нөкер Ниязович?

— Ҳәзирше белге бәле келген жоқ, бәле келсе зәҳәрли жыланның ордасын өзим көрип журмен!—Сөйдеди де сатыр-сутыр шығып кетти.

Ай-күни жақынлаўына байланыслы Үбайда отпускаға шыққан еди. «Бала болмайды» деген тәўиптиң гәпи есеңкиретип таслаған Әмирханның «бурынғы ҳаял тоқпақтай уллы болыпты, ҳәзир зыр жуўырып жур» деген хабар салысын әбден суўға бир жибериўге жиберип еди, бала бола жағына анық көзи жеткели кеўили әласпанда. Қыз туўса «Гезенде» фильминдегиРитаның, ул туўса Әмир Темирдиң атын қоя жақ. Бул күнлери басқа жаққа аўып кетип те журген жоқ, көрингенниң душпанлық етиўинен қорқады, «аяўлы көзге шөп тийер» деп, түсликке де үйине қайтады. Бүгин де түсликке келип, ҳаялы екеўи түсленип отырғанында аяғы ылай-ылай, Нөкер Ниязович кирип келди, сәлем берген жоқ.

— Гербиш қуйып атыр едим, насыбайым түўесилип қалды. Әмирхан ағамнан ғой насыбай тәмем жоқ. Маған Жердаштың шақшасын қақсаң да бир атым насыбай алып шығып бер, Үбайда!

Үбайда турып баратырғанда:

— Отыр,—деп буйырды Әмирхан.—Ийеси жоқ үйге қалай киресең?!

Үбайда отырды. Ерегискен Нөкер Ниязович қапталдағы қапыға өзи кирди де насыбайды шийшеси менен алып, шығып кетти, кеткенде де оңдырып кеткен жоқ, «бери кел, сеники не!» дегенине де қыйсайып қарамастан әжийнесин тырыстырып кетти.

Сол әжийнеси еле жаздырылмай атырғанда Жердаш келип қалды. Хожейининиң кейпи қашып отырғанын дым үндемеўинен, күлмеўинен, гөш қуўырдақтан ашыў

менен тез-тез алыўынан, Үбәйданың жалтақлап отырыўынан билди.

Жердаш енди кешке шекем тәлим алыўы, ол-булына қараўы, қарынын әбден тойдырып, кеште қараўыллыққа барыўы тийис еди. Жеп-жеп, үстине бир-еки рюмка коньяк та жутып жиберип, Әмирхан төрги жайына кирип кетти ҳәм аздан соң: «Жердаш!» лап шақырды.

Бир майдан жатып алыў ушын трусий, майкишең диванға созылған екен, «Отыр!» деди. Отырды. Үйге саяқ-сандырақты жыйнай бермеўди муқыятлап тапсырды. Жердаш Нөкер менен аралығынан гәп өткенин уқты.

— Мен саған ашығын айтайын,—деди сыбырланып.—Саўда хызметкери деген, бул—ури. Урыға ҳеш қашан гүўаның кереги жоқ. Бундай саяқ-сандырақтың не билгени аўызы, булар аўызы ушын жасайды, аўызын майлап жиберсең пәкизе патефондай бир сөйлеп береди. Егер сени диплом сақлайтуғын болса, бир дипломыңның нырқы он мың манат. Оның несине Нөкерди пир тутасаң? Тәңирберген жалаңқаяның дәркәрлығы не?! Гүлимбай Нағыметовичтен аттестатты мың манатқа-ақ әпердим-ғо! «Жақ, жақ, оқымай диплом алмайман, өзим бир нәрсе билгим келеди» десең, оныңа қарсы емеспен, бирақ онда Нөкерден билимди қосына барып ал, хожалықтың қупыясын биле бермесин. Бундайлар бир қупыяңды билсе өмир бойы түйе қылып жетеп, ешек қылып минеди, соны түсиң! Бул бир, екиншиден, сексотты да КГБ усындайлардан тутады, бундайлар бир шийше арақ ушын-ақ өңкилдеп хызмет ете береди. Тайырбайды туттырып жиберген ким, яқшы?..

— Нөкербай ма екен?!

— Оның билмеймен, басқа да билмейди, сен де билмейсең. Ҳүкиўметтиң сиясаты сондай: биреўди биреўге аңлытып қояды! Соның ушын-ҳәм ҳүкүўметке кимниң қандайлығы шийшең үйден көрингендей мәлим. Әне, сол қандайлығыңды қанша аңлытса да ҳүкүўметке билдирмесең, ҳүкүўметтен де мықлы боласаң! Көкирегиңди ҳәммеге қуўыш қыл, онда не барын ҳәтте ҳаялың да билмесин, сонда сен мықлысаң! Түсиндиң бе соған?!

— Түсиндим.

— Түсинсең бара бер, мен жатып ала жақпан.

Турып баратырғанында тағы иркти.

— Және бир нәрсени түсиндирмекти умытыппан,—

деди сыбырланып.—Ҳукуўмет дегенниң билесең бе, не екенин?

— Жа-ақ?

— Бул ең үлкен жекке меншик ийеси! Ең үлкен тонаўшы, заводты, фабриканы, жерди, суўды, таўдытасты, ҳәтте мына жердиң астындағы көмир не болғай, бәрин адамлардан тонап алып қойды! Бай жасаўың ушын не қылыўың керек?!

— Ҳалал ислеўиң керек, истен қашпаўың керек...

— Онда неге ҳәмме байый бермейди?! Тәңирберген неге байымайды, күни-түни айна-қапы соғып атқаны?! Нурлепес, сениң өзиң неге байымайсаң, я ҳалал ислемей жүрмисең?

— Қудай бир қурастырмай атырғандыдағы!..

— Өзиң қурастырмасаң қудай ҳеш қашан да қурастырмайды. Байыўдың ҳәзирги замандағы бирден бир жолы—урыны қарақшы басты қыласаң..

— Уры деген ким?!

— Ақымақ екенсең-ғо! «Ҳукимет» дедим-ғо!

— Ол қалай тоналады,—деп таңланды Жердаш.— Оның қараўылы, милициясы бар?..

— Әй,—қолын үмитсизлик пенен силтеди.—Бара бе-ер, түсинбес екенсең.

Қараўыллықта турып та сол гәптиң маңызын шаға алмады. Аспанда ай да, жулдыз да бар, әтирап жап-жақты-ақ еди, өрелерде шыралар да жанып тур. Тап усындай жақтыда өзи гүзетип отырған дүканға «өзим урлыққа түсемен» деген ой сиро қыялына кирип-шығып па? Посттағы милиционер әкелген бир шийше арақты да ящиктиң үстинде отырып, скеўи ишти. Соң милиционер: «анжақты бир айналмасам, урының бәри сояқта!..» деп, нанбайхана жаққа кетип қалды. Жердаш бул өмирде сиро бир атылған-атылмағаны намәлим, оғы жоқ, затворлы берденкисин қолтықлап, склад таманға айналды. Сол жақларды да бир айналып, парахатшылық болса тамның алдында сәл ўақытқа болса да көз шырымын алмақшы. Мүйештен жаңа айнала бергени, асфальт гүзардан түсип, өзине қарай киятырған автомашинаның қос шырасына көзи түскени де сол, дизелери уйысып, жүреги дүрсилдеп сала берди. Тап күни кеше кеште ғана Нөкер Ниязович пенен өзи барып көрген АҚШ тың киносы, онда тап усындай бөгенекли машинадан ырғып-ырғып түсе сала қараўылды автоматқа тутып, дүкан-

ның айналарын пашырлатып сындырған гангстерлерди көргени бар, я-а пәлек! Сол гангстерлер көзине және көринип атыр! «Жаның барда ала байтал суўға шап!» Шегиншеклеп-шегиншеклеп тура қашпақшы еди, арқасы дийўалға тирелип қалды, «атама-ан!» деп бақырайын десе аўызынан дыбыс шықпайды, қашайын десе артындағы дийўал жапырыла жақ емес, қашпайын десе кел-ә дүге жақтай бунның қорқыныштан ақыйған көзлерин қамастырып, бөгенекли машина сүзип келип қалды. Лийкин, машина буны сүзген жоқ, арада еки атламдай ашықлық қалдырып тоқтатты да, шофер шырасын сөндирди. Кабинадан гангстер емес, көк спорт костюмы бар Әмирхан түсти ҳәм қорққанынан-ақ жаны кете баслап, музлап қалған алақанына бир қысым гилтти услатты да: «Аш!» деп буйырды әсте ғана, нық ғана.

Жердаштың тиси тисине, гилти қулпына тийип дигирлеп атты, қәйткенде де дәрўаза аңқайып ашылды, бөгенекли машина арты менен бәсип, складтың шарбағына киргизилди. Ишки жарма қапыны Әмирханның өзи ашты, сөйтсе Жердаштың гилттиң тесиги тапқандай шамасы жоқлығын абайлады.

Бунның өзи «урлық» дегендей урлыққа да усамайды. Неси урлық?! Ишки складтың шамы қалмай жағылды, шарбақтың ишинде де шам жанып тур. «Келип қалар» деп милиционерден қорқа ма, несине қорқады, посттағы милиционердиң өзи Жердаш пенен шоферға жүк тасысып жүр, «мақаў милиционер екен,—деп ойлайды ишинен Жердаш.—Жаңа «бир машина келеди, қорқпай-ақ қой, ишиндеги өзиңниң шефың» дегениндеғо буғурлым жүрегим жарылмаған болар еди! Нанбайхананың мүйешинен усы машинаның жолына қарап-ақ жүрген екен-дә! Найсап! Буған да бирнеме таматуғын шығар, болмаса бүйте ме?..»

Әмирханның өзи: «мынаны көтериң», мынаны!» деп, топ-топ гежилерди, ғыжымларды түртип көрсетип жүр, урлық болғанда «болың, болың!» деп асықтырмай ма, жақ, бул урлық емес!..

Ырасында да урлық емес қусайды! Себеби, машинаның арты илинип болған соң урлық болғанда ҳәйда-ҳәй шығарылып жиберилмей ме? Жақ, өйтпеди, шофер кабинасынан бир шийше коньяк алып шықты. Оны үш қырлы стаканға қуйған да мүлк ийеси Әмирханның өзи. Шофер: «мениң бес ўақ намазым ду

зиў!» деп ишкен жоқ, үшеўи ишти. Ишки склад қайтадан қулыпланып, мумланды, мөрленди. Соң машина шығарылды. Ол қашып та кеткен жоқ, асфальтқа өрмелейтуғын жерде Әмирханды күтип турды. Поставой да Радж Капур айтатуғын «Аварагу» деген намаға ысқырып, нанбайханаға қарап кетти. «Нурлепестиң сипсесин тап! Склад шарбағының ишин, сыртын сыпырып тасла, ҳәзир таң да атады...» деди Әмирхан, сөйтти де машинаға минип, кетти! Бунық неси урлық, уры сөйтип қостаңлап жүре ме екен?! «Жа-ақ, урлық емес», деди өзине өзи Жердаш. «Песок» деген жазыўы бар үлкен астаўдың артынан Нурлепестиң сипсесин таўып алды, складтың ишин, сыртын минтаздай етип сыпырды. Сипсени орнына қойды, дәрўазаны илди, бунық гилтин Әмирхан басқа гилтлерден айырып таслап кеткен еди. Сөйтип бул да бир наманы ысқырып, дүканының алдына кетти, ендиги жағында үстине төрт бүклеўли гөне көрпеше төселген ящиктиң үстинде-ақ таңды атырмақшы. Иши писип баратырса поставой да келсе келе кетер, бәлким, нанбайхананың тандырынан жаңа шыққан нан әкелер, бәлким, мәйек писиртип әкелер, базда сөйтетуғын да әдети бар оның, буны Жердаш жақсы биледи, бир билмейтуғыны, усы бүгинги урлық па, урлық емес пе бәри бир, оны поставойдан сораўдың кереги жоқ.

Лийкин поставой қайтып бул әтирапқа сол ақшам келген жоқ, таңды атырып, Жердаш үйине келди. Әмирхан уйқылап атырған екен, Айбөрекке: «Жердашта дәрўазаның гилти бар, ала кетерсең», депти, басқа гилтлерди де берип, өзи түстен соң баратуғынын ескертипти, Айбөрек кисисинен дүканның дәрўазасының гилтин сорады. «Айбөректиң хабары бар екен», деп ойлады, Жердаш гилтти берип атырып. «Түндеги ислер әдеттеги бир жумыслар қусайды-аў! «Урлық па, урлық емес пе?! деп ойлап жүрген мен де ақмақпан! «Адамның көкирегиндеги доңыздың түркеси» деген усы-дә!» деди ишинен өзинен өзи ҳәм сүттен пәк, өзине соншелли жақсылық етип жүрген адамынан питегене болса да гүманланғаны, яғный, жаман ойдың басына барғаны ушын-ақ өзинен өзи қатты қысынды. «Буны журт еситпесин!— деди ҳаялының еле суўымаған жып-жыллы төсегине барып жатқан соң да ишинен.—Үсейтип, шубҳаланып қарағанымды Әмирхан ағам еситсе-ғо, бизге ататуғын

таң, жоқ, онда Әмирхан кийген туфлийдиң изи бөксемде размерин бузбастан қалады! Тисиңнен шығарма, Жердаш, тисиңнен шығарма, өзимниң өзиме берген антым усы болсын!..»

Арадан тағы еки күн өтти. Әдеттегише ҳаялын жумысқа жиберип, өзи ҳаялының суўымаған төсегине тағы кирип, қурылдысына әтирапты силкиндирип уйқылап атыр еди. Әмирхан көрпениң сыртынан май бөксесине туфлийли табанын қойып, ийтерип-ийтерип көрди, жақ, оянатуғын түри жоқ, қурылдысы пәсейгени менен жасқадағы балалар мырқымбай еткен ылайдай шайқалып жата береди. Әмирхан өзинен өзи күлди, балалығы тутты ма: «бир қорқытайын!» деген пәм менен дизесин баўырына тартып, май бөксеге теўип жиберди, Жәрдештиң шаққан шапшып турғанлығы соншелли, келә шегирдегине жабысатуғындай бәдайбат пенен қолларын тәррийтип алдындағы Әмирханға тәп бере жағында да уйқысы еле ашылып үлгермеген еди, бул ғайрытәбийий ҳәрекет өзин албыратып таслаған Әмирхан:

— Ҳәй-ҳә!—деп, төрге секирди.—Жинлимисең, ҳәй! Көзиңди а-ааш!..

Көзин ашты ҳәм мүйешке тығылып, дийўалды жығып қаша жақтай арқасы менен армаған ийтерип атырған Әмирханды таный үлгергени де сол қорқыныштан жүреги суўлап:

— Ўай-ўай, кешир аға!—деп бақырды ҳәм аяғына жығылды.—Жаман түс көрип атыр едим, сен екениңди олла, биллә билгеним жоқ! Болмаса саған қол көтерермен бе, ўай-ўай!..

— Әне, маған буның унады! Тур орныңнан, айыпты ислеп болып мойынлаўдан үлкен мәртлик жоқ! Мә, жайыңды питкерип ал!..

— Бул не аға?!—деди қолындағы газетаға оралған затқа бомба услап турғандай қорқыныш пенен көзлерин дөңгелете қарап.

Әмирхан үндеген жоқ, жуўап та бермеди, Жердаштың көрпеси серпилген, салыўлы төсегиниң үстинен патас аяғы менен басып, шығып кетти. «Ашып көрсин, оннан соң басына тепсем де «ўәў» демейди бул ийт!» деди ишинен күлип.

Қолына услаўдан-ақ Жердаштың жүреги улы дүрсилди болған ғой, әдеп көзи менен шығып барғыр-

ған Әмирханды узатып қалды. Әмирхан қапыны жапқан соң оны узатқан көздиң қарашығы қолдағы орамға ауып дирилдеди. Қоллары қалтырады, ашайын десе ишинен ғаўўў!» етип, дүттей бир ҳәрре топары шыға жабыла жақтай! Ашып жибергени, саўсақларының гутыўға димары қалмай орамдағы ақша пашка-пашкасы менен сықпанап, қалтыраған қолларынан торс-торс аяғының астына түсип атты. Түси ме, оңы ма, цирк көрип атыр ма? я ырасы менен-ақ шынайы ақшаға ақшыйып қарап тур ма,—өзиндеги ҳалатты түсинемен дегеншеги бир-еки қас қағымда қаншелли ойлар миййинен зуў-зуў етип өтә шықпады!! «Көзимди тарса жумайын!—Тарса жумды.—Көзимди ашқан мәўритте де бул төрт пачка отызлық түскен жеринен ғайып болмаса онда циркте емеспен, көзим-ҳәм байланған емес.. онда... оңым болғаны!..» Лийкин, ол көзин бирден «лып» еттирип ашыўдан қорқты, көзин жумып турып-ақ пулға жутанған кеўилин питегене тоғайтып алмақшы... Бирақ... тақат жетпей атыр. Дәўлет қусы кирпиктиң үстинде қонып турған сыяқлы, кирпик тегераң қыбыр етсе ушып кете жақ ол!.. Соның ушын үркитпей ашыў керек! Кирпиклери миллиметрлеп көтериле баслады, әне, қызыл отызлықлар сийледен көрингендей көриниўге қарады. Ашып жиберди! Жүреги жарылған жоқ. Отызлықлар еле орнында жатыр!

Ол жылдам ала қашыўға асыққандай жаңағы қолынан түскен «Қызыл Қарақалпақстанға» урмандапурман орады, газетаның бийтәртип, қопыраған орамын көкирегине қос қоллап басыўы менен қапыға жуўырды. Қапыны аяғы менен тепкенде де ашылады ғой, лийкин сол ядына түспеди ме, еңбеги менен дүкип жиберди.

Трусишең Жердаш апыл-тапыл кирип келгенинде майкишеңлениў ушын төрги жайда Әмирхан жипек көйлегиниң алтын запонкаларын жаздырып атыр еди. Кел-ә аяғына жығылды, сондада пулды қолынан түсирмеди, көзлеринен жасы саў-саў төгилип:

— Мынаў не, мени масқаралағаның ба, аға?—деген сайын аўызы кемсеңлеп баратыр.—Бул мениң мынаў сорлы маңлайыма сыятуғын дүнья ма!..

— Тур, тур, нәмәрт болма! Бар, шай қайнат!..

— Өле өлгенимше қулыңман, өле өлгенимше жақсылығыңды...

— *Оя*ғ*ын билемен. Бира*қ *сен буны* ҳ*еш кимге айтпай-а*ққ*ой...*

— Биллә, айтпайман! Илләйым,.. кишем ул туўғай!

— Әўмийин! Қелин-ҳәм ул туўғай!.. Шай ишиў керек...

Үбайда өткен ақшам туўыў үйине кеткен. Буны Айбөректен еситсе де: «хабар алмадың ба, аға нели болыпсаң?» деп сораў Жердаштың ядына келген емес, жигиттиң қай дәрежеде пәмлилигинен хабардар Әмирхан да ол сораўды буннан күткен жоқ.

Жердаш дәлбиреңлеп шығып кетти. Аяғына тийер емес, отызлықларды Әмирхан басып кеткен көрпешелериниң астына тығып, таслады да, жуўырып-жортып жүрип шай қайнатты. Кесаларды минтаздай етип, сыйырып-сыпырды. Дәстүрханларды жайды, колбасаларды туўрады, шоколад, шақмақлы набатларды шығарды, сирә Айбөрек я Үбайда бүйтип уқшатпас.

— Ояққа барған соң Үбайданың толғағы тарқап кетипти,—дейди шай үстинде Әмирхан. Жердаш ҳайран қалды:

— Толғақ-ҳәм тарқай ма екен! Онда енди... туўмай ма?!.. Аўызыма қум! Кешигиңкиреп туўатуғын шығар-аў?..

Әмирхан үндеген жоқ, гәпиниң жақпағанын Жердаш соннан билди. Кешке шекем қасы-қабағын бағып жалбырақлады, лийкин, Әмирханның күлгенин көре алмады. «Енди қайтып ойланбай сөйлесем, аўызыма қум!..»

8

«Әлемнен бийнышан әл көтермесем болар еди-аў!» деп қорқып жүрген Әмирхан Темирханның тойын тарқатқан соң «ҳаялға қарассын» деди ме, көп узамай: «сениң де аяғың аўырлапты ғой, ендиги жағында үйде болмасаң дүканда туўып қойып, қарыйдарларға тамаша берерсең!» деп, Әмирхан Айбөрекке де арзасын зорлап жаздырып, отпуска берип жиберди.

Саўда деген ағып турған суў, ҳәр кимнен бир тыйынлап қалғанның өзинде нан пулы таўып, үйди асыраўға болатуғын еди. Оның үстине прилавканың астынан кететуғын затлардың үстинен түсирим тағы бар. Үй-жайы суўға кеткен, оның үстине бурыннан да ... хожалық, Жердаштың сыйқы болса мынаў, ... да Айбөрек дүканда қозылаўына қайыл еди-ғо, отпу

қаға қайыл емес еди, деген менен, «зордың үйи күйсин, қатынына малай керек!», ишинен тоңқылданып шықты отпускасына.

Ишип-жегендей затқа бул үйде тарықпайды, гөш керек пе, май керек пе, арақ-парақ, бәри де Әмирханның есабынан келип тур. Қабақ шатып атырған да адам жоқ, Әмирханлардың усындайда кеңпейиллиги, қол ашықлығы жақсы. «Мынадай-мынадай зат әкел» деп, Жердашқа берген пулларын да есаплай бермейди, соңысынан пайдаланып, Жердаш та ноский-поский алып кийе береди, ҳәтте базда аўысығына Нөкер Ниязович пенен вино-сино да ишип жибереди. Бундайға, пул, әлбетте, жетип атыр. Бирақ, мына жайы қала жақ-дә! Жайы қалып қойса қысы менен өзиндей ҳаялдың қуўысында жасап, малайы болып жүре бере ме?! Бул ҳаял дүканында ислеп турғанында жай қалмайтуғын еди, шатақ жери сол-дә!..

— Жердаш орнында ислеп турсын ба?!—деп еди, Айбөректиң жан-иймəны қалмады. Бул Айбөрек деген байының судланып кетиўинен оғада қорқатуғын ҳәм «еркек дүканшы судланбай турмайды» деген пикир қайтып шықпастай болып мийин жайлап алған ҳаял еди. Соның ушын аштан өлгенине қайыл, байының дүканшы болғанына, онда да үйге түскенине қайыл емес.

Сонда не қылады, жай қала ма! Мынаў өзинен төмен Нурлепес деген өткен базар күни еки машина тас гербишти Нөкербай екеўи өрди де: «усы тырнақ болады!» деп, жайын баслап жиберди. «Оң болсынға» сонда Әмирхан да барды, Жердаш та көрди.

— Мынаўың болмайды,—деди Әмирхан өрилген төрт қатар тас гербишти аяғы менен тепкилеп турып.— Ҳәзирги заводтың гербишлериниң ылайы қам, оның үстине қумбызға писиргендей болмайды. Өзинен өзи турып-ақ упырап кетеди. Астына тас қалап, суймент пенен қуйып, еле де тырнағын беккемле,—десе де Нурлепес қылған жоқ:

— «Социализмниң» жайларының бириндеде тырнақ көрген емеспен. Тәжимураттың жайы да усындай! Турғанынша турар, турмаған ўақытта қулар, мениң өмириме жетеди әйтеўир! Балалар өзлери бахытынан көрер, —деп, өршеленип өрип еди, бир ҳәптениң ишинде Сийсен деген жорасын ертип келип, Нөкер екеўи-ақ төрт қабат жайды демниң арасында шарқаўыққа шамалас-

тырды, енди бир «ҳоп» десе питейин деп тур! «Булардың жайын айтса!»—Айбөрекке усы уўайым еди, кеше изли-изинен бирден төрт самосвал өгиздей өкирисип келип Таслақтағы тас кәнинен тас әкелип төгип кетти.

Күйеўи буның менен ойласпай ис ислемейтуғын еди, Айбөрек ҳайран қалды. Бул сөйтип таңланып отырғанында күнди батыра берип, өгиздей төрт машина тағы өкирип келди де тағы тасларын шөңкерип кетти. «Ҳаў, бул байлық қайдан шықты?!»—Ҳаял пошалай баслады, сорайын десе Жердаш үйде жоқ еди.

«Жердаштың, әне, бунысы жарайды!—деди Әмирхан таў-таў үйиўли тасларды азанда көрип Айбөрекке. —Қум деген, әне, тур! Енди бир машина сүймент болса, ўәскишшим, ўәссалам!..»

Әмирхан жумсап жиберген жағынан қараўыллығына барып, оннан азанда келген Жердашты Айбөрек саўалға тутты:

— Бунша байлықты қаяқтан таўып жүрсең?!

— Заем утты, ҳаял, заемм!!!

— Неше манат!!

— Көп! Он еки мың!!!

— Қашан утты?!

— Бир ҳәптеликте!

— Маған неге айтпадың?!

— «Жүреги жарыла ма» деп қорқтым-дәә!..

— Өтирик! Өтирик! Сениң жүрегиң жарылмағанда күнде қолынан пул өтип турған мениң жүрегим жарыла ма?!..

Оннан соң да Айбөрек талай тәсил салып сорап көрди, жақ, бул байлықтың қайдан шыққанын Жердаш тис жарып айтқан емес. Оның жүз сом тапса да иши дүбирлеп сыйдыра алмайтуғынын, ҳаплығып келип өзине айтатуғынын билгенликтен «заем утысына» ҳаялы түк исенген жоқ. Заем утқанда сол пурсатта-ақ айтпай шыдай алмайтуғын еди бул Жердаш, «шыдады, демек, бир гәп бар!..» Сөйтип қыйналар қабағы тартып жүрген күнлери өзи де туўыў үйине түсип қалды. Баласына Жердаш: «Бердаш» деген ат жаздырып; гүўалығын туўыў үйине ҳаялының изинен апарғанда Айбөреги оқып көрип: «Ақымағым-аў, «Бердаш» деген де ат бола ма, ең болмаса Гүлжанның кисисиниң атындай етип, «Ердаш» дей қойса болмай ма!.. Өзиниң атының ерелиги азбеди, өзи менен турмай мынаў баласының атын

ҳәм ийт масқара қылды-аў!..» деп, бир қыйналды дейсең, бир қыйналды, «Руслан—Пуруслан, Рустем—Прустем, Әниўар-Сарўар қояман деп жүрген ҳаялға бул не пәнт! Не де болса жаны саў болсын болар ис болды, хат пенен қағазға жазылған ҳүжжетти балта менен қыршып таслай алмайсаң!..

Усындай үлкен өкинишлер менен питегене бөпесин даядырыңқырап, Айбөрек шыпшаң еки ҳәпте дегенде үйине келсе бунын да бес қабат өжиреси шарқыраўыққа келип қалыпты. Сийсен менен Нөкер, қасына Тәңирберген устаны қосып алыпты, шырпылдасып өрип атыр! Тырнақ дегени белбуўарлықтан, бул да аздай оның үстине де бес қатар ғыш гербиш өргизипти!

Мультфильмлердеги ертеклердегидей жайының усыншелли тез питиўге қарағанына сонша ўақыттан бери жайдың уўайымы басып жүрген Айбөрек әдебинде қуўанды. Соң-соң ойланып қараса, жақ! «Усыны ҳаялшелли де ойламағаны ма-әй! Усында ҳаялдың да ақылы жоқ па?!»

Ҳаяллық парызын өтеген болып, Жердашқа көзабаға бағынып жүрген Айбөректиң ашыўы келгенлиги соншелли, жасалма бағынышлылығын да умытып:

— Ҳәйй!—деп бақырды сыртта гүйбенип жүрген күйеўине ҳәм ишке киргизип, қулағын таўлай жақтай бармағы менен қапыны нусқады. —Ишке кир!

— Сениң бир ис арттыра жағынды билип жүр едим, ақыры ис арттырып тындың!—деди ишкери киргизип алған соң.—Сен мына жайың менен мениң басымды жутасаң! Айлығым қанша, мениң айлығым қанша! Маңлайыңа аша туяқ питпегенин букарадағылардың бәри биледи! Саўлатлы сарай салайын десе Әмирхан билмей жүр ме, я онда пул жоқ па?! Керек десең үш этажлы жай салып береди Әмирхан! Я сен ақымақ, я ол ақмақ!..

— Мен ақымақ екенмен! Онда не қыламыз?! «Аржағына шама келмеди» деп, тоқтатып таслаймыз ба?!

— Сонда быйыл кирмеймиз бе?!

— Сөйтемиз-дә онда.

— Өлимм!.. Кешиперсең, бегим! Шыдамағанлықтан аўызымнан шығып...

— Жә-ә.. ол көриме келип турған жоқ...

— Мен енди жас перестем менен Үбайданың құлығына жарамайман гой! Бурынғыдай емеспиз, еки

үйде емшекли еки балам бар, еки бала еки хожалықтың шаўқымын береди, еле көрерсең, қозылары маңырасқан қой қорада отырғандай бола берсин, Әмирханның өзиақ қуўып шығарады, булар бийперзент жасап, шаўқымға үйренбеген адамлар...

— Онда не қыламыз?!

— Ислет басыңды!!

— Бастың ислеп болғаны усы!—Жердаш шығып кетти....

Бурын қатар минген сайын қуўанатуғын еди, сол күннен баслап өрилген қатар Жердаштың арқасына өрилип атырғандай, питкен сайын апат жақынлап киятырғандай қорқады, қыйналады. Жайдың өриўин мыңына жүз манаттан кесип алған, басламастан алдын-ақ гүллан гербиш ушын шырўанын шыртып герданға урған Тәңирберген атлы уста, Нөкер Ниязович, Сийсен Бийсеновичлер оның қорққанын не қылсын, қыйналғанын не қылсын, талапкерге кесип алған талабының тез питип, басқа талапқа айналысқаны, тағы пул тапқаны абзал! Соның ушын да булар ентелесип басты гербишти, асығып басты. Айбөрек келген соң ояқ-буяғы бир хәптеге апармай бес қабат өжиресин ағаш жая беретуғын етти де, Жердашты ертип әкелип:

— Әне хожейин!—деди! — Кемис-кутығы болса айт!..

Лийкин, булардың үшеўи де жоқары мағлыўматлы, хәр истиң көзин билетуғын, қолынан хәмме нәрсе келе беретуғын жигерли жигитлер еди, кемис-кутық қалдыра қоя ма! Нөкер Ниязович:

— Ананқара!—деди өз исине кеўили толған кейип пенен.—Әмирханның жайы сениң жайыңның қасында кладовка деймиз ғой, отынхана десек те болады, соған усап қалды, пай-пай-пай Әмирханның тас төбесинен қарап отырып, бир хаққынан шығатуғын болдың-дә!..

Усы гәпин кештеги «жай жуўыспада да» қақылдай берди Нөкербай. «Әмирхан еситип қоя ма!» деп Айбөрек оннан сайын қуўысланады.

— Ендиги жағында Әмирхан қызғанып жасайды! дейди Нөкербай. Айбөрек ақыры шыдамай:

— Қысып отырсаң-ә Нөкербай!—деп бақырып жиберди.—Енди көрингенниң ғыжағынан басымыз бөлеге қалар!..

— Уқтым, Айбөрек!—Нөкербай оң қолын көкире-

гине басты. —Оярын сирә ойламаңпан! Ҳәзир биреўдиң байығанын биреў көре алмайтуғын заман!..

— Әне, жаңа есиңе ендиң!—Тәңирберген мақуллады. Оны Сийсен хошлады:

— Бунық геллеси гей ўақта сөйтип ислеп кетеди!..

— Гей ўақтаң не сениң, ҳе-ейй!—Нөкербай бара бас сала жақ еди, бир жағынан Жердаш, бир жағынан Тәңирберген асылып турғызбай таслады. Соннан усылар усламағанында бул шала пиянлардың аяқларының астындағы шәйнек-кесалар шылпәрше болып, наплар ийжанға айналатуғын еди, абырай, шаўқым төбелеске бармай басылды. Әмирхан сурланып кирип келди де, пәтикке бармағын шошайтты:

— Пәтикке қараң: кимниң шаңырағы бул! Шаўқым шығарсаңыз, аяйтуғын мен жоқ, милиция шақыраман да, домзаққа айдатып жиберемен!

Ол домзақты айтса жеткен жерде милициядан таяқ жеп жүрген еки арақхор—Нөкербай менен Сийсенниң жаны қалмайтуғынын жақсы билетуғын еди-дә!

«Енди қайтып бул пияншиклерди жумсамай-ақ қояйын, үйге де дарытпайын,» деп еди сонда-ақ Айбөрек. Бирақ, олай ислеў қолынан келмей қалды. Жердаштың берген «базарлығын» апарып берип, тамыр-таныс таўып, институтқа сырттан киргизген де усы еки пияншик.

Қоңыр гүзде жайлардың үстин бастырып, печьлерин қурған да, ишки сыбаўларын сыбаған да, ҳәклеген де, қулласы, жайына киргизген де усы еки пияншик. Екеўи де мына мектепте ислейди. Сабақтан соң пул берсең, арақ берсең шыра жағып-ақ ислей береди. Пулды да, арақты да Жердаштың өзи-ақ жеткерип тур, «Сен бир бәлеге жолығасаң, сең болмаса гәрежетти қайдан тапқаныңды айт,» деп жалынса да сылтаў таўып, тайдырып кете береди, ҳаялына жөнин айтпайды. Айбөректиң болса жүреги муздай суў! «Өзинен-ақ билип алармап» десе Әмирхан да Айбөрек балалы болғалы оның төсегине бас суққанды қойды. Бурын дым ҳеш нәрсе болмағандай ҳүрметли қайнаға болды да қалды. Айбөректи көрип, әри түсленип кетейин деп Гүлара:

— Бул киси ҳәзир ҳәммени де қойды,—деди күлкиси келмесе де жортаға күлип. —Билесең ғой, сениң орныңа Сәнегүл деген сулыў қызды алып еди, ҳәзир

Әширепиге де ийт тышып қалды! Оразгүлди болса истен айдап, исин прокурорға өткерди!..

— О неғыпп?!

— Кемис келген. Ҳәзир бул киси ҳеш кимди аямайды. Ҳәзир соның орнына адам излеп жүр, оннан соң Сәнегүлгеде шыбын үймелейди, ўаҳаҳа...

«Бәҳәрге таман жумысқа шығарман» деп жүргенинде Оразгүлдиң жыл алып кеткенин, оның орнына Назыгүл деген нашардың алынғанын айтып келди Жердаш. Бәринен бетер Айбөрекке Оразгүлдиң қамалғаны қорқынышлы көринди де, дүканға барыў нийетинен бас пүткил қайтты.

— Мен билемен, Оразгүлдиң жеген бир тийини де жоқ!—деп зинҳарлады күйеўине. —Бул жаўыз адам, енди буннан абайлы бол! Абзалы, усы жумысты қой сен, жумысты өзим таўып беремен!..

## 9

Лийкин, байына басқа жумыс таўып бермек түўе бала бағыўдан, үйдиң ғалма-ғалынан-ақ Айбөрек сыртқа шыға алмай қалды. Бирақ сонда да тарығып атырған жоқ, бир Жердаштың табысының өзи-ақ бул үйге жетип атыр. Жердаш тасқынлатып пул әкелмегени менен үйдиң керек-жарағына жеткерип тур. Солай да соңғы айлары биреў гәп берди ме, я өзиниң ер адам екенлигин жаңа сезине баслады ма, бурынғыдай бурыш-пияз, нан-пан, қант-чай қусаған дүкан саўдасына, базар саўдасына өзин ура бермейтуғын болып қалды. Бул нәрсе Айбөректи ай өткен сайын хожалықтың гөргүмрашылығына мықлап байлай берди. Бурын салланып кийинип үйренген жас келиншек бара-бара кийиминиң тозып-баратырғанын, үсти-басына, өзине жөнлеп қарамағанлықтан ҳәтте өзиниң де санлы балақ «үй ҳәйўанына» айналып баратырғанын сезине баслады ҳәм Әмирханның алдына, онда да үйине емес, кеңсесине арнап барып, өзиниң орнына алыўды талап етти. Бул күнлери баласы бирден асып, зыр жуўырып кетип еди, бирақ «бала бақша» деген бул «Ақтубаның» балалары ушын да үрдис емес, ҳаяллары да «бақша» дегенди ойламайды.

— Ҳе-е, баланды не қыласаң?!—деп таңланды Әмирхан.

— Нурлепес ағаның ҳаялы Жумаш женгей бағып беретуғын болды, күниге бес манаттан...

— Яқшы,—деди Әмирхан.—Онда Сәнегүлди басқа бир дүканға орналастырып алайын. Ол да өзиңдей нашар, әширепилеп әкелдик, енди қуўып жибергенимиз уят болар. Хабары өзимнен болады, арада дийўал жоқ ғой, үйге жолыға берсең де болады-ғо!

Соннан бери күн сайын Жердаштан: «Сәнегүл кеткен жоқ па!» деп сорайды. Жақ, кетпеген болып шыға берди.

Анаў-мынаў хызметине келгенинде: «Айтармекен?» деген үмит пенен Әмирханға қарайды, жақ, ол да дым түсинбегендей. Айбөрек мың айтсаң да ҳаслы хийўалының қызы, әкеси Хийўадан көшип келгенинде бес-алты жасында еди. Соның ушын да бул аўылдағы басқа ҳаялларға қарағанда сыпайырақ, бирақ шайтанлаў. Болмаса Нөкис я Шымбай қызы болғанында қашшанақ Әмирханның жуп жағасынан тутып: «алып бер орнымды, болмаса барлық айыбыңды билемен», дейтуғын ўақты болды. Бирақ бул еле Әмирханның алдынан «өзи билер» менен шығып жүр еди, сөйтип жүргенинде бирден: «Дүканға от тийди!» деген хабарды еситип, қуйқасы жуўў ете қойды.

Суўық хабар буған түстиң алдында жетти. Әйтеўир де таң атыўдан азан менен үйге келип, азанғы шайды бирге ишетуғын Жердаш үрдисли әдетин бузып, сол күни ўақтында келмеди-аў! Айбөрек буны «Әмирхан бир жаққа жумсап жиберген шығар»ға жорыды. Ўақыт өте берди, сонда да Жердаш келе қоймады, әдебинде «бирге ишемиз» деп, қара шайын да демлемей отырды. Соң баласы Бердаш пенен әжик-гүжик болып отырып, ишти. Шөйнек кесаларын жыйнады, бунда да Жердаш жоқ. Нурлепестиң үйи ешки саўады, ешкиси де көп. «Сүти татымлы» деп, Айбөрек сүтти Жумагүл Жумаштан алады, болмаса жән-жақтағы қоңсы-қобаларында сыйыр баршылық, мәселемкиден Қосберген дарғаның үйи төрт сыйыр саўады, киши ҳаялы азан менен қаланың орысларының есигин қағып, келеси айлығына сүт қуйып шығады, үлкен ҳаялы күни менен аўзына шыбын үймелеп, базар жайда қатығын, сары майын сата алмай, ақыры қатығын я мутқа берип, я тоңқылданып, ғуби писип, сүзбе қалтасына қу-

йып атады, бирақ писип алған сары майын мутқа бермейди, дүканда килосы он жети манаттан сары май турған соң қолдан пискен майды ийт алсын ба, сонда да ҳаяллар күйдирип алып, шийшелеп жыйып жүреди, қулласы, ағарған ийт ырқын! Сорасаң төрт-бес кеса сүтти мутқа-ақ ала қоясаң, айраның сирә мут. Сол мут сүттен де алмай Айбөректиң Жумаштың ешкисиниң сүтине ҳәўесин қайтерсең! «Ана сүтине жақын болады» деп, Үбайда да Қосбергенниң қатынларының әжийнесин тырыстырып, ешкиниң сүтин алады. Дурысырағы, Әмирхандикине сол үйдиң шорысы ғой, Жумаштың өзи әкелип беретуғын еди, неғып дегбиринен састы, сол күни Үбайданың өзи барыпты.

Есиктиң аўзында қолындағы банкасы менен шығып киятырғанын көрген Айбөрек таңланып та үлгерген жоқ:

— Дүканға от тийипти!—деди Үбайданың түри бузылып. Айбөрек қолынан түсип кеткен банкасын алып атырып сорады:

— Қашан?! Адам аман ба?!

— Таңның алдында тийсе керек. Бизикине күн шыға хабар жетти...

— Адам аман ба?!

— Адамың аман. Аман болғаны ғой, сениң кисиң телефон урды! Қалай болса солай албырап тур, қайнағанды телефонға шақырып берген өзим!..

— Онда күн шыға от тийген шығар?!

— Жа-ақ, өширип болып звонласа керек!

— Өртти билиўден неге телефон ура қоймады екен?!

— Мен-ҳәм соған ҳайранман! — Үбайда даўысына гүман түсин бергенин сезген мәўритинде жуўып-шайды:—Өйппей, Айбөрек-ай, түсиң өңип кетти ғоо! «Өзи өртеди» деп атырғаным жо-оқ, есин жойтып, албырап қалғанындағы! Ким болғанда да албырайды-аў, «от бәлесинен сақла!» деген. Бар, сүтиңди ал, ҳеш гәп болмас, шайды енди ишпекшимисең?!

— Иштим ғой, балама алып қоя жақ едим. Енди Жердашты ҳәлеклеп жүрмей ме?!

— Қапылтпаш!!—Үбайда кетти. Ишинен түрли бәлениң бәрин Жердаштан көрип баратыр. Буған да байың уўайым. Тағы өзин өзи: үйдеги адам дүздеги дүканға от тийгенин қайдан билсин! Басында қараўылы бар, сол жуўап береди-дә!..»

«Әййй, жүрегим бир нәрсени сезип жүр еди-аў! — Айбөректиң өкиниши ишине сыя жақ емес.—Усы адамнан басымды сақытла, бәлеге жолығарсаң дегеним қашшан! Қылмады, жаман! Енди домзақта шелек-жиберип жата бер! Сен Оразгүлден жақынбысаң буған?!

Баласын Жумаштың қолына әкелип тапсырды да, етек-жеңин жылпылдатып, дуканға жуўырды.

Дуканның қашшан жанары жанып, өшери өшип болған. Өрт өшириўши машинаның нешеўи келгенлиги намәлим, әтирaптың бәри тап бир, шелеклеп жаңбыр қуйғандай, батпақ. Айналар үңирейген, шөлмеклери сындырылған, пәнжелери қыйсайтылған, жулынған. Кеше ғана даңғырлап турған минтаздай ақ жай дүт басқан шыраның моржасына усап қалыпты. Ағашлары жанып, пәтиклер ортаға түскен. Тақталары жанып кеткен тигиў машиналарының скелетлери сыртта қалай болса солай бийтәртип жатыр, жайрап атырған гөш машын, хожалық затлары жағының бүлинген, сынған, күл, ылай жуққан, күйеленген затлары. Гилең жартысы жанған, орамы жаздырылған, күл, ылайдан түритүсин айырып болмаслық дәрежеде заяланған топ-топ гезлемелер, қулағы жанған малақайлар, ултаны тырысқан аяқ кийимлер.

Нурлепес, қалай болса солай руўхый жақтан қыйраған, бети-аўзы күйе-күйе, кир-ғожалақ, үсти басы бурыннан да ғарқ емес адам, әбден тандыр шапанлы ҳаялға усап қалыпты. Журт тек Әмирханға емес, буған да кеўил айтып атыр. Әмирхан болдырған, шаршаған түс билдирип, асхананың сыртындағы гүрсиде отыр, сырттан қарағанға әскерий қыйратылған Напольеонға да усап кетеди. Оның алдында ҳеш нәрсе жабылмаған, сән-салтанаттан жүрдай болған жазыў столы, оның да бир мүйеши күйик. Жеңилген көсеминиң әтирапына жыйналып, «ендиги күнимиз қалай кешер екен?» деп уўайым шегискен, көсеминиң қайғысын бөлискен генераллардай дуканшылар— Нәзигүл, Айбөректиң орнындағы Сәнегүл, таранған тоты қустай Әширепи, мудамы адамларға көзин сүзип қарайтуғын Гүлара. Булардың үсти-баслары тап-таза, бетлериниң, ләплериниң бояўлары да шайылмаған, өрт кеткенинен бийхабар, дуканларын ашыўға салланысып келген

гой түўе! Булар да Әмирханның әтирапында, Әмирхан гүрсинсе булар да, әлбетте, гүрсинеди-дә!

— Мениң сумкам қалып қойыпты кеше. Ишинде ғын жүзигим бар еди, табылармекен?—деп сыбырлаи Әширепи Гүлараға, Гүлара мырс етип күлди, соның менен-ақ: «усынша самтықтың арасынан сениң жүзиң табыла ма?!» дегенди аңлатып таслады. Соны ғлап, сорағанына пушайман жеген Әширепи тумсын ғәзеп пенен былай қарап таўлап таслап тур.

Журт тек өрт өширисиўге, тамашаға келе бермеген сыяқлы, булардың ишинен уры көзленип, көзлери күлдиң арасын тинтинетуғынлары да бар қусаған. Болмаса сонша милиционер неге қарабахананың әтирапын киш-кишлеп қорып, адам жолатпай жүр. Айбөректи де жолатпап еди, Әмирханның ымынан соң ғана жиберди.

Айбөрек әдебинде сәлемлесиўди де умытып, әтираптағы кисисин алақлап излей берди. Соң Әмирханға, басқа дүканшыларға кеўил айтты, оннан кейин ғана көзлери менен үнсиз күйеўин Әмирханнан сорады. Әмирхан оған түсинди. Жубатыўға да талапланбады:

— Тергеўге әкетти,—деди ашыў менен.—Ақмақ болмасаң, уйықлап жата бергенше, дүканыңа қара! Маған шаңқай түсте хабарлап тур, тап бир, шүйинши сорағандай, ақымақ!—Әмирхан жерге былш еттирип түпирип, орнынан турып кетти. «Сөйтсе болады-ғо!» деген мақуллаўды Айбөрек басқадан емес, тап өз бақталасы Сапаргүлдиң көзинен оқығанына күйинди. Соның арасынша биреў анаў көпшиликтен:

— Дүканды Әмирханның өзи өртеткен!—деп бақырып жиберди. Журтқа «жоқ» деп қақсап жүрген велосипедлерине қараң, ҳаққыңнан!! Тигиў машинасына қараң, ҳаққыңнан!..

— Қойсаң-ә, Турдыбай шайыр!—деп бақырды оған Нурлепес барлық ғәзебин көзине жумсап.—Абайлап сөйлесең, журт «ырас» деп жүрер!..

— Ырас емей өтирик пе?! Дүканды әдеп жеген!..

Әмирхан шыдамай адымын шаққан-шаққан басып барды да, көпшиликтиң арасынан жаңағы Турдыбай ди, бети-аўзы шүйел-шүйел жигитти аламан менен шыған дүканның арасындағы алаңға сүйреп шықты. басып, таза кийинетуғын жигитлердиң бәри қара ике ҳәлсиз туйыла беретуғын Нурлепес Әмирханнан

бундай қарыўлылықты күтпеп еди. Әмирхан сүйреп шыққаны менен де турмай Турдыбайдың еңсесинен нуқып-нуқып жиберди. Ол да бир ләтте пәм, арсыз адам ба:

— Қойса, аға, ойнап айтып атырман-аў! деп, кеңкилдеп күле берди, Әмирхан сөксе де, урса да күледи. Бунын ашыўланбағанына ашыўланған Нөкер Ниязович:

— Арсыз екенсең, Турдыбай!—деп бақырды.— Дурыс баслап един, жаман аяқладың! «Совет муғаллими» деген атқа дақ түсирдиң, ийт!..

— Пахмелинди қы-ыл, пияншик!..

— Айтатуғынына қара, мына Әмирханның!—Нөкер Ниязович жулқынып шығып бармағын шошаңлатып сөйлеўи менен келе берди.—Мениң пияншиклигим ҳүкуўметке сен қурлым зыян тийгизип жүрген жоқ, уры! Урлап-урлап болып, өзиң от бергенсең дүканға! Ҳәзир сениң аўызынды желкеңнен шығараман, әкеңниң!..

Әмирханның этирапында гүбелектей айналшықлап жүрген Нурлепес қарсы киятырған Нөкербайды қапсыра құшақлап қалды. Бул сақал қойған, бир қолы шолақ адамның темир искенжедей қысқан сайын өзин өреге байланған жинлиге меңзетип ары келген Нөкербай сөгейин десе өзи усы Нурлепестиң үйинде болып атыр, сөкпейин десе бул адам қушағынан жаздыра жақ емес, «қушағында-ақ тура берейин» десе, анаў жақта ҳаял-бала-шаға қарап тур, олар да қуры қарап турған жоқ шығар, «мынаў пияншикте динке жоқ екен-аў, бара бас салатуғындай бууырқанып шығып еди, енди турғанын қара!» деп, күлип турған шығар! Жулқынып-жулқынып шыға алмағаннан соң:

— Биллә, урмайман Нуреке, жибере бер!—деп жалынды сыбырланып.

Нурлепес оның усы гәпине исенип жибере жақ еди, еки милиционер келип, Нөкербайды жаздырып алды да, қолын артына қайырып, асханаға түйгишлеп алып кирди, оның изинен жаңағы «Турдыбай шайыр» деген түйгишленип киргизилди. Изинше белбеўли машина келип, бул екеўин де әлле қайларға алып кетти.

«Нөкербайдың ашыўы жаман. Ишип келип, Әмирханның үйине от беретуғын болды-аў!..» деп қорқып қалды изинде Нурлепес.

Тус болмай-ақ қудайымның көп комиссиялары ке-

лип қалды. Олардың ҳәр қайсысында бир нешше адамнан. Бир комиссия бир комиссияға бағынбайды. Комиссияның бири кетсе бири келип атты, ҳәр комиссияның өзиниң тексеретуғын, анықлайтуғын затлары-ақ көп екен, булардың қайсысы тамашагөй, қайсысы комиссия ағзасы, айырып таныўдың өзи де мушкил екен. Нурлепес: «Былай қаш!» деп бақырса, ол комиссия ағзасы болып шығып атырған. «Комиссия ағзасы шығар» дегени қарабахананы тинтинип жүрген биреў. Қайсы комиссия не жуўмақ пенен кетип атыр, бул да ҳәммеге жумбақ. Мишаның шаштәрезханасы тергеўханаға айналып, дуканшылар изли-изинен гә милиционерге, гә прокурорға тергеў берип шығып атқан. Қалалық саўда мәкемелериниң басшылары да биринен соң бири келип кетип атыр, гәси бас шайқаса, гәсине таңдыр өртелген сияқлы да көринип атпаған қусайды, андасанда қатты-қатты күлкилери де еситилип қалады. Гүрсинип жүрген тек Нурлепес пенен Айбөрек, Нурлепестиң неге гүрсинетуғынын өзи билер-дә, Айбөрек байын уўайымлап гүрсинеди.

Шала өртенген таўарлар, от тийген, сөйтип, жарамсыз болып қалған шақыр-шуқыр темир-терсеклер кешке шекем хатланып, әлле қайларға машиналар менен алып кетилип атты, бәриниң көтерә-көтери әбден жүйкесин қуртқан Нурлепес сол күнгидей шаршамас, сол күнгидей қара күйеге былғанбас. Қараңғы түсип кеткенде үйине тек шықпаған жаны, тек сүйретилген сүлдери келди.

Айбөрек кешки шам жанғаннан соң Әмирханның үйине Бердашын жетеклеп барды. Үбайда буның менен жөнли сөйлеспеди. Әмирхан болса: «Ўәй, не қылатуғын еди, қорқа берме, келин, горпромторгқа отчетымызды бергенимиз күни кеше! Өртти болса, өзлери анықлар, сирә да Жердаштың өзи от бермеген ғой! Оның үстине ноль бирге өрт тийген ўақытта-ақ звонлаған! Олардың бир машинасы ходланбай қалыпты, бир машинасының болса-насосы бузық, суў тарта алмапты! Өзлери жуўап берер-дә, Жердаштан қорықпай-ақ қой» деп, тынышлап қайтарды. Сонда да келиншек сырт сытыр етсе қулақ түрип жатты, келетуғын Жердаш жоқ! Өрели таңды сетем алыў менен, селк етип ояныў менен атырды. Азанда сүтке келгенинде;

— Жердаш келмеди ме?!—деп таңлана сорады Нур-

лепес. Келмегенин еситкен соң, тынышландырмақшы:— «Өрт токтап кеткен» деп атыр ғой, ҳеш гәп болмас. Аппырмай, бала, көптен бери азан менен дүканға кететуғын едим, енди қайда барарымды билмей ҳайран қалып отырғанымды қараш! Әмирханға барайын, не ис буйырар екен?..

Әмирхан қашшан таңнан турып кетип қалыпты, ҳаялына қайда кеткенин де айтпаған қусайды, Нурлепеске де ис буйырмай кетипти. Ис буйырсын, буйырмасын, сол күнди Нурлепес дүканның қарабаханасының басында өткерди. Бул бир, әўлийешиликти қорығандай саўда екен, сонда да тақыр-тақыр ис таўып ислеп жүрди. Сөнип қалған күлди тырма менен пешелеп анаўмынаў қалдықларды былай жыйнап қоyды, еле де сырттан келгенлер бир нәрсени алып кететуғындай ямаса еле де тексериўши келетуғындай дүканның күлин қорыйды имкәниятынша журтқа пешелетип, басқылата жақ емес еди, кешке таман: «дүкан жоқ, енди несин қорыйсаң?!» деп, Әмирханның өзи келип ертип кетти. Жердаштың да әлле қашшан-ақ келип, үйине айналысып жүргенин Жумагүл—Жумаштан еситти.

Ҳәптениң ақыры күни кешке қарай арық қатпадан келген сары сынлы, шүңирек көзли бир жигит келди де, Әмирханның үйине ертип алып барыўды өтинди. Нурлепес ешейинде де журттың мүтәжин питкериўге ыштақ, бул сапары да ертип апарып, төрги жайда бурынғының ийшанларындай үстине адам киргизбей жатырған Әмирханның алдына баслап барды:

— Мынаў бир баланың сенде жумысы бар екен,— деди де шығып кетти.

— Мен Мәўлен Тоймуратовпан,—деп таныстырды өзин келген жигит. —Қалалық комсомол комитетиниң секретарыман. Бизде еки комсомол ағзасы бар еди, тентеклеў. Соның екеўи де сизиң алдыңызда гүна қылып қойыпты, соның гүнасын сорап келдим, яшуллы! Олар қамалғаны менен тюрьма тола қоймас, соны кеширип жиберсеңиз?

— Кимлер ол?—Әңгимениң кимлер ҳаққында баратырғанын сезсе де дым билмегендей жорта сорады. диваннан аяғын салбырата берип,—Мениң алдымда ҳеш ким гүна қылмаған сыяқлы еди?!

— Қылған гүнаны, сизге жала жапқан. Дүканды

сизиң өзиңиз өртемегенсиз, әлбетте, ал олар пиянлық пенен солай деп жар салған.

— Ҳаўўа, ҳаўўа!—Ийегин екшеди. — Жаңа есиме түсти, десем де уят болар, себеби, олар менен қашшан жүзлестирди бизлерди. Айтқанлары тастыйықланбады. Хо-ош, не демекшисиз, не жәрдем керек бизден?

— Сизден «кеширдим» деген тилдей қағаз керек. Ол екеўи де мениң пәмимше, ялған сөйлемейтуғын жигитлер қусаған еди...

— Сиз өзиңиз бурын таныйтуғынбедиңиз оларды?!

— Әлбетте, танымасам келемен бе! Олар институтта оқығанда мен соерде комсомол комитетиниң секретары едим, тепериш жигитлер еди. Турдыбайынан усы сапары судланып кетпесе яман шайыр шықпайды, судланса, онда қурыды!..

— Анық шайырлығы болса, судланғаны менен де қурымайды. Үлкен шайырдың бәри үсейтип, ҳүкиметке қарсы шықпай шайыр болмаған.

— Сизге қарсы шыққаны—бул, ҳүкүўметке қарсы шыққаны емес, яшуллы, ояғынан қәтиржәм бола бериң. Бирақ, мениң бул гәпимди шебекейине таўлап, кеширим бермей қалмаң тағы! Сол Турдыбай шайыр деген бизге ағайин адам еди, келиншеги үйге жылап келип, пәтеңге келтирип атыр, болмаса Нөкер Ниязовичиңизди басымның арты айналып келгеним жоқ. Сыйлаң бизди, ақыры, биз де қаладағы еки басшының биримиз, «сөзимиз сынбайды» деп келип отырмыз.

— Мен сөзиңизди сындыра жақ емеспен, бирақ бир нәрсеге ҳәйранман: комсомол дегенимиз хулиганшылыққа, адамның ҳуқықын хорлаўшылыққа қарсы гүресиўи керек емес пе?! Я горкомолдың жүритип қойған Нөкербайдай Турдыбайдай бас кесер, пияншик, қопаллары бар ма? Егер соның бар екенлигин мойынласаңыз, кеширим хатты жазаман да беремен, иним, оның менен мениң түгим кемимейди.

— «Ҳаўўа, горкомолдың жүритип қойған қарақшылары да бар» деп сизди алдағаным менен мениң—ҳәм түгим кемимейди. Бирақ мен олай деўге ҳүжданымнан қорқаман, себеби, ондай нәрсе горкомолда жоқ, қала берди, мен өтирик сөйлеўди яман көремен!—Мәўлен бурышқа ашшылағандай басын шайқады.—Бермесеңиз тил хатыңызды шапаныңызға жамаў қылың, бирақ сиз,—бармағын шошайтты.—Комсомол менен ойнамаң

өйтип! Ким биледи, жигитлер айтса ырасын айтқан шығар!

— Не менен дәлиллейсиз?!

— Не қыла жақсыз, мени де тарттыра жақсыз ба жинаятқа! Тарттырың, сизиң қолыңыздан келеди. Себеби, билип алдық қашшан, сизиң менен прокурор қатнасады, милиция начальниги қатнасады, саўда министри қатнасады. Мениң тәнҳа өзим, —сыбырланды Мәўлен.—Саўда хызметкери менен қатнасқан заң хызметкерлерин ҳалал хызметкер деп есапламайман. Дүканшының eң ҳалалы дым болмаса тастан бир тийин жейди. Сиз де «жүз процент ҳалалман» дегениңиз бенен, бәри бир, журт исенбейди. Исенбегеннен соң айта бередидә Турдыбай айтқан гәплерди!

— Мен бир нәрсеге түсинбей турман: сизге «тил хат әкел» деп жиберди ме, я «урысып қайт» деп жиберди ме?!

— Бизге «тил хат әкел» деп жиберип еди, яшуллы-ы, сиз жулынға тийип гәп айтып атырсыз! Бермей-ақ қойың тил хатыңызды, оның менен, яғный еки жигит «жалахор» атанып судланғаны менен, бәри бир, журт сизди» ҳалал екен, анаўлардики жала екен» деп ҳалаллам айды. Мың «қысқа» десек те өмир деген, бул узақ жол, бул жолда, егер аман болсақ, сизиң менен биз талай гезлесермиз. Сиз қандай адам боласыз, биз қандай адам боламыз, буны сонда көре берермиз!

— Өзимниң қандай адам болатуғынымды, әўел-ҳа қудай, өзим билемен. Егер тилиңнен қудайдан таппасаң,—Әмирхан сурланды,—сен ҳәм шеп болмассаң,— деп—сенсиреди, соң есикке бармағын шошайтты. — Шық!..

Мәўлен Тоймуратов есикти тартып урып шығып кетти.

Арадан бир ай өтер-өтпестен гөне қалада үлкен суд мәжилиси болып, онда жалахорлығы ушын Нөкербай Ниязович Ниязов пенен Турдыбай Ахыметниязовқа үш жылдан күн кесилди.

Екеўи егиз қозыдай бирге жатып, бирге туратуғын еди. Нөкер жорасының қамалғанына бәринен бетер Сийсенниң қабырғасы қайысты. «Өзим ақлап аламан, пиянлық пенен ойнап айтқан-ғо!» деп жулқынып жазды арзаны, жазды келип! Москваға жазғаны Ташкентке, Ташкенттен Нөкиске келип, ақыры Нөкербайдың

исин томпайта бергени болмаса, түк шықпағаннан соң, бул да ақыры жазғанды туўарды. Енди Нурлепестиң бир қат өжиресинде бир өзи жатады, піянь болса да бурынғыдай сүйенисип келетуғын Нөкербайы жоқ, жығылып-сүрнигип, өзи келе береди, «жаныма саўап-ты!» деп, бундайда Жумагүл—Жумаш, я Нурлепес шешиндирип, жатқарып атқаны. Азан менен муздай сууға жуўынып-артынып, қырынып, тағы мектебине кетеди, арақты да сийреклетти.

## 10

Дүканның өртениўине Жердаштың салақ қарағанлығын да себепши қылып, жумыстан шығарып тасlағанына Жердаштың өзи қыйналған жоқ. Ал, Әмирхан болса ҳәтте басшылар таманынан ескертиў де алмады. Несине алады, есап—китабы дүзиў, бүлинген-шашылғанлары тәбийғый тилсиз апатқа байланыслы мойынынан түсирилди. Қалған дүканшыларға да бул өрттиң ийнениң ушындай да күйеси жуққан емес. Ал, дәлбирек жүкши Нурлепестиң не айыбы бар, бирақ айыбы жоқ болса да Жердаштан соңғы жумыссыз қалғаны усы. Себеби, өртенген дүканды қайта бастырып, ремонтлап, қайта тиклеў қымбатқа түседи екен, сонлықтан бәндиргиниң түбинен жаңа дүканның тырнағы салына баслайды емиш, соған буны жумысқа өткережақ Әмирхан, ылай-пылай тасыйды, өзи пешман ғой, бәлким гербиш өрер, соған шекем жүре турар емиш, ҳәзир болса сол салына жақ дүканның тас жайының бир институтта сызықлары сызылып атыр емиш. Соған шекем шыдайды, шыдамағанда Нурлепес топыраққа от қоя ма, басқа жақтан жумыс излеўге бунда башқурт жоқ, башкуртсыз буны ким алады жумысқа! «Баслығы келип, Чапаевтан қашып көшкен Мамыт колхозшыны милиция менен көширип әкетипти!.. Кеңестен қашып көшкен Исмайылды Сибирьге ақ үйли етипти!..» Күнде усындай хабарлар да еситилип, Нурлепес қожырай береди. «Социализмдегидей» тырнақсыз салса да жайын уқшатып еди-дә, жаңа мәкан бастым ба дегенде я көширип әкетип, колхозы тағы басын ноқталаса, я нәпнен биреўге кишкишлетип, Сибирьге айдаса да, әлбетте жақсы емес. Соның ушын ҳәм усы «Ақ тубадағы адамның қарыўлысы болғаны менен адамның қорқағы

да Нурлепес, биреў менен гэп алысыўға да, аларғанға аларып қараўға да жүреги даўамайды, «башқуртымның жоқлығын биреўге билдирип жүрер, изи насырға шаўар,» деп қорқады, ал, башкуртстолдан башқурт сораў ғой, уш уйықлағанда түсине де енбейди!

Буның башқуртсыз екенлигин жақсы билетуғын, соның ушын да шақыртып алып, жерин еккизип, жүўерисин орғызып, ҳәжетханасына шекем тазалатып жүрген Айтбай домком—финагенттиң ҳаялы Орынгүл ешкиниң сүтине өзи де келмейди, миллети бардай, Жумаштың өзине алып келтиреди, пул да бермейди, онысы менен де турмай:

— Усы сениң сүтиң суйылып баратырган жоқ па, қалай-қалай?—деп, банканы шайқап, жуғысын көрип атады. Жумашқа сонысы батады.

Бататуғын тағы бир себеби—«пайтахты патаслайды!» деп, ҳүкимет журттың сыйырларының бәрин жыйнап алғалы, қалада қара мал асыраўды қатты қадаған еткели ағарғанның басында шыра жанып тур. Бизиң қарақалпақларға ғой, Нурлепестиң сөзи менен айтқанда «пелке нан табылса болды», ағарған, гөш-пөшиң бар ма, жоқ па, басы айналмайды, ағарғансыз; гөш-пөшсиз жасай алмайтуғын орыслардың ҳаяллары туў анаў узақтағы қала жақтан ыдыслары менен тап усы «Ақ туба» жақларға шүўекшең келип, бурынғы азан менен есигин қағып, ыдысына сүт қуйып кетип жүрген тамырларыникинен сүт сорап жүргени, «Бул кукурузник бүлдирди журтты! Халықтың тапқанының бәрин Африкаға, Кубаға берип, журттың маңлайындағысын сыйырып алып, ашлық етип атырғанын қара!» деп, тоңқылданып баратырғаны. Жумагүл—Жумаш, әлбетте, «кукурузник, Африка» дегенлерге түсинбейди, оның түсинетуғыны—сүт болса пул болып тур. Бататуғыны—Айтбай домком-финагенттиң ҳаялы Орынгүл түўе кишкене қызы Бийбирабаға шекем мутқа әкелип берген сүтин «суў қосылмады ма?» деп, кенжерилип алыўлары.

Жумагүл—Жумашқа, қара тамақ табыла берсе, бул кенжерилиўлер де бата бермес еди-аў, лийкин, Нурлепестикиндегилерге ҳеш ким тегин зат бермейди, нан алсаң—пул, қант алсаң—пул, чай алсаң—пул. Усы пулдың дәреги—бул үйдеги төрт ешки, өзлери ишпей Айбөрекке сатады, Үбайдаға береди, булар әлбетте,

пулын молдан төлейди, есапласып та атпайды, Жумагүл—Жумашты өртегенде Орынгүл яндырады.

Пул берип «яндырса да» Жумагүл—Жумаш «яна бериўге» қайыл, бирақ домкомдики буны «пулсыз яндырады». Оңысық өте берсе «пулсыз—ҳәм яна бериўге» қайыл. «Бул дүньяда өртенген о дүньяда дозаққа жанбайды, шыдай бер, ҳаял,» десе де ҳаялы ақыры тоңқылданып-тоңқылданып алады:

— Сени қаңғалатып жиберип, сыйынып жүрген Әмирханың басқа дүкан ашып алыпты-ғо! Барлық дүканшы қатынларын да қарамағына алыпты, сени неге алмайды аяса? Жерин саған аўдартады, жайын саған сыбатады, ҳәжетханасын саған тазалатады, аяса, қайырхомлық еткиси келсе, сени неге қасына алмайды! Бурынғыдай шийше сатып болса да нан пулы әкелип турсаң мен сирә янбас едим-аў! Аштан өлип, көштен қалып баратырсақ мен тоңқылдамай ким тоңқылдайды! Жалғыз Нурқасымың мектепке жалаң аяқ қатнап жүрсе мен янбай ким янады! Көшемен колхозға, буйтип аш отырғаннан сояқта қул болсам да асқабақ егип жеп-ақ қарын тойдырып жүргеним жақсы! «Шыда» дейсең-аў, бир қатыны менен бир баласын асырай алмаған еркек еркек пе?!—Әне, усейтип шатақ шығарады Жумагүл—Жумаш.

Буйтип те шатақ шығармас еди, мектептен муғаллим келип: «балаңның үстин жөнлеп қой, китап, дәптер әпер қашан көрсең қызлардан дәптер сорап жүргени! «Әкеңнен пул алып, сатып ал! Дәптер деген не, еки тийин!» десем, солқ-солқ жылайды!..» деп, күни кеше жинин тырыстырып кетти.

Муғаллим кетиўден үйге келген әкесине: «балаң қатардан кем болып баратыр, дәптер, қәлеми жоқ екен, пул-сул табыўдың жолына түссеңо!» десе, «қудай бермегенди тартып аламан ба,» дейди, пәрўейи пәнсери. Өзи Әмирхандикинен күсеген аўқатына тойып келип жүрген соң, бала-шағаның оңысығы менен басы айналмайтуғындай сезилгени соншелли, Жумаш сол күни түстен соң басын көтере алмай аўырып қалды: «Я бул Нурлепести ҳеш ким жумысқа алмаса! Я кесе талаптың ирети болмаса, қыйын болды ғой, қудайым-аў!» деп сарсылады өзинен өзи, Гербиш-пербиш өргендей жаз да емес, қыс.

Қыс түспестен сәл алдын дөгеректиң пуллы хожа

лықлары үйлерине электр сымын тарттырып алды. Күнде шыра сыпырған сайын, шыра май қуйған сайын зондағы пул таппай қурғыза алмай қалғаны да есине түсе береди. «Қурғыза қойғанда, бир, энейдей нәрсе екен өзи!» деп өкинеди. Усы қарағанда полланбаған жайда отырған булардан басқа ҳеш ким жоқ, бул да кемлик келтире береди. «Аманлық болса, пөлке нан табылып турса болар, ата-бабам жер төледе де жасаған» деп Жумашының сөзин өре бастырмайды Нурлепес. Егер қарақалпақ «шыпта» деген төсеги болмағанда бул сорлылар мынаў ызғардан, билмедим, бәҳәрден аман шығармеди, шықпаспеди: Анаў өжиресиндеги Сийсенге бәле келмейди, ол пиян болса ғана жерде жатады, омыраўын көтерип, өрмелеп мингендей шамасы болса—темир кәти бар, ҳәтте, көрпе—төсегин де аққа қаплап қойыпты. Булардың темир қәти де жоқ Журтлардай көмир жағыўға да шамасы жетпейди, Қызкеткенниң бойынан шаўып әкелип жағады, боян шөкир, самтық жыңғыл отынларға қашан көрсең ошағының басы жайрап атырғаны. Оның үстине: «әри жай ыссы болады, әри ешкилердиң сүти тартылмайды» деп, төрт ешкисин де әйўанға байлайды, төрт ылағы да әйўанға гүўенленген. Оларға жантақ-пантақлар жайрап, ылақлардың, ешкилердиң қумалақлары әйўанның ишинде пытырадай шашылып атады, сырттан келген батпақлы аяқларға жабысып, қумалақлар төрлеп кетип атады.

Сөл күни азанда Жумагүл—Жумаш: «күнде бир литр сүтим ешейиннен ешейинге кетеди де турады! Я пулы, я айтып атқан тәңир жарылқасыны жоқ, бармайақ қойғанымда теззегиме шөп шаныша ма! Керек болса, келип алсын,..» деп, бармай қалды.

«Өзиң апармасаң па-ай, келеди екен-ә!!!» Жамғырда геўишин салпылдатып, Айтбайдың екинши класста оқыйтуғын қызы Бийбираба келди ҳәм дийирманның үстиндеги сүт қуйыўлы банкасын таныды да алып кетти. «Өзим бара алмадым, қызым», деп, Жумаш оған жағдай да айтпады, қыр көрсеткенин де билдирмей қалып еди. Аздан соң Орынгүлдиң өзи қатты пәт пенен келди. Қолында жаңағы банкасы менен алып кеткен сүти. Орынгүл бадана көз, баспақ мурын, сыйны-салы келискен ақ қатын, тиллә тиси де бар, тек ғана тиллә тис емес, арсыллаған арыслан даўыслы да екен.

— Ҳәммени өзиндей ҳарам-ҳадалды-парықламай, тап-

қанын ише береди деймисең! Не ушын қумалақ салып жибересең сүтиңе! Я бизлерден қутылғың келди ме, яқ! Айтбайдың кеңлигинен адам болып отырғаныңызды билесиз бе, мутқа сүт бергенициз батып жүр ме, яқ! Мә, булқыныңа қуй!—Диийрман кетектиң үстине диңк еттирилген банкадан сүт шайпалып төгилди.

Жумаш сонда да ҳеш нәрсениң парқына бара қойған жоқ, Орынгүл қапыны сарт еттирип жаўып кеткен соң: «мына қатынға не болды-әй, буники не әўпилди!» деп таңланды. Соң-соң: «әбден мутқа берген сайын ҳәддинен асты-аў!» деп ызаланайын деди. Соң-соң: «Ишпесең заққымды иш, өзим па-аай, ишемен-аў!» деп ашыўланды ҳәм писирип уйтып ғана таслаў нийети менен банкаға қолын созып үңиле қараса сүттиң жүзинде кишкене қара қоңыз ба, өрмекши ме, бир нәрсе қалқып тур. Ол жарық-жарық бармақлары менен қымып алды оны, сонда барып оның ылақтың қумалағы екенин аңғарды. Ашыўланған да жоқ, «өзим билқастан салыппан ба, қудайға ҳақ болсам болар,» деди де, аяқ баспайтуғын жерге—дигирманның кетегиниң астына жаны ашып турып төкти: «Журт тамшы сүтке зар болып жүргенде бунының ҳарамға шығыўын қара!..»

Сол-сол екен, Жумагүл—Жумаш Орынгүлдикине сүт апармай қойды. Несине жалынады, Айбөрек пенен Үбайда қанша сүтиң болса да алып тур. Төртеўи де жағал—төртеўи де туқым ешки, жарқылықлар, сирә «ешкимен» демейди, төртеўи талтайып, бир сыйырдың сүтин береди де турады. Әне, усы күни де оған жетип атыр, ериниң гәпи менен айтқанда: «пөлкеснан табылса, гегирдектен бир нәрсе өтип турса, болдыдә!..» Бирақ, бул күн де оған көп екен...

## 11

Дукан өртенгеннен соң бираз күнге шекем Әмирхан менен Жердаштың арасынан жылан өткендей, әжептәўир, бирине бири салқын қарасып жүргендей көринди Айбөрекке, Үбайдаға да сондай туйылды. Еки үйдиң баласы—Бердаш пенен Темирхан да бурынғыдай бирин бири излеп келе бермейди, киноға барса да ҳәр ким өз алдына баратуғын қусайды, қашарман топ ойнаса да Бердаш Темирхан тәрепинде болмаўға тырысады. Буны әдебинде Айбөрек «Әмирханның үш күни

болса да Жердашты қаматқанынан шығар,» деп жүрди. Ал, бурынғы дүкандағылар топары менен тазадан ашылған басқа бир дүканға көшип, оған дүкан баслығы Әмирхан тәрепинен кисиси шақырылмай қалған соң: «ҳе-ҳе-е, усыннан екен!..» деп жорыды Айбөрек. Байынан салқын тартыўының себебин сораса: «өзиң билмеген не бар, қойш, сорама соның дәртин меннен!..» деп жөнин айтпайды. Бир ҳүжжетлерди толтырып, бир жақларға кетип жүреди, буны да айтпайды.

— Ҳаў, шабазым-аў! Сен бизиң менен ойласқанды қойдың ғой?—дей берген соң: «ГорОНОға барып жүрмен, келиссе, мектепке завхоз болып өте жақпан! Екинши курспан ғой, ақыры, «мектепте ислемесеңиз болмайды,» деп атыр ГосПИ!» деп қапылтты.

Бул—қапылғаны емес, ырасы екен. Биринши сентябрьден баслап мектеп директоры Гүлимбай Нағыметович оны ырасында да завхоз етип алды. Жаман емес қусаған, ҳәр ай сайын муғаллимлерге айлығын горОНОдан завхоз әкелип үлестиреди екен, тийин-тебеннен қала ма, айына еки мәрте Жердаш Айбөректиң қолына енапаттай пул әкелип салады. Оның үстине әйнекке салатуғын шөлмек-пөлмек, мыйық-пыйық, бояў-сояў, топса-попса қусаған нәрселер, ҳәтте, ҳәк-пәк те, замаска-памазка да бола ма, қудай-аў, мектепке Жердаш киргели «Ақ тубалылар» басқа жаққа жуўырмайтуғын болып қалды, қулласы, оңысық жаман емес. Деген менен, дүкандағыдай қайда-а, дүкан дегенниң табысы сағасы тыйылмайтуғын ағып турған дәрья. Лейкин, мынаў Әмирхан оны дүканына шақырмай атыр, шақырса, «бара ғой,» деўден Айбөрек аўлақ емес. «Шақырмаса ықты-яры!—деп тоңқылданады қыз күнлерги ойнасына Айбөрек.—Усы оңысығымыз-ақ болады!»

Усы оңысығы да болар еди-дә, мына Сийсен деген бәле болып тур. Муғаллимшилигине ағаш усталығын ярым штат пенен қосып ислеп атырған Тәңирберген Шаббазов тағы бар. Үшеўи күнде бас қосып, арақ ишеди екен, күнде үшеўи де үйлерине булдуўласып «нормальный» дегенди «нәимальный» деп сөйлеп келди, ўақты-ўақты булардың топарына «директор екенмен» демей Гүлимбай Нағыметович те қосылып: «бир нәрсе таппайсыз ба?!» дегендей гегирдегин шертеди екен. Буны Айбөрекке сол мектепте оқыйтуғын баласы Бердаш айтып келди.

— Ал енди, Айбөрек,—деди бир барғанында Үбайда жаны ашыған кейип пенен маңлайын жыйырып. —Кисиниң усы жүриси болса Сийсендей алкаш болмай турмайды, буны медик болғаннан соң мең жақсы ғана билемен. Ҳәзир арақ бууынба-бууынына синип бара береди, соң ишпесе басының арты қақсайтуғын болады, алдын ал, бала жан, алдың ал!—деп қапылтты.— Оңысығынан айырылып қалмасыңнан бурың алдын ал!

Ойланып қараса-ырас, Жердаш күннен күнге қумартып ишетуғын болып баратыр. Жылады, сықлады, сөйтип, бес-алты күн қойдырып та көрди, жақ, тийипқашып, тағы иштире береди мына Сийсен деген! Буннан айырыўдың исласын ойлайын десе, Жердаштың оқыўынан тапсырмалары жылдан-жылға аўырласып баратыр, оның тексериў жумысын дәптер-дәптер етип жазатуғын Сийсеннен басқа ийт жоқ. Сол жумыслары ўақтында тапсырылмаса Жердаш курстан курске өтпек түўе май бөксесине туфлийдиң изин қалдырып қуўады екен ГосПИ ден! Әне, оннан кейин ГосПИге киремен дегенше Нөкер Ниязовичке берилген сонша ақша, арақ, кийим-кеншек, оннан берги жағында Сийсенге ерли-зайыплы екеўиниң сонша жалбырақлаўлары менен көрсеткен иззетлери, кири—қоңын жуўып, үстин үтиклеп турғанлары бир пул! Қуўады да жибереди ГосПИден, шығынынан да бетер: «усының мийланына илим қона ма?!» деген журттың насағын айтсаң-ә!..

— Арақ деген не, шийшеси жигирма алты манат!— деди бир күни Сийсенге жалынып. —Бир өтинишим бар сеннен, соны орынласаң, арағың меннен! Ҳәр күни усы бизиң жаманға түк таттырмай келиң, Тәңирберген екеўиңизге күнде бир шийше әкелип қояман!..

— Я-ғааў, онсыз-ақ ишкизбей әкелейик!—деп ўәде берди Сийсен. Бизге арақтың кереги жоқ, тек бир, ирети келип қалады-дә!..

Сийсен ўәдесинде елиў процент турды. Тәңирберген екеўи шала пиян: «Байынды сүйеп әкелдик, инанбасаң, аўызын ийиске Айеке!» деди. «Егер ишкен болса, бир шийше арақты өзим қояман, ишпесе се-ен!..» деди бармағын солтаңлатып, дигирманның тартқышындай былғаңлап турып. Айбөректе де қыз күнинен қалған жуўҳалық бар:

— Ырас па-әй?—деп аўызын ийискеди, уялған да жоқ, Жердаштың мойынына шапшып, аўзынан сүйип

сүйип алды, жылады, еңиреди, бармағының арасынан жигитлерге сығалап турып еңиреди.

— Усындай ҳаялым болғанда, мен биллә ишпес едим! Сен ийт екенсең, мына нашарды буншелли жылатып қойғанша зәҳәрди ишсеңо!—деп бақырды Жердашқа шыны менен-ақ Сийсен.—Бизлерге ишсек болады, жылап баратырған бала-шағамыз жо-оқ, ҳаў ийт, сен неге ишесең?!

— Ишпей келдик-ғо енди, ўай-боой, қойсаңызда енди,—деп атыр Жердаш.—Бизиң Айекең деген өйтип мени сөкпесеңиз де береди...

— Бермей-ақ қойсын, кереги жоқ!

— Жақ, берсин!—деди Тәңирберген.—Ишпесең, тегиңе тур, Сийсен! Айекең деген сендей қатын емес, ўәдесинде турады!..

Бул ўақытта жаслы көзлерин бир қолы менен сыпырып, бир қолы менен жүктиң арасынан бир шийше ақты суўырып бери киятыр еди. Айбөрек. Сийсен созылған қолға қарап күлди, күлди де шыбынлағандай шыбыжыңлады:

— Қәйтемиз енди, аламыз-дә! Алмасақ, кеўлиңе келсе, Айеке!—Арақты алды. Ҳеш ким былай шығың демегеннен соң-ақ қанша пияң болса да: «Басқа гөрге барып ишиң», дегенди уққан Сийсен.—Бул, көзи қызып, тағы ишип қояр, Тәке, жүр, жүр, Нурекеңдикине.

*Олар тиртеклесип шығып кеткен соң да* Айбөрек дүстөменине түсип, көп жылады, Жер шуқылап отырған Жердашқа көзиниң қыйығын салып-салып, өксип-өксип жылады.

— Қоя ғооой, шабазым, енди ишсем, атымды басқа қой!..

Оннан соң да бир-еки мәрте ишип келди, оннан соң да Айекеңи айбарақ салмастан әлемниң муңын шақырып, өксип-өксип жылады, байына уғрын-уғрын бағып жылады. Соң-соң дым ишпеўге қарады.

Сөйтип жүрген күнлериниң биринде жазасын өтеп, Оразғул үйден шығып келген екен, бир жан садақасына бурынғы ислескен адамы сыпатында Айбөрекке де айттырыпты. Садақаға түслик ўақытында шақыртылғанлықтан Жердаш жумысына байлы бара алмай қалды, улуўма, Ақтубалылар, соның ишинде Жердаш та анда-санда болмаса қатынына тиртеклесип көп

жүрмейди. Соның ушын—ҳәм Айбөрек садақаға жесир қатындай жекке келди.

«Садақа» деп, садақаға, «той» дегендей тойға усамайды, жыйналып атырған журт, сыртта бурқылдап қайнап атырған қазан, тартылып атырған табақ, есиктиң алдында дизилип турған машина жоқ. Көптен бери келмегенге ме, я өзлери уқшатып жай салып алғанға ма, Оразгүлдиң «Садовая» дағы бурынғы даңғаралы көринип жүрген жайы демниң арасында қорениш тартып, шөгип қалғандай ысқынсыз көринди. Баяғылары ҳәкленгеннен қайтып ҳәкленбегеннен соң ҳәги тозып, шаң басып, төбесинен суў жырып ағып, қуты қашқан. Силпилеп турған жаңбыр Айбөрек бул тамға жеткенде тамның карнийзинен соррыйып шыққан қаңылтыр тарнаўдан шарлап ағып, үйдиң әтирапын бирден суўытып жибергендей туйылды. «Буның қаяғында мерекеси? Мени алдап шақырған жоқпекен?!» деген де пәмге кетип, коридорға гүманланыңқырап кирди. Бурынғы қызыл сырға сырланып, ғалы паяндоз төселип туратуғын узын коридорда сыр, паяндоз түўе, қысы менен ишине от жанбаған ба, тақталары дүңкийип кетипти. Бул—узын коридор, коридордың ҳәр жағында еки қат өжиреден, жәми бес қат жай. Өжирелерге биринен өтип бирине кириледи, соның ушын да коридордан шығып турған еки қапы, қалған еки қапы сол еки өжирениң ишинде. Коридордың ҳәр қанатындағы еки өжиреде киши—гирим бир хожалық оңыса бериў итималлығы бар. Оның оң жақтан еки қабаты баяғы Оразгүл Әмирхан менен дәўранды сүрип жүрген жыллары мийманхана еди-дә, қып-қызыл түрк гилемлери еденди, дийўаллары жайнатып туратуғын, диван—кәт, кресло, шифанер дегенлер усы үйге Әмирханның да үйинен бурын әкелинди, онда Әмирхан жүз пайыз ҳәз етип дем алатуғын, атлас халатларды суўсылдатып кийип, тек ғана трусийшең, жалаң аяқ жүретуғын, ал Оразгүлди болса тек қара плавка менен аппақ етип, тыржалаңаш жүргизип қоятуғын. Әмирхан киргеннен кеткени—шелли сыртқы қапы, ҳәмме айналардың қалың перделери ашылмайтуғын, күндиздиң күни-ақ тасқараңғы өжиреде сүтиреӊ шыра жанып, оның сүтиреӊ нурлары Оразгүлдиң де гирбиңсиз тынық беденин де сүтиреңге айналдырып туратуғын, ал Әмирхан болса Оразгүлдиң қәдди жатпаған, мелле ирең шүртикле

ри адамға гөзелип туратуғын тырсыйған ақ мәмишиниң араларынан ийискелеп сүйетуғын, емиренетуғын, еметуғын, сондайда жап-жас Оразгүл ғарры қасқыр аймалап атырған ақ маралға усап керилип жататуғын еди. Булардың бундай болып, ақ жыландай есилип жатқанларын, емиренисип уйпаласқанларын Айбөрек те, Кеңесгүл де, Гүлара да, Әширепи де, соң Айбөрек пенен орын алмастырған Сәнегүл де, Оразгүлдиң орнына алынған Нәзигүл де, әлбетте, көрген емес. Сонда да булардың тап үсейтип мауқын басысатуғынын олардың ҳәммеси де биледи. Өйткени, Әмирхан булардың бәри менен де усы жайда болмаса басқа бир жайларда сөйтип уйпаласқан, буларды сөйтип мыжырықлаған, соны ҳәммесиниң де ишлери сезеди, бирақ, бирине бири дым көрмеген сүттен ақ периште болып көриниўге ғана талпынады. Лийкин, Айбөрек пенен Кеңесгүлдиң Оразгүлден жасыра алмайтуғын бир-бирден қупиялары бар. Ең әдеп, усы жай сатып алынбасынан бурын мынаў қубладағы өжиреде Оразгүл бақырып жибермеўи ушын өзиниң өримин өзи шайнап, аманатын Әмирханға тапсырды, соннан кейин ғана дүканның есигин ашты. Он жетидеги жас жетим қыз Әмирханның дийдинен шыққанлығы соншелли, тамның сыртына: «жай сатылады» деп жазылыўдан дәлдәлши жиберип саўдалатты, өзи келип саўдалаўға уялды, себеби, бул да бир өзи жумысқа киргизген, соңғылығында байыған, ақыр изинде мойынына ойдай пул түсип, «үйге түспей» қалыўы ушын жайын сатыўға мәжбүр болған ғәриплеў дүканшы еди. Тез төлемесе тюрьманың темир қапысын елеслетип турған дүканшыда не сын болсын, шалқаярлық шама жоқ, дәлдалшы менен ап-арзанға-ақ шаппат урысты да келисилген пулды кешқурын санап алды. Дәлдалшы: «бул қыз отыра турсын, мен елеберин көшип келе алатуғын түрим жоқ», дегенде де, Оразгүл буған: «бир өзим қорқаман ғой» деместен үнсиз көнгенде де жайын Әмирханның алып атырғанын сезген де, ойлаған да жоқ, жылан шыққандай, тасыр-тусыр районға көшти де кетти. Бул қызға ес болғандай жуўас кирейкешти де Әмирханның өзи тапты, соған шекем ақшамлары түўе базда күндизлери де бул үйдиң перделери тасқамал бекитилип, есиклери иштен қулыпланып, сүтиреңшыралар жанып, ақ мәрмәрдей Оразгүлдиң сүтирең денеси, нәфийс ақ сийнеси Әмир-

ханның жүнлес омыраўының астында езилип, ғаз мойынлары, ақ буғақлары көкталақ болғанша сорылып атты. Соң-соң үйге зат келе баслады, бул нашардың Әмирханға сүйгилик екенлигине әлле қашшан бундай ислерден қалып қойған, сонда да сүйгиликке қараўыллық етиўге жарайтуғын, бала-шағалары таслап кеткен кемпир менен ғарры гүманланған жоқ. Деген менен, ғаррысы қартайып, бес ўақ намазын тасламай, жасындағы қуран китапларды өртеген гүнасы ушын қудайға қулшылық етип жүрген адам екен, «ҳарамылықты көрип отыра алмайман» деп ойлады ма, дым үндемей Оразгүлге соңғы үш айының пулын төлеп көшти де кетти. Бул ўақытта бийнеке ҳаяллығына бир-еки жыл өтип, Оразгүлдиң де болары болып қалып еди, Айбөректи де Әмирханның ым-жымы менен буған Оразгүлдиң өзи шығарып берди. Несине қызғанады, қызғанғаны менен не пайда, түбинде өзин ҳаяллыққа алмайтуғыны мәлим, оның үстине «ер адам деген ойлағанын ислемей турмайды, усыннан хабар алмай кетсе де, жәрдем қолын созбаса да, дүканында сүйеспесе де, жайынан, ҳәтте жумысынан қуўып жиберсе де жақсы емес, дәретине шөп шаныша алмайсаң, соның ушын шыдай бер, Оразгүл, шыдай бер!» Төрги жайда он алты-он жетилердеги айдай Айбөректиң «аға жан!»лаған даўысы шығып атырғанда да ол өзине өзи «шыдай бер, шыдай бер!» деп тәуеллле салып, өзин өзи шымшып жылап отыр еди. Сол ақшам бул сол отырған аўызғы өжиресинде жаттыдағы, төрги өжиресинде Айбөректи аймалап, сыртқа бир де шықпай қойған Әмирханын өлгейлиден қумарлық пенен сағынып атты, қызғанып атты, қызғанғаны менен не пайда, «ер адам өзи дийдине» жетпей коймайды. Бул ҳәдийсе тағы, тағы, тағы тәкирарлана берди, ақыры қызғаныш та қалды, Оразгүлдиң ети өлип кетти. Бирақ, өзиниң де Әмирханға сүйгилик болғанын, аманатын усыған тапсырғанын тис жарып Айбөрекке айтпады. «Етегимди түңғыш мәрте кимниң ашқанын Оразгүл ападан басқа ҳеш ким билмейди,» деп ойлады Айбөрек те. Жумысына барған соң да Оразгүлден бурынырақ ислеп атырған дүканшылар Оразгүлдиң сынған ақшадай болып қалғанына қуўанғанынан-ақ Айбөрекке ҳеш нәрсе айтпады. Сөйтип жүргенде Оразгүл Тахтакөпирли бир бай ширкетке екинши ҳаял болып тийип алды да: «ҳаққыннан бир

шықтым!» деди өзинше Әмирханға ишинен. «Ҳақыңнан шықтым!» деп отырғанының себеби—ширкет Әмирханнан бай, ҳәтте меншик «Волгасы» бар, ҳәптесине бир-еки күн қонып кетеди. Бара-бара бунық қай күнлери келетуғыны базардың ҳәптениң қай күни болатуғынындай Әмирханға да, Оразгүлге де мәлим болып қалып еди, Тахталы бай келмейтуғын күнлери «хабар алармекен» деп елеңлеп жатып жүрди Оразгүл. Жақ, хабар да алмады, Оразгүлди тилине де баспады, соныcы батты Оразгүлге! «Та-ап, қудайдан тап!» деп қартанып жатады түнлерде әлле қандай да бир ашыўлы ҳәўес пенен.

Бир күни (Тахталы бай келмейтуғын күн еди) алдына—кабинетке шақырды ҳәм: «Қалай аўҳаллар, көптен бери хызметиңди көрмедик-ғо, «деп күлди, Әмирханның усы күлкиси, жеңил дәлкеги унайтуғын еди Оразгүлге. Оразгүл өкпе-гийнесин айтыўға қайымласып атырғанда: «кешлеў бараман, ғәрежет етип қой,» деп, алдына гилең бүкленбеген отыз бесликлерди таслады. Ортаға пул шыққан соң тезирек алып жоғалмасаң, биреў келип қалса, жетер-жетпеске гәп боласаң, буны Оразгүл жақсы билгенликтен отыз бесликлерди жалман-жан қопыратыўы менен халатының қалтасына тықты, енди тымпыйып отырып сөйлеспекши болып атырғанда Әмирханның бирге ислейтуғын Әмеков ҳәм Шәмеков деген еки жалатайлаў жорасы келип қалды, Әмековының да, Шәмековының да аш көзлери өзин тинтинип жеп сала берген соң, нашар бала, қымсынып шығып кетти. Прилавкадан ишкерилеп, орынына турып алғаннан соң қарыйдарлардың ғаўырлысына да итибар берместен: «меннен қутылып болыпсаң!» деди Әмирханға ишинен ҳәм анаў бөлимлердеги бийнеке күндес дүканшыларына жеңимпазлық салтанат пенен қарады, саўданы соң баслады. Бул түстиң алдындағы servlet ислер еди, түстен соң Әмирханның өзи: «базар— ошарыңа бара ғой,» деп, урықсат берип жиберди. Жол-жөнекей керекли нәрселердиң бәрин әнжамлап, базардың үстинен үйине келди. Көкиреги алып ушып баратыр, сирә баяғы жаңа қойынласқан күнлери буны буншелли арзыў—ҳәўес пенен күтпес! Қалай болмасын Айбөректен Әмирханның дыққатын өзине аўдарып ала алмаса онда өзинен көрсин Оразгүл! Қеңесгүлден қызғанып жүргенинде Айбөректиң тап болғаны қыйнап жүр еди бул

байлары тири жесирди, бирақ бул күнлери Әмирханг Айбөрегин Жердашына узатып үлгерген соң: «енди Кеңесгүлден тартып алмай неси бар!» деген де қыял болды Оразгүлде. Кеңесгүл узын бойлы аршын төс, көзлери кийиктиң көзине меңзеген, домбыра бөксе, қыпша бел, даўысы сырнайдың даўысындай қубылыңқырап саз шығатуғын, териси ақ қағаздай тынық, қартая келе келсең кел дейтуғын кейўаны болатуғын, гүдарыдай созылған сулыў нашар еди, сулыўлыққа оны «жырып жибере» алмайтуғынын Оразгүл жақсы биледи, бирақ өзиндеги пышықтың баласының ойынындай сүйкимли қылықлы жылўаның Әмирханды бәнт ететуғынын да жақсы түсинеди, әри Кеңесгүлдей салақлаў емес. Оразгүл жуўынып-артынып, өзин жарастыра бояныи, уқшатып жүретуғын туяна. Ол өзиниң усы артықмашлықларына исениңкирейди, Кеңесгүлге қарағанда пәк нәрестениң қылығындай жақсылап, жарастырып еркелей алады. Ҳәзир—ҳәм трюмоның алдында рөльге таярланып атырған актрисадай кишкене қыздай былай етип бултыйып өкпелеп, ер жеткен қызға қусап, мәстана бағып, түрли муқамға дөнип көрип атыр.

Шифонерден қара иш көйлегин, мәмишқабын, плавкасын алды. Аппақ тәнине усыларды тартқанда териси контрасттан бурынғыдан да жуқарып, бурынғыдан да ағарып мүсиндейленетуғынын, Әмирханның әйне усындай пайытлары делебеси қозып қуштарланатуғынын жақсы билгенликтен—ҳәм моншадан шығарда соларды кийиўге уйғарды.

Кеште аўыздағы өжиреге әтирин келистирип дәстурхан жайды, түрли-түрли миййўалар, Әмирханның арқасын қоздыратуғын бир графин гешириндиң ширеси, армянь коняги, бәри-бәри қойылды. Газошақта семиз қойдың төрт-бес кило гөши сорпада аўнап түсип бүлкилдеп қайнап атты. Ақсаўлақ қатырылып, туўралып, сорпаға сала беретуғын етип қойылды, ол усындайда қара кофени талап ете беретуғын еди, бүгин қумарын бир қандырыўы ушын оны да умытпады, енди үсти-басты патаслайтуғын жумыс питти-аў дегенде жуқа қара алы гүлли шифон көйлегин кийди, шашларын тарады, шамалы косметикадан пайдаланып еди, өзи сулыў нашар, сүтирең шыраның жарығында қызылшырайланып гүл-гүл жанып сала берди. Әне, усы ўақытта электроқоңы-

раў безилдеп, бир зум буны есеңкиретип таслады. Бир зумда-ақ өзи баяғылары аманатын тапсырған тегеўринли зәбердестиң алдынан ақ ылақтай ойнақлап, ақ пышықтай еркелеп шығыўы, есикти ашыўдан бирден өзине барлық ой-қиялын жалп етиўи керeклиги есине жалт етип түсти де, кишкене қыздай секеңлеп есикке жуўырды. Дала қашшан қараңғыланған еди, сонлықтан есикти ашпастан алдын сырттың шырасын да шырт еттирип жағып жиберди. Соң ойнақлап турып есикти ашқаны, жап-жас, соннан келген әййемги италия мадонналарындай жасанып алған бир қызға көзи түсиўден оның артындағы Әмирханды нәзерге алыўдан да, бағанадан бери оны зарығып күтип отырғанын ойлаўдан да қалды, өкпе—жүреги суўырылып, аяғының астына түсип баратырғандай туйғы бар еди, лийкин, Оразгүл көп жасамаса да көпти көрген нашар ғой, көзин күлдире алмаса да, өзин күлдире алмаса да гирбиңсиз аппақ тислерин көрсетип «күле» алды, қубыла алды:

— Өйппей, мен.. есим қурысын, қонақ көрсем, үсейтип албырайтуғыным бар-аў, кириңиз, сиңлим...

Лийкин, қыз емес, тәкаббырлық пенен, жеңимпазлық салтанат пенен Әмирхан кирип кетти. «Бунда ҳаял деген бар ма өзи, егер бар болса ол барып турған ҳәйўан шығар!» деген ой жылт етти Оразгүлге, бул ашыў өзиндеги қызғаныштан нәр алып шығып турғанын ол ойламады, улыўма, ол ашыўланса «неге ашыўландым». күлсе «неге күле қойдым», қызғанса «неге қызғанаман» деп ойлай бермейтуғын нашар ғой, оны өзлериңиз — ҳәм билесиз.

Әмирхан дәстүрханға итибар берместен төрги өжиреге өтип кетти де жалт еттирип, шырасын жақты. Қәдимги, Әмирханның өзи тәўир көретуғын сүтирең шыра-дә! Ортада кеңнен төсек салыўлы тур, бәри аппақ, дүканнан жаңа әкелинип төселгендей. Усындайда Әмирханның жерде жатқанды тәўир көретуғынын да биледи-дә ақыры, нешше мәртебе дивандағы төсекти жерге көширткени бар! Көпшик те Әмирханның диййдиндегидей пақсаға тирелип салынған, бул көпшикке қайсы бас қойылып, қайсы бас пақсадағы гилемди дүкип атар екен, ендиги мәселе соянында! Бирақ буны ойлаўға еле Оразгүл тәўекел ете алмай атыр еди: «Жарайды бизиң Орокең!» деп арқасынан қақты шын

мәнисинде кеўили толған Әмирхан ҳәм әкелген нашарына:

— Мен Европашалап, ҳаялға иззет—ҳүрмет көрсете алмайман,—деп мойынлады.—Дурысын айтсам, келистире алмайман...

— Феодал шығарсыз,—деп күлди қыз садасырап.—Бай шығарсыз!

— Мен еле феодализмде жасап атырман, байды ҳүкуўмет құртты. Дуры-ыс қаланың ең пуллы байының биримен, бирақ, ырасын айтайын ба, ырасын айтсам Африканың қәлеген негринен ашпан. Яқшы-ы, сиясат аўқат та болмайды, ләззет те бермейди, мынжерге шөк, ғоншым,—деди оң қапталындағы қызыл ғыжым көрпешени алақаны менен шаппатлап.—Уялмай-ақ қой, ҳәзир сени дым уялмайтуғын етип қояман, аўқатларыңды тезлет, Ореке, бизлер жүдә шаршап келдик. Аңқамның кебиўин-аай! —Хрусталь фужерге қуйып та ҳәлекленбеди, геширдиң салқынлатылған ширесин графини менен көтерип «ҳай-ҳайлады».—Енди маған чай керек емес, коньяктан қуй да гөшинди әкел, тез-тез!..

— Не? Поездың кетип баратыр ма, я «ТУ»ың ушып баратыр ма?!

— Айтқанды қыла бе-ер, Ореке, өзиң билмеген не бар!—деп күлди Әмирхан.—Я саған «Қыз не билсин, жаўан билер» деген қосықты айтып берейин бе?

— Айтпай-ақ қойшы!—Өкпелеўин де қылық пенен жарастырып өкпелеп кетти Оразгүл. Гүрсинип жүрип, аўқатын тезлетти. Аўқатты да Әмирхан ғабыр-ғубыр, асығып,аш көзлик пенен жеди. Коньяктан көп ишпеди. «Алып жибер, Әширепи жан», деп қасындағы қызды зорлай берди қопаллық пенен, буйрық пенен зорлаўына қарап, Оразгүл: «бурыннан табысып жүрген екен-аў», деген де пикирге кетти. Қызда, негедур, қарсыласарлық, шама жоқ, бәрине бурыннан көнип, әлле қашшан бас үйренген тайға меңзеп қалған, соннан соң: «Ийй, болары болған нашар-ғо!» деп, Оразгүл ойламай ким ойласын!

Лийкин, бул ойы қәте екен, тиртеклесип Әмирхан менен Әширепи төрги жайға кирип кеткенде Оразгүл аўыздағы өжиреден ыдыс-аяқларды, дәстурханларды жыйнастырып жүргени менен еки қулағы төрги жайда, жүреги лүпилдеп, жақын арада бир бәле болып қалатуғындай сезим менен көкиреги ҳәўлире берди...

— Қоя қой-саа аға жан...

— Қайыл болмасаң, кет—деген Әмирханның ҳөктем даўысы анық еситилди. —Маған сендейлер көп!..

Оразгүл, көкиреги ҳәўлирип жүрип, өзиниң төсеклерин салды, шешинди, жатты, бирақ сүтиреӊ шыраны өширмеди. Қара иш көйлегин, мәмишқабын, плавкасын шешпеди. Уйқыдан үмити жоқ, тағы турды, трюмоның алдына барып, қара иш көйлегин шешти, аржақтан өзине ақ қуўдай ғаз мойынлы перийште қарады буған, өзиниң шырайына, ақлығына, минтаздай азадалығына кеўили толды Оразгүлдиң: «бул ширкин меннен не мин таўып жүр екен?» деп таңлана бергени, иштен:

— Ўай-ўай, Оразгүл апа-аа!—деген даўыс ышқынып шықты.

Қызғаныш киргизди ме, аяныш киргизди ме, неге, не мақсет пенен кирди, оны да өзи билмейди, өзин өзи бийлерлик, өзине өзи есап берерлик ҳалатын жойтып, ғайрытәбийғый ҳалда ишкери сүңгигенин биледи, Оразгүл өзине нийетлеп салған ақ төсеклер жыйрық-жыйрық, умбар-жумбар, ақ шошқалар аўнағандай болып қашшан бир жақта қалған. Шыраның сүтиреӊ нуры Әмирханның жалаңаш арқасындағы моншақ-моншақ терди хрустальдай жылтыратып көрсетеди. Лийкин, Оразгүлдиң буны көрерлик көзи жоқ, көзи қан-қан, қашшан дағалланып қалған простынясына түсти. Еки жалаңаш дене өжирениң ишинде өгиз қос ойынын ойнап атырғандай бирин бири сүрип, төсектен түсирип баратыр. Қыз да жуўасыған. Тек ҳәр соққы тийген сайын қарыс ысырылып, «аҳ, уҳ, ўах, ўайй!..» дегени болмаса тап жаңағы апалаў жоқ.

— Уятсызлар!—дегенди Оразгүл уят көргенинен айтқан жоқ, үндемей шығып кетиўдиң есабын таппай айтып еди. Аўыздағы өжиреге шықса аяғына бирнеме оралып жүр, қараса жуп-жуқа жипек созбадан тигилген тап-таза қара плавка! «Дамбалым аяғыма түсип кетипти-аў!» деген таңлақлы әри ерси бир ой санасына жылт еткени де сол, жалма-жан кийип алыў ушын еңкейе бергенинде өзиниң дамбалын путында көрди ҳәм буның Әширепиниң путынан жулып алынып, есикке зыңғытылған плавкасы екенин аңғарған бойы, әжеп тәўир жеркеништен бе, ети шимиркенип сала берди де аяғы менен силкип таслады. Қол жуўғыштың киндигин түртип қолын жуўды, «бул шырайдың, бул шыр-

рыйыўдиң кимге дәрилиги бар» дегендей ашыў менен бетин жылтыратқан косметиканы да шайып таслады. Соң сүтирең шыраны сөндирип, төсегине кирди ҳәм томпайып жатып қалды. Өзинен өзи, негедур, азапланып, ненидур, қәдири өтип атты. Кимдур, қулағына ма ,кеўлине ме, «Жапаны шекпеген инсан, сапаның қәдирини не билсин?» деп сыбырлап атқандай. Шамасы, ярым ақшамнан асқан шығар, көзи илинди ме, илинбеди ме, билмейди, сүтирең шыра жарқ етип жанды, тас төбесинде тыржалаңаш тикейип турған Әмирханды көрди. Бул оның булай турысынан уялмайды, «үйреншикли жүрислери ғой бул жабайының! Қойныма келсе киргизбей бир ынтықтырайыныш!» деген ашыў менен ақ простыняны басына бүркенип бекинди. Лийкин, Әмирхан буннан ҳеш нәрсе өтиниш етпеди, күлмеди де.

— Ту-урр!—Простыняны серпип жиберди. —Маған жылдам-жылдам сары майға сарымсақ қууырып бер!

— Неппәлә!—Силкинип турды Оразгүл.—Тынышыма қоймайсыз ба түўе! Ҳоо анда ашығының дамбалы жатыр, алып кет!..

Әмирхан билегинен шарппа жабысып, искенжедей қатты қысты.

—Өйтип қызараңлайтуғын, қарсыласатуғын болсаң, тап усы турысыңа тыржалаңаш жайдан қууып шығаман, бунын пулын, мына затлардың шығынын сениң ғарры ширкетиң төлеген жоқ, билдиң бе-ее!..

— Билдик-ғооо билдик! Ондай ис қолыңнан келеди... Ўаайй, қолымм!.. Жибер, яқшы ислеп беремен!..— Әмирханға қолын жиберип болып, биле тура сорады: —Не, сарымсаққа жерикписең, жоқ ол!..

— Айналайын,—даўысын бирден жипектейлендирип, Оразгүлдиң жалаңаш арқасынан сыйпады. —Айналайын, ақ пышығым, ақ пышығым жақсы-ғо мениң, жақсы-ғо, хожейиниң шаршапты, бир диңкесине ендир, аппағым, дәри-пәриң бар ма, бер, бер, қулың болайын, бер...

— Оның маған не пайдасы бар,—ҳаялды мынаў таныс алақан кемкемнен майдай еритип, сыйқырлап атыр. Ҳәзир ғана «қойныма киргизбейниш! деп бекинип атырғаны қайда кетти, енди тәме етежақ. Уялған жас қызға меңзеп, простыняны жалаңаш сийнесине тартты ҳәм көзлерин сүзип, мәстана бақты да Әмирханды «пы-

шақсыз соятуғын тәбәссүмин көрсетти.—Ҳимм, шаршамай не қыласаң, ата қораз, бир өзиңе сонша ақ мәкийен! Еле сени мәкийенлер шоқып, талап өлтиреди...

— Өлтирсе мәкийен өлтирсин, айтқанды қылш, айналайын!..

Оразгүл де орынынан тыржалаңаш турып кетти, бул: «уялмағаннан уялмайман,» дегени.

Емшегин дирилдетип турып, буфеттиң текшелерин тинтинип атырып мәккарлық пенен сөйленди:

— Ғарры ширкеттикин берсем, сиңлимизге жәбир болады-аў!. Мә, мынадан бир собық жей ғой, бий... «шара» сөзин қосыўға қорқып, өзинен өзи сыңқылдап күлди.—Тағы сораўшы болма, енди жо-оқ,..

Әмирхан Оразгүл услатқан шерим таспадай қатты гөш тилиндисин әдеп көзиниң алдына тутты, соң тилин тийгизип көрди: «Сервилаттың дәминдей! .»

— Әйй, жарып шықса да саған исендим! Бул тәсир етпесе, пияз қуўырып бересең,—деп, жалманыўы менен ишке кирип кетти.

Азанда Әмирхан Әширеписи менен қалып қойды да Оразгүл жумысына кетти. Бул ҳаққында, әлбетте, ҳеш кимге тис жарып айтпады. Кеште дүкан жабылған соң үйине келсе, есик еле иштен илик. Сыртта жуўылған ақ простыня жайыўлы тур Электроқоңыраўды баса-баса зорға арғы жақтан биреўди келтирди. Бул ақ қағаздай уўмажақланып қалған, қабағы қалқыңқы Әширепи еди.

— Кешегиңнен бер,—деп тағы жалынды Әмирхан. —Не өзи ол?!

— Не екенин билмеймен, ғаррым таўып келди. Ал енди, дым жоқ, сорамай-ақ қой...

— Тағы биреўин бер, билләә, мың манат беремен!..

— Миллион берсең—ҳәм жоқ!..

— Сен айтпағаның менен, бәри бир, не екенин билип аламан,—деди өзине өзи исеним менен.— Билген күни не екенин ең әдеп өзиңниң көзиңе көрсетемен!— деп еди сонда. Бул—қасарысқан жеринен қан алатуғын, айтқанын орынламай қоймайтуғын адам еди. Әширепи жумысқа алынғаннан бир ҳәпте өтер-өтпестен Әмирхан азан менен сол күнлери жүкши болып ислеп атырған Жердашты алдына шақырып, қулағына сыбырлады:

— Зыянгер дос емес, дос зиянгер емес, иним. Ревизия келе жақ қусайды, кеңседеги мениң шпионым

хабар жиберипти,—деди жүдә қупыялаған адамсынып. Айбөрекке үйленгенине сонда еле төрт-бес ай да өткен жоқ еди, қолп ете қалған Жердаш:

— Ўай-ўай, аға, бизиң Айбөректиң есап-китабын бир көрип берсеңо!— деп жалынды.—Таза пери, алжасық кетип жүрген шығар!

— Жақ!—Әмирхан қолын көтерди.—«Яр» дегеннен Айбөректен басласақ, басқалар гүманланады. Бүгин бәрин де көрип шығаман... Бирақ сен бизлердиң есапласып атырғанымызды ҳеш ким билмеўи ушын қапының аўзында жүр, иштен илип қояман, сорағанға «жоқ» де!..

Келисим солай болды. Әдеп Жердаштың өзине тоқ чайнекке қайнаттырып, бир чайнек чай демлетип алдырды. Соң биринши етип, Оразгүлди шақырып бериўин өтинди.

Жердаш қулағына сыбырлаған соң фактураларын, басқа керек-жарағын алып, Жердаштың изине ерди. Жердаш өзлериниң сыртынан қулыплап атырғанын сезгенде-ақ Оразгүл есап-китапқа шақырмағанын билди! «Тандыры шықсын, жасанған жаўдан қайтпаған жүрегим асықтай майдан қайта ма! Буннан бетеринде —ҳәм тойға барғанбыз!» деген қиял кеўилинен кешти де:

— Ҳе,—деп күлди, сүйкимли етип күлди Оразгүл. Шортанды сууға жиберип жазаламақшымысаң?!

— Ўаай, ақыллы нашарсаң-аў!—деп таңланды Әмирхан шыны менен-ақ.—Төрге өт те жамбасыңа жер батпасының иләжын ете бер! Айтпадым ба, «тапқан күни көзиңнен ушқын шығараман» деп!..

— Шығарып бопсаң! «Ийт төлеўи бир күшик!» — деп ермеклеп кетти төрге қарай Оразгүл.

Әмирханның склады да склад, кабинети де склад. Узынлығы кеминде жигирма метр бар. Складтың төрине көрпе-төсек, кәт-пәт қусаған хожалық ўәжлери тақтайланып жыйналған еди. Оразгүл қашшан сүймент еденге еки матрацты қабатлап таслап, үстинде мон тыйып отырып атырғанда есикти иштен де илип, Әмирхан жетти.

— Сен шортансаң, басың тасқа тиймесе бола ма! —Күлди Әмирхан шешинип атырып.—Көпшикти дий ўалға тақа, «басың тасқа тийсин!

«Қойса, қойса!» лап, көнбей жақ еди, Әмирханның

өзи матрацты түби қараңғы дийўалға сүйреп салды. Қағазын жалбыратып, тутылмаған еки көпшикти де дийўалдың иргесине таслады.

Жердаш склад—кабинеттиң алдында пошалап узақ тура алмай бийсабырланып жас жубайы Айбөректиң алдына келди. Қарыйдарлардың саўасын таўып, сыбырланды:

— Ревизия киятырған қусайды! Баслық ҳәзир Оразгүлди көрип атыр! — Ҳаялының қызғаныштан-ақ өзгерген түсине Жердаш итибар берген жоқ.—Соң сени көреди, сөйдеп өтиниш еттим, есап-китабыңды дурыслаңқырап қой, «жаз» дегенин жаз, «исле» дегенин исле, ғошшым, ерегисип, сәл жерде басың ноқтаға илинип кетпесин!..

Бирер саатлардан соң складтың төринде аппақ денесин жалтыратып жүрип, Оразгүл терiден сығып алғандай болған комбинажкаларын, патасланған диз кийимлерин қәлеген сырт елиники, қәлеген ирени менен алмастырып кийиў ушын таңлап шығарғанларының қағазларын жулып, жипеклерин суўсылдатып, үстине тартып атты, асыққан да, албыраған да емес. Шаш қыстырғышларын жуқа ләплерине қымып турып, нәзик бармақлары менен бузылған, қопыраған прическаларын тәртиплестирип, бурынғы қәддине келип алды. Сыланып-сыйпанып, дым көрмегендей монтыйып, Әмирханның қасына келди де, ендиги буйрығын күтип, үнсиз турды. Әлле қашшан ентиги басылған, желпине-желпине терин басқан Әмирхан оған есикти ымлады. Иштен Оразгүлдиң гилтти таўлаўы мәттал, қапыдағы тышқан тықырлыны еситиўден шырпылдап келген Жердаш қара қулыпқа тықылдатып, бул да гилтин суғып атты. Қапыдағы беллик темирдиң сүймент еденге түскендеги жаңқылдысын Оразгүл Әмирханның қасына қайтып жақынлағанда еситти.

Есик ашылып, ишке елпилдеп Жердаш кирди.

— Көп нәрсе жетиспейди, аўҳалың шатақ!—Әмирхан Оразгүлдиң қағазларын қолына услатып атып ҳөктем сөйледи. — Ўазыйпаңды үсейтип бежерип турсаң шөп болмассаң, бара бе-ер!..

Соңғы гәп мысқылдай туйылды Жердашқа, оған Айбөректиң тәшўиши тақат бере жақ емес:

— Бизиң Айбөректикин де көрип берсе-е, аға, берекет тап!..

Усы гәп есиктен шығып баратырғанында қулағына жетип қалған Оразгүл өзинен өзи сылқ-сылқ күлди ҳәм қапыдан қайтадан басын суғып, жақлауға асылған қәддинде Әмирханға мәстана бағып қыйыла өтиниш етти:

— Жигиттиң сақты сынбасын, көрип бе-ер Айбөрегин!..

— Сөйтсе, аға?!

— Өзиң исинди питкерген соң кете бермеймисең!— деп бақырып жиберди Әмирхан.

Прилавкадан өтип, өзи менен сыбайлас турып, саўдасын етип атырған Оразгүлге саўданың саўасын таўып сыбырланды Айбөрек:

— Қаның бетиңе шапшып кетипти,— Оразгүл апа, есап-китабың қыйын болды ма?!

— Көрсеңиз билесиз.

— Көре ме екен бизлерди?!

— Әй, қәйдем!— Ойланып турды Оразгүл, усы көп ойланғаны Айбөректи албыратты. — Әй, қәйдем бала, сеникин көрмес!..

— Неге?!—«Баслықты өзине жақын көрип сөйлеўин қара!!» деген қызғанышлы ой жылт етти Айбөректиң мийине. Оразгүл жуўап таба алмай атырғанда таңланып тағы сорады:

— Неге?! Сеннен басқаникин көрмей жақ па?! Көрмесе көрмесин, мен есабыма дузиўмен әйтеўир!..

Даўысынан Әмирханға деген өкпени сезиў қыйын емес еди, соның арасынша саўда алаң етип, Әмирханның пәнтин умытайын десе де умыта алмай өзинен өзи бир қызарып, бир бозарып жүргенде дәлбиреклеп Жердаш келди ҳәм қоңсысы Оразгүлге еситтирип-ақ:

— Сеникин түсте көретуғын болды!—деди жеңимпазлық салтанат пенен. Оразгүл, Жердашқа жалт қарап күлди, ондырмай күлди. Айбөрек буны қызғаныштың күлкисине жорыды, Жердаш ҳеш нәрсеге де жорыған жоқ, пул сорады:—Пул бер, шәшлик-пәшлик әкелейин, ўақты жоқ, түсликке шықпай, шай-пай ишип отырып көрежақ,—деди де берген пулды алып, дәлбиреклеп шығып кетти.

Сол күни ҳәмме ҳаяллар түсликке үйлерине кетти. Жердашты Әмирхан гөш көтерип, үйине қайтарды. «Есап-китабын көреди екен, ревизор киятырған қусайды!» деп, дәлбиреклеп жүрип, Жердаш мақтаныш

ушын-ақ, баслық пенен дүканды иштен илип қалып атырған ҳаялын ақлаў ушын-ақ Кеңесгүл менен Әширепиге айтып, екеўиниң бирден бетлерин сурландырып, баслығын қызғандырып жиберип еди. «Ол қандай есап-китап көриў, шотлардың шартылдысы нелерди аңлатып атыр?!» — Буны ҳаяллар түсиктен келгенде Айбөрек жақсы ғана уғып отырды, Оразгүлдиң де бағанағы илме-султан сөзлерине түсинген сайын оған өзин тәғдирлес санап, Жердашын аяй берди, деген менен, бөлимлери иргелес еки дүканшы бирине бири сыр бермей, бирине бири: «маған дым да қол тийгизген жоқ, мен тек есабымды тексертип шықтым,..» деген сөзлерди үнсиз айтысып, бирине бири периште болып көриниўге ҳәлекленгени менен буның мәзи ҳәлекшилик екенин, бирине бириниң бәри бир, инанбай турғанын бул екеўи де ишлеринен билисетуғын еди. Сол аралықта Жердаш склад беттен ҳеш сыр сақламастан барынша-ақ даўыслады:

— Кеңесгү-үүл! Баслыққа есап-китабыңды алып ке-ел, тез-тез!..

Кеңесгүл бөлимине жипти керди де: «Көрдиң бе, биз итибардан ҳеш қашан қалмаймыз, саған қыйын болды-аў!..» дегенди Әширепиге көзи менен айтты да: «Жән-жағыңа қарап, бизиң бөлимге көз-қулақ болып тур,» дегенди сөзи менен айтты. Есап-китабын Әмирханның шотына шартылдатып қақтырып шыққан Оразгүл менен Айбөрекке де көз қарасы менен: «Әбден, қудай болып қалып едиңиз, шақырмады ма мени!!!» дегенди аңлатып, жипектей созылып шығып баратырғанында бул еки ҳаял да оның қай есаптан шақырылып атырғанын ишлеринен сезгени менен бирине бири дым сезбегендей түр берисип турды.

Бирер саатлардан соң ақша жүзи таўық сорпа ишкен қыздың жүзиндей ме, ашшы бурыш жеп алған нәрестениң жүзиндей ме, қызара бөртип Кеңесгүл де шықты, кийик көзлеринде урлық ислеп қойған адамның көзлериндей үркеклик аралас жалтақлық бар. Оның ишки кеширмелери: «усы сумырай анаўлардың есабын алса да мениң есабымды алыў ушын шақырмаған екен ғой! Буны мынаўлар сезип қойса бетиме бир басыўы бар!» деп тур, «билдирмейинш!» деп өзин қатайта жақ болған сайын жинлиге усап жөнсиз күле бергени, сырнай даўысын шығарып, жөнсиз саўалларды

сорай бергени булардың ишиндеги ең тис қаққаны, ең стажлысы ҳәм жасы уллы Оразгүлден басқасына ғана: «мынаў бир түрли болып шықты-ғо!» дегизип таңланысты. Ал, Әширепи болса: «ҳәммени көрип, мени көрмегени неси?!» деп, ашыўланды. Лийкин, буның менен баслықтың өз алдына есабы бар екен, ол есаптың шоты складта емес, кеште Оразгүлдиң төрги жайында қағылды. Соның ушын да Айбөрек, Кеңесгүл, Гүлаpалар: «Әширепи баслықтың нәзеринен қалыпты», деген пикирге келгенде де: «ҳее, солай ма?» дегени болмаса, қатнастың қандайлығын Оразгүлдиң иши билип отырды.

Оннан бери көп жыллар өтип кетти. Сондағы жаңа қосылған жуптының биреўи Айбөрек, екиншиси Кеңесгүл ҳәзир әрўанадай ана, балалары мектепке қатнап жүр. Ондағы ғалы-гилемлер, сырт елдиң мебельлери Оразгүлдиң мына тамында жоқ, олардың Оразгүл қамалған жылы-ақ кәмписленгенин мынаў отырған Кеңесгүл де, ҳәзир ғана жесир қатындай жеке келип, дәстүрханы томпайтқан крокодил терисинен тигилген сумкасын Оразгүлге берген Айбөрек те жақсы биледи. Оның берги жағында, Оразгүлдиң Тахтакөпирдеги ғарры ширкети өлип үлгерди, жан дегенниң шығыўы сәл жерде, өзиниң меншик «Волгасында» намәлим адамлар тәрепинен жети жерине пышақ урылғаннан соң өлмек түўе дәў болса да сеспестен қатар! Буны Кеңесгүл де, Айбөрек те сол өлген жылы-ақ «узын қулақтан» еситти. Енди оған кеўил айтыў керек пе, керек емес пе, Кеңесгүл не қылды, айтты ма, айтпады ма, соны билмей Айбөрек питегене дағдарғаны менен «қызлай қосылмағаннан соң екинши қатынлыққа алғанның неси бай!» деди де өзиниң қысыныспасын өзи басты. Төрде боталақтай аўнап, бар көпшикти қолтығына тартып атырған қайсысына тийисли, Оразгүлге ме, Кеңесгүлге ме, аздан соң бул да мәлим болып қалды. Мәлим болмаған зат қалды ма, Оразгүлдиң бир жан садақасы да жоқ, туўылған күни де емес екен. «Еки достым бар, қай қәлегенин өзиң таңларсаң», деп, жумыссыз қаңғалап қалған бул екеўин таныстырыўға Кеңесгүл ертип келипти. Ал анаў төрдеги «боталақ» болса Оразгүл менен қашшан танысқан, Айбөрек пенен өзин: «Жеткерген» деп таныстырды. Буның винозаводының директоры екенлигин Кеңесгүл айтты.

Жеткерген мурыны ауызына ийилген қус тумсықлы, көзи қуусыйған жағынан қарағанда тәуир-ақ үлкен көринетуғын, минези сынық, даўысы өлпең, көп ўадырламайтуғын,- тобы кишкене ғана молласымақ жигит екен. «Тобы кишкене болғаны менен «ий» демей-ақ қой, Жердашың түўе Әмирханыңды да сақпанға салып зыңып жибереди!» деди сыртқа бир шыққанында Кеңесгүл Айбөрекке сыбырлап.

— Оның несин маған айтып турсаң!—деп садасырағаны менен не ушын айтып турғанын Айбөрек жақсы ғана уқты. Буған усы әңгимениң жақпағанын абайлаған Кеңесгүл:

— Оразгүл апаға қарасыңқырайды-ғо,—деп бурды әңгимени.—Әри кимнендур, өш аламан, әри... жаныма саўап. Буны дүканшылыққа алмайды екен, ҳүкимде солай жазылыпты. Заводтың жанынан бир арақ дүкан ашажақ екен, арақ, дегенди билесең-ғо, ағып турған суў, қасында заводың! Сол «басқаға кетпесин, пайдаланса өзимиздиң қызлар пайдалансын» дегеним ғой! Аржағын өзиң билесең, саған айылы босасыңқырап тур. Буны зорлап әкелген өзим, дүканшы таппай келген жоқ...

— Мен ондай талапларды қойдым, байыма ўападар ҳаялман ҳәзир.

— Ўападарлық жақсы, бирақ усыны айтсам, байыңның өзи сени әкелип, усы кисиге дүканшылыққа береди! Билемен-ғоо Жердашыңды, «Сени Әмирханнан өктем етип шығараман» десем, тамам!..

— Сен... өйтип, бизиң байды ким деп турсаң?..

Сол соңғы сөзи екен, Айбөрек бөректей бүлкилдеп, ишке кирип кетти. Бул ўақытта аўқаттың түрли-түрлисинен желинип, ўақыт та биразға барған еди, ашыўын ишине жутып турып, Айбөрек кете жағын, асығыслығын, байы келетуғын ўақыт болып қалғанлығын айтып, кеширим сорады.

— Онда телефон таўып, бизиң машинаны шақыр,— деп өтиниш етти Жеткерген Кеңесгүлден. Кеңесгүл Оразгүлден кимниң үйинде телефон барлығын сорады.

— Өйппей, сен кимниң үйин таныйтуғын един, жүр, өзим ертип апарайын,—деп, Оразгүл кийинип шықты.

Өжиреде Айбөрек пенен Жеткерген жеке қалды. Жеткерген омыраўын көтерип, көпшикти қурсағына басты да жүзин жылытты:

— Сиз маған унадыңыз, күнде бир ҳаял менен жүргенди жек көремен.

— Оериңиз жақсы екен. — Айбөрек түрине таңқалғанлық сыпат енгизе алды. — Оериңиз оғада жақсы екен! — деди тағы да қуўанғандай. — Бирақ мениң бир түсинбей отырғаным: сиз неге усыны маған айтып отырсыз?!

— Ә-әә, пияңның гәпи-дә! — Басын силкип күлди Жеткерген. — Өзим ҳәм ҳайранман, усыны не ушын сизге айтып отырман?! Енди, мен сизге «жүрейик, пүрейик» деп атырғаным жоқ, бирақ сулыўлыққа сүйсиниўге, бир нәрсеге таңланыўға, күлиўге, жылаўға ҳәмме-ниң ҳақысы бар, бәлким, сулыўлығыңызды айтпақшы болған шығарман, әпиў етиң, бундай гәптиң сизге гийне келтиретуғынын билмей қалыппан. Мынаў мениң визиткам, — деп тилдей қағазды созды. — Мәгар, қулыңыздың бирер хызмети керек болса телефон урарсыз, алың, алың, жәрдемге мүтәжге хызмет қылған—ҳәм қайыр-сақаўаттың бир түри, ол ҳуқықтан ҳәм бизди ҳеш ким махрум ете алмайды әлбетте.

Айбөрек алғысы келмесе де кенжерилиңкиреп алды:

— Ой-боой, исми-шәриийпиңиз тасқа басылыпты! — Шыны менен-ақ таңланды: — Буны мениң қызғаншақ күйеўим көрип қойса мәлел шығыўынан қорықпайсыз ба?!

— Бундай визитка сырт елде ҳәтте жумыссыздың да қалтасында жүреди, ояқларда паспорт-саспорт деген жоқ, бәри де усы, оның несине қорқаман! Таныссам, күйеўиңизге де биреўин берип қояр едим, «мың дос аз, бир душпан көп», дос арттырғанның неси зиян?!

— Усындай қағазды неше ҳаялға бердиңиз екен, бала!

— Тек сизге бердим, керек десеңиз, Кеңесгүлде де жоқ...

— Неге?!

— Сиздегидей бир қызғаншақ мениң үйимде де бар. Оны бизге жаны жәннетте болғыр әкемиз дуўшар етип кеткен.

— Онда... мен усы қағазыңызды Оразгүл апаға бере қояйын, сиз оған бир жәрдем етип жибериң, берекет табың!

— Жәрдем етемиз, әлбетте. Бирақ сиз қағазды өзиңизде сақлай бериң. Жүдә аўырлық етсе... — «Бери бө-

ре қойың» дегенди айтпастан алақанын созды. Қараса, Жеткергенниң көзинде аянышлы бир иренжиў бар, Айбөректиң ядына бирден: «асты қорлама, қустырар, ерди қорлама...» нақылы түсти де:

— Жақ,—деди жилўа—тәбәссүмин берип. — Мен қолыма түскенди жаздырмайман, ҳәўес етсем, түсирмей де қоймайман...

— Тап, бала, мендей екенсиз! — Ашылысып күлди Жеткерген. Күлгенде жүзи шырайланып сала береди екен, Айбөрекке сонысы унады. Сыңқылдап күлип:

— Онда сизиң ҳәўесиңизден қорқпақ керек екен,— деди Айбөрек.

— Қорқпай-ақ қойы-ың, — Жеткерген салдаманланды. — Елеге шекем ҳеш кимге талақ болып жабысқаным жоқ...

— Оериңиз тәўир екен, — тағы жилўа-тәбәссүмин жеткерди, соның менен: «жабыспағаныңды көрейин!» дегенди де аңлатып таслады.

— Ҳе-ҳе-ҳий, қылығыңыз пышықтың баласының ойынындай сүйкимли екен...

— Абайлаң, талаққа айланып кетерсиз! — Айбөрек тәкаббырлық пенен түргелип атырғанда тиртеклесип, Оразгүл менен Кеңесгүл кирип келди. Ур да—тут, Кеңесгүл де асықты:

— Мен де үйге жетип қала қояйын, машинанды шақырдық!..

— Тап, усы, мен де сизлерден қалмайын! — Жеткерген де жыйнала баслады. — Шоферым саат түнги оннан соң рухсат сораған екен-аў, отырыспаның қызығы менен оны да умытыппыз! — деп өкинип атыр.

Арадан көп өтпей бир бала жигит кирип келди, буның шоферы екенлиги айтпай-ақ мәлим еди. Енди тез арада кетери мәлим болған Айбөрек дәстүрхан-хантақтада тығынына қол тийместен найзадай шаншылып қалып баратырған бес шийше армян коньягине, бурандалы дағыстан коньягине ғана дуканшының нәзеринен көз жуўыртты ҳәм ҳеш жерден пулыңа таптырмайтуғын бул ҳасыл ишимликлерди дүканға өткерип жибере қойғанда Оразгүлдиң қанша пуллы болатуғыны, бул пул ушын Жердаштай бир азаматтың қанша ай жумыс ислейтуғынын шама менен есаплап та үлгерди. Қымбат-қымбат тақта шоколадлар, ғоза—ерик—кишмиш, қызыл алма, солқымлы жүзимлер оның есабына кирген

қ, «Намыс, намыс деп пөлке наннан басқаға жалшы-
й аштан-ҳәм өлетуғын болдық-аў!» деген жинли
ил да бир өтиўге кеўилинен «зуўў!» етип өтти. Еле
шампан дегенлерге сан жетиспей кирер өжиредеги
ндың үстинде қалып қойыпты, буны сүтирең шыра-
н жақтысында, иреңки сүттей ағарып шығып бара-
ғанында абайлады Айбөрек.

Айбөрек даңғырлаған бес қабат жайда бир өзи қа-
н баратырған, бир ўақытлардағы астыртын күндеси
нсгүлди бир нәрседей аяды ҳәм мынаў адамның тап
н бүгин бул кәраға келип жатпайтуғынын да «қу-
н билдирсе билди».

– Ең алды менен Кеңесгүлди таслайық, — деди
ткерген. — Соң Айбөректи апарып, бизикине тарта-
мыз.

Айбөрек Кеңесгүлдиң таза қалада да емес, Шорша-
ның берги жағындағы «Ботсад»тың әтирапында турату-
ғынын ғана еситкени болмаса үйине бурын-соңлы ке-
лип көрген емес. Баяғы бирге ислеп атырған дәўиринде
Гүлараден еситиўине қарағанда «Социализмниң»
жайларындай тырнақсыз, пақсадан салынған төрт қа-
бат ғана өжиреси, шағын ғана үй дәскеси бар адам-
ды буның кисиси, ол дәўирде «Ботсадта бирнеме бо-
лып ислейди», деп еситкени бар ҳаяллардан. Ал ҳәзир-
ги гәплериниң рәмәўизине қарағанда «Ботсадта» емес,
шпозаводта ислейтуғын қусайды. Буны Жеткергенниң:
Ақсақалдың арқасын қасып жата берме, ерте оятып
жумысқа жибер! Қатыны жас адамлар көрпени күсей-
береди», деп машинада дәлкеклесиўинен туйынды. Би-
рақ: «сол баяғы күйеўиң бе?» деп сораўға батына ал-
мады, болмаса, сораўға қайым: екеўи де «Волганың»
артқы орынларында отыр, қулағына сыбырласа да бо-
лар еди, «Баяғы болмай, не, күнде бир байға тийип
жүр деп пе едиң?! дей қойса, қыйын.

Машина ҳәр өрениң басында қулаштай узын лампа-
ре менен шығанақ жасап жанып турған жақты көше-
ге түсти, көше еле асфальтланбаса да шыралары зор
еди.

— Көшемизге электросеттиң инжинери көшип келди.
Ал соның шарапаты, — деп түсиндирди сорамаса да
Айбөрекке Кеңесгүл. — Мине мынаў бизиң жай!

Тырнағы адам бойы, бес айнасы бирден көшеге қа-
рап, тотықпайтуғын көгис қаңылтырдан конверт фор-

масында үсти жабылған, сыртын сыбатпаў ушын желим ылайын әдейи сызып өрген Хийўа дәрўазалы тас жайдың дәрўазасына тумсық тиреп тоқтады «Волга».

Машинадан Кеңесгүл жас қызға тән ойнақылық пенен түсти де зүмрет қаслы тиллә жүзикли суқ бармағы менен электроқоңыраўды басты. Жуўап орнына арғы жақтан арпылдап ийт үрди. «Қасқыр ийт болса керек, бул басқа байға тийген қусайды-аў! «Социализмдегидей» тырнақсыз жайы қай көшеде екен?» деген ой кешти Айбөректен.

— Мен-ғо, жат Рекс! — деп бақырған Кеңесгүлдиң сестин еситкен ийт те тыртым болды. Арғы жақтан салпылдап шүўек сести киятырғанда шофер машинадан шығып, артқы жүкхананы ашты.

Дәрўазадан басына спорт топпысын кийген, ақ шашлы, көз әйнекли биреўдиң басы шықты. Машинаны көриўи мәттал, ол адам киши қапыдан жалма-жан атлады, «Ақсақал, ишкерилемейсиз бе?!» деген қарлықпа даўысынан, жүрис-турысынан, бәринен де бетер, жалбырақлаўынан Айбөрек Кеңесгүлдиң баяғыда бир мәртебе көрген кисисин таңыды, бул адам дүканға сол барғанында да Әмирханға тап үсейтип жалбырақлап еди:

— Түссеңиз түйе таўығым бар...

—Жақ, рахмет, Парахат аға, бизиң еле баратуғын жерлеримиз көп, — деди Жеткерген сыпайылығын бузбастан.

— Онда аяғын буўып, машинаға салып жиберейин, қасында кеширерсиз, қасыңызда қонағыңыз — ҳәм бар екен...

— Түйе таўықтың да әжели жетер күн бардур, бизди еглемең,...

— Мақул, мақул! Сиз қашпасаңыз таўық қашпайды!..

Шофер бир ящик қылмойын ақ арақты дәрўазадан киргизип қайтып, орнына отырды. Машина бурылып изине қайтқанша Кеңесгүл де, Парахат аға да ишкерилемей изинен қарап қалды. Айбөрек «бурынғы кисиң бе?» деп сорамағанына қуўанды.

— Парахат аға деген, сырттан шыррық көрингени менен иши жупыны, дәлбирек адам-аў өзи! — Ҳеш ким сорамаса — да шоферына айтқан болып усыны айтты Жеткерген.

— Сизлерде ислей ме?!

— Складшы. Сизиң бахтияр еткен адамыңыз қандай екен-әй?..

Айбөрек еситсе де еситпегенге салды. «Билемен, бундайларға дәлбирек бай унайды...»

— Кеңесгүлден не жумыс ислеп атырғанын сорамаппан-аў!

— Бухгальтерияда. Не, сизлер сийрек көрисесиз бе?! «Қыл қыймас достым бар» деп алдаған қусайды-аў мақаў қыз!

— Алдамаған шығар, бирақ үй машғаласынан мен шыға ала бермеймен, сонлықтан ушыраса бермейтуғынымыз ырас. Сағынысып көрисемиз.

— Өйтип жүргенше бир жерде ислей қойсаңыз-шы!

— Байым қызғаншақ, бүйтип жүргизе бермейди.

— Қызғаншақ болса оны да қасыңызға жақынлатармыз.

— Оярын көре берермиз, мен сизден бир нәрсе сорай жақпан...

— Сорай бериң, мен шоферымнан ҳеш нәрсе жасырмайман. Бул мениң адьютантым.

— Сорасам, сиз винозаводқа Кеңесгүлден бурын келдиңиз бе?!

— Неге сорағаныңызды түсинемен. Оны жумысқа меннен бурынғы директор алған екен, бирақ Парахат ағаны иске мен алдым. Милицияда бир ис арттырып қойған ба, иссиз жүрген екен, қыйын ғой жумыссыз жүриў, жәрдем етпесек бола ма?!..

Әңгиме—гүрриңнен бурынғы директордың адам айтқысыз бир кеселге шатылып, елине қайтқанын, Кеңесгүлдиң соңғы директор менен де тил табысқанын аңғарды Айбөрек, демек, бул директорды Әмирхан танымайды, Әмирханды да бул танымаса керек, негедур, Айбөрек усы екеўиниң бирин бири танымағанын қәлейтуғынын аңғарды, «усы нәрсе не ушын мени қызықтыра қойды?» деген саўалынан өзи де шоршыныңқырап киятырғанда шофер силтелинген асфальтсыз, қараңғы көшеге машинасын айдап, диңгелек аттырды.

— Бизиң көшеге асфальт заводтың директоры керек, —деп күлди Айбөрек.

— Аппырмай бала, шақырып жүрип еди, бара қойсақ па екен?!

Жеткергенниң бул гәпи Айбөрекке унамай қалған жоқ.

— Ҳаў-ҳаў, өтип баратырмыз! Тоқтат!

— Бирден ҳаўлықтыңыз-ғой, алып қашып баратырғанымыз жоқ!..

— Алып қашыўға арзымаймыз ба?! — Жилўа-тәбәссуми менен күлди Айбөрек.

—Бәри өзиңиздиң ырзашылығыңыз бенен-дә! «Яқ!» демесеңиз Кавказға алып қашайын-дә!.

— Рахмет. Сиз мениң ҳәзилимди: «қашар көзин сүзбесе, буға жибин үзбейдиге». жорымай-ақ қойың, ғошшы-ымм, ҳе-ҳе-ҳе, бизики дәлкек-ғо, қудайым күлкиден айырмағай. Ал, тоқтата ғой, қарағым,—деди шофердың ийининен қағып, — Бизики мына... жаман дәрўаза.

Бул шоферға әдет пе, я яшуллысынан бурыннан соңға тәртип сондай ма, бул дәрўазаға да буферди тийгизе жазлап машинаны тормозлады. Айбөрек асықпай-саспай, сән-салтанатын келтирип, кейўаныларша созылып шықты да:

— Бизики ашық турады,—деп күлди. — Қасқыр ийтимиз де жоқ, электроқоңыраўымыз да сыңғырлаўдан қалған. А-ал, ишкерилең, келиўин келдиңиз, енди нан аўыз тийиўиниң несинен қорқып отырсыз?

— Солай дейсиз ғой, я, Мурат, артыңды аш! — Ҳаялдың күйеўине үстемлигин даўысының ырғағынан оқыған винзавод директоры қапыны ашарын ашса да түсертүспесин билмеген адамдай машинадан аяғын салбыратып отырды. Усы гезде Мурат жаңағыдай бир ящик қылмойынды көтерип келди де:

— Мине, қоңыраў, — деди күлип. — Дәрўазаңызды ашып жибериң, апа!

— Өйппей, оның не кереги бар!—дегенинше болмады, Мурат боялмаған суўық темир дәрўазаның кишкене қапысын ящиктиң мүйеши менен дүкип ишке киргени де сол, ишки қапылар да ашылса керек, шағал улыспақ бирден қулағына сап ете қалған Айбөрек үйинде шағал мәслик болып атырғанын бирден сезди ҳәм мирәт еткени менен турмай жаңағыдай жигитти өршелестиретуғын гәп айтқанына қысынды. Ендиги тилеги: «қудайым, машинасынан түспей кетебергейдә!» еди, лийкин, айтқаны болмады. Иштен шала пиянь ҳалында Тәңирберген Шаббазов, Сийсен шағласып шықты ҳәм:

— Ҳооо, қонақ келипти, қона-ақ!..

— Бизлер араққа тийин жеткере алмай отырсақ,

бир ящик арақты қудай аспаннан түсирди-аў!—десип, уят жоқ, әлем жоқ, Айбөректиң жети насырын бүгип, ғаўырласып шықты. Айбөректиң артынан:

— Бизиң қәдемимиз қайырлы, Айеке! — деген Нөкербай Ниязовичтың даўысы шығып, жалт қаратты. Нөкербай, қуўаныштан көкиреги қарс айырылып, ырсалаңлап күлиўи менен келди де, Айбөректиң бетинен сүйип, көристи. — Мине, үш жыл да дым көрмегендей өтип кетти! Мынаў ким?!

— Бул ма, — Айбөрек албырады. — Бул винзаводтың директоры!..

— Болды, болды, бизге басқа директордың кереги жоқ! — Тәңирберген бирден жанланды да Жеткергенге сәлемлесиў ушын созған қолын қайтып жаздырмады: — Мерекени баслап берип кетиң, енди, яшуллы, «жақсыдан шырапат! Яқ демең, яқ демең!..»

Жеткерген назырқаныңқырап, машинадан түсиўи мәтдал, тап бул бир космостан келгендей, үш есирик Жеткергенди қолының ушына көтерип, ишке алып кетти. Усыларға ере кирген Айбөректиң көргени: жыйырылып қалған дәстүрхан, шала тисленген пөлкенанлар, жығылып атырған шийшелер, туўралаған пияз, кесилген майлы, арзан колбасалар, консерва банкалары, төрдеги кәтте шалқасына түсип, нейлон носкийи көринип атырған өзиниң кисиси — Жердаш! Ҳәзир ғана әкелинген бир ящик арақ кире беристеги печьтиң қасында қаңылтыр тығынлары жылтырап, ящиктиң үстине гүмис теңге шашылғандай болып тур. «Қудайым, қара жер болғайсаң, Жердаш, бүйтип абырайымды төкпессең!» деп тисленди ишинен Айбөрек.

— Отырысыңыз бар болсын! — Айбөрек жулқынып шешинди, кийимлерин кийим қыстырғышқа ашыў менен булқынып жүрип қыстырды. Көрпешелерди қайтадан силкип төседи. — Үйди тәртиплестирип алғанша отыра турың,—деп, қапталдағы залдың ғулпын ашып, Жеткергенди әкелип отырғызды. Бул зал-жигирма ярым жумсақ гүрси иргелес қойылған үш столдың әтирапына дизилген, шынайы гилем төселген, төрдеги диванның үстине нәҳән түркмени ғалы тутылған, пәтиги фәнерленип, аққа сырланған, арзанлаў қәндил қыстырылған, айнасы шилтерленип, қызыл ғыжымнан перделенсен сегизге төртлик, әндамлы ғана жаңлаған зал еди.

Шыраны Айбөрек жағып жибергенде Жеткерген өзин мал қорадан үйге киргендей сезинди.

«Нан аўыз тийип қайтатуғын шығар» деген Жеткергени қара плащын, қара қалпағын, диванның үстине тақлап қойып атырғанда бунын тез арада кете қоятуғын адам емеслигин билип үлгерген Айбөректиң ядына үйде не бар, не жоғы түсе баслады.

— Сиз қысынбаңыз, қарындасым, бери келиң, тислеўигим жоқ,— Айбөректи қолының ушы менен шақырды күле шырайланып ҳәм «Тислеўиги бар!» деп атырғанымыз жо-ғаў!»деп, қасына келген Айбөректиң помазий халатының ғолабадай кең қалтасына бир нәрсени салып жиберди. — Бизлер барған жеримизге салмақ салатуғынлардан емеспиз, әмекиңиз үйден шығып келипти, гәплердиң рәмәўизинен соны уқтым, пайғазы!..

— Қалтама не салдыңыз?!—Пул екенин биле тура қалтасына қолын суқса ҳәрре шағып алатуғындай көзин адырайтыңқырап сорады.

— Әй, — Қолын былай силикти Жеткерген. — Арзымаған бир соқта! «Салмақ салмайық» дедик-дә!...

— Гәпиңизде турың!—Суқ бармағын шошаңлатып, мәккарлана күлди Айбөрек. — «Салмақтың аўырын сиз салар ма!» деп қорқаман!..

— Ояғы өзиңизге пайлы, бизде не салмақ болсын, бирақ мынаў пияңлардың рухсатын бергенде қулағыңыз тыншый қояр еди! Я бәриңиз бир үйде жасайсызлар ма, не?!

— Айта-а гөрмең!.. — Есик бирден шалқасына ашылып, Нөкербай кирип келди. Жумық көзи әбден жумылып, бир еки жақшаға айналып кеткен, еки қолында еки шийше арақ, «ҳалына қарамай галстук тағып, брошка менен қыстырыўын қара бунын! Сөйтсем интеллигентлик түс аламан деген ғой, түс алып бопсаң жабайы!» деген бир ақыретли ғәзеп жылт етти Жеткергенниң басына. Лийкин, бул қуўанышын да, ғазебин де ишине жута алатуғын адам ғой, өз үйине мирәт етип атырғандай: «төрлең, төрлең, яшуллы!» деп, орынынан турып, қапталынан гүрси усынып, әбжиллик етип атыр, сонда да: «бул үй, өзи тюремчиклер де келетуғын жай қусайды-аў! Мынаўлары оқыған-ақ адам қусайды, неғып қамалып жүр екен?...» деген қыял кетер емес. Айбөрек сыпырылып шығыўдан тасыр-тусырлатып, шаўқым-сүренлетип, Тәңирберген Шаббазов пенен Сийсен

Елмуратов та кирди. «Ҳимм, буларының да галстуги бар! Галстуктың абырайын төкти-аў!..»

— Мынаў усы аўылдың өли жууғышы, Тәңирберген Шаббазов, пул берсе табыт та соға береди, бала да оқыта береди, гүзли-бәҳәр түйе таўық та урлайды, шәйтан таўыққа шағалдан да өш!...

— Ҳимм, ҳаўўа! — Тәңирберген Шаббазов маңлайына түсип баратырған шашын он саўсақлап артқа қайырып таслады. — Нөкер Ниязович оғада дурыс айтады, бул киси устазымыз еди урлықтан. Биз енди таўықтан артық өте алмадық, бунын өзи өгиз де, адам да, ҳәтте ийтти де урлай алады, шынжырланған қабаўық ийтти-дә, бул, әлбетте, үлкен мәртлик, мынаў Сийсен сүмелек ондай ийттиң қасына да жантаса алмайды, маладе-ес Нөкер Ниязыш! Сөйтип, ылақ урлап, гезектеги қамақтан шығып турғаны. Өзи яман-ә талантлы, актер, мәрт адамның, саўатлы профессордың, Шотландия рыцарының, гереңниң, дийўана-дәрўиштиң, тийин тилеп арақ ишетуғын кеңседе түнеўши пиянщик гезенлениң, қуяңқының рольлеринде көп ойнаған, шпинолықты уқшатады, ҳалалый, п ринципиаль болып көрине қойса Турымбийдиң өзи шығар деп дыз бүкпесең маған ке-ел! Әне, басын шулғып өзи де мақуллап отыр, демек..

— Ой-боой, сиз әбден сыпатлап тасладыңыз-ғоо!..

— Не деп отырсаң, Тәңирберге-ен? — Нөкер Ниязович қулағын алақаны менен қалқанлап сорады — Еситтирип ай-йт!

— Әне, әне!—Тәңирберген Жеткергенди түртип, Нөкерге бармағын шошайтты. — Әне, ҳәзир гереңниң ролинде! — Бирден бақырып жиберди:

—Сени мақтап атырман, Нөке-ерр! Сен не күле бересең, Сийсе-ен? Яшуллы, бул Сийсен дегенде де тап мынаў Нөкердей идея жоқ, буларды жазар болсаң да безидейный қаҳарман келип шығады...

— Ә-әәй, сандырақлай бермей арағынды қуйсаң-ә! —Сийсен шаншыўланды. Нөкер оның бетине үңилип сорады:

— Не деп атыр?!

— Өлим! Сени «уры» деп атыр!

— Оның несине ашыўланасаң? — Нөкер күлип сөйлесе де ызғарлы сөйледи:—Ҳәзир ҳәмме уры! Сен де, мен, де, Тәңирберген де, ҳәтте, мынаў отырған директор яшуллымыз-да уры!...

— Ҳәй-ҳәй, сен есиң болса қонаққа тийме!..

— Сталин өлгели урылардың жолы болып қалды!..

— Аш бийттей бир майда парахор шығып киятыр,— деди бийтәреп отырыўдың қолайсызлығын сезген Жеткерген. — Бес-он манатты да пайда билип ала береди!..

— Асықпа-аң! — Тәңирберген пияньлығынан төрелиленип қәддин тиклеңкиреди де, шашын тағы өрлеп таслап: — Асықпаң еле, — деди. — Бизде пара жаңа тийин-тебеннен басланып атыр, демек, еледе раўажланыў бар деген сөз, себеп: пара раўажланған еллерде болады екен, мәселен, — бармағын көтерди, — Швейцарияда-аа, параны қадаған етиў түўе, пара бериў жоллары «Пайдалы кеңеслер китабына» жазылға-ан, билип қойың соны! Ҳә, арақты қуйың-әә, журт миллион пара алғанда бизге бир жалам жуғысы бар ма. яҳ, қалай айтаман?

— Дурыс айтасыз, жуғысы барын ислеў керек, жалаў керек...

— Сен ҳәм сум бала қусайса-аңң! — Тәңирберген турып келип Жеткергенди сүйди. — Бирақ исми—шәрипиңизди айтпадыңыз!

— Жеткерген Бекбергенов.

Сийсен сүўмеңлеп жүрип, қырлы стаканларға арақ қуйып шықты. Жеткергенниң көзине ме, я өзи солай ма, Нөкербай бирден сергекленип, биринши сөз алыўға асыққан шешендей шапшаң шапшып турды:

— Тосты мен айтаман!..

— Мийман айтсын!

— Қәдемиңиз қайырлы болсын, Жеткерген Бекбергенович!..

— Ҳаў, мийман айтсын деймен!!

— «Мийман, мийман» деп заңқылдай берме, Тәңирберген Шаббазыш! Мен, ақыры, сонша жылдан бери көриспей алыстан келип отырман...

— Ҳаўўа, Кәәбадан келип атырған шығарсаң?!

— Кәәба емес-тә, «Үш қудықтан» келип турысым усы, Жеткерген Бекбергенич. «Көп жасаған билмейди, көпти көрген биледи» дейди Бекбергенич, басшы адамсыз, заман қалай, заң қалай болып баратыр, буннан хабарыңыз бар. Кудайым, Сталинниң деспотизми қайтып келмегей! Мен «Үш қудықта» алты лампочка менен усланып, сегиз жыл алған бир жигит пенен бирге иследим. Гейпаралар ҳәзир: «ол ўақытта тәртип қатал

еди! Соның ушын — ҳәм тәртип бар еди» дейди. Мың қатал болғанда да алты лампочка ушын сегиз жыл арқалатыўға бола ма! Алты лампочка дегени не, бир кәпек турмайды!..

— Ҳәзирги ҳүкүўмет жаға ма өзиңе-е, соны айтсаң-ә!

— Соған киятырман-ғо, Тәңирберген Шаббазышш, айттырмай атырсаң өзиң! Ҳәзирги ҳүкүўмет яман емес еди, яқшы-ы, АҚШтың коридоры болыўына қарамастан Кубаны сақлап қалдық, бул—дурыс. Ал енди, Африкаға күн сайын нешше вагон көмир, нешше жүз вагон азық-аўқат, бийдай, кийим-кеншек кетип атырғанын билесизлер ме сизлер?! — Жумық көзлери ашылып, санын тап бир өзи билетуғындай отырғанларға тесирейип:—Билмейсиз!—деди. — Бул не, парамыз ба бизиң, я «социализмге өтпеймен» деген елге пара берип өткеремиз бе?!

— Маңлайың қурсын, «Үш қудыққа» тағы кетесең! Аш-жалаңашларға жәрдем-дә ақыры!..

— Үсейтип жәрдем бере берсең отыз жыл өтер-өтпестен еле өзиң ҳақлап шығатуғын боласаң!.. Садақаны да өзиңнен аўысса бермек керек. Бизге Қызыл-Ордадан бир жигит келди. «Нан жоқ!» дейди. «Вокзалдан өткен поездның ресторанына бас саламыз, нан жоқ!» дегенине сирә адам инанар ма! Қазақстан бийдайдың ўатаны, ал онда нан жоқ! Қайда кетти нан?! Тула самоварьдың ўатаны, тулалылар самоварьды Москвадан әкелген саўдагерден алады емиш!..

— Бәринен бетер мынаў журттың сыйырларын жыйнап алғаны шатақ!

— Жыйнай берси-ин, көремиз дуқанға қатық-сүтти үйгенин, «үйемиз» деди-ғо көремиз!..

— Ҳә-ә, мынаны ишейик деймен!..

— Қатты айтпасаң еситпейди-аў бул!—деп сыбырлады Сийсен. Шынында да еситпесе керек, Нөкер Ниязович: «бир нәрсе дедиң бе?» дегендей, Тәңирбергенге бурылып қарады да, оның ишип атырғанын көрип:

— Өлл, маңлайы қара, — деди бийҳазар дәлкекке салып. — Арақтан басқа идея жоқ сенде! Сен бир, халықтың ғамын ойламайсаң ба?!

— Мен бир не-е, ЦеҚаман ба, я Совминмен бе?! Ҳа-а, ойлайды солар! Сениң менен бизиң ўазыйпамыз— ислеў, ислей бериў, ойланбай ислей бериў! Ойланыў,

план сызыў мениң ўазыйпама кирмейди. Кукурузник: «Сексенинши жылы коммунизмде жасаймыз» деди ме, жасаймыз! Сен қаяқтағы бир отыз жылдан соң ҳақлаўды айтасаң, аспанды түсир әбден жерге! Есиң болса сен мынаны бил: ҳукуўмет, дурысырағы компартия тап өлемен дегеншеги жолыңды сызып берип қойыпты, тап бесиктен табытқашелли жолың белли-и, соннан тайдың бар ғой, «Үш қудықтан» шығасаң да турасаң, Ниязыш, бапладым ба, сөйл-е! Қой-қой, және сөйлей жақ-ғо мынаў! Ойлаў ҳуқықы саған берилмеген, исиңди қыл-ғәрип жаныңа арағыңды иш, сорлы-ы, ўа-ҳа-ҳа!..

—Нөкер-ерр!—Билегинен тартып өзине қаратты да: — Сени партшколаға жибердик пе?—деп бақырды аўыр қулағына — Сиясаттан қақсай қалды-ғо!..

— Жақ, жигитлер, бурыннан да ишип алсам сиясатқа қашатуғын әдетим бар еди, оны билемен. Бирақ, билип қойың, сиясатқа мен де бир адамдай ерегисетуғын едим, ал енди, зонада не бир қақ шеке, қасқа бас сиясатшылар бааарр, тап Кукурузнигиңниң қәтесин таўып отырады, исендирмей де қоймайды айтқанына. Соларға қарап отырып: «сиясатты билетуғынлардың бәрин қамап, гилең шала саўат сиясатшылар елдиң басында қалды ма екен?» дейсең, яқ, шыным! Ал енди, Жеткерген Бекбергенович, әпиў етерсиз, аўызыма тийсе үсейтип, көп көпиретуғын дәртим бар, буны жасырмайман. Тостты айта қояйын, мынаўларға да обал болды, қылғынып өлди-ғо бийшаралар!

— Ҳә сөйтсе?!

— Қылғынып өлмей бир, ҳәмме «винзаводтың» ишинде жүр ме, ўа-ҳа-ҳа!..

— Я сендей зонада—найзаның астында арақты қойып келди ме, ўа-ҳа-ҳа-ҳа-ааа!!!..

— Қоярр арақты! — Нөкер Ниязович қысық көзлерин барынша алартып өршеленди. — Сизлер «зонада адам дүзеледи» дейсиз бе?! Дүзелеер!!! Арақтың не түри зонада-да! Шипрдиң қурышлысы—зонада-а! Ояқтың өз законы өзи менен! Ояқтағылар, буяқтағылардай емес, өз законына өзи бери-ик, законын бузсаң—ул болсаң да қыз қылып жибереди!..

— Пишип жибере ме сонда?!

— Пишиў ғой, былай турсын!... Әй, Тәңирберген, сен қызықсаң өзиң бир, түсип көр, сенде киси қызық-

қандай, қатынның бөксесине қусаған әндамлы ақ бөксе бар!..

Булардың гәпи үсейтип бузыла баслағанда Жеткерген ҳәзир айналып келетуғын адамдай бүлкилдеп күлиўи менен сыпырылып өжиреден шығып кетти, пальтосы менен малақайы да диванның үстинде: «мийман қашқан жоқ, келеди!» леп атты.

Халаттың қалтасына салынғанның пул екенин билсе де нешелик пачкалығын билгенше асыққан Айбөрек мына жақтағы—баласы Бердаш уйқылап атырған жайға барып қараса—мурты шағылмаған гилең онлық! Бундай көп пулды «ала ғойға» бурын-соңлы ҳеш ким услатпаған келиншектиң жүреги ҳәўлирип, мийи: «буны неге берип атырды» ойлаўдан да қалған, қайтарып бериў сирә қыялына да келген жоқ, ойлағаны тек—буны жасырып таслаў керек! Жердаш көрсе, мың айтқан менен де еркек киндик—шатақ шығарыўы мүмкин. Сол қыял менен арыстай болып баласы жатырған кәттиң астына еңбеклеп кире сала тақыр паластың дийўалды жапқан шетине тығып жиберди. Соң ас үйге кирип, картошка қыршып, гөш қуўырыўға кирисип атырғанында: «жаңағыны тышқан кемирип кетпеспекен» деген бир ой келип еди, сол ойы тәшўишлендирип, сыртқа—коридорға шықса Жеткерген муздай тақта еденниң үстинде қайсы қапыға кирерин билмей носкишең дағдарып тур.

— Ҳе, неге шықтыңыз?!

— Бизиң шофер кетип қалды. Мынаўларыңыз бир, бийтәртип адамлар екен, аўызларынан ақ ийт кирип, қара ийт шығып атыр, шыдамадым, — деди от жанбаған коридорда тоңғанынан қалтырағансып.

— Мына жайға кире қойың,—Бердаш жатқан қапыны нусқады. — Ҳәзир бир-бир шийшеден қолларына услатсам, жоқла—рым болады!...

Аздан соң пальтосы менен қундыз малақайын алып кирген Айбөрек қонағының печьке арқасын жылытып турғанын көрди.

— Мынаў пальтоңыз бенен малақайыңызды көрип турса олар кетпейди! — Келиншек сөйленип жүрип, қолындағыларды кийим қыстырғышқа қыстырды.— Сиз бул жайдалығыңызды сездирмең, иштен илип отырың. Мен: «кетип қалды» деймен.

Тағы аздан соң адамлардың коридорға ғаўырласып шығып атырған сеслери, «кетип қалды, отырсың ба ги

лең пиянлар менен!» деген Айбөректиң ашыўлы даўысы, Сийсенниң: «ондай пайдалы қонақты қолдан шығармаў керек еди! «Мени қараўыл етип жумысқа ал!» дермен деп едим, бәри мынаў Нөкер Ниязовичтен!» деген өкинишлери еситилип атты. Жеткерген олардың тамды айналған аяқларының дүрсилдилерин, қайсысының дур, сүйкимсиз, жағымсыз даўыс пенен:

«Ҳа милийса, милийса,
Қәне желкең қыйылса!
Бир Нөкерге турмайсыз,
Бес милийса жыйылса—ҳәм!...»

—деп, қосық айтып баратырған сестин, тағы биреўиниң: «кимдикине барып ишемиз?! дегенин, тағы биреўиниң: «Мен ишпеймен Сийсен, пайымды үйге алып кетемен, сизлер Нөкер менен Нурлепестикине басып кириң!..» деген лерин еситип турды. «Ақмақ адамлар екен. ақмақ болмаса иште адам бар шығар демей айнаның аўызында турып ойласа ма, бахыты қара пияншиклер! Усындай пияншиклер оқытқан бала не оңсын, мектеп не оңсын, «муғаллимбиз!» дейди-аў түўе!.. Муғаллимнен кетсин садаға!..» — Ойын сырттан Айбөректиң қапыны тықылдатыўы бузып жиберди. Барып ашты. Баланы оятпаў ушын шығар, Айбөрек:

— Шыға бериң,—деп сыбырланды. —Қутылдым бәлелерден! Қайда отырасыз?!

— Әйәйй өжирелериңизди көрдик, жыллылаў шығар, отағасының қасына барайын. Жаңағы шоферы түспегир, қылқылдады да жүрди!.. Ҳеш гәәәп, пияда да кетиўге болады...

Усы «қысыншақлығы» менен Айбөректи көп санлы саўаллардан қутқарды, шынында да келиншек оның «қысыншақлығына, әдеплилигине» шын жүректен исенген еди.

Жердаш қурылдыны урып атырған мына жайға келгенинде жаңарақта көрген патаслық, бейбастақлығынан намыў-нышан қалмағанына Жеткерген: «Жеңил аяқ екенсиз!» деп, өзиниң таңланыўын ҳәм жасыра алмады. Айбөрек аўқат таярлаўға шығып кеткен соң әдеп: «қайсы жайда жатқарар екен», соң: «басқа жайда жатқарса буның қасына қалай келе аламан?» деген ойлар көкирегин ийелей берди.

Пуўы бурқыраған гөши бар картошка қуўырдақ қаймақ қуйылған қара чай менен бир ўақытта келти-

рилди. Соған шекем ҳаялдың өзи ең болмаса бир де дарымағанына ҳайран. Ең болмаса қарап отырмаўы ушын қонаққа бир чайнек көк чай менен ермек таўып бергенде болар ма еди!

— Мениң балам дырдай жигит болса да шокалад шыдатпайды, — деди шақмақ қантларды усақлап атырып қысынғанынан Айбөрек. — Сары май да түўесилген,—деп те қойды күнде сары май жеп отырғандай.— «Оның не кереги бар, аўқат пенен сары май алыса-ма?» дегени менен бул үйдегилердиң шаппат пенен жүз қызартып отырған, аўқатына итибар бермесе де, дүнья жыйыўға жаңа-жаңа қызыға баслаған жарлыдан көтерилип киятырған хожалық екенлигин Жеткерген аңғарды. Кәттиң үстинде шалқасына таслап, шалынған малдай гә қарқырап, гә қырылдап атырған үй ийесиниң үстиндеги костюм да әри арзан, әри жуўылған, үйде арақтың ийиси болмағанда бас бармағы тесип шығып атырған кир-кир носкийиниң шуўашы да сасыр ма еди, әлле қайтер еди!

— Сизди кешигип қалар деп, шала-пула, жеңилжелпи дегендей...

— Дурыс ислепсиз. Отағасыны оятпайсыз ба?

— Бир ишсе, анық уйқысы қанбай оянбайды

— Оери жақсы екен!

— Оның неси жақсы?!

— Ҳәр кимниң өз мәпи бар,—деп күлди Жеткерген. —Биреўлерге уйқылағаны, биреўлерге еркелескени мәп..

— Өйтип бузылыспаң, мынаў бир қол сизики ме?

— Меникине усайды екен!—Жеткерген келиншектиң белине барып қалған қолын танымай турғандай көзиниң алдына тутып көрди. — Ҳаўўа, меники екен!!!

Аўқат желинип, пәтия оқылып болған соң Жеткер кететуғындай кийинип сыртқа шықты да, көп узамай қайтып келди.

— Тас қараңғы! Таўық көз едим, қапылып қалды!..

— Адам жатырқамаймыз, «кел демек бар, кет демек жоқ», сиз жатқандай бир мүйеш табармыз. Залдағы диван тарлық ете ме?

— Әлбетте... тарлық етеди. Мен аўнап кетемен...

— Ҳимм, солай ма-а? — Жилўа-назы менен күлди Айбөрек. «Қудай берди!» деп қойды ишинен жигит ҳәм жүреги лүпилдеп, залға көп өткермей-ақ Айбөректиң изинен келди. Айбөрек диванның төменине, стол менен

еки аралыққа төсекти салып үлгерген екен, жигит тартынып, қысынып турмады, асығыс сыртқы кийимлерин шешип-шешип, гүрсилердиң үстине қалай болса солай зыңғытты.

— Басқа ҳеш тәмем жоқ, тек үлбиреген ләплериңизден бир ғана өпсем бийәрманман...

— Жақ, жақ... Өйппей, жумсақ қол да бундай қарыўлы боламекен!—Айбөрек аўызын қашырғаны менен қыпша бели бийықтыяр тал шыбықтай таўланып трўсийшең жигиттиң киндигине майысып баратырғанын, өзиниң де бууўынларынан диңке кеткендей қамырдай ийленип, төсекке жаўырынының тийе баслағанын абайлады, лийкин, өләмата қарсыласқысы да келип атырған жоқ еди, усы пурсатта лебине лып етип жыллы леп гийди ҳәм ләби-пәби, тили-пили менен сорылып баратырғанын сезди. Тез алдын алмаса мынаў адам биротала жутып қоятуғындай ҳаўлықты ҳәм өз демине өзи бууўлығып:

— Қойып тур, өзим-ақ, өзим...—деди қос қоллап басын ары ийтерип. Жигит тағы бираз мыжғылап, ўәдесин алып болып босатты. Айбөрек шығып кетти. Оның ашыўланып кеткенин, қайыл болып кеткенин түсине алмай Жеткерген төсекте ентигип атырғанда Айбөрек қайтып кирди, шыра еле сөндирилмеген еди, жатырған жигиттиң қапталында тикке турып, көпшигиниң тусына бағанағы соқтадай бир пачка онлықты торс еттирди:

— Алың мынаўыңызды! Ҳәмме нәрсе пулға сатыла бермейди. Сиз мени-и... — Арғы жағын айта алмай қалды, Жеткерген тобықлығынан шап берип услады да, ҳаялды шалқасына салды. Айбөректиң ләби, тили қайтадан сорылып, кем-кемнен усы ҳәрекетлердиң өзине де унай баслағанын сезген соң шемберлигин жыбырлатқан қолды қағыўды да умытты, ақыры, «не болары болды енди!» деди де ықтыярын путкиллей берип жиберди.

Бираздан соң шабылған аттай сабылып, терлеп қалған Айбөрек ҳәдеўир ўақытқа шекем бийҳал ҳалатта шалқасына үнсиз жатты. Жигит ойынлы-шынлы етип: «Енди кете берсем бола ма?» деп еди. «Өзиң билесең,—деп жилўа-наз бенен күлди келиншек. —Қолыңа түскенди жаздырмағаның қайда!..»

— Бул гәпти сен—ҳәм айтып едиң.

— Мен жаздыра жақ емеспен-аў! — Турып баратырып сөйленди. — Өзиң ноқтаны сыпырып кете жақсаң. —деди де — шығып кетти. Жигит ентигин де, терин де басып еди. Айбөрек қайтып кирди.

— Жердаштың сыртынан илип келдим. «Сөкти жей алмаған тисинен көреди-дә!»—деди ҳәм уялмастан, тартынбастан шешине баслады. — «Шешинген суўдан тайынбайды!» «Не болары болды енди, ийтере бер, жуўернемек!» деген екен баяғыда бир кемпир жас баспашыға!..

Таң алагеўгим болғанда Жеткергенниң төсегин диванға қайта салып берип, өзи кисисиниң қасына кетпекши еди.

— Қалтада партбилет бар, елес-қапаста қайта берейин, сағындыра бермей хабарласып тур,—деп, жигит кетип қалды. Ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай, дым көрмегендей болып, Айбөрек Жердаштың кәтиниң тусына төсегин салып жатып еди, қатты уйқылап кеткен қусайды, көзин ашса Жердаш Бердаш пенен печьке хантақтаны жақынлатып, қара чайды қондырып отыр. «Ишпеймен» деп ише бергени ушын-ақ жалтақ болып қалған Жердаш:

— Уйқыңды бузбаў ушын чайды да өзлеримиз қайнатып ишип отырмыз,—деп жалбырақлап атыр. — Нөкербайлар мынаў бир ящик араққа пулды қайдан тапты екен?

— Оны винзаводтың директоры әкелди. Бизлер менен Қоңыратта бир мектепте оқыған Жеткерген деген бала ғой! Қысынғанымнан қыз болдым-аў, шетиңизден пиянсыз! Кетип қалды!..

— Паҳ, нетесең-әй! Қолға бир түскен екен-дә, айырылып қапсаң, қаты-ын!..

Соның арасынша Бердаш мектебине кетип қалды. Түндеги «уллы қонақ» келгендеги масқара қылғаны ушын тулланып отырған ҳаялының кеўилин жадыратып жибериў мақсетинде:

— Көптен бери айта алмай жүрген бир сырым, — деп сыбырланды. — Менде жүз мың манат ақша бар!..

— Пиянлығың еле жазылмапты! Я тағы иштиң бе?!

— Олла, ырас айтып отырман—жүз мың манатым бар. Тисиңнен шығармасаң айтаман!

— Айта бе-ер!

— «Ант ишейин» де?

— Ант ишейин!

— Жүз мыңды маған берди, еки жүз мыңды өзи алды. Шарбақтан сыртта турып-ақ дүканды сым менен иштен өртеп бергени ушын мынаў мектептиң директоры, әри физик муғаллими Гүлимбай Нағыметовичке жигирма бес мың!..

— Өлимм! — Айбөрек Жердаштың аўызын басты. — Тисиңнен шығарма! Аўызың былшырап, пияң болып, ҳеш кимге айтпап па един?!

— Сеннен қорқып айтпай жүргенимди кимге айтаман?...

— Менде де он мың манат бар дүканнан жырып қалған!. Мен де «биреўге айтып қояр» деп сеннен қорқып айтпай жүр едим...

Айбөрек баласының кәтиниң астынан бир пачка онлықты алып келди де хантақтаның үстине қойды. Қойыўын қойды да: «ўай-баай, сорым,—деди өзинен өзи қопалланып, ишинен. — Дүканның пулы қарыйдардан жыйналады, қарыйдардың пулы бундай пачкалы болмайдығо, я мен машина сататуғын дүканда емеспен! Билип қойса... Жа-ақ, бунда ондай пәм жоқ!...»

— Жеткергенге бир қараўыл, бир складшы керек екен, жақ, бир дүканшы екен-аў! Мийим қурысын!..

— Мынаў мың манатты сен соған бер! Ондай жумыслар парасыз болмайды,—Жердаш пачканы Айбөректиң қолына услатты. —Сөйт те маған қараўыллығын, — өзиң дүканшылығын ал, буны азсынса тағы бер, ҳәзир заман параның, жерменниң, талампайдың заманы, ғошшым, «кеспесең қанамайды», арақ деген ағып турған суў! Қулың болайын, мени мынаў Әмирханнан бир оздыр! Бул—машина алайын деп жүр! Сөйлес, сөйлес!

— Несине сөйлесемен! Түнде «бармайман» деп қалдым.

— «Кисим менен ойласып едим, мақул көрди» де де бар-дә, бетиңниң қызылы төгиле ме?!

— Барыўын барарман-аў, ол бир ухажор мақаў еди, сен мени қызғанып өлесең-дә!

— Сени қызғанғанымнан өлетуғын болғанымда қашшан сүйсгим сиңсе болар еди! Көкирегиң менде болса болды!

—«Басқа жағың қайда болса сонда болсын» дейсең! Сен намыссыз!

— Не десең о де, қуры намыс оңысық болмайды! Оңысық та өтип атыр-аў, бирақ Әмирханның үстине шығыў керек-дә! Әне, сонда намысың тикленеди!...

— Сен намыссызсаң бәр'и бир!!! — Айбөрек еденди тепсинип-тепсинип силкинди. — Сендей байлы болғаннан байсыз жүрген абзал еди!.,.

— Не десең о де, бар ҳәзир, басқа биреўди алып қояды, бар ҳәзир!

Айбөрек жулқынып шығып кетти.

## 12

«Бәҳәрге бир аман шығып кетсек жумыс қапылмайды! Соған шекем оңысық керек, нан пулы болсын», деп бир ылақлы ешкисин көзи қыймаса да жоқшылықтан сатып келген Нурлепес ҳаялына:

— Бес жүз манат, балтадай бес жүз! — деп услатты пулын. — Елли манатын базар сорпа қылдым. Бир гилә гөш, бес гилә гәртүшке, он манатына тап алты пөлке нан алдым. Мени нан яндырдығо, алғаным алғандай желинип кете береди...

— Желинбей не қылады, қыдырмайың көп! Нөкер де, Сийсен де келе береди. Тасқылықтың әкеси де әбден усы үйге үйир болып алды! Баласының автобазаға мухайник болғаны қайсы, ғаррысының үйме-үй жүрип, ҳәз қуўалағаны қайсы!...

— Келген ырысқалы менен келеди, кең бол, ҳаял!— дейди Нурлепес үйреншикли сөзин айтып. — Алдына пөлке нан қойсаң ҳеш ким «палаў жемедим» деп өкпелеп кетпейди, бизиң үйдиң ҳалы ҳәммесине мәлим. Сонда да атаңдай ешки сатып, бир сорпа ишпегенимиз болмас, Тәжимурат та «барарман» деп қалып еди...

Тәжимурат деген Нурлепес пенен урысқа бирге кетсе де бирге урыспай, бұннан бираз бурын қайтып келген адам. Қаланы суў алғанында Тәжимурат «Социализм» колхозында отыратуғын еди, суў алыспақтың ўақтында үш-төрт айға шекем Нурлепеслерди үйинде сақлап, көзине тийгени бар. Енди, баласы Тасқылық автобазаның бирине бас механик болыўына байланыслы насос салманың жағасынан басланатуғын туйық көшеден төрт сыйырдың пулына жай сатып алып көшип келген. Буқарағанда басқа танысы болмағанлықтан өт геден жақын ҳәм жора билип, Нурлепестикине келе бе

реди: «Кемпир өлгели үйге сыймайман, мениң менен дәртлесетуғын сеннен басқа ийт жоқ. Усы жерде әжик-гүжик сөйлесип отырсам, питегене жеккелигимди умытаман! Нурлепес-аўў!» деп сырнығады.

Нурлепесте отыра беретуғын ўақыт көп болса Тәжимураттың «әжик-гүжик» сөйлесип отырғанының сирә зияны болмас еди, қысы менен бул Нурлепес отын көмектен босамады, қай үйге тандыр отын керек болса балтасын белине қыстырып, сол үйдиң тележкасында кетип баратырған Нурлепести көресең! Оннан аўысқан күнлеринде адамлардың атызларын төгинлеп береди, ол үйдиң ешек арбасы бар ма, жоқ па, парқы жоқ, буған ғәлтек арба болса да, қапылып қалған күнде жайыў ақ бола береди. Бунын есесине үй ийеси, әлбетте, Әмирхандай бай адам-дә, жарлы адам малай жумсай ма, буған гөне-көкси кийимлерин, шамалы тийин-тебен береди, Нурлепес бундайда айтысып-шертисип атпайды, анаў уялмасын етеди, бул да бергенин ала береди. Соның ушын да «Ақ тубалылар» Нурлепестиң аяғындағы былғары офицер етигиниң қайсы байдың гөнеси екенин, малақайының қай хәмелдардың нешше жыл кийгени екенин, Жумагүл Жумаштың басындағы «пуховой»ды қайсы мамақаймақ үлпилдек қай жыллары тартқанын емин-еркин биле береди. Нурқасымның үстиндеги олпы-солпы бешпент пенен қәлиби үлкен гөне аяқ кийимлердиң де бурынғы ийелери бар. Соның ушын ҳәм бул үйдеги Нурлепестиң де, Жумагүл Жумаштың да үстиндеги кийимлери я таза, я модный емес ҳәм булар өйтип кийиниўге талпынып та, әрман етип те, ҳәтте ойлап та көргенде емес. Ойлаў керек пе, керек емес пе, буяғы да олардың өзлерине намәлим.

— Аўқаттың керегин аш өзеги айтпағанда бизиң Нурекең оярын да ойламас еди,—деп, Тәңирберген Шаббазов Нурлепести дурыс әжиўалайды.

Шынында да ҳүкүўметтен қолының шолақлығына байланыслы алып турған еки жүз манаттың жүз манаты бирден бөлеси Өтештиң садақасына кеткен соң Нурлепестиң бир жағы опырылып қалғандай ҳаўлықты. Солай да қалған жүз манатын биразға шекем нан пулы етти, базардан мәшабалық мәш алып қайтты. Бул үйдиң Жумагүл Жумашының базар саўдасы менен басы айналмағанлықтан, сонлықтан ҳәм базар саўдасын билмегенликтен Нурлепеске қатты ойланыўға туўры

келгени ырас. Қалай ойланса да қыстың соңғы айы— февральды ашырқамай өткериўдиң бирден бир жолы оны төрт ылақлы ешкиниң биреўине апара берди де ақыры саттырып тынды. Сол ўақыттың өзинде-ақ өмиринше мың манат пулды түўел санап көрмеген Нурлепеске бул бир түўесилмейтуғын енеапаттай пул көринип еди, қайырласып, пулын шыртып алыўға қарағанда қарыйдар шытырлаған соқтадай он дана беслик берди де қойды. Тағы тәме етип, еле қолы созылыўлы турған Нурлепеске:

— Бул—жаңа ақша деген, ашнам!—деп күлди қарыйдар. — Бес жүз манат дегениң усы елли мана-аат!..

Нурлепес: «маған гөне пулдан бер, ҳаялым шатақ шығарады» деп айта жазлап барып қалды. Сонда да *ҳаялына: «быс жүзи манат, елли манатын ғәрежет еттим!»* деп мардыйып берди. Ҳаял дым таппай отырса да пулға қызықпайтуғын, «пулды услап-тутыў деген еркектиң иси» деп қарайтуғын-ақ ҳаял еди. Хожалық жумысына айналысып жүргенинде сыртта жыңғыл усақлап отырған Сийсенге:

— Жаңағысы дым қомсыз көринеди ғой!—деди өзинен өзи ҳаўлығып.—Усы ғаррыны биреў алдап жиберген жоқ па?..

*Сийсен «жаңағысы» не, «алдағаны» не, түсине алмай* атырғанда-ақ Жумагүл ишке сүңгиди де киринен гүлиниң ағы көринбей қалған жүктеги көрпениң қатламына қол суқты. Қанша ойлай алмайды десек те Жумашта пул санағандай шама бар. Айнаның жақтысына келип былай санап көрди, тоғыз беслик, былай санаса да тоғыз!

— Айтпадым ба, баплаған ғаррыны!—Сыртқа жуўырып шығып, Сийсенниң қасына жетер-жетпестен өзиниң *жамбасын өзи шаппатлады.*

Сийсен сорап, түсинип, мәселени билип алғаннан кейин бүлкилдеп күле берди, күлген сайын ҳаўлықты ҳаял. Сийсенниң күшиктиң көзиндей кишкене көзи күлгенде қысылып, Жумашқа жети жининдей көрингенли ги соншелли:

— «Биреўдиң қулағы кесилип атса да биреўге ки йиз кесилгеншелли көринбейди!» Күлгениңниң мәниси не, ҳә жаман!—деп бақырып жиберди. Сийсен ҳаял дың солығын бастырып болып, түсиндирди:

— Сол қырық бесиң сынған ақшадан төрт жүз елли

мана-ат! Ҳәзир таза ақша менен сынған ақша сапырылысып жүрипти...

— Ўай, қойшш! Елли манатқа ылақлы ешки бере ме, паай-, сенәм бир, жинли билесең-аў адамларды!..

— Тазаның бир манаты гөнениң он манаты! Исенбесең, әне, Айтбай домком—финагент киятыр, соннанақ сора, ҳаў!..

Жумагүл—Жумаш Сийсенниң бармағы шошайған жаққа қараса—ырас, Айтбай домком-финагент, қасында ийини қуўсыйған, урты ишине кирип кеткен сары сынлы бир жигит, оның изинде адасқан дәўдей дәпең әскерий адам киятыр. Бул адамның баяғы жылғы суў алыспақта ҳеш кимге бағынбай салманың нәҳән ырашын бульдозер менен буздырып, көп жайларды апаттан алып қалғанын көзи менен көрмегеннен соң Бердәмбет екенин Жумаш билмейди, бирақ атын көп еситкен адамы киятырғанын:

— Ҳаў! Бердәмбет аға да бар-ғо!—деп шапшып турғаны менен де шекленбестен жуўырып барып қолынан алып атырғанында билди.

Лийкин, Сийсен сөйтип әбжиллик көрсетсе көрсете берсин, бәри бир, көсем киятыр ма, шешен киятыр ма, Жумагүл—Жумаш жүрисинен жаңылмайды, күлип келе ме, тискинип кете ме, оған бәри бир, «болып болғаны усы!» Пасмандалықтан даңқ шығарған бул ҳаял: «ал-ҳа, келмеген ҳәмелдар киятыр! Таза көрпеше салайын!» деп ишке асықпады, бир есаптан, көрпешесиниң тазасы да жоқ еди-дә!

—Сәлем бердик!—деди қуўысырақ жақ сары сынлысы ҳәм: «бул заңғар ҳаял мынаў қырық жарық, жарықларына кир сиңип қалған қолларын узатпағай-дә!» деди ишинен, сол ушын-ҳәм қолын сарғыш-гүрең пальтосының кисесинен шығармады. Айтбай: «саў барсызлар ма?» деди қәдимги жуўан даўысы менен. Бердәмбет: «та-ак,—деп қойды. — Хожейин үйде ме?...»

— Ҳәзир келип қалар,—Сийсен мүләйимсип атыр.— Ишкерилең, ақсақаллар.

— Баслаң, Мәўлен Тоймуратович, биз жасы үлкен болғанымыз бенен горкомпартияның ўәкили-сиз!..

Бердәмбеттиң гәпи менен ишке кирген Мәўлен Тоймуратов «өзим-ақ жағып жиберейин» деди ме, әйўандағы қараңғылыққа көзин үйретпестен-ақ кире бериcтеги дийўалды сыйпады. Оннан бурын ишкерилеп үлгер-

ген Жумагүл—Жумаш: «дийўалды сыйпалап не излеп жүр екен?...» деп таңлана жазлағанда әбжиллик пенен Сийсен айтты:

— Бул үй еле свет қурғыза алмай атыр.

Дийўалдың қолына жуққан шаңын қағып атыр еди Мәўлен:

— Үсейтип жүрип, коммунизмге бармақшымыз-аў!..

— Коммунизм, бул, пүткил елди электрлестириў!— Айтбай саўатсыз көрингиси келмей, көшелерде күнде оқып жүрген сүренин тәкирарлады.

Жумагүл-Жумаштың көп нәрсеге пәми алыса бермейтуғыны «ишкерилең» деп, мирәт етпейтуғыны Сийсенге мәлим, сол ушын-ҳәм Жумагүлдиң орнына қысынып, шыбыжыңлады:

— Ҳаў, ишкерилемейсиз бе?...

— Япырмай бала! — Мәўлен таңланды ҳәм басын қыйқаңлатып сөйледи. — Қараңғыдан көз алартса ешкиниң көзи-ҳәм жолбарыстың көзиндей жап-жасыл болып көринеди екен-аў!.. Уайпырмой, мына әйўанның патасын-ай! Ҳаў, енди, бул ешкини, сыртқа шығарып байлағанда болмаспеди, февраль ғой!..

— Байлағанда да болады! — деди Айтбай домкомфинагент күлип. — Пәрманнан хабары бардур, «көзден тасалаў турсын» дегени шығар, ишкерилең, ақ сақаллар!..

Жумагүл—Жумаш бар көрпешелерин төсепти, Сийсен соған қуўанды ҳәм өзи ошақтың қасындағы әлле ким сүмгирип таслаған ләгенди сыртқа алып шығып кетти.

Жайдың иши әйўанға қарағанда жақтылаў, ақыры әйнеги қубладан ғой. Киргенлерден дизе бүккени тек Айтбай. Мәўленниң болса: «тексериўге шыққан тексериўши барған жерине дизе бүкпеўи, аўқат ишпеўи, орысшалап айтқанда принципиальный ҳәм честный болыўы керeклиги» тисинен тырнағына, мийинен қуйқасына шекем сиңип кеткен. «Бул қарақалпақты баспүкил орысластырмағанша оңбайды!» деген ой ийиннне пагон таққан, отызыншы жыллардан бери санасын жайлап кеткен, сол ушын-ҳәм ҳасла қолын табаққа урмайтуғын, қасық, қасық болғанда да қарақалпақый узын дәстели, жарманы шайып жиберип, алдын тосып ишетуғын ағаш қасық емес, қалайы болса да тыйық қасық сорататуғын Бердәмбет:

— Гүрсини әкел! — деўи мәтдал, бул үйден ондай нәрсениң усы бес жыллықта болыўы мүмкин емеслигин жақсы ғана билетуғын Сийсен: «Ҳәзир, ҳәзир!» деп сыртқа шыққаны менен қай үйге жуўырарын билмей бир зум дағдарды, бир қараса үйреншикли аяқлары оны қашшан столласып, гүрсилесип үлгерген Жердаштың үйине әкетип баратыр екен.

Ол Жердаштикинде көп егленген жоқ. Қашшан винзаводқа қараўыл болып кирип алған Жердаш қараўыллығында екенин түстен соң-ақ билген едидағы, ал Айбөрек болса бир корзинка арақ пенен ҳәзир ғана дәрўазасына жақынлапты. Усыншелли асығыс, албырап жүрген адамның корзинкадағы шықырлыны қулағы илмеўи де мүмкин ғой, деген менен, бул—Сийсен-дә! Ал Сийсенниң қулағы болса, сондай қулақ, бул қулақ шийшениң шықылдысы түўе шийшедегиниң сылқылдысынҳәм шалып қалатуғын иләҳийда бир қулақдағы ақыры! Сонда да өлимнен уят күшли: билмегенге салды ҳәм:

— Гүрси, гүрси! — деп апалақлады. — Бердәмбет ағамлар келди. Қасында балтыры балта саптай, тар балақ шалбар кийген орыстай биреўи бар! Дизесин бүксе сөтилип кете ме, гүрси сорап атыр!..

Лийкин, «жаў келди деп жүрисинен жаңылсын ба!», —Айбөрек өзине тән парасатлылық пенен, Хийўалы нашарларға тән әдеп-икрамлылық пенен залының гилтин Сийсенге берди:

— Аяғынды шеш те керегинше алып кете бер!

Сийсен еки қолына үш гүрси алып, гүрсилерди қапыға тақырлатып киргизгенинде «дизесин бүксе балағы сөтиледи» деп жүрген орыссымағы пальтосының шалғайын қайырып, дизесине доғал мүйеш жасатып, туфлийшең отырыптыдағы, ал Бердәмбет еле ҳүрметли қараўылдағыдай тик аяғынан тур. Есикке таман төсектиң патаслығына қарамай жайласып алған Айтбайға: «Мен ондай зәкүн-пәкүнди еситпедим, ғарры билетуғын шығар, билмесе ийт муты сата ма?» деп атыр Жумагүл—Жумаш өкинишин, қыйналысын, налышын бет-әпшерине шығарып.

Сийсен Бердәмбетке гүрси қойды, орыссымақ өзи турып келип гүрсини үстине кесектиң шаңы жуқпастай дәрежеде дийўалға тақап отырды. Айтбай көрпешеге

отырған сынын бузбады. Бос қалған ярым жумсақ гүрсини қарсы алдына «дик» еттирип қойды да:

— Отыр!—деп буйырды Бердәмбет әскерий буйрық тәризде Жумашқа.

— Жақ, үсейтип-ақ жуўап бере беремен-ғо!—дегени менен, ҳеш ийбе сақламастан, гүрсиде отырып көрмеген жабанлыға тән садалық ҳәм ебетейсизлик пенен Жумагүл-Жумаш отырды. Отырды да, тағы.

— Ўай-бууў, — деп түргелди. — Мен сизлерге шай қайнатыўым керек екен-аў, ҳәй, жаңағы Сийсен қайда жоғалды?..

— Сийсенинди бизден сорамай-ақ қой,—Айтбай күлди. — Булар шайға да отырмайды...

— Онда... қатық әкелейин бе?

— Қаты-ық? — Мәўлен мейилленди. — Көптен бери қолдан уйтқан қатық ишкен жоқ едим... Бирақ, тексериўде жүрмиз-дә!..

— Тексериўде жүргенде бир... — Бердәмбет ишкиси келмесе де Мәўленниң ырайын абайлады. — Әкел бар!...

— Ҳаял бул өмирде носкийге үйренип көрмеген, ғарғаның туяғындай қап-қара, кир-кир аяғының Мәўленниң нәзерине шалынғанын, Мәўленди: «усындай патас жерде, усындай патас адамның қолынан қатыққа микроп жуқпай тура ма?» деген ойға алып келип, орыс ҳаялы жигиттиң иштейин байлап таслағанын қайдан билсин, балағын жалпылдатып, геўишин салпылдатып, шықты да кетти.

— Сизлер ешкиниң сүтинен уйыған қатықты көрмегенсиз! — деп ҳәўеслендирди Айтбай домком—финагент Бердәмбетти. — Бул үйде сондай бир қатық бар, төңкерсең банкадан түспейди, я сары май, я қатық, я сүзбе екенин билмейсең, сондай әжайып! Сондай әжайып, бизлер усы үйден аламыз ағарғанды, басқаники таңлайымызға татымайды, бул үйдегилер сондай сада, сондай ақ көкирек, сүтлерин ҳәтте суў қуйып көбейтиўди ҳәм билмейди!..

— Биз ҳәммемиз сондай болыўымыз керек, отағасы! — Мәўлен қолын солтаңлатып, шын жүректен сөйледи. — Ананңқараң, Бердәмбет отағасы! Честный адамды «сада» деп атырмыз! Усы пығлымыз турса ой, қайдем, Хрущев жақынлатып таслаған коммунизмге, ой, билмедим, бизиң қарақалпақлардың кирер кирмесин!..

— Киреди-и-и!—Қолын силикти Бердәмбет.—Социализмди еки этажлы жай көрмеген садалар менен-ақ қурдық! Коммунизм деген не о?!.. Ҳәзир ҳәмме саналы-ыы-ы...

Есиктен Жумагүл—Жумаштың кириўи Мәўленниң баслайжақ болған сөзин баслатпай таслады, шегир көзлерин Жумагүл-Жумаштың қолындағы қатықлы ыдысқа бақырайтты да лал болды. Жумагүл-Жумаш қатықлы ыдысты әдеп ошақтың үстине қойды. Мәўлен сонда да шегир көзин соннан айырмады. Жумагүл-Жумаш кир-кир дәстурханын жайып, ишиндеги бир буханка таза жабылғанлықтан бос ҳәм сонлықтан да ағаш саплы өтпес қазан пышақ пенен ун-усағын шығарып, нанды қыйқалап қырқ жарық қолы менен услап кесип атты, буған да қараған жоқ. Мәўлен. Жеңин түсирип жиберип, кесаның ишин сыпырып атты, буған да қарамады. Қатықты ошақтың үстинен дәстүрханның шетине көширгенинде: «мынаў усы қатықты ишкизе жақпаәй!!!» деген әри қорқынышлы, әри таңлақлы бир ой ҳаял сары қасықты қатыққа батырып, кесаға қуя баслағанда оны қысықлаў шегир көзин дөңгелетип жиберди. Бир кесаны Бердәмбетке созғанында Мәўленниң нәзери де кеса менен қосылып, Бердәмбетке созылды. Екинши кесаны Айтбайға созғанында Айтбайға созылды, үшинши кесаға қатық қуйыла баслағанда «Жақ, жақ!»деўи менен орнынан турып, тасыр-тусыр сыртқа шығып кетти.

Ыдыстың иши алты кесе алатуғын еди, буны Жумагүл—Жумаш жақсы ғана биледи. Айтбай менен Бердәмбет еки кеседан ишип болғанында: «тағы қуй демегей-дә, тағы қуйсам сыртқа кеткенине аўыспай қалады-ғой!» деген ой қорқытты ҳаялды. Абырай, олар: «қуй!» демеди.

— Мәўлен Тоймуратович! — деп даўыслады Бердәмбет. Буны әйўанда еситип қалған Сийсен сыртта түпиринип жүрген Мәўленди таўып: «Яшуллыңыз шақырып атыр», деди. Мәўлен ишкериледи, көзи қатық жуққан еки кесада дирилдеди.

— Ишип болдыңыз ба?!

— Ишип болдық, па-аа, қатық болғанына! — Айтбай таңлайын тақылдатты. — Саған да пай қойдық, нан туўрап ишип ал!

— Ишпеймен!

—Ишип алың, Тоймуратович, Айтбайдың айтқанынша бар екен! Бундай қатықты басқа жерден табыўын қыйын!..

— Дурыс айтасыз, отағасы! — Мәүлен басын қыйқаңлатып сөйледи. — Басқа жер горшокқа қатық уйытпайды! Я горшокқа уйтқан қатық жақсы бола ма екен?!

Отырған екеўи сонда ғана қатықтың ыдысына итибар берди. Ырасында да «орыслардың» бала отырғызатуғын «горшоги!»

— Ҳәй, жеңге, — Айтбай сорады—Мына ыдысыңды тазадан алыппең?!

—Буған тек сыпайыларға уйытып беремен, өзли-өзимизге гүзеге уйтқан-ақ бола береди. Анаў бирде, дүканда сатып атырған екен, ийт муты, ала қойдым, қақпағы да пәкизе!..

— Ҳә-ә, яқшы, мақсетке өтейик! — Бердәмбет қолын қылыш етип сермеди де созылыўы мүмкин болған гәпти қыйып таслады. — Гәп мынадай, буннан былай таза отырың, монша-поншаға барып турың, тазалық ден саўлықтың гиреўи, бул—бир. Екинши, мәмлекеттиң қарарынан хабарыңыз бар, ешки сақлаў қадаған. Не ушын сизлер ешки сақлап отырсыз?!

— Қарардан хабарым жоқ, бирақ бүгин биреўин саттық...

— Үш ылақлы ешки...

— Гәп тамам: бир' ҳәпте мәүлет, ендиги базар күни қуртың қарасын, журт коммунизмге жетиў ушын жүгин жеңиллетип атыр. Сизлер отыра бермең-дә ақыры баяғы заманда! Қалып қоясыз-ғо, жалпақлап түсиндирип атырман, түсиндиң бе? — Жумагүл-Жумаштың көкирегине бармағын шошайтты. — Түсинсең бопты! Жекке меншикти қуртпай турып, коммунизм ҳаққында сөз болыўы мүмкин емес, түсиниң ақыры, кеңес ҳүкиметиниң келгенине нешше жыл, соннан бери «Коммунизм» деп қақсаймыз, сизлер сирә бир санаңызға сиңирмейсизлер ғойяй! Тышқаншылап тасый бересиз түўе, ҳа, адам қусап жасаң! Малды жыйнап-жыйнап, қамайтуғын қораңыз жоқ, мал менен бирге жасап, өзлериңиздиң-ҳәм малдан парқыңыз болмай баратыр. Сизлер менен коммунизмге барыўға да уялады адам! Мына жүрисиңе қара! — Жумагүл-Жумашқа алақанын жайды.—Ҳа, анаў тисиңди азмаз четкалап жуў, насыбайкештиң ти-

синдей сап-сары, гүрең-сары болып кетипти!—деп еди, Жумагүл-Жумаш қысынғанынан-ақ енли еринлерин түрип күлди. Кетик тисине тили тирелип, Мәуленге ҳаял бурынғыдан да жеркенишли көрингенлиги соншелли:

— Айттық, болды-ғо Бердәмбет аға, турайық!—деди шыбжыңлап. Айтбайды да шағып алды: — Қатықты қандай ыдыстан ишиўди билмей жүрип, Айтбай аға да коммунизмге бармақшы! Пухараларыңның мәденияты төмен, несине күлесиз жолдас домком. Көшеңизде мәдений-ағартыў жумыслары жатып қалған. Турың-әәә, кеттик!..

Кетти.

Жумагүл-Жумаш Сийсенге моржа сыпыртып, шыра жақтырды, өзи ошақларға от жақты. Саўынның ўақты болған соң гүўенлеўли ылақлар маңырасып, бала жылап атырғандай үйдиң мазасын қашырып жиберди. Жумагүл-Жумаш ешки саўып атырғанда аўызы-басы алқара қан болып, баласы Нурқасым есиктен кирди. Жетиншини питкерип, қалған жағында мийине қонбағанлықтан Тасқылықтың автобазасында слесарь болып ислеп атыр еди. Айтыўына қарағанда Әмирханның Темирхан деген баласы менен Жердаштың Бердашы күш бириктирип, Айтбайдың бесинши класстағы Бийбираба деген қызына сырттан таласып сабап таслаған көринеди.

—Бийбираба деген кишкене қыз емес пе, уялмаймекен? — деп ерси көрди Сийсен. — Сен-ҳәм уялмайсаң ба гирттай қызға көз салмаға?!

— Мен ҳеш кимге көз салып жүргеним жоқ, ондай исшиниң қызына көз салыўым да мүмкин емес,— деди қан түпирип турып Нурқасым. — Қуўып киятыр екен, қыз маған келип тығылды, арашалағандағы қылып жүргени. Мен енди, балта менен геллесин шаўып, өшимди алмасам өлемен!..

Нурқасым бара мүйештеги балтаға жабысты, Сийсен оның қолынан балтаны жулып алды ҳәм: «Есиң болса зор менен айқаспа!»—деп ақылын айтты. — «О заман менен бу заманда зордың баласын әззиниң баласы жеңген емес!..» Бала тағы да пәтлене бере жақ еди, анасы араласты:

— Балам, Темирханға өзим айтып уялтарман, арқалап өсирипекғо! Енди қалай сабамақшысаң?! Мени «анам» деп сыйласаң, усы жәнжелди қой,—деген соң,

бала питегене басылып, бети-қолының қанын-жуўынып, питегене умытқандай болып еди. Соның арасынша Тасқылықтың әкеси Тәжимуратты ертип, Нурлепес келди. Шай қайнатылды, дәстүрхан жайылды. Еки қабатлығына қарамастан Жумагүл-Жумаш қазанын атландырып жиберди. Еки киси шайға бөгип, питегене көкнардан да таслап, әңгиме-гүрриңди қыздырып атырғанда изине зәмилдей биреўди ертип, Нөкербай келди ҳәм зәмилдей биреўин төрлетип болып:

— Бул, уллы мәртебели шайырымыз Турдыбай Ахыметниязович!—деп таныстырды. —Ағып турған суўырма шайыр, «ҳағын айтаман» деп, қамалып кетип еди, зонада мениң менен бирге болды, оғада шайыр...

— Оншелли емес-аў! — «Оғада шайыры» ғарқылдап күлди. —Пай, Нөкербай Ниязович, «оғада шайырлар» қамалмай, машын минип жүр, сен ҳәм жорттырасаң-аў әбден! «Оғада шайыр» болғанымда мени қамай ма?!

— Машина минип жүрген Бекхожа шайырыңның қосықлары өзи менен бирге көмиледи! — Нөкербай ежести. — Жақ, шыным! — деди биреў «өтирик» деп атырғандай шулғынып. — Ҳәр қашан патшаға, ханға қарсы гәп айтып, халықтың муңын-муңлаған шайырлар қуўдаланған, сен де сондайсаң, сениң Бекхожаң менен Ниязбай, Турымбет пенен Нурымбетлериң сарай шайырлары, олардың өмири қысқа-а, билип қой, олардан драм шайырың абзал, ең болмаса бет ашарда журтқа ҳәз береди, ал енди, сен мәңгиликсең...

— Ўа-ҳа-ҳа-ҳа! — «Оғада шайыр» оғада ғарқылдады. — Әй, мени саған оғада шайыр етип турған мәкентождың қалтасындағы бир шийше болмасын! Сийсе-ен, тығыны бослаў еди, төгилип қалған жоқпекен!

Күн батқалы бери недур жетиспегендей, негедур, ашырқағандай, лийкин, неге шөллеп жүргенин аңғара алмай дағдарған Сийсенниң көзи бирден жарқ ете қалды ҳәм жүктиң үстине таслай салған сур коверкот макентожға үлектей созылды. Қойын қалтасынан бир қыл мойын шийшени жылтылдатып суўырып шығарды да, тығынын ийискеп:

— Ҳа-а, ийисиңнен, бар екенсең-ғо!—деди журтты күлдирмекши болып, шийшени шорп-шорп сүйип. Оның менен ҳеш ким күлмеди. — Буны бежерип таслаған шеп болмас еди. Тәжимурат аға, сизден уят-аў!..

— Биймәлел! — Тәжимурат теке сақалын көтерип, «ише бериң» дегендей қолын сермеди. — Заманыңызға жарасса болдыдағы, нәшениң бәри нәше! Бизлер көкнар ишип нәше еткенде сизлердиң қылғынып отырғаныңыз әдалатлылыққа жатпайды. Инсанның кеўили неден көтериледи, соны ислемек керек, тек өлшемин билсеңиз, бизиң Тасқылықтай, ишип болып: «Өгиз боламан!» деп, жүкти сүзип, өкире бермесеңиз, бизлердиң кейпимизди сөйтип ушырмасаңыз болдыдағы!..

— Ҳеш қашан-ғоо! — Сийсенниң арқасы қуўжыңлап, Қутым супы бола қалды. Шырпылдап жүрип, пияз туўрады, қолы қолына жуўысар емес. Кеса да жуўылып атыр, нан да туўралып атыр, ошақтың астына отын да тығылып атыр. Аўдар-теңкер болып, қазанда бир кило гөш те қайнап атыр. «Исти қарыйдарына бер» деген усы!» деп қояды өзин өзи марапатлап. «Ўа-а Сийсен, сен-ҳәм бир жигиттиң орнына өлип кетесеңаў!» — деди ҳәмме исти тындырып, кеса дүгистирип атырғанда. Соң ҳәйле-пәйле тост-постына қаратпай тартып жиберди де:

— Мынаңқара, Жумагүл кише, маңлайымнан тер бурқ ете қалды! — деди Жумагүлге пешанасын тутып көрсетип. — Журт маған усыны да «қой» дей берединаў! Бул мениң журттан артық несийбем, неге қояман!..

— Ишкениң шеп емес-аў, халық қатары бир үйленип, хожалық болғанында...

— Хожалық болыў ушын үстиңде үйиң, бала-шаға сақлағандай күйиң болыўы керек. Усы жүргенде муғаллимшиликтен тапқан айлығым үсти басым түўе қара тамағыма жетпейди...

— Шийшесин еки сом алпыс тийиннан ала берсең гөрўине жете ме?

— Сен де ақыл айтасаң-аў Нөкер Ниязович, соны билсең өзиң неге ишесең!..

— Мен ишпей не қылайын, зона бизди белден айырып, биййышан өтиўге қайыл етип жиберди! Қамақ адам тәрбиялайды деген адам ақмақ! Қамақ — адамды бузып, жаўыз етип жибереди. Сен мен көрген жаўызлықларды көргениңде асылып өлер едиң! Параның үлкенин, бузықлықтың дүзелмейтуғын түрлерин мен зонада көрдим. Буяқта бай — ояқта да бай, буяқта езилгенлер — ояқта да езиледи. Соған қарсы шығаман деп, бар дәскемнен айырылып қалдым...

— Не дәскең бар еди сениң? Я ояққа инструмент алып кетиппедиң?

— Сен ақмақсаң, Сийсен! Ақыллы болыўың ушын сояқта жасап көриўиң керек!..

— Дуз-несийп тартса көре бересең. Бирақ мен не дәске алып кеткенинди билмеймен...

— Билмесең ҳәргизине бил, ишип жибер! Ояққа жылан барсын! Ақымақ болсаң да аўылда жаса. Бир есаптан алғанда, ақыллылардың бәри қамақта жатыр, не бир жалтыр геллелер бар, тынып турған билим, сөзлерин тыңлап көрсең мине деген көсемлериң менен шешенлеринди мына жерде қалдырады. Әне, соларды босатып ҳүкимет басына сайласаң, мынаўларыңа нан жо-оқ! — деди Нөкер үмитсизлик пенен қолын силкип. — Ақылы болғанда булар ешек пенен ешкини қурта ма, журттың сыйырын қурта ма! Өзин өзи гөш пенен, сүт пенен тәмийин етип отырған журттың барын сыпырып алып атыр, а-аал, енди бул журтты ким тәмийинлейди?.. Я меники қәте ме, Турдыбай шайыр?

Турдыбай шайыр бирден шоршынды:

— Мен тилимнен таўып жүрген адамман. Мен бул гәпти еситкеним жоқпан, билмеймен! Мени тағы Үшқудыққа жибергиң келмесе, қанымды қыздыра берме, Нөкер Ниязович, мен сендей емеспен, мениң бала-шағам бар. Мен сендей инструментимнен айырылып келгеним жоқ, оны да өзиңнен көр! Қолыңнан келмейтуғын ҳақыйқатлық ушын мықлы менен айқасыўдың неге кереги бар еди?!

— Сен нәмәртсең, Турдыбай шайыр. Мен сол ҳақыйқатлық ушын инструмент ғой, инструмент, геллемди берер едим, геллемди-ии! Мендей жүзлеген, мыңлаған, миллионлаған маңқаны қурбан етпей ҳақыйқатлық сырнай шертип келе бермейди! «Мықлы менен айқасыўдың неге кереги бар еди» дейсең. Не қылыўым керек еди, сендей көрингеннен таяқ жеп, жүре бериўим керек пе еди?!

— Жүрмесең, еристиң-ғо жеңиске! Айырылып қайттың, қарағым, майырылып қайттың қарағым, оҳа-ҳаҳаа!

— Мен, бирақ, — Нөкер ғәзеп пенен тисленди. — Оларды жексен етип қайттым, лийкин, сенде ар жоқ! Журттан таяқ жеп жасағаннан жасамаған артық!..

Гәп усы жерге келгенше шыдады Нурқасым, соң орнынан турды да қалшылдап әйўанға шықты. Төңкерил

ген келиниң үстинде шыра тур, төменде жатырған балтаның жүзи Нурқасымға жақтыдан жалтырап көринди. Бала балтаны алды да әйўаннан шығып кетти. Иштегилердиң буннан хабары жоқ, еле өз ара ғаўыр-ғаўыр болып атыр:

— Әй, сизлердиң бир, төрели гәпиңиз бар ма?! — Көпшикти омыраўына тартып, Тәжимурат ғарры Нөкербайға ҳәрре көзленди. — Баяғының адамлары Мәкке, Мәдийнаға барып келсе-ҳәм сизлердей тақылдамас, «зона, зона» дегенге не екен десем, тюрьма екен-ғо, соған түскениңизди айтыўдың өзине уялмайсыз ба түўе?! Ҳа «зор шайыр» дедиң, оның былығын тағы өзиң ағыздың, оның менен де турмай изин балтам-тапқа айналдырып баратырсаң, түўе! Шайыр дегенниң адамға шайырдай жуғатуғын гәпи болмағы керек, биз соны тыңлайық десек, ал енди төрели гәптиң ушлығы шығатуғын түри жоқ. Яқшы, сизлер зонаға барған екенсиз, жүдә бәрәкәллә, бара ғойың, бирақ «зонадан зәкүнди суўдай ишип қайтады» деседи журт. Сизлерден сорайық, бүгин буған, — деди Нурлепеске ийегин шошайтып. — «Ешкини сапластыр» деп кетипти. Бизиң бала партийный, «сыйырды сапластыр» деди, сапластырдық журттан бурын. Енди бул халықта жанлық-панлық қалмай ма, өлим-жетим деген болмай ма, сондайда қәйтеди бул сорлы қарақалпақ, усының бәри нырыққа сыя бере ме, яҳ, зәкүнге сыя бере ме, сизлер зәкүншил болсаңыз, соны түсиндириң бизлерге. Мынаў отырған Нурлепес, өзлериңиз билесиз, қазанлы адам емес, зорға күнин көрип отырған ҳалы бар, жалғыз баласының таңлайына ақ шашыратып отырған бир-еки ешкисин — ҳәм баяғының бай-кулакларын сапластырғаныңдай сапластырып жиберсе бул хожалықтың ҳалы нешик кешеди, дүканнан сүт, қатық алыўға бунының жигирма манат пенсиясы жете бере ме, жигирма манат бир хожалыққа нан бола ма, чай бола ма, гөш бола ма, оның үстине сизлер-ҳәм, жасырарлығы жоқ, жийи-жийи биз-ҳәм усы дәстүрханнан ғөрекленеди екенбиз, енди бунының ҳалы қалай кешпек?! Жумысқа кирейин десе, башқуртсыз алмаса, башқурт сораса, «колхозыңа көш» десе, бул адам колхозына көшкиси келмесе милиция менен айдатып көшире бере ме, сизлер сояқларын түсиндириң, бул адамның басында ерки бар ма, я жоқ па, сизлер сояқларын айтың бизге, а-ал, шайыр иним, мынаў

екеуиниң ғой қай дәрежеде пәтиуалылығын билемиз!

— Мен ғой, булардан онша пәтиуалы емеспен...

— «Ҳалын билген данадур!»

— Жағыуын қара мына Нөкерге! — Турдыбай шайыр ырылдаған ийттей тисин ағартып күлди. — Бул, аға, бендешилик-дә, ақымаққа «мен де ақмақпан» десең унай бересең. Сен тыныш отыр, Нөкер, мен бир, айтып болайын, ақыры!.. Кимниң қаяқта жасаса да ҳуқықы бар, бул зәкүнде айтылған. Ҳәтте, мен атын умытып отырған бир орыстың:

«...От Москвы до самих до окраин,..» Әәә, мийим қурысын, умытып отырғанымды қараш!

— «Много в ней лесов, полей и рек, — деп Нөкер намасы менен даўам етти.—Человек проходит как хозяин...»

— Әне, көрдиңиз бе! — Түсиндирди Турдыбай шайыр. — Сонша аралықты адам хожайындай жүрип өтеди деп атыр. Бул деген сөз, ҳәр бир адам усы кең пайтах Ўатанның ийеси — хожайыны! Воо, көрдиң бе, соны бәлент пафос пенен жырлап атыр шайыр! Аа, зәкүнде болмаса жырда бола ма! Буның тағы: «Где вольно дышит человек» дегени де бар, гәпи көп буның, воо, көрдиңиз бе Тәжимурат аға, «адам көкирегин керип, еңсесин көтерип нәпес алады!» деп атыр. Буның тағы: «Я другой такой страны не знаю...» дегени де бар, әне, көрдиң бе Нөкер, биз қандай бахытлы адамлармыз, я! Соны түсинбей биреўлер, ғайры елли биреўлер-дә, «булар тубалап атыр» дейтуғын қусайды! Ну, что-ж, тубалайық, бирақ бул ақ туба, изи қайырлы туба! Мен усы жуўмаққа келдим! Мен узақтан көретуғын адамман, Тәжимурат аға, билип қойың, дәлиллеп берейин бе?!

— Бай-боой, иним, мен ешки ҳаққында сорасам...

— Қойып тур, мен сол ешкиге киятырман-ғо! Буннан көп жыл бурын:

«...Көк терегим терек емес, темир-ди,
Жағал ешким көк теректи кемирди!
Көк теректи кемирди де семирди,
Ешкиңе бек бол, қарақалпақғым!..»

деген қосық жазып едим. Бир көк терек, әәә, мәйли, ақ терек он жылда келе болады! Ешки кемирсе ол өледи, ешки қымбат па, ақ терек пе?!

— Әлбетте, ақ терек! — деди Нурлепес. Турдыбай шулғынды:

— Сонда ешкиниң неге кереги бар, аа ешек неге дәри? Әнее, көрдиң бе, ЦеКа бизиң қосықты оқыған ба деймен-аў, Совмин қарар шығарды-ғо! Қәне шайырдың узақты көрмегени! Так что, Нурлепес аға, партия айтса «ырыс» дей бермек керек. «Партия ум и честь нашей эпохи», көрдиң бе, «Партия дәўиримиздиң ақылы хәм Хүжданы!» Бизиң ушын партия ойланады, толғанады, зачем бизге ойланыў! Ҳәә оннанша қарығынды жар да гешириңди ек, балаң жамбасына сүртип урады, көкнарыңды ек! Ҳәмме ойлана берсе, ҳәмме жыр таўа береди, биз де, мынаў Сийсен сәмәррие менен Нөкер аш қасқыр-ҳәм ойланып ақылдәне бола берсек, ыжр таўа берсек, ататуғын таң бар ма ақыры! Соның ушын ҳүкуўмет, партия айтады: «исиңди қыл, сениң ушын өзимиз ойланамыз» дейди, дурыс айтады. «Сөзиңди биреў сөйлесе, тилиң қышып бара ма!» Соның ушын партия айтты ма, орынламақ керек. Ҳүкүўмет үстине гүпи, басына гөне қалпақ кийгизип: «мынаў сениң начальнигиң, бағынасаң» деди ме, мейли ол адам емес, қаўын қарақшы бола қойсын, бағынасаң! Соның ушын-ҳәм сизлер, «ешкини сапластырың» дегенге қыйналмаңдағы ақыры! Шетимизден Хрущев бола берсек, Хрущевтың не кереги бар онда? Хрущев: «сапластыр ешкини!» деди ме, сапластырмақ керек...

— Түүүүўў! — Сийсен түңиле сөйледи: — Жаңарақта мынаны ишкен сайын қуўанып баратырған сыяқлы едим, сизлер кәйипти бир пул еттиңиз, Турдыбай Ахыметниязович! Алып жиберейик-тә буны, мынаңқара, маңлайдың да тери қайтып кетти, жаңа бурқ ете қалып еди-аў! — Үш кесаға бир-бирден тамызып атты.— Усы түўесилиўи менен қуўанышым түўесилетуғындайәй, аз-аздан қуяйын, созылып жанған оттың сорпасы мазалы!

— Ал енди, тилекти мен айтайын, — Турдыбай шайыр кесаның түбин зорға шайып турған арағына телмирип сөйледи: — Тәжимурат аға, шайыр халқы, бир, кем кеўил баладай халық болады! Журттан бурын жылайды журт жылай жақ болса, аа журт мыйық тартып атырғанда-ақ шайырлар қуўаныштан көкиреги қарыс айырылып ўаҳаҳалап атады. Бул шайыр халқының тағы бир парқы—ирeҳимшил, мынаў отырған Нөкер

Ниязовичтиң де шайырлығы ба-ар, соның ушын-ҳәм бул пияң болып киятырса дузде қаңсылап атырған күшикти үйге алып кире береди, аўызынан сүйеди, бул оның жаўызлығынан емес, ирехимшиллигинен әлбетте! Болмаса не бир жаўызлар бар, күшик түўе ҳаялын өппейди-әәә! Соның ушын—ҳәм бизлер( анаў-мынаў қылық ислесек түсинбегенге ерси көрине береди, сояқларынан өниў стип отырғайсыз...

— Жә-әә иним, биймәлел! Ойнап-күлип, саўдырап жасағанға не жетсин! Гәпинди бөлейин: тасқын жылы туўылғанға жалғызымның атын: «бәри тасқын бола берсин, «Тасқынлық» қойың атын!» деп қойып едим, елеге шекем өкинемен-ә! Тасқылық болды да кетти. Соның қылығы тастай бата бергенсоң әдебинде ермеклеп айтып жүрди жоралары, соң ыраслап, атқа айналдырып ибжерди. Бәри өзинен! Ҳа, жора-жолдасларын менен күл, ойна, сениң—ҳәм бир( қабағың ашылсын, бала-шағаң—қолыңа қараған шөжелерин! Қурық таўықтай үрпейе берсең бала-шағаңның да, келин-кепшиктиң де берекети қашады. Бул дүньяда баласына ыразы ата жоқ, сонда да иретинде айтып қалып атырман-дә иңим, болмаса бул гәптиң орыны емес еди, гәпиң аўызында, айта бер?

— Шайырлардың тағы бир мақаў әдети, Тәжимурат аға, Нурлепес аға, айтқанға инанбаўы мүмкин емес, партия айтты ма, желпәррикленип, мақтап шыға береди. Сталинди көсем еткен шайырлар емес, партияның өзи! Партия: «Сталин көсем!» деди, шайырларға не турыс, жазды қосықты, жазды дәстанды, жазды поэманы! Көсем болып шыға келди, енди сол дәстанлардың бәри Сталинди менен қоса тандырдың тамызығына кетти...

— Сонда да арғысында жоқ бул шайырлардың! — Нөкербай дәстүрханды мушы менен қойып салды. — Енди «Хрущев барда урыс жоқ!..»деп жазып атыр булар, енди буған сыйынбақшы!..

— Ҳа-аўў! — Тәжимурат гегирдегин созды. — Көкирегинде басқа сыйынатуғын қудайы болмаса кимге сыйынсын-ыныпн? Өзлеримиз қудайдан басқаға сыйынбаймыз, қудайы жоқ шайырларынның, соның ушын — ҳәм обкомға да, пахтаға да сыйына береди булар, ҳе-ҳе-ҳе! Әәй, бир күлип атырмыздағы Турдыбай шайыр, кеўилиңе келмесин тағы!..

— Жақ, аға. Бизиң қулақлар оннан да бетерине үйренип шыңланған.

— Ҳаў, тостыңды айтсаң-ә, мусылма-ан!

— Мусылман өзиң бол, мен атеистпен, Сийсен! Бирақ, тостымды айтайын. Шайырлар деген, аға...

— Буў, шайырлардан басқа гәпиң бар ма?...

— Бул шайырлар деген, Тәжимурат аға, кеўили пахтадан бос, қылдан нәзик, кем кеўил, елжирегиш жетим баладай халық. Булар тилек тилесе де келмей турмайды!...

— Әўмийин, иним!—Жақсы тилек тиленерине исеними кәмил Нурлепес көпшиктен омыраўын көterip тикейди. Тыңла, ҳаял, шайыр инимиз жақсы тилек тилейжақ!

— Тилегим сол—аға! Жаңағы балаң қайда кетти?!

— Сыртқа шығып еди, жүрген шығар.

— Оны сорап отырғаным — Нурлепес аға, мынаў Нөкербай: «жалғыз ғана баласы бар, тәўир киси, пейили кең, баласына бир тилек айтып кет» деп еди-дә, Нурлепес аға! Соған келип едим, баратуғын жер дым көп...

— Жүдә бәрекәлле, иним, буғырлым бизди менсинип келгениңе-ақ төбем көкке жетип қалды! Иләйим, тилиңнен дүр шаша бер!

— Пах! — налынды Турдыбай шайыр. — Өзи болғанда болар еди-дә!..

— Мынаў бала қайда кетти-әәй? — Сийсен жер таянып орнынан турып баратырып сөйледи. — Қудыққа түсип кеткен болмаса келетуғын ўақты болды-ғо!... Өзим күўып қайтайыншш!..

— Пәтиянды бере берсе, иним! — Тәжимурат бетиаўызы шүйел-шүйел, жағы қуўсыйған киши жүзинен қоңқыйған мурыны шығанақ жасап өсип шыққан, мынаў жайық аўыз, келди-келмеди ларқылдап сөйлей беретуғын, күле беретуғын адамның шайырлығын бәҳәнелеп тәлимсий қалғанын унатпай отырса да жек көргенин жүзине шығармаўға ҳәрекет етип атыр: — Пәтия дегенди сыртынан берсең де бола береди...

—Жа-ақ, бул сарқыт асата жақ шығар! Ўа-а-а-ҳа-ҳа!

— Әбден палаўың ҳәйран қап тур ма! — Турдыбай Нөкербайды көз әйнегиниң үстинен «сүзип» сөйледи.— Сениң менен бир жерге барыўға бийзарман, тап усы! «Жақ-жақ, арақ ишпеймен!» деп едиң Өтеп томпақтың

шэйнек-кесасы сыңғырлаўдан. Жегиң келген затты айтасаң да отырасаң, маңлайы қатты! Бу-ў, Тэжимурат аға, бул пэтия емес, өзиңиз билесиз, биз шайыр адамбыз, шайыр менен бақсыға пэтияның жолы аўырр! — деп ныққыртты. — Мен Алпысбай таздың шэкирти едим, билесең-ғо, кэлдиң ең тэўири—журын таз, ол да эўлийеде жатып, Гүлайымды алдайды. Маңлайы қара, Алпысбай таз, «пэтия бер, мине, мынаў кэберкот кэстөның», деп алып барсам, «көтер қолыңды!» дейди. Қайдан билейин, мен Хэсен менен Әбдирейимдей сумман ба, олар-ҳэм көтергенге көтере қойып едим, «қосықларың баспа сөзден басқаға жарай бергей, өмириңниң ақырында детский шайыр бола жазлап қалғайсаң, эўмийин!».. Анаўлар «эўмийин!» дегенге мен де эўмийинлеп, бет сыйпай қойып едим, үйиң жанғыр Алпысбай таз, «ойнап айтып отырған шығар» десем, сонда бизге ойынлы-шынлы болса ҳэм терис пэтия берип жиберген екен-дэ! Ўа-ҳа-ҳа...

— Оның несине күлесең?!

— Күлмей жылайын ба, соннан бери мандымай жүрмен. Ырасында да «Жеткиншектен» басқа жер жуўап хат жаза береди, со-ө, балалар шайыры болып өлетуғыным ырас қусаған. Шайыр деген, Тажимурат аға, усындай бир гэпти айтып отырып, екинши жаққа—ҳэм ылағып кете береди. Аппырмай, бала, жаңағылар күттирди-аў! Кел енди, айта берейин, Нөкер, Ниязыш! Өзиңниң хабарың бар, жаңа да айттым, Нөкер Ниязыш, дуз-несийп деген-дэ, букэраға өзиңниң себебиңнен келип қалдым. Ал енди, мынаў жеңгемиз де жүкли қайықтай аўдаңлап, зорға отырған екен, усы жеңгемиз аман-есен көз жарсын!...

— Әўмийин!..

— Жаңағы майданлап кетип, еле келе алмай атырған, аты ким?..

— Нурқасым!..

— Нурқасым инимиз инишекли болсын!..

— Әўмийин!!!

— Жеккелик деген, жолдаслар, атеист болсақ та айтайық, жалғызлық деген бул бир қудайға жарасады! Илэйым, адам бендесин жалғыз қоймағай! Сен өзиң эдийношкада жатып көрдиң бе, Нөкер?!

— Он жети ирет!!!

— Онда сен жақсы билесең. Э-ээ, мен ояғын айтып

атырғаным жо-оқ, Нөкер. Айтайын дегеним, Тәжимурат аға, адам мына бир адамлық жайға қамалса, сөйлесетуғын, тиллесетуғын, дәртлесетуғын ийт болмаса жинли болып кете жазлайды екен-әй!..

— Бай-бөоой, иним...

— Яқшы, яқшы! Зонаны айтсақ сизге жақпаймыз-аў, Тәжимурат аға! Әне, сол дүньяға кележақ инимиз Нурқасым жанға еки арыстың бири болсын...

— Әўмийин! Илайым, қос уллы болсам, иним, сени өзим таўаман!..

— Еситсем өзим-ақ таўып келемен-ғо! Сол инимиздиң, аға, ише ме, жей ме, ВУЗ ба, қыз ба, не кереги саз турсын!..

— Әўмийин! — Шымтып салып отырған жүўери қамырын қақпақтың үстине қойып, Жумагүл—Жумаш та қол жайды. — Айтқаның келсин, қайиним!..

— Келеди айтқаным, жеңге. Сол инимиздиң аты да бар-ә, Сазтурған болғай!..

— Хе-е, балаға төрелилеў ат қойса иним?...

— Жақ, Тәжимурат аға, көз тиймейди. Сизиң балаңыз—ҳәм «Тасқылықжан» екен-ғо, атында емес, мазмунында болсын әңгиме, мазмунлы, ақыллы бала болсын демекшимен, аға-а, а-ал, соның ушын ишип жиберемиз, Нөкер Ниязович!!! Сазтурғанның жәҳәнге келиўи ушын ғәрип жанына берип жибер, ҳе-ҳе-ҳе, күле берип, шақалып қалармыз-аў, а-аал!..

Өзи аз арақты Турдыбай шайыр сары тислериниң арасынан сызатландырып тартқан сайын жайық аўызы емип атырған баспақтың аўызына меңзеп, ийегиндеги үлкен қара қотыр шүйели көтерилип-басылып атқанда Нөкербай қашшан аўызын ашып, серпип жиберип, мурынын жыйырып, әрре-тәрре арық бармақлары тәррийиў менен дәстүрханнан пияз излеп атыр еди, әйне усы ўақытта усқыны қуйылып, Сийсен кирди.

— Бала қайда?!

— Милицияға берип жиберипти, — деди өлпең, сынық даўыс пенен. — Әмирханның үйине балта алып барған, Жердаштың баласы қашып кетипти! Излеп, еле баласын таўа алмай жүр! — Аўызы сөйлегени менен көзи арақ шийшениң түбиндеги төрт елиге телмирип турып, өкинди: — Айттымм, ақыры, балаға, «мықлы менен айқаспа, зордың үйи күйсин!» дедим, айтқанды қылмағаны-ғо енди!

— Сен жөнлеп түсиндир-өөсс иним! — Нурлепес ашыў аралас шаншыўланды, өмирде таңланбайтуғын, анаў-мынаўға қызықпайтуғын Жумагүл-Жумашты да «милиция» сөзи шоршындырғаны ғой, сорайын десе, не сорарын билмейди ме, қалай-қалай, өз аўҳалына өзи де түсинбей, бақырайып Сийсенге бақты да қалды. Жүрегин қамақ, милиция жарып таслаған Нөкер Ниязовтың қысық көзлерининң алдынан бирден зона зууў етип өтә шықты да, тамшылап жыйнай баслаған кэйпи тас төбесинен «ҳушт!» етип ушып кетти. «Енди бул қарағанда оңғылық күн болмайды! «Еки тюрьмашы келди— аўылдың балалары бузыла баслады!» деп, алды менен Әмирхан дабыл қағып шығады, түбиме сөйтип дуз егеди менин!» деген қорқынышлы ой менен орынынан турмақшы болып атырғанда:

— Отыррр! — деп бақырып жиберди Турдыбай шайыр. — Батыр едиң-ғо, батырлығыңнан пайда таппайтуғыныңды бурын билиўиң керек еди, енди қайда барасаң?!

— Ҳеш қайда бара жақ емеспен, — сынық сөйлеп сыйпанды ешейинниң қаҳарманы Нөкер Ниязович. — Бир, аяқ жазбақшы едим, сен мени қорқаққа жорып атырсаң-ғо, сен барған жерге бара аламан!..

— Сизлердиң өз ара балтамтабыңыздың мәниси қалмады, шырақларым, — Тәжимурат тәртипке шақырды.— Ҳәрре көзленбей тура турың, истиң мән-жайын еситип алайық, сениң өзиң не деп турсаң, түсиндирип сөйле, Сийсен, «балтаң» не, «милицияң» не өзи?!

— Гәп былай ғой: — Сийсен орынына үлектей созылып шөгип атырып түсиник берди: — Бағана, мына жеңгей — ҳәм көрди, Нурқасымның бети-аўызы алқараған болып келди...

— Не ушын?!

— Әмирханның баласы менен Жердаштың баласы жабылып урған...

— Не ушын деймен?! — Тәжимурат жекиринди.— Ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, жабылып ура бере ме?!

— Айтбайдың Бийбирабасын Темирхан менен Бердаш қуўған...

— Не ушын қуўған?!

— Ҳаў, аға! — Таңланды Сийсен. — Шөже қораз дә! Шөже қораз не ушын қуўады! Бизиң Нурқасыммың айтсаң да ересек, слесарь ғой, ақыры! Қыз қыр-

ғыйдан қашқан шымшықтай патырлап келип, Нурқасымның қанатының астына тығылған! Қызды үйине әкелип таслаған соң қурған үшеўи төбелести! Пилмамыт болғанда да биреўден екеў зор, шыдата ма, Нурқасымды урып-урып, қашып кетипти! Соннан: «зордың үйи күйсин, есиң болса зор менен айқаспа» деп, зорға басып едим, ақыры бизлерден урланып шығып кетип, болып жүргени-ғо!..

— Сен олай етпеўиң керек еди, Сийсен! — Тәжимурат ғарры басын шайқады. — Ҳәзирги баллар ата-анасынан қорқпаса да муғаллиминен қорқады. Мектептиң директоры Гүлимбай Нағыметович емес пе, соған неге услап ғана апара қоймадың?!

— Қимди услайма-аан?!

— Жаңағы Темирхан менен Бердашты да, басқа кимди услайсаң?

— Ўай-ўай-ўай, аға деймен-аў! Олар мени де урып өлтиредиғо!

— Онда Тәңирберген Шаббазов деген де муғаллими емес пе солардың, соның менен неге бармайсаң?!

— Болмайды! — Нөкер қолын қылыштай сермеди. — Шаббазовты сол еки бала түйе басты етип атырған жерден өзим айырып алдым!

— Онда директоры Гүлимбай Нағыметовичти алып барыў керек еди, сөйтип тәртип бергизбесең, ата-анасын уялтпасаң қуры гәп!

— Ўай-ўай, Тәжимурат аға деймен-аў! — Сийсен күйинди. — Сол Гүлимбай Нағыметовичтиң Әмирханның үйинде Әмирхан менен ҳәзир ҳәм арақ ишип отыр! Айтпадым ба мен болған исти, айтты-ыымм!..

— Не дейди сонда әкеси?!

— Айта берсем, Нурлепес ағаның кеўили бар-аў!..

— Жақ, — Нурлепес басын шайқады, — айта бер! Түбинде еситемен... Бизиң кеўилимизге сен қарағаның менен жаңағы өзимниң арқалап өсирген, өзимди талай ешек қылып шапқан Темирханым менен Бердашым қарамаған-го ақыры, пайдасы не! Айта бер, ғоншым, қулақтың үйрене бергени жақсы усы бастан, түбинде биз гәп еситип жүретуғын адамбыз.

— Жаманлағаным емес-тә, Нурлепес аға, Әмирхан Нурқасымға өкпелеп отыр...

— Не деп? Әри урады, әри қаматады, әри өкпелейди! Не деп?!..

— «Өзимниң жуўындымды ишип тиси шыққан көпек ақыры өзимниң баламды қапты-аў!...» деп өкпелеп отыр! Сизлер «Гүлимбай, Гүлимбай!» дей бересиз! Ол —ҳәм Әмирханды қуўатлап кетти!..

— Не деп?!

— «Арық адамды сақласаң, аўызы-мурыныңды қан етеди!» Обалы жоқ, мийи жоқ Нурқасым деген жалаң путтың, мийи болғанда басына әлип қонар еди,..» деп, аўызымды урып бузғандай етти-ә! Айтпадым ба мен Гүлимбайға, айтты-ымм! Гүлимбай дегениң Әмирханның дасмалкеши! — Сыбырланды. — «Дүканды Әмирхан,, Жердаш үшеўи бирге өртеген» деген ҳәм гәп бар...

— Оның жалған, Сийсен иним!—Нурлепес басын шайқады. — Мен онда бирге ислейтуғын едим-ғо ақыры! Сыртқы дәрўаза, ишки қапылар илик, гранат таслаңған жери жо-оқ, көрдик-ғо оны! Жетер-жетпестиң гәпине қала берди усындай ашыўға бола кисиге наҳақтан жала жабыў гүна болады...

— Жа-қ, жақ! — Сийсен алақанын гөлегөйледи. — Оны Тәңирберген Шаббазовқа Гүлимбай Нағыметовичтиң өзи пиянь болып айтып қойған. Маған Шаббазов айтты...

— Не деп?!

— «Маған айтқан сымымды әкеп бер,—депти Гүлимбай. — Жети жеринен қулып урып қоя қойсын, өртеймен десем, бир шақырым жерде турып ҳәм сым арқалы түўў анаў складты өртеў жолы ба-ар, буны мен физик болғаным ушын жақсы билемен. Инанбасаң, усы жерде турып үйиңди өотеп берейин!» деп, қорқытып таслапты...

— Әй, пияңның сандырағы-дә бир! — Нурлепес қасқалтақтай суў шашты. — Адам-ҳәм өзиниң дүканына өзи от берер ме, көрдикғо ҳәмме дәрўаза или-икк..

— Өртеўге болады! — Турдыбай шайыр араласты. — Зонада бизлер ондай адамлар менен болдық. Қутлымурат қарақшы деген болды бизлер менен, ўәәәй! Ҳааў, Нурлепес аға, өзиң урыста болғансаң ғой, көрмедиң бе ақыры, пәлен метр жердеги оқ-дәри складларына сым арқалы от берилетуғын еди-ғо!..

— Әәә,..—Жумагүл-Жумаш тақатын түўести. — **Оты поты қурысын, жаңағы балаңызды айтсаңыздағы! Тағы да қодирең гәпке бийлик берип баратырсыз-ғоо!.. Мен саған айтаман, ҳа ғарры! Ең болмаса гәпти сен таңды**

ра бермесең-оо! Ҳа булар шайырлар, ҳа булардың үшеўи де қосық шығара алады, буларға гәп керек, булар гәп пенен жан сақлап жүрген адамлар, ҳә сен баланның ғамын етсең-ә ақыры!..

— Тап енди,..—Нөкербай өрре турды. — Мына гәп батты маған! Тур, Турдыбай шайыр! Тур Сийсен! Әмирханға үшеўимиз барамыз! Еки яшуллы, сизлер отырың ошарылып! Баланы усыннан Әмирханның өзине босаттырып алмасам, Нөкербай атым қурысын!—деп жер тепсинди.—Турың деймен сизлерге, турың ҳәәйй!..—Анаў екеўи селқосланғаны менен Нөкербай шыдатпастан, ҳәйле-пәйлесине қаратпастан алып шығып кетти.

Ҳәзир кете сала булардың топа-торыстан неге келип турғанын ҳәм соның менен бирге Нөкербайдың пәтин де сезди. Лийкин, қай жерде қалай айылын жыйыўы кереклигин Әмирхан жақсы ғана биледи. Сол ушын—ҳәм созылған аяғын жыймады, «төрлең» деп те мирәт етпеди. Нөкербайдың жинине тийсең бас сала кететуғынын билетуғын Гүлимбай Нағыметович өзин бирден жиңишкерип баратырғандай сезинди де жүзин бирден жылытып, орнынан ушып турды:

— Төрлең, ҳа төрлең бий баба! — Оң қолын хан атлас шайы көрпешеге жайды Гүлимбай, шеп қолы көксинде, көзи болса «Сөйтпесек бул өгиз арбаны аўдарады!» лийкини менен Әмирханға қарап алды.—Төрлең, баба! ««Баба» деген, Нөкер жора,, қарақалпақта хан тәрепинен тек Ережеп тентек пенен Айдос бийге ғана айтылған...

— Ермегиңди қойсаң-ә Гүлимбай Нағыметыш!—Нөкер көрсетилген көрпешеге жалп етип отырды, бул—әлбетте, төр емес еди, төрде маладай созылып, ғыжым көпшикти жастанып, Әмирханның өзи жатыр. Нөкер оң қолы менен қапталын шаппатлап, «Отыр» деди Турдыбайға. Қай үйге барса да Сийсенниң орны бурыннан мәлим—есик бет. Оннан бир, қәлем жоқарылаўға Гүлимбай шөкти де ҳәмме ийек қағысып сәлемәликтен соң биреўге биреў сазырайысқан бир зумлық жым-жыртлық ҳүким сүрди. Тап усы пурсатты күткендей Убайда бир поднос үстине көк пияз туўралған бир қырма кәбап алып келип, Гүлимбайдың хантақтаның үстин жыйнастырыўын күтип турды. Кәбаптың үстине себилген сиркениң ийиси алды менен Турдыбайдың кең танаўына жетип, Турдыбай түўе соншa ашыў

менен келген Нөкербайдың да аўызынан суўын шубыртып, азаплы берли аш жүрген Сийсенниң ийинлерин қуўжыңлатып жиберди. Хантақтаны жыйнастырыў Гүлимбайдан үмит етилсе де Сийсен оған нәўбет бере жақ емес. қолы қолына тиймей шәйнеклерди былай алып қойды, «Шайып келейинш!» деп, шүнишкилерди алып шығып кетти, қазан жайдағы «мойкаға» шайып киргенинде:

— Бунның атын «тандыр кәбап» дейди, духовкада писирдим, — деп, Убайда жүзикли қоллары менен қырманы қойып атырған екен. Гүлимбай болса сүтке ийленген шөректи ҳәр жерге туўрап қойып атыр. Нөкербай менен Турдыбай қырмадан «пырр» етип бөдене ушып шыға жақтай, соны көрип қала жақтай барлық қарыўын көзлерине жыйнап, қырмаға тесирейисип отыр. Булардың аш екенин жақсы түсинген Әмирхан «әбден ынтығы қурысын!» деди ме, аўқатты баслап бериўге асықпады.

— Сийсен, шәйнеклерди алып шық, сен де қонақ бола қалдыңғо! — Убайда сыңғырлап күлди, күлкисин бирден тыйды да: — Тоқсан бес пенен кәбап жақсы кетеди, — деп, есиктен шығып кетти, Пахта гүлли, алабүйрек шәйнеклерди алып шығып баратырған Сийсенниң изинен:

— Жаңағыға айт, Сийсен! — деп даўыслады Әмирхан. — Геройды шақырсын! Мен мына Турдыбай инимиз бенен таныстырмақшыман, — деди Турдыбайға қарап. — Шақырғанда бундай келмессең, иним. Бала бүгин биринши мәрте қызға көз салыпты, соны мынаў Гүлимбай Нағыметыш пенен жуўып атыр едик. «Дәўлетлиниң бес қонағы бир келер» деген усы...

— Қутлықлайман, аға! — Турдыбай сары тислерин көрсетип ыржыйды. — Инишектиң жигит болғаны менен қутлықлайман, әкел қолды! — Турдыбай Әмирханның селқосланып созған қолын қулшынып-қулшынып қысты.

Есиктен бес-алты шәйнекти гүлли қара подносқа салып көтерген Сийсен кирди. «Шайханашының өзи болдым ба?» деп атыр ҳеш ким өзине итибар бермесе де итибар бергизгиси келип.

— Герой қайда? Келсин-дә!.. Әне, өзи де келди! Ағаларың менен қол алыс!

Шашын «кирпитикен» етип алдырған, Әмирхандай бадана көз, сары сынлы, семизшиктен келген, үстине

тренерлер кийетуғын қымбат спорт созба костюмын кийген бала келип, отырғанлар менен хошмуләйим ғана қол алысты. «Тоқ үйдиң ийти семиз келеди» деп ойлап қойды ишинен Нөкер. Өзине қаншелли ғәзеп шақырайын деп өзин зорласа да сирке себилген, көк пияз аралас кәбаптың ийиси дыққатын бөле берди: «Бул атаңа нәлет баслай да қоймады-ғо!..»

— Мынаў шайыр ағаң, аты Турдыбай деген, билемисең?!

Бала жуўап орнына аўызын жайқыйтып күлди.

— Үйленсең, бет ашарыңды усы шайыр ағаңа аштыраман! Қәне, Турдыбай шайыр, сени ҳәмме «шайыр» дейди, суўырып салмайлығың бар болса, бизиң баланы бир шуўмақ қосық пенен тәриплеш!

— Призи бар ма?!

— Призи бес жулдызлы бир коньяк!

— Онда еплеймиз! — дегенине Әмирханнан да бетер Сийсен менен Нөкер қуўанды. Нөкер: «көринген жерде астына көпшик қойып, даңғарасын асырып жүрмен, абырайды төкпесе болғаны-ғоо!» деп қорқты.

Ҳәмме жым-жырт, Турдыбай «ҳимм» деп, бир басып ойланып алды, соң басын ырғап:

«Көз тиймегей, бала сынлы,
Әмирхандай боласынлы.
Алмас қанжар киби қынлы,
Өткир жигит болармысаң?!...

Ҳимм, *айта берейин бе?!*

— Айта бер?!

— Ҳаў, аға! Призи көбейе береди-ғо онда?!

— Ояғынан ғам жеме, гөпинди жалға!

— А-ал, Турдыбай! — Сийсен хот-хот берди. — Не қыласаң, я бир шуўмақлық-ақ шамаң бар ма?! Шаршасаң нәўбетти Нөкерге бер!

— Ол ҳәм дурыс!—Ҳәр ким өз призин ишетуғын болады!

— Онда биз дин аман кетемизғооо! — Сийсен күлди. — Гүлимбай, сен не қыласаң?!

— Мен Нөкердиң призинен ишимен. Темирхан, призинди әкелип қой!

Бала шығып кетип, бес шийше коньякти хантахтаға дизип қойғанша: «Бала еситсин», деп басламай отырған Нөкер:

«Болмас ислер болған екен,
Бир қызға қол салған екен,
Биреў айырып қалған екен,
Соны ядқа алармысаң?..

—деп, төгилдирип жиберди. Жутынып отырғанлар: «мынадан бийнесип қаламызғо!» деп қорққанынан-ақ:
— Ҳа, болар, болар! — десе де бул тоқтамайды:

— Нурқасымды сабап-сабап,
Парасына берип кәбап,
Ал, өзин домзаққа қамап,
Шул пейлиңнен оңармысаң!—
Адамбысаң, томармысаң!!!...

— Болды, болды! — Әмирхан қолын көлегейледи.—
—Гүлимбай, тур орыныңнан! — Гүлимбай турды. Әмирхан суўып баратырған кәбаплы қырманы қолына услатты. — Бар, қатынға апар, итаяққа ақтарсын!—Гүлимбай бир нәрсе демекшидей ыңғай билдирип еди:— Бар, баар! — деп бақырып жиберди. Гүлимбай шығып кеткен соң: — Тур, балам орыныңнан! — деди Темирханға. Темирхан турды. Санап төрт шийшени қолына услатты да:—Баар, апарып қой! — деди. — Ертең тюремшик емес шайырлар келеди!—Бала шығып кетти. Әмирхан қалған бир шийшени Турдыбайдың қолына услатты: — Мине, мынаў сениң призиң! Қаламан десең, қарсылық жоқ, таң атқанша ҳәзлесемиз! Ал, мынаў еки тюремшигиң ҳәзир қарасын батырсын, жығырданым қайнап баратыр!...

— Кешир, Әмирхан аға!—Нөкердиң даўысы дирилдеди. — Қызып кетиппен, биз Нурқасымды қутқарыўға келип едик. Қарасам, Турдыбай шайыр да, мынаў Сийсен симсик те аўызларын басқа жаққа қыйсайтып баратыр, соған ашыўым келди!..

— Онда... иним, ашыўың басылғанша, — Турып баратырып сөйледи Әмирхан. —Нурқасымның қасында бола турасаң. Ертең өзим шығарып аламан!..

— Сөйтсе аға!—Сийсен қуўанышын жасыра алмай қалды.—Өзиң қаматтың, өзиң қутқар!

— Өлимм, буралқы! — Нөкер суқ бармағын Сийсенге шошайтты. — Гәпке түсинип турмысаң? «Нурқасымның қасында бола турасаң?» —деди-ғо!..

— Болсаң боласаң-дәә,—Турдыбай шайыр қарақотыр шүйелли ийегин екшеп күлди. — Несинен қорқасаң, бий баба, көрмеген жериң бе?!

Әкесиниң изинен баласы Темирхан да ауыздағы телефонлы жайға шығып кетти де, есикти ашық қалдырды. Әмирханның ашыўлы даўысы заңқ-заңқ еситилди:

— Алло, 0,2!.. Абылла хожамысаң? Бизикине тез жетиң, мен Әмирхан ағаңман-ғооо! Жаңағы балталының изинде еки тюремшиги бар екен, үйден шықпай атыр, тез жетиң, тез-тез!..

Усы даўысты еситиўи мәтдал, қас қағым мәўритте үш жолдас бирине бири бақырайысып алды да, ең алды менен тасыр-тусыр орнынан турып, Нөкер, Нөкерден соң сыйпаныңқырап, Сийсен қашты.

— Ҳә, жигитлер, бизди ялғаншы қылмаң! — Әмирхан ауыздағы жайда алдын тосты. — Машина жолға шықты, ҳәзир келеди! Темирхан, Сийсенди устап тур!..

Темирхан Сийсенге умтыламан дегенше Сийсен сыртқы дәрўазадан шығып қаштыдағы, үмитсизленип қайтып киятырған бала Нөкерге жабысайын десе Нөкердиң Тәңирберген Шаббазовты, Өтеп томпақты қосып сабағаны есине түсип, қорқты.

Әмирхан ишке кирсе Турдыбай шайыр да орнынан турып атырған екен, «Призиңди алып кет, сениң ҳақың керек емес!» деп, бир шийше коньякти қолына услатты. Бул шығып кеткен соң кирген баласына:

— Анаў Нөкердиң малақайын ал да ийттиң алдына тасла,—деп буйырды. — Таң атқанша жулқылап бир ҳәз етсин! Бундайлар басына күн тууса дамбалын ҳәм таслап қашады, әне, усындай намәрт болма, балам! Алған бетиңнен қайтпа, өлим өлим бир өлим! Қалай айтаман, Гүлимбай!..

— Бирақ педагогика олай демейди...

— Мениң өзимниң педагогикам бар. Жигит кескир, пуллы, дүнья тапқыш, ҳәршеңки апаттан жол таўып қутылғыш, қыз-келиншеклерге қырғый болыўы керек, тамам! Жигиттен басқа нәрсе талап етилмейди!..

— Ҳәмел не, ҳәме-ел! — Малақайды алып, бала шығып кеткен соң ийегин Әмирханға созды Гүлимбай. — Ҳәмелли болмаса да пайдасы жо-оқ!

— Пул болса бәри де болады, жаңағы еки шайырды ийт етип үргизгенимди көрдиң-ғо!

— Олар шайыр емес, шайырдың атын сатып жүрген масқарапазлар! Нағыз шайыр адам заказ бенен қосық жазбайды!

— Ўәәй,—түңиле силкинди Әмирхан. — Заказ бенен

жазбаса ҳәр совхоз пахта план толтырғанда солардың қуўаныштан жүреги жарылып баратырған шығар, жу—дә! Барлық атақ-абырайы бар, даңғарасы жер жарып атырған шайырларыңның өзи райкомның, асып барса обкомның көзине түсиў ушын-ақ телеэкранда бетлери белдей болып талқыйын айтып отырады-ә! Сирә келиссе екен-аў, ўәй-ўәй-ўәй, тап мен уяламан-әәәә! Жаңағы кәбапты алдырайын ба?!—Әмирхан диванның астындағы электроқоңыраўдың тетигин басты. Убайда кирди:

— Ҳимм, қонақларды неге қашырдыңыз?!

— Ол узақ сәббе, кәбапты келтир!

Ҳаял шығып кеткен соң: «Милиция келип кеткеннен кейин жейикдә, тағы баса-бас болар!» деп жалынды Гүлимбай. Әмирхан ўаҳаҳалап күлип жиберди:

— Сен жаңағы садалардан да сада екенсең! — деп күклисин тыйды.—Келмейди милиция! Көрдиң бе, бизиң аяқ тапылдатқанның өзинен үш шайыр үш жаққа кетти-ә, ўаҳа-аҳааа!..

Ҳаял кәбапты келтирди.

— Бир нәрсе жетиспей тур, қайтадан езбесек кейип ушты!..

Буның көкнар ишпейтуғынын ҳаялы түўе Гүлимбай да жақсы биледи, соның ушын ҳаял бир шийше коньяк алып келип қойғанда бунысына таңланған жоқ.

— Тәжимураттың Тасқылығы «директор ет, аға, жала деген жеринди жалайын, улы деген жағыңа қарап улыйын» дегенге «яқшы» дей қойып едим, қарасам, партияда жоқ! Билемен Назаровқа не кереклигин, «түйиншиги бар, алып жибер баланы партияға!» дедим. Қыйпақлап-сыйпақлап та турмады, «салмағын айт» деди, былайтип, еки қолымның саўсағын бирден тәррийттим! «Мақул» деди, партияға алдырып болып түйиншигин көрсем, мынаў! — Әмирхан бир қолының бес саўсағын тәррийтти. —«Тап және!» десем, «Жоқ!» А-ал, жоқ болса партбилетиң менен жүре бер май шапан атаның! Ақыры әкелип берди-аў!—деди бағанағылар келгенде үзилип қалған әңгимесин жалғастырып. — Сен, иним, ҳәзирше ислей тур, таярлан, ОНОлығың қашпайды. Соның ушын ҳәзирше ҳаплықпа, босаған ҳәмелге өкпенди жалаў етип жуўыра берсең, Женисбайдай болып кетесең, тойған бийт гүдиреклеп, тез тутылып қа

лады, қан сорыўды аш бийттен үйренсең шеп болмайды. Мынаны аш!

Гүлимбай шийшени ашып, еки дигилдик кесаға қуйды, бул үйдегилер «өзли-өзимиз» деп, көбинесе хрусталььларын сыйлы қонақтан басқаға шығармайтуғын еди. Екеўи тость-пость айтпастан-ақ әдеттеги салтанатсыз ишилип жүрген минераль суўдай ишти, қойды.

— Баяғы запас түўесилди. Тағы бир «қызыл қораз» қашырмаймыз ба?!

— Еплей тур, ирети болар. Биссимиллә, аўқаттан ал!

— Онда мен тарығаман-аў, аға-а, шымшырқадай бала-шаға!

— Ҳаў! — Әмирхан таңланды. — Тарықсаң не қылайын?!

— Айтбайға әри финагентлик әри кварткомлық аўыр ғой! Биздей сорлыларға да буйырмаған екен, ең болмаса мөр пулы пөлке нанға жетер еди.

— Түсир орнынан! Алып бериўи өзим менен!

— Қалай түсиремен?!

— Түсирмесең қалай барасаң оның орнына? Ислеттә басты!

— Яқшы, ойланып көрейин.

— Бирақ сен оны өзиниң сөзинен тутыўға үйрен. Магнитофоның бар ма үйиңде?!

— Жоқ.

— Онда өзим бере тураман, японский!..

— Жақсылығыңды жерде қалдырмайман, аға! Жаңағылардың аўҳалы нешик кешкен екен?!

— Нөкербайды билемен, «милиция!» десең болды, жалған мәртлигин де жоғалтып, дамбалын ҳөллеп алады. Не болатуғын еди аўҳаллары, қашқанды-дә тымтырақай болып!...

Ырасында да әдебинде Сийсен менен Нөкербай «Ақ тубаға» қарап қашыўын қашты. Үлкен ерманы жыңғылдың түбине келгенде бирин бири еглеп:

— Үйге бармаймыз ба?! — деди Сийсен.

— Ақымақ екенсең, үйден таўып алады-ғо!..

— Әне! — Сийсен Әмирханның дәрўазасынан жөткиринип шыққан қараға қолын шошайтты. Ай сүттей жарық еди. — Әне, Турдыбай шықты! Жаңағы призин алып шыққан жоқпекен-әй?..

— Мүмки-ин. Мен усы жерде буғып отыра турайын, барып келемисең?

— Барсам барайын. Бирақ милицияның машинасы шырасын көрсетиўден үшеўимиз үш жаққа қашқайлы, ең болмаса биреўимиз тутылсақ, екеўимиз аман қаламыз-ғо! Соның ушын қашып кетсек «хабарласпай кетти» деп сөгип жүрме?

— Әәәй, мәйли-и! — Орынынан өрре турды Нөкербай. — Милиция адам жеп атыр ма, тутса тутсын, жүр, Турдыбайға бирге барамыз!..

Турдыбай былайлаў шығып, пальтосының сыртынан қойынындағы қаттыға олардың бирим-бирим қолларын тийгизип көрсетти:

— Қайда ишемиз, Нурекеңдикине барамыз ба?!

— Онда тутыламыз, бизлердиң сол үйде болып атырғанымыз ҳәммеге мәлим, — деп қапылтты Нөкербай. — Тап, усы Жердаштың үйине барғанда не қылады, әри сылтаўымыз бар, «баланды тәртипке шақыр» деп айтыўға келдик» деймиз!

— Әне-әне, геллең шақты-ы. Кеттик! Жердаш жетпесин де толтырар.

Булар Жердаштың электроқоңыраўын безилдетти. Дәрўазаның саңлағынан сығалап, Сийсен сыртта кимниңдур, желпип, шашлик-кәбап писирип атырғанын көрди, әдебинде абайлаған жоқ, шәшликши дәрўазаны ашқанында оның усы үйге жийи-жийи келип, Айбөректи әлле қайларға әкетип, әлле қайлардан әкелип туратуғын машинаның шофер баласы екенлигин таныды.

— Иште ким бар? Қонақ бар ма?!

— Қонақ бар.

— Кимлер, бизлер кирсек бола ма?!

— Бизиң хожайын-Жеткерген аға бар, кириў-кирмеў мәселеңизди Айбөректен сорайның! — деп кетти бала жигит. Жеткерген дегенниң винозаводының директоры екенин Турдыбайдан басқа екеўи биледи, соның ушын да кириўге ыңғайсызланыңқырап турғанында Айбөрекке ерип Жердаштың өзи де келди:

— Ҳим, жигитлер! — Таңлақ нәзер менен бақты Жердаш. — Аманлық па?

— Аманлық емес! — Нөкер бирден шатаққа шақырды. — Журттың бахытсызлығынан-ҳәм мәпленетуғынлар болады, бизлер ондай накәс емеспиз!

— Ишке кирип сөйлесейик-дә! — Машина келип қалса үсейтип гәрдиййсип турып та бирден тым-тырақай қашысамыз-аў, деген қыялы алағада қылып турған

Сийсен дәрўазадан өзи кирди де соң Нөкердиң билегинен тартып ишкерилетти. Дәрўазаны өзи кирип болып Турдыбай жапты ҳәм задвижкасын ғығылдатып ийтерип, илип таслады. — Ал, енди арқайын сөйлесе бериң, сыртта уят ғой!

— Сөйлесетуғын гәп-пим жоқ! — Нөкер Жердаш қыйт етсе тумсығына таслап жиберетуғындай түр менен: —Маған мынаны айтсын Жердаш! — деди сазырайып. —Байдың баласы жарлының баласын сабай беретуғын, жарлыны бай езе беретуғын болса Октябрь революциясының неге кереги болды онда? Буны сиясий таманнан шаңғытаман, Жердаш! Ким ҳуқық берди сизлерге бүйтиўге, айт, қәне?!

Нөкердиң бундай бада-бады бурыннан өзине мәлим, көп ишисип, көп керилдесип, изи парахатшылық пенен питe бергенин көп көрген Жердаш Нөкердиң бул аяқ тапылдатыўы қорқынышлы сезилмесе де, «Алқаштың қолынан дүкан тонаўдан адам өлтириўге шекем келе береди, олар анық мәсирген ўақытларында өзлериниң не қылып жүргенин өзлери де билмейди!» деген қыял жаслайынан мийин жайлап алған Айбөрек қорқты. «Жеткергенниң көзинше топалаң шығарып, Жердашты сабаса жети насырым жерге бүгиледи-аў!» деген ойы, абыржытып турғанында қара қалпақ, қара пальтолы, бети-аўызы быдым-быдым, бул танымайтуғын биреўи қойынындағы қаттыны әдейи Айбөрекке көрсетип турғандай сыртынан сыйпалап қойды да:

— Өш алыў керек булардан! — деди даўысын көтерип. — Аштың мәпин аш қорғайды, «ийттиң ийеси болса, бөриниң қудайы бар...»

— Яқшы, жигитлер, өш алыў қашпас,—Айбөрек қорққанынан-ақ жуўҳаланып күлди.—Әдеп, бир-бирден шәшлик жеп алың, тойсаңыз жақсы төбелесесиз, ҳе-ҳе-ҳе-ҳе! Жүр, Сийсен, басла жигитлерди!..

— Әне, бул гәп басқа-аа! — Сийсен күлип қоя берди.

— Бирақ... ишке кирмейсиз,—деп ескертти ҳаял.— Соң төбелесетуғын адамға бир-бирден шәшликти қайда жегенде не?!..

Нәҳән лампочка шәшлик писирилип атырған есик алды түўе Жердаштың майда алма ағашлы пүткил шарбағын толайым жақтыртып тур еди. Үстине сирке

шийше, исликлер қойылған қаўсырмалы алюмини столды нусқады Жердаш:

— Мына жерде жей қойың!..

— Ишкерилейик-дә! — деп күлди Сийсен. Жердаш күлмеди:

— Жа-ақ, ишкерилесек жарасып кетемиз...

— Жарассақ жарасамыз-дә!..

— Онда Нөкербай төбелестен бийнесип қалады!

— Шәшлигиңди әкеле бер, мен төбелес шығарға жақ болсам төринде отырып—ҳәм дузлығына түпире аламан! Тек мына Айбөректи қыймай турман-дәә, болмаса ғой...

— Ҳә, сөйтсе, Нөкер, бизди сыйла, ақыры! Бир шийше арақ та берейин бе?..

— Соны да сораймекен! — Нөкер бирден жибисе баслады. — Оннанша шортанға: «суўға жиберейин бе?!» десең?...

— Жердаштан ҳаялы мәрт деп еди, ырас екен-ғо!— деп гәп қосты Айбөректиң бийтанысы: — Кеширерсиз, өзимди таныстырайын: Турдыбай шайыр Ахыметниязов! — Айбөректиң буўынсыздай былқылдақ қолын қалың ләплерине апарып шорп еттирди ҳәм: — Нағыз джентельменлерше болсын-дә ақыры! — деп күлди. Ҳаял «шайыр» сөзин еситкен соң: «булар менен төрели адамлар да жүреди екен-аў?!» деген қыялға кетти ҳәм бурынғыға қарағанда да өлпең бағыс пенен тәбәссүм берди, соң ҳәтте «менде муҳаббет дегеннен түк жоқ!» деп жүрген Турдыбай шайыр Ахыметниязовтың да ықласын өзи менен қоса ырғалдырып, ишке кирип кетти. Көп кешиккен жоқ, тез шықты:

— Мыңаў шайырдың пайы! — деп, бир қыл мойын пайтахтың ақ арағын столдың үстине қойды. — Кеширерсиз, шайыр аға, өз алдыңызға мийман болып келгенде бир уқшатып күтермен, бүгин қонақ үстине қонақ болмай-ақ қойың...

— Жа-ақ, қарындасым, ҳасла қысынбаң, бизлер деген простой адамбыз.

— Ҳаўўа, ешик майшының будкасында да урып кетемиз десе!..

— Өлим, Нөкер! Барлық арақты мениң арқамнан ишсең, тағы мени басқылайсаң! Бул жердиң кәбабынан да айырайын ба со!..

Шофер-шәшликши жүдә жеңил аяқ, мийзамкеш,

Жердаштан да ылпылдақ-жылпылдақ екен, бир ләкки-ге үйип, иси менен шәшлик қойды, көк пияз, көк пияз-дың үстине сирке септи. Айбөрек шайырды нәзерлеп:

— Ал енди, мийманлар демеймен, жигитлер, дейин, өзлй-өзиңиз ҳәзлесе бериң, жигитлер. Мен иштеги қо-нақтан хабар алайын. Сизлердиң хызметиңизге Жер-дашты қалдыраман! — деди де ырғалып ишкерилеп кетти.

— Конферанс хабарлаған соң номерди атқармақ ке-рек,—деп созды даўысын Нөкер Ниязов арақ қу-йып турып. — Түбинде бүгин бизге кәбап жеў несийп еткен екен, Турдыбай шайыр, не қыламыз, басқа түссе жей бересең-дә! «Бир қапы жабық болса, мың қапы ашық!» А-ал, кеттик! Әдалатлық ушын, молшылық ушын, коммунизм ушын!..

— Ең болмаса коммунизмди арақ ишкенде қойып турайық-дә!..

— Жа-ақ, билмейсең сен Сийсен! Мен сиясий той кийгизип атырман! Ҳәзир милиция келип: «не ушын ише қойдың!» десе, «коммунизм ушын иштим» деймен, қане, оннан соң коммунизм ушын ишкен адамды айықтырыў-ханаға қамап көрсин, не көрер екен! Бир сапары, Жер-даш, паркте уят қосық айтып бақырысып едик, студент ўақта-аў, төрт бала едик, төртеўимизди де апарып қа-мап таслады...

— Өзиң көзиңди ашқалы қамақтан шықпай-ақ кия-тырған екенсең-ғо!...

— Сөйтип, азанда Таўмурат деген майор шақырып: «ҳим, хулиганлар, не қосық айтып едиңиз?» демей ме, аўызыма түсе кетти. «Советлер аўқамының гимнин ай-тып едик-ғо!..» дедим садасырап. Қасымдағылардан да сорап еди, олар да сөйдеди. «Түсиник хат жазың» деп еди, тағы соны жазып бердик. Сөйтип отырып қорқа-мыз-ҳәм: «Қәне, текстин айтып бериң онда гимнниң!» десе биреўимиз-ҳәм билмеймиз, сирә милицияға қолы күшли, мийи әззи гешшелер жыйнала береди деп ой-лаппыз ба! Қарап жибер, Сийсен, жаңағы телефон урып шақыртқан машинаң келген жоқ па?!

— Турдыбай қарап қайтсын-дә!

— Уәй, машин өтсе дырылдайды-ғо! — деди Турды-бай да өзинен қашырып. — Сөйтип, Нөкер Ниязыш, изи не болды?!

— Не болатуғын еди шығарып жиберди, штраф түўе

жамбас пулы да алған жоқ! — деп мардыйды Нөкер.— Жердаш-аў,—даўысын уяң шығарды. — Сен бизлерди «усылар пияншик» дейтуғын шығарсаң жақ,..

— Жақ, өйдемеймен-аў!

— Жақ, сөйдейсең! Өйдеўге дәлийлиң бар, дәлийлиң: бизлер күнде ишемиз. Эээҳҳ, бизлердеги дәртти саған бермеди, сен де ишерең! Ишпей не қыламыз, урының, парахордың дәўлети жүрип атырғанын, пахыр-пухараны сол уры-ғарлар табанда езип атырғанын көрип жүрмиз, түсинип жүрмиз, аяймыз бийшараларды, қолымыздан дым келмейди! Гүресейик, айтысайық, шертисейик, мына жигирма манат пенсиясы пөлке наныңа жетпей отырған Нурлепес қусағанлардың өшин алыў ушын сендей, мынаў Әмирхандай мықлы жудырықлардың үстинен арыз етейик десек, кимге арыз етемиз! Сизлер арыз ететуғын ҳәмелдарларымыздың аўызын тығынлап таслағансыз!..

— Ўәй-ўәй-ўәй! — Сийсен күйинди. — Усы, мына шәшликти де жегизбейин деп тур-аў!..

— Я-аақ, мен сирәдағысын айтып түсиндирип атырман, Жердаш, сен оған ашыўланба. Мәселен, енди сизлер аўызын тыққан төрелердиң үстинен оннан үлкен төреге жазайық десек, ол төрениң де аўызы бос емес, эээй, — қолын бир силикти. Нөкер. — Дүньяны сен теңлестиремисең, алып жибер ғәрип жанына Нөкер Ниязыш! — деп, өзине өзи марапат берди де «ғәрип жанына» алып жиберди. «Әне-е, жаңа ақылыңа енип, басына пайдалы иске көштиң!» деди Сийсен ҳәм ҳеш ким менен қағыстырмастан бул да «ғәрип жанына» жеткерди. Соң ортадағы ләккиге жән-жақтан созылған қоллар аўызларға шәшлик тасыўға қарады. Нәйиннәйин шәйнап турып, гәпин даўамлады Нөкер, бул— бир гәпти басласа ақырына жеткермей, шуқ-шуқына таямай қоймайтуғын адам ғой:

— Ал енди-ии, — столды ислик пенен шоқып турып нықлады. — Сол теңсизликлерди көрип жүрип, өзиңниң нәкәслерден әззилигиңе күйинип ишемисең, Турдыбай шайыр, ишпеймисең!..

— Табылса ише беремиз ғой!

— Не ушын сен ише бересең, мыналар неге,—Жердашқа исликти шошайтып көрсетти. — Табылса да ише бермейди, себеби, буларда дәрт жоқ!...

— Қойсаң-әә Нөкер!—Жердаш ашыўлы оқыйды.—

Мендеги дәртти сен қайдан билесең? Сен өзиңниң бахытсызлығыңды кисиден көрме!

— Кимнен көремен?!

— Қудайдан көр, қудайға исенбесең өзиңнен көр. Сениң бахтың жанбай жүргенине ҳүкүмет айыплы емес, ҳүкүмет жүдә пәкизе!..

— Ҳаўўа-дә! — Ермекледи Нөкер. — Сизлердейлерге жүдә пәкизе! Сен, бирақ, билип қой, бизлер дәўир дөреткен адамбыз, бизлердиң трагедиямыз—дәўирдиң трагедиясы! Заманы қандай болса, адамы сондай. Соның ушын-ҳәм сениң усындайлығыңа, бизиң бундайлығымызға заманның өзи айыплы...

— Биз қандай екенбиз өйтип жүдә?!

— Қандай екениңди, қәйтип күн көрип атырғаныңды, кимниң арқасынан күн көрип атырғаныңды бизден гөре өзиң яқшы ғана билесең, оны бизден сорамай-ақ қой, сорай берсең биз-ҳәм айта берермиз, оннан соң бизден кеўилиң түкал қалып қоярдағы, сәлемлесиўимиз қыйын болар. Оннанша сен мына шәртке көн: өзлериңиз қаматып жиберген Нурқасымды таңның атыўына тәнҳа өзиң шығарып әкелип бересең. Егер бермедиң бар ғой, барлық сырыңды билемен. Мынаў турған Турдыбай шайырға қосық тоқытаман-дә, ийт масқараңды шығараман! Оны балаңның баласы ядлап жүретуғын болады...

— Ҳәй, бул не? — Айбөрек келип қалды. — Неге даўысың бәлент шығып атыр. Нөкербай, сен бир ақ көкирек, еден жигитсең ғой, өкпеңди меннен жасырмайсаң, әлбетте.

— Мен «Нурқасымды алдырып бер, уят болады» десем, мынаўың арысқа тебежақ. Турдыбай шайыр буныңды қашшан қосыққа қолайлап атыр, неғылсын, шығара берсин бе қосығын?!

— Ҳимм, мақтап шығарса ҳеш гәп. Шайырға пәлен деў қыйын. Ал енди, мына кисини қонағы сорап атыр, —деди жаўқылдап. — Нурқасымды өзим мойныма аламан...

— Әнее, айтпадым ба, буннан ҳаялы зоорр!..

— Олай деме, Нөкер, «алтын баслы ҳаялдан бақа баслы ер артық!». Бизиң шалқып жүргенимиз де Жердаштың арқасынан, бизге Жердаш болмақ қайда! Ҳаў, еле ишип болмадыңыз ба?!

— Тутсын деп тамызықлап ишип атырмыз! — Сийсен жалаңқаяланды.

— Палызға келип, пәлле кемиргеннен қудай сақласын! Ал енди, жигитлер, жағдай айтты демен, еки жаққа алаң болып атырман. Басқа жаққа апарып ишсеңиз, арағыңыз меннен...

— Айттымғооо «ҳаялы зор» деп!..

Аздан соң Айбөрек бас-басына бир шийшеден услатып дәрўаздан шығарды да илип қалды.

— Сөйлесип турған адамларыңның сыйқын қара! — деп жеркти Жердашқа. — Булар менен балтамтап айтысып турғанша сөйтип қутыла қоймаймысаң? Ҳаў, жылан киргенде де басына қатық қуйып шығарар болар!..

Айбөрек ўәдесинде турды. Азанда Жеткергенди узатып салған соң тип-тикке Әмирханның үстине кирди. Ҳаялы, баласы үшеўи ортаға тандыр кәбапты, түрли ширени қойып, қаймақ қатылған ҳинд чайын ишип отырған екен.

— Бир ашыўыңызды бериң, қайнаға, — деди әлмисақтағы ойнасына қыздай қымсынып. — Әри уры, әри үстем атанбай-ақ қойың, өзиңиз шығарың да жақсы ат алың. Мың айтқан менен елтири тонның жағасы, ел-халықтың ағасысыз. Аға деген үлкен көпир, көпирден журт олай-былай өтер болар, сондайда мыңқ етсе көпирдиң көпирлиги қайда!..

— Аппырмай, Айбөрек келин, жаман жерден туттың-аў! «Бир-еки күн жатсын, тәмби болыңқырасын» деп едим. Бул журтқа бүгин таўыңа «төт» дегизсең, ертең малыңды, оннан соңғы күни өзиңди сабайды, тартыңқырасындағы сазайын!

— Жақ қайнаға! — Тилла сырғасын жалт-жулт еттирип басын шайқады. — Түни менен усы үйден шыққан шала пиянларды күттим. «Хрущевқа шекем айдасамыз, аш-арықты езип атырсызлар!» дейди, рәмәўизи жаман!..

— Қолынан келгенин қылсын онда! — Әмирхан қасарысты. — Ким аш-арық болса, ақымақлығынан, ақымақты ақыллыларға қул етиў ушын алланың өзи жаратып қойыпты. Хрущев-ҳәм әбден «ақымақлар езилмесин» деп жүрген жоқ, оны да ақымақлар яндырып атыр, жазсын, қәне, арзасы қаерге шекем жетер екен, мыңсан еки өткелек бар, бәри бир, қайда жазса да түби айланып, усы жерге келеди-ғо, усы жерге келсе, бәри бир, ол ақымақлар емес, қайнағаң зор, қаршығам,

көп қыяллана бермей қайта бер, бул исиң питпейди.

— Онда... —қылымсыңқырап турды. — Өзим питкерсем кейимейсиз бе, бул исте бизиң баланың да қолы бар-ғо ақыры, қайнаға, араласыўға ҳақым бар шығар...

Әмирхан шағажақ көз әйнекли жыландай омыраўын көтерип, жылан көзленди, соң тилин шығарып, еринлерин жалады. Бунын қатты қызғаныш бийлегенде ҳәм усы қызғанышы менен бақталасын бассалмаға шәйланғанында усы түске енетуғынын сонша жылғы қостары мынаў отырған Үбайда билмесе де Айбөрек жақсы биледи. Сондай-ақ, буны буншелли қырсықтырып отырған қызғаныш та Айбөрекке аян: Әмирханды таслап, Жеткерген менен кеўиллесип—қойынласып кетти, Жеткерген, әлбетте, Әмирханнан абырайлы ҳәм қатерели, Әмирханнан, дәли де, бай да, әдилирек те. Буны Әмирханның өзи де абайламайды емес, абайлайтуғыны Айбөрекке де мәлим. Айбөрекке негедур, жақыннан бери Әмирханның қытығына тийе берген унайды, буны Әмирхан да Айбөректиң қылықларынан сезип жүр. Ҳәзир не қылса екен, «бар, босата алсаң босат!» десе, Әмирхан қанша қарсы турғаны менен Жеткергенниң бир қоңыраўы менен босаттырады да жибереди. Бала босанбастай да жынаят ислеген жоқ, әри жас, Әмирхан не деп тырмасады оған! Соны сезгең соң...

— Яқшы-ыы, келин,—көзинен көз әйнегин алып, үпледи, соң сүлги менен сыпырып отырып сөйледи.— Көп қатере сала бермейтуғын едиң, айтқаныңды қылмасақ болмас!..

— Берекет тап, қайнаға!—деди қуўанған түр билдирип Айбөрек. Үбайда: «Сөйтеғойса, папасы!» деп, ырасы менен-ақ қуўанып атыр. Баласы Темирхан- әкесиниң усындай қүдиретлилигине мардыйды.

— Бердаш пенен Темирхан барып босатып қайтады!..

— Мен бармайман!! Кес геллем, бармайман!..

— Отырр!—Турып баратырған жеринен жекиринип отырғызды әкеси. — Не ушын бармайсаң, өзим звонлайман ғой!

— Сонда Нурқасымға: «кешир мени!» деп жалынамыз ба-а?!

— Жалынбайсыз, Нурқасым сизлерге жалынады...

— Жалынбайды-ыы!..

— Жалынбақ түўе аяғыңызды жалатаман! Машина-

ның гилти қалтамда! —деўден бала жибисип сала берди. — Тез жөнелиң, статья қондырып жиберсе шығарыў қыйын болады. Сизлер жетемен дегенше мен-ҳәм сөйлесип үлгерермен. А-ал, келин, яман-ә өткирсең-дә, өткирсе-ең!

— Енди... өзиңизден жуққан қәсийет-тәэ папасы-ы!—деп, Үбайда да илип қалды. Айбөректиң бирден түси суўып сала берди, лийкин жылап турып, бирден күле алатуғын, күлип турып, жылай алатуғын қәсийеттиң шебери сыңқылдап бир күлип берди де:

— Ол қәсийет қайнағаның қанатының астынан шыққанлардың бәринде де ба-ар,—деди лийкинлилеў. — Ойын ғой, ойыннан айырмағай,—деп шығып кетти.

Темирхан менен Бердаш Әмирханның «Москвичи» менен әкеси айтқан полковникке, барып түске шамаласқанда жолықты.

Полковник Нурқасымды, тап бир адамның күши жетпейтуғындай жаў-жарақлы еки милиционерге айдаттырып алдына алдырды. Өмирде милиционердиң қолына түсип, бундайды көрмеген бала кешеден берги ақырыў-бақырыўлардан, турпайы қатнасықлардан-ақ жүреги жарылып, полковник:

— Әкең урыс қатнасыўшысы, инвалид екен, ол Уатан қорғап қолын берген, сен нени қорғаў ушын балта алып шықтың, ақымақ! Қамаласаң енди, өмириң қор болды-аў!—дегенде көз жасы мурынының суўына қосылып еңиреди. Полковник рәҳим етти. —Өзиң балталап өлтирмекши болған еки бала, тәрбия көргендағы, ақыры, сени сорап келип тур, әкеси де, жақсы адамдағы, ақыры, жақсыда кек болмайды, азанлы берли телефонды безилдетип тынышлық берген жоқ, е-е-е, кек сендей жаманларда болады, ақымақ! Ҳәзир балаларды шақыраман алдыңа, аяқларына жығылып жыла, кеширим сора, сонда ғана мен жиберемен!..

Темирхан менен Бердаш кириўден:

— Әпиў ет, Темирхан, сени көп арқалап едим, әпиў ет, ағаңман ғой!—деп аяғына жығылды, соң еңбеклеўи менен Бердаштың аяғын қушақлады, ҳәтте, оң қанатқа арқасын берип отырған лейтенанттың да жүреги елжиреп сала берди:

— Мен терген көрдим, балада айып жоқ-ғо, неге бүйтип атыр, полковник жолдас!

— Адам өлтириў ушын балтаны алып шыққаны факт

—пе, факт! Усы факт жинаят па, жинаят. Жолдас лейтенант, жинаят кодексин жақсы оқып билип алғаныңыз мақул. «Енди бундай етпеймен» дегизип хат жаздырып алып қал бул бандитке. Ертең адам өлтирип келгенинде өзиңизге сол хат ақлаў болады, лейтена-ант, уқтыңызба енди:

— Енди уқтым.

— Уқсаңыз болыпты, қудайға шүкир! Ал енди, алып шықта айтқанды булжытпа!

— Булжытпайман, жолдас полковник!..

Ырасында да лейтенант тапсырманы булжытпай орынлады, тил хат алды, тигип қойды, балаларды жарастырды, анаў еки балаға: «Айтқаныңыз бола бергенге ақыя бермең! Айып өзлериңизде!—деди аўлағына алып қалып. —Адамларды тақаты түўесилгенше күйдире берсеңиз, нызамнан теңлик таппаған адам маңлайыңызға балта менен былш еттиреди де қояды!»

— Былш еттирер мынаны!—Темирхан бас бармағын еки бармағының арасынан көрсетти. Лейтенант «тумсығына алдырсамбекеўн?» деп турды да:

— Онда билгениңди қыла бер!—деди тисленип.—Босанған ешек арқанына оралып өледи!

Былай шыққаннан соң артқы отырғыштағы Нурқасымның жылай-жылай кирғожалақланған түрине қарсы алдындағы айнадан қарап:

— Нурқасым,—деди ҳөктем даўыс пенен,—Сени ҳәзир «Ашшы көлге» апарып, шөгирип жибериў-ҳәм, соң «суўға кетти!» деп жар салып, қутылып қалыў ҳәм бизлердиң қолымыздан келеди. Так что, буннан былай бизлердиң жолымызды кеспе, Айтбайдың Бийбирабасы сениң еки туўған егизиңниң сыңары емес...

— Өйтип ерегистирсең, мен онда қайтып бараман да тюрьмаға кирип жатаман! Билип қой, Тимур мен қанатыма тығылған қусты қуўып жибере алмайман. Машинаңды тоқтат та мени түсирип кет!. .

— Ойнап айтып атыр, қойса, Нурқасым! Кеширр Тимурды?

— Жақ, түсир Тимур!

— Түспейсең. Қорқпай-ақ қой, бизлер тиймеймиз, лейтенант айтты...

— Не деп?

— «Босанған ешек, өз арқанына өзи оратылып өледи» деди...

— Онда сени айтқан-дә!

— Жақ, мен ҳеш жерден босанып шығып киятырғаным жоқ!

Темирхан машинаны Нурлепестиң босағасына тиреп тоқтатты.

— Лейтенант «әкесиниң қолына тапсыр» деп еди, түс! Өзиң барамысаң, я апарып тапсырайын ба?

Нурқасым үндеген жоқ, түсти де үйине кирип кетти. Машинаның сыртылдап жабылған қапысына да, дырылдысына да итибар берген жоқ.

Ызғар тартқан, ымырт тартқан, төрине ешки байланған, жантақ шөкирлер жайрап атқан, арқадан қойылған кишкене әйнектиң де сынған еки көзине картон қағылған, сонлықтан да қараңғы әйўан Нурқасымға бағанағы қамақханадан да кеўилсиз туйылып, негедур кеўил жүдеп сала берди.

Ҳәмме отырып чай-пай ишетуғын жайға кирсе үш пиян—Сийсен, Нөкер Ниязов, Турдыбай шайыр қыйдақайыс қыйрап атыр. Турдыбайдың шүйелли ийегине Нөкердиң шуўашы қатып-қатып, ғағырлап қалған нейлон носкийиниң өкшеси тийер-тиймес, ал Турдыбай шайыр Сийсенниң етеги түрилип кеткенликтен жалтырап көринип атырған қурсағының киндиклигине бас қойып, киндигинен бир саза тыңлап атқанға меңзейди, Турдыбайдың ҳәр түги аттың қуйрық қылындай жуўан ҳәм ғайбар шашларының ушына шыққан кепектей қайызғақлар Турдыбай шалынған ҳәйўанға меңзеп ҳәр қарқыраған сайын дирилдейди екен, ғайры тәбийғый ҳалда Нурқасым өзиниң соны серлей алғанына ҳәм таңлана алғанына таңланды. Үш аўыздан бирден гә пысылдап, гә қарқырап шығып атырған сасық, бәд ийислердиң жүрегин айнытқанлығы соншелли, аўызын басып сыртқа жуўырды. Лийкин қуса алмады. «Апа-а, аға-а! деп, жайдың әтирапын айналып шықты. Жан жоқ. Ақыры келип, Сийсенди жулқыды:

— Апамлар қайда кетти?!

— Түрмеге!—деди де тағы сылқ етти Сийсен.—Баласына кетти...

Нурқасым өжирениң қапысын ашық қалдырып, әйўанға шықты да: «не қылсам екен?» дегендей, жан жаққа қарап турды. Биринши гезекте әйўанның қапысын ашты. Ишке февральдың соңғы күнлериниң бәҳәрлеби аралас салқын ҳаўасы қуйылды. Ешкилерин жын

ғыл менен қыпсаланған шертектиң астына шығарып байлады. Гүўендеги ылақларына «тоңып қалар» деп, тиймеди. Соң тырманы алып, барлық самтықты қапының алдына әкелип жыйды да, сыртқа шығарып таслады. Ешкиниң қумалақларын, қысы менен жент болып қалған көнди ортаға үйгенде тәўир-ақ бир намбар үйилди. Ләгенлеп сыртқа шығарып жүргенинде: «күндегисин күнде үсейтип шығарып таслай бергенде үйдиң иши буншелли көңирсимес еди-аў!» деген ой келди. Тағы да өзине өзи: «мен усы-ушын кимди гиналап турманэй, кемпир-ғаррымды ма, я малдан парқы жоқ еки пияншикти ме?!» деп таңланды, өзиниң есейе баслағанынҳәм ол тап усы күни сезинди. «Биз қуры ҳәўес ете береди екенбиз-аў, мың ҳәўес етсек те Тимур менен Бердаштың беглик өмири бизге жо-оқ, өзи айтады-ғо, әкемниң әкеси аш-жалаңаш жасаған, әкем аш жасап атыр бизиң-ҳәм маңлайға сызылғаны усы шығар, мынаў қум геллеме сәрип те қона бермеди!..—Өзинен өзи қапаланды: «Бердәмбет аға айтқан коммунизм де келе қоймады-аў, биз де машина болмағаны менен велосипед минермек, әлле қайтер едик!..»

Күн батыўға арқан бойы қалғанында ата-анасы келди

— Тюрьмеде дегенге, биз тюрьмени айналшықлап жүре берippиз! Темир менен Бердаштың өзлери әкелип таслаған болса, үлкен мәртлик етипти, болам,—деди әкеси. —Нөкербай «өзлери әкеледи» дегенинде «пияңның гәпи шығар» деп, исенбеп едик, ырас екен ғой. Буннан былай тегиңе жүр, балам. Ийт те қутырайын десе ийесин қабады. Мың айтқан менен усылардың жуўындысын ишип, тисиң шықты, ақыры! Ол үйге балта көтерип барып, қатты әнтеклик етипсең! Енди Әмирханның үйине қалай бараман, бетине қалай қарайман!—деп отырғанында:

— Ҳиййияйй қайнаға-аа! – деген Үбайданың саз даўысы шықты.—Питегене сексеўил усақлап берсс!..

Нурлепес өзинен өзи ушып-ушып қуўанды, соң шапанының шалғайын белине қайырып, диңкилдеўи менен Әмирхандикине апаратуғын соқпаққа түсти. Бул ўақытта үйдеги пияншиклерден Сийсени ғана бети-аўызы мыжғыланған қамырдай мыржымланып, қуты қашып, сыртқа шыққан еди...

«Нурлепестиң сүйеги полат!» деғенлер де соңғы жыллары кем-кемнен қожырап баратырғанын сезе баслады: бетиниң айқыш-уйқыш сызықлары көбейди ҳәм тереңлести, «бундай кең адам болмас, Әмирхан өзин қанша қорлап қойса да кеширип жибере береди, ертеңине есигин сыпырып жүргени, оны қартайтпай жүрген усы арсызлығы менен кеңлиги!..» дей беретуғын Тәңирберген Шаббазов: «Аппырмай, бала! Нурлепес ағаның шашы ағарып кетипти-ғо!» деп, Нөкербай ға айтқаны менен турмай:

— Нурлепес аға, тамағыңнан иркилмей өте ме? Әпшериң қашып кетипти-ғо!—деп қапылтты. Буған ашыўланыў орнына Нурлепес ирсек-тирсек сары тислерин көрсетип күлди; бунның күлгенине жини тырысты ма:

— Несине күлесең?—деп тикиреңледи. —Қосберген кемешиниң Гүлим деген қатынын билесең-ғо, билесең? Сол да бирден сендей азып кетип еди, ҳаялы түспегир жасырып жүрген екен-ғо! Мен буны саған айтып атырғанымның байызы: Өтеп томпақты билесең-ғо, ол газетти мынаў Нөкербай жаманнан да көп оқыйды, сол айтты маған, газетке жазыпты, ерте көринсе қылтамақтың алды алынады екен...

— Басымды аўыртпа, қудай берген жанды қудай алады, өлмегенде мен кимге керекпен,—деди де Әмирханның машинасын сыпыра берди.

Лийкин, сол күни ол айнаға үңилип қарады, шынында да мурны қоңқайып, бадана көзлериниң әтирапындағы майда жыйрықлар жийиленген, көзиниң ағын да сарығышлаў булаў басқандай сезиледи өзине. «Көкнарданбекен!» деп те ойланып көрди, жақ, қайта көкнарды ишкен сайын сергекленип, кемеси қырдан да жүрип сала берди. «Көкнардан» дегендей, бул бир, көкнаршы болып па? Ишсе «Социализмниң» Тәжимуратынан ишип жүр, үйине барып ишеди, үйине барыўға тартынса, шай-пай қайнаттырып, өзиниң үйине шақырады. Бул үйде көкнар жоқлығын Тәжимурат та жақсы биледи, көкнар түўе базда-базда: бизиң балаға Самарқандтан қайтқан шоферлары әкелип берипти, бизиң баланың машиналары соқтан капремонттан шығадығо!... деп тирйек те әкеледи ҳәм ҳәр тирйек шығарған сайын баласының шоферлары алып келгенин, соқта капремонт барлығын бир еслелтип өтеди, сирә алдын

ғы сапарлары айтқанын умытып кететуғын болса керек-аў!

Бүгин-ҳәм сондай түски булқыныылардың ўақтында булар Әмирханды өлгенше мақтап алды. Сөзди Тәжимурат шығарды:

— Берекет тапқыр, Әмирхан, мениң Тасқылығыма ағалық ете қойды, сол араласпағанда буған директорлық қайда-аа! Мине, енди Самарқаннан тирийек келеди-де турады, ояқта капремонт бар-ғо! Сениң балаңҳәм сол бизиң баланың автобазасында-ғо, слесарьма, ҳәә, слесарь, айтқан екенсең-аў!.. Бизиң бала да тап сондай слесарь еди, сырттан техникумын питкерди, соң мухайник етти, ҳәзир директор! — Нурлепестиң қулағына:—Буларда келген таза машин сатылады екен!— деп сыбырлады. —Ҳәр күни сайын таза машин! Ҳәр күн сайын үйге шоферлар келип турады, бирақ, мақаўлар, маған бермейди, келинге берип кетеди! Көрдиң бе, бизиң Хийўа дәрўазаны! Еки мың манат! Бурынғы пул менен жигирма мың!.. Демниң арасында қурғызды да алды бала! Берги жағымыздағы Узақбай қыйсық бухгальтер-ше, бизиң бала менен байлық жарыстырыўға әри-бери тырмасып көрип еди, қойды ҳәзир! Ҳәзир ол бир прокурордың от жағары болып жүр! Бизиң баланың прокуроры жо-оқ, Әмирханы бар, Әмирханды прокурор түўе сотың-ҳәм милициян-ҳәм тыңлайды. Сениң балаң шатақ етти-дәә!—деп басын шайқады Тәжимурат.—Не қылады үйине балтасын қайрап барып!

— Әйй, сорама Тәжеке-е!..

— Ҳә, оннанша жүре бер ғәрип жолы қайсысаң?» деп...

— Әйй, сорама дәртин! Соннан бери Әмирханның мениң менен мәниси жоқ. «Ис буйырармекен?» деп кеп күтип тураман аўызын бағып. Жақ, салқын сәлемлеседи де кете береди...

— Еле де сәлемлесип жүргенине шүкир ет! Кең жигит-тә, ке-ең! Кең болмаса үйине балтасын жалаңлатып барған адамды қамақтан қутқара ма! Ҳәзир Әмирханның дыққатына сен, мен түўе мине деген еки этажлы мектептиң директоры Гүлимбай таласып жүр, сениң балаң ким болыпты!..

— Гүлимбайды шығарып таслаған-ғо мектептен!..

— О неге?!—Тәжимурат таңланып мойынын жағасынан созып шығарды.

— Қышыма кеселге тап болыпты, сабақ берип турып, баллардың көзинше қасына беретуғын қусайды.

— Қышытып баратырса қасынбай не қылады? Бизиң ликбез муғаллим қасынбақ түўе столдың үстине бийтин сығып-ақ отыратуғын еди! Өтирик шығар?

— Сөйдеп жүр-ғо Шаббаз үйшиниң баласы Тәңирберген хожа. Баллардың көзинше қасыныўға болмайды екен...

— Әйтеўир де Гүлимбайдың Әмирхандикине қатнаўы көбейип кетти. «Бир жерге қой» деп жүргенди-дә! Әмирханның нәзери түссе Қыдыр атаның нәзери түсти деп қоя бер! Оны мен өзимниң баламнан көремен!..

— Әмирхан ғой, яқшы жигит-тә, бирақ оғада тәкәббыр! Анаў-мынаў менен сөйлеспейди. Тасқылықты: «киси менен уйпаласа алмайды» деп едиңиз есабыңыз қамлаў екен. Тәжеке, ҳәзирги балалар биздей емес, үндемей жүрип ислейди, есабына пүтин, баллар жөнинде қателесемиз.

— Жақ,—Басын шайқады Тәжимурат.—Мен қателесип отырғаным жоқ. Бизиң балаға қарағанда келин өткир! Бизиң келин Темирханын оқытады екен, сол Қараөзекке Әмирханнан машинасын сорапты. Жүдә бир киши пейил жигит-тә-Әмирхан, киши пейил болмағанда шоферы ҳәйран қалып тур ма десе тап өзи апарыпты-ғо! Ол ўақта бизиң балада машин жоқ, сениң балаңдай май шапан еди, Әмирханның арқасынан талтайған исши болып шыға-а келди! Сен де баланды соған тәрбиялаўың керек еди...

Усы ўақытта есиктен Айтбай домком—финагент кирип келди, диз бүкти, нан аўыз тийди:

— Есиңнен шығарма, аға—деди пәтия етип болып.

— Ертең базар, умытып қалар деп айтып атырғаным ешкилериңди жойт!..

Сөйтти де шығып кетти. Тәжимурат сыбырланды:

— Басың искен адам екенсең! Сен неге усы қысымын Әмирханға айтпайсаң?! Әмирхан деген Айтбайдың сол дәрежеде бөксесин қатты қыстырып берсин, ҳәтте жели шықпай қалсын-ә!..

Нурлепеске сөйтип хот-хотты берди де, Тәжимурат терин әбден басып, күн тәўир-ақ аўа бергенде қайтты.

Быйыл бәҳәр ерте келетуғын февральдың соңғы күнлериндеги булытсыз аспан, жадыраған әндамлы кемпир шуўақ, жылымтық көмпек-ақ айтып еди». Бурын

ғыдай бул жыллары февральдың аяғы, марттың баслағында наўрыздың ақша қары жаўа бермейди, усы бийыллары улыўма қар жаўыспақ бул әтирапларда азайып кетти. Буны да Нурлепес өзинше: «бул да қудайдың ҳүкиўметке қарасқаны! Күнде жаўын, күнде қар жаўа берсе бул ҳүкиўмет Арал теңизиниң суўын қалай қурытады, оған қашан салы егеди, мың айтсаң да теңиздиң аты теңиз, қудайтала қар-жаўынын азайтып, яратқанның өзи қарасып атыр, себеби, ҳүкиўметти қудай қоллап тур!..» деп жорыйды, буның усы гәпин ликбезши Тәжимурат түўе галстук тағып, жалаңбас жүретуғын исши Өтеп томпақ та қуўатлайды. Өтептиң бир жаман жери:

— Ҳүкиўмет тәбияттан жарылқаў күтпейди! Тап қудай абылайсаңын қуйып қойса да «Аралды қурытамыз» деди ме, қурытады, «салы егемиз» деди ме, егеди! Ҳәзир ҳүкиўмет қудайдың қулы емес, қудай ҳүкиўметтиң қулы!—деп әси кетеди-дә наинсап!

Егер үйинде бар болып, ым қаққандай түри болса жумысына кирисип кете беретуғын дәрежеде ғурыжланып, еки шалғайын бел-беўине қайырып тығып келсе сол Өтеп томпақ, үстинде Үбайданың тандыр шапаны, қаралай өшип, Әмирханның намбарын аўдарып атыр. «Пай-пай-пай, Тәжимурат-ҳәм тезлеў кете қоймады, жумысты мынаў алып қойыпты-ғо, енди бизге Әмирхан қыйсайып-ҳәм қарамас!..» деп қызғанды ишинен Нурлепес ҳәм қызғанышын билдирип қоймаў ушын тил ушынан болса да ҳармасын айтты. Өтеп дырдай хызметкер болыўынан бийғәрез әлле неткен дүкан баслығының дәрисин аўдарып атырғанына қысынды ма, Нурлепес сорамаса да:

— Әй, аға—деп ыңғайсызлана қыйпықлады ғалтек арбаға жаба менен дәрис салып атырып. —Бул кисиниң бир көмеги керек болып қалды-аў, болмаса бундай емес едим, буның тамырын бизге қарағанда биздеги келин жақсы биледи екен. «Бар да дәрисин аўдара бер» дегенге аўдарып атырман, аға. Бир парт-үшкил-сартүшкил» дегенге бара қояйын депем, обкомға қатереши таппай, жүрсем, үйдиң қасында-ақ екен бул!

— Сондай ғой өзи! Керек зат аяқтың астында-ақ жатады-аў, көрмей-билмей апалақлап, басқа жақтан излей беремиз!..

— Ҳаўўа-әй бала!—Темиржабаны шаншып, бетиниң

терин сүртти. —Зырлатып апарып, төгип қайта ғой!..

Нурлепес жумысқа қуўанып ҳәм шулғынып киристи. Биреў салып, биреў тасып турған соң шыдатсын ба, өзи де ҳүкүўметке тапсырылған былтырғы сыйырдан қалған, оннан соң қонақ-қопсыға сақланған онлаған қойдан қалған қый еди, демниң арасында төгип, жайып та болды еки адам. Сонда да бул Әмирхан келе қоймады. Кеш түсип баратыр еди.

— Тамақ тәме еткен көмекшидей боларман, мен қайтаман, —деди Нурлепеске ҳәм қайтып баратырып: «хызметтиң бәри жаңағы кисиге өтип кететуғын болды-аў! деп қыйналды да, күтпегенине өкинди, лийкин мың айтсаң да галстук таққан енапаттай исши ғой, қайтып барыўға уялды.

Үбайданың бүгин нәўбети емес, үйинде еди. Үбайда екеўи шай ише баслағанда есиктен бойы зоррыйып, Темирхан кирип келди, изинде Жердаштың Бердашы, бул—Темирханның қасында бөденедей. Нурлепес пенен Бердаш қол алысты да Темирхан оң қолын көтерип:

— Чоооў! деп созды да төрги жайға өтип кетти. Изинен Бердаш та кирди. Анасы менен ғарры арасында азмаз үнсизлик орнады.

— Түпәләм, тил-жағым тасқа!—Ғарры тынышлықты бузды. Дайыларына тартқанды-дә, кеше арқама минип мени ат қылып шаўып жүрген Темиржаным зәмилдей жиғит болыпты, тилим тасқа. Сирә өмирдиң өтип кеткенин билмеймиз-аў!

— Бунаң қуры бойы демесең ақыллы емес, —деп налынды анасы.Бул баласының қол алыспай кеткенине қысынғандағы перзентине нарыйзалығы еди. — Бердашты көрдиң бе, сақадай, бул мың сөйлегенде бир сөйлемейди сум. Мың айтсаң да Хийўалының қаны бардә,—деди Айбөректи нышанға алып. Бизиң баланы керек десең, ийт қылып үргизип, ешек қылып аңқыртып береди! Кеше Бийбирабаны қуўдырып жүрген де, Нурқасымға қол көтерткен де усыннан басқа ийт емес!

Сыбырланды.—Сөйтип, дым көрмегендей тымпыйып келип қол алысыўын қара! Усынысы менен бул бала саған не демекши: «мине, көрдиңиз бе, мен қол алысып атырман, себеби, әдеплимен. Мынаның баласын қара, «чооў!» деп өтип кетти, баланды урған да усы, мен емес!..» дей жақ...

— Әстаўўпыралла! Онда сум екен. Бәри бир, мен онысына түсингеним жоқ, балларды елестире берме, келин. «Чаў» дегени не?

— Билмеймен, өзи де билмейтуғын шығар. Ҳәзирги баллар кинодағылар не десе соны айта береди, әлле, сәлем бергени ме?..

— Солай шығар-аў!..

— Маха-аан!—деген сес жалт қаратты Үбайданы. — Мен туўылған күнге кете жақпан, шалбарды утюгле!

Анасы «булардың туўылған күни де ада болмайды!» деп тоңқылданыўы менен орынынан турып кеткен соң сыртқа трусий, майка менен Темирхан шықты да:

— Ата,—деди Нурлепеске.—Оғада өтинемен, бизиң туфлийге май жағып таслаш, мақпал менен ыс,— бас бармағын шошайтты. —Мынандай болып жалтырайды. Сондай болып жалтырасын ата, Бийбираба үңилсе жүзин көре беретуғын болсын!

— Мен топылыйыңды зор қылып беремен, балам. — Нурлепес турып атырып сөйледи. —Бирақ, билип қой шырағым, бизиң қарақалпақ басқа халыққа қарағанда да қызын көбирек сыйлайды, оны өзлеринен төрге отырғызады,оның бетине жел тийгизбейди. Соның ушып, шырағым, пәндиў-нәсийҳатым, кимниң қызы болса да қарындасындай сыйлап үйрен, бийжөн тил де, қол да тийгизе көрме!..

— Бизиң пахан айтады: «тайдың ядында биринши бас үйреткен адамы қала береди, өмиринше умытылмайды. Қызлар да сондай, көп қыздың адында қалсаң дозақ оты ҳарам!» дейди, қайсысыңыз көсем, данасыз сен бе, бизиң пахан ба?

— Паханың көсем! Бирақ жаңағы гәпти сени сынап айтқан: егер сол айтқанын ислесең, ақыллы болмағаның, яшуллы дегенлер баласын сөйтип сынайды!

— Сен, ата, ақыллы болып баратырсаң-әй, көп ақыллы бола берсең бизиң туфлийди жалтырата алмай қаласаң!..

— Жалтыратаман ғой, машиныңды - ҳәм жалтыратып жүрменғо, соннан қыямет емес. Әлбетте, мен етик майшы емеспен, бирақ... — Бала гәптиң артын тыңламай ишкерилеп кетти. — Баламның әнтеклигин кеширрилгениң ушын не қыл десең де қыла беремен,—демекши еди, оның ишкерилгенин көрген соң айта алмай қалды. Иштен:

— Муштай болып, балтадай еллиликти алып кете

...ремисең? —деген Убайданың ашшы даўысы шықты.
—Ләниң ярым айлығым бул! Саған онлық аз болды ма?!
Нурлепесте: «еллилик қандай болады екен?!» деген ...р қызығыў пайда болып еди, сол қызығыў Темирхан: «рақымет!» деп, үндеў белгиси менен сөйлеп, туфлийин кийип атырғанда да басылмады:
— Еллилик қандай болады, көрсетш, Темиржан, мен көрмедим...
— Мә, көрмесең көр! Маханға услатпа бирақ, бермейди!..
Ғарры пулды маңлайына тутып көрип атырғанда Бердашқа ерип шыққан Убайда:
— Сен неше манат алып баратырсаң? - деп қызықты.
— Үйде пул жоқ,—деди сынық даўыс пенен Бердаш қысынғансып.
Еки бала шығып кеткен соң Убайданың тағы алампурханы шықты:
— Сумын қара бунның! «Үйинде пул жоқ» емиш! Айбөрек деген ҳәзир жүз Әмирханды сатып ала алады! Арақ дегенди байы дүңгирлеп тасып шийшелеп сатып отыр! Қатыны шийшели арақты, дуканы түбинде, ящийги менен сатқаны менен турмай, районларға машины менен ысырып тур-ә, соннан келген «пул жоқ» емиш, «ғарғаның баласы ғақ» дейди, сумның баласы да сум! Аппырмай, бала булар я аспас, я таспас! Бизиң үйдегилердиң қалтасына пул кирсе шалбарын тесип шығып, «қуўырмашын төгеди!» Бизиң үйдегиниң де баласы әкесиниң сәмий өзи! Қара енди бүкленбеген бир еллиликти қалтасына бүклемей тығып баратырғанын! Баланы усындай етип өсире гөрме, қайнаға,—деди бийғам отырған Нурлепеске бирден. Ол да ойланып отырмады:
— Ондай етип өсирмеге ҳал қайда—деп салды. Ҳаял алтын сырғасын жалт-жулт еттирип басын шайқады:
— Жақ, жақ! Сирә ҳалдың кереги жоқ бундай! Балаң бизиң баладай бийдәўлет, бийтәртип болса жалғыз бала жаўдан жаман! Қарғайын десең жалғыз, қарғамайын десең жалмаўыз, урнығып, өлип баратыр!
— Жа-ақ, келин, сизиң бала емес, бизиң бала бийдәўлет шықты! Әңгиме аш өскен, тоқ өскенинде емес қусайды. Сизиң балаңыз еле ҳеш үйди балталамаға барған жоқ...
— Бармаса барады!
— Қудай сақласын ондайдан! – Нурлепес даўысы

екшеди. —Ағайиндей қатынасып, жетпесимизди жеткерип отырған үйимизге балта алып келип, бизди қысындырып таслады-аў бул!

— Әзели жоқ, бир ашыў менен келсе келген шытар. Сонда да сениң балаңның еси-ақылы пүтин. «Қой деди, қойды, бизлердики «қой» десең қойдай семиреди. Балаң болса Жердаштың Бердашындай болсын-дә, «бирин еки етемен» деп тиселенип таслайды елден. Әкеси «юрист етип шығараман» деп жүр, биледи мақаў таўсылмайтуғын байлықтың қай кәсипте екенин! Баласы жақсы да оқыйды, бизикиндей ме! Билемен, бизики пара бермесе оқый алмайды, кире де алмайды!..

— Аппырмай-ә! — Таңланды Нурлепес. —Оқыўға да пара ала ма екен?!

— Бай-бууў —Ҳаял жамбасын шаппатлады.—Соны да билмейсиз бе?!

— Мениң өзим оқыўға жазғанда ақсақалға бир сыйыр пара берип оқыўдан қалдым! Сонда-ақ айтып еди-аў: «еле пара берип киресиз» деп.

— Ҳимм, ҳәзир санап емес, бала оқытатуғын болсаң санап емес, тәрезиге салып, өлшеп бересең пулды!..

— Онда жарлының баласына оқыў жоқ десеш?

— Пулы болса болады оқыў!..

— Онда «қара табан—қара табан, бекзада—бек болып кете береди» десе-еш?.. Сирә мениң өзим ўәлийменен-аў!—деп мардыйды Нурлепес. —Бурыннан-ақ айтып жүрмен: бабам жарлы, әкем жарлы, өзим жарлыман балам оқып журт сорай ма, «кир,—дедим, — шопыр оқыўға!» Кирди. Соған пара алмағанына шүкир!..

— Ҳәзир оның қардары азлаў, еле оған да алады!

— Алса ала қояр булар, не де болса бир кириўге кирди. Пәлкес папын таўып, аман-есен елде жүрсе болар, дени саў болса сол үлкен патшалық бизге! Ал енди, келин, бала деген урысады, жарасады, бунын арасына түсе бермейик...

— Оны билемен гой, бирақ көптен бери өзиме салқын қарағандай көрине бересизлер, соған ағайиннен абзал адамнан айырылып қалғандай көўлим қулазып жүр, келин-аў, буерде сизлерден басқа кимге исенип жасап атырман. Соны Әмирхан жанға да түсиндир,— деп атырғанда Әмирханның өзи де кирип келди. Ғарғы өрре турып қолынан алды. Әмирхан бетине бежи-

рейин қарады да, ишке кирип кетти. Убайда: «пияң қусийды, қайта бер,» деп сыбырлаўы сол, Нурлепес геўишин оқлы-шепли кийип, есиктен шығыў менен бола берди.

Кешки шаж гүртикти жеп отырғанында Нурлепестиң ядына тағы ешки түсти. Буны ертең апара ма, жоқ па, Әмирхан Айтбайға қатерге түсе ме, жоқ па! Түсейтуғын болса апарыўы керек.

Жатардан сәл алдын тағы хабар алды. Еле оянбапты. «Ојат» деўге батына алмай: «сондай-сондай жумысым бар еди, Айтбайға сен-ақ айтып жибермеймисең, сениң абырайың-ҳәм жаман емес ғой келин» десе Убайда:

— Байбуўўў,—деп жуўан санын шаппатлады. —Қызы түспегир бизиң баллардың мәкиендей патырлатып қуўғанын Айтбайға айтып қойыпты. Сол күни-ақ сурланып Айтбай келди: «сен байман деп ҳәммени бассына бересең бе, қаматаман баланды!» деп ҳәр бир дәпинеди-әй көкирегинди қудай басқыр бизиң үйдегиге! Соның менен бул не деди, ол не деди, ийт жемести жесип дағысып еди, изинше сизиң баланың балта алып келип турғаны-ғо! Бай-буўўў, бул үйдегини сол жумыс ушын күткен болсаң, оны питеди деп ийесим қышымайды, деген соң Нурлепес таңнан турып тартты ешкилерди. Баласына изинен айдатты. Сөйтип, таза көпирден туяқларын шықылдатып өткерди де, күн шыға «биришни базаршы мен шығар!» деп келсе, мал базардың ҳәммеси шошайысқан ешкиниң шақы. Сирә аспаныў—зәминде ешки қалмай усы базарға жыйналғандай туйылды Нурлепеске. Саўдасы оңынан келмейтуғыныын сонда-ақ билип еди Нурлепес, ойлаған жеринен шықты да турды. Ешки деген түйе таўықтан арзан. «Сени аяғанымнан әкетпекшимен-аў, үйим тоғайда болған соң бәжбан-сәжбанға сойып беремен, деп атырман, алмайын десем, қыйналып қалажақсаң, оны көзиңнен көрип турман. Өмиринде сирә бир урлық етип көрмеген, ийман жүзли адам екенсең! Кетсе саған кетсин!» деп, еки ылақлы ешкисин қырық манатқа алып кетти. Нурлепес арзан кеткенине қыйналған жоқ, ешкиден қутылғанына қуўанды, себеби ешки ийт муты, шырқының өзи сондай! «Мынаны-әм алып кетсоңо!» деп еди, пулы жоқ екен.

Ақыр базар қудай сәтин салса қоя бер, өтип баратырған бир рус ҳаялының жетегиндеги кишкентай

қызы апасының қолынан жырылып қашып, ешкиниң ылағын кел-ә қушақлады. Ылақ болғанда қандай, ешкиниң ылағының сулыў емеси бар ма! Қызы түспегир қулақларынан сыйпап, аўызларынан сүйип, «өлип баратыр»! Ҳаял қызын ылақтан айырып ала алмады. қыз жылап, ақыры ҳаял ылақты сорады.

— Екеўин бирге ал, маржа, айырып сатпаймыз,— деп көрип еди, араға дилмаш салып, екинши этажда жасайтуғынын, ешки сақлай алмайтуғынын, ылақты «игрушка» орынына пышықтай етип бағатуғынын айтты.

«Нәрестениң ықласы яма-ан! деди ишинен өзине өзи Нурлепес. Бунық ықласы урса бул ылақ ҳарам өлип қалар!» деген пәм менен қолын бир силикти:

— Ала ғой, саған сыйлаў!—деди қызға. Қыз ушып-ушып қуўанды. Қолындағы қуўыршағын берип атыр ғаррыға: «На память!» дейди, ғарры баяғы жигит күнлериндеги урыста бул сөзге жақсы ғана түсинип қалған еди, кеўили елжирегенинен пордай езилип, ҳаялдың берген бес маңатын ҳәм алмады.

Ылағынан айырылған ешки базарда-ақ салып еди саз даўысқа, «не қылар дейсең, қояр» деп еди, жақ, көпирдиң үстинде де жағы тынбады, бақырғаны менен де турмай, төрт аяқлап турып алды, жырылса қашажақ базар жайға! Излей жақ баласын! Кес геллем, жүрмейди, жүрмейди, жүрмейди! Соның арасынша шала пиянлаў ҳалда Нөкер Ниязов пенен Тәңирберген Шаббазов келе кетти. Екеўиниң де жағалары кирлеп, галстуклары қыйсайып кеткен.

— Ҳа, бул не?!

— Көрмей турмысаң не екенин, Нөкер-аў, ылағын сатып едим, жүрмейди.

—Бирге сатсаң болады-ғо, айып өзиңде!—деди Тәңирберген Шаббазов.—Ўақ-ўақ, баладан айырылған ананың бозлаўы, мынаў илэя Хрущев оңбас!—деп атырғанында артын айттырмай Нөкербай аўзын басты.

— Қыйдырып өте беремиз, Нурлепес аға, —деди Нөкер Нурлепестиң тери шылқылдап сыртына шыққан арқасынан қағып. —Қуўатты өзиңе берсин!..

— Не деп турсаң? —Көзине түсип баратырған шашын он саўсағы менен бирден артына тарап турып Тәңирберген бирден жинкөзленди. —Қара шайға қуйып берсе, сүтин ишесең! Сүтин сатып полке нан әкеп бер-

се, зәҳәриңе оны да қум қаптырасаң! А-а мийнетиңе келгенде қыйдырып өтесең, уят бар ма өзиңде? Усы ғарры жеткере ала ма бул ешкини! Көтер қанымды қыздыра бермей, тек жыртыйған көзиң емес, кеўилиң де қысық сениң, ҳе ҳәйўан! Үстине тазалаў кийим тийе қойған екен, талтақлап, исши бола қалыпты!..

Пальтосының өткен ақшам биреўге жағасын жырттырып келип, кийиўге плащ таппай 1—Майға сақлап қойған костюмын кийип шыға қойып еди бул Нөкербай сорлы, мийнетинен қашып турған жоқ, соған ешкиниң қылы жуғатуғын болды-аў! Әй, я-ақ, көтермей жақ!..

— Ешейинде ишип алсаң «бизиң күшти қара, ҳәзир жығаман!» деп, сым ағашқа жамбас урып атасаң, бүгин әбден шыррыя қалдыңғо!..

Тәңирбергенниң мына гәпи жети жүйресинен өткен Нөкербай дым үндеместен еңкейип төрт аяқтан бирден қарпыды да ешкини мойнына қағып салды ҳәм ырғалып жолды даўам етти де изиндегиге:

— Сен оңбайсаң Тәңирберген хожа!—деди пысынап. —«Өзим болсам жасайман жарлы-ы, Оның үстине қуртып алдым-аў мына жалғыз шалбарды-ы!..» деген кимниң қатары, ал, билсең айта ғой?..

— Ә-әә айтқанды-дә, өзиң қусаған бир ақымақ! Жүр, жүр!..

— Милиция бол-ә әбден!—Нөкербай биймәлел тоңқылданды. —Сен «трагедия» дегенди билесең бе, ол грекше «ешки ҳаққында қосық» деген. Бир ешки сояйын деп атырғанда үсейтип бақырған. Оған биреў...

— Қәйтип бақырған?!

— Ешки қәйтип бақыратуғын еди, қырсық! «Мәәәә!» деп-тә!..

— Әне соған бир шайыр...

— Қойып ту-урр!—Тәңирбергенге Нөкербайды ермеклеген мәп: — Сен түсиндирип айт, ҳеш түсинбедим, ешкини неге сояды?..

— Садақаға-дә!

— Кимниң жолына?!

— Өлимм! Мениң жолыма емес-ғо. Өлим, қудайларының жолына қурбанлық түсиндиң бе гешше! Әне, сонда шайыр қалмай жаңағы ешкиге қосық шығарған, жоқлаған ешкини! Адамлар сол қосықларды еситсе мына мендей солқылдап жылайтуғын болған...

— Сен қәйтип жылайсаң?!

— Енди жылата жақпысаң, жаңа маңыраттың! — Ешки-пешкиси менен тулғасын артына бурып едирейди. — Усы, ешки менен алдырып жиберсем-ғо, ешки-пешки менен Қызкеткенге жалп етесең!..

— Яқшы, яқшы-ы жүр-жүр, сеннен түрли бәлени күтсе болады!..

— Ҳим!—Бурылып жолына түсти Нөкер. —Қорққасаң сыбырлаймысаң!

Көпирден түскен соң Нурлепес «азмаз дем алайық» деди.

— Бир тынбай апармасам, атым Нөкербай емес! Бирақ, мынаў жағы қарысқырың адамның ыйығында киятырып—ҳәм бақыра береди-ғо, . я сойыла жағын билип киятыр ма?..

— Ылағын жоқлап киятыр, перзент дағы жаман, ийт бол, қус бол.

— Обалы Хрущевқа! Нөке-ер, ешки қырыспақ болып атыр-ғо, барлық шайыр, ешки ҳаққында қосықты не депең жаңа, «трагедия» жаза ма?!

— Сен, улыўма, саўатсыз адамсаң! Сизлер Болыспай екеўиңиз усташылығыңыздың арқасынан Мәжен менен Ҳайтжанға тақтадан ҳәжетхана, таўық қора соғып берип питкердиңиз инииститутты, болмаса, өзиң филологсаң, мендей химбиолог емессең, қаяғың филолог сениң! Соның пәмине бармасаң қаяғың әдебиятшы! Сен билмеймисең, ақыры, ҳәзир заман сондай заман, жүрсең даңғыл жо-ол, ишсең-жесең, мәрҳамат, дүканда барлық нәрсе бар, дуздан араққа шекем! Кийсең кийим, өлсең кепин болып тур пахтаң! Аўырсаң—шыпахана, бир сом—ҳәм алмайды, бирақ аўқаты жаман. Жинаят қылсаң пажалыста, тюрьма қанша керек болса сонша бар, бирақ ишиндеги тәртип жаман, соны оңласа биздей үйсиз-жайсызларға зона да шеп еме-ес, аўқатыңды биреў писирип отыр, ҳәзиргидей кеш болыўдан «кимниң үйине бараман, ким не береди?» деп уўайымламайсаң, воооообщем зона жақсы-ғо, баай!.. Әне, ҳәмме бул ҳүкүўметке сондай ырза, сонда трагедия қайдан болады! Ешкилердиң қырғынға берилгени ме, чепуха-аа! Сыйырларды меншиктен сыпырып алғаны ма—чепуха-аа! Сексенинши жыл келип қалды, биз сол жылы коммунизмде болыўымыз керек. Хрущев соған асығып атыр, тез-тез халықты жекке меншиклик са-

надан қутқара жақ-дә ақыры! Коммунизмде, меншик-сеники-меники деген гәп болмаўы керек, мине, меншиклилерди көрип атырмыз-ғо! —Айына бир көрмейди монша дегенди, я көресиз бе, Нурлепес аға?..

— Мен урыста бир көрип едим монша дегенди!..

— Әне, әне! Мен де зонадан келгели моншаны көре алмай жүрмен! Соның ушын «меншик» деген коммунизмниң ата душпаны!» дейди Бердәмбет аға. Бердәмбет ағаның тағы бир гәпи бар: Қарақалпақстандағы барлық мақаў кеселлерди жыртық гемеге салып, бир жерге апарып таслапты, соерди не деп атайды яқшы, билсең айта ғой, хожа?!

— Оны сен билесең.

— Ол жерди «Меншикли» дейди. Пах, атын—ҳәм таўып қойған-дә. Ҳәзирги тышқанларға сол керек, булар жердиң астынан гүрим қазып: Әмирхан менен Жердаштай үйине тарта береди коммунизмниң мүлкин! Ҳа-а сениий, бәрин жыйнап айдармеди «Меншиклиге!»... Коммунизмди болдырмай атырған сондай жекке меншиктиң қуллары!

Насос салмадан өткен соң сылдыр көк қум басланып, Нөкербайдың алға басқан аяғы артқа кетип баратырғандай дизеси дәрмансызланды, өзинен өзи пысынап, енди биреў «дем ал» десе алғандай да ыңғайы бар еди, «дем ал» дермекен» деген үмит пенен артына бурылып Нурлепеске қараса дым үндемейди. Алдына қайта бурылып, Тәңирбергенге қараса «ҳә, ҳалың қалай, бир тынбай апарамысаң?..» дегенди көзи менен айтып, күлип тур, күлгенде де оңдырмай күлип тур. «Дем ал» деў қайда, қайта:

— Көзиңди сыпырып алсеш, тер қуйылып кетипти, ашыйдығо!—деп күледи.

— Жолдан қаш, не қылатуғынымды өзим билемен!..

Нөкербай қанша қайсарланса да, еле бир шақырымға шамалас қумды омбылаўы керек еди, тәуир-ақ жүрген соң бир орында көзин жумып, тeңселип турып алды. Енди Нурлепес жалынды:

— Азмаз дем ала қойса, иним!..

— Жолдан қаш!...

— Жа-ақ! —Тәңирберген де шоршынды. —Ишиңе ыссы түседи, дем ал!

— Жолдан қаш!

— Ықтыярың! Өлип неге қалмайсаң!!! Мәрт болсаң

мен жүрген жолдан жүр!—Нөкербайға қасарысқаны соншелли, Тәңирберген қайда шөп шықпаған сылдыр шеге болса ҳәкисине соның үстинен, жүреди. Нөкербайдың жыңқ еткен сести шықпай қалды, иштеги ишкен арақтың ҳәўири менен тили кеўип, аўызында жарғақтай ғағырлайды, ишинен енди ҳеш ким менен ерегислеўге ант ишип, тоба қазығына тақалып киятыр.

Қызкеткенниң жаман шығанағының қолтығындағы Ақ тубаның тусына келгенде шеп жағынан арнаның, он жағынан Ақ тубаның айдынын жалап ескен самал басқа жақтағыға қарағанда тәуир-ақ салқынланып, Нөкербайды сергеклендирмегенде жығылармеди, әлле қайтер еди! «Әне қулады, мине қулады!» менен изине ерип, турса турып, жүрсе жүрип киятырған Нурлепес: «бундай—ҳәм өжет боламекен?» дейди «дем ал» дегенин тыңламаған сайын, аяп.

— Ешкини Ақ тубаның бойына арқанлап қойың,—деди ақыры шыдамай.

— Арқаның ҳәйран қап тур ма? —Тәңирберген жулқынды. —Апарсын үйге шекем!..

Үйге еле бираз жер бар еди, лийкин, Нөкербай ешкини мойынынан түсирместен Ақ тубаның тусынан теңселип өтти. Ақ тубадағы қысы менен музға қосылып қатып атқан ийт, пышық, ешкилердиң өликлери бәҳәр шыққалы порсып, жүдәма бәд ийис сасытып ататуғын еди, бул тустан жүреги лоғыған Тәңирберген аяғын шаққанлатып, мурынын басып өттидағы, Нурлепестиң мурынына урыста автоматтың қундағы тийгели сезиў уқыбынан қалғанлықтан буған ийис-пийис тәсир етпеди, «жығылып баратырса сүйермен» деген ой менен Нөкербай турса турып, жүрсе жүрип, изинен қалған жоқ. Нөкербай есиктиң аўызына әкелип, ешкини қойды, соң сууық демин алып, кәстонының шалғайы менен қум қылаўлары жабысқан жүзинен сорғалаған терин сүрткенинде кәстонның пеши оған егеў қағаздай түрпили туйылғаны соншелли, ети шимиркенип кетти ҳәм «уҳҳҳ!» деп терең тын алды, Нурлепес те, әне сонда барып жеңил тартты ҳәм Нөкербайды тәкирарлады. Ешки сол пурсатларда саз даўысқа салып созғанын екшеме маңыраўға айналдырып, питегене тынайын деген еди. Тәңирберген шертектиң бақанына байлап, қолын қағыныўы менен үйине кеткен соң тағы даўысын екшеўге қарады. Нөкербай менен Нурлепестиң бул

маңыраўларға қулақлары үйренискен бе, онша итибар бере қоймады, бирақ, шай ишип отырғанда:

— Буйтип, баласынан айырып, қақсатып қойғанша қосып берип жиберсең болады-ғоо!—деп тоңқылданды Жумагүл—Жумаш. —Пулы болмаса мутқа-ақ бер, обалынан қорқпадың ба?..

Шайдан соң бир басып уйықлап алды да Нөкербай «көкирегим бул әлемге сыяр емес! Сийсен де жоқ болды-ғо, кафениң аўызында олай-былай жүрип келейинш, желигим басылармекен?» деп, кетип қалды. Буның өзи жаңа ғана Нурқасым менен көкнар егиўге шыққан, еди ғой, ғарры оның кеткенине үндемегени менен ишинен азмаз иренжиди. Себеби, самал есе берсе мынаў қумшайытта қар ызғары қалмай жақ, оннан соң еккен көкнар кеш писеди-де! Суўғарып егиўиң керек болады, насос болса апрельдиң он бесинен соң айдалады, ғаррры соған қыйналды. Базардан басы мең-зең болып қайтып еди, улыўма, буның басы көпшиликке бола бермейди, ғаўырлы, ўаг-ўаг жақпай бүгин—ҳәм ун-үсағы шығып қайтқаны ғой, болмаса көкнар егиўди ҳеш кимнен сорамайды. «Бир қазаннан ас ишеди, бир есиктен кирип-шығады, егип берер десем кетип баратырғанын қара?» деди Нөкербайдың қайқаңлап баратырған жаўырынына қарап. Әкесиниң нарыйзалығын сезген Нурқасым: «бара бер ,аға, өзим еге аламан!» десе де «жас бала шала жиберип жүре ме?» деген исенимсизлик пенен туқымын өзи шашып берди, өзи тырмалап көрсетти.

— Әне, усейтип, қайта-қайта тырмалай бер, балам!..

Ишке кирип, шапанын жамылып, бираз жатқан қусайды, көзи илинип кетти ме, не қылды. Бас ушында Айтбай көринди, соң оның даўысы да еситилди:

— Ешкиң шақырған соң келип едим, Нурлепес аға?...

— Ешкиниң шақырғаны қалай? — Басын көтерип қараса, түси емес, оңы екен, Айтбай қолынан алып сәлемлести де:

— Ал, аға,—деп қапылтты. — Қолымнан түк келмейди! Бердәмбет аға менен жаў-жарағын асынып, участка милициясы келип қалды! Паспорт тексерип жүр, колхоздан қашқанларға үш күн мәўлет, үш күнде көшип барыўы дәркар колхозына! Әнейдей, «сорамымызда ешки баққан да, колхоздан қашқан да жоқ!» деп арағын берип, булқып отырсам, мынаў ешкиңниң даўы-

сы қулағыма тал-тал келеди!

— «Бар, шақырып атыр,» дейди милиция. «Ким?!» десем, «Ешки-дә!—дейди. —Сен алдап отырсаң, сениң сорамында ешкили де, паспортсыз да көп, ҳәзир бирим-бирим шығамыз да қырғынды тийгиземиз, паспортсыз қашқынларыңа да, ешкилериңе де! Бизди алдап, өтирик мағлыўмат бергениң ушын мынаў дүзилген акт, жуўапқа тартыласаң!» деп қар-аап тур. Албырағанымнан «Сизлер бармай-ақ қойың, анық ешки шақырып турған болса сол ешки сизлердиң өзлериңиз бенен келип сөйлеседи!» деппен,—деди путын шаппатлап күлип Айтбай домком—финагент. — « Бар онда, ешкини шақырып кел,ешкиси келмесе ийеси келсин, сөйлесемиз,» деп атыр. Не қыласаң, ешкиң барама, өзиң барамысаң? Сеннен басым бәлеге қалды...

— Соо, иним, тағы бир жақсылық ет,—бирден жалыныўға өтти Нурлепес. —Мен бармай-ақ қояйын, милиса көрсем диземде димәр қалмайды. Айып көп бизде: колхоздан қашып көштик, бир, —суқ бармағын бүкти.—Башқуртсыз жасадық, еки! Қойып тур, бираи, усы башқурт тексериспектиң бары ырас па?!

— Жүре берсе, көресең-ғо өзиң!..

— «Хрущев колхозды совхозға дөндирип, ҳәмменин ықтыярын берди» деп еди...

— Берсе көресеңғо, жүре берсе!

— «Еситкен қулақта жазық жоқ», сен оған өкпелеме, ғошшым. Нурқасым изиңнен айдассын, ешкиден қутқар бизди, берекет тап! Қалада да ийт сорамады буны, өзиң қутқармасаң ҳал қыйын, бул бақырыўын қоймайды, ылағынан айырылды, берекет тап...

— Ҳаў, мен қалай қутқараман! — Еки алақанын еки жаққа жайды домком—финагент. —Олар ешкиниң гөшин жемесе!..

— Жеп қалар-аў!

— Жерин жер-аў, «пара» деп жемейди-дә!—Кенжерилиңкиреп орынынан турды домком—финагент. —Кел енди, қоймадың-ғо, жаныма саўапты.

Нурлепес домкомды изине ертип келип, қолы қалтырап ешкини бақаннан шешип берди. Соң баласын шақырып, үйине шекем айдасып барыўды тапсырды.

Бала қайтып келгеннен соң да ешкиниң саз даўысқа салып маңыраған сести биразға шекем еситилип турды да, бирден тыйылып қалды. Баласын тақтаның үс-

тине мингизип, Нурлепестиң өзи мала тартып жүр еди, «аға-а,—деген баласының даўысына егленди.—Ешки тым-тырыс болып қалды, сойды ма деймен?..»

— Ҳаўўа-дә балам, мал болған соң сойылады! Әне, шайырлар ешки ҳаққында қосықты енди жазса болады!..

— Түсинбедим аға?!

— Анаяқта бир халық шалынып атырған ешкини аяп қосық жазады екен, оны олар «трагедия» дейди екен...

— Жа-ақ, —баласы басын шайқады. —Бизлер тарийхтан ба, әдебияттан ба, оқыдық, я муғаллим айтты-мекен, умыттым, «ешки ҳаққында трагедия» шығар сол!

— Ешкиниң трагедиясы болса ешкиниң трагедиясы шығар, әәй, мәйли-дә балам, басымыз саў болсын! Кеттик!...

## 14

Жумагүл—Жумаш Нурқасымға шекем де үш бала, Нурқасымнан соң еки қыз көрди. Көргениниң пайдасы не, кими ищбурыўдан, кими қызылшадан, кими қур-өзектен бириниң дийдарын бири көрместен кете берди нәрестелер! «Әжелге кимниң шарасы бар, қудайға керек болды-алды! Басың жас, алдыңда еле көрмеген перзентлериң көп! Алған қудай бере алады-ҳәм!» деп жубатысты журт, буған, әлбетте, Нурлепес те, Жумагүл де жубанды, жубанбағанда не қылады! Аспанға балта зыңғыта ма!! Бәри бир, қудайға балта зыңғытсаң өзиңниң басыңа түседи!..

Сөйтип жүргенинде Нурлепес түўе оннан он бир жас кишкене Жумагүлдиң де бетине әжим енип, шашына ақ араласты. Буны билер-билмеслер: «Жумагүл бирден қартайды, бәри жоқшылықтан-аў, я туўған баллары өле-бергеннен соң соның күйигимекен» деп қәтелесип жүрди. Себеби, Жумагүл—Жумаш жоқшылыққа да ети үйренип кеткен, туўылған төркининде де баршылықты көрмегенликтен, буған басы айналмайтуғын, дурысырағы «баршылық» дегенди жөнлеп түсинбейтуғын, ҳәтте түсиниўи кереклигин де ойлап көрмеген, журт баяғыда ликбезден саўат ашып атқанда ликбезден де жалаңаяқланып қашқан гөр саўат ҳаял ғой! Сыйынатуғыны қудай, әўлийе, пирлер болғанлықтан «қудайға керек болды, алды» деген соң жағасынан алып, жылап-

сықлап, қудайға да әси болған бенде емес! Соның ушын-ҳәм «перзент күйигинен бирден қартайғандур» дегенлердики өтирик. «Қудай жүрим берсе ҳеш гәп болмас» деген исеними оның шетнеген сағыйраларын-ҳәм доктордың жүзин көрсетпей өлтире берди. Ол бир-еки мәрте докторға бөпесин алып барып та көрди, бирақ руўҳияттан өткеретуғын «дуқтырлар» (оған ақ халат кийгенниң бәри «дуқтыр») мәкан жайын сорап, паспортын әкелиўин өтинди, тәртип солай екен, руўҳияттан паспорт пенен өткередимиш поликлиникада! Буларда паспорт не жесин, «ҳәә, қуданың қәлегени боладыдағы, бир қудайға сыйын да отыра бер, ҳаял!» дейди Нурлепес, қудай да сөйтип, қәлегенин қылып, булардың балаларын алып кетип турды.

Бир тамаша жери Жумагүл—Жумаш сол шетинеген балаларын да, шетинемеген Нурқасымын туўарда да «туўуў үйи» дегенди есине алып көрген емес, оны еслеў ғой былай турсын, «өз үйи емес, ҳаял адам ҳүкиўметтиң дуқтырханасында тыржалаңаш қалай жатады? Ер адамлар да бала туўдырып, киндик кеседи дей ме, өйппей, не бети менен ер адам бала туўдырады?» деп, журт ушын өзи уялып, бетин шымшып атады.

«Қырықтан кейин ҳаял туўмайды» деген сөзлерди еситкенде «Нурқасымым зергердиң сырығындай шошайып, жалғыз жасайтуғын болды-аў!» деп қәўетерленди, «Айта-а береди журт,—деди сонда оның жақында өлип кеткен қыз апасы. —Бизиң туқымның ишинде жетписинде туўып, атын Жетписбай қойғанлары да бар!..» Сонлықтан қыстың күни көк қыярға жеригенинде де «өлиўимде қурсақ көтере жақпан ба?» деп ҳаўлығыў былай турсын, «мен де туқымыма тартқан екенмен, Нурқасым жалғыз жекке болмаса болар!» деп қуўанды. Бир жаман жери, егер туқымына тартатуғын болса, сол өлген әжапасы: «бизиң туқымның арқасы бар, әўлийеге түнемесе аўырып қалады, шала бала туўыўы да итимал,..» деп еди, «шүкир, шалалықтан өтисти, тоғыз ай шамаласты!..» деген ойы оны қуўантты. А-ал, тоғыз айдан, тоғыз күннен-ҳәм өте баслағанда: «түйениң гөшин жедим бе екен?!» деп ҳаўлықты. Соңғы тоғыз айда түйе гөшин жемеген. Сөйтип жүргенинде Қосберген кемешиниң ҳаялы жерленген күни Айтбайдың ҳаялы: «көп жүрип қалдың-ғо, усы, сен түйениң гөшин жегеннен аманбысаң?» деп сорады.

— Жа-ақ!

— Оны қайдан билесең?!

— Ҳаўў!—Таңланды Жумагүл.—Тесигиме кирген қурбақаны, өңешимнен өткен гөшти билмей мен жинлимен бе, усы журт қызық-әй!

— Несине шаншыўланасаң оның! Шеңгектен гөш жегенсендур, ақыры!

— Шеңгектен жемей не, мен күнде қой сойып жеп отырман ба?!

— Ҳәзир қассапларда иҳман жоқ, түйе түўе ешектиң, қойдың гөшине ийттиң гөшин араластырып сата береди. Ә-әә, айтаман-аў!..

Сол-сол екен, Жумагүлден уйқы қашты. Бир ҳәпте ғаррысын алдына салып, Әззилер бабаға қатынады, мешиттен айналды. Соның шарапаты шығар, пийшемби күни сәскеде толғақ тута баслады. Усы босаныўынан қаўетерленгени соншелли, ғаррысын қасынан бир ели былай жылжытпады. Ҳаялы алла салса ғаррысы да бирге аллалап толғатып отырды. Ешейинде бийғам ҳаял толғақтың зарпы менен жүўен таптырыўды-ҳәм умытқан екен, бирден есине түсип:

— Аттың жүўени кере-ек,—деди еки ийниннен демин алып.

Ийтиң Нурлепес болмасын, усы заманда қайсы үйде ат бар! Жақын-жуўық қоңсы-қобалардан сорады, сораған сорағандай:

— Ат қайдан болсын, ҳаў, роддомға хабарласең!—дей береди.

Айтбайдың Орынгүли де «роддомға хабарла!» деди, «бирақ башқуртын умытпасын!» деп ескертти. Соның менен «роддомға хабарлаў» үмитинен Нурлепес адажуда ўаз кешти: «Башқуртты ҳаял қайдан таўады, ол түўе өзимде жоқ!..» Тап усы ўақытта Айтбай домком—финагенттиң қызы, кишкене ғана Бийбираба:

— Қосберген атамның үйинде аттың жүўенин көрдим!—деди.

Нурлепес сақалын тоғанақтай қақ айырып, сонықине жуўырды.

Келсе, Қосбергенниң өзи де, өлмеген екинши ҳаялы да үйинде екен. Булар бир, баўырман, жақсы адамлар еди:

— Бизикинде жүўен бар,—деди Қосберген ҳәм ҳаялына әйўанында қыстырыўлы турған, суўлықлары әлле

қашшан тат басып қалған жүўенди өзи алып берди.

— Ҳаў!—Ҳаял таңланып сыбырлады.—Бул ешектики-ғо?!

— Көрмеймисең, албырап келип тур бул бийшара! —Қосберген ашық есиктен сыртта бийпарасатланып жүрген Нурлепести ымлады: Ешектики ме, аттың жүўени ме, усылар ҳәзир соның парқына бара ма, аттың жүўени ҳәйран қалып тур ма усы мәҳәлде! Мен билсем, Жумаштың қасы адамсыз-ҳәм қалған шығар. Нурлепе-ес, ким қалды Жумаштың қасында?!

— Бир яратқан жан ийемнен басқа қасында бендеси жо-оқ,—деди есиктен дәлбиреп кирип Нурлепес.

— Айтпадым ба!—Қосберген ҳаялын қыстады.—Қудай аңсатынан бергей, бар да туўдырып қайт, байы ҳаялын туўдырған уят болады, бизлер-ҳәм елмиз ақыры!..

Келсе, шынында да Жумагүлдиң қасында я ағайин-туўғаны, я қоңсы-қобасынан болып, бир де ҳаял жоқ. Қәдимги, ҳәммеси отырып, шай-пай ишетуғын, қысында ыссы, жазында салқын көрип жатату ғын, кишкене төрт көз, жалаңқат айнасы бәленттен қойылған, өмиринде шөлмеги тазаланып көрмегенликтен шаңқай түсте-ақ ымырт тартып туратуғын өжиредеги ешек пештиң қуўысында алла-ҳүйди салып, Жумагүл жатыр.

— Буны қаерге қурамыз?—деди Қосбергеннниң ҳаялы шийленген пәтикти көзи менен шолып. —Мынаўың шийленген, болмайды!..

— Шийленбеген жайдың бири мынаў еди!—Нурлепес Нөкербай менен Сийсен болатуғын жайдың қулпын көрип турып-ақ албыраған ынан қапысын ийтерди. — Ишинде алтыны бардай қулыплап кетеди-ә түўе! Усындайда келе де қоймайды!..

— Әйўанға шықпасақ басқа иләжы жоқ!..

Қысы менен ешкилер байланған, кире берисине Қырантаўдың тасынан соғылған қол дигирман қурыўлы әйўан, жаздың жары ортасы кириўинен бийғәрез салқын әри ызғар еди.

Ҳаял мурынын қыймылдатып ийискеп-ийискеп көрип, зәңгини алып кириўди буйырды Нурлепеске. Нурлепес пәскелтек дизбе қапыға тасырлатып, зәңгини киргизди де «сүйе» деген арғытына зәңгини сүйеди. Соң сириси жыртылып, қап-қара өкшеси көринип жүрген аяқлары ғаррыларға тән сақлық пенен зәңгиге еп-

леп басып: «Усындайда баласы түспегир де келе қоймайды!» деди нарыйза кейипте ҳәм өрмелеп, жүўенди арғытқа беккемлеп, насостың қайысынан тилинип исленген қайыс шылбырды төмен салбыратып түсти. Қосбергенниң ҳаялы шырпынып:

— Ал енди, тез-тез салы сабан таппасаң болмайды! —деди де Жумагүл жатқан жайға сүңгиди.

— Салы сабанды қайдан табаман?—Нурлепес кимнен сорап турғанын өзи де билмейди, ғайрытәбиийғый ҳалатта албырап ешки шертекке жуўырды, гилең боян шөкир, қамыс, жантақ. Соның арасынша жақында ғана Әмирханның жоңышқасын орып бергени есине түсти ҳәм геўишин салпылдатып солай жуўырды.

Қеўип қалғанына қарамастан Нурлепестиң шолақ қолы баўлап бериўин күтип атқан атыздағы бедеден бир қушағын төгип-шашып қушақлаўы менен әйўанға кирди. Қашшан Жумағүлди сүйеп шығарып, отырғызарға жер таппай «шыда, шыда, «алла» де» деп турған ҳаял үсти ағарған, асты солғын көгис жоңырышқаны көрип: «Қатын-аў!—деп налынды.—Ишиңе қурбақа түскенин билесең, туўатуғыныңды билесең, сең болмаса сабаныңды этияжлаңқырап қойсо-цо!.. Жая бер енди, басқа не иләжы бар буның!..»

Нурлепес жүўенниң тусына жайды. Ҳаял Жумагүлдиң еки қолын гүрмекленген шылбырға илдирди де:

— Ал енди, сен шығып кет!—деп буйырды Нурлепеске. —Ер адам болса толғақ тарқап кетеди. Самал кирмесин, есикти беккемле де сыртқы аўыздан узап кетпе!..

Нурлепес шыққаннан соң Жумагүлдиң бүрге бүркип таслаған путы жыртық гүлли дамбалын шешип таслады ҳәм оны талтайтыңқырап жүресине отырғызды да:

— «Маған да онша исенбе,

Өзиң-ҳәм аз-маз күшен!»—деп, баяғының бир шайыр қатыны бала туўғызып атырып айтқан екен, алла яр болсын, алладан басқаны айтпа, ендиги жағында қудай ғайратты өзиңе берсин, әўмийн!—деди.

— Я-аа аллаа, өзиң яр бола гөр!—деп, Нурлепес есиктиң сыртында ҳаялынан кем толғатып жүрмеди, биресе есикке қулағын түреди, ҳаялының ыңырсыўы, бақырыўларына шыдамай биресе мүйешке жуўырады, сирә бир жерде қарар таўар емес:

— Я-аа пәлек, бундай да толғақ болар ма, буннан

да аман қалар ма!—деп гүбирлениўи менен мүйешке пошалап баратырғанында «шырр!» еткен сестин қулағына шалынғаны да сол:

— Ҳаҳ!!!—деди ҳәм турған жеринде аңырайып қалды, соң жәп-жаман, ирсек-тирсек, кетик-мүжик сары тислерин көрсетип, үнсиз күлди де жылап жиберди. Әне, усы жылаў-жылаўының алды екен...

Әллен ўақыттан соң Қосбергенниң ҳаялы тақырлатып тәмбини тайдырды ҳәм уллы болғанына шүйинши сорады.

— Тамы-тасымның бәри сеники!!!—Сақалынан көз жаслары сорғалап турып сөйдеди. —Қудай өмири менен берсин!..

— Соны айта бер!.. Еки жаның бир қуўысты!..

— «Үш жаның» де, мениң де жаным шыға жазлады!..

Ҳаял пештиң қуўысына апарылып, бүрге бүркип кеткен кир-кир қатырма шыт көрпеге орап жатқарылды. Бөпесин қасына берип, Қосбергенниң ҳаялы ендиги жағында ҳаял менен балаға қалай күтим жасаў кереклигин нәсиятлап:

— Тез сүтбурыш писирт,—деди де үйине кетти.

Бул үйде я гүриш, я сүт болсеш, гүриштиң килосы базарда гөштен қымбат, бул қарағанда сыйыр түўе қой-ешки саўып отырған да тири жан жоқ. «Енди Жумашты жекке қалдырып, май колхозға қалай кетемен-әәй!» деп турғанында Нурқасым келе кетти. Инили болғанын еситкениндеги Нурқасымның қуўанышын айтпайсаң ба! Үш литрлик банкасын қолына алып, совхозға айналса да колхоз аты қалмаған «Май колхозға» қарлығаш болып ушты. Лийкин, қатық бар екен-дә, кешки саўым узақ екен, бос қайтты. Саўын ешкилериниң қәдири Нурлепеске, әне, сонда өтти.

Кеште Нурқасым күн батпастан алдын Рейим гереңниң үйине тағы кетти. «Айтпағаным болмас, мудамы қуўаныш-қайғыма ортақ еди!» деп, Әмирхан менен Жердаштың үйине хабарлаў ушын Нурлепестиң өзи барды. Әмирхан үйинде екен, ғаррының қуўанғанына бирге қуўанды да:

— Тап, нийетлеп әкелип қойып едим,—деди ҳәм баласы Темирханға: —бир блок май берип жибер,—деп буйырды. —Ыссы аўқат писиртер едим-дә, келиниңиз

жумыста! Айбөрекке айта ғой, ол жумысынан жаңарақта келди...

Нурлепес «блок» дегенге түсинген жоқ, «май» дегенине түсинди. Әмирханлардың кире берисиндеги бир жапсарды алып турған, қапы бойлы, ени үш адымдай ақ сырлы затты елеге шекем «темир шкаф» деп жүрсе де тап сондай холодильник болатуғыны, онда терисинен сылынған қойдың гөшлери пуштарланбастан солайына сақланып тура беретуғыны сирә қыялына да кирмепти. Темирхан холодильникти ашқанда барып оның парқына түсинди.

— Мәрҳамат, өзиң ала ғой,—деди даўысы тәўир-ақ жуўанып қалған Темирхан. —Бир блок деди ме, бир блок.

— Қайсысы блок буның?

Темирхан ўаҳаҳалап күлди:

— «Блок» деген мине-е, ладан стари-иик!

Бул зилдей ҳәм муздай қағаз қутышаны қолтықлап есиктен шықты: «усының бәри сары май болса сирә жер-жәҳанға сыяр ма!» деп, билегин тондырған картон қутыны барып ашқанша асықты.

Ҳәммеге белгили,—Жердаш пенен Әмирханның үйин тутастырып турған соқпақ бар, қысы-жазы аяғына шаң илинбесүи ушын щебен төктирип, Нөкербай менен Сийсен, Тәңирберген үшеўине, арақ берип, «сүймент» қуйдырған Әмирхан емес, Айбөрек, сол күни қум былғасқанның бири-Нурлепес, соқпақ Айбөректиң үйине киргенше «сүйментленген» тас мийтин, Нурлепестиң үйине қараған жағы-қара жол, жазда шаңғытып, қыста батпақлап өтесең. Үсти қуяш пенен ағарып атқан соқпақ Жердаштың есигине тиреле бергенде иштен Айбөрек шығып қалды да сәлем берди:

— Қолыңдағы не?—деди таңланып, блокты танып турса да.

— «Блок» дейди-ғо! Бәри май болса бизиң үй майғалақ бола жақ, қартайғанда туматайлы болып атырмыз, келин, соған Әмирханның берген шүйиншиси!!—деген даўыс толқынынан: «Сен не бересең?!» ди уққан Айбөрек қутлы болсыннан соң:

— Сорпа-суўлығы, арақ-шарабы мениң мойныма!—деди. Бул еки үйдиң соңғы ўақытлары байлыққа да, жомартлыққа да бири менен бириниң жарыслы екенин Нурлепес қайдан билсин, пәтиясын берип атыр:

— Берекет тап, шырағым! Усы еки үй болмағанда бизлер аштан өлетуғын едик! Нөкер менен Сийсен де арақ таппай мийи шатынап муқ қабатуғын еди. Бизге арақ-шараптың кереги жоқ, ықласыңа рахымет, бир банки сүтиң жоқ па, гүриш те жоқ екен үйде!..

— Оны кимге писиртесең, ғам жеме, ҳәзир өзим писирип апараман,—деп қалды ҳаял.

Шынында да гази бар үй-дә, көп узамай алып барды. Баланың аты қойылып, айдар тағылатуғын күни барлық ғарежетин өзи көтеретуғынын айтып, үйдегилерди оғада ыразы қылып кетти. Бирақ бул Айбөрек: «аты қойылатуғын күн» дегенде пәлен күннен кейин ЗАГСтен гүўалық алып, бала менен анасы сонда ғана шығарылатуғын туўыў үйиндеги шәрәятти ойласа керек. Нурлепес баласына «пәлен күннен соң емес», ертеңине-ақ азан айттырып, ат қойыў ушын азанда Зарымбет моллаға барды. Зарымбет молла да ҳеш жерден я азаға, я тойға шақырықтың ирети болмай жәнжағына жалтақлап, ийти үрсе қарсы шығып қарап жүр еди, геўишин оңлы-шепли кийип, ерди де шықты.

Түске тәуир-ақ ўақыт бар еди. Үйдиң әўселесин бурыннан билетуғын Зарымбет шиллеханадағы патаслықтан тап аўқат асса да, отырғысы келмей:

— Шайды ишип келдим, баратуғын жерлерим бар еди, шай-пайға ҳәлек қалмай-ақ қой,—деди туматайға қутлы болсын айтып жақсы тилеклерин билдиргеннен соң изин тезлетип: —Балаңның аты өзинде, пийшемби күни туўылыпты, аты Пийшембай бола қойса қайтеди, я китап ашайын ба?!

— Бир Турдыбай шайыр деген «Сазтурған» деп, нәпес етип кетип еди, тақсыйыр. «Заманымыз күтә саз, усы сазлығында саз турсын» деген де гәпи бар, бунын жөни қалай болады екен?!

«Саз турған» деген-ҳәм ат боламекен, жинли ме өзлери?» деп, ишинен ойласа да ойындағысын сыртқа шығара алмай көзин жумып:

— Баўрәкәллә, баўрәкәллә!—деди де бир заман үнсиз қалды. Әллен ўақыттан соң көзин ашып, тилге келди:—Нурлепе-ес!

— Ләббәй, тақсыйыр!

— Бурыннан қалған рәўият бар: батырын сыйламаған, шайырын ардақламаған, алымын әлпешлемеген ел-ел болмайды деген екен: бунын мәниси: батырын сый-

ламаған елден батыр шықпайды, ол елди жаў алады, шайырын ардақламаған елде әдеп-икрам болмайды, әдеп-икрамсыз елдиң адамлары өз-ара жағаласып набыт боларемиш, алымын сыйламаған елде илим-ҳикмет раўаж таппайды, илим-ҳикмет рәўәж таппаса ол ел мынаў бизиң қарақалпақстандай басқа халықлардың, еллердиң изинде шаң жутып, сүйретилип жүре береди, я оңалмайды, я жоқ болмайды. Әне-е, гәп сондай. «Мың адам атын билген киси қалый болмайды» деген гәп тағы бар. Шайырдың атын мың емес, нешше мың журт биледи, демек, шайырдың жолы көсемлердиң жолы менен барабардур. Шайыр нәпес еткен екен, иншалла улымыз шен болмас, шайырдың қойған аты қутлымүбәрек болсын, ал әўмийин!..

Узыннан-узақ пәтиядан, сақал сыйпаспақтан кейин Зарымбет молла қызыл шақаны қолына алды да қулағына:

— Исмиң Сазтурға-ан, исмиң Сазтурға-аан, исмиң Сазтурғааң!—деп, үш мәрте азан айтты да анасына қайтып берди.

Зарымбет молла нәзирин алып қайтқан соң «ат қойыў салтанаты жабылды». Соның менен «Сазтурған, Сазтурған» болып кете бергенинде бир сәри еди, ойда жоқта Жумагүл—Жумаш бир ҳәпте өтер-өтпестен мурттай ушып аўырды да изин сандыраққа айналдырды. Кеўил сораўға келген Айбөрек балаға ат қойылып, айдар тағылатуғын күни өзине бир аўыз хабарламағанына өкпесин айта келип, «Жумаш шешем турып кете берсин, баласын жуўамыз, арақ-шарабы, гөш-пөши мойынымa,..» деп қайтты. Жолда өзине қарсы, дәстүрханын томпайтып киятырған Үбайданы көргенинде: «Усылар менен жарысып не қыламан-аў, мейли, усылар-ақ озсын, ақымақ адам зиянына да жарыса береди, мен ондай ақымақ емеспен», деген ой кешти қыялынан.

— Жумаш қалай екен, аўырып қалды дей ме? Жумыстан қолым босамай, көз жарғалы да келе алмадым, —деп өкиниш билдирип атыр Үбайда. —Сен енди, жасы кишисең ғой, «сени хабар алар» деп-ҳәм арқайынлаў болдым, ғаррысы қорқып отыр-ғо, бағана барып еди,..

— Қорққанынша бар ма дедим! Әп-әнедей болып отырып-ақ алжылы-булжылы сөйлеп жибере береди.

— Не де болса көрип қайтқаның жақсы болыпты,

—деп кербазланып өтти баяғы «астыртын күндесиниң» тусынан.

Нөкербайлар тек жайды бәнт етип қойғаны болмаса мынаў мектептен Сийсен де пияншиклиги ушын шығарылғалы бул үйде онша бола бермейди, өзлериниң айтыўларына қарағанда азаннан баслап кафе менен гастрономның аўызын аңлыйды. Таныс-тамырынан түсирген тийин-тебенине арақ-шарап алып ишип, жеткен жерде қонып жүрген қусайды, Жумаш көз жаратуғын күни сақал-шашлары, тырнақлары өсип, руўхлары түсип, қабақлары қалқысып, сөйлегенде ләплери дирилдесип, ишлери қалтырасып, шығып кетип еди, соннан еле жоқ. Адам усындайда ийт те болса қасында биреў болғанын қәлейди екен, баласы «шопыр оқыўына» кеткели сыртқа шығайын десе Жумаш жекке қала жақ, Нурлепес: «Нөкерлер де келе қоймады-аў!» деп, қулазып отыр еди, есиктен үлпилдеп Үбайда киргенинде отырғызарға жер таба алмай қалды.

Бул үйге Үбайда жүдә сийрек-жылына бир-еки мәрте жумыс бабында басын суқса суғады, суқпаса суқпайды. Соның ушын-ҳәм Үбайда келсе төрлетип, узақтан келген қонақтай күтиледи. Үбайданың келиўи де Жумагүл—Жумашты сергеклендирип таслады. Қисисине жүктен таза көрпешени алып төсеўди ымлады. Бул үйдиң таза деген көрпешесиниң өзи Әмирханның ийтиниң астындағы көрпешеден оңлы емес, бирақ, бәри бир, ҳәр кимдики өзине дәри, өзине таза. Сонлықтан Нурлепес төсеген қурақлы көрпешеге Үбайда қанша медик болғанынан бийғәрез тиксингенин сездирмей шықты. Қутлы болсын айтты, ҳал-аўҳал сорады. Дәстүрханын ашып, ортаға үсти жапқан нан менен бастырылған бир поднос гөш қойды.

— Ақшам писирип едим, гүртик салыўына қарағанда жейтуғын адам болмай қалды. Саған буйырған екен, шеше жан, жеп ала ғой, пәкизе, бир қайнатып әкелдим. Былқылдаған ғана қозының гөши!—деп, дәстүрханын жайып, өзи ортаға қойды. —Қайнаға, сен де жеп ала ғой, аўыл-аймағың менен жетеди!..

Аўызынан суўы қурып сала берген Нурлепес кинәзленген жоқ, қап-қара, қырқ жарық қолларын Үбайда тутқан ләгенге усынды. Умытпаса, қонсы болып, барыс-келис қылғалы өзиниң қолына Үбайданың суў алып

атырғаны усы шығар, ғарры жүдәма ыразы болып пәтиясын берип атты.

Ҳаял, «ауырыў» дегендей емес, аўызын сылпылдатып, гөшти аш көзлик пенен есерленип жемеге қарады «гүртиги жоқ екен, жүрекке тийер» деп те ойланатуғын емес, нан менен қосып та жемеди, аўызын үңирейте ашып, тобықтай қуйрық майды таслап жибергенинде мына жақта отырған Үбайданың жүреги «гилк» ете қалды ҳәм: «ушынып қалмасам болар еди-аў!» деп гүманланды. Қысындырып алмаў ушын-ақ:

— Өйппей, сен дым қорқпай-ақ үйде туўа бересең-аў, шеше!—деп таңланды. —Роддомға барсаң болады-ғо, үйде телефон деген ба-ар, еки таўласаң нөл үштен машина гүйкилдеп келип тур!..

— Өйтиўге буның башқурты жоқ-ғо, менде де жоқ! Башқуртсызлығымызды билдирмеў ушын-ақ сондай жерден аўлақ жүремиз!..

— Бай-бууў, сада екенсизлер-аў, башқурт тексериспектиң қалғаны қашшан! Журт деген башқуртласып та болды-ғо!..

— Қашаннан бери?!

— Үш жылдан бери!

— Ўа-аҳ,—Нурлепес басын шайқады. —Сонда неге Айтбай меннен бир ешкини параға алып жүр. «Башқурт тексериўшилер келди» деди, «ешкини шақырып кел», депти тымсаллап, жаңағы келгенлер! Бассына болғандай, бассына болды—ҳәм-аў, ол да жағы тынбай маңырай берер ме, соның менен кетти де барды, шалынды барып пышаққа! Маңырамағанда еситпеспеди, еситпегенде келмеспеди Айтбай, әлле қайтер еди!..

— Сен буны бизиң үйдегиге айт, Айтбайдан ешкиңди өндирип береди.

— Өзим жалындым-ғо, «ала ғой, усы ешкини сойып бер, аўыз бастырғы қыл, бизди тексериспектен қутқар» деп, өзим айттым! Енди өйтсем намәртлик болар.

— Әйй, зәҳәри болсын, адамлар бузылып баратыр. Питегене уяты бар адам сизлерден жей ме, ҳа өлип баратырсаң Айбөректен же, бизлерден же!..

— Сизлерден қорқады. Бизлер бир ҳәр нәрсеге қолай, әри қайым..

— Өле қалсын! Қояйықш усы гәпти. Бирақ, мен-ҳәм ақ халат кийип жүрмен ғой, шеше-аў, бир аўыз

хабар жибергенинде келемен ғой желпилдеп! Өйппей, дәў жүрек екенсең! Ким қойдыңыз бөпениң атын?!

— Сазтурған.

— Өйппе-еей, журтта жоқ атты қоя қойыпсыз-аў!..

— Өзи журттан жоқ бала-дәғы ақыры!—Жумаштың түри жадырап күлди. Усы күлиўине, кеўилиниң сергеклигине қарап, «шүкир, жаман емес» деп қайтып еди Үбайда, кеште оның тағы бузылысқанын еситти Айбөректен, Айбөрек гүриш гөже писирип апарған екен, жөнлеп ише де алмапты. Бирақ «бағанағы гөштиң көбисин жеди, гөжени қаяғына ишеди! Соған-ақ гүпти болып атырған шығар» деди ишинен, сыртқа еситтирип: «Ҳеш гәп болмас», деди де қойды.

Ҳаялының алжылы-булжылы сөйлей бериўинен гүдикленген Нурлепес: «Бурыннан соң аўырса әўлийеден шыпа таўып жүр ғой, тап, усыны бабаға түнетип көрейинш!» деген ойға бир кетип еди, сол ойы оған тынышлық бермеди. Әмирханға: «машинаң менен апарып тасласаңо, иним», деў оның қыялына да келмеди, келгенде де, бәри бир, айтыўға жүрексинбес еди. Соның ушын усындайда дурыс кеңес беретуғын, Нурлепестиң ойынша буқарағанның ең кәтқуда адамы Тәжимуратқа: «Тасқылығың автобазға директор-ғо, аға, айтөссоңо, машин берсин, бизиң кемпирди бабадан айналдырып келейик», деди қутлы болсынға келгенинде көкнарға бөктирип отырып.

— Ўәәәй, керегиң бир машин ба?!—Тәжимурат жүдә үмитлендирип кетип еди, ертеңине түски көкнардың ўағында:

— Келиспейди екен,—деди басын шайқап. —Ҳәзиргиниң баллары қудайдан қорқпаса да партиядан қорқады. Әўлийеде КГБның жансызлары жүреди екен ғой, қайсы автобазадан қандай машина барды, бәрин жазып береди екен-дә, әнне, оннан соң директорлардан тәкибайды ала береди екен!.. Өзлеримиз партия болмаған соң билмеймиз-аў, партиядағыларға журттың көзинше өлиге қуран оқыўға, қол жайып сақал сыйпаўға болмайды, әўлийелерге зиярат етиў ғой, сирәда қуўыш! Жақында: «қарақалпақлар сондай намәрт пе, қатындай ўай-ўай салып турады, қойдырайық сол дәстүрди!» деп шығыпты биреўлер, булар «қойдыраман» десе, қойдырады! Мерекемиз тым-тырыс тарқамай ўай-ўайдың барында өле қойсақ болар еди-аў!—

— Әўели өлип алайық, ўай-ўай қашпас!

—Күлесең-аў Нурлепес! Булардың қолынан бәри келе береди деймен. Кеше, усы жерден шығыўдан сениң буйымыңды айтайын деп, баланың кеңсесине барып едим. Мәжилис ашып атыр екен, баламыз орысшаны салдырый-ып тур. Залға қарасам я бир орыс, я бир кәрис болсеш! Ҳәйран қалдым, бәри қарақалпааақ, қазақ, өзбек шоферлар, солар түсинбей ме қарақалпақшаға! Сыртта турған биреўден: «бунысы не?!» десем, «жоқарыдан тәртип сондай, барлық жыйлыстың орысша өтип жүргени қашша-ан!» дейди маған жаңағы шофер. Директордың әкеси екенин билмеди-аў деймен: «Сен, старик, қайда өсип жүрсең өзиң! Асханада бир орыс болмаса да орысша аўқат писириледи! Коммунизмде тек орысша сөйлеўимиз керек» дейди...

— Орысша билмейтуғын бизлердиң аўҳалымыз қандай болады?...

— Әўеле жетип алайық-тә коммунизмине, Нурлепес-аў, сөйлеўи қашпас!..

— Ҳаў, жетпеге гөри қалдыма, сексениншн жыл деген келип қалды-ғо!..

— Оған шекем еле иси көөп,—деп үмитсизлик пенен қолын силикти Тәжимурат. —Оған шекем еле Аралдың астын қурғатып болса да болар, еле оның астына «салы егемиз» деп те жүреди булар. Оған шекем еле «Хожа көлге» еки жүз мың үйректиң шөжесин әкелип өсириўи кере-ек. Бизиң баланың айтыўына қарағанда совминде бир қақ шеке орыс: «Аралды қуртыўға болмайды» деп, қыңырлық көрсетип-ҳәм атырған қусайды-ы!..

— Үҳҳҳ!—Жумагүл ыңырсынып гүрсинди. —Мениң жаным көзиме көринип атырса, булар қайдағы бир Аралды қозғай ма-аў! Еле аман болсаңыз Аралыңызҳәм қурыр, үстинен былай-былай жүрерсизәм! Сонда да мырқ болмассыз, биррр, ирехимсиз адамлар екенсиз!—деп, еңиреп жылап жиберди.—Маған жан қайғы, буларға кәмиўнийзим!

Сол гәпти еситиўи мәтдал, «ўай-бай, кетейин онда!» деп, Тәжимурат түргелиў менен бола берди. Түс онша аўып жалшымаған еди. Қатынының азарланғанынан жаны азарланып, Нурлепес Жәлимбет бақыраўықтикине келип, ешеги менен арбасын сорады.

— Ешек қалдырды ма елде мынаў домком! Кешеги

айда келген Мәскеўдиң циркине тапсыртты-ғо! Сүйреп кетемен десең арба әне!

Руўҳы түсип қайтып баратырса Қосберген кемешиниң тусынан ешек аңқырды, бүлбилдиң сести бүйтип руўҳын көтермес! «Питейин деген исти қоя бер, сирә! Жумашқа шыпа болар иншалла!»

Таза көпир салынып, кемеси менен бирге дәўлети де қайырлап қалған Қосберген саяманда тоқым жамап отыр екен.

— Ўай-бай, қыйын болған екен!—деди бунын арзын тыңлап.—Апарып қайта ғой, зияратың қабыл болсын, жора! Қартайғанда қостардан айырмағай,—деп, арбасын өзи қосып, дәрўазасынан шығарысып жиберди.

Бүгин сәрсемби, пийшембиниң ақшамын мешитте өткериўи керек. Нурлепес асығып-үсигип, арбаға ҳаялын мингизип, гөне көрпеге орап, «я-аа қырқ шилтер, ғайып еренлер, үш жүз алпыс әўлийе, өзиң яр бола гөр!..» деп асфальтты тақырлатып, тартып отырды! Кеўилине, жетти-болды, ҳаялы диңкилдеп кететуғындай. Еле қырқынан шықпаған шақалағын көрпешеге орап, өзи услап отырдағы, арбаны Нурқасым айдап баратыр, бала гә жылап, гә жубанып, әйтеўир, өмир кешип атыр, жол өнип атыр...

Қәдимги, әўлийеден айналып, мешитте түнеп, гөр шырақ жағып, анаў-мынаў кеселинен айығып кетиўге бурыннан үйренген Нурлепес пенен Жумашқа жән-жақта томпайысып атырған, ойылып атырған, ағашы сынып, опырылып атырған, сырық шошайтылып, алағула шүберeқлер байланған, темирден пәнжереленген, гүмбезленген ҳәм гүмбезленбеген, сүўретли, сүўретсиз саханалардың, гөрлердиң ҳеш қайсысы тәсир етпегени қойымгершиликке оғада сийрек, үш-төрт жылда бир келсе келип, келмесе келмей жүрген Нурқасым әўлийешиликке кирип келиўден-ақ өзин о дүньяға кирип келгендей сезинип, ҳәўлире берди. Анаў жийделик, қара таллықтың астынан пақсасының кесеклери ағарып көринип турған мешитте қудай отырғандай туйылды оған.

Әўлийешиликтиң арасын қақ жарып өткен арба жол мешитке жақынлаған сайын көкирегине ғул-ғула кирип, ешегине «ҳыхх!» деген даўысы да өзиниң даўысына усамай, бәлентирек шыққандай бола берген соң «ҳых-ҳықлаған» да жоқ.

Төктиң тауының шоқ-қысына бурын-соңғы Нурқасым көрмеген әпсанауий бир қызыл отау тигилди. Қыпқызыл, қып-қызыл, қызыл борлаттай қызыл-ау! «Бурынғылардың «Қызыл үй» деп жүргенлери усындай, шығар, тап усы қызыл үйдей бир зум әтирапына қызыл сәуле шашып, сиңип кеткен шығар! Сол қызыл үйлер жер астына сиңип кеткен соң бинә болған ақ үйлер қызыл сәуле шаша алмаған-ғоо!..» деген қызық қыял жылт етти баланың санасынан. Соның арасынша үкеси жылап, алаң қылды.

— Күшенин, ер-тоқымын сыпырып ал да анауманға арқанлап қайт,—деди күнбатыстағы жыңғыллықтың арасын ийеги менен нусқап Нурлепес, баланы қолына алып, екшеп тур. —Тез кел, жақты барында апаңды мешиттен айландырып қалайық.

Нурқасым күшен менен арба ерди сыпырып алып, қара тал геллегине қыстырды да ешекти әкеси нусқаған жаққа алып кетти. Қызыл жыңғылдың қырмызы гүллеринен ғау-ғау ушқан пешшелер тап бир узақтан биреу уай-уайлап атырғандай сес шығарады. Ажырыққа ешегин аяғынан арқанлады ҳәм жән-жаққа нәзер салып: «Хрущевтың ешекти қуртқаны қайда-а! Әне, анау Әмирхандай айғыр ешек, әне анау Тәңирберген Шаббазовтай узын бел, әне анау Нөкербайдай лаңғар ешек, әне анау қасәки ешек Өтеп томпақтың дәл өзи!..» деди ишинен ҳәм ешеклердиң-ҳәм адамларға усайтуғынына өзинен өзи таңланды. Сөйтип турғанында Нөкербайдай лаңғар көк ешек шыбынға шыдамай аунап жиберип, бурқылдаған шаң булманнан тез кетиуге асықтырды.

— Келе қойсаң-о, балам-ау, күн батып кетеди-ғо! Мә, укеңди ал!—Нурлепес жуқа көрпешеге оралған қызыл жарғақ Сазтурғанды баласының қарына салды. —Жығып қойма, мениң изимнен «алла!»лап ере бересең!..

Жумагүл—Жумаш төсек тартып, еле көп жатпаған, етли-тәнли адам ғой, қанша «қарыулыман» десе де мешитти Нурлепестиң бир айналдырыуға-ақ шамасы жетти, өкпеси өшип, қара сууға түсип қалған ол: «Аяғынды басып, питегене жүрөс!» деп, аяғын жерге тийгизгени де сол, ҳаял оралған көрпесин бир шетке зыңғытып таслап, уаҳаҳаны салыуы менен қойымгерши-

ликтиң арасына жалаңаяқ, балағы жалпылдап, үстин қарабарақ, сексеўил, жыңғылларға тырнатып, өтә кетти! Бир зум аңырайып турып қалған Нурлепес: «гөрге ойылып кетер-аў!» деген гүдик пенен изинен жуўырды. «Тоқта, ҳәй, гүна қылып аларсаң алла де, тоқта!» деген сайын изинен жаў қуўып киятырғандай жан ушыра қашады ҳаял, басындағы бир тартар шымшық көз орамалы да жоқ, шат илип қалды ма, я ашық гөрлердиң биреўине түсип кетти ме, оқәрасын Нурлепестиң көрерлик шамасы жоқ, тек қуўып баратыр, қуўып баратыр, сирә бул ҳаял ҳеш қашан аўырмағандай жеделленгенлиги, шаққанласқанлығы, гә ашық гөрлерден ырғып-ырғып, гә сақаналарды айналып қашып, өзине туттырмағанлығы әдебинде «садағаң кетейин әўлийелер әрўақларының бирден тәсир етиўин қара!» дегизип, Нурлепести қуўандырды, усы қуўанышы оның питегене кеўилин жәмлетти ме, өкпеси өши-ип, шамалы солығын басып алыўы ушын бир сақананың дийўалына арқасын берди де желпинип отырып қалды, Жумаштың ўаҳаҳалап күлген сести кем-кемнен узақласып, анаў жақларға жаңғырақлап кетип баратты. Мийине бирден қорқынышлы ой сап етти:

— Аппырмай, усы ҳәкисленген жоқпекен!!!—Орынынан шапшып турды да жаңғырақлап семип баратқан сестиң изинен жүрди. Соның арасынша сес мешит жақтан шыққандай болды ма-аў, қалай-қалай, демин ишине тартып, қулақ түрип тыңлады да солай жуўырды.— Апырмай, баласы есине түсип, солай жуўырдымекен?!

Жақ, бул жақтан ол табылмады. Өзинен өзи қақылдап жылай-жылай шалығып қалған Сазтурғанын бир зияратшы ҳаялдың қудай ушын емизип отырғанын, дырдай жигит болып қалған Нурқасымның баладай пырқылдап жылап турғанын көрди.

— Апаң келген жоқ па?!

— Апама не болды?!

— Маңлайым сөйтип қурымаса болғаны-ғо!..

— Услай алмадың ба, не болды өзи?!—деди қолында «Таня» деген татировкасы бар, ҳәр сәрсембиден қалмай Тақыятастан келип, өзин «шыйықшыман» деп жүретуғын Мәдет хожа деген қара сақаллы жасы алпыслардан асынқыраған адам.—Күн батып қараңғы түспесинен бурын таўып алмасаң табыў соң қыйын!

— Желиги басылған соң өзи келер, күтиңкирең!—

деди иштен бир дауыс. —Шыра жансын, еси бар адам жақты шыққан жерге бир келер.

— Еси бары-жоғын анық билмей турмыз-ау соның! Медет хожа еки алақанын еки жаққа жайды. Нурлепес ҳәр кимниң аўызына бир аңырайып турғанында, Медет хожа бирден бақырып жиберди:—Қызық ғарры, екенсең өзиң, өзиңе кемпир керек пе?!.

Нурлепес әри қаўетерленип, әри қысынып, бетинен сорғалаған терди жеңиниң арты менен сыпырып, сексеўилликтиң арасындағы қоян соқпақ пенен кетип баратырғанында қазаншының:

— Адам емес екенсең, Медет хожа!—деген кейиснамасын қулағы шалды. —Көрмей турмысаң, ол киси аңын ушырып алған ғой, оған «кемпир керек пе?!» деп бақырғанша неге бирге излеспейсең, ҳәә, оңбаған, винодан басқа күтигиң жо-оқ, ба-ар, излес!..

Күн әлле қашшан- Төк таўының артына батып, әтирапты иңир қаплай баслаған еди, «Жу-мааааш! Жумааааш!» деп, ҳәр путаға бир үңиледи Нурлепес, қараңғы қойыўласқан сайын елп еткен самал менен ербеңлескен сексеўиллер де гөрден сууырылып шығып, одағайлап турған қара сүлдерге усай береди. «Тап, усы Жумаш емеспекен?» деп кеп «Жумашлап» дауыслайды, жа-ақ, сес-семир жоқ. Жақты бир жойылса қараңғылықтың кийип кетиўи қыйын емес, кем-кемнен аяқ жолын көриўден қала баслаған Нурлепес өзине жанып-өшип, жанып-өшип, гөристанлықтың иши менен киятырған жақтының фонарик екенин урысқа бармағанында билиўи мүшкил едидағы, соны билмегенде ҳаўлыққаннан-ақ жүреги жарылармеди, әлле қайтер еди?!

— Ўәәй, қоя қояйық, үңилмеген гөрим қалмады!— деген Медет хожаның дауысы еситилди. —Сонша жыл буғалтыр болып, сонша жыл урыста болып, сонша жыл Сибирьде орыс әўлийениң басында жасап, усындай ҳәдийсени еситкеним де жоқ, көргеним де жоқ. Атың ким!!

— Ә-ә, атым қурысын, Нурлепес-ғоо!

— Ҳә оның несине азарланасаң, а, Нурлепе-еес! Тири болса шығар тири болмаса кетси-ин, ҳаялсызлар өлип атыр ма? Бизиң орыс ҳаял еки баласын алып, Магаданға жоқларым болып еди, ба-ар, алсын алиментти, қырқ манат пенсияның ала қойсын жарысын, мени

әўлийе-ақ асырайды! Не көп, әкесиниң басына қуран *оқый алмайтуғын* шала мусылман көп, бәри де бир манаттан кем бермейди. Ал енди ҳүкүўмет күши болса мениң усы табысымды есаплап, алимент алып көрсин! Жылама, ақ сақал, ендиги бала-шаға ата-ананы асырамайды, булардан ертелеў қутылғаныңа шүкир ете бер, мәдирет!..

— Излесип жүргенге бир тәўир адам шығар десем, әй, болмадың! —Нурлепес түңиле сөйледи. —Болмадың, хожеке, болмадың!..

Шымбай шайханадан келген зияратшының мешиттиң қазанына салған ешкисин жеп отырып: «ийт муты, *дәрьяға таслағандай* таслап кете бергенше мен де үсейтип, садақаны саўда бергенимде бул ислер *болмағаймеди, әлле қайтер еди?!»* деп өкине берди Нурлепес. Аўқаттан соң қыраҳәт пенен қуран шөгирилип, көк чай ишилип болынғаннан соң ҳәр ким ҳәр жерге томпайысып жатпаға қарады. Мешитке журт келтирип берген көрпе-төсек ҳәр пийшемби сайын бир сыпыра зияратшыға жамылғы, төсек болып турса да буннан тискинип атырған, үйинен төсек әкелип жамылып атырған ийт жоқ. Ҳәмлениң тилинде, де дилинде де бир: «зиярат қабыл болғай!» деген тилек бар. Нөкис райкомпартиясының бир ҳаял секретары өткен пийшембиде мешиттиң турақлы қонып болып атырған шыйықшысының қалтасын қарап, пулларын алып, жәрийма салып кеткели: «бас саўға, батыр, бас саўға!»лап қашқан шыйықшы *бул әтирапларда қарасын көрсетпептидағы,* ендиги белсендилик етип отырған буйердегилердиң айтыўына қарағанда «ҳүкүўметтен де, қудайдан да қорқпайтуғын, тек бандиттен қорқатуғын Медет хожа» қусайды.

— Буйерге дәртсиз адам келмейди,– деди сол Нурлепеске. Ҳәммениң қайғысына қайыса берсем мениң қайғыма ийт те улымайды, соның ушын, бирәдар, ҳәммеден өзиңе аяў тәме етип жалтақлай бермей, көкирегиңди аллаға бер де жатсеш, неғып отырсаң енди?..

Бағанағы ымыртта Сазтурғанды «қудай ушын» емизген, еки көзиниң бирдей ағы бар, лийкин, сығарақлап шыраның жақтысын көретуғын әри соқыр, әри қыйсық ақ қатын «қудай ушын өзим алып жатайын, жаныма саўап-ты», деп, Сазтурғанды алып жатты. Айтыўына қарағанда мынаў салы қараз тамандағы үстине бесиги, ойыншығы қойылған жаңа мазар соның «шап-

паттай нәрестесиниң» мазары қусайды, «ядыма түссе емшеклерим булақтай ийип сала береди! Ядыма түспеген сирә бир күниң бар ма, шырағым-аўў!» деп гүңиренип емизе береди Сазтурғанды, сөйтип атып уйқылап кетеди де: «аҳҳ, қарар көзим-ай!..» деп, тағы ояныт атқаны. Көзи илинбестен «сылт» еткен дыбысқа қулақ түрип жатқан Нурлепес буның бәринен хабардар, қасындағы баласының уйқыламай атырғанын да биледи. Баяғы есин-билер-билмес гезинде усы мешитте бир түнегенин анасынан еситкенинде: «ўий-ўийй, қорқаман, апа, әўлийеде, гилең өлилердиң арасында адам қалай түнейди?» деп, изин айтқызбағанлары есинде. Мине, енди өзи түнеп атыр, ағасының ояў жатырғаны, анаў ақ көзли ҳаялдың сергеклиги де жақсы болды. Буның ойынша қойымгершилик дегенде өликлердиң сасық ийисинен адам жата алмаўы керек еди, жақ, олай емес, мешиттиң сынық айналарынан самал ҳүўлеп келип тур, ҳеш қандай ийис жоқ, туў анаў жақтағы асфальт гүзардан өткен тракторлардың гүрилдиси де еситилип, бала өзин о дүньяда емес, бул дүньяда сезинип атырғанында айнаның ғана дәл түбинен кийикти ме, ешкини ме, қулласы, бир нәрсени бир нәрсе тасырлатып қуўып өтти де, балаға бир сәтте о дүньяны да, буў дүньяны да умыттырып жиберди, әкеси:

— Шырағым, шырағым, қорқпа, қорқпа!—деп, қолларын жаздырғанында әкесиниң мойынынан тарақлап қушақлағанын билди, ҳәм нәм-нәҳан ғой, қорққанына қысынды.—Буйерлерде қоянды ийтлер де қуўып жүре береди!..

Соннан қайтып, бала кирпик айқастырыўдан бас пүкил гүдерин үзди, оның үстине Төк таўы беттен шағаллар улып, ҳүрейди ушырады. Лийкин, Нурлепестиң де еки қулағы сынық айнада екен. Туўў Ақмаңғыт тәрептен әлле кимниң сыңсып жылағанына усаған сес шыққанында апалақлап турып кетти де, Медет хожаны жулқыды:

— Медет, Медет, мынаў бизиң ҳаялдың сести емес пе?

— Не де болса, — Медет басын көтерместен уйқысырап сөйледи. — Таңды күт, мусылма-ан, ойылмай өлесееӊ!..

— Жақ, жақ маған фонаригинди берип тур!..

Медет көпшигиниң астын сыйпап, фонарикти берди

де: «Бир, бийсабыр адам екенсең!» деп тоңқылданыўы менен жастыққа гелле таслады, бала бәрин де билип атыр, әкесиниң: «Я-аа алла!» деген қалтыраған даўысын да, тақырлап, сыртқы қапының жаўылып атырғанын да еситти, бирақ: «қойып тур, аға, мен де бирге барайын!» деўге жүреги даўамайды, тили гүрмелмейди. Ол турып кеткен соң әкесиниң көрпедеги орыны гөрдей үңирейип қалған сиякланып қорқты баласы.

Әкеси әллен ўақытта қайтып келип, қасына шешинбестен жатты, сонда да ояў еди Нурқасым, лийкин негедур: «апамды таппадың ба?!» деп сораўға тили гүрмелмейди.

Нурқасым да, Нурлепес те өлдим азарда таңды тырнап атқызды, бир зияратшы ҳаял ерте турып, мыс қуман болмағанлықтан ақ шойын қуманларға суў қуйып қойып атты, әлле ким таң намазын оқып, әлле кимлер ешеклер арқанланған жақтағы жыңғыллықлар бетте таҳрет алып жүргенинде таҳретин ерте алған Нурлепес жайнамазын жыйнап, сыртқа шықты. Күн шықпаса көлеңке болмайды, күн түўе шапағы да жоқ, лийкин аспанның басқа жақларына қарағанда шығыс таманы ағарып, күлирең көгис көктеги ақ отаўдың жабығындай кем-кемнен жоқары түрип баратыр. Аяқ асты рәўшан, атар таң атты, енди нени күтеди, кеше кешки бағдар бойынша жол — соқпақсыз қойымгершиликке кире бергенинде артынан шыққан тысырлыға жалт қараса баласы Нурқасым да ерип киятырған екен, Саатурған кешеги ҳаялдың қолында қалғанын сорамай-ақ билди. Ашық гөр қалдырмай үңилип, жүрип баратыр әкеси, баласы әдебинде қорқып еди, бара-бара бунысы да жүрегин басайын деген, өләма та қорқа бермейди, гөрлерге еңкейип-ақ қарай алады.

Олар күн арқан бойы көтерилгенше ҳаялдың кешеги кеткен бағдарын тинткилеп шықты, енди жол таманға аўыса бергенде.

— Ҳәй, отағасы! — деген сеске жалт бурылса шашын қырқтырған бир келиншек, қасында тағы бир жигит таза қойылған мазардың басынан шақырып тур екен, келиншек жылап тур. — Бир, қуран оқып берсеңиз, просьба!

Нурлепес кемсалыйқалаў келди, зияратшы ийек қағысып сәлемлестидағы келиншеги дизесин бүгип, жылаўын даўам етти.

— Мынаның маханы еди, Ақмаңғыттан день рождениядан шығып едик, көрмей кетиўге қыймадық, даўыслап оқыш, сколько угодно, төлеймен, — деп атыр бала жигит тар балағын тыртыстырып, зорға отырып атырып.

Қуран ҳаятын қыраҳәтке салып оқып атырғанында:

— Нурлепес-ес, ҳааа Нурлепе-есс! Ҳаялың мында!- деген даўыс жалт қаратқаны менен де турмай орынынан да шапшытып турғызды, артына шөккен баласы да түргелди. Усы ўақытта оның ядына ҳаятты бөлмеўи кереклиги түсти ҳәм дизерлеп отырды да қайтадан шөгирди, лийкин, қысқа ҳаяттан оқыды, сақалын сыйпап болып: «Ақшам ҳаялды қашырып алып едик, айыпқа буйырмайсыз?» деди түргелип атырғанда.

— Ужас! — деди шоршынып келиншек. Әўлийениң ишинде қашқаны қалай, ужа-ас! — деп басын услап атырғанда жигит бесликти созды:

— Пожалуиста! Махан бир довольно болған шығар, ну, махан!..-Жигит «хош-хош» дегендей таза мазарға алақанын бир көтерди.

Мынажақтан путалықларды сытырлатып келип қалған Медет хожаның көзи Нурлепестиң қолындағы бүкленбеген бесликте дирилдеди де, ашыў менен:

— Кемпириң анаў бетте, мусылма-ан, — деп бақырып жиберди. — Талап ислеп жүргенше кемпириңе барсаң-ә! — деди келген жағына қолын бир силкип. Сөйтти де шөкке түсип, бул да узақ сүўрени баслады.

Нурлепес сорап та үлгермеди, Медет хожаның қолы силтенген таманға баласын ертип епелекледи. Ўақты-ўақты «Жума-аш, ҳа Жума-аш! Сес берөссоңо, шабазым-аў?..» деген даўысы Медетке жетип, ҳаят оқыўды бөлмегени менен, ишинен: «сорлы ғарры басқа таманға жылағып кетти-аў!» деген өкиниши айтылып атты. Бул адамның ҳаяты жигиттиң дизесин қақсатып жиберди ҳәм: «жаңағы биреў халтурить еткен қусайды-аў!» деген қыял мийине жылт етти: «буники двойной болды, Элмира, — түргелип атырып.—Буларда да халтуршик болады екен-аў, так что бул яшуллыға двойной төлеўимиз кере-ек,» деди бели сынбаған соқтадай онлықты созып.

— Мен ғой, пулды шеп көрмеймен, — Медет хожа жексурынлығын да, жек көргенин де бүкпейтуғын адам ғой. — Бирақ әўлийеде мусылманша сөйлеген шеп

болмайды, мусылмансаң ғой! Мусылман баласысаң!

— Мен мусылман емеспен, әкем де мусылман болмаған, ағай, дедушкам ийша-аан! — деди жигит мақтанып пенен. — Бирақ, бизиң пахан комсомол уағында дедушкамды тоғайдан услап, аттырып жиберген...

— Ҳим-ҳим, — қызықты Медет.—Сөйтип не қылған?!

— Сөйтип, өзи обкомоллыққа көтерилге-ен...

— Ҳәзир бар ма?!

— Өлди.

— Жинли болып өлген жоқ па?!

— Уаҳаҳаҳа! Профессор, старик, профессор болып өлди! Атында көше, мектеп ба-ар, а-а мениң өзим атеистпен, кандида-ат! Себеп пенен бүгин Элмираның маханы тройной порция алды ма?...

Медет бежирейип қарады да жаман көзи менен уқшатып үнсиз сөкти, пулын да бетиңе зыңғыта жазлап турды, тағы: «онда хожа деген атыма ширкеў болар, ким де ким пулды зыңғытса онда ол хожа емес, мийманнан болған!» деп ақлады өзин өзи ҳәм жаңарақта Жумаштың аяғы сәррийип шығып атырған ашық гөрге қарап кетип қалыўға қайымласа бергенинде, бул нәкәс жигиттен ең болмаса ашыўына тийип өш алғысы келди де:

— Көкирегинде қудай жоқ па?! — деп нықлады.— Не бар онда?

— Не ба-ар?! Қыйыр-шыйыр формула, Элмираға муҳаббе-ет...

— Тағы не бар, коммунистлик идея бар ма?

— Не та-ак, старик! — Бала басын шайқады.—О-о, сиз де русша жақсы сөйледиңиз-ғо! Между прочем, мениң көкирегимде не барын не қыласыз, один черт бар!

— Дурыс айтасыз, жигит, әкеңиздиң де көкирегинде один черт болған, гүнакар бенде! Әкеңниң атындағы көшени дедушкаңның атына өзгертиў керек, себеби, оның көкирегинде один черт болмаған, уллы исеним менен «ҳақ» деп өлип кеткен. Сизлердейлер ҳеш нәрсе ушын да өлип кете алмайды, себеби, көкирегиңизде белгили бир идея жоқ, онда один черт отыр! Сол черт сизлерге түрли жинаятты ислете береди, себеби, сизлердиң еки ийниңизди еки перишге де тәрк етип кеткен, сизлерди аңлыўға БХССтың, милицияның күши жетпейди енди, енди заман бузыла береди, түпә жүзиңе!..

— Нууу, сличко-ом...

— Мен «кәпир шығарман» десем, меннен-ҳәм кәпирлер бар екенғо! — деп, тоңқылдап кетип баратты Медет хожа.

Саратанның қуяшы тап усы бүгин шығыўдан-ақ шалласын сүйреп шығып еди, жән-жақ бинәй өмиринде балта тиймеген жыңғыллық, қарабарақлық, сексеўиллик, көшесиз салынған бийтәртип саханалар, оның үстине елп еткен самалдың жоқлығы қойымгерщиликти кемкемнен дымсықтырып баратыр. Медет хожа бир исинсе қатты ашыўдан исинетуғын, ашыўдан исинсе дем жетиспей атырғандай терине шомылатуғын қыңыр хожа гой, сондай-ақ бул дөгереклердеги соңғы бес жыллықта қайсы өликтиң қашан қойылғанлығын, кимлигин, кимлери барлығын жақсы ғана биледи, себеби, пийшемби сайын марҳумының изинен келе алмайтуғын айырым адамлар «бизлер келе ала бермеймиз, мойынына қарыз, хожа, басына қуран оқып тур!» деп, анаў көп қыйыншылықларды көтерген, ҳәзир қара тери қара ылай болып ағып турған көп қыртыслы, күнге көп күйген қара желкесине қарыз артып, пул төлеп кететуғын, соның ушын — ҳәм сәрсембиде келип, мешитте пийшембиниң тацын атырыўдан таң намазын оқый сала қарыздар қәбирлерине ҳаят оқыўды баслайтуғын жырымсыз адам еди, Нурлепестиң силтенген қабирге дәл келмей, қайдағы бир жақларды «Жума-ашшш!» лап жаңғырақлатып жүргени жорта қылып жүргендей көринип, жети синип тырыстырғанлығы соншелли, Жумаштың гөрден ррыйып шығып атырған носкийсиз, дағысыз кир-кир, ырқ жарық табанына бир үңилди де даўысының басынша бақырды:

— Ҳәәәй ийманың бар ма, Нурлепе-еес! Мында-ғо жилың, қайда жүрсең көз абаға апалақлап? Ҳа-а тез мсең кетемееен!

Баласы изинде, Нурлепес жуўырып-жортып, жығылып сүринип тез келди ҳәм келиўден ҳаялының табанына геўищтиң сирисин түрпидей егеп, өзи де қапболып қалған өкшесине көзи түскени де сол, жыда умытып, түклери тебендей шаншылып сала Медет хожа мойынынан былай басындағы шалы менен сыпырып турып, ғарқ-ғарқ күлди:

— Кемпирге жөнлеп қарамағансаң, Нурлепес! Өзиң амағаннан соң буннан бес жыл бурын өлген Әскер-

бай дийўананы таўып алған! Диңкең бар ма, тарт аяғынан!

— Аңы ушып кеткен Нурлепес еле ашық гөрди өрмекшидей айналып: «Жаны бар ма?» дей береди, болғаны. Баласы әри ҳүрейленип, әри дағдарып, аңырайыўда, көмеклесерин де, қашарын да билмейди. Мәдет хожа:

— Әәй, былай ту-у-урр!—деп жиркип таслады Нурлепести. — Өзиң-әм бир қатындай адам екенсең!..

— Жаны бар ма, бир жерин аўыртып аларсаң!..

— Жинли-мисеңңң өзиңңң! — Екшеди хожа.—Жаны бар адам өли менен жата ма? — деди ҳаялдың сыртта қалған аяғынан тырбанып тартып атырып. «Өлим» деген сөз барлық қорқыныўы, барлық мәниси, барлық айралық, жүдалық ҳәм қайтып келмеслиги менен Нурқасымның санасына сонда ғана жылт етип жетти ҳәм жағы жайлаўына кетип әдеп еңиреди, соң «ўай-ўайы» жер жарып сала берди. Күн, әри-бери менен сәскеге шамаласып, азанғы салқын менен марҳумларының басына барып қайта қойыўды ойлаған зияратшылар қойымгершиликти қашшан шар базардай аралай баслаған. Әжептәўир даўысты еситкени еситкендей едирейисип-едирейисип қарасты да жүреклери даўағанлары: «тирилерди өлилер талап атыр ма, нәппәлә!» десип, берман жуўырысты, қойымгершиликке журттан уялғанынан қорқа-қорқа киргенлери ашық гөрлерден биреўлер қуў сүйек қолларын сықырлата созып, сыйрақларынан услап тартатуғындай тула-бойлары шым-шымласып, асфальт гүзарға қарай қашысты. Қас пенен көздиң арасында қойымгершиликтиң иши гүллан өли кепинлерин сүйрей-сүйрей шығып, топалаң қурып атырғандай, тирилердиң ийт азабын берип атырғандай уллы шаўқым, қым-қуўыт бола қалды. Қорқпайтуғын адам қудайдан да қорқпайды, гөрге аяқлары тығылып атыр ма, тығыла берсин, жығылып атыр ма, жығыла берсин, оларға тек тамаша болса болғаны, оларға ҳәмме нәрсе тамаша! — Жумаштың тептик ыштаны путына шекем түрилип, еки саны бирден жалтырап көринип қалды, оң аяғынан Мәдет хожа, шеп аяғынан Нурлепес мықшыйып тартқан сайын ҳаялдың көйлегиниң етеги шемберликке түрилип барадығы соң киндиклиги көринди, бул журтқа бул да тамаша, анаў ўай-ўай салып турған он жети-он сегизлердеги Нурқасымның қалай жылағанлары, өзин қалай услап-тутқанлары да тамаша, бәри тамаша!!!

— Бунын бас жағын бир нәрсе илип қалған!..

— Биреў түсип көре қойғанда болмай ма?..

— Мен түсер едим-дә! — дейди Медет хожа.—Мынаў аяқты жиберсем, тағы арман қашып кетедидағы! Ҳа киси, сен услап тур!..

Ол кисиси арман қарап қашты. Нурлепеске: «Сен шалабыңды шайқама, не диңкең бар, тик аяғыңнан зорға турсаң!» деди, Нурқасымға: «Кет ары!» деп бақырып жиберди.

— Қәне, Нурлепес, күшти бириктирип, мениң командам менен тартып көрейик, бир-иирр, еки-ии, үүшш!..

Соның арасынша Нарымбет есер деген: «еки ғаррының белинен еки жигит қапсырып қушақлап тартамыз,» деди ҳәм тағы бир жигит пенен Медет екеўиниң беллеринен тарақлап: «өлмей қолларыңызды кишемниң сыйрағынан жаздырмаң!» деп тапсырды да: «бир, еки, үш, кетти-ик!..» деп қыйғырыўы менен еки жигит бирден шалқасына таслап еди, бир нәрсе гөрден зоңқ етип шыққандай болдыдағы еки ғарры өзлериниң үстилерине жығылды. Еки ғаррының астынан тырбаныспп шығып, үсти-басларын қаққан еки жигиттиң көзи түскен биринши көринис: алашаңғыт, сытырлап топырақ қуйылып атырған гөр, адам тулғасының тутас скелетин қапсыра қушақлап, сәррийип қатып атырған, уўдар-дуўдар шашына ызғар-гүреӊ иреңли май-май топырақ сыбасып қалған ҳаялдың өлиги ҳәм оның шаң түссе де жумылмай атырған көзине келип қонған бир көк шыбын!..

Көрген-көргендей бетлерин басысып, тура-тура қашысты, уў-шуў, ғаўыр-ғаўыр, бақырыспақ:

—Ҳеее яратқан жан ийем, усындайыңнан сақлай гөр!..

— Бендесиниң көрмегени-ақ көп екен, бул не сумлық!..

— Анаў бир бейитти қуран оқып алайық та көтерейик!..

— Әдеп қолын жаздырып ал бунын, аў, саған айтаман! Я скелет пенен қосып әкетпекшимисең!..

Еле ғаўыр-ғаўыр, шаўқым, талып қалғанын диңкеси барлары сүйеп бараткан. Қанша «бассыз аламан» деген менен бассыз аламаннан да басшы шыға береди. Өзи, адамлардың қорқпай қалғанлары да азшылық еди, «Көлигиңиз бармеди, қалай келдиңиз?» деп сорады жигит ағасы биреў: «Тез апарып салқын жерге қоймасаңыз жасад бузылады!» деди қапылтып. Нурлепес аҳ,

уҳлеп, гүрсинип, ешек арба менен кеше кеште зиятратқа келгенин айтыўдан-ақ:

— Болды, болды, — деди жигит аржаған айттырмай. — Сизлер мына тусқа шығара бериң, мен трактор менен дийўалдың сыртына келип тураман, тез жеткермесек сасытамыз!..

Жаңарақта Медет хожа көрсеткен табыт алып келинди де бир шетирекке қойылды. Өлген ҳаял, негедур, скелеттиң мойын омыртқасынан еки қолын бирден тарақлап қысыўы менен қалыпты. Ҳаялдың өтлесип сирескен бармақларын қүшмийтек болып жаздыра алмай атырып:

— Бул, маңлайы қара, Әскербай, — дейди басын шайқап. — Тиринде жағаңнан милицияның қолы кетпеп еди, өлген соң да жағаңа жабысатуғынлар табылып қалды-ы! Тиринде қамақтан, қуўғыннан қолың босамай, үйли-жайлы, қатын-бала-шағалы бола алмай кетип едиң, өлгеннен соң қатынлардың гөриңе кирип жүргенин қара!.. Буның менен, бирадарлар, отыз үште қамақта бирге жаттық, елиў алтыға шекем Сибирьде бирге иследик. Бул, илимниң ҳикметине ушыраған, сонда да молла қатарында «өрдек қырғында» кеткен муғаллем! Қайтқанда да бирге қайтып едик, соры қайнаған ҳа ал бир орыс қатынды, ояқта саған қатын жоқ!» дедим, қылмады. «Мусылманнан үйленемен!». — Үйлендиң әне, мусылманнан! Мусылман қалды ма, христиан қалды ма ҳәзир! — Тирисинде арық-ақ адам еди, топырағын қара, тап Өтеген лампамайшының цистернасы көмилген жердиң топырағындай топырағы, май-май!...

— Енди буны қайтадан жерлеймисиз, Медет аға?!

— Қайтадан жерлеп, еки туўып бир қалғаным шығар! — деп шақшыйды жаңағыға Медет.—Гөрине ийтеремен де таслайман, ийт сорай ма усының өлигин! Өлгенине бес жыл болды, өзимнен басқа бир бенде басына ҳаят оқығанын көрсем көзим шықсын! Қақаманда Кеңесбай дегени бар деп еситип едим, оны да жақында өз ийти талап, қутырып өлипти-ғо! Ай-пай, Нурлепес, усы қатын усы ғайраты менен сениң гегирдегиңди қысар болғанын да... уҳҳ, зорға жаздырдымғо, тартың!..

Ким тартады, өзинен басқа Нурлепеске ким көтериседи. Екеўи көтерип, ҳаялды табытқа салды.

— Ал енди, көтерип кете бериң, мен Әскербайды

жайластырып барайын, — десе де аттың бир жағын көтериўге Нурқасымнан басқа дәрпенбейди, соның арасынша: «Көтер қәне!» деп, жаңағы «Нарымбет есер» — деп атырған жигит, тағы биреў шығып бейитти жерден көтерип әкетти.

Ешек пенен арба Нурқасымға қалдырылды да, Нурлепестиң өзи трактор менен кетти. Кишкене Сазтурған, анасы өлип, қырқынан шықпастан уўыз сүтинен, ананың уўыздан да абзал меҳир-муҳаббетинен, меҳир-муҳаббети түўе ананың өзинен жуда болып, шырылдап қалған «Сазтурған» деген қызыл шақа менен сол «қудай ушын» емизген «ақ көзли» ҳаялдан басқа ҳеш кимниң иси болған жоқ.

Қараңғы түсип кеткен соң ешекти, арбаны ийелерине тапсырып болғаннан кейин ғана үйине басы женшилген жыландай таўланып, қулағырдан даўыс шығарып кирген баласы Нурқасым жылады-сықлады, жол-жөнекей Бабадан Байтерекке келемен дегенше қула дүзде, арбаның үстинде ўай-ўайды сала бергенликтен қарлығып қалған даўысы оннан да қарлығып, тым-тырыс болғаннан кейин:

— Ҳаў, үкең қайда-а? — деди Нурлепес. Баланың ядына үкеси Сазтурған сонда барып түсти.

— Тири перзентке биреўдиң реҳими түсип атқандур, қыйнама Нурлепес Қасымды! Сазтурған ҳәзир усы манда болғанда не қыла жақ едиң! — деп, кейип таслады Қосберген кемеши. — Бала жойтылмайды, сол ҳаялды саған қудай жеткерген шығар! Еки бирдей жанды алмаға алланың ҳәм реҳими келгендур, балаң керек белса, мынаўың ап-сап болсын, ел елшилигин етип, таўып әкелер, я ҳаялдың өзи жеткерер!..

## 15

Бәри Әмирханның сценариясынан аўытқымай кетип атты...

Әмирхан айтқандай-ақ Гүлимбайға Айтбай домком — финагенттиң өзи келди. Басқа үйлерди үгитлеўге Тәцирберген Шаббазов, Өтеп томпақ, тағы сол сияқлы араққа қызатуғын, Бәрзиў қусаған арақ берсең де, көкнар берсең де, ише беретуғынлар едидағы, ал бул Гүлимбайға тәнҳа өзи келди. «Қара бул Әмирханның ўәлийлигин! — деп таңланды Гүлимбай Нағыметович.

—Әмирхан «айтады» деген сөзлерди айтты! «Сайланыўыма жәрдем ет деп жалынады» деген еди, жалынды!..»

Гүлимбай Айтбайдың бетине сын нәзери менен қарап, сөзлерин өлшестирип көрип, өзиниң «дөңгелек арзасының» нәтийже шығара жағын абайлады да сценарияда көрсетилгендей түрин суўытып:

— Пайдасы жо-оқ, — деди наүмитлик пенен. —Жырың көп жерге барып қалды-ы!..

— Не жыр?! Тағы не таптың?!

Гүлимбай Айтбайдың бетине тағы бир қарады ҳәм үнсиз бас шайқады.

— Не жыр өзи, айтсеш?!

— Ешкиниң жыры-дә! — Күлди де еситкенин айтты:— Билесең бе, әййемги Грецияда ешкиниң жырын «трагедия» дейди, о не, билемисең?

— «Трагедия» дейди, «комедия» дейди, өзим пессе көрмейтуғын болған соң соның парқына бара бермеймен.

— Бармасаң баратуғын боласаң. «Трагедия» деген бул, изи өлим, қамақ, қапылғанда Сибирьге сүргин менен питетуғын пессе..

— Не менен питсе со менен питсин, бунығ маған не ишатағы бар? Өзим театрға барып, сол трагедиянды көрмеймен әйтеўир!..

— Ол дуры-ысс, сен театрға бармайсаң, бирақ сол трагедияда, яғный ешкиниң жырында бас рольди өзиң атқарасаң.. ..

— Театрға бармасам, артист болмасам, песседе ойнамасам, оны қалай атқараман, қызықпысаң өзиң?!

— Дуры-ыс, театрға бармайсаң, артист болмайсаң, бирақ сен мына өмирде сол трагедияны ойнағансаң, сениң пессең тамам, тек Отеллодай өлиўиң, я баяғы қамалып кеткен Тайырбайдай қамалыўың қалып тур, ўәскишшим, ўәссалам, дәртиңе даўа жоқ сениң, тағы домком болмақшысаң?..

— Даўыс бермесең терис бер, бирақ жекиринбе маған!..

— Сен ақымақ адамсаң! — Гүлимбай арқасын қасып отырған орағын бақанға «ғырш» еттирди де орынынан турып кетти.—Ақымақ болмасаң Нөкер менен Сийсенге арақ ишип отырып, Нурлепестен бир ешки пара алғаныңды айтамысаң?! Билемисең, нешше күннен бери тергеў берип жүргенимди!..

— Кимге-е-е?!

— Прокурорға-дә! Қутылып бопсаң енди!..

— Былшылдамаш!!!—Қолын бир силкип, кетип қалды Айтбай.

Айтбай деген, бул, өзинен өзи басқы тапқыш, гәпке инанғыш, гирттай түскен ақшасын да «пәленше пара берди» деп, өзин нәҳәнлер қатарына қосыў ушын-ақ айта беретуғын, ақ көкирек, аўызы бос адам. Егер, сценариядағы дурыс болса, онда Айтбай көп өтпей қайтып келиўи тийис. Соның ушын тап Әмирхан ядлатқан сценариядағыдай етип, Гүлимбай Нағыметович үйине-төрги өжиресине өтти. Қапыдан кире беристеги мүйештеги жазыў столының тумбасының үстинги текшесине Әмирханнан алған узақтан жаза алатуғын японлардың қымбат магнитофонын таярлап қойды. Үстки текшениң үстинде де тартпа бар еди, оны былай алып жасырып таслады, тартпаның үңирейген орнынан қол суғып, бир неше мәртебе магнитофонды ислетип, өширип қолын үйретти. Сөйтти де столдың қызыл маўыты жапқышын түсирип жиберди. Әйне усы ўақытта айнаның тусынан түри сурланып, Айтбайдың өтип баратырғанын көрди. «Ўәлий дейме-ен Әмирха-ан!!!» Жалма-жан қызыл маўыты жапқышты көтерип, тартпаның орнынан суқ қолын суқты ҳәм магнитофонды иске қосып, микрофонын «Айтбай отырады-аў!» деген жерине қолайлаңқырап қойды да, жапқышты түсирип, жайдың ишинен бир нәрсени излеп жүрген кейип пенен «қақпан қурған ҳәйўанының» келип кириўин күтти. «Ҳәйўаны» ырасында да келип кирди, түри сууық болғаны менен жаңа кеткендеги пәти жоқ, жели кеткен баллондай пыссыйыңқы.

Гүлимбай үн-түнсиз, тубаретканы тумбаның қасына тақап қойды да:

— Отыр! — деди ҳөктем даўыс пенен гүрсини нусқап. Рууҳы түскен Айтбай жалп етип отырды да жағын таянып, сорады:

— Жаңағы айтқаның ойын шығар-аў? Мен бир, бийпарасат адамман, шыдай алмай тағы келдим, ойын шығар-аў жаңағың!

«Ойын» десең, ойын, «шын» десең, шын, басыңды қасы да ойлан: адам сирә жаман нәрсеге, әсиресе усындай бас саўдасына ойнаймекен! Бир аўыз гәп, Айтеке, ырасын айт, «зиянгер дос емес, дос зиянгер емес», исене бер усы гәпиме, бира-ақ алдамай шының-

ды аааййт, Нурлепестиң ешкисин параға алдың ба, жоқ па?!

— Пaaй сен-әм бир тергеўши бол-ә, билип отырсаң ғой өзиң!

— Әне, сениң усы адамға исенбейтуғының жақпайды маған! Ырасын айтсаң, қутылыў жолын айта қояжақ едим, енди обалың өзиңе!..

— Айта берсе, билип отырсаң ғой енди, не жолы бар қутылыўдың? Тергеўдиң бары ырас па өзи?!

— Өтирик-ик! Болды ма?!—Бақырып жиберди.— Өтирик-ик!..

— Жақ, сен ашыўланба, ырас болса қутылыў жолын айт!

—Жә-жә!—Қолын гөлегейледи Гүлимбай.—Сен әдеп мәрт болсаң, мойынлап ал: ырас па Нурлепестен параға ешки алғаның?!

— Ырас, ал! Столды мушы менен қойып қалды ашыўлы Айтбай. — Нурлепестен ешкини параға алдым, ал,! Бәри бир, гүўа жоқ-ғо! Пара алып жүрген бир мен бе, ҳәмме алады!..

— Ким, мәселемкиден?!

— Горкомдағы ала ма, алады! Обкомдағы ала ма, алады! Ташкенттеги ала ма, алады! Оярына қарасаң, тап былтыр болған Брежневың—ҳәм алады! Сен өзиң қайда өсип жүрсең соған түсинбей! Мен ешкини параға алғаным менен милиция начальнигине параға бердим, ол өзиниң министрине қасына қосыңқырап береди, министр өзинен үлкенге.,. Кете береди сөйтип! «Ешки» дегениң ғәрип-қасерлердиң, майда-шүйдениң парасы! Сен совмин менен обкомдағылардың берип жүрген парасын, алып жүрген парасын көр-өр!..

— Өтири-ик!!! Өйтип журтқа жала жаппа!

— Аўызымды қыздырып айттыра бере жақсаң-ғо, парасыз ҳәмел алып көр қане! «Гүлшели бала сүймеге жақсы», «мың сиз, бизден, бир шыж, пыж!» Ҳәзир пара бермесең партия қатарына да алмайды, Өтеп томпақ та партшколға пара берип кетти. Әмирхан баласын «пара берип прокурорлыққа оқытаман» деп жүр, әене, басы ислейтуғын адам!«Ақыллы пара береди, ақымақ бара береди!»..

— Сениңше прокурор да алатуғын шығар параны?..

— Парахорлардың маршалы прокурор болса ма! Прокурор парасыз болғанында Әмирхан баласын дүканшылыққа оқытар еди-аў!..

— Усыныңды Әмирханға айтып берсем-ше?!

— Бәри бир, гүўаң жоқ, «қуяңқы» деген ат арттырасаң!

— Прокурорға айтып берсем-ше?!

— Бар, айт, қойып бер мойныма, қәне гүўаң! Кеттим, әәйй, мени жинли биледи екен-аў булар! — Айтбай анық ондай патырат жоғына әбден исенип: «қолыңнан келгенин қыл!» дегендей есикти тартып урып шығып кетти. Гүлимбай сыртқы қапының да сартылдысын еситти де ишки қапының қулпындағы гилтин таўлап жиберди, соң ийтерип көрди, илингенине исеним менен айнаның аўызына келип, еки қолын бирден бүйирине таянып, жайды айналып киятырған аяқ дүрсилдисиниң айнаның аўызынан өтиўин күтти. Ашыў менен тасланған нық қәдемниң дүрсилдиси айнаның тусына келе бергенде; ысқырды. Жалт қараған Айтбайға Гүлимбайдың мысқыллы жүзи форточкадан толық айтабақтай болып көринип турды. Әне, ол оңдырмай күлди де: — Жол болсы-ын, парахоор! — деди енди түрин суўытып. — Тап, усы бүгин қаматаман сени!

— Мине саған! — Айтбай бас бармағын қос бармағының арасынан тыллыйтып, Гүлимбайдың аўызына тутты. — Өзиң жалахор боласаң, гүўаң жоқ!

— Сен өзиңе өзиң гүўасаң, самсам! — Қаймығып қалған геллесин тиклеп сөйледи Гүлимбай. — Сен ҳәзир қойып тур усы жерде, көзиңе гүўаны көрсетемен!..

— Мине саған гүўа, мине-е! — Айтбай оң қолын ашыў менен форточкадан сойқалақлады. — Көрсете алмасаң қатынсаң!..

Қараса, Гүлимбай жаңағы Айтбайдың өзи отырған гүрсини ысырып таслап, тумбодан бир нәрселерди шығарып қойып атыр столдың үстине. Сонда да «магнитофон» деген ядына келсеш,:

— Соның ишине тығып қойған шығарсаң гүўаңды, шаяп! — деп атырғанда өзине таныс бир даўыс сөйлеп жиберди:

«...— Ырас, ал! — Стол сарт етти. — Нурлепестен ешкини параға алдым, ал!.. Пара алып жүрген бир мен бе?.. Горкомдағы ала ма, алады! Обкомдағы ала ма, алады!... Тап, былтыр болған Брежневың — ҳәм алады... Парахорлардың маршалы прокурор болса ма!.. Ҳәзир пара бермесең партия қатарына да алмайды...»

— Әне саған гүўа! — деген сестен есине енди Айт-

бай. Форточкадан созған қолы айнаның пәнжересин қысымлаған күйинде қатып қалған тәризли. Жығырданның қайнаўы да гәп пе, оннан бес бетер бир ҳалатта:

—Өлтиремен, өләтизина!—деп бақырды пәнжерени жулқылап.—Үйиңе от қояман, ўәлә-тий-зинәәә!..

—Айта бер, айта бер, буныңды да бир магнитофон жазып тур!Билесең-ғо, биз деген, физиқпиз, магнитофонды ҳәтте қолдан соғып берейин-ә!..

— Сениң қаныңды ишпесеееем... жеригим басылма-асҳим!..

—Ҳим, күшене бер сөйтип! Биз деген КГБның агентимиз, телефон таўлайман, алады да кетеди, ҳее, «ҳимилдеп» қал!Ояқта асылатуғын пәнжереӊ жоқ!..

—Ҳиммм,.. сени өлтирип ғана тынайын, ўәләтизина!..

Айтбай тек ақ көкирек ғана емес, қарыўлы да еди. Қәдемин жигер менен басып, жайдан айналды. Гүлимбайдан парасат кетти, себеби, Айтбай тек қарыўлы ғана емес, окәрасы Гүлимбайға мәлим, соның ушын — ҳәм сырттағы аяқ сести «дүрис—дүрис» еткен сайын буның жүреги дүрис-дүрис урып, Айтбай жерди емес, жүрегин солқылдатып, әжел алып киятырғандай, Айтбай емес, Ҳәзирейлидей туйылды...

## 16

— «Елде болса ерининe тийеди» деген, усы журт байды «бай» деп, мәзи жек көреди!—деди Қосберген кемеши изинде деми қысып киятырған Бәрзиўге.—Усы кәрада Әмирхан менен Жердаштай еки бай болмағанда жаңағы мереке тарқармеди, яқшы!

— Дурыс айтасыз, үҳө-үҳөөө, ҳыҳҳ-ҳыҳҳ...

— Кимниң мерекесинен кем болып өтти, ҳеш кимниң!!! Әмирханы сойыслық баспағын көтерди, Жердашы кепини менен шыт-шыбырын, қант-шайын, ун-пунын! Өзиниң ағайини де жоқ екен-ғоо, бийшара! Тек ҳәмме «колхоздан қашады» дегенге ойланып көрместен бул да тыржаланаш қаша берген әйтеўир! Колхоздан қашпаған бар ма, бәримиз де колхоздан қаштық! Ҳа алдында ойланып ал: «кимди панала п көшесең, ким қол жаўады саған!..» Соны билмей көшсең бола ма!..

—«Ойланбағанның түби ойран» деген, үҳө-ҳү-үҳ-ҳыҳҳҳ.. Қосберген аға-а, усы «Тайырбай келди» десип атыр жаңағы садақада...

— Ҳаў, еле көрмедиң бе-е?!—Қосберген таңланды.— Әйй, оңбайды, тағы кетеди...

—Ҳе ,о неге? Келди ме өзи?!

—Келгенде де тап бизиң үйге келди! Бай-бай, еситпеген екенсең-аў? Бизиң өлген Гүлимниң ағасы еди-ғо о сорлы-ы!..

— Иниси десе?

— «Ағасы-ы»! Уәй, сен-әм бир, қайнағамды билмей жинлимен бе мен, ҳаў, билемен-ғо! Гүлим быйыл алпысқа шыққан болар еди бийшара, Тайырбайың шыпшаң алпыс бирде! Хат жумысындағы ер адам, үйленбей сыйпаңып жүре бергенге жас көринген ғой сизлерге!

— Аппырмай бала, түри немистиң офицериндей болып, қартаймайды екен-аў!..

— Еле сол турысы, бирақ жинлисымақлаў, бир гәпти айтып күле береди, жинлисымақ болғаныға со... Мынаў Нөкербайдай үйлене алмайтуғын болып қалға-ан...

— О неге?!

— Бай-баай, басыңа түспеген соң билмейсең-аў, Бәрзиў! Оны атыўға ҳүким етти ғой, әне, сол ҳүкимди еситиўден-ақ оның көп жерлери ислемей қалған...

— Атылмаўына не себеп?!

— Атылмақ түўе ақланып келип тур! Милиционерге бир жудырық урған, болғаны, өлген де қалған! Қан басымы көтерилип, өзи өлейин деп-ақ турған пахырдағы! Жаласы бизиң мийнетлиге қала қойған, тексериўде әне сол анықланыпты-ғо бала!..

—Оны «саясый душпан» деп тутып кетип еди-ғоо?..

— Ал енди, әңгиме соңғында. Ол соңғынан ақланыпты. «Туттырып жиберген жансыз усы аўылда, соны өлтириў ушын келдим, өлтиремен де тағы кетемен» деп жүр...

— Ким екен-әй ол?—Бәрзиўдың даўысы қалтырап шықты.

—Айта ма кимлигин, «өзим билемен!» дейди, болғаны. «Ҳаў, тынышыңа жүр, енди өйтсең ыраслап атыласаң!» десем, «атыла қояйын, атылмағанда өлмеген нем қалды мениң?» дейди. «Өш аламан, зәкүн кегимди қайтармаса өзим қайтараман! Мениң туўылмастан туўа шөккен туқым-теберигим ушын өш аламан» дейди. Бир есаптан оныки де дурыс! «Усы дөгеректе» дейди, «аңлып жүрмен» деп шығып еди, кеше-аў, кеше...

—Қим екен,,, бала, аңлып жү-үргени-и-и, ҳыҳҳ, сен әм аңлысаңо!

— Аңлыдымғо, кеше-е!

—Қаяққа кетти,,, кимниң үйи екен аңлыйжағы?!

– Сөйтип... изинен бара бердим билдирмей... Сизиң үйдиң қасына барғанда тоқтады... Қараңғы түсип кетип еди... Оның айтқаны бар: «үйине от берип, балашағасы менен өртеп жиберемен!» деген... «Бир бәле қылып қоя ма?» деп, жуўыр-ә, аяқ дыбысымды еситип арман қашып кетти, изинен шақырсам да тоқтамады... Соннан, үҳ, жаман ағайинди қоя бер, дәрт болып тур бул! Ийтиң Қосберген болмасын, жатарға шекем со дөгереклерди қараўыллап жүрдим... Бәрзиў, неге үндемейсееңа?—деп, Қосберген артына жалт қарады. Қараса жаңа ғана садақадан бирге шығып, бир салманың бойын жағалап киятырған Бәрзиўи жоқ! «Жер жутты ма буны! Бир жаққа қайырылатуғын болса айтпаймекен бул адам деген?»—Усындай ой менен тоңқылданып та алды. «Әй, өзи биледи-дә! Бул бендениң қай бирине күйе берейин!..» деп, Шананның тусына келгенде: «Тап, усы, қулап қалғаннан аман ба?..» деген қорқынышлы ой жүрегин суўлатып жиберди. Бирден гилт тоқтады да жән-жағына қарап, даўыслады:

— Бәрзиў, ҳә Бәрзиў, сес берсеңә бар болсаң!—Сес-семир жоқ. Тағы алға жүрди. Тағы тоқтады.—Жаў алды ма, жер жутты ма?!..—Артына қарады. Бақыйдың доңыз жылы туўылған доңыз минезли шофер баласы киятыр.

—Бәрзиўди көрмедиң бе?!

—Насос салманың ишинде отыр-ғо, мынжақта!—Артына қол силтеди.

— Неғып отыр?!

— Оны өзи биледи, буғып отыр әйтеўир, бийт қарап отыр ма, билмедим!—деп күлди доңыз жылы туўылған доңыз минезли бала жигит.

Қосберген үндеген жоқ, жигитти жолдан тайдырды да, бетине оқыя қарап, тусынан өтип кетти: «Айтатуғынын қара, жүўермемектиң, бир гәп болмаса отыра ма! Түри әжептәўир болып киятыр еди-аў сорлының! Сорлап қалмаса болғаны-ғоо!..»

Ол жуўырған жоқ, бирақ ҳалының барынша қатты-қатты, жедел жүрди. Анаўдайдан салманың ишиндеги қара көриниўден-ақ жүреги «түспегири» бир нәрсени

сезинип еди-аў! Ойлаған жеринен шықты да турды! Басы алдына түскен, арқасы насос салмаға тиреўли, алдына созылған оң аяғының туфлийи де түсип қалған ба, нейлон носкийиниң жыртығынан өсип кеткен тырнағы көп-көмбек болып көринип тур, бир аяғы астына қайырылып қалыпты, қалпағы алдында, билмеген адам алдына қалпағын қойып, үңилип отыр деўи де мүмкин. Бирақ, бунның тегин отырыс емеслигин сезген Қосберген бар-а салмаға түсти де Бәрзиўди жулқылап!

— Ҳе-ҳе, Бәрзиў! Жығылып қалдың ба, тур, тур!— деди жулқылап. Лийкин, саза болмады. Қосберген көпти көрген адам ғой, Бәрзиўдиң омыраўын көтерип еди, басы артына кекшийип, желкелиги салманың ырашына тирелди де көзлери аспанға ақшыйды. Тамырын көрип, елпилдеп соғып турғанын абайлады. Әйне усы ўақытта Тәңирберген Шаббазов келип қалды. «Бул не, аманлық па? Садақадан жаңарақта кетип еди-ғо!» деп атыр.

— Мийнет деген бир майданда... Ҳәзир ғана артымда киятыр еди, қарасам—жооқ!

— Енди не қыламыз?!

— Дуқтыр шақырсеш, орысша билесең, мен түсиндиремен дегенше бул өлип кетеди-ғо!..

— Қойып тур, жаны бар ма өзи?

— Бар.

— Шамалап турған болса апармайық, доктор өлитин пышақлап береди-ғо! Азмаз күтейик, ақыры, биз де елмиз. Қане, арқама салыс, үйине апарайық!—дегени менен Шаббазов тек жалаңқая жигит емес, қарыўлы да жигит ғой, Бәрзиўди бир өзи-ақ арқасына қағып салып жортып отырды, Қосберген изинде, оның бир қолында Бәрзиўдиң Әшир қарадан алып кийген гөне қалпағы, өкшеси нәлли гөне туфлийиниң ийеси салмаға жығылғандағы түсип қалған сыңары.

Үлкен балаларының кими жумыста, кими оқыўда, үйинде ҳаялы менен өзи қусаған ақ сары бир қызы менен еки кишкене баласы бар екен, әкеси Бәрзиўдиң усындай ҳалда биреўдиң арқасында келгенин бурын ҳеш көрмегенликтен еки қызы қорқып жылап жиберди. Лийкин, ҳаялы: «бул нәрестелер несине жылайды, бунның бул ҳалда сулқ болып келиўи жаңа ма? Жақыннан бери-ғо молла болып жүргени! Уяты жоқ адам екен, енди ишпегенде не қылады! Жұрттан уятын айтса-а! Енди моллалар буны намазға да, қуран шықпаға да қоспайды-аў, питегене нан пулы түсирип турып еди!..»

деп тоңқылданды ишинен, бул иштен тоңқылданған жаман болады, иштен тоңқылдансаң өзиңниң ишиңди кемиресең, сыртқа шығарып тоңқылдансаң сырттағының қулағын кемиргениң менен өзиңе зияны жоқ!..— Усы пәм ҳаялды еситтирип тоңқылдата жақ болып та турды, бирақ Бәрзиўдиң ғылжыйып атырған геллесин қәттеги көпшикке дүзеп қойып, Қосберген тамырын көре баслағанда ҳаял бирден ҳаўлықты:

— Өйп-пей, не болып қалды демниң арасында?...

— Қорқпа, жаны бар. Аўырып қалды-ғо Бәрзиў!..— деди Қосберген

Куни ертең базар, Тәңирбергенниң «базарға жеткеремен» деп, өлип-өшип соғып атырған италиян айнасы оғада асықтырып: «жаны тезлеў шыға қойса бир-еки ўай-ўайын берип, айнама айналыса қояр едим-аў!»— деген ойда пошалап тур еди, Қосбергенниң:

— Тәңирберген-ааў!—деген уяң, баспақ даўысы шықты.—Зарымбетти шақыр, жаңағы жердеги қуран шықпада!..

— Ўай-бай, ырас-ақ солай ма, не сорым қурып қалды!..

— Ҳаўлықпа,— Қосберген ҳаялды тынышламақшы. —«Иймanың жолдасың болсын» деген бар, ақыры. Иймaнды жан кешер ҳалатта оқыў шәрт емес, ҳәзирги балалардың пейли—ықпалына исенбей төрт асын көзиниң тирисинде өзи берип жүргенлер—ҳәм, Шоршадан жай салдырып қойып атырғанлар—ҳәм ба-ар. «Жаман айтпай жақсы жоқ» деген, не зияны бар оның!.. Ҳа-аў, Тәңирберген, еле турмысаң, «юз грамм бар, тез жетпесең бийнесип қаласаң!» десем, туфлийиңди қолыңа алып жууырар един-аў заңғар, ҳа неғып турсаң!..

— Я-ғаў, олай емес! Саў адамға молла шақырып!..

Ҳаялға Қосбергенниң гәпинен Тәңирбергенниң усы тоңқылдысы унады, бендешилик-дә, адам усындайда өзин биреўдиң алдағанын қәлейди екен. «Солай шығараў, Қосбергенге билдирмей бир нәрсе жутып қойған бул адам, сөйтпесе қуран шықпадан неге кеткен!» деп жубатты өзин өзи ҳаял. Лийкин, усы сораўын Тәңирберген

жеткен соң Қосбергеннен сорамаўға да тақаты жетпеди. Қосберген:

— «Хошым болыңқырамай тур, қайтайық »деди-ғо өзи! — деп, Қосберген тағы ырасын айтып қойды. —Болмаса Зарымбет бул сапары бунын бурын бадырақ болып, көп моллаларды қаматып жибергенин айтқан-ақ жоқ еди. Я мен кирип-шығып жүргенинде айта қойды ма екен бала, болмаса неге бунын ден саўлығы бирден лилдей айныды! — деди өзинен өзи сорап. — Әйй сондай бир гәп болмаса дей бер! Молла бар жерде молла тартыс бар!..

Көп узамай Зарымбет келди. «Ҳеш гәп болмас» дегени менен «не зияны бар оқығанның?» деди де қырахәтке салып иманын үйире баслады. Ҳеш ким жылапсықламады, «ҳаялы:» қаяқтағы жаман ырымды баслайсыз, қара бассыңызға болғыр биййбақлар!» деп тислене сыбырлап еди, кишкене еки қыз да жым болды. Үй, әдимги, аўыр қәсте жатырған үйдиң жым-жыртлық руўҳына енди, кирип шыққанлар да аяғының ушынан басып, сөйлегенлер де болмай тек Зарымбеттиң қырахәтке салған даўысы ғана ҳукимиран еди, сырттан:

—Не болып қалды-ы?! — деген Айтбайдың, негедур, ашыўлы даўысы тынышлықты бузып жиберди. — Адам деген аўырар-сырқар болар, не болса соған домкомды шақыра бере ме екен!—Ишке кирсе тым-тырыс ҳеш ким буған жуўап бере жақ емес, Зарымбет иман үйирип отыр, бул да тым-тырыс болды: «Мәселе жиддий, жағдай аўыр қусайды!» деп өзиң қаншелли алағада қылғысы келгени менен де жаңарақта Гүлимбайдың форточкасында өз қулағына еситилген өзиниң даўысы тағы тәкирарланып атырғандай тақатын алып, берекетин ушыра берди:

— «Тезирек жаны шыға қойса Гүлимбайды бир жақлы етер едим!..»

Лийкин, Бәрзиўдиң жаны тегинликте шығатуғын усамады. «Әне шығар, мине шығар» менен отыра-отыра Зарымбет те түңилип кетип қалды, «енди ҳеш гәп болмас» деп, Қосберген де жағдайластырып қайтты. «Бир айналып соғарман» деп, Тәңирберген де тайып отырды. «Булар ишеги түйилсе де домкомды шақырып жаман үйренген түўе! Домком деген жаны шыққаннан соң мереке жайғастырыўға керек!» деди өзине өзи ишинен тоңқылданып Айтбай ҳәм насос салманың ырашы

менен қатты-қатты жүрди. Дәстүр бойынша Нурлепестиң ҳаялының қуран шықпа пулын ақ шүберекке түйип, кимге үш, кимге бес манаттан үлестирип болып қайтыўы керек еди, оған шыдаттыма, «Бәрзиў қулады!» деп қапылтып, Тәңирберген ертип кетти. О кәрадағы қуран шықпаға Бәрзиўдикинен шығып Зарымбет кетти. Жәлимбет бақыраўықтың баратырғанын да көрди, өзи қайтып барса да, барып, шырпылдап басқарып кете берсе болатуғынын билместей де Айтбай ақымақ емес. Бирақ оған ҳәзир төнип киятырған қәўиптен, дурысырағы, желкеге тек силтениўи қалып турған семсер тыйығынан мойынын тайдырып қалыў иләжын егер бар болса бир басып ойланып алыўы, бул ойланыўы ушын ҳеш кимсизлик, яғный жалғызлық, жалғызлық ушын я қамақ, я өзиниң төрги өжиреси керек еди, қамаққа ғой, ол, әлбетте, қайыл емес, қамаққа қайыл болатуғын белғанында оған буншелли бас қатырыўдың неге кереги бар, иләжын таппаса Гүлимбайдың өзи-ақ буны айнасы төбеден ашылған қараңғы тас жайға сала жақ, соның ушын-ҳәм бул Айтбай асығып баратыр, бирақ өзиниң үйине асығып баратыр.

Мудамы усындай болады, бир нәрсени бежермеге қаншелли қатты шырпынса, соншелли тосқынлық көп буған! Соншелли асығып келгени бир пул — Жаманшадағы Мәтек дайысы Бекполат деген бөлим баслығы менен шала мәс ҳалында келип, «Бар, ҳа жийеним!» деп, Бийбирабаның қолына пул услатып жиберип, Айбөректикинен арзанына урлық арақтан алдырып ишип, қашшан бириниң даўысын бири узақтан еситетуғындай бақырысып отыр екен. «Өмирде келмейтуғын адам, тап усы бүгин келер ме! Әй, сирә тюрьмадан тататуғын дузым бар шығар!» деп күйинди ишинен өзинен өзи Айтбай, булардың қармағынан шыға алмай отырып.

Айтбай ақ көкирек болғаны менен араққа да мықлы жигит. Таңның тәўир-ақ ўақтына шекем сыр бермегени менен, анаўлар араққа буннан да мықлы екен, «бизлер закуска-цакусканды билмеймиз! Мәкке атызда не қылған зақуска, ишесең, аўызыңды жеңиң менен сыпырып, тракторды айдап кете бересең, бәри тер менен шығып кетеди!..» деп, Мәтектиң өзине сыйпаламай етип қуйып атырғанларын емис-емис биледи, аржағын билмейди, таңда таңлайы тарса айырылып оянса, қасында тири жан жоқ, шыраны жағып қараса анадайда, қа-

димги, екеўиниң жататуғын төсегинде балтыры буўраның санындай болып, ҳаялы аппақ Орынгүл буфетши жатыр. «Ең болмаса сүйреп әкелип, төсегиме де жатқармағаны неси!» деген ашыў менен аяғын теўип жиберди. Дамбалшаң ҳаял шоршынып оянды да ҳаялларға тән инстинкт пенен көрпени омыраўына тартыў ушын қарманып таба алмай атырғанында-ақ еринен басқа қасында жан жоғын санасына жеткерип үлгерди ҳәм аш гүзедей шынайы ақ емшегин алдында жарландырыўы менен аяқларын айқастырып отырды. Басын қум тыққандай Айтбай ошақтың үстиндеги кесаға үңилди ҳәм кесаның бетиндеги қылын алып таслап, арағын симирди де:

— Қәне, не болды, сайра? — деди биреў шымшып атқандай бетин бүристирип. — Мәтеклер қайда?!

— Қашып кетти...

— Кимнен?!

— Әдеп «Гүлимбайды өлтиремен!» деп балта алып шықтың. «Есигин балталап келдим, өзи жоқ» деп келдиң. Олар: «онда милиция келип, бизлерди айықтырыўханаға басады» десип, тасыр-тусыр қашысты түўе...

Усы гәплерди ҳаял «дуканға барып қайттың» дегенге қусаған ешейин бир гәптей бийпәрўа айтқаны менен бул гәплер Айтбайды бирден «жининен айып» жиберди. Мийиниң зырқылдағаны да, шеке тамырының шертилгени де ҳәп заматта билинбей қалғандай геллесиндеги қорқынышлы ойлар қара булыттағы жасындай өрден ыққа, ықтан өрге қатынап-қатынап турды: «Гүлимбайды өлтире қойдым ба екен?!» деди қорқынышлы ой. «Онда неге мен үйдемен, онда неге мени домзаққа әкетпеген!» деп тынышландырды бир ойы. Қайткенде де тасыр-тусыр есиктен шыға жүўырды. Әтирап булдымсазланып жақтыланған екен, қуяштан еле дәрек жоқ, лийкин жақтылық ымыртты кем-кемнен жеделлик пенен түңликтей түрип киятырған, қоңыр салқын самаллы бир әжайып таң сәҳар еди-дә, буны сезбек түўе қара басы менен ғай Айтбай әдеп Гүлимбайдың есигин көкиреги лүпилдеп, узақтан бақлады: «Қудайға шүкир, қапы пүтин!!!»—Ол тап өз қапысы пүтин қалғандай қуўанды. «Жайдың ишинде маңлайының жигинен қақ айырылып, бир басы екеў болып, Гүлимбай өлип жатқан жоқпекен!» деп қорқытты бир ой. «Ондай болғанда қашшан ўай-ўай шығып атпай ма!»

деп жубатты екинши ойы. Әйне усы ўақытта Бәрзиўдиң үйи беттен созылып шыққан саз даўыс—«ўай-ўай» еситилди.

— Әне-е, Бәрзиў өлди! Усы өлим Гүлимбайға келе қойғанда!..

Өз ойынан өзи шоршынды, оған ҳәзир негедур Гүлимбайдың форточкасының аўызына келип тың тыңласа иште биреў шалынған малдай қарқырап атыр.

— Гүлимбай, ҳа Гүлимбай! — айнаны тықылдатып, сыбырлана даўыслады. — Тиримисең, Гүлимбай?!

Гүлимбай трусишең айнаға келди де желинли «Ф» дай болып:

— Неғып жүрсең?! — деди ҳөктем даўыс пенен. Айтбай қарыўлы болғаны менен қорқақ:

— Ал енди, болмас ис болып қалыпты! — Қолларын жуўып атырғандай бирине бирин уўқалатып турып мыңғырлады: — Ақшам балта алып келиппен, тап сени «өлтирген шығарман!» деп, жаным қалмап еди, буғырлым тири екенсең, кешир жора, кешир! даўысы жыламсырап шықты. Гүлимбай өзиниң айтқанына исенсек: «Шаббазда шәйтанға сабақ үйреттим тәсилден!» деп жүрген жигит, түнде келген жоқ еди бул сорлы, сонда да өзинен өзи басқы тауып, албырап келип турғанын дирилдеп шыққан даўысынан аңладыдағы, ишкен арағын Айтбай аўызынан бурқыраған ийистиң өзи айтып турды. Гүлимбай әззиниң сумы болғаны менен сумның да талантсыз артист қыйлы, лийкин, Айтбайдың жүрегин суўлатыў ушын талантсыз артистлик-ақ бас тон:

— Кеширилмейди! — Қолын қылыштай сермеп жиберди. Соң бир нәрсе излегендей Айтбайдың алақанына айнаның аржағынан мойынын созып үңилди, негедур, Айтбай да өзиниң алақанынан өзи бир нәрсе излегендей қолын жазып қарады. Усы ўақытта: — Түсиндиң бе?! — деди Гүлимбай. Айтбай ийегин екшеди. — Түсинсең болыпты, түсинбейтуғын ийт емессең!..

— Түсинемен ғой! — Айтбай үйине жуўырды.

Қапысы ашық қалыпты, ҳаялының үстине кирген жоқ, қызы Бийбираба жатырған өжиреге бир қарап алды да узынлығы он бир, ени жети метрлик әйўанның түңлигине тиреўли турған зәңгини тақырлатпастан арғыттың қара байпақ қыстырылған тусына тиреп, анық мәрдана турғанына көз жеткерген соң зиңк-зиңк өрме-

леп шығып, шешип алды да байпақты қолтықлап түсти. Ҳаялы жатырған жайдың да, қызы жатырған жайдың да қапысын нығызлап жаўып, сыпада отырды да байпаққа қол урды. Орынгүл буфетшиниң гөне балағына оралып тығылған еди ақша, мың-мыңнан белинен сабақ пенен шандылған пулдың еки дәстесин қалтасына салды, қалғанын орап, байпаққа тықты ҳәм байпақты бурынғысындай етип орынына қыстырды, зәңгини тағы түңликке сүйеди, сөйтти де есиктен шығып кетти.

Ендиги жағында Гүлимбай да көп қыйдаламады. Мың манатын алды да кассетаны қолыңа берди.

— Ал енди, ақсақалыңа өзиң барасаң, домкомлыққа мени ўәкилине түртип көрсетип бериўи керек...

— Ҳаў, оны журт сайлайды, жора-аа!—деп күйинди Айтбай. — Оны мен ақсақалға айта алмайман!..

— Айтқанда уқшатып айтасаң! Усы ҳүкүўметте сайлаў бар деп отырмысаң сен! Жоқарыдан көрсетиледи, журт қол көтереди, ўәссалам!..

— Жақ, мен буны ақсақалға жеткере алмайман...

— Онда яқшы, билгениңди қыл! Шық үйден, мен жата жақпан!..

Айтбай қапыны тартып урып шығып кетти. «Кассета қолда, енди қолыңнан келгенин қылсын!» деп, жигерленип баратыр еди, форточканың тусына келгенде:

— Қойып тур!—деп бақырды изинен Гүлимбай.—Азмаз концерт бар!..

—Тағы не таптың?!—Айнаның аўзына таңланып жақынлады Айтбай. Кешеги ҳәдийсе тағы тәкирарланды, тағы өзиниң даўысы: «...Брежнев-ҳәм пара алады... Парахорлардың маршалы—прокурор..»

— Сен... сен... — Тығылды Айтбай. —Ийт екенсең-ғо!..

—Яман қабаўық ийтпен-дәә!—Ўаҳаҳалап күлди Гүлимбай.—Бар, айтқанды қыл, ақсақалыңды келистирип қайт, кассетаны қолыңа беремен!..

— Ҳаў, жаңа мың манат бердимғо, ийт-аў!..

— Ол балта қайрап келгениң ушын! Енди домкомлығыңды өз қолыңнан тапсырмасаң бар ғой, домком сайлаў мәжилисинде «концерт» қойып беремен...

— Ол қолыңнан келеди...

— Ўақытты созба, бар-бар-бар!..

Айтбай өзиниң маңлайына өзи былш еттирди ҳәм сөгинип жүрип кетти. Бул Қызкеткенниң көпиринен түсе

бергенде шығажақ қуяштың қызылы көринип еди,. бул электроқоңыраўын басып турғанында күн шықты ҳәм қапының арғы жағынан ай жүзли бир арыў келиншек келди, ашылған қапыдан жалаңаш ҳаялдың жыллылық леби «лып» етип соғылғандай сезилди оған. Өзинен онлаған жас киши келиншекке:

— Жағдай солай болып қалды, биймезгил қоңыраўыңызды безилдетип, мазаңызды алғаным ушын әпиў ет, жеңге!—деп жалынды уяң.—Ағам оянған болса бир тиллессем!..

Бул үйдиң қасқыр ийтине шекем Айтбайды жақсы танығанлықтан қуйрығын еркеленип былғап, үриўин умытты. Ҳаял мийманды мезбанға баслап кирди де оңаша қалдырды. Бул бир, узақ дәўран сүрип, Айтбайдайларды узақ жыллар жалбырақлатыў ушын мудамы спорт пенен шуғылланып жүрген, күнде азанда Қызкеткен бетте жуўырып қайтатуғын қарыўлы ҳәм дәўжүрек қала ҳәкими еди, жаңа келип отырғаны екен, көрпешениң астына тасланып атырған пул дәстесин көрсе де көрмегенсип, аман-есенлик сорасты, таң сәҳәрден келе қойғанына таңланғанын да жасырған жоқ. Муңлы, жалынышлы даўыс пенен:

— Домкомлықтан қутқармасаң, аға, журт мени, бәри бир, сайламайжақ,—деди көзин уры ийттиң көзиндей қашқалақлатып.

— Сайлатамыз, оянғынан ғам жеме!

— Жақ, аға, мениң ден саўлығым көтермейжақ...

— Ден саўлығыңа бәле келген жоқ, ислейсең!..

— Ўай-бөөой, а-ғай, мен өзиме исенип, ол ҳәмелди биреўге берип келип отырман ғой, түйиншиги мине,—деди көрпешениң томпағын түртип көрсетип.—Енди бунысын қайтып апарып бере алмайман!..

— Қандай адам өзи?!

— Таныйсыз ғой, бурын мектептиң директоры болған...

Буннан соң гәп узағына созылған жоқ: «ҳәзир бар да жибер, сөйлесип көремен,» деп қалды. Шай-пай ишиў, дағы етиў деген болған жоқ, Айтбай «Ақ тубаға» ушып келди де, Гүлимбайдың есигиниң алдына бир қонды. «Ал-ҳа, сондай-сондай, иске кетпесинен бурын хабарласып қал, күтип отыр. Қалай барыўды өзиң билесең ғой!..»

Ырасында да өзи биледи екен, дәлбиреклеп Айтбай

шығып кеткен сен Айтбайдан қорқытып түсирген пулдың бес жүзин алып қалып, бес жүзин қалтаға басып шықты. Ақсақалдың күтип отырғаны да ырас екен, баяғыда мектепке директор боларындағысындай етип, көрпешениң астына газетаға оралған «ғәзийне билети» қойылды. Ақсақал буны серлесе де серлемегенсип:

— «Гүлимбай» дегенге ким екен десем сен екенсеңаў?—деди ҳәм арзагөйлигин шамаға алып:—Қалай, сениң бир қышыма қотырың бар еди-ғо, соннан жазылып кеттиң бе?—деп күлди. Гүлимбай бас бармағын көрсетти:

— Таз больницада жатып, мынадай болдық-ғоо!..

Соның менен гәп кесилди, ақсақал жумысына, бул «Ақ тубаға» қайтты ҳәм Бәрзиўдиң үйине узақтан даўыс шығарып кирди, кеўил айтты. Адамлар қашшан жыйналып қалыпты, тек Айтбай жоқ.

— Бул, адамның дәўлети тайса қоя бер!—деп гәп тапты Жәлимбет бақыраўық.—Мынякта Бәрзиўдиң жаны шықпай атырса, мынякта бир қудайдан наүмит оның мал қорасына от берип кетипти! Болды бир әшир-нәшир: бир жақтан пышақланған торайдай қыйғырып машина киятырған, бир жақтан былғаўыш былғаңлатып, тез жәрдем машинасы! Журт деген қара қурымдай жыйналып қалды, бул өртшилер домкомды сорай береди! Тәңирбергенди жиберсек, «келеди» деген домкомымыз «өл деген пиян» дейди, Тәңирбергенди қолына балта алып, насос салмадан атлап қарасын өширгенше қуўып салыпты! Ийй, соннан домком болды ма! Мине, ҳәзир де жоқ!..

— Жақында сайлаў болады деп келди бизиң бала!— Хабар тапқан Тасқылық «мухайниктиң» әкеси Тәжимурат баласының көп нәрседен хабарлылығына мақтаныш пенен сөйледи.—Сол жыйлыста Айтбайдың бетине бықылдатып басыў керек! Садақадан гөш урлайды, тил бириктирип жүрген үш-төрт әспи-жәллеби бар: бирине мал сойыўды, бирине қазанды, бирине молла пулды тапсырады, бәри де жырып жеп қалып атқаны түўе! Нурлепестиң несин жейди, ең болмаса соны тонаўға уялмай ма!

— Ҳе, неғыпты?!

— Ҳә, кеше гөшин жеткермей таслады-ғо! «Бул қалай болды?» деп сорайық десек, қашшан тайып кетипти, жер жутқандай ҳеш жерде жоқ! «Нурлепестиң Ба-

бада жойтылған баласының жөнин сөйлесейик» деп, үйине адам жиберсек, қашшан бир-еки бийдәўлет пенен арақ ишип төрги жайында шағалдай улысып отырғанын еситтик! «Ақ тубаға» шетинен қырғын тийип атыр, от тийип атыр, биреўлер тоңып секирсе биреўлери тойып секирип жүр, усындайда ел ағалары не мәслигине арақ ишеди екен-әй!..

— Елде уры-ғар, парахор көбейип баратыр!—деп қапылтты түймени түйе қылып сөйлейтуғын Жәлимбет бақыраўық.—Биреўди биреўлер өртеп кетип атыр, бул қарақан ишкирлер, елди дүзеўдиң орнына ҳаялларын ертип, сеңгер қайырып, журт аралап жүреди-ә!..

— Кимди ким өртеп атыр?—Елден-ақ өзин домком сезинип, усы бастан бос сөзди сөйлеўге тыйым салыўға талапланған Гүлимбай Нағыметович ашыўы келмесе де түрин сурландырды.– Қәне, айтың, тутайық, кимди ким өртеп жүрген?!

— Өртемесе апаў не?!—деди Тәжимурат нәшебент ийеги менен Бәрзиўдиң жериниң аяқ ушындағы қара күйик өртеңге шоқ сақалын шошайтып.—Әне, өртең! Таўа бериң өртегенлерди?! Ким екен, ким?!

Ким екенин Қосберген кемешиниң иши билди, бирақ айтпай қалды.

Арадан бир ҳәпте өтер-өтпестен қалалық атқарыў комитетинен ўәкил келип, мәжилис өткерип, Айтбайды «өз тилеги менен» орнынан түсирди де Гүлимбай Нағыметовичти домком етип сайлап, қолына мөр услатып кетти. Айбөректиң арақ саўдасы бир ҳәптеге шекем гүжип турды. Мөр жуўыспаққа қунт пенен қатнасқан Нөкер Ниязович пенен Сийсенниң, Тәңирбергенниң қатары бул сапары жақында ҳәмелден түссе де, погонын тасламай жүрген Бердәмбет пенен толысты...

## 18

Нурлепестиң төрели жан ашыр ағайин-туўғаны да жоқ екен. Пийшембиде басына шығарман болып, баўырсақ писириўге адам таппай отырғанында сәскеге таман:

— Шешемниң шыққан жеринде ийисин шығаражақпан,—деп, бир самар қамыр менен Айбөрек кирди.— Басына да бараман, қайнаға, саған кемлик келтирмеймиз...

— Илайым жүз жаса келин:—Нурлепес ийегин кемсеңлетип қамсықты.—Не қыларымды билмей нәйлаж

отыр едим. Сиңлилери болса шаббазда, кеткени кеше, олардан сирә үмит жоқ...

— Бай, бууў, шаббаз деген аз жерме, жердиң түби! Бизлер-ҳәм елмиз...

— «Алыстағы ағайинниң аты озғанша, жақындағы аўылластың тайы озсын» деген...

— Айтарың бар ма, қайнаға, бурынғылардан айтылмай гәп қалмаған!

Соннан киристи Айбөрек, өзи де жаў кийимин кийип келген екен. Сырттағы ошаққа Нурқасымға от жақтырды. Қара асынан аўысқан май баршылық еди. Бир өзи күйдирди, бир өзи баўырсағын жайып қыйды. Ояқ-буяғы бир сааттың арасында бир самар баўырсақты писирди де таслады. Балбыраған қызыл жүзли келиншек, оттың қызыўы, қыбырлының қызыўы менен бурынғыдан-ҳәм шырайланып кеткендей туйылды пәтияға келген Үбайдаға. «Хызметтен қуры қалмайық» деди ме, усындай қалыс хызметте де бири менен бир бақталас еки ҳаял я бул сапары да биринен бири өткергиси келди ме:

— Бай-бууў, баўырсақты бунша писире берип не қылайын деп единң?—деди өкинишли даўыс пенен Үбайда қант-шоколад, түрли конфеталар толы дәстурханын Айбөрек көриўи ушын-ақ ирети келмесе де Нурлепес пенен Нурқасымға «жеп алыңлап» жайып көрсетип атырып.—Мен бир қуты печенье де алдырып едим. Ийис дегенге тек ийиси шықса болдыдағы! Мешитке кереги шире, бала-шағаға бир қысым-бир қысымнан бере қойсаң, аўызының дәмин алады!..

Бул гәплер Айбөрекке жақпай қалды, булардың бунысына түсинетуғын Нурлепес емес, «Қудайым, берекет табың, екеўиңиздиң-ҳәм жалғызларыңыз елге нәҳән пурқурал, сот болып келип, иләйым, бири мың болғай!..» деп, қайта-қайта пәтия бериў менен аўара.

— Не де болса, бул ис питти, енди мен такси шақыраман...

— Жақ-жақ!—Тиллә сырғасын жарқылдатып басын шайқады Үбайда—Мен Әмирханға айттым, келеди, машинасы менен зырр етип барамыз да қайтамыз, сен аўара болма!

Айбөрек өзлериниң еле машина ала алмай жүргенине өкинди. Лийкин, Әмирхан келмей кешиге берди, кешиккен сайын: «иләйым, келмей қалғай-дә!» деп тиле-

ди ишинен Айбөрек. Ери кешиккен сайын қысынып, Үбайда: «ҳаў, бала, мына кисиге не болды?» депә тызағайлап үйине барып келип тур. Бир қапшыққа жаңағы бир коробка аўызы ашылмаған печеньесин, баўырсақларды салдырып, аўызын буўғызып, тамның саясына қойғызып, есикке қулыпты урғызғаны қашшан, еле келетуғын Әмирхан жоқ. Соның арасынша Айбөректиң есигиниң аўзына «Волга» келип тоқтап, ишинен Жердаш түсти. Көзи жарқ ете қалған Айбөрек кисисин «ҳийяәй!» леп, қол былғап шақырды ҳәм Үбайдаға жеңимпазлық салтанат пенен «қалайсаң?» лап қарай жазлап барып, нәзерин басқа жаққа бурып жиберди. Бул Жердаш винозаводтың қараўыллығынан жақында тиккелей Салиев атындағы мектепке директор болып барса да, еле Жеткергенниң «Волгасын» мингенин қоймайды. Келип, Нурлепестиң өзине қапыны аштырмастан даланда-ақ қуран оқытты.

— Керегиң болып атырған қусайды,—деди соң ҳаялына.—Сени шефың шақыртып жиберген екен, машинасы мына жерде изиме жетти...

Күйеўиниң пәмсизлигине ашыўланған ҳаял:

— Шеф шақырмақ түўе оннан зоры шақырса ҳәм шешемниң қәбиринен бир айналмай турып бармайман!—деди сурланып.—Өзиң де жүресең, бизлерди апарып қайтасыз!—Усының менен Айбөрек Үбайдаға өз кисисинен ҳөктем, бий екенин де көрсетип қалды, әри шымшымай қылып болса да оған «мен сендей өз үйимде болып атырған әлле ким емеспен, өз үйимниң бийкеси, өз кисимниң ийесимен» дегенди де аңлатты. Бunың бундай үнсиз шымшымайларына көнигип кеткен Үбайда буны пәрўайына да келтирмеди емес, «әттең, Темирханжан жигит болып қалды-аў, беттиң де ажары қашты, болмаса бул Әмирхан деген жалатайды қаңғалатып, ийт жолына салар едим-аў! Көрдиң бе мынаў бурынғы шорымызға таба қылдырып турғанын!» деп тисленди ишинен.

Ҳәммеси Айбөрек буйырғандай болды. «Волганың» алдына қастерленип, Нурлепес отырғызылды, артына еки ҳаял менен Нурқасым мингизилди, Жердаш өзиниң машинаға сыймай қалғанына сыртынан қыйналып, ишинен қуўана баслап еди. «Мин,—деди Айбөрек—Өзиң топпыдай адамсаң, не орын аласаң! Нурқасым буғың-

қырап отырады. Сонда да ГАИ тутса өзим жуўап беремен!..»

Асфальт гүзарда ийинин қыймылдатпастан ысқырып баратырған «қара жердиң кемесиниң» алдында шофер менен жанма-жан отырып: «Мудамы усындай машинда, усы мениң орнымда сапар шегип жүрген нәҳәнлердиң де әрманы бармекен!.. Бизлер-ҳәм «жасадық» деп жүрмизаў!..» деген ойдың басына бара берди Нурлепес. Бул ой оны қойымгершиликтиң қарасы көрингенше тәрк етпеди, қойымгершилик-қойымгершилик емес, eң мүшкил қайғы-хәсиреттиң шаўқым-сүренсиз, меңиреў ҳәм үнсиз шәҳәри болып туйылды оның кеўилине.

Машина қойымгершиликтиң қақ ортасын жарып өтип турған жолдың жары ортасында тоқтады да, аржағына зиятшылар пияда кетти. Алтын сырға, тиллә тислери жарқылдасқан еки үлпилдек ойық гөрлерге қарамаўға тырысып изде киятырдағы, eң алда Медет хожа, оның изинен усти-устине гүрсинип Нурлепес, дым гүрсинбестен қулпы таслардағы жазыўларға алақлап Жердаш, eң изинде Нурқасым, тап, жетсе апасын көре қоятуғындай үмитте киятыр. Ҳәмме үнсиз еди, алдағы Медет хожа:

— Бендеси бул дүньяның бес күнлик өмиринде урысады-таласады, бириниң кеўилин бири қалдырады, ақыйры болажағы усы!—деп гәп баслады.—Биреўлер биреўлерди езип-женшип атады, биреўлер «теңлик орнатаман» дейди, орнатар теңликти! Теңлик өлген соң-ҳәм орнамайды, әне анаў eң бәлент гүмбез улама, әўлийеники ме сол, алыпсаң уламаны! Прокурордың гүмбези, тирисинде бала-шағасына миллионлап пара пул қалдырды, өлген соң милиция начальниги болып ислейтуғын баласы, әне, анандай гүмбез салдырды! Сен ишин көрсең еди барып, сақанасының ишинен мәрмәр тастан киши сақана салып қойыпты-ә! Сен сала аламысаң сөйтип, саларсаң, аўуа! Әне, анаў райПО баслығының гүмбези! Сизиң менен биз жатамыз, Нурекее, мынадай болып, устимиз ойылып!

Олар усындай гәплер менен топырағы кеўип үлгермеген Жумагүл-Жумаштың қабириниң басына келди. Ҳаяллар аҳласты-ҳүҳлести, Нурлепестиң кеўили ушын-ақ көз жас төгисти. Нурқасымның жағы жайлаўына кетип ырбыйғаны менен не пайда, анасынан саза жоқ!

— Топырағың жеңил болсын, шеше! — Бир қысым топырақтан алып, таслап атыр.—Жайың жәннетте болсын!..

— Сеннен бурын өлермен деп едим, кемпи-ир..— Нурлепестиң даўысы дирилдейди.—Қудай маған ондай қутлы өлимди рәўә көрмеди, отта қалдым.

— Топырағың жеңил болсын, апа-а-а...

— Хә шүкир етиң, жылай берсеңиз көз жасларыңыз телегей теңизге айналып булдырайды да, марҳумға сизлердиң дийдарыңызды көрсетпей таслайды, ҳәй бала, қой деймен!..—Медет алған пулын қалтасына салып турып тәселле берип атты.

Медет хожаның бүгин талабы гүжийтуғын пийшемби күни, журттың оннан тоғызы дерлик ата-бабасының басына қуран оқыўды билмейтуғынлар, Медетке де, усы дөгеректе талап ислеп жүрген тағы бес-алты молласымақларға да бул нәрсе онша шеп болып турған жоқ, пулларын өзлери аладыдағы, нан-баўырсақларын мешиттиң дәстүрханына аўдарады, қант-шайларын да өзлери алып кетеди, бүгин ким қанша көп оқыса соның кисеси де, кенеп қалтасы да қомлы, қолы да бәлент. Соның ушын-ҳәм үйи алыслары түнде мешитке келип қонады, азан менен жалмаңласып, қойымгершиликтиң кире берисинде турады. Үсти жақсы исши-сымақлар пулды көп береди, ғәрип-қасерден шығатуғыны жыртық бирлик, нан-баўырсақ. Кире беристе тап болған Медет хожа Нурлепестиң өзи де аят оқыўды уқшататуғынын жақсы билди, бирақ қасындағылары жүдә сәтең де! «Бул пақырдың да пәтли ағайинлери бар екен-аў!» деген қыял менен жол баслап еди, жаман болған жоқ, еки ҳаял биринен бири-ири пул узатып атты, қасындағы сары мүжиги де олардан кем бермеди, ең қурығаны Нурлепес, ал Нурқасымның қалтасында қара тийины жоқ еди. Мына беттен шыққан ғаўырлы Медетти бирден асықтырды:

— Шүкир етиң деймен, шүкир етиң, бендинийки усы!..—Сөйдеди де булардан узақласты. Сөннан соң шыжғырған ыссыда булар да көп отырған жоқ. Машинасына қарай аяңласты. Ең издеги Нурқасым:

— Хош апа-а, деди еңиреп.—Өзим келип тураман!..

— Қой балам, өзиңди тут,—дегени менен Нурлепесте өзин тута алмай киятыр.—Ҳәзир мешитке барамыз,

көзлери нашар зияратшы болса бүгин де келген шығар, үкеннен бир дәрек табамыз..

Олар мешитке келди, дәстүрханларын берди, өлгенлердиң әрўақларына ҳаят оқытты, лийкин, көзли нашардан да, Сазтурғаннан да дәрек таппады. Оның өзин танымағаны менен түрин таныйтуғын бирли-ярым зияратшы бар екендағы, бирақ қайсы районнан, ким дегенниң ҳаялы, буны билер жан болмады. Көптиң ишинен биреў:

—«Милициялар бүгин қамал қылажақ» деп, шыйықшы қашып кетти, бир билсе сол биледи,—деди.—Өйдегеним, ҳаял букәраға жети пийшемби қатнаған көринеди, шыйықшының танымаўы мүмкин емес, ўақтыңыз болса күтиң, шыйықшы кешқурын бир бой көрсетер...

Айбөректиң «командасы» машинасы менен қайтқыдағы, Нурлепес баласы менен қалып қойды. Шортанбайлы бир зияратшы «Бабаның» шүлен қазанына бир қой салған екен, соны «журт барында жегизип, пәтиясын алып қалайық», деп, асығып-үсигип, шырпынып жүрген соң, ешейинде хызмет көрсе қарап отыра алмайтуғын Нурлепес от жағысып ғалақ-ғулақ қолдан келгенин ислесип жүр еди, шыйықшының айтқаныңдай-ақ еки машина мешит жолын шаңғытып, жетип келди. Олардың биреўинен енине өсип кеткен тапалтас, монгол бетли, қойыў қаслы, тиллә тисли бир ҳаял, ал «милиция» деген жазыўы бар көк белбеўлисинен тап бандитти я шпионды тутажақтай асығысып, бирден бес қызыл жағалы саў етип түсе қойды. Булардың биреўи капитан, қалғаны қарапайым милиционерлер еди. «Командири капитан шығар!» деп ойлап турған Нурқасымға ҳаял бармағы менен «бери кел!» ди ишәрат етти де, қасына жақынлатып алып:

— Уятсыз!—деди сурланып. Ҳаялдың өзи жуўан болғаны менен даўысы сыңсымай жиңишке екен.—Сен еле комсомолда да бар шығарсаң? Неғып жүрсең уялмай әўлийеде!..

— Балаға тиймең, секретарь!—деди бағанадан бери бул баланың не әндийшелер менен келгенин билип алған бир киси.—Ол анасының басына шығыўға келген!..

— Сен, өзиң неғып жүрген адамсаң?!

— Мениң улым да, қызым да, әменгерим де жоқ, жекке баслы бир ғаррыман!..

— Жекке баслы болсаң, ғарры болсаң ғаррылар үйине бар...

— Ғаррылар үйинде аштан өлерге келдим. Биз он ғарры, бир ҳәптеден бери усы мешитте күн кеширип атырмыз, бизди ҳүкүмет емес, өлгенлер асырап атыр ҳәзир. Сиз не қыласыз әўлийени бүйтип пәтеңге келтире берип, бизди өз күнимизге неге қоймайсыз?..

— Сиз өзи, идеология дегенниң не екенин билесиз бе?..

—Билмек түўе, урыстан алдын райкомның секретары болғанман, молла, ийшанларды сизшилеп қуўғынға ушыратқанман, солардың қарғысы шығар, урыстан иске жарамсыз болып қайтып едим, партияға да, ҳүкүметке де керегим болмай қалды...

— Сиз сиясий саўатсыз адам екенсиз...

— Енди маған сиясий саўаттың түкке кереги жоқ! — деп қызып киятыр еди, капитан желкесинен услап, мешиттиң қапысына киргизип қайтты ҳәм «Бул қараганда Медет хожа жоқ, қашып кетипти, сырқыя!» деди ҳаялға рапорт бергендей етип, усы бир қас қағым ўақытлық патыраттан пайдаланып, баласын ертип, қашып кетиўди де ойлап турды Нурлепес, тағы жаңағы ғаррының қайсарлығы жигерлендирди ме, кетпей қалды. Ҳаял Нурқасымды дыққаттан қалдырды да, сол дөгеректе жүрген, еле қашып үлгере алмағанларды алдына биримлеп туттырып әкелип, саўалға тутып атты. Соң ҳәммесин намазға уйығандай үш қатара дизип, диз шөктирди де динниң зияны, қудайдың жоқлығы ҳаққында ўаз оқыды. Күн тәуир-ақ еңкейип, пешшелердиң кешки жағымсыз ызыңлысы да еситиле баслап еди, ўаз сыртта оқылып атқанлықтан пешше шаққанлардың анда-санда өзин өзи сабалаған сартылдысы еситилип тур. Бабаның қазанына қой салған зиятшы: «тезирек кете қойса, садақамды саўып қайтар едим,» деп шырпынады ишинен. Индомнан, қариялар үйлеринен қашып шығып, усында бас қосқан майып, шолақ мәпиликлердиң қулақларына ўаз кирип жалшып атқан жоқ, жылт-жылт қазанға қараса береди, ҳәммеси бүгин бир таза сорпа ишип ҳәзлеспекши еди-дә ақыры, лийкин, ўаз аяқланбай атыр:

— Сизлердейлердиң салдарынан коммунизм еглениип атыр. Санаңызда дүньяға материалистлик көз қарасты қәлиплестирилмей турып, сизлер менен қалай ком-

мунизм қурыў мүмкин, ақыры! Ўазымның ақырын «санаңызды жаңалаўға талпынып, оқың, үйренген ҳеш қашан кеш емес, оқың, сизлерден бийкар адам жоқ!» деп тамамламақшыман. Сизлердиң көпшилигиңиз дерлик бурын партия, совет жумысларында ислеген, муғаллим болған адамларсыз түўе, саўатларыңыз жоқ емес, заманнан ҳеш ким артта қалмасын деп, үлкен басымызды киширейтип, алдыңызға келип отырмыз, усындай партиялық ғамхорлықты баҳалаң, ақыры! Сөзим тамам, маған саўалларыңыз, меннен өтинишлериңиз болса, мәрҳамат!

— Менде саўал жоқ-тә, өтиниш бар!—Бағанағы «райком болдым» деген киси орнынан турды. — Райкомда биз де ислегенбиз, Айша Төребековна, бул оғада қыйын жумыс, оқыған ўазыңыз ушын зиятшылар атынан алғыс сизге! Билемен, өлилердиң де тирилердиң проблемасындай проблемалары көп. Тирилердиң көшелерин күткендей өлилердиң де қабирлерин күтпек керек. Кеше мына ғаррылар ийт пе, шағал я қасқыр ма, қулласы, бир мақлуқ шығарып таслаған өлини қайта жерледи. Мен урыс жыллары Сталинградтан Берлинге шекемги аралықты пияда жүрип өттим, ҳәзир мәпилик болганым менен әскерий атағым капитан! Әне, сол аралықта гөристаның мен көрмеген халық қалмады десем, бири ялған емес. Сонда мен дүньяда гөристанына қарамайтуғын қарақалпақтай халық жоқ шығар деп ойладым. Ҳәзир де солай: қарақалпақлардың тириси де, өлиси де қор!..

— Абайлап сөйлең, жолдас капита-ан! Қос орденли батырлығы ушын алды бул халық, ал батыр ҳеш қашан қор болған емес...

— Сизиң гәпиңиз де дурыс, Айша Төребековна. Мениң айтайын дегеним көпшиликтиң өтиниши: анаў салы қаразды бизлерге индом етип бериң, берекет табың, бизлер ҳүкүўметтен нан сорамай-ақ қояйық, өлилерди малға бастырмайық, ийтке тарттырмайық, буның ушын ҳүкүўметтен бир тийин пул талап етпеймиз, соны басшыларға жеткериң!..

— Отыры-ың, әәй, не дейди екен десем! Сиз сиясий саўатсызлығыңыз ушын-ақ партиядан ушқан адамсыз-аў шамасы! Сиз ақыры мынаны билмейсиз бе: СССР әскерий қүдирети бойынша жәҳанда биринши, абаданлығы, байлығы бойынша Америкадан соңғы ға-

на орынды тутады! Биз буны да жақын жыллар ишинде қуўып өтемиз десек елде ҳеш жерде ислемейтуғын алты миллион пияншик бар, буны мен ЦеҚаның лекторы Блейктиң мағлыўматынан алып турман. Тағы соншелли жатып ишер думше молла бар, әне, солар болмағанда Американы қашшан туўў аняқта қалдыратуғын едик! — Төк таўы жаққа қолын шошайтты. — Енди, сонда қалай, сондай қудирети күшли бай ел бола турып, ҳүрметли аталарымыздың бәрин «күнин әўлийеден көрсин» деп шыйықшыға айналдырамыз ба? Ҳе-ҳе-ҳе!—Күлди.—Инициативаңыз ғой бар екен-дә, бирақ болмайтуғын пас-сық! Тағы қандай усыныс бар?!— Ҳәмме жым-жырт. — Саўал болмаса ҳәзир ҳәммеңиз келген жолларыңыз бенен қайтың, мешитти қулыплаң, капитан!.. Қазаныңызды да төңкергенде болар еди-дә, енди сизлерди бийнесип етпей-ақ қояйық!..

Есик қулыпланды. Жүрип кеткен машиналардың артынан адамлар: «келгениңиздиң соңы болғай!» десип, топырақ шашысып қалды. Соң жаңағы саўал бергиш капитан ғарры гөр қазатуғын лом менен есиктиң қулпын қопарып берди. Ийленген жуўери гүртиктиң қамыры иште қалып еди, биреўлер гүртик шымшыды, биреўлер тынып қалған қазанның астына от жақты, тағы биреўлер титанға от жағып, чайға суў қайнатса, тағы биреўлер қасық-табақ жуўып, жаңа ғана кеўилсизликтиң, қорқыныштың уясы болған мешит демнин арасында мереке-мейлис мәсканына айналды да қалды. Гөрден тыслаған әрўақтай созылып шығып, жынғыллықтың арасынан шыйықшы да келди: «Бәрин узақтан сығалап көрип турдым, Айша деген яман қатын, байы өлген, өзи бийперзент, қудай пейилине бола үсийтип қойыпты, биринши секретары бундай емес, еден адам. Бабаның әтирапын дийўал менен қоршатқан да сол», деп атыр.

Бирли-ярым жанына жалғаў излеп келген бийтапты, Нурлепес пенен Нурқасымды есапламасақ басқа зияратшылардың бәри дерлик әменгерсиз, баспанасыз ғәриплер еди, қойдың гөшинен керегинше тойып, сорпаны желпинип ишип, шып-шып терге түсип, қазанға мал салған зияратшыға үсти-үстине пәтиясын берип атты. Аўқаттан соң да қарап отырған жан жоқ, биреўлер қазан-табақ жуўып атырған, биреўлер дәстурхан жайып, чайнек пенен чай келтирип атырған, биреўлер

ертеңги чайға отын усақлап қойып атырған, биреўлер бүгинги түскен соншелли қант-чайларды сортлап, нанбаўырсақларын шийдиң үстине жайып қойып атырған.

— Мешиттен тәбәррүк, — деп, Нурлепеске де ярым кенеп баўырсақ, қант-чай арқалатып жиберди шыйықшы. Бул кәрадағы дәстүр сондай екен, аўысықсүйисиктиң бәрин ғәрип-қәсерге үлестирип берип жибереди.

— Сен, мусылман, баланды излеп ҳәлекке қалма,— дейди шыйықшы.— Ол нашардың өзи бир арқасы бар, мусылманшылықты билетуғын нашар екен, «Насыр дегенге тийип едим, жалатай екен, екинши қызымды көтерген күнлери-ақ таслап қашып кетти» дегенин-ақ еситип қалдым. Ал қай район, қай көшеденлигин сораўға қызыға коймадым, өзи де айтпады. Кетеринде сизлердиң мәкан жайыңызды сорап еди, оны биз қайдан билейик, өзиң менен жақыннан танысып атырғанымыз жаңа! Мәкан жайыңызды жазып таслап кетиң, келсе силтермен, өзиң-ҳәм хабар алып тур. Бала деген, бул жойтылып кете беретуғын ылақ емес, ақыры үйирин табады, сен шалабыңды шайқамай ҳаялды: үйиңде күт, — деп үмитлендирип жиберди.

## 19

Бәрзиў өлген соң да тынышына қоймай Тайырбай: «мени жипек-жийексиз қаматып, тиримде өртеп един! Сени тирилей өртеўге үлгермедим, өлгеннен соң-ақ өртейин!» деп, қәбирине от берип, қызығына қарап турған жеринен шыйықшылар услап берген екен. Соннан үлкен тергеспек басланып: «Әўеле Бәрзиўдиң мал қорасын өртегенде жасырғансаң, оннан соңғы жинаятларын да билесең, айтпағансаң!» деп, тергеўши столды қойып қалғанда жүрегинен шаншыў турып, дем бермей қалған екен, сол кәрада-ақ сеспей қатып, домком Гүлимбай Нағыметовичтиң басшылығындағы «команда» өлиханадан Қосберген кемешиниң өлисин алып қайтты. Қосберген кемеши ықтысатлы, гирдикарлы-ақ адам еди, бир-еки қондырыўға да балаларының шамасы келгени менен өлини өлиханадағылар пышақлап таслаған соң:

— Күн ыссы, көп шыдамайды, — деп, сол күни шығарып жиберди.

Әне, сол Қосбергеннин жетиси берилип атырған кү ни садақадағы ғаррылардан Жәлимбет бақыраўық әдє бинде:

— Әмирханның бир Оразгүл деген астыртын, ба қатыны бар екен, бетине қара шулық кийип келипт де биреўлер өлтирип, алтынларын алып кетипти! Әмир ханның алтынының бәри сол үйде сақланады екен сол күни-ақ Әмирхан кеселханаға түсипти!» деге сум хабар табыў жағынан чемпионы еди, Нурлепе буны жақсы биледи, бирақ исенбейин десе Әмирханнын кеселханада жатырғаны ырас, ишинен өмиринше бахты бир ашылмастан кеткен Оразгүлди бир нәрседей аяды. Жәлимбет бақыраўық сөзинин көпшиликке тәсир еткенин абайлады да «Оразгүл саўдасына» тийисли саўалларға жуўап берип-берип болған соң:

— Тағы да айта берсем «жаман аўыз» дейжақсызаў? — деди көпшигин омыраўына тартып. Тасқылықтың әкеси Тәжимурат:

— Айта бер, ел арасында көп жүресең, дүньяның хабарын сен табасаң, «жүрген дәрья, отырған бойра» деген. Бизлер бир отырып қалған, төселип қалған бойрамыз. Гәптиң шыны, дунья түўе әтирапымызда не болып атырғанын билмеймиз, өзиңнен еситпесек ким айтады бизге бул хабарларды! — деди Жәлимбетке шоқ сақалын шошайтып. Буны отырғанлардың ғаўыр-ғаўыры мақуллады. Жәлимбет тырна көз чайдан шым-шым уртлап «не айтсам екен» дегендей көзлерин жумып, бир ойланып алды да:

— Мынаў көпирден түсе берген жерде, миймանханаының алдында Хрущевтың нәҳән таўар сүўрети жоқпеди?! — деп саўал таслап алды. Саўалына жуўап күтпестен: — Мен сол сүўретти түсирисип, орынына Брекеңниң сүўретин қыстырысқанның биримен! Кеше киятырсам, бир сүўретши зәңги менен өрмелеп, Брекеңниң өңирине «Алтын жулдыздын» сүўретин салыйы-ыып тур!..

— Ҳаў, оның неси ерси, «Алтын жулдыз» алды-го ақыры!..

— Сен гәпти бөлмей тыңлап тур, мен төринен гөри жақын адамман, айта беремен, маған Сибирьде өлдим не, Нөкистиң домзағында өлдим не, бәри бир! Сол жулдызды не ушын алды, буяқта басшылар жеп қойғанларын жабыў ушын Шымбайдың заўытына от берип атыр...

— Сиясаттан аўлақ сөйле, Тайырбайшылап, бир бәле табармыз!..

— Ой, бәле тауып та көрейик-дә, бәле таппағанда не питирдик! Сизлер билесиз бе, Турдыбай шайырды не ушын қамады?!

— Турдыбай шайыр қамалып па?!

— Қамалмай не қылады?! — Жәлимбет бақыраўық еки алақанын еки жаққа жайды: — Қамалмай не қылады:

Қылмысларға қылмыс кетти жалғасып,
Қосып жазыў қуртып кетти былғасып.
Мийнеткешлер ҳақыйқат деп шырласып,
Басларын шайқап жүр қарақалпағым...

Жалғыз адам шешип халықтың тағдирин,
Сайлап алар ел ишинен дәлдирин,
Өзгертпесе болмас басшының түрин,
Басшыдан бузылды қарақалпағым...

— Әне, усы гәплер қай басшыға жағады?! Сизлер оны айтасыз, мынаў баяғы күн шығыстағы алма бағдын орнынан бир гүрең ел пайда болыпты-ғо, бағ болғанда қандай еди!..

— Билемиз-ғоо ел пайда болғанын! !

— Сен ,Тәжимурат, оны билгениң менен мынаны билмейсең: яқшы, сол тас жайларда биз қусаған бир маңқа отырғанын көрдиң бе сирә? Шетинен ҳәмелдар, шетинен пуркурал, министр, обком! Әне, солар питпеген қурылысларына Шоршадағы гербишлерди тасытып салдырып атыр дейди, оны «Патша аўылы» дейди екен, сен соны билемисең, яқшы?..

— Биз бир, төселип қалған бойра деймен!

— Ҳимм, солай де оннанша! Соны Турдыбай шайыр не деген десе?!

— Бәсе-е, не деген?!

— «Патша аўылын бетон менен қоршаған,
Жайын салар гербиш әкеп Шоршадан!
Айырмасы болмай қалды Полшадан,
Әўлийеңе бек бол Қарақалпағым! — деп берген!..

— Әй, усы гәпти доғарайық, басқа гәпиң жоқ па, бақыраўық?!

— Ҳимм, артың солқылдай баслады ма? Сенде жүрек жоқ...

— Мениң бир шәрўам бар еди, қайтажақпан, ал, әўмийин етиң!..

Тәжимурат пәтия етти, ең жасы уллысы усы еди, қуранды Нурлепеске оқытты. Жәлимбет тағы гәп баслайжақ еди, Айтбай қолын гөлегейледи де:

— Қойып тур, бизлер кеткен соң айтарсаң—деди.

Айтбай менен көп адам кетип қалды. Жайда тек Тәжимурат ғарры, Нурлепес, Жәлимбет бақыраўық қалды. Жәлимбет бақыраўық шөбирени қайта езип атырып:

— Домкомлығын болса, Гүлимбай басып алып қойды. Айтбай несине қорқады екен? — деп тоңқылданды. —Усы журт несине қорқады екен! Баяғыда бизлер милиция болып, Избанға қарсы барып жүргенимизде өлетуғынымызды билмейтуғын ақымақ екенбиз-аў! Хәзиргиниң жаслары өз-ара төбелесиўди, арақ ишиўди, бөксесин бурраңлатып ойнаўды биледи, жаңағы Турдыбай шайыр айтқан иллетлерге бизлердиң комсомол гезимиздегидей қулшынып гүресиўге жүреги жоқ! Хеш ким гүреспеген соң, жаңа менен ески қырқыспаған соң заман қалай алға илгерлейди! Бердәмбет , жүр еле: «коммунизм болады!» деп. Қудайдың өлиминде де коммунизм болмайды! Анаў Мәўлен деген комсомол бала бар еди, ҳүкүўметти соның қолына берер ме еди, сонда болады коммунизм! Әне сол бала бизиң балаға: «бизлер тубалап турып қалдық! Тарийхтың жаман шығанағындағы ақ тубамыз, тубалағанымызды да ақлаймыз,..» деп еди, ойланып қарасам, айтқаны дуп-дурыс. Заманы қандай болса адамы сондай жән-жағына бир сер салып қара, Тәжеке, бир төрели адам бар ма? Алды менен өзиңниң Тасқылығына сер сал, пара алмай ма сол?..

— Па-аа, бир қызсаң яманә қызасаң-әЇ Мениң бир саўалым бар: Турдыбай шайырды жаңағы қосықларына бола қамаған ба сонда?

— Я-ғәә, өйтип жинли ме?! Айықтырыўханаға үш мәрте басқан да еки жыллық қамап емлейтуғын жаққа милиция менен айдатқан да жиберген.

— Ал енди, яшуллылар, мен де қайтажақпан!..

—Қойып тур, Нурлепес, саған жақсы хабарым бар! — деген соң Нурлепес турған орынына қайта шөкти. — Мен жаңағы гәпимниң бәнтин басып алайын, — деп, гәпиниң изин сыбырлыға айналдырды. — Сонда Брежнев неси ушын қайта-қайта герой бола береди, елди тубалатқаны ушын ба?..

— Сондай гәпти қой, берекет тап! — Тәжимурат

тикленип отырды да қулағын басты.—Сондай гәплер қулағыма дым кирмейди, берекет тап, тынышымызға жүрейик. «Ең болмаса аўызыңа бек бол, мерекениң бир шетинде отырарсаң» деген, ақыры...

— Әне-е ,айтпадым ба, заманы қандай болса, адамы сондай. Бизиң бәримиз өлимтикпиз, заманымыз-ҳәм өлимтик, енди, адамы тирилмей заманы тирилмейди, биз бәрине көнип кеткенбиз, бийтлеп-қуртлап жасай беремиз енди! Усыны жасларға айтып жүрсек-ҳәм жаман болмас еди-аў, оған да мәртлигимиз жетпейди!..

— Бай-баай, сен революционер екенсең-ғо!

— Революционер болғанман, енди шама жоқ, «дәрт бар, дәрман жоқ». Урлық-ғарлықты, парахорлықты көзим менен көрип жүрмен, телевизорды көремен, өтмишке пайқас ете аламан, менде дәрт болмай кимде болсын!

— Мына қарақанды ише қоярмыз ба деп едик..

— Ҳа ише бер, биреў саған «ишпе» деди ме?

Тәжимурат орынынан силкинип турды да бешбентин алып, Жәлимбетке оқыйып қараўы менен шығып кетти. Бөриге байлаған ылақтай тыпыршып, Жәлимбеттиң алдында Нурлепестиң бир өзи қалды. Үндемей турып кете берейин десе жаңағы «жақсы хабарынан баламның дәрегин табаман ба» деген үмит бар, кетпейин десе ҳәмме қашып қутылып, буның ҳүкүўметке қарсы гәплериниң салдарынан «бир өзим тутыламан ба?» деп қорқып отыр. Көкнарға да мейли шаппай қалды. Жәлимбет:

— Мә, мынаны ғәрип жаныңа ишип жибер,— деп, лаўабы кесаны услатты да, гәпиниң изин тоңқылдыға айналдырды: —Көрдиң бе, өзиниң баласы парахор, келген жаңа машинды қорасындағы малындай шоферларға пулға сатады! Самарқандқа қатнайтуғын «Икарустың» баҳасы еки мың мана-ат! Сонда усы адамға парахор ҳаққындағы гәп жаға ма, жақ-пай-дыйы, әлбетте! Соны жаңағыға айтып отырған мен ақымақпан! Бул үйдиң адамы қайда кетти екен, чай келтирмей ме?—деди бос чайнеклерди услап көрип атырып.

— Чайды үйлеримизден ишермиз, мен қайтажақпан...

— Қайта бер, сени биреў услап отыр ма?!

— Жаңа жақсы хабардың дәрегин таўып едиң!

«Не хабар?!» дегендей таңланыў менен бақырайып қарады Жәлимбет.

— Мийим қурысын! — деди соң өзиниң басына өзи шертип. — Адам жетписке жеткен соң айтып атырғанының изин де, айтажағында умытып қала беретуғын шаймийге айналады екен. Жақсы хабар соннан ибәрат. Әмирхан сени биреуге үйлендирежақ екен, Әширепи деген дүканшысы бар ма, әне, соған!..

— Қудайдан қорқсаңо, Жәлимбет-ау, ол мениң қызым менен жасласғо!

— Ҳим, аз ба қызындайларға үйленип отырғанлар! Шамаң жетпесе Әмирханның өзи қарасады, оған неге шоршыйсаң?.. — Бул ашшы гәпке шыдамай турып баратыр еди, Нурлепестиң шапанының шалғайынан басып қалды Жәлимбет. — Оты-ырр, тағы да хош хабар бар! Баланды алып қалған соқыр қатынды таныйтуғын биреўди көрдим базарда...

— Ҳим-ҳим, қаяқтың нашары екен ол мусылман?!

— Халқабадтан, бирақ, мийим қурысын, қай аўылдан екенлигин сорамаппан...

— Паай, әттегенеай-әттегенеай!..

— Ғам жеме-е, өзи әкелип береди! Тап мени ыссы чайға бөктирип, усы жерден бирге шықпағаныңшелли аржағын айтпайман!..

— Яқшы-яқшы! — Қолына еки бос чайнекти услап, Нурлепес дәлбиреклеп, «Келин, келин!» деп, қазан жай жақта даўыслап жүрди де, аздан соң чайнектиң бирин Жәлимбеттиң, бирин өзиниң алдына қойып, жайласып отырды.

Олар бул жерден әбден маўқын басып шыққанда күн батыўға мейил берип еди, жол еки жаққа айрыларда Нурлепес тағы Жәлимбеттиң аўызына үңилди. Жәлимбет буны ынтықтырып турды-турды, соң:

— Мәкан- жайыңды айтып жибердим, — деди Нурлепестиң көкирегине бармағының ушы менен түртип. — Меннен гәп қала ма: «баласын сергиздан болып, таба алмай жүр, алып келсин, шүйиншиси бар» дедим...

Сөйдеди де дым көрмегендей жолына түсип кете берди.

— Бунық аўызынан сум хабардан басқа да шығады екен-аў! — Таңланды Нурлепес, өзи жоқта тап үйине келип, күтип отырғандай аяғын шыйрақ-шыйрақ басты...

**20**

Жәлимбеттиң гәпинде жан бар қусаған. Шыпаханадан шыққан күниниң ертеңине Әмирханның өзи келип:

— Өлген өлип кетти, тири тиришилигин ислеўи керек, саған қолай бир нашар таўып қойыппан, жақсылығымды билсең билерсең, билмесең қудай билер,— деди бурынғыдан да тозғынлаған, қорыққан үй ишине көзин жуўыртып. Бул күнлери Нурқасым шоферлыққа өтип, үлкен узын бел «Колхиданы» айдап жүр еди, машинасын салдырлатып, сол келип қалды. Нурлепес биреў сабайжағында арашашы келгендей қуўанды. Сонда да Әмирхан тилин тартпады:

— Оны өзиң-ҳәм таныйсаң, биздеги Әширепи. Отырып қалды бийшара, соған белиңди байла, аға, «бар жердиң қызы, көнбес» деп қорқпа. Өзим көндирип қойыппан, дым қорқпа, аға дым қорқпа! Үйиңди гүллендирип жибереди, өзим де ғарежетиңнен қарасып тураман! Үсти-басыңды мынандай етеди! — Бас бармағын көрсетти. — Қайтадан бир жигит боласаң!

— Жигит болмақ қайда-а! Ықласың ушын-ақ «яқшы» дер едим, мен бирақ қызымдай адамға тәўекел ете алмайман. Журттың бетине қараў деген бар, оның үстине балам да ер жетип қалды. Енди өзимниң емес, соның тилегин тилесем деймен! Мени қыйнама, иним, жалынайын саған!

— *Өзиңнен кетесең-ә!* — *Әмирхан турып баратырып* ныққыртты. — Ақымақ адам екенсең!

Ақымақ болмағанда не қыламан, иним-аў, өзимниң ҳалым өзиме белли!

— Ә-әәй, гөр бол-ә! — Әмирхан тиксине қол силкип шығып кетти.—Әкең ақымақ екен!—деди сыртта жолығысып, қол созған Нурқасымға. — Аяқландыра қояйын десем, болмаған нәрселерди сылтаў ете береди. Өзиң де ақыллландыр, бала емессең енди, ғаррыны күтиў нәресте күткеннен-ҳәм қыйын болады.

— Апамның жылы өтсин-ше?

— «Қырқында қарманбаған қарап қалар» деген *бар. Ҳаялы өлген киси қырқының ишинде-ақ басының* ғамын жеўи керек. Оның үстине әкең бир жылдан соң бұннан да қартаяды, оннан соң ким тийеди буған?!

Бала ойланып қалды. Кеште әкесиниң чайын өзи қайнатты. Садақадан қалған, Бабаның басынан келген нан-шөреклер әлле қашшан таўсылып, бул үй тағы «пөлке нанға» таңылған. Әкеси күни бойы той-садақа шыға қойса ыссы аўқатты соннан ишедидағы, баласы түсте асханадан ишип, кешлигинде бул үйде ыссы аў-

қат асылмайды, асатуғын заты да, асып беретуғын адамы да жоқ. Уақты-ўақты өзлеринен аўысқан ыссы аўқатын бир қырмаға қуйып, Айбөрек жиберип турады. «Бүгин де сөйтермекен?» деп, чайдың дәстүрханы жыйылғанша есик тықырласа екеўи бирден алақласып, ғаңғыр-гүңгир сөйлесип отырды, Әмирханның неге ашыўланып баратырғанын сорады әкесинен.

— Әйй, болмаған гәп! Есик көрмеген Әширепи деген дүканшысы бар еди, бизге соның басын байламақшы. Қызымыздай-аў, қызымыздай!

— Егер өзиңе бап, жасыңа жасы сай биреў табылса-ше?!

Нурлепес баласының жүзине жалт қарады. Қабағы үйиүриўли, көзинде жас жылтырайды. Соны көрди де Нурлепес бас шайқады ҳәм өзин «бул пассық ойдан бас пүкил «аласландым» деп есаплады.

Лийкин, «жазмышта жазылғанынан» бендеси қашып қутыла алмайды емиш, арадан бир ҳәпте өтер-өтпестен кешқурын үйге көзли ҳаял кирип келди. Қолында Сазтурған, изинде алты-жети жасар қызы. Нурлепес пенен Нурқасымның қуўанышында шек бар ма? Ҳаялды қай жерге отырғызарын, не сый-иззет көрсетерин билмейди, ең таза деген көрпешелерин төсеп төрлетип атыр, дәстүрханларды жайып, пөлке нанларды туўрап, чайды қойып, Нурқасым пәйик болып жүр. Баласын қолына алып қайта-қайта ийискеп, сақалын батырып, қурсақларынан, басларынан емиренип сүйип отырып еңирейди Нурлепес, буған кирип-шығып жүрип Қасым қамсығады. Әкеси: «қостарымнан қалған соңғы ядыгарлық, соңғы теберик!» деп емиренген сайын Нурлепестиң кеўили суўға түскен пөлке нандай былбырап баратыр.

Нурқасым кирип-шығып жүрип, қуўанышын биреў менен бөлиспесе жүреги жарылып кетежақтай Айбөректикине жуўырған екен, елпилдеп ол да келди. Бөпени қақшып-қақшып, баўырына басып-басып, Нурлепеске емес, көзли ҳаялдың қолына услатты:

— Мә, емиз келиншек баланды! Хызметиң алладан қайтсын, бир ийман жүзли нағыз Бийбипатпаның өзи екенсең! Қудай сениң о дүнья, бул дүньяңды берер! Бендеге усындай ғарип-қасерге қайыр сақаўат көрсетиўден артық не бар, иләйым, бахтың ашылғай! — деп шын жүректен елжиреп көзине жас алып атыр Айбөрек. Келиншектиң ақ мәммеси булақтай ийип, бөпениң

бүлкилдетип сорығанын көрген сайын: «Мениң Бердашым тақ туяқ болып қала берди-аў, аллаталам ең болмаса усындай тағы биреўин ерткенде!» деген әрман жүрегин тырнайды.

Айбөрек тек жилўа-назлы, шырайлы ғана ҳаял емес, адамгершиликли, әри жүрис-турысы жеделли де ҳаял ғой, орынынан силкинип турып кетип, үйинен бир дәстүрхан шоколад, печенье, сары май қусағанларды әкелип, пөлке нанды былай алып таслады дағы, дәстүрханды жайнатып жиберди. Музлатқышынан гөш әкелип, қазанды атландырып жиберген ўағында шала пиян ҳалында телмеңлеген көзлери Айбөректен үнсиз арақ тилесип, Нөкер Ниязович пенен Сийсен келди. «Парктен киятырмыз, Бердамбет аға паркке директор болып еди, соны жуўдық!» дейди ҳеш ким сорамаса да, тағыда сондай сорамаған сораўларға жуўап бере береди. Бир ўақытта Нөкербай, өзинен өзи қамсығып, бирден өкирип жиберди:

— Жумагүл кишем бар болғанда бүгин арақ ишер едик, қандай кишемиз еди...

— Өлиниң қырқы болмай ишип келиўге уялсаңызго, ийтлер-аў!

— Сен бундай сөз айтпайтуғын един-ғо, Айбөре-ек! Институтты бийыққа мен питкерттим, жумысың питкен соң тилиң шықты ма? Жумысларын жазған, бес жыл бойы бармағы жаўыр болған ким?

— «Атаңды Қаратаўда бир жықтым» деп, енди қыр изимизден қалмассаң сен! Екеўиңизге еки шийше арақ берейин, Тәңирбергендикине я Өтеп томпақтикине барып ише қойың, бул үйдегилердиң өз қайғысы өзи менен, сизлердиң шағал мәслигиңизди көрерге көзи жоқ, шық!

— Шығамыз-ғоо, жаңағы арағыңды бер!

— Жердашқа бар, мени «берсин» деди де, береди!..

Еки пияң суўырылып шығып кеткен соң:

— Қуўып ғана неге жибермейсиз, усылар жаныңызға дәри ме? — деди Нурлепеске даўысын көтериңкиреп. Нурлепестиң пәрўайы пәнсери:

— Әйй, қарағым, үйи жоқ, жайы жоқ, ҳәмме қуўа берсек бундайлар қайда болады? Буларға да қудайдың берип қойған мийнетиди-дә, ақыры бир күни есине енер! Буларды қуўғанда бир қат жайға суў қотараман ба?..

— Ҳа кирейге бер, ал отыз манаттан.

— Сөйткенде де болар еди-дә, жаңа өзиң айттыңғо, қайыр-сақаўат деген де керек, ғәрипке ғәрип қараспаса ким қарасады, дүзде өлип қалады-ғо сорлылар, оннан соң обалына мен қаламан, еле жаздың қысы да бар, оның үстине үйренисип те қалыппан, усылар келмей қалса бир нәрсем кемистей елеўлеп жолға қарайман да жүремен-әй! — Нурлепестиң гәплери Айбөрекке унамағаны менен көзли ҳаял:

— Дурыс айтасыз, ғәрипке ғәрип қараспағанда ким қарасады? Булар да бир майырылған бийтап адамлар. Бай байға, сай сайға қулап, майданы шыбын шелли көрмей атырған бул аласатлы дүньяда ғәриптиң ҳалынан ғәрип хабардар болмағы керек, — деп мақуллады. Айбөрек сөз-аўызынан ҳаялдың онша ақмақ емеслигин абайласа керек:

— Әй, бир, ашыў менен айтып атырмандағы! — деп жуўып-шайды.

Гәптен гәп шығып, ҳәр кимниң өмир тарийхы айтылып атты.

Ҳаял ырасында да Ийшан қалада Насыр деген кассирдиң қызлай алған ҳаялы екен, гәпиниң рәмәўизине қарағанда жасында көзлери жулдыздай жанған, талдай майысқақ, сәрўидей қәўметли қыз болып журт талаеып атқан. Үш ағасы бирден урыстан қайтпай, мәпилик кемпир ғаррысы менен қалған соң жекке баслы Насырды Сталин өлгеннен бир жыл кейин: «мал-ҳалға, кемпир-ғаррыға қарасар, үш әжағамның орнын жоқлатпай үйдиң азаматы болып кирип-шығар» деген үмит пенен күшик күйеў қылып, қолына киргизе қойған екен. Кемпир-ғаррысы «жалғыз қызымыздың күйеўи де памбар бел услап қала бермесин, хат-қалемнен дуз татсын, журт ҳәзир жалпыламай оқып атыр» деп, мал-ҳалың сатып-суўынып, Нөкистеги бир техникумның бухгальтер оқыўына оқытыпты. Бул питкерип, совхозға «талтайған кассир» болған жылы изли-изинен кемпир-ғарры әлемнен өтеди. Олардың изинен бул ҳаял туўған еки ул бала шетнейди, «алланың дегиши бир қарамасын,» деп гүрсинеди ҳаял. Лийкин, хожалық күннен күнге хотқа кете берген, кисисиниң де «ешеги жорғалап» бухгалтер болған. Сөйтип жүрген күнлеринде «мына отырған Турсын туўылды. Бул нәрестени де құдай мен бахты қараға еси менен берсе боладығо, еса-

лаңлаў етип берди. Сол жылы еки көзимди бирден ақ қаплап, жақты дүнья маған гүңгирт көринетуғын болып қалды. Сонда да сығараңлап, аяқ жолымды көремен, қазан-табағымды услай аламан, ҳәтте, еплеп ири тигис те тигемен! Сонда да бурынғыдай қайда, кисиме де айып қойып отырғаным жоқ, ақыры, айнаға қараўға қорқаман, қарасам өзимниң түримнен өзим шоршыйман, сонда бай қалай шоршынбайды! Бармаған дуқтырым, тәўибим қалмады. Биреў маған «арқаң бар, Бабаға жети түне» деди, жети түнеп едим, ағы кетпегени менен көзим питегене ашылайын деди, майда тигисти де еплеп тигетуғын дәрежеге жеттим! Соның арасында жеп қойған ба, ишип қойған ба, Насыр қамалып кетип, Найзадай бес жылда айналып келди. Хожалық қашшан әбигерленген, азаматы жоқ соқыр қатын дүнья таўып не жалшытсын, жатып ишиўге бәле түте ме, бала жан-аў! Бай бир-еки ай үйден қостаңлап кирип-шығып жүрди, қамалып келген адамға ким исенсин, ҳеш жер жумысқа ала қоймады. Бир күни зым-зия жоқ болып кетти. Әри-бери күттик, ағайин-туўысқанға излеў салдық, сөйтип зер-зебил болып жүргенимизде өзи емес, хаты келди. Қудайға шүкир, буғырлым тири екен, бирақ қатты кеўилим қалды, «қалған кеўил шыққан жанға бара-бар», бүгин мениң кеўилимди қабартқанша «сен соқырсаң маған жараспайсаң, Үшқудықта алып кеткен поляк қатыным бар еди, соған кетемен» дегенде де жабыспайман-ғо, сонда да қарғағаным жоқ, сонша туўған балаларымның әкеси, не деп қарғайман, қайда жүрсе де өз күнине саў болсын, оның бахытлы болғаны мениң бахытлы болғаным, не қыламан усы ҳалыма бириўдиң бахтын байлап, адам бир табақлас болған адамын да жаманлыққа қыя ма, журт «сотқа бер, балаңа напақа ал деп еди, қылмадым. Усы журтқа ҳәйранман, биреўден сотласып алған напақа перзентке жуға ма, оятта оның қатыны жүрсе мениң баламды «өлгей» деп тилеп! Тилемей не қылады, ақыры, ол да оның туўған балаларының напақасы! «Сүринбес туяқ, жаңылмас жақ бола ма», әйй, адам бир жаңылып, үйленсе үйленген шығар, соң бизден айырылысқан шығар дедим де қойдым. Ол ушты-күйди жоян болғанында үш айлық ҳәмиледар едим, не де болса шәҳәрли жерге барайын, қалалы жердиң ырысқы артық деген, аштан өлмеспен деп, биреўдиң таслап кеткен гөне тамын мынаў қолым менен

ирреймонтладым, топан сыбаў урдым, қудайын күткен бир ғарры ешек пеш салып берди, қысты сонда өткердим. Кешеги майдың ишинде-ақ көз жарып едим, ат басындай ул! Маңлайыма сыймады! Жылай-жылай еки көзим қайтадан қапылып баратырған соң Бабаға жети пийшемби қатнадым, ҳәзир қудайға шүкир, көзим жаман емес, көреди, сол соңғы қатнаған пийшембимде-ғо алланың бизге Сазтурғанжанды жеткерип жүргени. Еки күнге шекем Бабада күттим, «келер» деп жолға қараймап, келетуғын адам жоқ. Пийшембиден басқа күнлерде Бабада да адам түнемейди екен, шыйықшы да болмайды, аўылы жақын, еки күнге шекем мешитте бир өзим түнедим, ақыры қайттым, бир күнлери бир қоңсымыз мәкан жайыңызды жазып апарып берди. «Апар баласын излеп жүр екен,» деди. «Яқшы» деп қалғаным менен өлген бөпем тирилип келгендей бир ҳәптениң өзинде соншелли баўыр басып қалыппан, «сеннен-ҳәм айырылатуғын болдым-аў, қулыным» деп, түнлерде бозлап жылайман-аў! Не деген менен өлимнен уят күшли, буның әкеси де баласын меннен кем жақсы көрмейтуғын шығар деп, жолға шыққаным менен сирә ғана табаным тартпайды-аў, келгиң келмей киятырса машинаның табылғышын айт, қудайын күткен бир жигит, «отыр, апа, сендей бир ғәриптиң пәтиясы керек еди, қалеген жериңе апараман,» деп қара-ап тур, көрдиңиз бе, жақсылардың туқымы еле де ба-ар, бас пүкил қурып кеткен жоқ. Бала тап мына ғана жерге әкелип таслады, жылап отырып пәтиямды берип қалдым, өнип-өсетуғын бала екен қарағым! Қолыма бес манат пул да услатты! Усы үш манат қызымыз екеўимизге көп күн пөлке нан болады, дым таппай баратырсақ пийшембиде арғы жағымыздағы Шыбылайшыйыққа барып, қуданың бергенин арқалап қайтамыз. Қоңсыларымыз гөне-көксисин береди, гөне деп, ҳәзир гөне кийим бар ма, бар жердиң нашарлары «модасы гөнерди» деп тез әнейдей кийимлерин бере қояды, пәтиямды беремен, бизге мода болмағанда не қылады, үстимиз жыртық болмаса шүкир!..» Әне, усындай екен ҳаялдың өмир дәстаны. Бийшара Айбөрек, сәтең болғаны менен кеўилли бос, кем кеўилли нашар ғой, қамсығып отырып тыңлады. «Нағыз Бийбипатпаның өзи екенсең, келиншек!» дей береди қайта-қайта: «Бизлер-ҳәм қыйыншылық көрдик, жетим өстик деймиз-аў, сол нәрсе болса байымыз-

дан өш алыў ушын-ақ көзине шөп салыўдан қайтпаймыз!..»

— О дүнья деген бар ғой, қудай деген бар, еки ийининде еки периште қылған гүнаң менен саўабыңды жазып тур, қудайдың алдында не дейсең? «Ериң-пириң», пирин сыйламаған қудайға да тил тийгизеди, соны қудай кешире ме? Қудайға шүкир, өзим диниме берикпен, көзимди ашып, Насырдан басқаны көрсем, жети дозағына да қайылман! Он еки жасымнан бери бес ўақ намазымды қаза қылып көргеним жоқ, пийриңе ўападар бол, келиншек, ашыўшақ болма, ҳәр бәлеге ашыў апарады бендесин! «Ашыў араз, ақыл дос» демей ме ата-баба! О дүнья, бу дүньяда зинахорлық кеширилмейди! Ондай ҳаяллар қудайдың қулшылығын ислеп, аллаға жыласа, алла дегенниң пейли ке-ең!..

— Өйппей, келиншек, мен намаз сабағымды билмеймен-аў!

— «Бир адамның тилин кәлиймаға килтирген саўап» дейди...

— Кәлийма қайтара аламан-ғо!..

— Оны билип отырман-ғо, өзим үйретейин намаз сабағыңды!..

— Берекет тап, сөйтсе, қудай жеткерген шығар сени де маған!..

Сол ақшам Айбөрек түни бойы өзинен өзи ҳаўлығып шықты: «Қудай мени де кеширер ме екен?!. Қыл көпирден қулайтуғын да, отлы гүрсиниң астында сүйеги сварканың ушқынындай шашырап кететуғын да мен, ме-ен!..» Таңда «Мен, ме-ен!..» деп бақырып атырған жеринен Жердаш жулқылап оятты:

— Жаман түс көрдиң бе?..

— Нәзигүл молла екен...

— Нәзигүлиң ким?!

— Сазтурғанды алып келген көзли ҳаял... Енди шабазым бетиңе тикленип қарамайман, усы ўақытқа шекем не гүна ислеген болсам, сени адам қылыў, қатарға қосыў ушын иследим, әпиў ет мени,.. — Ҳаял гәпиниң артын айта алмай өксип-өксип жылап жиберди. Байы «қоя ғой, ҳеш гүна ислегениң жоқ» десе де қоймайды, еңкилдей береди:

— Мен... мен Әмирханның бийнека ҳаялы едим қыз күнимде...

— Оны билмей алғаным жоқ...

— Ҳәзир де Жеткергенниң бийнекасыман!

— Оны да билемен, бирақ ендиги жағында доғар, өз тапқанымыз өзимизге жетеди...

— Соның бәрин мен Әмирханнан өш алып, сени оннан оздырыў ушын иследим, бир жерим қышый бергенликтен ислегеним жоқ, шабазым!..

— Оздырсаң оздырдың-ғо енди, он жыллық мектепке директор еттиң. Пулың үш жыз мыңнан асты, доғар енди, бала ер жетип киятыр, уяламан!

— Олла доғардым, билләә доғардым, тек усы ўақытқа шекемгимди кеширсең болды, ендиги жағында ўападарыңман!..

Жердаш ҳаялының ийегин көтерип, аппақ буғағынан сүйип-сүйип алды, ол буннан бул гәплерди, бүйтип мойынлаўды ҳеш қашан да күтпеп еди, лийкин, кисиниң арсызлығына, ийнениң ушындай да қызғанбағанына, өмириниң усындай симсикке қор болып кеткенине арланып, бурынғыдан да бетер өксип-өксип жылады, бүйтип жарылқағанынан, кеширгенинен бир тыма басып сабағаны мақул еди ҳаял ҳәм усыны тәме де етип еди, «сонда питегене болса да ҳүжданымды тазартарман ба?» деп еди, әттең, әттең!

Ертеңине булар көзли ҳаялды түйе таўықтың қоразын сойып, министр күткендей күтти, қызына да, өзине де бир қайтара кийим-кеншек берди, пәтиясын алды.

Айбөректиң оннан соңғы күнлерги бос ўақты Нурлепестиң үйинде — Нәзигүлдиң қапталында өтти, бирақ бууыны қатқан тилдиң қуран сүрелерине айнала қоймағы қыйын, қырқтан асып баратырған ҳаялдың дыққаты да муздай тайғанақ, айтылған гәп тегинликте турақламай тарыдай төгилип, муздағы аңғалақтай сырғанап кете береди, деген менен адамның қудирети тоты қусқа да сөйлеўди үйреткен ғой, хат-саўаты бар Айбөрек қолының саўасында бес ўақ намаз жазылған шақмақ дәптерлерди ядлаўдан сирә жалықпас. Оған қыямет-қайым жақынласып қалғандай, тез билип бармаса —«экзаменнен қулайтуғындай қорқынышлы, қорқынышлы, көп гинә, көп зина қылған ғой ақыры!

«Баланы берип жиберсе, емшектен шығарып, бағып-қағып, есейтип әкеле қояр едим, Сазтурғансыз енди мен қалай жасайман?» деген уўайым менен Нурлепестиң аўзына үңиледи Нәзигүл, лийкин, ол ләм-мийим,

«усы нашар бизиң үйде қала бермес пе екен?» деген ой бунда да бар, бирақ тис жарып айта алмайды. Бир ҳәпте өтип, ертең кетермен болғанында Нурлепес: «сондай-сондай бир талып илим нашар келип еди, сениң айтқаныңды тыңлар, шаппаттай нәрестем ушын-ақ қалсын, үйимниң төри соники, мейли, қулы балып-ақ жүрейин, маңлайынан самал болып сыйпайын, «ултарақ бол» десе болайын, тек нәрестем жетимсиремей өссин, айт соны барып! Өзим айтыўға жүрегим даўамайды, аға. Усыннан кетип қалса, Жумаш екинши мәрте өлгендей үйге аза түсежақ, Нурқасымым да қатты баўыр басып қалды,» деп жалынды Зарымбет моллаға. Зарымбет молла Тәжимуратты, Жәлимбет бақыраўықты ертип келди, «Өз қолымнан бир аўқат асып берейинш!» деп, ҳаялдың өзи илҳамланып, Айбөрек берген гөшти қазанға салып атыр еди. Аман-есенликтен соң:

— Отырың, қарындасым, сизлик гәп бар, — деп отырғызды Зарымбет молла нашарды. Бунын не гәп екенин айтпастан-ақ уққан Нәзигүл усы гәпти ишинен күтип егленгенликтен де шоршынбастан отырды. Зарымбет аннан-мыннан, ески китаплардан гәп қозғап, төреса-төре еткизбестен сыпайылап, айтылажақ усынысының мағызын шақты. Ҳаял ишинен қуўанса да сыртына шығармай, толық ақ қаплаған еки бирдей жанарын кирпик қақпастан Зарымбет молла таманға емес, есик бетке бақырайтып узақ отырды:

— Апырмай, молла аға, мен ойлап көрмеген қыйын мәселени ортаға қойдыңыз-аў! —деп гүрсинди. — Бул ат саўдасы емес, бир-еки күн ойланыўға мәўлет беретуғын шығарсыз-аў!..

— Оның ойланатуғын дымы жоқ! — Жорғалап киятырған Жәлимбет бақыраўыққа «тәк отыр!» ды оқыйған көзи менен аңлатты да Зарымбет молла:

— Қарындас орынлы талап қойып отыр, Жәлимбет, —деди.—Мейли, ойлансын, бул өмир саўдасы. Бүгин қосылып, ертең дағысып кете беретуғын булар ҳәзирги жаслар емес, бирин-бири еле де билиссин, қумыры да туғырласып табысады, еки муңлы да муңлассын, сырлассын, шамалаўымша бириниң дәрти бириникинен жеңил емес, дуз нәсийп қосып турса, иншалла, сөзимиз жерде қалмас!..

Гәп соның менен тамам болды да ҳаял қазанына

айналысып кетти. Аланғасарлаў болса да қызы Турсын бир қанаты болса, Нурқасым екинши қанаты, бири қолға суў алса бири дәстурхан жайып, аўқатландырып, чай берип, келгенлерди жүдә ыразы қылып қайтарды. Қонақлар қайтқан соң «бара бер, өзим жуўаман» десе де қылмай, Нәзигүл келместен бурынғы жуўып үйренген әдети бойынша қазан-табақты жуўысып жүрген Нурқасым:

— Апа-а, — деди даўысы дирилдеп. — Бизлерди аямасаң да Сазтурғаныңды аясаңо, бизиң үйге келгиң келмесе бизлер сизиң үйге-ақ барайық, бәри бир, енди сени «апа» дегеним деген!..

Ҳаялдың жүреги бирден елжиреп сала берди:

— «Апа» деген тилиңнен, шырағым! Сени қапа қылажақ емеспен-аў айналайын, қой, қамсықпа, жылама деймен, Қасы-ым! — Ҳаялдың өзи де жылап жиберди. Буған ойының өреси жетпейтуғын Турсын булардың неге жылап отырғанына ҳәйран.

— Ата—а! — деди, даўысы жуўаны менен жиңишкеси есилип, әжептәўир шығады екен. — Апам менен Қасым әжағам ҳеш ким урмаса да жыласып отыр!!!

— Хаҳ!!! — Шоршып түсти Нурлепес, өрре турып қазан-табақ жаққа жуўыражақ еди, жаңа ғана Зарымбеттиң: «қумыры да ғуғурласып табысады, еки муңлы муңлассын...» деген даўысы қулағына қайта жаңғырғандай болды да жаңағы ғулғуланың орнын әжайып бир үмит ағысы жайлап, саў қолының саўсақлары менен буўрыл тартқан сақалын салалап бахтыяр күлки менен жәп-жаман, кир-кир тислерин көрсетип, үнсиз күлди.

Келеси пийшембиде Зарымбет молланың бир өзиақ келип, еки ғәриптиң некасын қыйды, терлеп-тепшип отырып, үйинде түсленди. Күнге бир-еки мәрте хабар алыў пешеге айналып кеткенликтен бул үйге келип, усы нека қыйыспақтың үстинен шыққан Айбөрек Нурлепестиң үйленгенинен де бетер Нәзигүлдиң аўылда қалғанына ушып-ушып қуўанды ҳәм қуўанышын ишине сыйдыра алмай, түски аўқаттан соң уйықлап, жаңа оянып, сыртта қостаңлап жүрген Әмирханнан шүйиншисорады. Айбөрек кеткен соң, негедур, Әмирханның жаңа келиншекти көриўге ҳәўеси кете берди. Есите салып бирден төтеленген таўықтай жуўырып бара қойыўға Әмирхан бала-шаға емес, күн батыўға мейил бе-

ремен дегенше өзин зорға услады. Күн батпасынан сәл алдын қалтасына бүкленбеген бир жүзликти салып, Нурлепестиң есигинен кирип барды. Бундай жоқары дәрежели мийманның келиўин күтпеген Нурлепестиң албырақлаўларынан, жалбырақлаўларынан бул келин турғанның әнейи адам емеслигин аңлаған Нәзигүл шегирейип қараўларынан, есиктиң алдында талтайып турыўларынан төрели адам емеслигин-ҳәм аңғарды. Қалай болса солай мийманның көзлери Нәзигүлдиң тула бойын тинтип баратыр. Кисиси албыраганға, әри мынаның көзлериниң тинтиўинен бул да албырап жүрип, жүктеги «таза» деген көрпешелерин салды, көпшик таслады, оннан соң барып, қонақ төрледи. Қутлы болсын айтты ҳәм қойын қалтасынан бүкленбеген жүзликти шығарып, Нурлепеске созды:

— Қуры келиўдиң есабын таппадым, жеңгейге бизден көримлик!..

«Я нәҳән ҳәмелдарданы, я сасық бай» деген ой кешти Нәзигүлден. Ғаррысы пулды алып, пәтиясын берди де: «алып қоярсаң,» деп, ҳаялына өткерди. Ҳаялдың жүзинен я қуўаныш, я таңланыў көрмеген Әмирханнан: «Я пулдың қәдирин билмейди-дә, я пул санай алмайтуғын, қағазды қағаздан айыра алмайтуғын соқыр! — деген ой кешти. — Үйиң жаңғырдың шолағы, Әширепиге басыңды шата қойғанда өлимтигиңе шекем каймақта қалқытып қоятуғын едим, өзиңниң шамаң келмесе өзим бар едим-ғо! Мынаның да оннан үлкенлиги шамалы, енди буған қалай жарар екен!..»

Ҳаялдың қәдди-қәўмети, нашарға тән нәзиклиги қатты унағаны менен тегис ақ басқан еки көзи Әмирханның жүрегин уйтқытып, шайға да қарамады, дәстурханнан нан аўыз тийди де:

— Асығыс бир жумысым бар еди, еситкен соң шыдай алмай тек кирип шығыўға келдим, — деди де дәстурханды қайырып, орнынан турды. Нәзигүлдиң уятийбалы «отырыңызына да» «тағы бирде отыра берермиз» деп, қайылшылық бермеди ҳәм: «Сен бир, үйге барып кет, тапсырмам бар» деди Нурлепеске, сол ўақыттың өзинде-ақ Нурлепес дәлбиреклеп ерип шықты.

— Жеңгей дым жас екен, — деди үйге келген соң төрги жайында қарсы алдына саққа жүгиндирип қойып.—Әширепиден ат-тоныңды алып қашып атыр

един, жаўыннан қашып тамшыға тап болыпсаң, сорың қайнасын, тоздырмақ өзиңе несип етсе болар еди-аў!..

— Буйтип таза кийим кийгенде айтатуғын еди, тағы не бөле таптың, иним! — Нурлепес жәп-жаман сары тислерин көрсетип күлди. — Ондай қоқаң-соқаңға усамайды, бес ўақ намазын қаза қылмай жүрип, даланы күсесе ол да қудайдан шығар.

— Нашарды байлап қоятуғын бир ғана қазық бар, сол қазығыңның түби бос болса нашардан рехим күтпей-ақ қой. Мен нашар мәселесинде академикпен! Усы аўылдағы жас ҳаяллардың биреўи: «Әмирханнан аўлақпан» деп қуран усласын, қәне, қайсысы услар екен, Айтбайдың ҳаялы услай ма, усламайды, Гүлимбайдың ҳаялы услай ма, усламайды, тағы кимди сорайсаң!..

— Әй, ғошшым, некалыға көз салған гүна, оны айта берме!

— Жаақ, ҳәзир некалыға көз салмаған гүна, дүнья сондай ҳәкисине кеткен, бундағы бурынғы «обал» саналғанлар саўап, «саўап» саналғанлар гүна, буны керисинше ислесең сонда дурыс шыға береди. Мәселен, «параны алма» десе, алыў керек, «берме» десе, бериў керек, сонда сениң де, оның да жумысы питеди, оннан артық не саўап керек! Өзиңнен келинде жигирма бес жас киши нашарды дүньяның ләззетинен қақсаң сол саўап па сол инсаплылыққа жата ма!...

— Ондай қурып қалғаным жоқ-аў иним, тири жанман.

— Тири жан емес, тирше жан бол,—орынынан турып кетип, сейфин ашты да бир түйиншикти әкелип отырды.—Саған атама қылмаған бир жақсылықты ислейин аға.—Түйиншикти шешти, ишинен қатып қалған аш ишекке қусаған еки собықты шығарды.—Мынаны шүберекке орап, шөккишлеп унтап қайт, кеппе болады, кеппе болмаса жент болар, сөйтпесең сениң тисиң өтпейди....

—Бул не өзи иним!—Көзиниң алдына тутып сорады.—Не өзи!!

— Бул Ҳәким улықманның еми, алпыс еки тамырыңды бүлкилдетип, жигит күниңе қайтарады, енди түсингендурсаң! Жеңгейге шерменде болмасын деп атырман, жақсылығымды билсең билерсең, билмесең қудай бар-ғо, ҳәр бири жүз маңа-ат, саған тегин бе-

рип отырман. Бүгин төсек бирге салынады, соны билемисең!!

— Солай шығар деп гуманланып, қорқып-ақ отыр едим-аў...

— Қорқпа. Орыныңнан тур да айтқанды бежер!

Аздан соң сырттан жаңғырыққа урылған шөккиштиң тосаң тоқылдысы Әмирханға көп ўақытқа шекем еситилип турды да бирден тынып қалып, Нурлепестиң өзи кирди.

— Кеппе болған жоқ, жент болды, бул гөш пе, не өзи! Дәми, тилиме тийгизип қарасам, колбасаға усайды!..

— Хә-хә, колбасаның сырт елден келетуғын бир түри. Аўызыңа сал да сорып жүре бер, әбден мағызы кеткен ўақытта жутып жибер, кишемди зәбердеслигиңе ҳайран қалдырмасаң, маған кел!...

Нурқасым бул келгенде қашшан сыртқа пешаханасын қурып жатып қалыпты, мың айтсаң да жумыс адамы ғой, азанда ерте турады ақыры. Нәзигүл бурын Турсын менен Сазтурғанды ортаға алып жататуғын еди, Турсын шашы уўдар-дуўдар болып, төрдеги темир кәтте қашшан уйқылап атыр. Печьтиң қуўысына, ырасында да еки адамлық төсек салыныпты, ҳаял аяғын айқастырып жиберип, жүзин есикке қаратып, кирпик қақпастан, соқырларға тән бақырайыўы менен баласын емизип отыр. Нурлепестиң биринши көзи түскени оның аш гүзедей, аппақ мәммеси ҳәм ақ сийнеси. Бул ҳеш қашан басқа бир ҳаялға ҳәўес етип көрмеген, ҳәтте ондайды гүна билетуғын, ҳаялынан басқаға арқасы қозбайтуғын адам еди, қәпелимде өзинде бир ҳәўес, нашардың жалаңаш денесине деген ашлық сезгендей ме, қалай-қалай, өзине өзи түсинбей тер сиңген сор-сор бешбентин, Әмирханның үш жыллықта берген гөне қалпағын, Жердаштан алып кийген гөне жинсий шалбарын шешти. Сөйтип барып, көйлек-дамбал менен орынына жатты. Аппырмай, бала, Жумагүл екеўине ақ төсеп, жеңгелери жатқарған дәслепки мәўритлери усындай етип лүпилдеп еди жүреги, ырасында да Әмирхан айтқан жаслықты усы Ҳәким улықманның «колбасасы» бере қойған жоқпекен!! Өзине өзи ҳайран Нурлепес, бул, ҳаялы түспегир жатыўға асығар емес! Нурлепес болса еле кетары сөз айтып көрмегенликтен: «жата ғой» деп айта алмайды, соның арасынша көзине өлген

ҳаялы Жумагүл—Жумаштың әри муңлы, әри қызғанышлы жүзи бирден елеслеп кетип, әлле қайлардан, узақ-узақтан сыңсыған найдың ба, қамыстан соғылған сыбызғының ба, жүректи сызлатарлық бир қайғылы сести тал-тал еситилип атырғандай туйылды қулағына ҳәм ҳәзир ғана қанасына сыймай терисин тыртыстырып турған руўҳы жели кетип баратырған камерадай «гилк-гилк-гилк-гилк» пыссыя берди де аздан соң тула бойы қазан урған пәлектей солып қалды. Енди ол Нәзигүлдиң отырыңқырағанын тилеп еди, бағанағы Әмирхан айтқандай, бул дүньяники мудамы ҳәкисине жүреди. Ҳаял орнынан турып, төсегине қайтып келетуғын жолды көкирегине яд етип алды да шыраны өширди ҳәм сыйпаланып келип, Нурлепеске жымласпастан параллель жатты.

Ҳаял жатарда оқыйтуғын дуўаларын гүбирленип оқып атты: «Жатқызғайсаң, я алла, турғызғайсаң, я алла, турар-турмас күн болса, иләә-илләллааа.» Ҳеее, алла жаным, сирә екинши нека қыйылып, екинши төсекте жатыў ойымда бармеди, уҳҳҳ!...

— Бенденики әрман менен, шырағым, мен де басқа менен жастыққа бас қойып көрген бенде емес едим, тартыныңқырап атырман ғой...

— Несине тартынасаң, қудай басқа салды, мен көндим!—дерин десе де Нәзигүл түрпидей қырық жарық алақан жағасынан суғылып ақ сийнесин аймалағанда тап зина қылажақтай бир шоршынып алды, ойлап қараса: «неси айып, өзимниң некалы ғаррым!...» Бир қырына аўдарылып, Нурлепестиң тасбақаның мойнындай қыртысланған мойнына бызымықтай толық ақ билегин салып, өзине қуштарлана тартты. Соң бул Нурлепес пе, Насыр ма, оны парықлаўды умытты, ғарры сүйисиўди билмейди екен, тек: «шырағым, көйлегинди шеше қойсоңо», деп жалына береди даўысы дирилдеп. Нурлепес өзинде бағанағы ҳәўестиң қайтадан ҳәўижге мингенин абайлады, көп жыллардан бери бундай ҳәўеслик, бундай қумарлық болып көрмеген, бундай ғурышқа минип көрмеген ғаррыға тап усы ақшамға шекемги өмири пуштай, өмир еместей...

— Бай-баай,—сабылып қалған ҳаял таңда қулағына ентигип сыбырлады.—Қартайғанда дус болғаныңа шүкир, жасыңда өлтирер едиң адамды, жүдә-ҳәм бийқанаҳат екенсең, уҳ-аҳҳ...

— Бай-бааай,—Дәнияр таңланып тақыўаланды.— Ҳукиўметтиң бети бир қарамасын, қараса таў бар ма, теңиз бар ма, көрдим демейди! Таўларыңды талқан етип жибереди! Жумыртаў, Қаратаў дегенлериңди билемисең, күннен күнге киширейип баратыр-ә! Билемен-ғо, мен ПМҚ ада көп ислегенмен, ақыры! «Таў түўесиледи екен-аў! Вагон-вагоны менен тартып тур-ә мрамор дегенлериңди! Хожелиден дизилген вагонның Ташкентке шекем себи үзилмейди десем лап емес! Бәринде кетип баратырған Қаратаўдың мраморы, қайрақ тасы, Жумыртаўдың кәни!..

— Ояқларда жоқпекен, бала!—Жәлимбет таңланып сорады.—Соншелли жерден тасып не ҳәлек, мен сениң гәпиңе гиябенттиң гәпи деп қарайман, Дәнияр!

— Кимниң гәпи десең соның гәпи де. Ешекке «ешек» дегени менен кеўилине келмейди, бәри бир, себеби ол ешеклигин жасырып жүрген жоқ, мен де «гиябент емеспен» демеймен ғой. Мен бирақ, көргенимди айтып отырман, исен-исенбе өз жумысың, мениң гәпим дурыс ма, Нуреке!—Нурлепеске ийегин екшетип, жеңимпазларша гәпин даўам етти:

— Шынында да Қаратаўдың қара мраморындай мрамор әлемде шенде-шен, сен Ташкентти айтасаң-аў, ҳәтте Москваның метросына кетип атыр деп еситтим мен!..

— Соған пул бере ме екен!!

Дәнияр еки бармағының арасына бас бармағын тығып көрсетти.

— Қызықсаң-әй, Назарымбет, усы ўақытқа шекемги жасты қайда жасап жүрсең! Бизиң ҳукиўмет сол өзинен жоқары ҳукиўметлерден пул сорай ала ма! «Бер» дейди, береди. Бермесе жоқарыдан беретуғын басшы жибереди. Ҳәммеге өз күни керек, жүрсин бесо Қаратаў, Жумыртаў ушын ҳәмелден айырылып. «Бизге Түйе мойынды бер» дей ме, береди, бермесе, беретуғын басшы жибереди, «бизиң балаға қызыңды бер» дейме жоқарыдағылар, береди, бермесе, қызын беретуғын басшыны қояды! Не де болса Ҳәмиўдиң аяғын съездиң қарарына киргизди!...

— Не деп!

— «Үлкен салыгершилик базасы болсын! деп-дә!

Не деген тоғай бар еди, мынаў турған Самамбай бир жылда зым-зыя болды ма, болды. Атамзаманнан киятырған Шортанбай, Алтын тоғай, ба-аай, тоғай болғанда қандай еди, «Алтын» дегенинше бар, торанғыллары оқтай-аў, оқтай! Қыршыйсаң да жайға сала бересең! Енди соерлерди барып көр, не бар екен!

— Сен көрдиң бе?

— Көрдиң бе дейсең-аў!—Шулғынды Дәнияр.—Мениң ПМҚам тып-тыйпыл етип берген. Орыны үлкен бир телегей теңиз болды! Усыншелли жумыслар партияның басшылығысыз, съездиң қарарысыз ислене ме! Әлбетте, исленбейди! Бизлерди ҳәтте газетке де мақтап жазды...

— «Не деп!» дей береди екенсең, лық-лық тутқандай, Назарымбет! Айтып берейин бе, сол мақаланы ядтан билемен...

— Айт, айт!!

— «Қайда қарасаң да жән-жақ телегей теңиз! Шоқ-шоқ торанғыллы аўыллар түўе район орайлары киши-киши атаўларға меңзейди. Жоқ, сиз халқы ашлықтан тирсеги қағысып жүрген Япония атаўларында турған жоқсыз. Бул—партиямыз бенен ҳүкиметимиздиң дурыс басшылығынан, басшыларымыздың аталық ғамхоршылығынан гүлленген Қарақалпақстан...»

— Ҳаў, сен ҳаққында сөз жоқ-ғо!

— Киятырман-ғо, қойып турса! Газеттегилер-ҳәм ақымақ емес, алдында айтажақ сөзлери жығып кетпеслиги ушын усындай гәплерден ыраш шаўып алады!...

— Сениң-ақ билмейтуғының жоқ!

— Газетти күнде оқый берсең, газетте күнде мақтала берсең өзиң де абайлайсаң!

— Не деп мақтапты сонда!

— «...Бул—гүлленген қарақалпақстанның бахтына партиямыз бенен ҳүкиметимиз ашып берип атырған салы атызлары!—депти.—Үш адам қол усласып құшақлағанда қушақлары жеткисиз не бир байтереклердиң жүз жыллық тамырларын гүтирлетип үзип, бул тынды ашқан Дәнияр Әжептәўировтың ПМҚасындағы қаҳарман механизаторлар. Олар тәбият пенен қаҳарманларша айқасып, бул айқаста ақыры жеңимпаз шықты да қайсар тәбият инсан қудиретине бас ийип ғана қойған жоқ, қаза тапты! Трест начальниги менен сөйлескенимизде: «биз Аралдың астынан да тың ашамыз,

ол жерде келешекте ҳәзиргидей телегей теңиз теңселмейди, жап-жасыл салы атызлары теңселеди. Қарақалпақ шайырлары «Салы атызлары» деген қосықлар жазады!...» дейди. Биз буған сөзсиз исенемиз, Дәнияр Әжептәўировтай тәбиятты қул етиўши қаҳарманлардың бул ис қолынан келеди...» депти газетте!...

— Сен усыны ядлағанша бес ўақ намазынды ядласаңо!—деп күйдирди Дәниярды Жәлимбет бақыраўық. — Бир, басың искен адам екенсең!

— Басым искен жо-ғаў, мениң басым өзиме айтылған жақсы гәплерди жаздырмай «пленкасына» жазып қала береди. Бул енди, көп жыл бурын айтылған сөз ғой, оннан бери бизлер жумыстан түсип үлгердик, пияншик болып үлгердик, енди, мине, көкнаршы болыпта үлгердик...

— Ҳа, Аралдың астына салы еккениңиз қайда-а!

— Ол-ҳәм болып қалар! Аралың-ҳәм ҳәзир қалып жалшыған жоқ!...

— Не қылса ол қылсын!—Нурлепес аңқылдады.— Гүриш дегениң ийт муты, ийт муты-аў, кәрис дегенлериң сатып отыр бәнкилеп! Биреўине жантассаң оны бирден «меникин ал!» деп, банкилерин созады! Әне, тоқшылық! Яшасын деймен бул ҳүкимет!...

— Дурыс айтасаң, Нурлепес!—Бул, обкомпартияның есигинде қараўыл турған қартайған, бул да Дәнияршылатып, арақтың изин көкнарға айналдырған пенсионер.—Дурыс айтасаң. Бурынғы ўақытлары палаў асқан күни қапыны тәмбилеп отырып жейтуғын едик. Ҳәзир көсе палаў болса да күнде жей берген соң палаўдан да абырай қашты. Қонаққа асылатуғын аўқат болыўдан қалды ҳәзир палаў!...

— Соған налынып отырмысаң?

— Налынып отырғаным жоқ, тоқшылықты түсиндирип атырман-дә!—деди милицияда отыз жыл ислеп, сержантлыққа ерискен Назарымбет.—Усыншелли тоқшылықтың қайдан келип атырғанын түсинбей, яшуллыларды қустаны қылатуғын мына «өтирик шайы» дегендей, өтирик патриотлар-ҳәм бар. Олар патриот болып көриниў ушын көпшиликтиң көзинше «ўа-аа, халқым, ўа-аа Аралым!» деп, еңиз-теңиз жылап та бере алады екен-әй, соннан халық деген маңлайы қара турады: «а-ал, мынаў, нағыз елге ағалық ететуғын адам екен, жылап тур-ғо!» деп! Оның неге жылап турғанын

түсинбейди бул журт, ол өзин бир ҳәмелге сайлатыў ушын жылап тур, оған ҳәмел, абырай, атақ керек болып жылап тур, сол абырай-атақты алып болғаннан кейин хабарлас, қыйсайып та қарамайды-ә, әне, бул тайпа барып турған нәлетийлер, бундайлар жазыўшы, артистлердиң арасында көп болады екен, ооо, көрдикго ондайлардың талайын! Не көрмедик биз обкомның есигиниң алдында былайтип, отыз жыл честь берип турып!—Назарымбет қолын шекесине апарды.—Па-аа, қызық жумыс еди ол, күнде жыйналыс, райком келсе, честь бересең. Әй, райисполкомға орынының турмасаң да бола береди, министрлердиң де МВД, Минпрос қусаған ирилерине, яшуллылар итибарға алатуғынына турасаң. Қолында татировкасы болса, сақалы өскин, бетинде тыртық я көк болса ҳүжжетин тексересең де «кет ары!» дейсең. «Жолығыўым керек, жумысым бар!» деп ежессе «яқшы, ана жерде отыра тур» дейсең де урасаң телефонды горотделге! «Дырр» етип келип, алады да кетеди. Соннан олар ишке киргизип: «сен бе обкомға, совминге баратуғын, пәтеңге келтиретуғын сен бе!» деп ишине бир-екини түйип, ишектей таўландырады! Оннан соң көрейин олардың қайтып обкомға дарығанын! Сөйтип, бир күни бала, горотделге бир шайырды да жибере жазлап қалдым-аў!...

— О қалай, республикада өзи еки шайыр емес пе бары!

— Жақ, үшеў!—деп гәп қосты бурынғы бақсы Хожамберген.—Рамшайыр, Ибрайым, Тилеўберген, Жолмурза енди, «уценкаға» шықты-ыы...

— Тағы биреўи бар қусаған еди, ол-ҳәм мына бизлердей көкнаршы болып кетти. Дурыс, сол үшеўинен басқа шайыр жоқ!—Жәлимбет бақыраўық билгишсинди.—Сол ушығаның қыйқымындай үш шайырды таныман жүрип сеп-әм «пәлен жыл сарайға сақшы болдым» деп мақтанасаң-аў, Назарымбет лаўламай, ҳүкиметтиң шайырын танымаған адам, бул сәмий ладан, гөрсаўат ҳәм лəттепәм адам!...

— Пай-пай-пай, пәмли адамды қара!—Назарымбет милиция пошаққа түйилген ешкидей басын силкип, жортаға күлди.—Мен ол үшеўин танымай жинли шығарман жүдә! Олары түўе Пошабек деген көсемин-ҳәм таныйман! Ондайларын таныйман-аў, бул шайыр деген үйиң жаңғырлар, мынаў хат-саўаттың арқасын-

да қудай бермесе де оқып үйренип, нангөректеги көбейип кете беретуғын болған, әне, сол нангөреклерин танымайман мен, бирин танып үлгермей атырғанда екиншиси шыға береди, ағзалыққа да әскерликке бала алғандай ала беретуғын болған, маған сөйдеди Пошабек, әне, мен соларын танымай янаман...

— Бай-бооой!—Жақтырмай даўысын созды Дәнияр. —Сен жаңағы жылаған шайырыңды айтсаң-ә, қайда ылағып баратырсаң!...

— Соо, қайда ылағып баратырғанымды өзим-әм билмеймен, жақыннан бери бирин айтып болмай екиншисин быт-бытлай беретуғын бәлеге ушырапнан, усы мына көкнар да,—сығып отырған көкнарды қолын көтерип көрсетти.—Арақтай мийди шая ма деймен. Ол бир яқшы жумыс еди-дә, ўақтында гөшиң, сары майың тайын, обкомға келип тур мотороллер, па-аа...

— Сонда неге шықтың?!

— Шықтым ба, пенсияға шығарып жиберди-ғо! Шықпайтуғын едим-аў, арқа сүйейтуғын мынаў дийўалдай мықлы ағам болмай қалды. МВД өзинин қәйнисин тығып жиберди орныма! Болмаса мен қартайып отырман ба, мине көрип отырсызлар-ғо, ҳәзир де қашсам қутыламан...

— «Қуўсам жетемен» десе, сорлы, милиция қашыўды билмеўи керек!

— Жаа-ақ, қашыўды билиўи керек, қуўыўды билген милиция узақ жасамайды, ооо, билемиз-ғо қәйткенде узақ жасамаўды! Қуўыўды билген милиция қуўдалаўды-ҳәм билип қояды. Ҳәзир ийесиз адам бар ма, адам түўе ийесиз ийт жоқ, ҳәтте, қуўдалайтуғынларыңның-әм ийеси бар, қуўдалағанларыңның ийеси сени бармағының ущы менен қасына шақырып алады. Сөйтип, жамбасыңның еки алмалығының арасына мынаў Жәлимбет бақыраўықтың мурнындай қызыл бурышты өз қолы менен сүйкеп-сүйкеп қыстырып жибереди, соннан бир ырғып қашыўға қарайсаң, ооо, көрдик-ғо талай қашып, ушқан қус, жуўырған тазыдай озып кете бересең-о! Телевизордағы жуўырыўдан жәҳән чемпионы болғанларды көрсем: «тап усы я сержант, я майор!» дегим келеди де турады!

— Урсаң жыға аласаң ба!

— Урса жығыламан! Жығылған мақул, устағың келмесе жығылмай не қыласаң!...

— Неге устағың келмейди!—деди Бердәмбет.—Устаў керек!

— Оның ушын оны урыўым дәркар, өйтип жинлимен бе!!

— Ҳә, урдағы, ақыры!...

— Урсам мени урады.

— Ким?!

— Урғанымның ийеси-дә!

— Сен совет милициясының,—бармағын солтаңлатты Бердәмбет.—Атап айтқанда әскерий мундирдиң абырайын төгип отырсаң, слушай!

Екеўиниң илинисип қалыўынан қәўетерленген Тәжимурат араға түсти:

— Және ылағып кеттиң, Назарымбет, жаңағы жылаған шайырыңды айт! Бердәмбет, сен-әм қапталдан ура бермей отырса, иним!

— Отырар едим-аў, бул совет милициясына тил тийгизип атыр, өзи сонша жыл наңын жеген милицияға-аа! Ал, яқшы—Бердәмбет Назарымбетке түңилген кейипте қолын бир силикти.—Мен қойдым, гәпиңди айт, ким сол жылап жүрген көзиңе қан қуйылғыр шайыр!...

— Тәкен деген-ғоо! Қойып турың, басынан айтып берейин.

— Тәкен деген шайыр жоқ, жақ. Мәтен шығар!

— Тәкен деген шайыр бар, айттымғооо, ызғып кетти булар ҳәзир, баяғы урыста бир азайып еди, ең жақсылары, жаслары кетип...

— Әне-ее!—Күлди Бердәмбет—Назарымбет тағы егинге ура жақ!...

— Былайтип отыр едим, келди биреў: «биринши секретарь бар ма! дейди, «бар» дедим. «Жибер мени» дейди. Қарасам, Америкадағы буғалар менен айқасатуғындай дуғыжым биреў, шайыр екенин қайдан билейин, туфлийиниң жамбасынан басқан, тек жүзи қара емес, мойынлары да қара, көкиреги қара болса-ҳәм меннен көрме, ооо, шайыр дегенди билемиз-ғо қандай болатуғынын...

— Қандай болады!

— Шайыр деген шапқыға кететуғын аттай, беллери

оқлаўдай болады ҳәм тулпардай шымқынып жейди, гөр-жерди жеп жуўаный бермейди. Тәбияты да, бети де жуқа, тислери ақ, усти-басы кирсиз, өзи делбелеў келеди. Мынаның делбелиги усайды, бирақ сырты ПМҚаның завхозындай биреў. Соннан «жибер» деди, «яқ, жибермеймен!» «Неге!!» «Яшуллы сен түўе ҳәзир Брежнев пенен сөйлесиўге ўақыт таппай атыр!» деп атырсам, қоя бер бул келиспеген талапты, яшуллының өзи Кремль паяндозының усти менен екинши қабаттың текшесинен түсип киятыр! Яшуллы: «Ҳа, Тәкен шайыр!» деп, күлип даўыслаўдан-ақ билдим талабымның келиспегенин! Бул, ақымақ адамды қоя бер, жаңағы шайырды айтаман-дә, ҳа адам болатуғын болсаң, жүрдағы ақсақалға қарап! Ақсақалдың өзи сениң менен қушақласыўға ыңғай билдирип киятыр-ғо, ҳа тығыл барып қолтығына, көрсин изиндеги ғамзым министрлер, әне, оннан соң сениң «Тәкен шайыр!» болып даңғараң жер жармағанын көрейин, лауреат та сен, халық шайыры да сен! Соған ақылы жетпеген адамды «ақымақ» демей ақылдәне дейин бе, ўай-ўай-ўай, ондай пайыт келер ме!..

— Күйе бермее, қаның тасып кетер!! Сөйтип!

— Сөйтип, екеўи мениң тусымда дусласты. Яшуллы соған келгенше қарсы жүрмеди-аў жаңағы без бүйрек! Қарсы жүрмек қайда, яшуллының созған қолынҳәм кемсалыйқа алды, яшуллы арқасынан қағып атыр, оннан артық енеңниң шонтайы керек пе, патшаң: «шерим, шерим» деп арқаңнан қақса болды-дә! Арқаңды қуўжыңлат та айт айта жағыңды, жақ, өйтиў қайда, қағып жиберди ме де ақсақалдың қолын! Жаным шығып кетти, жаным менен бирге есим де шығып кеткени ғо, наганға жабысыўдың орнына шегирдегине жабысыппан, мениң ашыўым жаман-ғо, билесиз оны! Секретарь: «Тарт қолыңды, Назарымбет аға!» деди дәкеңе, қара сен буның адамгершилигине, мен ағасыман ба болмаса, қулыман-ғо, қараўылыман, сол адамгершиликти анаў доңыздан аўған шайыр билмейди! «Тарт қолыңды!» деди ме, тартамыз әлбетте! Биринши секретарь түўе киши лейтенант айтқанда «яқ» дедим бе, биз буйрыққа үйренген адам. «Өлтир» деди ме, өлтиремиз, «ур» деди ме, урамыз, «қаш» десе-ғо қудай берип қалады!..

— Сениң өзиңниң геллең ислемей ме, ақыры!

— Жәлимбе-ет, ҳәмме гелле ислей берсе болмайды, бир гелле ислеўи керек, Сталинниң ўағында ҳәммемиз ушын бир гелле—Сталинниң геллеси ойланатуғын еди, кем жасадық па, жаман жасадық па, сонда, ҳәр жылы 15-мартта зат арзанлайтуғын еди, сары май дегенлер бир манат жетпис тийиннен ийт алмай туратуғын, елиў тийинлик қаңылтыр қутылы шийрин қаймақты айтпайсаң ба. Ҳәзир халықтың ғамын бир гелле емес ЦЕКада онлаған гелле ойлаймыз деп, затларды билдирместен үнсиз қымбатлатып атыр, үнсиз тислеген ийт жаман-дә ақыры! Майдың, сары майды айтып отырман ,жаңағы Сталинлик замандағы бир манат жетпис тийинлик сары май, үш манат алпыс тийи-иин! Ким алып жейди соны сонша пулға, турсын дүканда сасып! Колбаса дегенлери еки манатқа шығып кетипти, ийт ала ма соны, арағы еки манат отыз тийин, ким ишеди соны, зәҳәрден қымбат! Ойлайтуғын гелле бүйтип көбейе берсе еле де қымбатлайды булар! Дәўқараевтың ҳәзирги пул менен мың манатқа алған «Москвич» и ҳәзир төрт мың еки жүз манат! Қара! Парық қанша! Мына Әмирхан қусаған қутырынған байлардан басқа ийт ала ма соны! Тоққыз мыңға ГАЗ—24 ти ийт ала ма! Әне, көп гелленин таўып жүрген көп нырқы, шамаң келсе ала бер. Соның ушын айтаман, ойлаўдың кереги жоқ, давай, бизиң ушын партия менен ҳүкиметтиң өзи ойласын, меники дурыс па, Бердәмбет!

— Бул гәпиң дурыс, сөйтип дурыс сөйлеп-ҳәм тур ақыры. Бирақ, тағы басқа рельске түсип баратырсаң. Жаңағы шайырдың изи не болды!

— Әйй, өзи ненормальный адам екен, улыўма, шайырдың нормальныйы аз, бәри де дүньяны тиреп турғандай есиктен жулқынып киреди. «Мениң халқым!» деп сөйлейди-аў кеп! Ҳа сениң қатының бар, ойнасың бар алты-жети жерде, бәриниң де байы бар, олар ышқыр бажаларың, балаң бар, ешегиң, ийтиң бар шығар меншигинде халқың бар ма сениң! «Мениң халқымм!» деп турады-аў тап «мениң ешегимм!» дегендей етип!...

— Тағы рельс өзгерип баратыр...

— Жақ, сол рельстемен, сабыр етип тыңла. Жаңағы шайыр даўысы қырылдап: «Ленинабадтан қайтып едим, бир СТЗ тракторы Әмиўдәрьяның ултанын шаңғытып, берман өтип киятыр! Изинен зар жылап айдап

отырдым машинамды! Мениң Әмиўдәрьямның ултанын шаңғытып таслапсыз-ғоо!» дейди-әй жаңағы! Көкирегин қара буның! Әмиўдәрья соныкиемиш! Әмиўдәрья түўе есигиңниң алдындағы насос салма да, отырған жайыңның асты да өзиңдики емес, ҳүкиметтики! Қайда бас-басымызға бир-бир дәрьядан, соған-ҳәм саўаты жетиспей жүрип, шайыр болады-ә, ҳә ағаштың шайырына айналып, гесиртке жабысқырлар! Әмиўдәрья сеники болса мениң дәрьям қайда онда, сениң не ҳаққың бар өйтип дәрьяда! Я уйығын алдың ба, я жыққынын байладың ба, сам-сам!...

— Сөйтип не болды изи!

— «Тәкен шайыр, жүр, кабинетте сөйлесейик!» деген сайын шыррыяды-әй жаңағы! «Жа-аақ,—дейди,— мен журттың көзинше шермендеңизди шығараман... Енди Аралым, Аралымнан соң мениң мынаў сорлы халқым қурыйтуғын болды-аў! Сизлер өзлериңиздиң даңқыңыз, ҳәмелиңиз ушын мениң мынаў халқымды құрттыңыз! Хийўаның ханы халыққа сизлердей жаманлық ислеген еме-ес, ҳиииий, халқым-ааааў!...» деп бир еңкилдеп жылап берди ме дейсең, көзиниң жасына мурынының суўы қосылып кетти-ә! Ақсақал қысынды ма, сыпырлып шығып кетти. Изинен жуўыра жақ еди, ГАИдың начальниги, бурынғы боксер, бурынғы бандит-ғо ол мурт таслап жиберди ийектиң астына! Мурттай ушты-ә, «Тут аржағынан!» деди маған, соннан аяғынан мен туттым, майор айтса тутпай не қыласаң, шайыр болса берип киятыр сәддени! Котельнаяның от жаққыщларының жайына апарып, қамадық та урдық сыртына қулыпты. Арадан ярым саат ўақыт өткен жоқ, Тасқала жинлиханасынан үсти жасыл былғаўышлы, жасыл емес, лаплама былғаўышлы машина келди де алып кетти жинлиханаға...

— Сөйтип!!

— Қойып тур, изи бар еле буның! Арадан бир ай өткен жоқ, жаңағы щайыр қатынады обкомға, қатынады, қайтып келген қыздай жуўасып қалыпты. Ақсақал деген яманә кең адамғо, астына фургон «Москвич» берип, салы атызларын аралатып қойды-ә! Бир күни қарасам, телевизордан баяғы өзин сабаған ГАИдың қасында шоферларға шығарған қосығын оқып отыр, бир күни қарасам минсельхоздың гиржекшисиндей оң жағында: «Салы сыбырлайды» деген дәстанын оқып отыр.

Ҳа анаў сапары «Салыны себеп етип, Аралымнан айыр-дың: деп еңирегени қайсы буның, бүгин салыны төккиси келди ме, ҳүкиметимиздиң нәҳәнин де апарып-хошеметлеп, дәстан оқып отырғаны қайсы буның, түсинбедим! Бунысы да бара берсин жайына, бир күни телевизорға қарасам, НМУ дың туалети ашылған екен. Соған қарап турмай, бир жуўҳалар абырайын төккиси келди ме, ҳүкиметимиздиң нәҳәнин де апарыпты. Ол да жүдә кеп, үлкен бир тағы бир НМУ ашқандай, лентаны кесип ашып атыр, сөйлеп атыр, тап енди несин айтайын, уялмаған ағзам қалмады. Туалетти ҳәм салтанат пенен ашамекен. Сөйтип өзим уялып отырсам, уялмай қәйтейин, қасымда сол НМУ да философиядан оқытатуғын жийеним отыр еди, соннан уятын айтса! Ол да селк-селк күледи, ақсақал ушын уятын айтса! Бул қарақалпаққа сирә не болса сол таң бола берер ме! Әне, сөйтип отырсам, баяғы Тәкен шығып бир қосық оқыды ма де! Ал енди, өзи шайыр-ақ екен:

«Көрип пе едиң бундай туалет,
Қолларыңды шайып жуўа ке-ет!»

— деп, өзин өзи умытып, делбеленип оқығанлығы соншелли, ҳәтте «мынаў ес-ақылдан айрылып, бийҳуш болып, саралап көрсетип жибермесе болар еди-аў!» деп, жаным қалмады-әй! Бир өзим болсам шортсним-аў, өйте қойса қасымда НМУ да ислейтуғын жийен келин менен қыдырып келип отыр-аў! Соң билип қалдым жийеннен: «Тәкен шайыр сөйтпесе болмайды, НМУ ға баласы ҳүжжет тапсырып атыр», деп күлди жийен оның қосық оқыўы менен ҳүжжет тапсырыўдың арасында қандай байланыс бар, түк түсинбедим! Өзлериңиз билесиз-ғо, мен барлық нәрсени билиўге қуштар адамман. «Ал енди жийеним,—дедим қонағыма.—Әйтеўир, әкеңниң дүньясының арқасында болса да, мийинде бир нәрсе болса да кандидатлықты бир жақлаўға жақлап алдың, бизлерге қарағанда патлысаң. Тап адам таныссаң усы Тәкен шайыр патриот! Ол баяғыда Аралды қайғырып, бириншиниң алдында «Халқым-аў!» деп еңирегенин өз көзим менен көрдим. Сорасам ҳәзир сен де «патриотпан» дейсең, патриот болсаң обкомның өткиншиханасында, дүйым-журттың көзинше сөйтип еңи-

рей аласаң ба яқшы! десем, жийени түспегир бүлкилдеп күле береди, күле береди. «Ҳа бу не-ее!!» «Оған Арал да, халық та керек емес, халықтың табытына минип болса да өзиниң даңқын бир қалем болса да бөлентленип қалатуғын пайыт керек. Ол басқаларыңа көриниў ушын жылап турған жоқ, тек биринширге патриот болып көриниў ушын жылап тур. Бәри бир, көрип турған соң, бәри бир, сизлер-ҳәм патриот дейсиз оны. Оған тек сол керек, яманә хитрий олар, сол «патриот» деген атқа ерисип алса оларға басқасының бәрин ҳүкиметтиң өзи береди: лауреатлығынды-әм, жоқары атақларды-ҳәм! Ҳәтте депутат-әм етип берсин-ә!» дейди ғой-әй жаңағы! Соның айтқаны дурыс па Бердәмбет!

Бердәмбет үндемей жақ еди, Тәжимураттың да, Дәниярдың да, Жәлимбет бақыраўықтың да «не дер екен!» дегендей саўаллы нәзер менен өзинен жуўап күтип отырғанын көрип қалды да:

— Сен маған мынаны айт, Назарымбет, — деди қәддин тиклеп. — Сениңше усы сениң жийениң ақымақ па, я Иосиф Сталин ақмақ па?

Сталинди ишинен пир тутатуғын Назарымбет, не дерин билмей бақырайды да қалды, аздан соң:

— Ўааай, — деп бир алды. — Сталинди айтқаның не о! Сталин дегениң пайғамбар, ондай данышпан дүньяға бир келеди, енди жо-оқ Сталиндей дана шықпақ, бизиң жийен қусағанлар ийттей ызғып жүр...

— Яқшы-ыы, дийдимнен шықтың. Енди мынаны айтшы, Сталинге исенейик пе, сениң ийттей ызғып жүрген жийениңе ме!

— Әлбетте, Сталинге-дә!

— Онда сол пайғамбарың Сталин, ҳәммемиздиң-әм пайғамбарымыз-аў, «Жазыўшылар бул адам жанының инженери» деген екен. Демееек, жанының «лық» етип шығып кетпей жүргени де, руўхының бузылмай жүргени де сол адам жанының инженери — жазыўшылардың арқасынан!

— Ҳа о неге! Мен олардың китабын оқып жүргеним жоқ!

— Инженер болмаса завод тоқтайды, есинде болсын! Китабын оқымасаң сөзин еситкенсең. «Қобланды», «Алпамысты» тыңлағансаң...

— Ҳә, оларды бала гезимизден-ақ тыңладық!

— Тыңласаң бопты, онда сол зарядың менен жүргенсең, сол зарядың туўесилген күни аккумулятордай болып өлесең, себеби, адам жанының басқа инженерлери менен қатнаспағансаң, өлесең дедим бе, өлесең!..

— Ҳәә қыртымасаң-ә!..

Тәп берген Бердәмбетти Дәнияр услап қалды. Назарымбет қашып кетти...

## 21

Нурлепестиң Нәзигүли тек өзине ғана емес, қоңсы-қобаларға да жағдайлы шықты, соқыр қусап ҳәўлекиленбейди, ҳаял қусап барқылдамайды. «Нурлепес екеўиниң топырағын бир жерден алған! Екеўи де келим-кетимге сирә бир мурын жыйырмайды-аў, мусылманлар! Мен болғанда анаў еки пияншикти қашшан тандыр кесеў менен сабалап қуўып шыққан болар едим! Олар өзлери менен турмай изинен дүньяның сайгелдилерин ертип келетуғыны бар-аў! Булар оларға да хызмет ете береди!» деп жүргени Айбөректиң: «Жеркенбей қусығын жуўып отырады-аў, «ҳаў шеше, қуўсаң-о буларды!» десем, «ғәрипке ғәрип қараспаса ким қарасады, басқа болатуғын жери жоқ ғой, кирин ким жуўады!» дейди-аў әбден еки туўып бир қалғанындай! Жақыннан бери еки пияншик үшеў болыпты! Ким десе-ее! — Бердәмбе-ет! Баяғы демине нан писип жүрген Бердәмбет «уценкаға» шығып қалған! Ендиги теңи дийўана менен пияншик! Өзи көкнарды ише беретуғын болыпты! Паркке директор—анаў еки пияншикке баслық! Орыс қатыны менен қызы таслап, туўў ана жаққа, Воронеж деген елине қайтып кетипти! Не қылсын қолтығы сасыйтуғын ғаррыны, военком ўағында әнедей болғанды-аў, енди: «Борис, ты не годишься, прости нас!» депти де кетипти. «Бизлер менен жүр» десе «елиме—қарақалпағыма коммунизм орнатпай кетсем, сонша мийнетим күйеди!» деп бармай қалған екен, енди хат та жазбайтуғын қусайды. Буны мен барып отырғанда өзлери айтысты, еситкен мынаў қулағым!..» деди Айбөрек Үбайдаға. Күйип-жанып айтады, Нәзигүлди аяп-ашынып сөйлейди: «Баяғыда — Хрущевтың ўағында елден сыйыр менен ешкини жыйнап аларда Бердәмбетке бас болып жүрген, Мәўлен

сары деген горкомол да Бердәмбетке ерип келетуғын болыпты. Ол да «уценкаға» шығыпты қашшан! Тарыөзекке үшинши секретарь етип жиберген екен, «мен әдиллик орнатаман!» деп, барыпты да Шәниязов пенен алыса кетипти, Шәниязов деген, мың айтсаң да биринши секретарь, әри яшуллының иниси, Мәўлениңниң мыңынан безсин-ә яшуллың бир Шәниязов ушын. «Мен сени қуўатлайын, бир жаманыңнан қутыла алмасаң өле қал!» дегенди-дә, қойнына сиз қусаған бир сулыўды салыпты да...

— Өйппей, келин, не қусап баратырсаң, бизде не қылған сулыўлық, «биз қусаған» десе-е!..

— Әй, яқшы, биз қусаған-ақ! Ҳаўўа, биз қусаған бир сулыўды салыпты да үстине Мәўленниң өзиниң орыс ҳаялын ертип барыпты! Усы бизиң қарылпақ жигитлериниң орыс ҳаял не теңи-аў, ҳа алсын оннанша сиз қусаған...

— Ҳа, «биз қусаған» десе-е!..

— Ҳә яқшы, биз қусаған-ақ келсең келлерден! Солардың есабынан қанша қарақалпақ қызлары жесир жүр! Ал, не болды ең кейнинде! Барса, жаңағы қыз екеўи «өл» деген пияң! «Жатыр, —дейди , — ашығы ашық, тесиги тесик!» Бундайға қарақалпақ ҳаяллары шыдаўы мүмкин-дә...

— Не ушын!!

— Себеби, бизлер төрт күндеске шекем кеширe аламыз, мусылманшылықта буған жол қойылады екен, соған аналарымыздың аналары да көнип келген, маған буны Нәзигүл айтты, биз де көнемиз, ал, орыс қатын көнбейди, себеби олардың шәриятында болмаған бул ислер! Соның ушын ҳәм ашыўы келип, Мәўленниң ҳаялы: «мени қайда апарсаң сонда апар, Мәўленнен өш аламан!» депти Шәниязовқа, Шәниязов «яқшы» депти, бирақ алдын анаў жатқанларды сүўретке түсирип алыпты. Сөйтипти де Мәўленниң ҳаялына: «есиңе енгеннен соң мына жайға бар, бармасаң саған мен жоқпан,» деп жаздырып, Мәўленниң алақанына қыстырып кетипти! Адам деген, орыс қатынынан ямане қорқады-ғо! Басы жазылған соң орнынан турып қараса қолында—хат! Еки дизеси қалтырап, бети-аўызы шаңғытып, ҳаялының шақырған үйине барса, қапы да илинген емес дейди, Шәниязовтың шәриятқа барып атырғанының үстинен шығыпты! Бурын бир-еки төбе-

лескенинде өлгенше сабап, Мәуленниң көзин қорқытып таслаған-ғо! Асылайын десе таяқ жейди, асылмайын десе ҳаялы Шәниязовты—байының душпанын шорпылдатып сүйип, жамбасларының алмалықларынан тартып, күйдире берген соң қапыны тартып урыпты да шығып кетипти! Ертеңине бюро шақырып, Шәниязов кешеги түсирген сүўретлерин жайып таслапты да Мәулен сарының бөксесине бир теўип, Тарыөзектен қуўып шығыпты-ә! Енди жүрген қусайды жеткен жерге арза жазып, Бердәмбетке ерип гә көкнар, гә арақ ишип! Қатыны болса кеткен, Бердәмбеттики де тәўир екен, ең болмаса кеширим де сорамаған-аў бул! «Прости, Миша!» деп те айтпаған, кеткен де қалған Магаданға, сендей упикти не қылсын кетпей, я пул таппасаң, я журттан асқан жигериң болмаса ишине урсын ба орыс қатын, кеткен!..

— Сен усындай гәплерди қайдан таўа бересең!!

— Сол Мәуленниң қойнына салынған нашар ҳәзир мениң дүканымда уң арқалап жүр, мен-ҳәм оны ревизордың қойнына салдым, өзи таўдан ойып алғандай-аў, келген адам соған қылғынады да турады, бул ОБХССың ба, газеттиң Бабажаны ма, бәри-бир. Енди жақында бир қыз кетеди, дүканшылыққа өткеремен...

— Өйтип не қыласаң, бузық болса қуў да жиберсеңо!..

— Мениң дүканымды ревизордан, ОБХССтан, редакциядан ким қорып турады!! — Айбөрек лийкинли күлди, усының менен: «сениң байыңның дүканын ким қорып тур екен!!» деген саўалды да аңлатты, тағы ҳеш нәрсе билмегенсинип, гәпин уластырды. — Асқабақтың гүлиндей болып барып турады жаңағы сары жаман! Ҳә барсын барса, «бас қосайық, ғошшым, саған бийўапалық етсем, Маркс пенен Ленинниң, Брежнев пенен Рашидовтың әрўағы урсын! Брежнев саў турса мени қайта тиклейди, себеби, мен ҳақпан! Шәниязовтың былықларын айтып хат жаздырсам, сол хат жетсин, ЦЕКАдан адам келеди де буларды қыйратып қайтады, мен бүйтип, бездельник болып жүре бермеймен!» деп жалынады дейди-аў! «Барма, хор боласаң!» дедим, мына үйге келип, пияншик, нәшебентлер менен бас қосып жүргенин айттым, «өзиң дүканшысаң, билесең, бир уценкаға шыққан товар қайтып нырқын тиклей ме!» деп едим, ойланып қалды...

— Қосыла қойсын еди...

— Онда дүканымды ким қорыйды!!

— Аямайсаң ба!!

— Мәҳәлинде... бизлерди ким аяған!

— Тәўбеге келгениң қайсы, бес ўақ намаз оқығаның қайсы!

— Журттың мүтәжин питкерген—ҳәм, шөлин қандырған—ҳәм саўап екен!

Бизлер гөне сазендемиз, сазенде болғанда да көнти көрген сазендемиз, өлсек-ҳәм саўсақларымыз ойнап турады! Өйппей, шеше-әәй, ойнайман деп ойымдағыны айтып қойдым-аў!

— Әй, айтпасаң ҳәм билемен, кисиң бир ҳасыл адам екен!

— Мениң кеўлиме сизиң кисиңизден ҳасыл адам жоқ...

— Әй, келиншек-аў, бири биримиздиң жығырданымызды қайната бермей-ақ қояйық «баяғылар бағда қалды, бағ жығылып суўда қалды,» баяғыда ким не болмаған-ды дейсең, енди ҳеш қайсысымыздың-ҳәм киси қыйсайып қарарлық ҳалымыз қалып жалшымаған шығар, ендиги жағында ҳәр қайсысымыз маңлайымыздағы жалғызымыздың аманлығын ойлайық...

— Ол сирә-дә-ғо!..

— Усы, сен Нәзигүл келгели сол үйге көп үйирсек болдың, пластинканы өзгерте жақпан-дә, мен бир нәрсеге ҳәйранман, аўылдың ғаррылары неге Нәзигүл келгели сол үйден шықпайды! Хожамберген пушық та сол үйде, Тәжимурат-ғо, енди жастанып жатыўға қарады, тап өзиниң үйи жоқтай, баласы да арсыз екен, ғаррысын сөйтип тентиретип қоя бере ме екен!..

— Келини жама-ан оның, баласы келининен де жаман, үйинде ҳәзлик болмаса, хызымет ететуғын адам болмаса Тәжимурат тентиремей ким тентирейди, Жәлимбет-ғо, енди, кеширимли, баллары пияншик, кемпири, келини жоқ, көкнар әперетуғын-ҳәм адамы жо-оқ, соның ушын ҳәм, гилең усындай үйинде ҳәзжоқлар, жабылып келип шолақ қайнағаның көкнарын отай береди, аты «шолақтики» болғаны менен, жери «шолақтики» болғаны менен еккен ғаррылардың өзлери, пискен соң ишетуғын-да өзлери! Шолақ қайнағаның үйи — бул ғаррыхана!

— Чайхана десе-е!

— Яқ, ғаррыхана! Ол үйге жаслар келмейди!..

— Сонша келим-кетимге екеўиниң пенсиясы, жете бере ме, көп болса екеўи қырқ манат алатуғындур!

— Ол үйден шығатуғыны тек пөлке нан! Ғаррылар бир сомнан шығарысып, гөш, чай, қант алдырады. Ҳәр күни солай! Сөйтип, күн қызғанша көкнар ишип отырады, күн қызған соң бәри жабылып, отаққа шығады, салқын түсиўден гөшлери писип, аўқатқа шақырылады, түн жарпына шекем тағы көкнар, көк чай! Қасларында бир майдан отырсаң еситпеген гәплериң қалмайды. Әдеп Мақтымқулыдан баслайды, кейини сыйтырыңқы болып бара береди, «Тайырбайды түрмада милиционерлер урып өлтирипти, сөйтип «бандитлер өлтиргенге шығарыпты» дейди...

— Тайырбай өлип пе!!

— Қашша-ан, түскен күнлери-ақ өлген! Өлигин орыс әўлийеге апарып, көмип таслаған. Үйи жоқ, бала-шағасы жоқ адамның күни сол-дә! Излесетуғын, дәреклесетуғын адамы болмаса көмбей не қылады! Бурын қарасып турған, бийшара, Қосберген еди, ол да кетти! Өтен томпақтың партүшкилди питкерип келсе де райком бола алмай бурынғы жумысына барғанын да сол ғаррылардан еситтим-аў!..

— Сөйтип пее!

— Сөйтпей не қылады я билими, я пулы болмаса! Өсе алмасын билсе неге оқыды, ҳәйранман!..

— Бизиң докторлар да пара алатуғын болып жүр. Операцияға келген адам шырқырап жата береди, қашан үйинен адам келип, «аман қалса хызметим зор» дегенше бийтаптың ҳалы құдай менен! Бурын, Сталинниң ўағында жоқ еди-ғо, меннен гөре жаслаўсаң ғой, усы пара деген қала ма өзи!!

— «Буны кисиңнен сора» десем, тағы ашыўланасыз-аў! Пара қалмайды, жылдан жылға ириленип бара береди. Ҳәзир қой, ешки, сыйыр пара беретуғынлар бар, булар бара-бара машина, поезд, самолетқа дөнеди!

— Қапылтпаш әбден! Самолеты бар адам бар ма!

— Бар. Мәселемкиден, самолеттың пулы бар, береди соны!

— Кимге-е!!

— Әйтеўир, самолеттың пулын әззи адамға бермейди.

— Қандай адамға береди!
— Үлкен адамға.
— Үлкен болғанда қандай, обком ба!!
— Сол пулды обком параға береди, өзинен жоқары ыдағыға, сөйтпесе обкомға беретуғын ҳүкүметтиң мынаўысы да жоқ! — Еки бармағына бас бармағын тығып хөрсетти. —Мәселемкиден, минселхоз НГУ ға бир автобусын берген екен, НГУ минселхоздың еки гешше баласын селхозфакқа алыпты. Буны Нөкербайдан еситтим. «Поезд жол Нөкиске бир самолеттың пулына келди» дейди жаңағы алқаш!
— Бир самолет қанша турады екен!!
— Миллион!
— Миллион деген мың мың ғой, яҳ! Сондай пул болғаны ма-әй басшыларда!!
— Ондай пул сизлерде де, бизлерде де бар...
— Бизлерде жо-оқ!
— Оны кисиңиз биледи. Өзимдикин өзим билемен, — деп сыбырлады...
— «Бир, сөйлесе қояйын» деп келсем, усы шымшып сөйлегениңди қоймайсаң-әй! —Үбайда силкинип турып, шығып кетти. Айбөрекке оның шынтлап ашыўланғаны ләззет бағышлайтуғын еди-дә, ақыры!..

Үйдиң ишинде өрден-ыққа, ықтан-өрге, ер адамдай бүйирин таяныўы менен қостаңлап жүрип, өзинен өзи мысқыллы күлди: «Кисиңниң қанша пулы барын сен қайдан билесең, шоры, өйтип бир, сен оның ҳаялымысаң!..» Көзине бирден Нәзигүл елеслеп, өзинен өзи шоршынды: «кисини табалағанның гүнасы аўыр деп еди-аў, қайттым ырайдан, қорқтым қудайдан, жазсам-жаңылсам, бир өзиң әпиў ете гөр жаратқан жан ийем!..»

## 22

Сазтурған екисин толтырып, зыр жуўырып жүрген жаз айларының биринде Ташкентте «сотлық оқыўда» оқып жүрген Темирхан менен Бердаш екеўи бир күнде үйине келип, аўыл арасы ғыйқ та—бас арақ ишиспек болды да кетти. Нөкербай менен Сийсенниң, Тәңирберген Шаббазовтың қудайы берип қалды, Әмирхандикинен шалалаў шықса, Айбөректикинен есесин толтырып, Нурлепестиң үйине еңбеклеп жетип жүр.

Ара-арасында көзи орыс ийттиң көзиндей дөңгелеп, Өтен томпақ та келе қояды, бул енди, мың айтсаң да партшколаны питкерген, анаўлардай ўәжсиз ише бермейди, абайлаңқырап ишеди, себеби, жақында бир орынлардың босайтуғын саңлағы бары ескертилип, айтылған пулын жәмлей алмай, келте жипти гүрмеўге келтире алмай жүргенинде айықтырыўханаға бир түсип шықса, еки жыл мийнеттиң самалға ушатуғынын, сонша үмит-әрманлардың пушқа айналатуғынын билместей Нөкербай емес, ишеди, ишеди де тым-тырыс, таса-таса менен үйине қашады.

Еки бала келиўден екеўи бирден «Жигули—06» деген машинаны бирине бири жарыса сатып алып, жалтыратып өтә шықты! Нурқасым «сол машиналардан бәле таптым-аў!» дегенди қыялына да келтирмейди. Өйткени, Темирхан да, Бердаш та; «алқашлар шала сыпырады» деп, Нөкербай менен Сийсенге, «төре тұқымыман» деп мақтанып жүриўине қарамастан сыпырмақ түўе айта қойса ҳәтте машиналарын жалап шығыўға қайыл Тәңирберген Шаббазовқа да машиналарын сыпыртпайды. «Нурлепес атам қаниге буған, бурыннан ағамның машинасын сыпырып үйренген!» деп, Темирхан бир-еки сыпыртып еди, соннан көрип, Бердаш та Нурлепестен басқаға сыпыртпайтуғын болып қалған, лийкин, Өтеп томпақ журттың машинасын сыпырыўға арсынады, бирақ: «параң ушын пул қарыз беремен» десе, бул да машина түўе Әмирханның патас жерлерин сыпырыўға да қайыл екенлигин сездирмей жүр еди. Бир күни Нурлепес еки машинаны қатар қойып, балағын түрип таслап, қулыперени шығып сыпырып атыр еди, «Қолхидасын» салқылдатып, Нурқасым келип қалды. Баяғы өкпе-гийне қашшан умытылған, әкесине сыпыртыўға уялып, барды да әкесиниң қолынан сийле дасмалды алып, кирисип кетти. Бул енди слесарьлықтан шоферлыққа көтерилген, жасы жигирмадан асқан жигит ғой, директоры Тасқылықтың «Волгасын» жуўа-жуўа жуўғышлыққа күтә кәмбиллесип қалған екен, «Жигулилердиң» сырты түўе, отырғышларын көтерип, гилемлериниң астына шекем сыпырып шықты. Буны көрип, Темирхан оғада ыразы болды. Ертеңине еки бала Қоңыратқа қыдырып қайтыўы керек екен, жол-жөнекей дөңгелек жел жиберсе, оны алмастырыў керек, тап-тар жинсий шал-

барлар мына ыссыда жумыс ислете ме адамға, «давай, Нурқасымды ала кетейик, өзим Тасқылықтан сорап аламан!» дегенди биринши болып тапқан Темирхан. Бул Бердашқа да мақул түсти. Әмирханның баласы сораса Тасқылықта жан бар ма: «бара қойсын» деди. «Колхида» Нурқасымның есигиниң алдында қалдыдағы, ертеңине азанғы салқын менен еки «Жигулий» қаладан шығып кетти.

Темир-терсек услаған адамның ишпейтуғыны бар ма, мут болса Нурқасым да онша «яқ» демейтуғын, бирақ қуўалап ишпейтуғын еди. «Мазлумхан сулыўдан» өткен соң-ақ жол бойындағы бир қаўын шерткеже барып, үш жигит тамаша ушын гүрбек жарып жеди.

— Питкерип келип, прокурор болсам, боламан-ҳәм, оған даў жоқ, сени шофер қылып аламан! — деди хызмети жүдә жаққан Темирхан. — Соның ушын бизиң хызметке усы бастан үйрене бер, бортачокта бир шийше «Коняк» бар, жеткер!..

Ешейинде малайлыққа үйренген бала болажақ хожайыны айтқан соң жан бар ма, алып келди. Бул, Нурқасым деген, ҳәтте шәшлик писириўди де биледи, Тасқылық жумсай-жумсай жүдә писирип таслаған. Арақты қалай қуйыўды, хожайынға қалай усыныўды, ыдысларды қалай таза тутыўды, бәрин-бәрин үйренген Тасқылықтың «маевкаларынан».

Үшеўи бирин-бири мақтасып, бир шийшени қағып салды, сол «әўлийениң көрингени көринген» екен, «бир күнде келемиз» деген Қоңыратынан үш-төрт күнде айналды. Әкесиниң Сайрам Айтжанов деген исполком жорасы вертолет пенен кийик атыўға шығарды, қайда жүрсе уўығып арақ ишиў: аспанда да, жерде де! Әне, соннан қайтып келген ақшамы-ақ Нурқасым уйықлай алмай шықты, иштейи жоқ, иш қалтырайды, бармақлар менен ләплер дирилдейди, өзинен өзи жылағысы келе береди.

Келешектиң прокуроры Тасқылыққа көзинше звонлап: «Мен айыпкермен, Қасымға үндемей-ақ қой, не жәбириң болса маған шектир, ха-аайр!..» деп трубканы жапқан соң басын муздай суўға жуўып, «Колхидасын» салтылдатып айдап кетип еди, жумысқа туўў «ВЛКСМ» бетке жиберди, оя̆қта да үш күн болыўы керек екен, лийкин, қатынап ислеймен десе де ықтыяры. Күни менен гербиш заводтан төрт тийеп гербиш

апарды, бир тыным болмады, еле иштей жоқ, кешти кешлетип, машинасын гаражға алып келип қойды да үйине келип жатты. Сол ақшам көп бузық түслер көре берди.

Районда қурылыстың әйне гүжип атырған айы, райком секретары Назыбеков деген, Ережеп тентектей қыйқаң адам, пахтасын да қоя берип, азан менен Нөкистиң гербиш заводына келеди, озбырлық пенен басқа машиналарды ысырып таслап, өз районының машиналарына гербиш тийетеди, қалтасында онлықлар бууат-бууаты менен жүреди, гербиш тийеўшилерге бир-бир қағаздан үлестирип те жибере береди.

Нурқасым «Ерте келдим!» деп келсе Қараөзектиң машиналары қашшан тийетип атыр. Ойында ҳеш нәрсе жоқ, желинли «ф» дай қос бүйирин таянып, машинадан түсип турған Назыбеков:

— Нөкис районының машинасы бар ма?—дегенинде «Мен барман» дей қойып еди:

— Усы, үстиңе гербиш тийетип, басқа шоферға айдатайын ба!—деп жекиринип жиберди секретарь.—Неғып жүрсең шаңқай түске шекем! Мениң очередимди Қараөзекшилер алып кетти! Айда! Тире, анаў «шай бастың» изине!..

Сол күни бес рейс қатынады. Кеште Назыбеков қурылыс басында:

— Бул рекорд!—деди шоферларды жыйнап.—Елеге шекем төрттен артық қатнаған адам болған жо-оқ! Сақ-ый!—Секретарьдың «Сақый!» деген қыйғырығы ханның «Жәллəд!» деген қыйғырығындай қорқынышлы туйылды Нурқасымға.—Нурқасым Нурлепесовке костюм жап!..

«Сақы-ый!» деўден «Ләббай!» деп шырп еткен алақ көз, тандыр бас мелле жигит райПОның баслығы екен, өз «Нивасының» кабинасынан костюм алып келди ҳәм шалбарын Нурқасымның қолтығына қыстырды да пиджагин ийинине жапты. Әтирапта мәкке қуўырып атырғандай шаппатлар партылдасып, мақтаў сөзлер айтылып атты.

Сол костюм бийшара Нурқасымның ең биринши ҳәм ең соңғы сыйлығы екен. Қалаға көзге түртсе көргисиз тасқараңғыда қайтты. Жол-жөнекей өзинен өзи йошланып: «бул сарпайдың абырайын төкпейин, азанда таңнан турып барайынш!...» деген қыялда-ақ темир ку-

зовтың асфальтта жүз бочка жумалағаннан-ҳәм бәлент шаңғырлысын еситпестен ыңырандырып киятыр еди. Әззилер бабаның тусында-ақ кийимли ме, ақ кепинли ме, биреў қойымгершиликтиң шарбағының есигинен ақ түтин киби есилип шыққандай көринди көзине! Анасының айтқаны бар, «тоқтатып қуран оқып өтермен!» деген адамның қулпыаллаға зорға тили айналып басты стартерди, басты! Спидометрде қанша шкала болса, соның қаншасына мотордың күши жетсе соншелли тезлик пенен гүлдирмаманы аспанда емес, асфальттың үстинде гүлдир-салдырлатып екшеди темир кузовын! Бул қаншелли тезлик пенен қашса соншелли тезлик пенен қапталласып жуўырды одағайлаған ақ кепинли. Бир, бети қарамасын, бети қараса «қорқыныштың көзи үлкен,» оннан тасалана алмайсаң, қайда қашсаң да, қайда тығылсаң да сол үлкен «көз» жаныңды қоярға жер тапқызбай аларып қарайды да турады, буқсаң жердиң астынан, шалқаға тасласаң аспаннан, қашсаң қарсы алдыңнан аларып шығады, оннан қашып қутыла алмайсаң, соны сезди ме, таўық ферманың тусынан тәуир-ақ өте бергенде Нурқасым машинаны тормозлады. Түсе қашыўға қолайласып, кабинаны аша бергени, жаңағы одағайлаған ақ таңлақ жоқ! Көкирегине түпирип, аяқ-қолы қорқынышлы дир-дир қалтырап, кабинадан түсти, жүректиң дүрсилдиси болар емес, көкирегин дүрсилдетип, геўдесинде кәраматлы бир арғымақ шаўып жүргендей.

Машинаның аяқ текшесине бир майдан отырып, өзин питегене басып алды, ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, бәри әлимсақтағыдай аспанда сол баяғы жулдызлар шағырайысады, самал елпип есип тур, анаў шоқ терекли аўылда ешек аңқырып, ийтлер үрип атыр, бул дүньяның неси қорқынышлы, бәри баяғыдай-ғо! Машинаны айналып көрди, ҳеш бәле жоқ! Қулпыалласын тағы гүбирлениўи менен машинасын айдап кетти. Қаттыағарға шамаласа бергенде марҳум анасы Жумагул-Жумаш екен-аў дейди, еки көзи алдында болса да ақ кепинли анасының машинаның изинен ўаҳаҳалап жуўырып киятырғанын артына айналып қарамай-ақ көрди! Бунын әрўақ екенин анық билген ол ҳүрейленип қуўды машинаны, тили дуўаға гүрмелиўден тағы қалды. Артына қарамаса да артындағы кузовты, оған анасының асылып мингенин көрип, киятыр я-аа пәлек, бун-

дай-ҳәм кәрамат боламекен!.. Қабинаның төбеси бирден Джунглидеги негрлердиң тамтамындай барабан болып қағылды, буғып-буғып қуўалады машинаны! Түн болғанын, алдынан қарсы шығатуғын машинаның азлығын айта бер, анда-санда бир шыққаны да «зуў-зуў» өтип кетеди, қаймығып өтеди, олардағы шофердың да өзин сөгип баратырғанынан бунын, бунын аўҳалынан олардың хабары жоқ, тек машинаны аўдармай апарса болды!... Әжептәўир ўаҳаҳа, тамтамның ғайрытәбийғый тасыр-тусыры Жданов гүзарынан Шоссейная гүзарына бурыла бергенде бирден тынып қалды, егер еле де тынбағанында сөз жоқ, машина машиналарға соқлығып, еки тәреп те «нан» болатуғын еди. Дуўаға тағы тили гүрмелди. Садриддин Айний көшесинен үйине бурыўды да ойлап көрди, «Жо-ға, бәле-бетер машина менен қалсын!...»

Гаражға машинасын қойып шықты. Нәўбетли автобус қашшан кетип қалған, пияда тартып отырды, артына қарап-қарап алады, билген дуўасын қалдырмай гүбирленип киятыр.

Садриддин Айний көшесине түсе бергенде артынан тағы ўаҳаҳа жаңғырақлап, еки қулағын басыўы менен жан ушыра жуўырды, дуўаны тағы умытты! Бул ўаҳаҳаға қулағың басқаны да тосқынлық ете алар емес, қанша басса сонша күшли жаңғырақлайды, артына айланып қарамаса да ақ кепинли анасының далбақлап қуўып киятырғанын, оның өлгенде бетине жабылған шашларының өз екпининиң самалы менен уўдар-дуўдар қопыраған шекем көзи менен болмаса да кеўили менен көрип киятыр, әрўақтың бети бир қарамасын, бети бир қараса оннан қашып қутыла алмайсаң, ол сениң изиңнен қуўып киятырғаны менен қалбиңе дүбелей болып кирип, өзиңди қуйын қылып дөңгелендиреди, ҳеш адам бул әлемде өзиниң қалбинен өзи қашып қутыла алған емес, әрўақтың жүзи әрмаған, туфтуф!...

Гиябентлер үйли-үйине кеткен соң ерли-зайыплы екеўи арқайын чай ишип отырған Нурлепес пенен Нәзигүл қутырған ийт қуўғандай есиктен апыр-топыр кире сала артын да жаппастан төрге сүре жығылғанын көргенде жан-иймалары қалмай екеўи бирден орынларынан жылан шаққандай шапшып-шапшып түргелди. Қорққанынан есаўан деген, журт мың сөйлеген-

де бир сөйлемейтуғын Турсын да жәп-жаман даўысы менен барқылдап бақырып жылап жиберди, буннан уйқылап атырған Сазтурған шоршып оянып шырылдады. Нурлепес печьтиң қуўсынан балтаны алып сыртқа жуўырды. Нәзигүл де еңиреп жылап:

— Не болды, шырағым, айтөссе, не болды, ким қуўды?—деп атыр, шырылдаған Сазтурғанның жылаўы да қулағына еситилмей атырған секилли ҳаялдың, тек үлкен баласын айналып-үйирилиў менен аўара. Ал, Нурқасым болса есикке ҳүрейлене қарап:

— Апам... Апам қуўып келди, апам..—дей береди қайта-қайта.

Ҳаял буның көзине бир нәрсе көрингенин абайлады да узыннан-узақ дуўаларын шубыртып оқый берди.

Сол түни бул үйде ҳеш ким уйқыламады, шыра да өширилмеди. Таң атып киятырғанда Нәзигүл де, Нурлепес те, Турсын да питегене қалғып кеткен екен, әлле қандай қорқынышлы түстен шоршып оянған Нәзигүли Нурқасымның жатқан орынын недендур гүдикленип, сыйпалап көрди, «Ҳа ғарры!—Даўыс тарғылланып, бақырып жиберди.—Тур, Қасым орнында жоқ!...» Дизде димары қалмай сыртқа шыққан әкеси баласының төңкерилген келиниң үстинде солқылдап жылап отырғанын көрди. Сол—бул үйдиң шадлығы серпилип, берекети қашқан дәслепки күн екен. Сол жылаўдан жылаў! Сол солқылды, сол еңиреў! Оны ҳеш ким жубата алмады, жумысына да бармады, отырған жеринде бир ноқатқа бақырайып, отырғаны отырған, аўқат ишип те уйқылап та жалшымайды, сақалын да қырмаған соң азғын түри, маңғур көзи жәп-жаман, қорқынышлы болып баратыр. Нәзигүл күнде ийис шығарады, Зарымбетти шақырып алып, бир ақшам күтип Жумагүлдиң руўхына қуран да шығартып атыр, басынан да айналдырып келип атыр, докторға да көрсетип атыр, бир жан садақа да берип жиберди, сирә биреўи, биреўи тәсир етсеш мусырманға! Жылайды да отырады, Нәзигүл қосылып жылайды: «Қудай бул күнимди көп көрмесе болар еди-аў!» деп жылайды, көп жылайды. Қоңсы-қоба келип кеўилин сорап атады, буларға да ақыл-ойдан намыў-нышан қалмаған көзлери менен маңғурланып қарайды да солқылдап жылап жибереди Нурқасым. «Ҳеш гәп болмас, тәуир болып кетерсең, бәри умыт болар бул азаплы күнлердиң! дегенлерине

елжиреп егитилип еңирейди. Жумысынан болса, қаш-шан шығарып таслаған, машинасын басқа биреў ай-дап келип, шыққан буйрығын, мийнет дэптершесин жайдың мүйешинде жылап отырғанында қолына усла-тып кетти. Буны көрип, дэптершесине үңилип отырып жылады Нурқасым, көкирегинде не эндийше бар, буны не нэрсе жылата береди, сорағанға лэм-мийим, айт-пайды, «ҳеш жериң аўырмай ма?» десе үнсиз басын шайқайды.

— Бир мэслэҳэтим бар, ғарры,—деди бир күни Нэ-зигүл.—Сен көлик тап, Шағал көпирде Кэриймулла деген бар, өзи дуўахан, көзи ашық тэўип, буны соған апарып бир көрейик, қаратқан қарап қалмас иншалла Қудай «қулым» десе, шыпасы тийсе тийе кетер, үмит-сиз шэйта-ан!... Сонша кеп, машынын сыпырасаң, Те-мирханға айтып көр!...

Әне, усы соңғы гэп бэле болды Нурлепеске: «Ма-шыны түўе ҳэжетханасын да сыпыртып жүр ғой. Ша-ғалкөпир деген мынаў турған жер, зырр етип апарады да қайтады!...» деген ой менен, тап экесиниң көзинше пийшемби күни азанда Темирханға айтты.

— Енди бир мингизбегеним жинли еди, ўэй, сен-эм бир!—Темирхан орынынан турды да кетти. Әкеси сөз қоспады. Ғаррының, дурысырағы, есигинде қулының қатты қапа болғанын билди. «Әй онда Бердаш-ақ апа-рар-дэ, бир қапы жабық болса, мың қапы ашық. Ай-бөрекке айттырарман, ҳаялға!...» деп, қолын таяныпi тура бергени:

— Баланың гэпи қурсын, отыр!—деп, шапанының шалғайынан басып қалды Әмирхан.—«Моллаға бара-ман» деген соң ҳэзиргиниң баллары пэтленбей не қы-лады! Китапта да молла жаман, пьессада да молла кинофильмде де молла жуўҳа! Бердаш барар эбден! Темирхан екеўин бир жин урған, бир, атеист оқытқан. Оған тас-талқаның шықпай-ақ қойсын, кешқурын өзим «Волга» менен апарып қайтаман!...

Ғаррының кеўили шарықлап қайтты.

— Тап, Әмирханның өзи «Волгасы» менен апарату-ғын болды!...

Түс аўаман дегенше аўылдың Тэжимурат, Жэлим-бет бақыраўық, қатарына жақында қосылған, пиян-шикликти ар көрип, көкнарға дөндирген прораб Дэ-нияр үшеўи қулыпереңи шығып, көкнарларын орды,

басларын сытты, тамбасқа шығарып жайды, соң көк шайға бөгип, желпинисип отырып, нәшелерине мәлҳәм болысты.

Күн батыўға еле мейил берген жоқ еди, «Келе берсин», деп, Үбайданы жиберипти. Апаратуғын нәзирлерин буўыстырып-түйистирип қойған Нәзигүл:

— Ғаррылардың ҳәзин бузбай-ақ қояйық, үйде қала берсин. Шай-пайына өзлери-ақ қарай берер, жатамыз ба, қайтамыз ғой,—деп, қапшықты Нурқасымға арқалатты да ғаррысын, қызы Турсынды ертип шықты. «Усы қызыма да бир нәрсе дей қояр ма екен, «жаақсыдан шарапат...» деген астыртын ойы да жоқ емес ҳаялдың.

Әмирхан тойға баратуғындай таза ақ костюм кийип, галстук тағып, жалаңбас шыррыйып, баллонын теўип көрип атырған екен. Соқыр ҳаялды отырғызыўды да, жинли жигитти отырғызыўды да ар көргени менен ойын сыртына шығармай:

— Яшуллымызсаң бәримиздиң, алдына сен отыр, —деди Нурлепеске.

Келгенлер аяқларын қайта-қайта сыпырып, машинаға мингеннен соң «Волга» ҳағлап жолға түсти. Сол баяғы Жеткергенниң «Волгасынан» соң бундай таза машинаға минип атырғаны усы, Нурлепес өзин хан сезип отырғаны менен Әмирханға жалтақлығы да қалмай киятыр. Турсынның болса бул өмириниң ишинде «Волгаға» биринши миниўи.

Шағал көпирден өткен соң «Кәриймулла» десе танымайтуғын адам жоқ екен, буларға көз ушындағы нурланған тереклик силтенилди:

—Бағдың тусынан асфальт жол шығады, сол асфальт мақсым ағаның шарбағына киргизеди, зиятыңыз қабыл болсын,—деп қалды бир ғарры.

Ырасында да енсиз асфальт жол нәҳән темир дәрўазаның алдына алып барды. Бул асфальттың мақсымның үйине апаратуғын жолға әдейи төселгенин, буны бир жин урып саўалған миншосдордың инженери қалйыс төсеткенин Тасқылықтан еситкени бар, сол есине түскенликтен «әнайы болмаса керек!» деп ойлағаны менен мектепте «Дарвинизм тийкарлары» мийин уўлап таслаған, динге онша исенбейтуғын Әмирхан тәкәббырлығынан түсе қоймады. Дәрўазаның темирине тумсығын тиреп, машинасын үсти-үстине «вапылдатты». Аржағынан жасы жетпислерге келген, сақалы бар,

мурты тыйпыллаңып қырылған бир ғарры келди де:

— Зияратыңыз қабыл болсын, келе бериң,—деди сәлем-әликтен соң дәрўазаның пәнжересинен қарап турып.—Қапы ашық.

— Дәўазаны ашпайсыз ба, машинаны киргизейик.

Ғарры кетик тислериниң орынын үңирейтип, үнсиз күлди, күлгенде де оңдырмай күлди.

— Бағқа машина киргизилмейди, иним, тек ҳәзиреттиң машинасы киреди. Басқа зиятатшылар қырқ адым аўлаққа қойып, мынаў дәрўазаның табалдырығына пешанасын тийгизип киреди, министр тақсыйр. Кел енди, сиз өйтпей-ақ қойың, кире бериң.

Сонда да Нурлепес бала-шағасы менен табалдырыққа пешанасын тийгизип болып ишкериледи, ишкерилегени де сол, бәриниң бирден аўызы ашылып қалды. Нурлепес, бала-шағалары бундай жәннетти көрмеген, әлбетте. Ал, ҳәр жылы бара-бара жәҳәнниң курортын көрип жүрген Әмирханды мынаў мақсымның нәшепазлығы, бәринен де бетер байлығы таңландырды. Кинoларда. театрларда бир манат ушын пәтия берип, бай тутқан шапанға арқасын қуўжыңлатып усына беретуғын Қутым супыларды көре-көре «бул әлемде молла-ийшаннан ашы ҳәм жалаңқаясы жоқ шығар!» деген исеним көкирегин уялап алған Әмирхан әдеп менсинбей-ақ кирип еди. Кире беристен басланған бәлент жүзим шертек еки жеңил машина қабатласып өткендей бетон жолдың үстине узыннан-шубай коридор жасап, теңгедей күн түсирмей турғанын, жолдың азадалығын ҳәм суў менен шайылған салқынлығын, еки тәрепте ҳәм тас төбесинде сығасқан келин бармақ жүзимлерди көриўден «алжасып, дачаға келмедим бе екен?» деген қыялға да бара жазлап қалды. Жүзимдәлизди бойлап баратырған Әмирхан кислород пенен ҳаўа сыпатында нәпес алып баратырған жоқ,, кислородты суўдай симирип баратыр, кислородтың тилге салқын суўдай жағымлы тийетуғынын биринши мәрте аңлағандай. Бул жүзим-дәлиз тегинликте түўесиле қоймады қырқ-елиў адым аттық-аў дегенде жүзимкөшениң арғы жағынан саңлақ тап бир туннельдиң саңлағындай болып көринди. Тағы да жүриңкирей бергенде де еле жайы емес, обкомның имаратының текшесиндей текшеси, оның берги жағындағы жеңил машина сыйғандай бетон алаң қуяш пенен ағарып көзге ша-

лынды. Жүзим көшениң басы алаңға тирелди де қарсы алдында шығыс архитектурасында сүтинлери қымбат ағаштан ойма нағысланып, нигириклеһип салынған, үсти зәңленбейтуғын шелек-қаңылтырдан «шиферленген» зәўлим ақ жай жарланды. Алаңның алды қычайдың қызыл гүли, орамалдай жайылған канн гүллери, көзге түсти, гүллерге шланга менен суў сеўип, шаңын жуўып жүрген, қырықлар шамасындағы адам, шлангасын таслай берип, қолын көкирегине басып, сәлемлести де: «Зиярагыңыз қабыл болсын хожайын», деди өзбеклерге тән сыпайылық ҳәм әлпайымлық пенен. Соның арасынша анаў жақтан таранып, еки таўыс шықты. Бундайды ҳәтте зоопаркке де барып көрмеген Турсынның таңланғаны соншелли, апасын қысындырып:

— Анаў не, апа, анаў не?!—деп бақырып жиберди.

— Тыныш жүр, қызым, ол бейиштиң қусы!...

— Бейишке келдик пе?!

— Қудай қалесе, бейишке де барамыз, тыныш жүр, сорама...

Иштен үстине ақ майканың сыртынан ақ шапан кийген, тақыяшаң бир жигит шығып буларды күтип алды ҳәм «зиярагыңыз қабыл болсын», дегеннен кейин «мәрҳамат-мәрҳамат» пенен ишкерилетти. Жайдағы коридорлар «Т» пишиминде екен, келте коридордан зиятшылар үлкен коридорға шықты, келте коридордың да еки жағында еки-екиден қапы қалды, узын коридордың да жән-жағында қатара қапы, олар «Кремлевский» деп аталатуғын, еки жағы ақ-ала гүлли қызыл паяндоздың үсти менен коридордың арқадағы басынан басланды, баслап кйятырған жаңағы күтип алған жигит.

Олар ең шетки, коридордың оң таманындағы қапыға киргизилди, бул бес те алтылық үлкен зал, едениниң гилемнен ашық жери жоқ, төрде бурынғының үлкен сандығы, оның үстине қыйлы-қыйлы шайы, жипек, айдынлыдан, атластан тигилген көрпелер, көрпешелер тақланып жыйналыпты, үстине жабылған жуқа жипек шилтерден көрпелердиң иреңлерин, материалларын таныў мүмкин. Диўалдың жүктен аўысқан жағына бир шифанер, бир буфет қатара қойылыпты, буфетке чайнек-кеса дизилген, хрусталь-прусталь қусаған қымбат баҳалы нәрсе көринбейди. Пақсаның қалған үш та-

манына, бирине бири жалғанып, Ташкенттиң мебель фабрикасынан шығарылған алты ағаш кэт қойылған, ҳэр қайсысына еки екиден арзан қоллаў көпшик жайланып көпшиктиң устине сулги жабылған. Нэзигул кэттиң жапқышын ашып көрип:

— Төсегине шекем салыўлы тур, зияратшылардың жататуғын жайы екен,—деди сыбырланып кисисине. Ортада атаўдай болып турған еки хантақтаға жаңағы жигит алабуйрек чайниклер менен чай, пахта гулли кесаларды экелип қойып атырғанда қолына мыс шылапшын, мыс қуман алып, ийинине төрт-бес сулги салып, тағы бир бала жигит кирди ҳәм адамлардың қолларын шайдырып шықты.

Хантақтаға чайпурыш жигит таманынан солқылдаған майлы пэтир, нышала, қант аралас набат, печенье, конфеталар, алма, жузим экелип қойылып, хантақтаның устинде ийне шаншар ашық жер қалмаған соң:

— Ҳэзлесип жазылыса бериң; ҳэзиретимиз-ҳэм келип қалар,—деп, есикке шекем арты менен бэсип барып, шығып кетти.

Өмирде бундай хызметти көрмеген ашлардың аўызлары сылпылдасып, бундай туўе министрлердиң, прокурорлардың уйлеринде буннан бетерирек хызметкерди көрип, мейили тойып қалған Эмирхан қарсы саатына қарап, ҳэр нэрседен ҳэр ўақытта шымхор аттай шым қынып, төрди бир өзи алып уш көпшикти бирден жамбаслап атты.

Бир таңқаларлық жери усы ўақытқа шекем жалынып ҳеш нэрсе иштире алмаған, жегизе алмаған Нурқасымы ашкөзлик пенен жалманып өлип баратыр, ата-анасы соған ыразы болғаны менен Эмирхан ишинен айып көрип ҳэр бир оқыяды, буған қарайтуғын Нурқасым жоқ!

Нурлепес пенен Нурқасымның тағы бир чайнектен ишкендей ырайы бар еди, лийкин, жигит те қайтып кирмеди, чай да келтирилмеди. Отырғанлар қалған жағын алма, жузимнен ғаўзанып, мейиллерин тоқлағаннан соң «эээўуҳ» етип бир гекирди де:

— Баўрэкэллэээ, хызмети алладан қайтсын ҳэзиреттиң!—деди Нурлепес сақалын көкнарды езе-езе жарығының кирлери кетип қалған саўсақлары менен сақалын тарамыслап.—Қудай пейилине берген екен, тил-

көзим тасқа, Нөкистиң мине деген байларынан оңысы-ғы жақсы.

— Пейилине бермей не қылады!—Әмирхан мырс етип күлди.—Усы ҳәзиретиң ҳәр жылы яшуллының алдына бес баланың НМУ дың ректорының алдына бес баланың ҳүжжетлерин апарып таслайды екен, өз қулағым менен көрген адамнан еситтим. Ҳәр ҳүжжетти бес мыңнан есаплай бер, елли мың жыл сайын аспаннан түскендей түсип тур.

— Ол да қудайдың бергени, иним.

— Ҳәзиреттиң орнында мен болғанда сол елли мың менен Шынықулдың жүзим бағынан шүлен қазан қайнатып қояр едим-ә!

— Сен-ҳәм жаман емессең, иним, барына шүкир ет.

— Барына шүкир ете берсең, бириң еки болмайды —Күлди Әмирхан.

— Мениң өзим, бала-шағам саў болса пөлке нан таўылғанына да шүкир етемен, бир Нөкистиң халқы аспан-жерге сыймайды, соның бәрин пөлке нан менен жалшытып отырған ҳүкиметтиң жанына сәддақ!! Пөлке нан табылғанына шүкир демегенде не дейсең сонда!...

— Әй, аға-әәәй, сениң сортың өз алдына! Жасаў менен тиришилик етиўдиң мәниси басқа-басқа. Мине, мына адамлар жасап атыр, сиз тиришилик етип атырсыз, булар шәйнаған пал сизиң түсиңизге де енбейди, қыялыңызға да келмейди, қыялыңызға келгенде үсейтип дүньяны жалпағына басып, дәшип өтиўди әрман ете алған болар единиз...

— «Қәнәҳәт қарын тойдырады», иним.

— Қанәҳәтшил қәнәҳәт етип қалғаны ушын-ҳәм қарыны қалқпайды!...

Айтысса айтыса бере жақ, өйтиўге: «Ашыўланар да ҳаят қояр, жети түнде қалай қайтамыз,» деп қорқып, Нурлепес өзине өзи ҳай берди.

Усы ўақытта булар отырған жайдың айнасының алдынан бир жеңил машина «зуў» етип өтип кетти. Ҳеш ким түргелип қарамаса да Әмирхан даўысынан танып: «Әнейи емес, «Волганың» даўысы! Гаражы жайдың күншығарында екен-аў!» деди еситтирип-ақ: «Тап, усы машинада келди!»

Әмирхан қателеспеди. Ырасында да усы машина оны өзи айдап өтти ҳәзиреттиң. Ҳәзирет дәрўазасының

алдына келиўден-ақ сырттағы «Волганы» таныды, танымай не қылады, аты қарақалпақта шамасы жетип, «Волга» минетуғын адамлар санаўлы ғана. Олар Халқабадтың Пешбайы, Нөкистиң Ғәриби, байлығы жағынан усы екеўин-ҳәм бөктерип кететуғын Әмирхан дегенди сыртынан танийды, минип жүрген машинасының номерлерин—ҳәм биледи, бир буники емес, қайсы районда кимде «Волга» бар, номерлери қандай, бул қаты қулақ, номер түўе көтергенде қолды майыстыратуғын «Құранды» суўдай ишип алған қарый ядкеш алжастырмай айтып бере береди. Ол ол ма, Нөкистеги қатынасатуғын яшуллы-жасы кишилериниң, жумысы бар мәкемелериниң барлығының да телефонлары ядында! Не болса соны қағазға түртип, жан қалтасына блокнотын тасламайтуғын «шаймийлерге» ҳайран, өзи ғой сирә да блокнот тутпайды, бунық блокноты—яды, көзи, еситкенин умытпайды, бир көргенин нешше жылдан соң—ҳәм таный береди, барлық туўысқан-туўғанларының, Қарақалпақстан, Өзбекстан, Тәжикстан, Қазақстан, Түркменстандағы жора-жолдаслары түўе анаў Мысырдағы Ийрандағы, Стамбулдағы досларының балашағаларына шекем атларын биледи. Сол қаты-қулақлығынан шығар, араб, парсы англичан, немис, француз тиллеринде емин-еркин сөйлей де жаза да биледи. «Орта Азия, Қазақстан халықларының тиллери, Кавказдағы мусырман миллетлериниң тиллери, орыс тили өз тилимиз, буны «билемен» деўдиң өзи ерси, билиў шәрт» дейди мүрийдлерине. Бул адамның өзи қудайдан басқадан тәме етпейтуғын, ҳеш кимниң ҳақын жеўди хиялына да келтирмейтуғын адам болғанлықтан «Волгалылардың» да қалай «Волгалы» болып жүргенин терең түсинетуғын, «Қисиниң ҳақы ғой ишип-жеп жүргени!» деп жек көретуғын адам еди. «Журт сыйлап береди, алмасам кеўилине келеди, қапа болады, күнде түсе берсе пул да, шапан да, дүнья-мал да жыйнала береди екен, еле де өзиме сүртип отырғаным—ғәрипқасерге бергенимнен аўысқаны!» деп ақлайды өзиниң байлығын өзи. Ғәрип-қасер жетим-жесир биреўлер: «баламды оқыўға киргизип бер, тақсыйыр» деп жалына берсе «жаныма саўап-ты!» деп, Әмирхан айтқан жерлерге барса бара қояды да, лийкин, пул алмайды, адамлар жылап отырып пәтиясын береди, жүрген жеринде мақтап жүреди, ҳәзиретке соның өзи жетеди.

Дәрўазаман ғарры дәрўазаны ашып: «Бир министр келип, күтип отыр тақсыйыр,» дегенинде: «Ол министр емес, Әмирхан деген бардамлы», деди де өтип кетти. Машинасын гаражына қойып, жайына кирген соң чайпурыш жигит келип, бул да: «бир кәттәкән келди, министр шығар», деди.

— Жақсылап күтиң, аўқатын берип болмай алдыма келтирмең, бас қойың, қой түўели менен барсын.

Буйрық солай болған соң ҳаяллар бир жапсарды алып турған музлатқышта шала писип, қазаны менен тайын турған қойдың толық гөшин сол турысында газге басты, бир кострюльге салынып, ақ қойдың геллеси де отқа қойылды. Ҳеш ким қамыр ийлеп, дағы етип атпады, бул үйде ҳәмийше ақсаўлақ турады. Ҳаяллар пияз-сиязын туўрап, дузлық таярлайман дегенше қой гөши тайын болып, үлкен подносқа шығарылып атты.

Айнаның аўызынан жеңил машина өткеннен ярым саат өтер-өтпестен чайник-кеса жыйналып, хантақтаның үсти тазалана баслады, қолы қолына тиймей чайпурыш жигит шырпылдап хызмет етип тур. Бир саат болар-болмастан ортаға потнос толы бир қойдың қуйрығы иркилдеп, пуўы бурқыраған гөши, шыны ләккиге салынған гелле, ақсаўлақ әкелинип қойылды, қол буннан алдын жуўдырылса да «мал келеди» деп ҳеш ким ойлап отырмаған. Пахта гүлли көк лаўабы кесаларға қуйылған, көк пияз, тағы да шөп-шардың Нурлепес биле бермейтуғын хош ийисли түрлери жүзинде майы менен қалқыған сорпалар потносы менен келтирилип, ҳәр кимниң алдына қойылып атыр.

Хызметши жигит: «Пәкизе, ҳәзлесип жазылыса бериң, бизлердиң табағымыз мынаяқта,» деп әдеп-икрам менен шығып кеткен соң өзлерине бул үйден табақлас болатуғын ҳеш кимниң жоқлығын аңғарған Әмирхан Нурлепестиң қап-қара, күсли қолларына гөшти мыжғылатқысы келмеди, басқа мүше қойып, мал тақсымлайтуғын адам бунын ишинде жоқ, соны билген соң гөшти өзи тақсымлап, мүшелерди қойып шықты. Соң геллени сылып отырып сөйледи: «Бир мини жоқ ақ қой екен, енеғар! Мақсымың хо-от, бундай бир мини жоқ ақ қойды қыйын-қыстаўда обкомлар қонағына таба алмайды, НГУға бес бала киргизбесе қайдан шығады буншелли дәўлет! Саған қой сойып атыр Нурле-

пес аға, сеннен поҳэнлер келгенде тай сояды булар, ҳимм, онда да ақ қой сойған-аў, бир мини жоқ!..»

Усы жасына шығып, тек бир сапары ғана бериўге қудалыққа барғанында атына қой сойылып, басқа атына гелле келмеген Нурлепес «пискен гелледен бул қой тирисинде ақ болды ма, қара болды ма, қайдан биледи, усы Әмирхан да көзи ашық шығар!» деп таңланып отыр:

— Қой маған емес саған сойылып атыр, ғошшым— деди кеўилиндегисин айтып.—Биздей пақыр-пухараларға шәйтан таўық-ҳәм жетип атыр ғой.

Мусылманшылыққа муўапық аўқат тым-тырыс, гәпсөзсиз желинди. Пәтия етилип, қуран оқылып, қол шаярда жағы созыңқылаў, аўызы тобарсыған басқа бир жигит сәлем-әлемсиз кирип, қол шайдырып кетти. Оның изинше келген қадимги супы жигит:

— Хантақтаны тазала, табақларды ал десем қол шайдырыпты-аў!—деди қысынғансып.—Ол муҳминди сынамай-ақ қойың бирадарлар, тили жоқ, келгенде қыпқызыл жинли еди, енди тили ашылып кете қойса, буғурлым шүкир,—деп сөйленип жүрип, табақларды былай алды хантақтаны тазалады.

— Ҳәзиреттиң табы қашыңқырап келди,—деди супы аяныш ашынышлы даўыс ырғағында.—Бүгин жәмәәт пенен оқылмай жақ, мыс қуманлар кирер аўызға дизилген. Барың да таҳретлериңизди алып, қуптан намазларыңызды оқып ала қойың,—деп, әбжиллик пенен шықты.

Әмирхан намаз оқымайтуғын, намазлығын—ҳәм билмейтуғын, сонлықтан отырған орынынан табжылмады. Баласы менен ҳаялына қосыла қызының да турып атырғанын көрип:

— Сен, пәкизе, Әмирхан әжағаң менен дем алып отыра бер, қызым,—деди Нурлепес. Турсынға ҳәм үшеўи изли-изинен есиктен шығып кетти.

Қараңғы түскели пуртылас тийип, қайтыўға асығып отырған Әмирхан — Булар қона жақ қусайды қарағым Турсын,—деди сынық, өлпең даўыс пенен, саатына қарап.—Мениң менен қайтамысаң, я қонамысаң! Қайтсаң барғанша магнитофон, радио қойып, концерт тыңлатып, дәштирип апараман!—деп көз әйнегиниң үстинен сүзип қарады. Балаға тән садалық пенен қыздың көзи қуўаныштан жайнап сала берди.

Анаўлар тәҳәретин алып қайтып кирди. Нурлепес баласы менен ҳаялын артына қатарластыра қойып:

— Ал енди Нурқасым,—деди титрек даўыс пенен.

— Үйреткен намазлығым ядыңда болса, «алла!» деп, ҳақ көкирегиң менен ҳаққа сыйынып қулай гөр, қулыным! Я-аа бисмиллә раҳман ҳирраҳим...

Намаздан узын коридордың еки қапталындағы қапылардың бәри адамға толып кеткендей сезилди. Әмирханға, буны сыртқа бир шығып келгенинде абайлады, сәлемлесиўлер үнсиз, аяқлар пышықтың қадеминдей дыбыссыз, қапылар тарсылды-шыйқылдысыз ашылып-жабылып атады. Нағыз мийманхананың өзи парқышаўқым-сүрен, телевизор, радионың даўыслары еситилмейди, тым-тырыслығы, жым-жыртлығы жағынан мазарстанға меңзейди, ҳәмме кимдидур оятып алыўдан, сол оянып кетсе басларына қонажақ бахты қусын үркитип алыўдан қорқып аяқларының ушларынан басып, сыбырласып, ымласып, ямаса көз қараслар менен-ақ түсинисип жүргенге тақаббил. Соншелли тынышлықты ҳәўиз бойындағы гүжимге байланған еси зайыл жигиттиң:

— Душма-аан!.. Атың!.. Тратата! Уррәәә! Яшасын Аўғанстан!-деген әжеп тәўир айбарақлы сести бузып-бузып алады.

— Аўғанстаннан жинли болып келген!—деп қапылтты Әмирхан.

— Аўғанстанға барғанлар жинли болып келемекен!

— Жинли болмақ түўе мурттай ушып, табыты келгенде қайда жүрсең! Нөкистиң өзине күнде бир нешше табыт келеди! Мазарстанға көп барасаң өзиң, сонда қорғасын я әләўмийин табытларды көрмедиң бе!!

— Солар сояқтан келип пеее!!

— Енди не деп ең!!

— Яааа Рәббий, қартайғанда енди урыс көрсетип жылата гөрме!...

Есик ашылды. Қадимги супы бир қолын көксине қойып, бир қолын қапы жаққа жайып, басын сәл ийиңкиреп:

— Мәрҳамат тақсыйрлар,—деди.—Мәрҳамат, ҳәзиреттиң нәзерине.

Қарақалпақстан түўе Өзбекстан саўда министрлигине, ЦеКа дағы ящуллыларына киреρде де өзин алдырмаған Әмирхан, негедур, жүрегиниң ҳәўлирин, узын

коридордың паяндозына аяғының алдам-қалдам басылып баратырғанын сезди, өзин қанша тутайын деген сайын тең салмақлылығын жойытқандай аўданлай маў, қалай-қалай, өзи де түсинбейди. Үлкен коридордан киши коридорға киреди дийўал жағалап турған бес-алты буўрыл сақал, жийрен сақал, шоқ сақаллылар қолларын әлиплам алып, мойынларын иймейтип: «Зиярат қабул, зиярат қабул!..» дей бергенге де ҳаўлығайын деди: Хеш кәраматы болмаса бунша не дәбдебе!... Бир бәлеге жолықпай үйге аман жетсем, қайтып руўҳанийдиң есигине дарымаспан аў!..»

Ҳәзиреттиң өжереси де жаңағы шыққан өжереден кең емес екен, күн батар мүйешинде жүзин қублаға берип, саққа жүгинген, үстинде ақ зығыр шапаны бар биреў кирген-шыққанға нәрсе итибар берместен әллемемелерди сыбырланып отыр. Баслап кирген супы пышық жүрис пенен, ым-жым менен келгенлерди өжиренин арқа дийўалына сақҡа-саққа жүгиндирди ҳәм өзи қапыға таманлаў шөгип, ҳәзирет қол жайса қол жайып, жүзин сыйпаса жүзин сыйпап, отырғанларға да «тәкирарлаң» ишарасын көзи менен аңлатты.

Бул отырыс узаққа созылды ҳәм ҳәзирет те буларға жүзин бура қойған жоқ. Бул ўақытта көкирегин басып үлгерген Әмирханға анаў буларға қақпақтай жаўырынын қаратып отырған анаў ҳәзирет те, мынаў дийўалдың шығыс жапсарын толайым алған, иши қыйлы-қыйлы диний ҳәм диний емес китапларға лық толы айналы стенка да, анаў дийўалдағы Кәбадулланың ақ таўарға ма, зығыр таўарға ма, түрли реңли сабақлар менен тоқылған сүўрети де, қулласы, бәри-бәри әпиўайы, ҳәтте қорениш көрине баслады. Ҳәзиреттиң ақ сәллесиниң артынан шашы шығып тур: «Битлес пе, не бул! Шаш қойған молланы биринши көриўим шығар! Жа—ақ, Қазанда бир татар молланы көрдим, я бул да татар-мекен?!.» Атын еситип жүргени болмаса хеш қайсысы жүзин көрмеген, соның ушын да оны буншелли жас адам деп пәҳәмлемеген де. Оның жаслығын сәллениң артынан толқынланып шығып турған шым қара шашы, атта отырғандай қәдди-қәўметиниң тиклиги паш етип турды.

Әллен ўақыттан соң ҳәзирет орнынан турмастан намаз жайын жыйды ҳәм буларға сулаған кирпигин көтерместен жүзин бурып отырды да бирден ашса пе-

риштелерин уркитип алатуғындай бирте-бирте кирпигин көтерип, көзин сүзиңкиреп, соң биротала ашты. Бадана дай көз, кишкене қыйық қара мурт оның ашөлең, жағы қуўсыйған жүзин биротала киширейтип жиберди. Әмирхан ҳәзиретти емес, «Үш мушкатер» кинофильминдеги Дартаньянды, яғный Михайыл Боярскийди көрип отырғандай сезди,—парқы тек—бунда ақ кийим, ақ сәлле.

Алды менен бүкшийип барып Нурлепес, соң жеңлерин жаздырып жиберип, Нәзигүл, оннан кейин Нурқасым, ең соңынан ишиндеги мамақалтырағын сыртқа шығармай, сыпайылық пенен Әмирхан қол алысып келип орнына отырды, қол алысыўға Турсынның пәми алыспағанына ымжымлап түсиндире алмағанына өкинди Нәзигүл.

— Әззети абырай, абырайдан айырмағай қудай, әўмийин!

— Әўмийин!..

— Әўмийин!

— Зияратыңыз қабыл болсын.

— Әўмийин!

Нәзирге әкелинген дәстүрхан-пәстурғанларды сырттағылар алып қалады екен, булар ишке сыптай болып кирген.

— Аман-есен жеттиңизлер, бирәўдәрлар! Мен сизлерди түске жетип қалар-аў деп едим! Машины бар бала айтқаныңызды қылмады-аў, әттең-әттең, әсий бенде!.. —Әне, ҳәзиреттиң усы гәпи Әмирханның көкирегинде кептер патырлатты. —Ҳәә, қуда яр болсын, ҳеш гәп болмас, сизлер әпиў етиң ол әсий бендени, — деди тикке Нурлепеске. —Уғлы жеткермесе атасы жеткерип бир саўап ис қылыпты. Яқшы адамның көкирек сарайы гүдиктен, тахминнен айтылатуғын қуяңқылықтан, сырттан айтылатуғын ғыйбаттан қалыйс болмағы, зияратқа ушандай игри хияллардан пәк болып келмеклик, таҳрет алып келмеклик зәрүр, ушанда ғана зияўрат қабул болур, Расулы алланың барлығын, диний исламны мойуўнлап келмеклик шәрт, ушанда ғана зиярат қабул болур, иншалла! Әзийз бирәдарлар,—жалпыға айтылған менен үлкен үки көз масаладай жанып, Әмирханға қадалды.—Мусылман әҳлине ялған сөзлемек — ҳәм яқшы емес, сизлер уша мен айтқан шәртлерди орынладыңлар ма, таҳрет бар ма!

— Бар, тақсыйыр!..

— Таҳретсиз уллы дәргаҳыңызға келиўге бола ма! —деп таңлақ даўыс пенен өлпең жуўап берди Нәзигүл. —Мынаў бийтап баламыз еди, буған да таҳрет алдырдық, тақсыйыр!..

Бул шығып атырған даўыслардың бирин де ҳәзирет пешшениң ызылдысышелли көрип отырмаған сияқлы, оны Әмирханның не деп жуўап беретуғынлығы қызықтыратуғын қусаған. Тесирейип отырды, отырды, Әмирхан кем-кемнен, минут санап, секунд санап азып баратырғандай киширейип, баратырғандай, енди тез алдын алмаса мынаў көз алдындағы дуўахан ертектеги арысландай етип, шүйкилдеген тышқанға айналдырып жибере жақпа, тышқанға айналып баратырма қалай-қалай! «Таҳретим бар», дейин десе түсте дуканның складында жаңадан алған дуканшысын «есаптан өткерип, дизимге алған соң» душқа түсиўдиң ирети болмай қалып еди. Зиятратханада: «НГУ да пәлен пыстыхан етеди, пәлен мың пул алады!» деген қуяңқылығы тағы бар алайын десе бул азанда Темирханның айтқанды қылмай кеткенине шекем билип отыр ғой, «тәўекел дурысын мойынлап, бас ийейин!».

— Гүнакарман, тақсыйыр, мынаў қоңсы ғәриплерим көликке мүтәж болған соң асығыс шыға қойып едим. Мениң өзим зиятратқа арнап бир келермен, тақсыйыр.

— Ҳә-ҳә, қудай кеширсе биз кешир дик, мен сизден уша гәпти күтип едим. Ал енди сизди бир-еки муҳмин дәргаҳыңызда көзи төрт болып күтип отыр, нешшақлым тез жетсеңиз соншелли оларға-ҳәм, өзиңизгеҳәм яқшы болажақ, мен сизди еглемеймен. Буў мөҳминлерди ертеге өзим көлик таўып атландырарман, буларға келип ҳәлек болмағыңыз лазым емес, а—ал, жолыңыз болсын!—Ҳәзирет ишиндеги жеккөриўшилигин сыртына шығармаўға қанша тырысып баққаны менен де «шылғый қуры адам сонша былықты келистирип, байый бермейди, бунда да сыншыллық бардур, тезирек қайтармасам иштеги ашыўым жүзиме шығып қалар!..» деген гүдигиде жоқ емес. Оның үстине бул Әмирхан деген қатынпурыштың даңқы шығып кеткенлиги соншелли, «нашарларды табанда дуўалайды, нашарлар жылан дуўалаған шымшықтай, қашайын десе қаша алмай, қашпайын десе қорқынышлы, айтқанына шырылдап көне береди...» деген әпсаналарды есите

бергенлиги соншелли, сыртынан бир көриўге ҳәзиреттиң өзи де ҳәўес болған. Дуканына автошина алыўға барғанда майорды сабағанын да машинада отырып көрген. «Ҳүкүўметтиң милиционерине қол қатқандай бул қай мусылман!!» деп таңланған. Сонда супысы: «Бул—мусылман емес, Әмирхан деген қатынпурыш-ғо, тақсыйыр, журттың некалы ҳаялларын да, некалы келинлерин де, жас қызларын да жалпағына салып, дәўранды сүрип жүр!.. Ҳүкүўметтен де, қудайдан да қорқпайды!..» деген. «Онда нағыз зинахор, иймансыз десеңиз –ғоо! Патшаның нызамын муҳмини мусылман бежермеги шәртдур, патшаның ҳәмири нызамында, патшаның ҳәмири соның ушын-ҳәм алланың ҳәмиридур! Патшаның ҳәмирине бойсунбағанды мусылман деп болмайды! Шәриятқа қуўат бергенде бундай бийийман зинахорлар болмас еди, әттең-әттең!..» деп, бас шайқаў менен кеткен сонда ҳәзирет. Енди сол «зинахор, бийийманы» зығырданын қайнатып, алдында отыр. Әне, қалтасын қарманып атыр, «бизди-ҳәм дүньяға ылықтырмақшыдур!..»

Пачкасынан еки ғана онлығын суўырып, бағана түсте жаңадан алған дуканшысына—биреўдиң некалысына: «өзиңди дүзеп жүр, қатынасықта боламыз, ақ сийнең ийнскегенде жупар шашып турсын, жупар ал,» деп бере қойып еди, Әмирхан бундай боларын қайдан билсин, бузық пачка қойғанына өкинип, қос қоллап алып келди де ҳәзиреттиң алдына қойып, кейин бәсиўи менен ийбалы келиндей орынына барып отырды:

— Тақсыйыр, пәтияңыздан бийнесип қалмайын, аз да болса көптей көрерсиз, үлкен нәзирди зиyaратқа өзим келгенде әкелермен, ҳәзиринше шоферман қулласы!

Ҳәзирет көзин жумып бираз отырдыдағы:

— Анаңыз әўлемнен өткендур,—деди сулаған қойыў кирпигин көтерместен.—Атаңыздың-ҳәм топырағы торқа болсын, бир, яқшы адамлар екен,—дегенде Әмирхан қосыла мақтай жақ болып еди, ҳәзирет гәпин даўам етип жиберди: —Бул қайыр-сақаўатты әдеп соларға бермеклик мусылманшылықдур, әттең-әттең, олар жоқ. Лийкин, буны рафийқаңызға бермеклигиңиз керек еди...

— Рафийқа дегенди танымадым, тақсыйыр!

— Некалыңыз бардур, ақыры, әне, уша «рафийқа» деп—ҳәм айтылады, ушанға бермегиңиз керек еди...

— Оның өзиниң пулы көп, алмайды, бәри бир.

— Ол алмаса шеп жағыңызда ең бир аш—жалаңаш, ғәрип қоңсыңыз жоқ па, ақыры, ушаларға бермек керек еди.

— Олар мыналар,—алақанын Нурлепеске қарата жайды.

— Жүдә бәрәкәллә, онда! Алмасам қапа болурсыз, мениң атымнан бул ақшаңызды ҳәзир ушаларға инам етиң, ботам,—деди өзинен үлкен адамға. Әмирхан не дерин билмей албырақлап атыр:

— Буларға қайыр-сақаўат етип турман, тақсыйыр!

— Ҳә-ҳә, хабарым бар, уғлына да қайыр-сақаўат қылғансыззз!—дейди «з» ны ызылдатып. Буны Әмирхан «баяғы жыллары баласын қаматқанымды айтып отыр аў!» деп шамалады. —Рафийқасына—ҳәм жақында қайыр-сақаўат қылмақшы болғансыз,—деп зәрре мыйық тартты ҳәзирет. Буны Әмирхан: «Жақында жабысқанымды билип қойыпты-аў!» деп шамалап ҳаўлықты. —Анаў есалаңлаў қызына—ҳәм қайыр—сақаўат қылмақлық нийетиңизде бар!..

— Түсиндим, тақсыйыр! —Гәптиң созылыўы шермендесин шығарыўынан қорққан Әмирхан орынынан ушып турды да: —Сизиң исмиңизден инам ете қояйын. —деп, пулды алып, Нурлепестиң алдына қойды да орынына барып отырды. Нурлепес, өмиринде мың манатты түўел бир санап көрмеген Нурлепес аларын да. алмасында билмей еки оттың арасында қалғандай, еки от та еки жақтан қыздырып баратырғандай шып-шып терге түсти де өмиринше бет орамал сақлап көрмегенликтен сорғалаған терин жеңи менен сүртти, айтайын десе тилинде зибан жоқ, таңлайы тығылып, тилине сөз жеткермей атыр. Буның бул аўҳалын көрип, қатты ашынған ҳәзирет усы ғәрипти көп қысындырмаў ушынақ, қолларын көтерип:

— Жортқанда жолың болсын, Қыдыр ата жолдасың болсын, әўмийн!—деди де пәтиясын берип жиберди. Әмирханды келгели бери хызмет етип жүрген жас супы жигит—майорды сабағанында машинасын айдап барып, Әмирханды пийрине сыртынан мықлап таныстырғанған супы дәрўазаға шекем узатып, машинасының есигин өзи ашып киргизип әдеп—икрам менен шығарып салды.

Үлкен жолға түспей атырып-ақ Әмирхан өзинен өзи ҳаўлықты: «Мен, маңлайы қара, ҳәр қашан тилим-

ниң тауаман! Жаңағы супыдан: «Бизлерди күткен зиyaратханада магнитофон бар ма?» деп сорап не қыламан-аў! Бар болғанда да айта ма сол! «Түсинбедим, тақсыйыр, о не деген!!» дейди-аў таңланып! Ырас түсинбеймекен, микрафонның, магнитофонның нелигин, я жөгилиги ме?! Еге-еер, микрофон, магинитофоны болса—бул ҳәзирет жалатай, мәгар онысыз-ақ бәрин билип отырған болса—онда көзи ашық! Көремиз, айтқаны келе ме, келмей ме, «биреў күтип отыр үйиңизде» деди ғой, ырас шықса—онда көзи ашық!.. Қойып тур, көзи ашық болмаса баласын қаматып шығарғанымды, Нәзигүлге нийетлегенимди, Турсынның мәмишин қысқанымды ҳәтте анандай қылажағымды қайдан биледи, көзи ашық бул!.. Демек, қудай бар, атеистлер алдап диннен шығарған бизди! Я—аа алла, адасқан қулыңды кешире гөр!..»

Шағал көпирден түскен жердеги ерманы жыңғыллы нуў қарағай нар қамыслы қоймгершиликтиң тусынан өтерде ҳәўлирген жүреги «қояр» десе, Таслақтың ишине кириўден қайтама ҳәўиж алды. Изине ерип ғана жүрмекши еди, жолшыбай машина да шыға қоймады, бир жерде турып күтейин десе жән-жақтағы асырым-асырым қумлардан бир қорқыншлы бәлелер көзлерин алартып қарап турғандай ушырды машинасын. Енди, алдында «Шорша» бар! Гүмбезли сақаналар бул тасқаранғылықта узақтан мунарланып көринбейди, тек қос шырадан шыққан нур дәстеси ғана асфальттың үстине анадайға шекем ағартып көрсетип, түнек түтинниң бүйирин тесип сүңгийди.

Бул журтлардай кәлиймашәҳәдет қайтарыўды да, дуўа қылыўды да билмейтуғын, бала күнинде де ҳеш ким үйретпеген сорлы еди. Қойымгершиликке жақынлаған сайын Нурқасымның кузовына анасы ырғып минип шақалақлағанындай, буның да артқы отырғышына биреў минип, ыйығынан түртетуғындай еңсеси жуўлағанлықтан шашы тикирейип, тула бедениниң териси қустың терисиндей бөртип киятырғанын сыйпап көрмесе де ишинен сезеди. Мына жағы аэропорт, мына жағы қойымгершиликтиң шарбағы, шарбақтың жары ортасына жақынлай бергенинде қарсы алдынан жап-жасыл еки көз тесирейип қарап, бақырып жибериўге сәл-ақ қалады. Лийкин, бундай қәўип-қәтерде басы

ислемесе де инстинкт пенен қолы ислеп кете беретуғын дәрежедеги айдаўшылыққа ерискен шебер шоферлығы оны дийўалға урыўдан аман сақлап қалды, жолдың жары ортасында машина қағып па, я өзи-ақ жатыр ма, қулласы жатырған ешки я кийиктиң тусынан «былғаңң» етип, балықтай қаймықтырып өткизди машинасын. Бийжағдай киятырған «Волгадан» қәўетерленип ҳал сораў нийети менен жолдың ортасына ала таяғын созып шыққан ГАИ хызметкери зорға өзин шалқасына таслап өлимнен аман қалды ҳәм орнынан турып, қызыл шәпетин таўып, қағып кийип атырып, өзин басып кете жазлаған бийтаныс шофердың ата-бабасын, заў-затын қалдырмай сөктиде көкирегине түпирди.

Бүгин ҳаялының республикалық шыпаханада нәўбетши екенин, үйде жоғын биледи, үйде бир болса соңғы курсинде, соңғы каникулына келип атырған баласы —Темирхан болыўы керек. Үйине жақынлағанда оның көзи машинаның жақтысы менен шағылысқан ақ «Жигулиге» түсти. «Темирхандики ғой» дегеннен басқа пәм болмады, «Күни менен қуўған көлигин гаражына киргизип қойыўға да ерineди—аў!» деп налынды ишинен. Жақынлаңқырап келип қараса—номери басқа! Жүреги суўў ете қалды, себеби, бул қала прокурорының меншик машинасы еди—дә! «Не болды, дуканшылар бир ис арттырдымекен?! Турған «Жигулиге» тумсығын тиреп, «Волгасын» тоқтатты. «Жигулиден» созылып, прокурор менен тағы биреў шықты. Бунық формасыз жүрген милиция начальниги екенин таныған соң бул жүристиң тегин емеслигин анық иши сезди.

Келди, күткенлер менен ойнап-күлип сәлемлести. Үйде адам жоқ екен, қалтасындағы мыс гилти менен Хийўа дәрўазасының адамлық қапысын ашты. Күткенлерди ишкерилетти. Иштен илиўди күткенлердиң өзлери өтиниш етти. Үшеўи бирден әйўанға кирди, қымбат люстра нәҳән терис әйўанды жарқыратып жиберди. Әмирхан прокурордың да, милиция начальнигиниң де көзинен көп-жаман қаталлықтың нышанын көрди. Екеўи бирине бири қарасып алды да:

— Сен жаңағыны туўрылай бер,—деди прокурор милиция начальнигине. —Буны өзим туўрылайман. Ис ойдағыдай питсе, ўәдели жерде табысамыз.

Начальник ийегин екшеди де «иллә» деп аўыз ашпастан шығып кетти. Иши пытырлай баслаған Әмирхан:

— Аманлық па, сөйлесеш!—деди ҳөктем даўыс пенен.

— Аманлық емес, Темирхан Бердаш пенен биреўдиң қызын зорлап атырған жеринен милициялар тутып апарып, қамап таслапты. Машиналары да сояқта!—деди қолын былай былғап. Әмирхан «уҳҳ!» деп бир демин алды да:

— Аманлық екен—ғоо, бунша жүректи жарып!—деди кустаны қылғандай. — А-ал, қанша менен қутыламан!!

— Қолымнан келмейди...

— Келедиии қолыңнан! Айта бер!

— Ақсақалға жолықпаймысаң?! Жаңағы да билип қалдығо, маған сол хабарлады.

— Әмирхан барлығыңызға да жетеди, ақсақалыңа да, жаңағыңа да, дийдиңди айт маған!

— Жинаят аўыр. Елли мың!

— Бердаш—ше!! Екеўине ме?!

— Бир өзине! Көнсең сол, көнбесең кеттим!.

Прокурорды дәрўазаның алдынан еглеп алып қайтты. Төрги жайға баслап кирди. Шыраны жақты, Сейфти ашты. Шажынлаўлы турған ақшаны бармағын силтеп көрсетти:

— Әне, пул! Туўрылап кел, қайтқан қатын, момонтинде аласаң!

— Мынаў геллең менен қалай усыншелли байлық арттырып жүрсең! Ақшаң туўрылаў ушын керек емес пе! Дәрҳал баланның паспортларын тап, кийимлерин тақластырып, чемоданын бизиң машинаға сал! Еллиниң онын атамыз да еки баланы кешеги сәне менен Ташкентке ушырамыз, қалған жағы онша қыйынға соқпас!..

Ҳәмме нәрсе прокурордың айтқандай етилип ислenди. Елли мың бир дипломаттың жарты жағын-ақ алады екен, прокурордың қолына услатылды. Баланың кийим-кеншеги салынған сумкасы прокурордың машинасына салынды, паспорты, басқа ҳүжжетлери қолына услатылды. «Жигүли» жүрип кетти. Әмирхан емин-еркин дәрўазасын ашып атырғанда Жердаштың жайының алдынан да бир «Жигүлий» жылысты. «Бул жаңағы милиция начальнигиники», деп жорыды өзинше. Машинасын ишкерилетип, гаражына тықты. Соң дәрўазаны қулыплады да ишкериледи, шешинди, тамағы тоқ, лий-

жин бир чайнек чай болғанда шеп болмас еди, ким қайнатып береди соны! Пижамышаң барып, диван-кәтине шалқасына таслады да: «көзи ашық екен, ҳәзирет! —деп таңланды. —Қудай бар болса, о дүньяның да, дозақтың да бар болғаны—аў онда! Я дозақманларға пара бере алмасаң, я параға берерлик пулды о дүньяға әкете алмасаң! Ә—ә, дүньяники дүньяда қалсын! Питкерейин деп турғанда университеттен айдалып, масқара болғанда усы ўақытқа шекем ТашГУге тасыған пулларым қайда кетеди!..» Айнаның перделери тасқамал бастырыўлы, торшерди өширсе көз алдына түрли бәлемәтер елеслей бериўинен қорқып өширмей жатты. Көзи илинди ме, илинбеди ме, илинсе қанша уйқылады, оянғын билмейди, электро қоңыраўдың бүлбили сайрады. Сыртқа шығып түн жарпы болғанлығын байқады. Машинасы менен келип турған баласы Темирхан екен: «Сондай болып қалды, әпиў ет, аға!—деди гүналының ырғағында сыбырланып.—Мен асығыспан, насос салманың арғы жағында машина күтип тур, хош, махаңға сәлем айт,» деп, бетинен бир сүйди де келген изи менен солқылдап жуўырып кетти. Дәрўазасын өзи ашып, баласының «Жигулийин» гаражына өзи киргизип қойды да гаражын илип, тағы ишкериледи. Таңның атыўына бираз ўақыт бар еди, жатты, жатты Шийрин түс көрип бир жалаңаш дилбарды қушып атыр еди түсинде, тағы да электроқоңыраўдың бүлбили сайрады. Аяғын диваннан салбыратып отырды. Айнаның жабыўлы пердесинен-ақ жайдың иши жәп-жақты, демек, әлле қашшан қуяш шығып кеткен. Торшерды өширди де дәрўазаға кетти. Ашты. Ишке аяғында зерли шүўеги, ақ балтыры жалтырап, Айбөрек атлады. Әмирхан оның жүзине қараған жоқ, дәрўазаны иштен илди де әйўанынан өтип, ишки жайына кете берди, Айбөрекке қыйсайып та қарамады, буны, «Болған ҳәдийсени ишкерилеп айта жақ шығар,» деген пәҳәм менен Айбөрек те үнсиз өкшелесип ерди. Ишкерилеген соң, көзлери масаладай жайнаған Әмирхан: «Жаным Айбөре—еек,—деди дирилдек даўыс пенен жүрегин елжиретип ҳәм белинен услап өзине қатты тартты да: —Сени түсимде көрип атыр, едим, қудайдың айдап келиўин қара!» дегенди-ақ айта алды, ҳаялдың әлле нени сораўға гүрмеле жақ тили Әмирханның ләплерине сорылып кете барды, қарсылық етермен , бақырарман деген ҳаял белиниң қымыстай

майысып, өзиниң талықсығандай буўынсызланып баратырғанын-ақ сезип қалды. Тал шыбықтай таўланған жаслығындағы таныс ҳәм жыллы леп оны туншықтырды да дүньяның барлық обал-саўабын умыттырып жиберди сол жыллары ҳәзиллесип Әмирхан «Абылла сынаспақ»деп айта беретуғын пысынаспақтың болып атырғанын сезинсе де я қарсыласыўға мейил, я шама болса қәне!.. Әллен ўақыттан соң екеўи еки жерде ентигисип отырғанында:

— Сен периштени де жолдан шығарасаң,—деди ҳаял есине жаңа енип. —Мениң суўпы болғаным қайсы, сениң патаслағаның қайсы!..

— *Дозаққа—ҳәм бирге барамыз, мамақаймағым* бейиштен тәме етпей—ақ қой, өзиңнен артық бейиш бар ма бул дүньяда! Мен сени соншелли сағындым, *соншелли!* Күнде көрип жүрип—ҳәм сағына беремен! О дүньяда бейиште бизге орын қалмағанын сезингеннен кейин, бул дүньяның бейишиниң рәҳәтин көрейик, қаршығадай қыялланғаным!..

— Енди уялсаңа, балаң қайда!

— Ташкентте! Таңланған: жоқ Әмирхан.

— Қашан кетти!!

— Кеше!—Әмирханның бети былш еткен жоқ.

— Онда... Бердаш екеўи кеткен шығар?!

— Кетсе кеткендур. Ким екен сол нашар!!

— Айтбайдың қызын қурытып кетипти, жүўернемеклер!—деп сыбырлады ҳаял.

— *Ақыры дийдине жетипти—дә, молодец, әне нағыз* әкениң перзенти!..

— Оның несине мәсиресең!—деп нықлады да Айбөрек қапыны тартып урып, шығып кетти.

Түсликке шекем исине де бармады, Әмирхан үйинде болды. Ҳаялы да келди. Нурлепеслерди бир шылт жаңа қара «Волга» есигиниң аўызына түсирип кеткенин айтып:

— Бул сықыйлар «Волгадан» түспейтуғын болды—аў! «Волга» болғанда да онның партиясы! — деп таңланды.

— Онда обкомның машыйнасы ғой?!—Әмирхан да таңланып орынынан турды. —*Мен бир хабар алайынш,* не қылды екен!

—Өйтип жеңилтек бола берме, иши пытырлап, өз*лери келип хабарлайды!..*

Шынында да соңғы ўақлары жеңилтек болып баратырғанын еслеп, Әмирхан орынына қайта шөкти.

Айтқандай-ақ түстен кейин Нурлепестиң өзи келип, бул жатырған диванның түбиндеги тумбаның үстине кешеги бир пачка онлықты қойды. «Ал иним мынаўыңды алып қой, санап қарасам тоғыз жүз сексен манат! Мен буншелли садақаны маңлайыма сыйғыза алмаспан!..»

— Сыйғыза алмасаң ийесине апарып бер, — деп ашыўланды Әмирхан. Мен буны ҳәзиретиңе бергенмен, мени соншелли нәмәрт билдиң бе-әй! Оннанша баладан хабар бер, не дейди?

— Баланы алып қалды, бир-еки ҳәпте қарап көрмекши, шыпа еткен күни өзим жиберермен деп қалды...

— Ҳәә, бопты, мына пулыңды ал да қайқай, мен уйқылайжақпан!

Нурлепес үйине жүрип емес, ушып қайтты.

— Натуўры ислепсең, алмаў керек еди, ол жаман адам,—деп бас шайқады Нәзигүл. —«Артық дәўлет көз шығарады» деген де бар...

## 20

Арадан төрт пийшембини өткерип, бесинши пийшембиге қараған шаңқай түсте, еси-ақылы пүп-пүтин, төредей жигит болып үйге Нурқасым кирди. Аяғында гөне туфлийи де жоқ, таза геўиш-мәси, үстин де ноғай жағалы, дизден жоқары узын ақ көйлек, оның сыртынан астарсыз жалаң шапан кийген, басында пөпек гүли болмаса да қарақалпақлардың қазма тақыясы сақал, мурытты жиберген бул ақ порсықтай жигитти Нәзигүл әдебинде «бир талип илим келди-аў!» деп ойласа да сирә «өз балам Нурқасым-аў!» деп ойлаған емес. Саз-турғанын былай қойып, төсек салыўға тура бергенде: «Ассалаўма әлейкум, апа!» деген баласының даўысы шықты. Биреў келсе үрпейип төрге қашатуғын Турсын: «Әжаған—ғоо!» деп бақырып жиберди. Бала келип өгей анасын құшақлады, аймалады. Елжиреп Нәзигүл де:

— Түпәләм, түпәләм! Буғурлым... қудайға мың қатле шүкир!—деп жылап-сықлап атыр. Жақлары жайлаўына кеткенше күлип, Турсын қол алысты. Нурқасым қысынғанынан зәрре қызарыңқырап:

— Мен жалғыз емеспен, апа,—деди уян даўыс пенен. —Ҳәзиретимиз өзимдей бир мөҳмин нашарға некалап

жиберди, сыртта сол тур, буны киргизип алыў жағы қалай болар екен...

Турсын есаланқа тэн— тасыр-тусыр менен сыртқа жуўырды. Ҳаял бир зум аңырайды да:

— Тилиңнен, шырағым! Соны айтып турған тилиңнен!—деп, еңиреп жылап жиберди. Аллатааламның келинниң дийдарын көрсететуғын-әм күнлери бар екенғоо! Турсын, ҳа Турсын!..

— Сыртқа жуўырып кетти қашшан...

— Жуўырса жуўыра қойсын, қуўанышы көкирегине сыймай кеткен сорлы баламның!... «Бүгин үйде боламан» деп еди, Айбөректи шақыр!..

— Ағам қайда?!

— Анаў Дәнияр Әжептәўиров деген прораб бар еди — ғо, пияншықлықтан нәшебентликке аўған! Соның кеше жүреги тап усы кәрада тоқтап қалды...

— Доктор шақырмадыңыз ба сонда!!

—Жүрегине шаншыў турғаннан-ақ шақыртты докторды, өзи шақыртты. Ооо, сонша жыл прорап болған адамның оған ақылы жетеди—аў, пайдасы не, көкнар жайлап кеткен адамға укол тәсир етпейди екен, сөй-деди докторлар оның жаны шығып кеткен соң. Шығасы жанға себеп жоқ, сақал-мурт қоймастан—ақ, шашы қап—қара болып, кетәэ барды байғус! Ағаң кешеден бери соякта, керек болса шақыртармыз, бай-бууў, жаңағы келин турып қалды - ғо, жуўыр деймен Айбөрекке!

Қасым шығыўдан сипсесин қолына алып, өрли-қырлы ошақ басын сыпырды бунын өзи, көзи әззи болыўына қарамастан сығарақлап отырып, қурақ қураўдан басын алмайтуғын, соны ермек билетуғын ҳаял еди. Үйиниң қасындағы Гәўҳар деген тигиў фабрикасында ислейтуғын ҳаялдан тийин—тебенге-ақ қурақларды дәсте-дәстеси менен алып, келгели бери—ақ бул үйдиң жүгин қурақлы көрпешеден дүңдей етип таслаған. Соларын көкнаршылардан қызғыштай қорып жүрсе де бүгин әтирин келтирип төсеп, есик бетке шығып қарап еди, үйиниң гүл жайнағанын көрип, өзине өзи жүдә —ҳәм ыразы болып қалды. Сөйтти де геўишин сылпылдатып, көзи әззилерге тән сақлық ҳәм сабырлылық пенен: «Яааа Аллааа, усы қуўанышыңнан айырмағайсан!» деп, гүбирленип тилек тилеўи менен сыртқа шықты.

«Ақ туба» ның өзи жайлары плансыз, көшесиз, қалай болса солай, ҳүкүўметсиз елдиң жайларындай ша-

шаў, бийтəртип, бириниң есигине бириниң мүйеши, бириниң есигиниң аўзына бириниң ҳəжетхана я мал қорасы салына берген, жай менен жайларының араларына ерманы жыңғыл, жантақ, боянлықлар өсип кете берген, жабан деп жабанға, қала деп қалаға усамайтуғын аўыл ғой. Сыртқа шыққаны менен Нəзигүл келиншекти де, басқаны да көре қоймады. Ҳəр қашан көзи əззиниң қулағы сезгир. Тың тыңлады. Есигиниң алдындағы жыңғыллықтың арғы жағынан негедур, Айбөректиң сыңқылдаған сулыў күлкиси, тағы бир ҳаяллардың бир неме деп атырғанлары еситилди де солай қарай бул да жүрди.

— Келинимди қысындырмаңлар, ҳəəй!

— Көримлик бермесең қысындырамыз молла шеше! —Нəзигүл Айтбай домком—финагенттиң даўысын алыстан-ақ таныды. Бул да даўыслады:

— Тапқанымның бəри сизлердики, қатынлар, таба алмағанымды тəме етпең!—деп қатты-қатты адымлады. Əлле қашшан домкомлықтан қалса да «домком» аты қалмаған Айтбай домкомның қатыны Орынгүл бир жағында, бир жағында Айбөрек:

— А—ал, келин, енеңе ийилип сəлем бер,—деп атыр екеўи еки жақтан. Келиншек жипектей созылған, ашөлең, узын бойлы нашар екен, қəддин далдай бүгип сəлем берди. Нəзигүл елжиреп келип келининиң пешанасынан сүйди:

— Қосылғаның менен қоса ағар, перзентим, қыялдай бөтенсинсем бүйрегим ширисин,—деп атыр дирилдеген даўысы менен. Қалтыраған қоллары менен келининиң жүзлерин аймалап, қасларын бас бармағы менен сылап-сылап көрип атты. Сонда билип қалды: келиншектиң оң қасының жартыға шамаласы ақ, кəрис көзлеў, шашлары шым қара, жүзинен бийтаптың табы еле кетип жалшымаған, жүзине жараса лəплери де жуқа ҳəм кишкене нашар екен, келинине Нəзигүлдиң кеўили толды.—Орынгүл, көримлигинди үйден аласаң. Ата-бабаның дəстүри, илəйым, əждатларымыздың əрўақлары яр болсын, дəстүрин қалдырмайық, келиншек, келинди оттан атлатың...

— Ояғын уқшатамыз—ғо, жүр келин!

Демниң арасында жəн-жақ ыпыр-шыпыр «Ақ тубаның» қуртшабақларындай майда балаларға толып кетти. Усыларды көрген Айбөрек ишинен: «елти шешем

қысынып қалар - аў, ийт алған түлкиде не сын болсын! Шашыў таярлаған ды дейсең бе, топа торыстан келиншек келетуғынын ким билипти! «Өледи деген Өмирбек өгиз жетеп киятыр» деген екен, тил жағым тасқа, «жин урды» деген Нурқасым нурдай аппақ келиншек жетеп келди, түпәләм! Усы бийшаралардың қуўанғанын көриў—ҳәм маған қуўаныш!» деди өзине өзи ҳәм Орынгүлге:

— Сизлер от жағаман, оннан атлатаман дегенше мен үйге бир кирип шығайынш, қапы ашық қалып еди, — деп жүре бергенде:

— Келиншектиң бетине ақ салынады, Айбөре-ек!— деди изинен даўысының барғанынша бақырып —Мурындық енеси өзиңнен басқа ки—им!!

Айбөректиң баласы Темирхан менен қызын зорлап кеткели, дым билмегендей өткен сәне менен балаларын қашырып жибергели ишинен шыққан ҳәўир жуқа ләплерин қақ-қақ айырып, басы жеңшилип жыландай түни менен таўланып, күни менен ойланып, қалай өш аларын билмей сонда да Айбөрекке сыр бермей жүрген Орынгүлдиң Айбөректи көрерге көзи жоқ, Турсын жуўырып барған соң келе қойып еди, мына жақтан салланыпдоланып, Айбөрек те келип қалды, кери кетиўдиң иретин таппады, бирақ қол алысып көриспеди, лийкин, кисиниң жақсы исиниң үстинде шәйнасыў қыйын, ашыўын «шығындар етип алайын» деди ме, ҳеш ким менен ойласпастан кек еткендей етип: «мурындық енеси өзиң!» дей қойып еди, «душпанымнан басылмайын» деди ме, Айбөрек те бир потнасты үйип «Қарақум» шоколадын алып келип:

— Мынаны услай турш, қызымның бетине ақ салайын!—деп, Орынгүлдиң өзине услатты. Соң қолтығына қысып келген он еки шереклик, алтын сым өткерилген японның жасыл гежисин қызының басына бүркеди, тағы сондай он еки шереклик, бир гүли жоқ, шашағы солқылдаған ақ грепдешен өрайпекти япон өрейпегин:

— Өйппей, мийим қурысын, мынаның астында қалыўы ...ек екен-аў!—деп, шешип алып, соның астына ақ ...йпектиң бир ушын салды, үстинен япон өрейпегин ...дан бүркеди, соның арасынша Тәңирберген Шаб...ның өзинен-ҳәм шаққан, өзинен-ҳәм уста ҳәм ш...сымақ, өткен жылы түйетаўық урлап, усланып

қалған, ҳәзир онынщыны питкерип, кириў экзаменинен қулап қалған баласы:

— Кишем алмадай жемисли ҳәм қартаймайтуғын қызыл жүзли болсын!—деп қашшан таярлап таслаған алма шыбығына ақ грипдешен өрайпектиң екинши ушын байлады. Дәнияр Әжептәўировтың сүйеги шыққан соң «қақ ўай - ўайын» өтирикли-ырaслы болса да берип. қайтқан қатынлар да бул шоғырға қайырылып қосыла берди. Өтенниң ҳаялы:

— Ҳә тақылдақ бала, ешейинде шайырың шығып тықылдап тынбайсаң, не, бүгин аўзыңа қатық уйттың ба?!—деп еди, изин басқа ҳаяллар алып кетти. Тәңирбергенниң тақылдағы даўыс берип атырғандай қолын жоқары көтерип:

— Тише—ее, жолдас қатынлар, жеңгелер ҳәм мадамлаарр! — деп бақырып жиберди. — Творчество деген бул тынышлықты талап етеди, ал сизлер болсаңыз теңизде ескексиз ығып баратырған кемедеги жесирлердей шуўласа бересиз! Ақыры, дайте мне подумать!

Ғаўыр-ғаўырдың соңы тым-тырысланды. Бала жигит зәрре ойланғансыды да:

— Айбөрек кишем пул түйиўди умытты! Солай ма Орынгүл кише!—деди күлип. —Я түйди ме!

— Айбөрек кишең усақ таба алмай тур!

Орынгүлдиң сазырайып айтқан мына гәпи батып кеткен Айбөрек өз жағасына өзи қолды урып жиберди де емшек қаптың ишинен бир жүзликти шығарып ҳәмме көриўи ушын жоқары көтерди:

— Маған усақтың кереги жо-ғаў! Қуўаныштан албырап, тарса есимнен шығыпты, —деди ҳәм салтанат пенен ақ өрейпектиң ушына жүзликти түйди, сазырайып қалған Орынгүлге жылт-жылт қарап-қарап түйди түйгенде де. «Усындай байлардан қалай ғана қыз ғанамның өшин аларман—әәәй!» деген бир сырнығыс Орынгүлдиң әри ғәзепли, әри ғамгүн жүрегин қара пышықтай тырналар еди, сонда да: «Сөйтпесек жортамысаң!» деп, жортаға күлди. Ҳаяллардың усындай ишинен жылап турып-әм жүзин күлдире алатуғын қәсийетине ҳайрансаң-дә!

Тәңирбергенниң тақылдағы бет ашарды қалтасынан қарманып атпады, сонындай—ақ ҳеш жаңалық та айтпады. Қәдимги, Рам шайырдың аўылма-аўыл, тоймa-той айтыла-айтыла ҳәммеге яд болып қалған, жаңа

түскен келиншекке айтылатуғын ақыл - нәсийҳат сөзлерин намасына салып шубыртты, айтқанда да йошып айтты, анда-санда ядынан-әм қосып айтты, қара ала жыландай қара ала жүзлик йоштырмай қойсын ба, Нурлепес қусағанлардың бир нешше айлық пенсиясы бул!

Ата-анаға берилетуғын сәлемдеги айтымлар да рамшаланды. Нәўбет қоңсы-қобаға қарағанда, баланың шайырлығы жүзеге шыға баслады ма, бет ашарының рәмәўизи, сөзлери өзгериўге қарады. «Елтири тонның жағасы, Елиң-журттың ағасы», деп басланғаны менен Әмирханға айтылған бәйиттиң изи «нилдей айнып» кетти:

«... Шарбағы бәлент пақшалы,
Миллионнан асқан ақшалы,
Тиллә насыбай шақшалы,
Урып жығар параға,
Адам салмас араға,
Қойға толы қорасы,
Дүканшы қызлардың қоразы,
Мынаў турған кишемлердиң,
Ең сулыўларының жорасы,
Әмирхан деген қайнағаң,
Оған бериң бир сәле - еемм!...

— Ҳә қыршын, қайсысымызды қойнынан суўырып алып един! Атын неге айтпайсаң сөзген мәрт болсаң!!

— Қойса, Орынгүл, бала сөздиң жүйи келген соң бир айтты-дә!

— Сен сөйлеме, Айбөрек, тисим қышыйды!..

Ҳаяллардың гәпин өрис алдырмаў ушын-ақ Тәңирбергенниң тақылдағы келиншекти жөнлеп ийилдирмей-ақ барлық шаўқымды басарлық бар даўысы менен даўам етип жиберди:

«Горсоветтиң тазысы,
«Ақ тубаның» қазысы,
Анда-санда сөзиниң,
Ырас шығады базысы,
Домалақ арза тасыған,
Қышымаған жерди қасыған,
Аўызы арақ сасыған,
Гүлимбай деген ҳәким бар,
Бермей көр қәне бир сәле-ем!...

— Баплады Гүлимбайды!!!

— Қойып тур, ҳәзир бәримизди де баплай жақ!

— Туўара қойса, ҳа бала!

— Ҳе, қыпығың бар ма, Айбөрек кише-е!

— Қыпығым жо-ғаў, қызымның аяғы талып кетти.

— Яқшы—ы, онда ҳәзир Сизге ийилдиремиз де доғарамыз:

«...Кисисиниң күйеўи,
Шаңарағының сүйеўи,
Бул - ҳәм бәлент пақшалы,
Әмирханнан - ҳәм ақшалы,
«Ақ тубаға» жарасқан,
Жоқ - жуқаға қарасқан,
Сақыйлықтан кеми жоқ,
Кейўанылықтан теңи жоқ,
Айбөректей Ай енең,
Оған да бер бир сәле - ем!..

— Жүзликтиң мақтатыўын қара сен!

— Сонда неге сен жүз еллини түйе коймадың!—деп бир күлди де Тәңирбергенниң тақылдағы сөзиниң жуўабын күтпестен «тойларға тойлар уласа берсин» деген сыяқлы шубырынды қатарлар менен қатым етип, бетин аща жақ еди:

— Ҳа бала, ашпа,—деп даўыслады Орынгүл. —Билмеймисең, ишке бети ашылмай киргизиледи.

— Еле солай екен аў! —Бала ҳәр жерде бир қуўақы гәп, ҳәр жерде бир шуўмақ бет ашар менен келиншекти ийилдирип, отқа жақынлатты да шыбығын ақтан суўырып алып, бир кишкене балаға:

— Мә, тайыншақ қылып шап! Келиншектиң тайдай шапқыласқан ул балалары көп болсын, әўмийин!—деп берип жиберди.

«Ал—ҳа, оттан атлатамыз!» деп лалаўласқанға: «Бир пәтте жантақ, я бир баў боянды жағып, «ал, атла!» десе қәйтемен, көйлегимниң етегин күйдирип, масқара боларман—аў! деген уўайым ишин қалтыратқан келиншек қаластырылып, май тамызылған жалыны еки ғана тилли кишкене еки жаңқа тақтадан емин-еркин. жүрип баратырып атлап өткеннен соң барып өзин еңсесинен зил түскендей сезди.

Еки жағындағы ҳаяллардың билегинен сәл басып:

— Еңкейип түскен есигиң өмирлик болсын, келиншек!...

— Пешанаңды тийгиз, келин,..

— Ҳақ деп көкирегиңди аллаға бер, ең жақсы тилеклериңди тиле—деген ғаўырлылары жүрегин жибитип

жибергенлиги соншелли, келиншектиң көзине «лық» етип келген жасы босағаға тамды. Қызлар қашшан сорасып, атын билип алған:

— Ҳаў, Мәнигүл кишем жылап тур ма!..

— Ееле көрерсизлер, өз есигиңнен шығып, ата-анаңнан бир өмирге айра түсип, кисиниң есигине түсиў аңсат па, қашың жолдан шәйтанлар!

— Баяғының қызлары:

«Өз атамның есиги жупар есик, ҳәўжар,
Кирсем-шықсам шашымды сыйпар есик, ҳәўжар,
Қайынатамның есиги шеңгел есик, ҳәўжар,
Кирсем—шықсам шашымды тырнар есик, ҳәўжар!..»

деп «Ҳәўжар» айтатуғын еди, ҳәзиргиниң тоқалақ баслары оны да умытты. Есигинен қақаңлап шығып, қайын атасының есигине сүўмеңлеп кирип бара береди!..

— Қапылтпаш Орынгүл! Бул келин де қамсығып атыр ғой, өкирсин бе енди! Анаў кимниң келининдей, машиннан түспей сәдделеп, ис өкше туфлийиның өкшеси менен биреўимиздиң маңлайымызға «ғырш» еттирсин бе!!

— Қудайым, қояғөр—әәй, Халмуратовтың келинин айтамысаң, қудай ондайдан сақласын!...

Усындай қыйлы-қыйлы гәплер, ғаўыр-ғаўыр менен келин ишкерилендирилди. Еплеклеп Нурлепес байғус жетип келди, қуўанғанынан жылап жүр, көкнаршыларына бала жуўыртып атыр. Кеште бул қәрада көкнаршылардың үлкен көкнар езискен шыйқылдаспағы бола жағын байқаған байқады, байқамаған байқамады. Бундай ўақытта үйдеги еки пияншик Нөкер Ниязович пенен Сийсенниң қәдири өтеди, олар усындайда мудамы зым-ғайып, көптен бери жоқ, өли-тирисин де ҳеш ким билмейди, сирә «көрдим-билдим» ҳәм адам жоқ, солар болғанда: «бир қой таўып келиң» деп, Ҳәзиреттиң Әмирханнан алып берген пулының ушынан бир неме берип, Берикбай қазаққа жибермекши еди. Қостаңлап келген Әмирхан Нурлепестиң мүшкилин бирден жеңиллестирип жиберди. «Қутлы болсын, көз айдыннан» кейин ең биринши Айбөректи шақырып, үйдиң қасындағы тақта дүканға жиберди:

— Мени айтты де, алынған затты хатқа түсирип, жибере берсин, есабын соң беремен!

Екинши Тәңирбергенниң тақылдағына Тәңирбергенди шақыртты да: «Берикбай қазаққа бар, мени айтты де,

бир манат пенен қайырлассын да семиз қой берип жиберсин!» деп жуўыртты.

Үшинши жумысы, бул ўақытлары тақта дүканнан айналып келген Айбөректи қасына шақырып:

— Жердаштың машинасын минесең де шыт-шүберегин сен питкересең,—деди. —Бул ғарриптиң тойын бир тойға қусатайық!..

— Жақ, жақ, шырағым! Қолын көлегейледи ғарры. — «Ақ тубада» арысландай азамат қулап атыр, Дәниярдың бала-шағасының да кеўили бар, қазан садақа дәрежесинде ғана өткере қойың, кеўлиңизге ырзаман!

Бай-боой, еле аўылда аза бар екен - аў!—Әмирхан бирден көнди. —Еле оянғын умытқан екенбиз! Ырасында да уят болады, онда арақ алдырмаймыз, бақсы айттырмаймыз...

— Яқ-яқ-яқ, айтагөрмең! Тек маған алыстағы ағайин айтыўсыз қалмаса болды.

— Сол ағайинлериңди онда бир дәптерге жаздыр, ҳәммесине бир өзим айтыўшы болман!—дегенинде бир адам-да буған исенген жоқ еди.

Тойдың күни белгиленди: киятырған базардан бурынғы күн, оған еле еки күн бар. Нурлепес әбден пошалады: «Бай-баай, хабарщы бараман дегенше-ақ өтип кетеди ол күн!...»

— Сен тәшўишленбе, Нуреке! —Әмирхан алақанын тосты. Хабарды бәрине тап усы бүгин түни менен жеткеремен!

— Иләйым, берекет тап!—дегени менен Нурлепес бул гәпке исенген жоқ: «Мойнақ қайда, Қоңырат қайда, Шаббаз қайда, Тахта қайда!»

Дәптердеги дизим узаққа созылмады. Нурқасым әкеси менен Әмирханның алдында оқып берди:

— Бай-бай, балам, Төрткүлдеги Атабаба қул жорам еди, сол жоқ. «Жаңа базардағы» Мәтек дайың менен, анаў жаңа жаманшаның аты ким еди, сен тап...

— Бекполат.

— Әне, сол жоқ, бай-бааай!

— Сен, бала,—Әмирхан нықлады.—Мәкан жайын, бригадасын, жай нәўмирин, ең болмаса көшесин дәлмедәл жаздың ба!

— Дурыс жаздым.

— Тағы көшеме-көше, аўылма-аўыл қаңғырып жүрмеймиз бе!

— Жақ, аға, өзим шофер болғаннан соң бәриникине де барып жүрмен.

— Онда болыпты, умытылғанларды жаз да дәптерди маған бер!

Бәри Әмирханның ҳәмириндегидей исленди. Әмирхан дәптерди қойын қалтасына тықты да:

— Ал, биз айтыўшылыққа кеттик, басқа жағын Гүлимбайға тапсыр, мени «айтты» де!—деп, шығып кетти.

Әмирхан кеште аўқатқа келген жоқ, Нурлепести шақыртты:

— Биз ҳәммесин беш етип қайттық, аға!

— О қалай, үйдесең ғой!

— МВДға бардым, жорам-ғо! Дәптерди бердим. «Мынаў адамларға срочно айттырыў керек» дедим. Штаб начальнигин шақырды да қолына берди: «Барлық милиция начальниклерине хабарла, мына адамларға машина, мотоциклли милицияларын жиберип, хабарласын, субботада тойы, шала қалмасын, айтыўшы мениң өзиммен!» деди, тамам...

— Қудайым, берекет тап...

— Бизлер ярым саат ўарсақы айтысып отыраман дегенше-ақ штаб начальниги: «бәрине адам жиберилди! деп, баянлап кетти. Ҳәзир ҳәр ағайиниңниң үйине бир милиционер барып атыр, зәрреси қалмас!

— Иләйым, бахтың жатпасын, иним, өмиринше қуллығыңа барман!

Ырасында да тойдан бир күн бурын-ақ алыстағы ағайинлер келе баслады, ал шемби күнги тойда олардың басы толық жәмленди. Ири мал да сойылды, Мәнигүлдиң төс жибергендей ата-анасы да жоқ екен байғустың, жетим қалып, бир жийен ағасының үйинде өсипти, сол кәрада Нурқасымдай болып ҳәрекетленген. Ҳеш доктордан шыпа таппаған соң Ҳәзиретке апарып таслаған, қыздың бар ықтыярын да соған берген. Соның ушын-ҳәм Ҳәзиреттиң тойға келиўи үлкен салтанат болды, айтыўшылыққа да басқа емес Жердаш жиберилди. Зарымбет молла дегенлериң жап-жас баланың алдында жумаланып кетти. Қонақ жерге Әмирхан өз үйин таярлатып еди:

— Кеўлиңизге ырзаман, еле тойларыңыз көп болады ғой, сонда сизикине-ҳәм барармыз иншалла, бу-

ғинше мына Зарымбет ағаникине бара қояйын, көрмегениме көп жыллар болып еди,—деп барып, мал да сойғызбады, гелле тойханадан келди, сөйтти де қайтты. Сонда да Мәнигүлдиң жийен ағасыникине төс жибертип кетти.

Тойдан соң, «Чайкаға» минип емес, ешейин жеңил машиналарға минип-ақ бир топар жаслардың хошаметлеўи менен барып, Мәнигүл екеўи ЗАГСтен өтип қайтты. Сол жердегилердиң, яғный тойханадағы законшылардың айтыўына қарағанда: «Ҳәзиреттиң қыйып жиберген некасы юридикалық күшке ийе емес!» Буларға, бул ғана сорлыларға юридикалық күшли неканың неге кереги бар еди! Өкинди-аў соң, өкинди-аў! Себеби, әкесиниң инвалид болыўына байланыслы Нурқасым әскерликтен қалып жүрип еди-дә! Қара гүзде хызметке шақырылды, ҳеш қандай қағаз-пағаз тыңланбады, ҳәтте, Әмирханның да қатереси жүрмей қалды, бала ерли-зайыплылықтың қызығын көрмей, палдан питегене татып, кетти-дә барды! Аздан соң: «Аўғанның шегарасында ойнап атырмыз. Аўғанстанға жибермесе болар еди!..» деген хат келди. Буған Нурлепес: «Баламыз мусылманлардың ата мәканына барып, Қасийетли Кәәбаға бир адым болса да жақынлап, нағыз молла болып келсе болар!» деп қуўанды ҳәм Мәнигүлге айтып отырып: «Аўғанға жиберер болса ҳәргиз қала гөрме балам», дегизип хат салды.

## 24

Физикалық тәрбия факультетиниң соңғы курсинде оқып атырған, жеңил атлетика, каратэ бойынша Нөкис түўе жоқары қалалардағы жарысларда жикти айырып шығып жүрген қызының бурынғыдай кеўил күйи жоқ: ийнеликтей қанатлап, Қызкеткен, «Ақ туба» бойларында бурынғыдай жуўырып жүрип қосық айтпайды, аўылдың майда суўмурынларына бурынғыдай «Айгөлек» ойнатып, гә еки қолынан услап, шыргүбелек айналдырып, «жорта пиян» етип ойнамады, күлмейди, жөнли ишпейди, жемейди, бурынғыдай шыныгыўларын да жасамайды. Төрги жайға кирип кетип, бир нәрселерди жазып отырады, жылап отырып жазады, үстине биреў кирип қалса көз жасынан да бурын дәрриў қағазын жасырады.

Айтбай әри пушық, әри сол қолы қамшыдай шо-

лақ, урыста сондай болған, айттырып келип, ата-анасы келисим бергенинде өзи класында сүйген, қыз күнин де өз ықтыяры, өз сағынышы менен берген жигитине Орынгүл үсейтип, жылап отырып талай-талай хатлар жазып еди, тағдийр үстем шығып, айдай нашар усы пушыққа кетти де барды. Қызының жылап хат жазып отырғанларын, өзи кирсе жасырғанларын дәслепки көргенинде: «қызым бир сырғыядан бапланып қалған болмаса болар еди! Онда түскен жеринде жеңгелери ақ төсегенде өзимдей масқара бола ма, не қылады! Бунық күйеўи бизиң пушықтай арсыз болса не жақсы, арлы болса сол ўақытта шермендемизди шығарып, үйге әкелип таслайды-аў! Оны көргеннен өлгеним жақсы, қудайым, сондай сырғыялардан сақла қызымды!» деп қәўетерленди, қорқты, лийкин, «өзи бир жағына шықсын» деп, қызына аўыз ашпады.

Қызы тез арада бир жағына шыға қоймады, қайта хатларды жазып-жазып, бир жақларға барып жүреди, сөйлеспейди ҳеш ким менен, тымырық. Бир күни талапты қойып аңлыды қызын, тереклердиң тасасы менен узақтан бақлап бара берди. Қызы милицияханаға киргенде «бул каратистпен» деп жүрип бирсўди өлтирип қойған шығар, бир урса өледи» дейди-ғо!» деген ойы жүрегин суўлатып, диңке-димарын қурытып таслады. Қыз шықты, тағы узақтан ерип отырды. Қыз прокуратураға кирип кетти, бул радиокомитет пенен «ВЛКСМ» мектебиниң арасындағы терекликтен сығалап қалды.

Қыз кирген жеринде көп егленбейди, жулқынып киреди де ярым саатлардан кейин орамалы менен көзин сүртип, жылап шығады. «Бул адам өлтирмеген!—деген ойы қуўантты Орынгүлди, қызы прокуратурадан көп кешикпей жылап шыққанында. — Адам өлтиргенинде қашшан қамайды, қоймайды буны бүйтип!..» «Тап, усының өзин бир бәле қылып кеткен жоқпекен!.. Жақ-ақ, мениң қызым бир-еки жигитти жалпағына салады!.. Арақ иштирсе-ше!.. «Әне, усы ойы қалтыратпа тийгизди Орынгүлге.

Қызы үйине қайтты, бул да изинен ерди, енди бой тасаламады, қатты-қатты жүрди, анық жеткермесин билген соң обкомның имәратының алдында даўыслламақшы еди, писин қурытып, қыз обкомға кирип кетти, ҳаялы баслығы ишке кеткен шоферлар саялап отыра-

туғын түби газонлы қойыў терекликтиң астында тағы қызын күтти, қызы тағы жылап шықты. «Буған бир гәп болған! Тап, мен билсем, бир нәрсени дәреклесип жүр усы қыз!...» Жан ушыра жуўырмады, шаққан-шаққан жүрди, анық жете алмасын билген соң спортдүканның тусында:

— Тоқта-а, Бийбираба!—деп даўыслады. Қыз артына жалт қарады да анасын көрип еңиреп жиберди, анасының жеткенинше тақаты жоқ:

— *Не болып, қалды, қулыны-ым! Азаннан бери изиңде* жүрмен ғой!

Өткиншилерден-ҳәм уялған жоқ, қыз анасының омыраўына басын қойып еңирей берди, еңирей берди, өткиншилерден-ҳәм уялған жоқ:

— Бул дүньяда ҳақыйқатлық жоқ екен, апа-а! Жаўызлық бар!..

— Қой, қой, жылама қызым,—деп жалынғаны менен Орынгүлдиң өзи жылап тур, адамлар жыйнала баслады, булар кетип қалды.

Үйге шекем қыз ләм-мийин, ҳеш нәрсе демеди, үйге келген соң қапыларды иштен илип, перделерди түсирип, әйўанда отырып, анасына болған ҳәдийселердиң бәрин жылап-сықлап, өз маңлайына өзи мушлап, айтып шықты. Бурынғы жылаў жылаў ма, еки қатын адам өлгендей қушақласып отырып жылады. Қапы дүкилдеди. Екеўи еки жерди көз жасларын сыпырып, солығы басылмай-ақ есикти ашты. Әкеси Айтбай екен:

— Жаным қалмады-ғо! Бул не, аманлық па!!

Қызы шалғышын бетине басып, ишки жайға кирип кетти. Әкеси әйўанның ортасында зеңирейди. Анасы өзиниң бети-жүзин сүлги менен сыпырынып:

— Аманлық емес,—деди, бети суп-сур ҳаялдың көзинен жас та шықпай қалған, мурынының тесиклери үлкейип, еки танаўы шедирейген.— Бирақ сен өзиңди бас, меннен қалайсаң, шешин, чай қояман...

— Ҳе-ее айтсаң-әә ийегимнен жаным шығып кетсе де!

— Қурып қалдық, несин айтаман!..

— Айт дейме-ен!!

— Қызымыз зорланыпты, хорланыпты, бир емес, еки жүўернемек!..

Әкеси сылқ етип, сыпаға отырды. Шешеси суўық суўға дәри тамызып ишкизди ҳәм қолтығынан сүйеп,

төрге шығарып отырғызды да еки мақбал көпшик таслады. Бул адам соннан қайтып үндемеди. Алдына чай қойылды, чай қайтарылды, кеса усынылды. Бир кеса ишип болып:

— Кимле-ер!—деди сыбырланса да нық сөйлеп.

— Мына еки байдың урныққыры!..

— Әкеңниң... Бир мылтық тауып, атып қайтсамбекен шетинен!!

— Оның менен не жараң питеди, қыз бәри бир, жараланды, ол жара өмир бойы питпейди. Оннанша алдына барайық, қояйық уятты! Бул ҳәдийсе ҳеш кимниң тисинен шықпасын, абырайыңды ойла, өзлери майырды, биреуи алсын, арсынбайық шабазым, қыздың абырайын ойла!...

Гәп-сөз сол. Кеште ҳаялы екеуи тиртеклесип, төрги жайдың диван-кәтинде шалқасына жатқан Әмирханның үстине киргизилди. Екеуи еки жерде қулдай жүгинип отырып, арызларын айтты.

— Өтир-ик! Мениң балам ҳәдийсе болмастан бир күн алдын Ташкентке кеткен! Өзлериңиз ойланып көриң, Ташкенттеги бала Ташкентте турып, буяқтағы қызды зорлай ма!!

— Солай оформить еткенсиздағы ҳүжжетлерди! Оны билеми-из!..

— Билсең билгениңнен қалма! Қызыңды зорлаған адамына апар!..

Екеуи бирден қыйыратылып шығып, Жердашқа келип те усы сөзди еситпегени менен усыған тақаббил сөз еситип, жер менен жексен болып, үйине қайтты.

Таң атты. Түни менен де қызының қасында жатып еди, күни менен де изинен қалған жоқ анасы, кирсе кирди, шықса шықты, ҳәтте НГУ ға да бирге ерип кетип, бирге қайтты. Айтары, жалынары-жалпаяры тек: «Душпанның үстине шығаман десең, жаныңа қаст етпе, жасауға тырыс! Әкең бүгиннен баслап киристи, арын алмай коймайды!..»

Төрги жайға кирип алып, қарақалпақша сөз ҳеш жерде жүрмейтуғын болған соң орысшалап Айтбай жазыуға қарады, басқа талапты қойды, үйге де, малҳалға да қарамайды, салық қағазларының да дағытылғаны дағытылды, дағытылмағаны папкасында. Кеште ҳаялына:

— Мынаңқара!—деп көрсетти бир қағазды.—Бреж-

невке жазған арзам Рашидовке келипти! Бул жердегилер, ал енди қай тесикке тығылар екен!

Рашидовке жиберилген арзасы обкомға жиберилгенин хабарлаған хат келди. Буған да қуўанды бул байғус.

Әне, усы күнлери прокурордан Әмирханға қоңыраў урылды.

«Волгасын» прокуратураның алдына қаңтарып қойып кирди.

— Әкесин тынышласаңшы, ис көтерилип кетер! «Яқшы» де, «бала келе берсин, көндиремиз» де, сол бир адамды алдаў қолыңнан келмей ме! Пул бер, «мынаў қалың ушынан өткерип қойғаным!» де. Балаларыңыздың изинен барып даўласса-ғо, ол жердеги юристлер ҳәм ақымақ емес, бәримизге сабақ берген профессорлар, ишинде не бир профессионаллары бар, исти дәрҳал түсинеди де өзлери араласып-ақ кеселиңди айырып таслайды, питкерейин деп турғанда балаң оқыўдан айдалады, бул бир, ТашГУдиң юристлери араласса кеселиңди-ҳәм қоздырып жибереди, бул еки, үшиншисин айтпайман!—деди ол жердеги қол жапқышы. Тап усы гәп Жердашқа да айтылды. Еки жигиттиң әкеси намазшамда табысып, сыбырласып-сыбырласып сөйлести. Соң екеўи биригип, Айтбайдың үйине барды. Бул екеўиниң не қылып жүргенинен бул Айтбайдың дым хабары жоқ. Дәлбиреклеп, төрги жайына төсек салдырды. Лийкин, келгенлер асығыс екен, отырмады, нан аўыз тийди.

— Болмас органа болған екен,—деди Жердаш мүсәпирсип.—Қудай салды биз көндик. Бийбираба жанды мынаў яшуллы екеўимиздиң биреўимиз келин етип түсиремиз, бирақ бул исти балалар келмей турып ислей алмаймыз ғой, балалар келе берсин, сениң қызың ҳәм оқыўын питкере берсин, төрт көз түўел отырып шешемиз-ғо бул мәселени, соған шекем шаңғыта бермесе, аға!..

Әмирхан да усы мазмундағы гәпти тәкирарлады. Айтбайдың алдына Әмирхан қалтасындағы бериў ушын салып келген бир пачка елиўлигин қоймақшы болып турды да: «онда қыз мениң баламның мойынына шөгип қалар, бул нашарды айтыўына қарағанда Бердаш та көрген, өмиринше баламды табалаў менен жүрер, не де болса Бердашқа илдирилсин!» деген ойы суққан

қолын қойынынан суўыртты. Пул Жердашта да бар еди: «екеўлеп барғанын Бердаш ала қоймас, машинасына миндирген өзи: Көлге алып барған өзи, Темирханның өзи алсын!» деген ой менен ол да пулын шығармады. Ким пул шығарса: «өзим келин етип аламан!» дегенди аңлататуғыны, биринши пул шығарса екиншисиниң пул шығарыўының кереги жоқлығын бул екеўи де аңламастай ақымақлар емес, лийкин, қандай пул берилсе де «аўзын жумады-ғо» деп ойлап еди прокурор.

Мийманлар қыздың абырайын төге бермеўин, «еки туўып бир қалғанына да тис жарып, тигислигин билдирмеўди зинҳарлап» шығып кеткен соң ҳаялы менен қызының қасына келип, уҳҳ тартты да:

— Екеўиниң биреўи алатуғын болды-ы!—деди. Қуўанар деген қызы сол ўақыттың өзинде-ақ айға шапшыды:

— Мен екеўине де тиймеймен! Егер ҳүкиўмет арымды алып бермесе, арымды өзим аламан!

— Қәйти-ип!!—Таңланды Айтбай. —Күшлиниң үйи күйси-ин!..

— Екеўин-ҳәм өлтиремен, екеўин-ҳәмм!..

— Қойсаңә!—Анасы бақырып жиберди.— Өлтирсең сол күни неге өлтирмедиң!...

Бийбираба ишке жылап кирип кетти, булар әйўанда, сам-саз...

## 25

Тойдан кейин көп узамай-ақ Орынгүл келип:

— Мына ширкинниң тилиниң де, көзиниң де дуўасы бар,—деп сыбырлады Нәзигүлдиң қулағына, Әмирханның үйин бармағы менен силтеп.-Ҳәргиз, келиниңди хызметине жибере гөрме! «Таза келинниң хызметин көрейик, қонақ келип еди, азмаз көмеклесип кетсинш,» деп, ҳаялының өзи-ақ сорап келеди екен де байына шығарып береди екен,—деди Нәзигүлдиң жүрегин суўлатып.—Усы аўылдағы таза түскен келиншеклердиң «Әмирханның есабынан өтпегени жоқ» деседи журт, халық бир нәрсени билетуғын шыға-ар!..

— Журт деген айта береди, әкесиндей адам, уялмай ма! Кисиниң гүнасына батпа өйтип! О дүньяңды да ойла-а!—деп қалғалы Нәзигүл келинине сақ. Бала

сы әскерликке кеткели бул сақлық бес есе күшейди. Дурыс, Әмирхан бир мәрте ҳаялынан емес, Нурлепестиң өзинен: «келинди бир жиберип ал, ҳаялға көмеклессин, манты жегим келип атыр», деп жиберген екен, «келинниң өз жумысы басынан асып атыр, колхоздың баслығындай, сөйтип миннетлеме алып келгенинди қой!» деп, өмирде даўыс көтермеген ғаррысына да бақырып таслады.

Нурқасым әскерликке кеткен соң тағы бир мәрте шақыртып еди:

— Келин өз жумысы менен бола берсин, мен деген аўқатқа келиннен де шебермен,—деп өзи барды. Шынында да Нәзигүлдиң аўқатқа шебери шебер, бирақ сол күни соқыр ҳаялдың ақ басқан алақ көзлеринен жеркенип-ақ Әмирхан асқан аўқатынан шертип аўзына салмай, соң ҳаялына колбаса қуўыртып жеп жатты.

Тағы бир шақырғанында тағы Нәзигүлдиң өзи барды, тағы бирде тағы! Ақыры, Әмирхан бул үйдиң келинин хызметке шақырыўды кесгеллем қойды. Орынгүл Мәнигүлге де Әмирханды барлық қорқынышы менен жеткерип таслаған екен, сораўдан: «өзиң бара ғой, ене!» деп, азар-безери шығады, барса қулағын кесип алып қалатуғындай қорқады. Нәзигүл де келининиң бунысына күтә ыразы! Тек бунысы ғана емес, Мәнигүлдиң барлық отырыс-турыс, қақаң-соқаңсызлығы менен де, намаз оқыйтуғынлығы, ата-енесине таңнан турып, тәҳрет суў жылытып қойыўы менен де унап қалды. «Мениң келинимдей мақсым келин бул Нөкисиңизде жоқ, кимниң келини бес ўақ намазын тасламай жүр, еситкен-билген жериңиз болса айтың, яқшы!» деп мақтанып отырады келген-кеткен, жолда-ақ жолдас болған ҳаялларына. Әмирханның өзи жоқта келип, «дуўалап кетиўинен» қорқатуғынлығы соншелли, бир лазымға барар болса да дәстурханын көтертип, қасынан қалдырмайды. Барған жеринде аўқаттан соң топлым ҳаялларды ортасында:

— Ҳаят оқып жибер, келин,—деп, қуран оқытып, басқа қатынларға, әсиресе келинлери тоқалақ бас, аўызы бояўлы қатынларға «әне көрдиңиз бе!» дегендей соқыр көзин бақырайтып отырады.

Нурлепестиң де жүрген жеринде мақтағаны—келини: «Қудайдың өзи жарылқап жеткизди биз ғәриплер-

ге! Бес ўақ намазын тасламайды, тәҳрет суўым жылытыўлы, орнымнан турыўдан ушып турып, геўишимди қояды, бети-қол жуўсам, сүлгисин усынып, қасымда турады балам байғус!

— Ўааа, ол келин бәримизге де рәҳәт берип тур!— Жәлимбет бақыраўық мақуллайды оны.—Дуньяда көкнаршының бабын табыў қыйын, тап усы мынаў отырған Тәжимураттың, анаў Хожамберген пушықтың, қулласы, бәримиздиң дийдимизден шығады-аў, мусылманның баласы! Сирә бир адам қусап қабақ шытқан, қатын қусап тоңқылданғанын көрген-билгенлериң бар ма қәне!!

— Ўәй, я-ға! Обалы неге керек, бир Нурлепес емес, биз барлық нәшебентлер келиннен жалшып қалдық!..

— Тәжеке-е,—көзиниң қырын салып, Жәлимбет бақыраўық Тәжимурат ғаррыға қынаны басады. —Тасқылық жандағы келиннен қалай!

— Несин сорап отырсаң оның! Билесең ғой өзиң, я жараға дуз себиў пешең бе!! Бизиң келинлерди ийт емизип, ийт тәрбиялаған!

— Ата-анасына тил тийгизбе, онда не гина бар.

— Жа-ақ, гинаның бәри соларда! «Анасын көрип қызын ал, табағын көрип асын иш», деген бар. Анасы яман бәдбақтың! Билемен, бала да яқшы көрмейди. Әмирхан машина менен әкеп таслаған күни бир қуўып салып еди. Биледи бәдбақ, баратуғын жерин! Атаназаров деген горкомға жылап барыпты. Ол да Тасқылық жанды шақырып алып, салыпты тақым бураўды!..

— Аппырмай, бала, кеңседе де тақым бураў сала ма екен!!!.

— Ўәй Жәлимбет, түсинбейсең-аў сен! Ҳәзир тақым бураўдың түри өзгерге-ең! «Қатын жиберетуғын болсаң партбилетти қой мына маңға,—депти столын шаппатлап.—Сөйт те жеңиллеў жумыс қыдыр, шықтың директорлықтан!..» Сөйткен де шығарып жиберген жайынан!

— Ҳаў, балаң ислеп атыр-ғо директор болып!..

— Бес мың манат пара менен Әмирханды араға салып, Әмирханға келинди қатереге жиберип, директорлығын зорға сақлап қалды! Соннан бери бизиң келин қашан көрсең Әмирханның үйиниң хызметинде! Мектебинен келеди де соныкине қайқаяды!..

— Әйтеўирде бизиң келинди хызметке шақырмайтуғын болды-аў!

— Шақырған менен-ҳәм Нәзигүл жибермейди екен-ғо! Сендеги келин қалай, Хожамберген!! Мүлгий бермей тик отырса!—деди тағы бир жақында қосылған ғарры. Булар Дәниярдың жүзинде Нурымбет машиншыникине киргизилип, көкнарға бөгип отырған «Ақ тубаның» биринен бири ажыралмайтуғын ҳәм үстине басқа адамды да алмайтуғын көкнаршылықтың классик ғаррылары еди. Өзи қосылғалы усы Хожамберген пушықтың үйинен чай ишип көрмеген соң, шынында да қолайлы болса, өзиниң келининдей болмаса сол қулағырдағы Нурлепестикинен жақын ғой, қасымызға тағы биреўин тапсақ Хожамбергендики болмай ма деген ойда сорады. Хожамберген пушық танаўын тартып:

— Журттың келинлери атасының сарқытын жейди, бизиң келин мен ишкен кесаны жуўып келмей чай ишпейди, уҳҳ!—деди, гүрсинди.—Үйим жағдайлы, келиним жайлы болғанда «Ақ тубаға» усы қыстың қыраўлы күнлеринде табаным қышып жүрген жоқ. Не болса муңласларым менен болайын деп, өңменимди сүйрепшыға беремен. Болмаса сен көшип келгели бир аўқат беретуғын ўақтым болды-ғо, соған сөзим жүрмейди! Мен қайтейин, бир мениң келиним емес, ел менен толы. Мен бәрин де кеширер едим-аў, мына милиция бүлдирип тур...

— Ҳе, о қалай!!

— Көзимниң ағыў-қарасындай жалғыз ғана баламғой, мынаў мениң қаңырап жүргенимди көрип: «ғаррыны неге үйде күтпейсең, аз да болса бир мәкемениң директерыман, абырайдан намыў-нышан қалмады-ғо албаслы!» деп, мениң көзимше-ақ айтып еди-аў, анаў жайға барып төбелесетуғынын қайдан билейин, белимди буўынып, Нурлепестикине шығып кете қойып едим. Қайтып барсам, келиним үйге киргизбейди, «ҳе, ол не!» десем, «бар, балаңның қасына барып жата ғой!» дейди, түри суп-сур. «Ҳа, яқшы, бала қайда!!» демеймисең. «Түрмеде!» дейди бети былш етпестен. Сөйтип сол ақшам сизикине барып қондымғо Нурлепес-аў, не дәртин сорайсаң! Больницада өмиринше бай алмай қырық бесинде байға тийип отырған бир зәкүншил апасы бар, соған барады, сол эксперт дегенге қағаз жаздырып алып береди де милицияға жибереди, ол

кәрада да бул ҳәйўанның бир ағасы милициянер! Дәрриў жиберипти изинен еки милицияны, қолын таўлап әкеткен! Енди «қыйт» етсе милицияға жуўырады да турады, баланы пышық етип қойыпты, әжапасы эксперттиң қағазын күни бурын таярлап қоя ма!!

— Ондай қатыннан қутылмақ керек, Хожеке,—деди жақында көшип келген ғарры.— Ақыры баланды қаматып тынады!

— Бай-баай, қоңсы, жақында келген соң билмейсең-аў! Ҳәзир «ким сүймесе қатынын үш талақ етсин, алимент алынбайды, партиядан шығарылмайды» десе мынаў Нөкисте қатын жибермеген бир басшы қалмас еди. Ҳәзир сүй, сүйме, коммунистлерге қатынларын партия қатын етип берип қойыпты. Жаңағы Тәжекеңниң баласындай бизиң бала да ер—тоқымы сыпырылып, сабаланып қуўылған цыганның ешегиндей партиядан, жумыстан қуўыламан ба деп қорқады, гәптиң шыны!..

— Ҳәзиргиниң балалары қалай-қалай болып баратыр өзи! Баяғылары бир, ийманы жүзли, кәтқуда, жасы—уллы, жасы кишиниң қадирин билетуғын жигитле-ер, Қумар аналықтай кейўаны келинлер болатуғын еди, солар қаяққа кетти, өзи! Не пейилимизден жазып қалдық, қайда қарасаң «ким сақласа сол сақласын!» деп, бала—шағасын, бас панасын таслап ажырасып баратырған төредей жигитле-ер...

— Кетпей не қылсын, үйлериндеги шүйке баслары мийлерин шуқый берсе! Ҳәммеге де ден саўлық керек, ҳәзир «қан басымы» деген кесел көбейип кетипти, соның көбисине үйдеги жәнжел себеп десип атыр...

— Бәрин айт та бирин айт, адамлар қудайын умытты!—деди Жәлимбеттиң жаңағы сөзине жуўап иретинде таза көшип келген ғарры.—Бурын биреў «иймансыз» десе жаны қалмайтуғын еди, ҳәзир бул сөзди келинлерден де, балалардан да күнде еситип жүрмиз, бетимиз «былш» етпейди! Неге былш етеди, шығарып қойыпты ўазшыларды аўылма-аўыл, үйме-үй, және олардың сол жүрисине пул да төлейди екен! Ол да аздай телевизор, радиодан қақсатып қойыпты: «қудай жоқ, о дүнья жоқ» дегизип! О дүнья болмаса, қудай болмаса, қыямет-қайым, онда саўал бериў, отлы гүрси менен урыў болмаса ҳаа ийманның неге кереги бар! Ҳәр ким қолынан келген бузықлығын қылып жүре береди, дийўалдың түбине шаппаттай қызлар туўып кетеди,

биреўдиң некалысына биреў қол салады, бурын бар-меди сондай, жоқ еди, себеби бурын о дүнья, қудай бар еди, солардың алдына барыўға нәресте күнинен тап сексен-тоқсанға шығып өлемен дегенше таярланатуғын еди бендеси—таярланғаны сол, ийман жыйнайды, қайыр-сақаўат ислейди, урлық-ғарлық қылмайды, атаға бала оқыйып қарамайды, келинлер яшуллының алдынан кесе өтпейди, ийманды сөйтип жыйнайды! Өзлериңиз-ақ айта қойың, тап усы ҳукуўмет келемен дегенше кисен қулыптан басқа үйлерде қулып болатуғынбеди, кисен қулып та тек атқа, ешекке урылатуғын еди. Шөллеген жолаўшылар үйдиң адамсыз болса да үйине кирип, айран-шалабыңнан ишип, тәңиржарылқасының айтып қапыңа ийт кирместей етип кете беретуғын еди! Ҳәзир бес өжирең болса бесеўиниң-ҳәм қапысында қулып бар-аў! Онда да советский ем-ес, английский! Бәри бир, бес қапыңды қулыплап кете ғой, сол бес қапыңды-ҳәм ашып, күппә-күндиз-ақ уры көтерип кете береди, бул не жигитлер,—деди ғаррыларға. —Бул заманның бузылғаны! Мен нешше жыл колхоз баслық болдым, партком болдым, оқыдым китапларды. Сол китаплардың биринде «ҳәр қандай адам өз заманының, өз жәмийетиниң зүрәҳәти, заманы қандай болса заманның туўған адамы да сондай,» дегенди оқып едим, бала. Усы күнлердеги бузықлықларды көрсем сол гәп есиме түсе береди...

— Атыңыз ким еди, умыттым-аў! —Жәлимбет басын қасыды.—Мий жоқ.

— Атым Палўанияз, лақабым темир қуйрық.

— «Темир қуйрығы» неси!

— «Темир қуйрық» десең арқаның бәри биледи...

— Ҳаўўа, ҳаўўа, еситкенимиз бар! «Ағаш қуйрық» деген де бар ма?

— Ондай да жигитлеримиз бар. Бизиң қуйрық онынкинен-ҳәм қатты болған соң «темир қуйрық» атанғанбыз!

— Сен не, «Ағаш қуйрық» пенен қуйрық урыстырып жеңип алдың ба бул атты!

— Жәлимбет жора, көп нәрседен хабарың жоқ екен! Ташкенттиң ешеги Нөкиске жетемен дегенше тулпарға айналып келип тебеди қуйрығына, Нөкистиң күшиги Тахтаға жетемен дегенше қасқырға айналып барады, бул да тислей ме қуйрықты, тислейди.

Әне сонда тис батпайтуғын, тепки өтпейтуғын қуйрығың болса, сол тепки менен тислеўлерге шыдасып ислесе берсең «ағаш қуйрық» та атанасаң, «темир қуйрық» та боласаң. Нәҳәнлердиң қамшысынан киши басшылардың қутылғанына еле көп жыл болған жоқ, бул бир, бурынлары тағылған лақапдә!

— Ал онда,—Жәлимбет көпшиктен омыраўын көтерип диянатлыланды. —Көпти көрген, әри бир ер жүрек жигит екенсең, соны саған қулақ-қағыс етип қоймасам болмас. Бердәмбет аға дегенимиз бар, Мәўлен сары деген-ҳәм келеди, солардың көзинше жаңағы: «заман бузылды» деген сөзди ҳәргиз тилиңе баса көрме! «Яшасын совет ҳүкимети, яшасын партия!» де, «Заман партияның басшылығында, Брежневтың басшылығында гүл жайнап баратыр» де, сөйдемей анаў гәпиңди айттың бар ғой, тип-тикке КГБға өзлери апарып тапсыра береди!..

— Қапы-ылт! Төрт ели түсир аспаңды! Ҳәзир ондай қалды.

— Жа-ақ!—Жәлимбет басын шайқады. — Қалған жоқ. Тап күни кеше Қумаўылдан биреў айдалды да кетти, бүгин атылған шыға-ар!..

— Қапы-ылт!..

Тәңирберген Шаббазов кирип келип, гәпти бөлип таслады: —Яшуллылар,—даўысы уяң ҳәм муңлы. — Дағысың, ҳәзир көкнар, арақ ишетуғын пайыт емес, ел басына үлкен қайғы түсти! Төрт мәрте Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы, Ленинлик сыйлықтың лауреаты, маршал, Генсек, бәршемиздиң қәдирдан атамыз Леонид Ильич Брежнеп дүньядан өтипти! Нөкис түўе «Ақ туба» аўылының «Ақ туба» атын көтерип ел болып отырғанымыз да соның арқасынан еди!—Даўысы дирилдеп, жылай жақ мынаў.—Енди халқымыз нешик кешеди!..

Ҳәмме сам-саз. Тек Палўанияз темир қуйрық ғана: «буннан он бес жыл бурын өлгенинде ел бундай булинбес еди-аў!» деди ишинен өзине өзи ҳәм сақалын қайырып жалмай берди, жалмай берди.

## 26

Нурлепестиң өз сөзи менен айтқанда «Социализмниң» жайларындай етип, тырнақсыз салған, қурым

басқан, айналары киши, ишлери мудамы геўгим тартып туратуғын, кешке таман-ақ иши қараңғыланып, сып-сыпласып жарқанатлар ушысып жүретуғын өжирелериниң иши қанша зериктирерлик болса. сырты да сонша зериктирерлик. Тырнақ салынбағанлықтан үстиңги гербишлердиң салмағына, сортаң жердиң ызғарына шыдамай қам гербиштен өрген тырнақлары әлле қашшан унырап, салынғанда бираз саўлатлы сарайдай көринген жай салынғалы өткен отызлаған жылдың ишинде-ақ, ызғары айна жайға шекем шапшып, сыбаўлары түсип, недәуир шөккен. Оның үстине самал қубладағы «Май колхоз» жақтан есе қойса «Ақ тубадағы» Қызкеткеннен «қол үзгели» үстин жап-жасыл бақатосқын қаплап кеткен сасық суўдың, қысы менен музында сиресип қатып атқан ийт, пышық, ешеклердиң бәҳәр шыққалы порсып кеткен өликлериниң бәд ийислерине биринши нәўбетте усы үйдиң өжирелерин, әйўанларын жайлатады. Айна, форточкаларын жаўса жаўа берсин, көптен бери сыбалмай, баяғы сыбаўларын да сел-жаңбыр шая-шая топанларын шығарып кеткен пақсалардағы дасқар шымшықлар уялап, палапанлары жырқылдасып атырған жарықлардың қай-қайсысынан кирген самал да «Ақ тубаның» сасық атмосферасына бул үйдегилерди ғарқ ете алады. Бул сасыққа сонша нәшебенттиң маңлайынан аяғының ушына шекем сорғалаған териниң, қолтықлары менен аяқларының көңирсиген шуўашларының ийислери қосылып, усы үйге биринши басын суққан адамның өкпесине уратуғыны ырас. Усындай жағдай Нәзигүл келгенде бар еди, «тазаласам кетермекен» деген үмит менен жайларды тазалап та, қурымлап та көрди, питегене, ҳаўа тазарғандай туйылды кеўилине, Нәзигүл соған-ақ шүкир етти. Мәнигүл келиншек болып түскен күнлери: жайларымыз тап-таза, ийис-пийис жоқ,» деп ойлайтуғын еди Нәзигүл. Лийкин, таза келин: «бир, бәд ийис бар, усы, бир жерде пышық өлип қалған жоқпекен!» деп, кәтлердиң астыларын, қуўыс-қолтықларды, бәрин-бәрин тинтип шықты, жақ, бәри бабында. Сонда да қурымлады. дийўалларды ҳәклемесе де сипселеп шықты, ийис кеткендей сезилди буған да. Лийкин, ийистиң кетпегенин, ийисти кетириў ушын «Ақ тубаны» я көмип, я суўын тазартып, бурқасынлы дәрьяға, яғный Қызкеткенге қосыў кереклигин ҳеш қайсысы да билген емес,

себеби, олар усы сасыққа әбден үйренисип, етлери өлип кеткен еди-дә! Булар түўе, бул үй түўе пүткил «Ақ туба» аўылын киййп кетип, тууў анаў батыстағы қоңсылас аўылларды да усы «Ақ тубаның» сасытып атырғанын ол аўылдағылар да, ақ тубалы Әмирхан, Жердаш, Гүлимбай, Айтбай, Өтеп томпақ қусаған дуўпияз исшилер де билмейтуғын, билсе, жат журтлардан келип, «Ақ тубаны» көргенлер ғана билетуғын ҳәм туншығып өле жазлап турса да: «Паҳ, «Ақ тубаңыз» күтә пайызлы жер екен!» деп, жортаға жадырап, «Яшасын сизлерди бул күнлерге жеткерген партия менен ҳүкуўмет басшылары! Соларға миннетдар бола бериң, әндамлы!» деп нәсиятлап, мақтап қайтатуғын. «Революцияға шекем өз жазыў-сызыўы дым болмаған, ғалаба гөр саўат, тастүнек халық едиңиз, енди оныншыны питкерген балаларыңыз қате жазса да жаза алады, ҳәрип урыстырып болса да газет оқыйды, яшасын бул ҳалға жеткерген совет мектеби!» дейтуғын, тап усылай деп айтты баяғыдағы «Өрдек қырғында» Стамбулға өтип кетип, «Ақ тубадағы» әлле қашшан өлип кеткен Қосбергенин излеп келген бир баўырманы. «Усы пәтин жаздырмаса «Ақ тубалылар», тек ақ тубалылар ғана емес, пүткил қарақалпақ әҳли, пүткил СССР, сөз жоқ, Япония түўе Американы жақын жыллары тууў аняқта қалдырады!» деди қолын бир жақларға силтеп. Ақ тубалылар шын жүректен ырза болысып, қолларын шаппатласты, партия, ҳукуўмет басшыларын уллығласты.

Мийман кеткен соң көп узамай Қосбергеннин баласына: «Баўырым, мениң анаў күнги гәпиме исенбей-ақ қой, қасымда КГБ дан адам барын билдим, Басыңның ғамын же, ол жерден көш, «Ақ тубаң» өзи түўе батысындағы қоңсы аўылларға да кесел тарқатып, оларды да «Ақ тубаның» кесели менен аўыртып атыр» деп хат жазыпты дегенди екиниң бири айтып жүр, аныған ҳеш ким билмесе де Қосбергеннин баласы жайын Палўанияз темир қуйрыққа ийт муты сатып, «Ақ тубадан» сатыр-сутыр көшип кетип қалды. Өтеп томпақ та «Ақ тубаның» жаман шығанақта бөлинип қалып, суўының келе болмас дәрежеде бузылғанын билип жүрсе керек: «Қарақалпақтың қаяғына көшсең-ҳәм усындай бир сасық көл бар әйтеўир! Алпыс алтыншы жылғы тырыспай да сондай сасықтан, жоқ-жуқалықтан шықты. Бул жерден көшкен менен қарақалпақтағы басқа жердин

экологиясы әндамлы ма, бәри бир, усындай! Еврей болмағаныма, олла, өкинип жүрмен, орыслар да көшип кетти, еврей, орыс болғанымда, биллә, мен де көшер едим!..» дейтуғын қусайды.

Бул жер сасымақ түўе ширисе де, дуз жаўмақ түўе тас жаўсада көшиўди ойламайтуғын ҳәм қудайдың қылғанына қайыл болып отыра беретуғынлар —булар усы үйге ҳәр күни азаннан баслап орда басатуғын ғаррылар. Булар, ҳәтте, усы сасық ийиске үйренисип қалғанлығы соншелли, бунысыз жасай алмайтуғындай таң намазларын оқып болыўдан «Ақ туба» бойындағы «Социализм» пишининде салынған, ызғары айнасына шапшыған, жарықларынан ишке түскен қуяш едендеги тесиклердиң үстинде ала-жолақ, ала нур болып туратуғын усы жайға қарай геўишлерин салпылдатысып, жолға түсе береди.

Таң намазын оқыў ушын шеңгел қораның түбинде таҳрет алып отырған Нәзигүл, қыр арқасынан биреў жөтелип қалғанында зәрреси ушқанлығы соншелли, орынынан шапшып турғанында өтирик шайы дамбалы аяғының ушына түсип кетип, еки аяғына тусаўдай болып турды. Ал, таслап жиберген мыс қуманы қораның түбине лақ-лақ төгилип атты.

— Мен-ғо, Нәзигүл, қорқтың ба?!

Ҳаял көкирегине түпиринди, жүреги еле басылар емес, бир нәрселерди гүбирленип оқыды да булт басқан қуяшта-ақ басқан көзлерин ғәззеп пенен Жәлимбетке бақырайтып:

— Үйлериңиз бар ма өзлериңиздиң!—деди, бул, Нәзигүл усы есикке түскели биринши қатты сөзи ҳәм биринши қатты сөз айтқан адамы. —Ең болмаса, журт таң намазын оқып болғанша ошағыңыздың басында тақат таппайсызлар ма! Алып кетиң бизиң ғарры керек болса!..

Ҳаял есикке кирди де қапыны пәт пенен тарса жаўып таслады. Жәлимбет я изге қайтарын, я ишкерилерин билмей, бир аз дағдарды. Соң көкнар атыз бетке өтип кетти, барып дизерлеп отырып, көкнардың ишиндеги майда отағын жула берди. «Нурлепес шығып шақырар-аў!» деген үмит пенен қарсы жай жаққа қарағаны менен буны шақырған адам бола қоймады. Сондай көп қараспақтың биринде Тәжимураттың киятырғанын көрип, орнынан турды:

— Ҳәәй, бери айла-ан!—Тәжимурат келген соң: —Ҳәзир кирме,—деди,—Нәзигүл қатты ашыўлы. Дым үндемей мынаны отап отыра берейик, ақыры уялар! Хожамберген аға да келер ҳәзир.

Күн шыға бергенде Хожамберген де келди, соң ҳеш ким келмей қалды. Күн арқан бойы да көтерилди, буларды шайға шақыратуғын адам болмады. Шыртылдап, Хожамберген шыдамады:

Нурлепес көкнарды езип атыр-аў ҳәзир, бара бергенде-ше!..

— Шақырайын десе Нурлепес бизлердиң келгенимизди билмей отырған жоқ!—Тәжимурат ғаррының даўысы өкпели шықты. —Ҳаял дегенниң азғырмай жақ адамы бар ма! Нәзигүл сени киргизбеди ме Жәке!

— Қапыны сарта жаўды, киргизбек түўе маңлайыма қуман менен салып қалмағанына шүкир, «соқыр ҳәўлеки» деген-дә!..

— Өзиң бир бәле қылған шығарсаң, сен де оңған ийт емессең!..

— Әй, бир ойнап қорқыта қойып едим, яманә қорқақ екен, шалқасына таслай жазлады! Дамбалы путынан түсип кетти-;, ўаҳаҳаҳа!..

— Әәй, сондай бир бәле қылған шығарсаң, нашардың ҳасылы едиго.

— Енди отыра бер онда қашқаштың нәшеси бүристирип! Паҳ, ғарқ етипсең! Әне, Өмирбай киятыр, шақырайын ба!!

— Шақырма,—Жәлимбет қолын гөлегөйледи. —Ол гөш әкиятыр, апарып берсин, бизлер жемей ийт жей ме!

Өмирбай қолындағы түйиншиги менен туп-туўры кирди де кетти.

— Зәҳәриң болғыр Өмирбай көкнар ишеди-аў ҳәзир!

— Жақ, ол қайтады, билесең-ғо, азанғы көкнарды үйинен ишеди. Мен билсем, ҳәзир шығады да түске айналып келеди. Ҳәзир кетпесе оның ордылыи ким кеседи, ордыл кеспесе гөштиң пулын қайдан өндиреди!..

Ырасында да Жәлимбеттиң усы айтқаны келди. Өмирбай егленбестен шықты. Жәлимбет усы отырғанлардың ең жеңил тәбиятлысы:

— Ҳәә Өмеке-ее!—«Бери қайрыл!» ишаратын билдирип қол былғады. Өмирбай «яқ, асығыспан!» ишара-

тын базар жай таманды силтеп билдирди. Соң еспе қумды омбалаўы менен емпилдеп асығыс жүрип кетти.

Күн тағы да бираз көтерилип қалды, қанша жалтақлап қараса да, қанша қулақ түрсе де «Социализм» пишининдеги, енди қулаўға шамаласып турған, тырнақсызлықтан анық питпей атырып-ақ мезгилинен бурын тозған гөне там жақтан шақырған саза жоқ.

— Усы, кийип бара бергенде не қылады, өз үйимиз—ғо!!

— Болмайды-ы, Жәлимбет, жаның шығып баратырса да шыдаңқра, деди—Тәжимурат, шекесин шағып шийедей қызарған бир пешшени топырақ-топырақ шаппаты менен шарып еттире езип.—«Ийтке де уят керек», намысымызды сақлаңқырайық!..

— Тәжимурат дурыс айтады, өзлери шақырмаса өлсем де бармайман! Анаўлар кимлер киятырған!..

Ҳәмме Қызкеткенниң асқар қумлы ырашынан түсип, усылай киятырғанларға көзлерине қолларын гөлегөйлесип қарасты.

— Ааў алдыңғы ғоббық шалбар, қара етикли, белин қынап киятырған, қәдимги бес еңеден белли сталиниң Бердәмбет,— Жәлимбет көзиниң житиклигине мақтанғандай ырғақ берди даўысына. Оның изиндеги, ҳәммеңизге мәлим, Темир қуйрық...

— Бул булар менен қашан табысып жүрген, қосылмайтуғын еди.

— Қосылмаса киятыр-ғо, табысқан-дә гилең арыстан шыққан өгизлер!—Жәлимбет жеркениш пенен сөйледи.—Журтты сорып-сорып, пухараны урып-соған, енди жүрген әўселесине қараң! Анаңқара, суў алған пахта заўыттың баяғы директири Айтжан Еркетаевтың келисин көөр, сәәәмий мәплик ғарры, сақалын жиберсин, меннен-ҳәм мәпилик!

— Усы киси қырынып жүре ме, я көсе ме! Қашан көрсең ийеги сүмпийип, маектей жүргени, әйй, көсе шығар!

— Сөйтип қырыныпкөр, ениң ҳәм ийегис сүмпийеди!—деди Жәлимбет бақыраўық.—Ең издеги аяғы үлкен, балағы тар, балтыры балта саптай, аяғы балтадай жалаңбастың ким екенин айтайын ба!!

— Баяғы сыйырларға, ешкилерге қырғынды берип жеткен комсомал бала-ғоо, атын сен тап!..

— Аты Мәўлен мийиң шаршапты, Хожке!..

— Буны Тары өзекке үшинши райком деп еди-ғо!..

— Қа-шшааан оннан ушқаны!—Жәлимбет билгишсинди. —Ҳәзир Бердәмбет ағаның замы, парктe! Киширейип қалған, ең қурығанда Бердәмбеттиң директорлығын басып ала алмаған соң Мәскеўде оқығаны қайсы, билимпаз қусап жалаңбас жүргени қайсы!..

— Ҳәй, ҳәр заманға бир заман, бир заманға бир маман деген, Жәлекеее, биз-ҳәм мәҳәлинде «кимсең Хожамберген бақсы» болғанбыз, барған жерде семиз туў мәкиенниң гөши болмаса ақ таўық пенен қораздың гөшин де жемейтуғын едик-аў! Енди мине, отырысымыз-ғо Нурлепестиң есигине телмирип!..

Соның арасынша келгенлер туп-туўры үйге кирип кетти. Сәлден соң Мәнигүл ләгендеги суўды төгип ишкериледи.

— Келин келгенлердиң қолын жуўдыражақ, бизлердиң орнымызда жарбайысып, енди булар көп отырады! —Жәлимбет үмитсизленди.—Енди бизлерге сан жо-оқ! Тап, жаңағы гөшти, ғарежетти Өмирбайдан усылар берип жиберсе де меннен көрме! Мен Хожамберген ағаның үйинен-ақ ишемен шайды,..

— Шайын ғой қайнатып ишермиз-аў, көкнар жоқ-ғо! Я сизикинен алып шығамыз ба, Жәлимбет!!

— Көкнарым, көкнарга пулым болганда таң атпай усыларды сағынып келип отыр дейсең бе!! Тәжимурат ағаникинен-ақ аламыз-дә бир езим! Қарақанларын жеп болса кешке шекем булар-әм қайтар ақыры, қонар дейсең бе!! Солай емес пе, Тәжеке!!

Тәжимурат қысынса текениң мекиренгениндей екшеп күлетуғын еди, усы сапары да сөйтти:

— Айтқаныңыз ғой жөндағы, бирақ ақшам Жаманшадан бир жорам келип, мен де шекийнениң түбин қағып едим, әәәй, ҳеш гәп, бүгин-ертең пенсиям келип қалар...

Ҳәммениң салысы суўға кетип, руўҳлары түсип, жерге үңилисип, отақ жулыў менен бола берди, үшеўи де тым-тырыс, тым-тырыс! Жәлимбет усы үйге қонақ баслап келип, орынларын алып қойғаны ушын Бердәмбетти ишинен сөгип отыр еди, усы ўақытта Мәнигүл тамның күнбатысындағы саясына шыпта шығарып төсеп кетти, соң оның үстине көрпеше әкелип төседи, дәстурхан жайды.

— Қапа болмаң, жигитлер!—Жәлимбет бирден тири-

шеленди. —Бир гәп бола жақ, келин төсек төсестирип жүр!

— Әй, я-ғәә!—Анаў екеўи там жаққа жалт-жалт қарасты Хожамберген пушықтың көзи әззилеў, көзине сәл узақтағы гүңгирт көрине береди, ал мынаў селдир шеңгел қораның арғы жағындағыны түк көре алмаған соң, питегене белин жазғысы келгендей орақты шанышты да орнынан турып, сегиз көзин услап шалқайып көз қыры там жақта.

— Қартайғанда әбден физкултурашы бол-әә!—Жәлимбет ўаҳаҳалады—Тамға ким бурын жетер екен, жуўырыссақ қайтеди көкнар жеткендики!—Онда көкнар бизики!—«Әй, енди болмады, қалтаның түбин қағыпақ езип ишемен-дә!» деген ойға келип, кетиўге қыялланып отырған Тәжимурат ғарры қуўақыланды.— Балалалығымда аўылдың малын баққанман, Жәлимбеттей жумалақ не бир қыңыр таналар бар еди, урып кетеди егинге, я аўылға қашады! Сонда адымын алты аштырмайтуғын едим! Сол ғайраттан бир атым насыбайдайы қалса да. «жыланды қыр кессең-әм кесирткедей ҳалы бар» деген, онда көкнардан үмитти үзиң! Я бир жутым, бир жутым берсем бе екен!..

— Хожамбергенди-ғо билмедим, өзим өлтирсең-әм жутаман!

— Ўәәй, сениң қолыңа лаўабы кеса тийсе бизге сирә жоқ-ғо!..

Мәнигүлдиң өзине үйреншилки дыбыссыз пышық жүрис пенен келип қалыўы ғаўқылдасқан қарақалпақлардың ғаўқылдысын тыйып таслады.

— Енем «шай-суўын ишсин, күн қызып кетти» деп атыр, тамның саясына шайларыңызды әкелип қойдым.

— Қайсы тамның!—Жәлимбет өрре турды.—Өзимиздиң тамның ба?

Мәнигүл «Өзимиздиң,» деди де сол пышық жүриси менен кери қайтқан соң үш ғарры қолларының шаңларын қағысып, орынларынан турысты. Келсе дәстурхан жайыўлы, пөлке нан туўраўлы, қант усақланған, буларға онша ҳеш қайсысы итибар бермеди де алты көз лаўабы кеса жарты көкнарға, оның қапталындағы көкнардың қойыў мелле ирең түрин алып, бурынғы ақ түри умытылған капрон сапыйынға түсти.

Булардың ишинде көкнарға өлгейлиден қумары да, езиўге шебери ҳәм шаққаны да Жәлимбет. Сол киси

сыйыр туўдыра жақтай жеңлерин шығанағына шекем түрип шырпылдап тийисти. Суў салып қайтыў ушын зиңкилдеп ишкери сүңгип еди, сөйленип келди:

— Исшилериң хо-от! Тирийектиң ийиси менен арақтың ийиси шығады төрги жайдан!...

— Тап... бәлениң ийиси шықса да анаўынды тезлет!—Хожамберген лаўабы кесаға ийегин шошайтты. —Шыбын жаным ийегимнен шымшықтай «шурық» етип шығып кете жақ! Жұрттың пал ишкенинен саған не пайда, қалай айтаман Тәжеке!..

— Дурыс айтасаң! Назарымбет милийса ма анаў киятырған! Жайға кирмей-ақ қойсын, бери шақырың!

— Әй, жайға барсын-дә! Кесадағының шамасына қарамайсыз ба!!

Назарымбет, бәри бир, муртын таўлап, булардың қасына келип отырды. Жәлимбет оған иште отағасылардың барын, қол алысып шығыўы кереклигин айтты. Азанғы мезгилин үйинде ишкенликтен мейли мыналардыкиндей жутап турған Оаразымбет: «Сөйтсек сөйте қояйық!» деп кирип кетип еди, «Әжийнем сүймейтуғын Мәўлен сары бар екен, урысып қаларман дедим, болмаса ҳәммеси «отыр» деп, тәңирдиң зарын етти!» деди отырып болған соң ояқта ҳешким мирәт етпеген соң бунда келгенин жасырып:

— Айтжаны менен Мәўлени арақ ишип отыр, қалғанлары қашшан тирийекке бөккен!

— Әне, айтпадымба!—Жәлимбет мақтанды. —Мен орыс ийттен де ийисшилмен!

— Бердәмбет-ше!! Арақ ишип отыр ма, тирийек пе!!

— Ол жағын билмедим. Бирақ Нәзигүл әйўандағы газге қып-қызыл етип, орақ қыздырып тур!

— Ҳе, оны не қылады!!—Тәжимурат таңланды.

— «Жәлимбеттиң жамбасына басаман, жүрегимди жарды,» дейди, ашыўы жаман, не қылып едиң өйтип!!

Жәлимбет қанша саўдырақ болса сонша лли исенгиш те. «Жәлимбеттиң жамбасына басаман» деди, дегенди еситкен мәўритте-ақ жамбасы «шымм» еткендей туўылып еди, ети түршигип еди, «Мен бир өйтип оның торы айғыры шығарман!» деп күлгени менен: «басса баса қояр, аштан буралып жүрген мен жетимде не ҳал, не диңке бар, жамбасыма бастырмағаным менен қояма, я бетиме быжж еттирсе де өлемиз биз, «ҳәр кәт юз елли —еки юз дейди ғой, ондай пул қайда бизге, больница

қайда!..» деп өзинен ҳаўлықты, Кете берейин десе шаңқай түске шыкым азабын шегип, отағын отаған мына кеседағы қаплғыр еле кәмине келмей атыр. Лийкин, бармақалары шаққанласты:

— Сизлер-ҳәм тири жансыз-ғо, жабыспайсыз ба қолына! Я мениң жамбасыма колхоздың өгизиндеги таңбаны быжылдаттырып отыра бересиз бе!!

— Қорықтың ба!!

— Әй, *яғ-ғә! Неге қорқаман! Сизлер барсыз...*

— Арашалаймыз деп жүргенде бизлерге де «быжж» еттирсе, күйик жам-ан, ғарры адамның күйиги питпейди!

— Өл-әә Хожамберген! Жүр, патырат басланбастан қайтайық!

— Я-яяқ Жәлеке, анаўыңнан бир-бир жутамыз, тезлет!

— Тезлет-тезлет, бәримиз де қайтайық, «көрҳәўлеки» деген, соқыр менен гүңниң қолына түссең оңдырмайды!..

— Ўәәй, қорқпа Тәжеке, оны самбо менен қағып жиберемиз! Ҳаял түўе бетлери жамаў-жамаў талай бандит жигитлерди бежергенбиз.

— Бәри бир, пайдасы жо-оқ,—Хожамберген үмитсизленди.—Бежеиўин бежередсең-аў қашып кетпесең! Пайдасыз бәри бир...

— Ҳе, тағы не таптың!

— Енди бул үйге сыпайы исшилер-әм үйир бола баслады, олар әри таза, әри жуллу, билесең-ғо, Бердамбет паркке директор, Мәўлени зам, отақшы керең болса паркте отақшы қатынлар көп, жибере қояды. Еркетаев Айтжанды өзиң билесең, пахта пунктте директор ўағында-ақ тастан бир урып, қосып жазыўдан бир урып, колхозлардың планын пахта тапсырмасада толтыртып, өлемен дегенше жейтуғынын басып қалға-ан, онда да пул көп! Палўаниязды өзиң билесең, ол да өмиринше колхоз баслық, совхозға директор! Өмирбайың өзиңе мәлим, базардан алма, жүзим, қақ, ерик, ғозаға шекем келтиреди базда, гөшин ғой айтпай-ақ қояйық! Сонда бизлердиң шылқылдаған сасық теримиздиң, пасманда отырыс-турысларымыздың кереги не!!—Мәнигүлдиң бос чайнеклерди алып кетиўге келиўи гәпти кесип таслады.

— Ол айтқаныңның да жөни бар,—деп сыбырлан-

ды келиншек кеткен соң Жәлимбет—Әйтеуир, Нәзийгүлде бүгин бир көтериңкилик бар, усылардың биреўи менен көз қысысып жүрсе де меннен көрме, Нурлепестиң истен қалғаны қашша-ан!..

— Сен ақымақ адам екенсең!—Назарымбет милиционер Жәлимбеттиң пешанасына суқ саўсағын шошайтты. —Ақымақсаң бақыраўық! —деп атырғанда потнос пенен гәсиниң сырты қурсаўланған, гәсиниң шүндигине писен қыйып кийгизилген бес шәйнекти бирден көтерип келип, тағы гәпти пышақ кести қылды. Келиншек шәйнеклерин ҳәр кимниң алдыларына қойып кеткен соң Назарымбет және жекиринди:—Адам емессең, бақыраўық! Күнде қолынан дүз ишип отырып, бийгүна бийшараның сыртынан сайыўға қудайдан қорықпаймысаң!..

— Мә-мә, мынаны зәҳәриңе жут, тилиң тыйылармекен!

— Бунып басқа гәәәп, бақыраўық! «Бақыраўық түйениң бары жақсы», —Назарымбет қолын созып атырып күлип сала берди.—Қуяңқылығыңды қой, Нәзигүлди өзим тоқтатаман, тоқтамаса самбо бар!..

Қеса қолдан қолға өтип, ақыры сапыйын жамылып отырған Жәлимбет бақыраўыққа услатылды, үцилип көрди де:

— Айттым Назарымбетти аняққа жиберейик деп—! деди шыны менен-ақ. —Усы келсе көкнарға мен қанбай қала беремен! Шөбирени тәкирарлап езейин бе!!

— Уәәәй, оның саўабына не жетсин!..

— Орағын бурыштай қызартып, Нәзигүл келип қалмаспекен!..

— Орақ келиўден өтисти, сол ўақытта-ақ қып-қызыл еди, келетуғын болса әлле қашшан келмей ме, арқайын езе бер, ҳәзилидур.

Назарымбеттиң усы гәпинде жан бар, шынында да Нәзигүлдиң ҳәзилин дурысқа жорып отыр булар, себеби, усы отырғанлардың ҳеш қайсысы менен ҳеш қашан Нәзигүл деген нашар ҳәзиллеспеген, бир аўыз кетары сөз де айтыспаған, сонлықтан булардың ҳәзилди түсинбеўинде де жан бар. Лийкин, ҳәзил болмаған жағдайда да орақ еле келиўден өтиспеген, ол анаў газ ошақтың бир қанасында жуғырлап қайнап атырғаны үлкен алюмени костроль менен иргелес ошағында ҳәзир де ағаш дәстесине бир тутам қалған жерине

шекем тыйығын гүлэңгирдиң кекилине шекем тыйығын қызартып тур. Усыны келип өз көзи менен көргенинде орақты ала қашып, анаў жантақлықтың арасына зыңғытыўға Жәлимбеттиң пәми алысар едидағы, ондай жағдайда тамдағылар, бәри бир, басқа орақ излетер еди. Өйткени, көкнар, тирийекти өзлерине еле мүнәсип көрмейтуғын, сонлықтан да бир шийшени бөлисип ишкен Айтжан менен Мәўленди де, «қартайғанда арақ ишип тентиреклеў ерси екен, сонлықтан көкнарға дөндирдим, бул адамды қыйсаңлатпайды, қыйсаңламасам, алжылы-булжылы Нөкер Ниязовичтай сөйлей бермесем, мениң менен кимниң иси бар!» деген ой менен арақтан татып алмаған Бердамбетти де, бул өмиринде я тирийек, я арақ, я көкнарды тилине басып көрмеген Нәзигүлди де йоштырып отырған сол орақ, сол қызыл орақтың үстине қойылған шигиттей тирийектиң жайды кийип кеткен хош ийисли ақ түтини. Буны, яғный бул усылды усы жерде отырғанлардан Палўанияз темир қуйрықтан басқасы билмеген де, көрмеген де. Ал Палўанияз «Қимсең, Палўани-язз!» болып турған жыллары Ташаўыз областына өз ара тексериў бригадасы менен барғанында Ленинский районындағы шақырыспақлардан дәмигип ҳәм үйренип қайтқан. Арақтан да бетер усы ақ түтин Айтжанды да, Мәўленди де есиртип отыр:

— «Сондай сүйемен сени, Россия,—

Как пияница любить кабак!» Сергей Есениннниң сөйдеген қосығы бар-аў!—дейди өзинен үлкен болыўынан бийғәрез Бердомбеттиң арқасынан қағып,— Сондай қосығы ба-ар, бажа аға! Жеңгей орыс болғаны менен сен орысша қосық оқымағансаң, «раз, два, шагом марш!» пенен жүре бергенсе-ең, кишем де оқымаған, ал, биздеги балдызыңыз яман-ә оқыйтуғын еди, бажа-аа!

— Оның песнис шүйинши сорап отырсаң, Мәўлен бажа!!—дейди Бердомбет бажасы шамырқанып.—Оқығанда, оқымағанда не пайдасы тийди саған! Ҳәзир сен де бир, мен де бир, қайта сен маған замсаң!

— Ол дуры-ыс, бирақ мен оны айтажақ емес едим. Мениң айтажағыммм, «как пияница любить кабак» деп алкаштың арақхананы сүйгениндей, яғный, Есениннниң Россияны сүйгениндей усы үйди сүйип, таңнан жуўыра бермесем болғаны-ғо демекши едим, бажа ағаа!..

— «Әжаға!» десе, сары бала!—Бурын ийискеп көрмеген түтини дым ишпесе де мийине жым-жыма синип, кем-кемнен кеўили ҳалласлап баратырған Нәзийгүлишш «тап усы умытып, айта алмай отыр-аў!» деген пәм менен Мәўленге дүзетиў жасап еди.

— Айта берси-ин, —деп қолын бир сермеди Мәўленнен сергеклеў Бердәмбет.— Екеўимиздиң-ҳәм ҳаялымыз орыс еди, соның ушын Мәўекең «бажа ağа» дейди. «Айлас қатын муңлас», әри екеўимиз де тәғдийирлеспиз, екеўимизди де ҳаялларымыз таслап кеткен, екеўимиз де ерли-зайыптай бир үйде жатамыз, биримизге-биримиз шай қайнатамыз, әри жасым үлкен, әри замым, «ağа» дегенди қосады-дә!

— Оҳ!—Мәўлен бармағын жоқары шошайтты.—Дурыс бажа ағаники!

— Мәўле-ен!—Палўанияз Мәўленниң жуўан санынан нуқыды.—Райкомда көп иследиң ғой, сиясий саўатың-ҳәм бизден тәўир, маған мынаны айтшы: мына Қызкеткенниң көпиринен түскен жерде Леонканың узынлығы там бойы үлкен портрети туратуғын еди, бүгин қарасам, соның орнында «Орақ-Балға» тур, Брекеңе не жаў тийди! А-ал, яқшы-ы, алдың, алдың орнына Андроповтың портрети неге қыстырылмаған!

— Яқшы-ы, жуўап беремен: парктеги Брекеңниң сүўретлериниң орнына бизлер Андроповты қыстырып едик, обком алдырып таслады, солай ма бажа аға!! — Бердәмбетке ийегин екшетип мақуллатып алды да сөзин уластырды.—Әдеп Брекеңниң суўретиниң алыныў себебин айтайын, бул киси көзиниң тирисинде көп қопаллық қылған, ел раўажланбай қалған, сонда да өзи награданы ала берген, төрт мәрте қаҳарма-аан, Ленинлик сыйлықтың лаўреаты, маршаллл! Жалпылдақлары «сиз ылайықсыз!» деп бере берген, ол да ала берген, жалпылдақларының да дәстүрханларын қуры-қайтармай ол да кимисине геройлық, кимисине Ленин орденин берип турғандағы, ақыры! Телевизорды ашсаң — Брежнев, газетаны ашсаң—Брежнев! Бағқа барсаң — төрт Алтын жулдызлы Брежнев, жолға шықсаң жол бойында-тағы Брежнев! СССР дың барлық сорамы «Брежневлап» жаңғырақлап турғандай! Ҳәмме жерге қойған адамлары да дәл өзине қусаған даңқпараз кишкене брежневлар! Ал, Андропов болатуғын болса, басқа-а, буның тутқан жолы да басқа! Бул телевизор-

дан шықпайды, газеталарға да үлкен портретин бергизбейди...

— Не ушын, соған ҳайранман!

— Бул Сталиндей, Брежневтай «культ» болмақшы емес. Бурын КГБ да көп ислеп, барлық қателерди көрип-билип, қарсы гүресейин десе Брежневке шамасы жетпей, гүреспейин десе елдеги аўҳал ишиң ғыжлатып жүрген адам-дә! Сен мынаған қара, темир қуйрық аға, келгенине бир ай болған жоқ, кафениң аўызында уйлығысып жүрген бир пияншик көрдиң бе!!

— Айтбақшы, олар қайда кетти, ырас-әй, жоқ ҳәзир! Жер жутқандай зым-зыя! Бизикиндеги еки жигит те жоқ!!—Тыңланды Нурлепес—Сооо Брежнев өлгели жоқ!

— Жоқ болса болғаны сол! Басқан мәжбүрий жумысқа! Қуд-дай билсин қаяқтың гербиш заводында гербиш тийеп жүргенин! Ҳәзир жумыс ўақтында көшеде жүрдиң бе, милиция ҳүжжетиңди, ислейтуғын жериңди сорайды, телефонлап тексерип көреди, командировкаға келсең, буйрығыңды көрсетесең, тәртип солай!—Мәўлен билгишсинип атыр.

— Әй, Бәке-аў,—Палўанияз Бердәмбетти өзине қаратты.—Мениң жийеним бар еди, млиционер, сержант, туўған жийеним-аў, жат болса да қабырғам қайыспас еди. Саат он бирлердиң ўағында бир фотограф келипти де: «постағы млиционерди көрдиңиз бе!» депти. «Ҳа бизлер, не гәп!» демей ме!! «Онда неғып турсыз жумыс ўағында аўызларыңыз жалпылдап!» депти жаңағы. Жийен де тез пейиллеў еди, «жалпылдабына» ашыўланып, «Жоғал бул маннан!» деп жекиринген-аў ҳалын билмей. Анаў: «яқшы, яқшы-аў,» деп мүсәпирсип кетип, анаңдай жерге барған да «шырт» еттирип алған сүўретке, булардың дым хабары жоқ, исликтен шәшликти ийттей жулқып тартып, тура берген, тура берген! Жегени он ғана шәшлик екен-аў, еки ярым ғана мана-ат! Соған бола жумыстан шықты да қалды, екеўи бирден!

— О қалай?!

— Қалайы сол, жаңағы сүўретши газеттен екен! Ҳа, газеттиң адамы менен ерегискенше ҳалыңды бил, қудай бопсаң ба, пагон таққанда! «Неғып турсыз?» деп, милициядан әнейи адам сорай ма, сорады ма, дәрриў услат қолына бир шәшликти! Шәшликшиге та-

...ы буйыр. Сүўретшиге: «шәшлиги ширели екен, жеп ...ним, түслик жақынлады,» де, жемегенин көрейин, ...тишди министириңе жибергенин көрейин! Жибер... де акт пенен жиберген-аў, «он шәшлигимди пул ...ей жеп кетти» дегизип, шәшликшиге де қол қой...рған, сондағы жегени еки ярым манат-аў, еки ярым ...нат!..

— Дурыс ислеген, сөйтпесе тәртип дүзелмейди!

Жәә, ол дурысғоо!—Палўанияз аттай шулғыды. ...ниңше, тәртип дүзейтуғын болсаң, ири шортанын ...бунын! Анаў бирде арқанлап қойған сыйырымды ...ай түсте жылыстырып арқанлардан алдын «суў...н алайыншы!» деп, Қызкеткенниң жағасына барсам, ...жорамның баласы бар еди, шофер, соның нәҳән ...возы! Бала машинаның гегирдегин Қызкеткенниң ...на батырып, урып тур...

Нени-и?!

Нени болатуғын еди, АИ-93 деген бензинди-дә! ...ы-ғо жеңил машины барлар пулына таппай жүр, жинлимисең?!» демеймен бе?! «Тәртип солай, ата, ...рды, ислеп атырман,» дейди шофер баламыз. «Бул ...ши қатнаўым,—деп те қояды, сирә меннен қорық...ы да.—Қаттыағарға анаў бензаколонка төгип ...р! Сөйтпесе диспетчерлер қамалажақ!» «Ҳа о не...!» «Көп бензин артық шығыпты, Ташкенттен реви... киятыр!» «Ҳа о қалай артық шығады?» «Тастан ур...н, тәрези қолында.» «Буны бүйткенше сатсаң болмай...а?» десем, услансам мен сотланаман-ғоо, бир маши...а бензинди түўели менен ким алады, бастың аманы ...ақсы, мениң нем кетипти, төгемен, қайтаман», дейди ...аңағы...

— Тап, усыған усаған ҳәдийсени мен де көрдим!— Гәпти Мәўлен бөлди.—Ғәриптиң үйинде қонып едим, Ғәрипти билесизғоо, холодильниктиң директоры, кеш-қурын «Волгаға» мине бер, самаллап қайтамыз» деди, жорамызғо ол бизиң, тағы басқаға айтып жүрмең, тек сизлер болған соң айтып атырман! Миндик. Кеттик. «Мясо» деген жазыўы бар үлкен машина ерип отырды изимизге, «Бес төбеден» асып, қумның арасына баслады «Волга», изимизден өкшелесип «Мясо» қалар емес. Тап, сырт елдиң киносындағыдай, өзим жумыстан шығып, жоқарыға обкомлардың үстинен арза айдап жүрген адамман, биреўи болмаса биреўи бизиң

көзимизди жойыўға тәртип берсе Ғәрипте жан бар ма, саўда адамыға ақыры, оның үстине ҳәмелдар, бундайлар пул, ҳәмел ушын менғо мен, ҳүжданғо ҳүжданы, адам өлтириўго адам өлтириў, ҳәтте қарындасын, қызын, қатынын өзлери шығарып бериўден қайтпайды бәдбақлар! «Өлтирежақ шығар» деп қорқып та киятырман, қашайын десем, машинаның мен жағын илип таслапты, ашылмайды екен. Ҳаққа тәўекел, мендейлер өлди не, өлмеди не, дүнья мени жоқламайды! Отырдым. Бир аңғар бар екен, тереңлиги соншелли, қарасаң көзиң тынады. Соған «Мясоны» бәстирди. Кабинадан зәмилдей еки жигит шықты. Артқы қапыны ашты. Ал, Ғәрип болса бир шийше коньякты ашып атыр: «олар боламаң дегенше ишип отырайық,» дейди, закуска моол, машинадан шыққан жоқпыз. Бир рюмкадан қағып жиберип, былаай деп қарасам, сыйырдың не бир санлары ларға ылақтырылып атыр. Оған итибар беретуғын Ғәрип жоқ! «Ҳа бул не-е?!« Сөйтпесек болмайды, жигирма тонна гөш артық шығып атыр! Мына Андроповың бәле болып тур, биреўлер арза жазған ба, тап Москвадан жиберипти ревизорды! Ояқта да мениң шпионым бар, бундай жумысларда ислеў ушын Нөкис, Ташкентиң азлық етеди, Москваны байлап қойыўың керек! Әне, шпионым звонлады маған! Бир күнниң ишинде бәрин ноль-ноль еттим, енди мың жеринен келе берсин!» деп, қара-аап тур! «Ҳаў, сорлыаў, бүйткенше дүканға неге саттырмадың?!» десем, «Бәри бир, артық шығады-ғо!» Дүканға жиберилген ҳүжжет тексериледи!» дейди, «Онда өзинде ислеўшилерге пулын алып бөлистирип берсеңо!» демеймен бе?». «Онда мени сол гөш бергенлеримниң өзи тутып береди, зәҳәрди жесин! Басымның аманлығы жақсы!» деп оған да жол тапты, жол көп буларда.

— «Усы сонша гөш қалай артық шығып жүр, Ғәрип?!» деймен мен таңланып. Ол ўаҳаҳалап күледи: «Соны түсинбей қалай райкомға секретарь болып жүрсең, ондай хызметтегилер, бизиң орындағылар ет ғой ет, мал ғой, мал, ҳәтте адам жеўди билиўи керек! Мәселемкиден, көмир сатқанлар көмир, темир сатқанлар темир, цемент сатқанлар цементти жей билиўи керек, көмирди, темирди, трестлер салып атырған жайларды, вагон-вагон тахта, шиферларды вагон-вагоны менен жута билиўиң, жоқарыдағыларға жуттыра билиўиң, жо-

қарыдағылар өзинен жоқарыдағыларға жуттырыўы шәрт, болмаса жасай алмайсаң! Бир вагон гербицид, мәселемкиден, үш жүз мың манат! Соны жақында биреў вагоны менен жутты да қойды! «Гербицид жеген өледи!» дейди-аў мына илимпазлар, жемеген өледи! Мениң жорам гербицид жеп бәримизден де байып кетти! Енди анаў Әмирхан дегенниң аўызына жеңил машиналар колоннасы менен кетип, асқазаны гаражға айналып еди, мынаў Андропов келип, барлық машиналарды дүканға шығартып, адам алмаған соң несийеге бергизип атырғалы қаны тасып кетип, больницаға түсип қалды, жеўди үйренгенде сен де бундай болмас единң, ең болмаса Нөкистен салдырып қойған он бир қабат жайың да жоқ!» деп, қайта мениң өзимди кемситип киятыр! Айтжан аға, сиз пунктте баслық ўақытта пахта жей алдыңыз ба, жасырмай айтыса берейик-дә енди!

Бирден аты шыққанда абайсыз мүлгип отырған Айтжан селк ете қалды ҳәм «не дедиңиз?» деп, қулағына қолын тосып, Мәўленге тутты да жаңағы сауалын тәкирарлатты:

— Директор ўағыңызда неше тонна пахта жедиңиз?!

— Мен пахта жеп мал емеспен, бул бир, екинши бизлер Бердәмбет екеўимиз Сталинниң әўладларымыз, Сталинниң ўағында ҳеш ким ҳеш нәрсени жеген де, жеўди ойлаған да жоқ! Заң қатты еди. Бизиң моптер баланы дәрўазамыздан шыққаң жерде алты лампочка менен милиция услаған екен, соны қутқара алмадық, яманә зор жигит еди. 47-жылғы указ бенен алты жылға кетти де барды! Заң сондай қатты болсын, урлықтың болғанын көрейин! Туркия менен Ийранда баққаллар түсликке кеткенинде дүканының қапысын жаппайды, прилавкадағыларын-ҳәм жыйнамайды, жипти кереди де кете береди! Себеби, оларда заң қатты, биринши урлықта сол қолың, екинши урлықта оң қолың шабылады, арақ ишсең дарға асыласаң!..

— Оерри жаман екен!—Бердәмбет күлди.—Сизиң менен биз, мынаў бизиң зам Мәўлен қашшан-ақ қыршынымыздан қыйылады екенбиз-дә!..

— Ол күнде сизлер-ҳәм молла болған болар едиңиз...

— Мен бир нәрсени пайқас етемен, Айтжан,—әң-

гимеге Палўанияз араласты. —Оларда заңның қаттылығы қатты, оның үстине дин күшли. Сол дин ҳәр адамның ыйығына еки периштени қондырып, обал-саўабын жаздырып қойыпты, биздегилер қудайын қашшааан умытып кетти! Урлықтан да, ғарлықтан да қайтпайды! Бир сөз бенен айтқанда ҳәмме жаман падашының малындай бас-басына кетти, кими егинге түсип атыр, кими байлыққа батып өлип атыр, кими аштан, солай емес пе, Нурлепе-ес! Көзинди бир ашса, қуры мүлгий бергенше!..

— Усыннан артық күнниң кереги жоқ маған!—Нурлепес манаўсырап тилге келди—Мине, пөлке нан, әне, шақмақ қант, қазанда гөш қайнап атыр, яшасын партия, яшасын ҳүкуўмет басшылары деймен мен!..

— Әне, нағыз коммунист! —Бердәмбет Мәўленди түртип, соң Нурлепеске бармағын шошайтты. —Әне, көрип қоой! Палўанияз, сен-ҳәм нешше жылдың коммунистисең, тышқаншылап үйиме совхоздың мүлкин тартпадым де, яқшы!

— Жемейтуғын гөрде-е!

— Яқ, қәтелесесең, Палўанияз, журттан жырып жемейтуғын, пара алмаған ҳәм еле де алмайтуғын жердиң үстинде де ба-ар, ол —мине!—Өзиниң көкирегин өзи мушлады—Мына кисини де,—Айтжанға қол шошайтты.—Жеди демеймен! Ал, мынаў Мәўленниң периште емеслиги анық, ҳадал адамның партиядан қуўылғанын еле көргеним жоқ. Ал, мынаў Нурлепести «нағыз коммунист» деўимниң байызы, дүнья жыйнамайды, барына қанаҳәт етеди, журтлардай он-он бес өжирели жай да салып атпайды! Неге керек соншелли мийнеттиң, күни ертең коммунизмге жеткен күнде-ақ жайыңды гүл опат етип, бәриңди бизлердиқиндей общежитияға көширеди. Ал, ондай этажлы жайларға мынадай шыпталар, кийизлер жараспайды, поллары чистый, иши аптекадай таза турыўы лазым, қалай айтаман, Нурлепес, меники мақул ма?!

— Мениң ғой, саўатым жоқ, сонда да пайқас етемен, «Тап усы баяғы Хрущевтың айтқан коммунизмине араластық-аў!» деймен, «соны абайламай журмиз-аў!» деймен. Ақыры, дуканда не жеймен десең таяр, бир манатқа бес пөлке нан, бир манатқа қант береди, шырпының-ғо бир тийин! Гөши қымбатлаў бирақ, үш манат, әәй, онысы ҳеш гәп, «күнде гөш жесин» деген зәкүнде

де жоқ, ата-баба базар сорпасын ҳәптесине бир ишипақ сексен-тоқсан-жүз жасаған, ондай енди бирли-ярым қымбат нәрсе болады-ғоо!

— Сары май бар ма дуканда?—Мәўлен мырс етти.

— Сол сары майды жемегенде өлемиз бе, қудай наннан жутатпасын!

— Сизлер саўатсызсызлар бәриңиз!—Мәўлен пәтленди. —Ҳәзир Африканың кеше ғана тыржалаңаш жүрген негринен бәримиз, ҳәтте сизлер мақтап жүрген Әмирханың менен Ғәрибиң де жарлы турады, ал бизлер сол негрлердиң малайынан да жарлымыз. Еврейден ақыллы халық жоқ, ҳәзир көр, еврейлердиң еси пүтинлери СССРды тәрк етип, көшип атыр, жақсы болса еврей тәрк етпес еди! Не де болса ел ыдырады!..

— Мен коммунист бола-тура бундай гәплердиң айтылыўына жол қоймайма-аан!—Бердәмбет замына ақыйды. —Ҳәзир турған жеринде қаматса обалың жоқ!..

— Сизлер,—Мәўлен бармағын шошайтып —Сталиншилер, қамаўдан, атыўдан басқа нени билдиңиз, нени билесизлер! Қамат бар қолыңнан келсе! Өтиң жарылса да айтаман: билип қойың,—Айтжан екеўине бирим-бирим бармағын гөзеди.—Билип қойың, гөрсаўат, наданлар: коммунизм түўе социализмге жетип алың түўе! Коммунизмнен ийеги қышыйды-аў, бул жаманлардың! Жигирма бес жылдан бери мәмлекетимиздиң бир жерде тепсинип, әскерий адамсыз-ғо, на место теўип турып қалғанынан хабарыңыз болса, мурнымды кесип беремен! Дунья мәмлекетлериниң ҳәзир ең изинде сүйретилип жүрмиз! Кешеги Чили, Туркия, Иранның өзи ҳәзир бизден бай, Иракты-ғоо енди айтпай-ақ қояйын, сонша халқы менен жериниң азлығына қарамастан Қытайдан да озып кетти! Ал, өлер болсаң өл ширкин! Қытайда мәдений революция болғанда биз оны критикалап жүрдик-аў! Усы барысынан барса СССР пытырайды...

— Тап, усы гәпиңде тур, тийисли жерлерде дәлиллейсең!

— Усы мазмундағы арзаны республика басшыларының былықлары менен дәлиллеп, тап ЦеҚаға, жолдас Андроповтың өзине жазып жибердим. «Арзаңды алдық, жақында тексерип көремиз», деген жуўабын да алдым. Енди мен сениң КГБ ыңнан қорықпайман, соның

агенти екениңди билсем де қасақана саған айтып отырман усыны! Бар, баратуғын жериңе!

— Еситтиң-ғо, Айтжан!—Бердәмбет Айтжанға ийек екшетти.—Сен де еситтиң Палўанияз!

— Бир ҳәзлесермиз десек, нәшени ушырдыңыз-аў! Қоя қойсаңыз-дә!

— Қойылмайды, усындай гәпти баслап берген өзиң, енди темир қуйрығыңды кийпиңлетип қашыражақсаң! Айтасаң ҳәзир: Мәўленниң гәпин еситтиң бе!

— Еситкеним жоқ!

— Яқшы-ы, сен еситпесең басқалар еситти! Қашып кетсең, намәртсең Мәўлен, замлықтан да уштың, үйге де дарыма, қараң жуғады сениң! Сени журттан изолировать еттириў керек, изолировать! Қашып кетпе-е!

— Қашқан қатын! Жолыңнан қалма, гөрсаўат, фанатик!

Бердәмбет ҳеш кимниң тәўеллесине де қарамады, сатыр-сутыры шығып кетти, тез кетпесе ашыўы басылып қалатуғындай тез-тез жүрди.

Оның ғәзеп пенен жүрип баратырғанын тамның саясында отырғанлардан биринши көрген Жәлимбет: «мен билсем, тап усы үйде урыс болды! Бердәмбет қәҳәр менен баратыр, жүрисин көрдиң бе, милиция шақыражақ адамның жүрисиндей! КГБ ға агент деседи, ырас па!

— КГБ пияншикти, нәшебентти алмайды!—деп билгишсинди Назарымбет.

Арадан ярым сааттай ўақыт өтти. Қызкеткенниң көпири жақтан суйық жапырақ көк әскерий форма кийген, погонлары қуяшқа шағылысқан еки әскерий адам бери қарап жүре берди. Буны да биринши болып көзи шалған Жәлимбет:

— Бизиң айтқан келмеди ме!!!—деди киятырғанларға бармағын шошайтып. —Әне, киятыр! Тап, милиция да емес, КГБның ғана формасы!

— Ҳаўўа, ҳаўўа! —Назарымбет апалақлап қалпағын изледи. —Бизге шатақ болады, әпиў етиң, КГБ тегинликте жүрмейди!—деди де шеңгел қораның түби менен буққышлап қашты.

— Мен қашпас едим-дәә, домзаққа қамап тасласа, көкнар ишкизбесе, бир мезгилден қалсам өлемен! — деп, оның изинен Хожамберген буққышлап қашты. Бир өзи қалған Жәлимбет албырағанынан ишке қаша-

жақ еди, мүйештен айнала бергенде Қызкеткен бойынан Сазтурғанды көтерип, жуўырып киятырған Турсынди көрди де: «патыраттың бәри иште болған жоқ па? Мен неге ишке баратырман?» деди де лаппа изине қайтып, үстинен оқ көшириле жақтай буғып-буғып қашты, қашқанда да тап жаңағы қашқанлардың изи менен бөденеге айналып жорғалады. Шеңгел қораның аяқ жағында «Ақ туба» алыс емес, нар қамыслары көринип-ақ тур. Шеңгел қора менен «Ақ тубаның» аралығындағы шөп шықпаған қумлықта жән-жағына алақлап, боздың қаўынындай тасырайып қалған Жәлимбетке Назарымбет милиционер бой көрсетип, қалпағын үнсиз былғады да, тағы буқты. Жәлимбет қалпақ сүңгиген шөпликтен алжаспаў ушын көзи менен шөкелеп буққышлай жуўырды.

«Жас балаға мына ийис болмайды» деген соң үкесин көтерип, Қызкеткен бойына сәйир етиўге жиберген қызы Турсын, есалаңға тән алаңғасарлық пенен жалаң аяғын тапылдатып ишке кирди де:

— Апа, апа—деп ҳаплықты.—Үйге еки милийса киятыр! Лағанлары да бар!..

— Мынаў Бердәмбеттиң қашшан жетип қалғанымәй!—Таңланды Нәзигүл.—Адам да жора-жолдасын буншелли байлап бере ме екен?!

— Ол, мен билсем, телефон урған! Жететуғын ўақты болған жоқ.

— Мен қайтаман,Палўанияз! Мәўленниң кеўили бар, өтирик сөйлей алмайман, мени гүўаға тартпай-ақ қойың!

— Мен ҳеш нәрсени еситкеним жоқ, Нәзигүл, сен де, сен де аўызыңа бек бол, Нурлепес! Шық та қаш, Айтжан, өтирик сөйлей алмасаң, бәле сеннен келе жақ!—Айтжанды шығара берип:—Ашыўланба, албырама, иним, ашыўлансаң өзиңди алдыртып қоясаң, екиншиден, ҳеш нәрсени мойынлама, үлкен артистлик тап усы бүгин саған керек, өтирикти шындай ет!..

Әйне усы ўақытта Айтжанды алдына салып, еки әскерий кирди. Мәўленниң сап-сары жүзи қуўарып, өли шырай урып сала берди. Келгенлердиң биреўи орыс екен, «орыс честный болады!» деп, соннан питегене үмит етти. Жергиликли подполковниги қарақалпақ қусаған, анаў орысы полковник, екеўиниң де түринен

муң аралас қәҳәр, қысылшаңлық пенен қаталлықтың арасындағы әжептәуир бир ҳалат сезиледи.

Келгенлер отырғанлар менен қол алысып болған соң:

— Бул иске дым қатнасым болмаса да мына жигитлер жолдан қайтарды,—деди отырып атырып, зорланып әкелингендей нарыйзалық даўыс пенен Айтжан Еркетаев.—Мен еле де қайта берейиндағы, көп жылдың коммунистимен, меннен гинират таппайсыз!

— Отыра турың, ақсақал, ҳаслыңыз мусылман ғой, ақыры!—Жергиликли жигит даўысын көтериңкиреди.—Ҳәзир буларды жубатқандай адам керек болады, биз военкоматтан келип турмыз,—дегенде барып, Мәўленниң жаны өзине кирди. Жигит есикке таман малдас қурынды, полковник күтә ыңғайсызлық пенен бөксесин төсекке басып, еки дизесин қоса қолын тарақлап отырды.—Нурлепес ағай қайсыңыз!—деди сынық даўыс пенен жергиликли жигит Палўанияз, Нурлепес, Мәўлен үшеўине алмагезек қарап. Турсын есиктиң аўызында үкесин көтерип тур едидағы, Мәнигүл сырттағы ошақтан азанлы берли шөп қыстырса да қоймай бүлкилдей берген ақ қаслы қыйналар қабағына күл жағып атыр еди. Иштен бийхабар:

— Мынаў ағамыз Нурлепес деген!—Мәўлен ийеги менен Нурлепести нусқады, бул не гәплер екенине түсинбеген Нәзигүл аң-таң, Турсынның болса хабарды еситкенше асығып, жаны шығып баратыр, Нурлепестиң геллеси дым ислеп турған жоқ, «Баласы аман болса болар еди, мыналардың гәпиниң рәмәўизи жаманғо!» дегенди тек Палўанияз ойлап, гүдикленди, Айтжан «келмей-ақ қойыўым екен, бул жин-жыпырлардың арасына қалай түсип қалдым?» деп өкинип отырдағы, Мәўлен ишинен Бердәмбеттиң сыйынған пирлери менен қосып, заў-затын қалдырмай сөгеди, тислененеди: «Булар үсейтип отырғанда еле КГБ дан адам келер!»

Жигит сөзин даўам етти:

— Белиңизди беккем буўың, Нурлепес аға, бизлер жақсы хабар әкелген жоқпыз!..

— Я-ааа алла, жаманлығынан өзиң сақлайгөр! — Нәзигүл сезикленди.

— Улыңыз—қатардағы жаўынгер Нурқасым Нур-

лепесов туўысқан Ауғанстан топырағын душпанлардан тазартып журип, қаҳарманларша қазаланды!!

— Аҳ, не дейсе-ең?! Кимниң топырағын?!

— Ауғанстанның! Кешки саат он екиде аэродромға табыты келеди, сизге де аңсат емес, еситтириў бизге де қыйын, не иләж! Әжелге шара жоқ, мине, мынаў қағазы, бизлер де сояқта боламыз...

Келгенлер турды да шығып кетти, қолында сондай қағаз еле көп, еле көп жерге барып, көп үйлердиң ошағына қан қуйып кетерин соннан-ақ аңлаған Мәўленге: «Брежнев өзиниң баласын жиберди ме екен Ауғанстанға?!» деген бир жилли қыял келе бергенде Нәзигүл Нурлепеске бойын таслап жылап жиберди, ал есиктиң аўызында лал болып турған Турсынның әжел деген барлық қорқынышы менен санасына жеткени де сол, үкесин жерге де қоймастан бай-байлап, барқылдап бақырып, сыртқа шығып кетти:

— Кише-ее, әжағам өлипти, әжағамнан айырылыппыз!—деген бәд даўысы шеңгел қораның арғы басындағы «Ақ туба» қамысларын тасалап буққы таслағанларға да ап-анық еситилип, бирине бири:

— Нурекең қурып қалыпты-ғо!—десип, өрре-өрре турысып, үйге асығысты. Булар сырттан даўыс шығарып киргенинде Нурлепес пенен Палўанияз таўланысып тур едидағы, Нәзигүл өзиниң шашын өзи жулып, Мәўлен: «Адам болған соң өледи, оның несине жылайды? Бир солдат өлген менен дүньяға апат келетуғындай өкириседи-ә әбден!» деген қыял менен сазырайып отыр еди. Мәнигүл болса еситкен пәтте-ақ сыртта талып қалған. «Нурқасым ағам өлип қалды-ыы, ўай-ўаай!» деп бақырыўы менен Турсын Әмирханның үйине жүўырып баратыр. Қолындағы үкесиниң жылағанын еситпейди де, билмейди де, жерге қойып кетиў де есинде жоқ.

Қыздың қолайсыз барқылдысынан оянып кеткен Әмирхан:

— Неге барқылдайсаң, жин урды ма сени!!!—деп жекиринип жиберди. Қыз бурынғыдан де бетер барқылдап өкирди:

— Нурқасым әжағам өлип қалды-ыыы, өлип қалыпты-ыы!

— Ол армияда-ғо, ҳаў жинли, қой деймен үни өшкиррр!!!

— Уаянкәмат айтып кеттиии, ўай-ўааааай!—Қыз қалай апыр-тапыр келген болса, шашлары уўдар-дуўдар болыўы менен солай шығып кетти. Қыз кеткен соң баланың Аўғанстандалығы, ҳәр күни онлаған табыт келип турғаны есине түсип, уйқысы бирден ашылып кетти.

Шығып тың-тыңласа тап бир мыңлаған қасқыры, шағалы араласып улысып атырғандай болып атыр уллы ўай-ўайда-бай-бай! Епелеклеп анадайда Назарымбет милиция жуўырып баратыр.. Әмирхан да шалашарпы кийинип шықты, жол-жөнекей Жердашқа барды:

— Бизлер жайғастырмасақ, бул бийшараның бизлерден басқа кими бар, барайық, неси бар, неси жоқ, ҳал сорайық, жубатайық,* бенденин басына салмасын бундай күнди! Маңлайы қара, баласын үйлендирип не қылады-аў! Қаримулла да қызық мақсым екен өзи! Үйленбегенде бәле жоқ еди, екеўи де пәкизе инвалид, қалып турып еди әскерликтен! «Жарлының Узақбайы шыррыйып, қуўырмашын төкти» деген усы!..

Әмирхан шыны менен-ақ куйинди, Нурлепести аяды, Нурлепес көзине бир заматтың арасында бурынғыдан да бетер шөгип қалғандай көринди көзине. Нурлепес, тағы басқалар буннан бир-еки саат алдын гиябентлер ўақ-шақ болып, түрли жақтан әңгиме қашырып отырған сырттағы гөне-көкси көрпешениң үстине шақырылып еди. Бул отырған ғаррылардың ишиндеги абырайлысы жақында көшип келсе де аўылға бийлигин көрсете баслаған Палўанияз темир қуйрық:

— Қудай да керегин алады, шүкир ет, Нуреке, қудайға шүкир, қолың еле де қуры емес ғой,—деп еди, отырғанлардың да гәси төмен қарасып, гәси гүрсинисып: «Ҳаўўа-дә!» син берип ғаўқылдасты. Палўанияздың сөзи аўызында:

— Ендиги жағында белинди беккем буў, қартайғанда перзент зарын тартыў саған да аңсат емес, билип отырмыз, билген менен не иләж, әжелге шара жоқ. «Қыйналма» деген менен қыйналмай отыра аламысаң, қыйналасаң әлбетте, баўырыңның бир жағы жулынып атса қыйналмай не қыласаң, бала деген—баўыр етиң! Балаң шеҳит, мусылман динин душпанлардан қорғап жүрип, бир адым болса да, кәсийетли Кәбаға жақынлап шеҳит кетти, бул да алла тааланың бендесин жарылқағаны, ҳаўўа! Кәнекей ҳәммемиз ислам дини ушын

үсейтип шеҳит кете берсек! Айтарым, өлгени менен өзи жайғастырылмайды, «қонақты» жайғастырыўдың ғамын жейик, ел ағасы Әмирхан, Жердашлар келип отыр, көте-ер басыңды, айт арзыңды, кемис-қутығыңды, бүгинги бир қойың менен, қалған жағын сал мына азаматлардың мойынына!..

— Қойып турың ақсақал,—алақанын тосып, сөзди Әмирхан бөлди,—Ғәрежет жағын шөлкемлестириўди Жердаш екеўимиз мойнымызға аламыз, тойын да саўдық-ғо, сөйтип керегимизди дүканға жаздырып алып саўамыз да жиберемиз, әли өз ғәрежетин өзи көтереди, ағайын жек-жаттан келип атады ғой әйтеўир! Тойға ағайын жора-жолдаслардың алып келген ғәрежетлери жазылған бир дәптер бар еди. Соны Нурқасымға: «Сандығыңа беккемлеп салып қой, биреў той-пой берсе, усы дизимге қарайсаң да дизимде бар болса сен де шамаңның жеткенин апара бересең, бүгинги журттың әкелгенлери мойныңа қарыз, соны умытпа» деп зинҳарлап берип едим, сол дизим сандықта бар шығар, биринши нәўбетте соны таптыр, Нурлепес аға!

— Ҳәзир дизимниң неге кереги бар, Әмирхан-аў!..

— Қызық екенсең, Жәлимбет аға! Мынаның ҳәзир ағайинлери есине түсе ме, көрип отырсаң ғой, әўселесин! Айттырылатуғын ағайинлердиң бәрин ҳәзир сол дизимнен билемиз, аты-жөнин айтсақ районлары, мәкан жайы есине түсер Нурлепес ағаның. Оннан соң мен МВД дағы шеригим арқалы барлық районлардың нәўбетши милицияларына тәртип бергиземен, олар мотоцикл, машина менен адамларын жибереди де бир майданда айттырады да шығады!

— Әне, бунық бир таптырмайтуғын ақыл болды!

— Тойында бир майданда сөйтип айттырдық та шығардық. Сөйтпесек бул байғус ҳәр районға кететуғын айтыўшыға бир-бир машинаны қайдан таўады?

— Онда сандықты ақтарыў керек болды-аў, ҳаяллар уўласып-шуўласып атыр, оны қалай аламыз?!

— Қайда тур өзи?!—Жәлимбет тиришеленди.—Турған жерин айт, Нуреке, мен аламан да шығаман!..

— Ҳаяллар отырған жайдағы кәттиң астында!..

Шынында да талықсып атырған, бай-байласып атырған ҳаяллардың арасынан еплеп барып, Жәлимбет сандықты алды да келди. Қулпы да, қулып уратуғын жери де сынық, әлмысақтан қалған гөне сандық

ашылыўдан ақ супке әлпешленип оралған қағазлар— бул марҳум Нурқасымның Мәнигүлге жазған хатлары екен, оқып көрип, сөйдеди Мәўлен. Оннан соң Нурқасымның супылық шапаны, геўиш-мәсиси, көйлек-кенщеги.. Дәптер солардың астынан шықты.

Бул отырғанлардың саўатлысы Мәўлен жаңа дәптерге гөне дәптердеги дизимди көширип жаздыдағы, мәкан жайларын Нурлепестиң өзинен сорап ҳәр кимниң өз тусына жаздыдағы Әмирханның қолына услатты.

— Буны енди «питкен ис» деп қоя берейик, Жердаш, сен қырық тоғызыншы дүканға бар, жағдайды айт, мени айтты де, сөйт те жаздырып, керегиңди ала бер, Палўанияз аға, қойыңды келтир!

— Ўәй, қой тайын-ғо!..

— Ири малды да сен таўасаң,—деди Жердашқа.— Мынада рейси жазылыпты, келетуғын ўақты түнги саат он еки. Мен соған бир автобус таўаман, бул бир, екиншиден, мына дизимдегилерге хабарлатаман, ал онда яқшы, мен усы еки жумыс пенен кеттим! Әне, Гүлимбай Нағыметович пенен Айтбай финагент те киятыр, солар менен еплесе бериң, қатынларды нан жабыўға шығарың, ун алдыр Жерда-ашш!

Түсликке келгеннен «Волгасы» гаражға киргизилмей, есиктиң аўызында тур еди, отырды да кетти.

«Тасқынлық» аты «Тасқын» да бола қоймай «Тасқылыққа» айналып кеткен Тасқылық Тәжимуратов автотрестке жүдә бир көп өтинишли асығыс хат жазып атыр еди, «ассалаўма-әлейкум» деген даўысты Әмирхандикине шырамытса да усындай ўақытта оны келе қояды деп ойламады ма, я директорлық креслосында тәкаббырлығы тутып, таныса да: «яшуллы болса болады-дә, бир ели пәске түсирейин!» деди ме, «ўәлейкум» де деместен, көзин хаттан үзбестен, ручкалы қолын келген кисиге созды. Әмирханның жәҳли шыққаны, соншелли, бар пәрманы менен қолын қағып жиберди де, даўысының барынша:

— Ту-уурр ешек, орныңна-аннн!—деп бақырып жиберди. Мынаў бийжағдай даўыстан шоршынып, ишке басын суққан секретарь қыз басқан қәдемин жер көтергисиз шер баслығының мынаў биреўдиң алдында пышықтың алдындағы тышқандай болып турғанын көрди де, жаңа сорамай-соқпай кирип кеткенинде бир

гәп барлығын түсинди ҳәм баслығын қысындырмаў ушын-ақ есикти мықлап жаптыдағы, дән шоқыған ләйлектей машинкадан ҳәрип шөплей берди.

— Ўай-ўай, әжаға! Сиз екениңизди билмей қалдым, әпиў ет!

— Усыннан «ҳүфф!» деп жиберсем-ғоо әйнектен қаңбақтай ушып шығып, отырған гүрсиң түўе усы автобазаның дәрўазасын таба алмай қаласаң! Оннан соң трестке мен қойған адамм... сени өзине шоферлыққа да алмайды!..

— Ол дурыс, түсинемен-ғо, ол дурыс, бир бийғамлық кетти...

— Муқым тыңлап ал, тыржық, жаман! Сонша жыл малай орнына жумсаған Нурлепесов Нурқасымның түнги саат он екидеги рейс пенен табыты келеди, саат ноль-ноль он бирде аэровокзалда бол, «Волга» менен еме-ес, автобус пенен!..

— Трест начальниги «Кешқурын Тахтакөпирге барамыз» деп...

— Бар-май-дыы! Кеште Нурлепестикинде болады!.. —деди, тамам, қапыны аяғы менен ашып, изин де жаппастан шықты да кетти. Тасқынлық ҳәйран: «Трест начальнигиниң Нурлепеске не жақынлығы бар еке-ен?..» Сөйтти де бас инженерин телефоннан излеў менен болды.

Алдында өзи «Волгасы» менен баслап, елиў адамлық автобусты пил жетелегендей етип, Тасқынлық Нурлепестиң есигиниң аўызына қаңтарғанында күн еле бата қойған жоқ еди, жән-жаққа жалтақлап, трест начальнигиниң машинасын излеп көрди, жақ, улыўма айтқанда жеңил машина түўе келип турған жүк машина да көринбеди, тек абыр-сабыр кирип-шығып атырған бала-шаға, қос бүйирин таянып, туў анжақтан даўыс шығарып киятырған жек-жат, қоңсы-қоба, жақын жердеги еситиўден шыға берген ағайинлер. Анадайда Тәңирберген Шаббазов, билеклерин түринип таслап, батып баратырған қуяштың қан қызыл нурларын айбалтасының жүзинде жалтылдатып, тақтадан тоқылдатып табыт соғып атыр. Өтеп томпақ тирсегинен жийдениң шақасына қыстырып, бир семиз қойдың терисин сыйырыў менен ҳәлек, ол бунық менен ымласып сәлемлести. Айтжан Еркетаев:

— Сен Бердәмбетти шақырып кел,—деп тапсырма

берип атыр Мәўленге.—Сеннен басқа оның үйин билегуғын ким бар, ашыўды қой, себеп пенен жарасып кетесиз,—деген соң «оныкинен кетсем кимдикинде боламан!» деген уўайымда отырған Мәўлен:

— Мен бундай хызметке ебетейсизлеў едим, басқа қапылып па!—деп, тоңқылданып кетип баратыр. Домкомлығы алынғаны менен көше бийлиги өзинде қалған Айтбай финагент бақырып-шақырып, ҳәр кимди ҳәр жаққа жумсап, судигардағы ала ғарғадай қостаңлайды. Иштен Тасқылыққа Нурлепести шақырып берип, кеўил айттырған да өзи, усындай үлкен адамлар келгенде өзи күтип алып, өзи үй ийесин иштен шақырады, өзи белгиленген қонақ жайға баслап барады:

— Отырсаңыз жай таяр, Тасқылық иним, үлкен азаматлық еттиң иләйым, тойыңызда хызмет қылғаймыз: Жүр, қонақ жайыңа апарайын, исшилерге Жердаштың үйин қойыппыз, пәкизе, конденционери бар, бир-бир шәйнек шай ишиң.

— Рахмет, аға, бизлик хызмет болса таярмыз, шай ишиле берер, Әмирхан аға келмеди ме?

— Бай-боой, оның ўазыйпасы аўыр, иним, ол он еки районға айтыўшы!

—Соның бәрин бир өзи мойынына алып кетти ме?!

— Бир өзи! Ҳәзир бир жерлерде жүрген шығар,— деп атырғанда:—Киийм!—деди Гүлимбай Нағметович басын қасынып турып. Бунық қышымайы тағы қозып, жақыннан бери үйинен шықпай жатыр еди, даўыс шығып атырған соң әри домком, әри қоңсы, әри мусылманшылық, келмеўге болмай қалды, келип еди, енди тула бойы дуўлап қышытып, кетейин десе мына Тасқылық я үйге кирмейди, я кете қоймай бүлдирип тур, турғанлар менен тура берейин десе арқалары, қолтықларының астылары шыдатпай баратыр, топлым журттың көзинше шыбынлаған байталдай жулқына бериў де уят.—Тасқылық, сен Әмирхан ағаны сорап турмысаң, ол қашша-аан исин питкерип келди! Келди де кетти... Ал енди, қайда кеткенин ол кисилер айта бермейди-ғоо ҳәммеге, ол бир Жәлимбет бақыраўық па өйтип! Бир барса, аэропортқа барады ол! Табыттың қағазы соның қолында.

— Билмедим ким екенин, буйра бас, пасом бир жигит бар!

— Әмирхан ағаның машинасы менен бирге жүрген-

дидағы?—Билмегенсип сорады Тасқылық. «Буйра бас пасом болса бизиң начальник онда!» дегеннен басқа қыял келмеди басына.

— Ҳаўўа, екеўи бир машинада жүр, ғошшым,— деди Палўанияз.

— Онда бул жерде не питкеремен, соларды таўып алайын!

— Тез тап, тез, тез!—Гүлимбай бирден қыстастырды.—Бирақ мени үйдиң қасына таслап кет, бир ис шығып қалды, звонлайман да қайтаман,—дегени менен Гүлимбай Нағыметович бул жерде қайтып төбесин көрсетпеди. Тасқылық оларды аэровокзалдан да таппай туўры үйине келди де шешинип, жигирма минуттай уйқылап алды, оның усындай қус уйқысы бар, соң сеңктей болып, сергекленип шыға келеди.

Саат тоғыз ярымларда қаралы жерге қайтып келди. Сыртқа үш жүзлик үлкен лампочканы қыстырып, жәнжақты жап-жақты етип қойған екен, гүрсиде Әмирхан, Айтбай бирине-бири қарсы қарасып, бир нәрселерди сөйлесип отырдағы, төменге төселген төсекте аўылдың Өтеп томпақ, Тәңирберген Шаббазов, тағы бир-еки жигит -алдына тартылған табақлардан аўхат алып атыр. Булардың бәрин Тасқылық машинасынан шыққан пәтте-ақ көрди. Сондай-ақ, Тасқылықтың тусына келип зеңирейип, неден гәп басларын билмей турғанын Әмирхан да билди, бирақ: «ҳе, келдиң бе, бәрәкәллә, иним», демеди, көрмегендей болып, әлле қандай бир сатылған машинаның даўы жөнинде Айтбай менен гүрриңин даўам ете бердидағы, Тасқылықта бул гүррińди үзерлик шама болмады. Турды, турды, ақыры қорлығы келди ме:

— Бизиң баслық кетти ме, Әмирхан аға?—деди тартыныңқырап болса да. Әмирхан гәпин бөлип, бетине таңланып қарады.

— Сени тек ләттепәм бе десем, ақмақ та екенсеңғо өзиң!—деди кеңкилдеп күлип, күлкисинде ашшы мысқыл, мысқылында бағанағы тәкәббирлығыңды бир алдыңа келтирдим бе, еле несин көрипсең, деген мазмун да бар.—Сениң начальнигиң не жейди бул жерде?!

Тасқылық тас болып, не дерин билмей қалды, басқа жерде айтылғанда бул гәп Тасқылыққа бататуғын да гәп емес, изин күлкиге айналдырып жиберер еди,

әттең, анаў жигитлер менен табақласып отырған өз қарамағындағы шофер—автобустың шоферы еситип қойдыдағы! Лийкин, Тасқылық Тәжимуратов анаў-мынаў ашыўды жутып жибере алатуғын жигит ғой, Әмирханның гәпиң бул да еситпегенсип:

— Тойып ал, ғошшым,—деди өзине жалт қараған автобустың шоферына.—Меннен тартынбай-ақ қой, тойып ал, самолет ўақтынан кешигиўи де итимал, Нөкистиң қай бир самолеты өз ўақтында ушып, өз ўақтында түсип атыр, жеп ал.

— Өзиңиз де аўқатланың, иним, табақ алдырайын! —Айтбай тилге келди. Жигит тойып келгенин айтты, бирақ дәстүрханнан диз бүгип, пәтирден аўыз тийди.

— Тойып келгениң дым жақсы:—Әмирхан жүзин жылытты.—Онда сен аэровокзалға бармай-ақ қой, өзлеримиз барамыз. Шағал көпирден түскен жерде Нурқасымның Карийммулла деген пийри бар, бала соған қол берип, супы болған екен, сеннен басқаны пәжмүрделеў билип отырмыз, ғошшым. Соған хабар бүгин тиймесе, уят болады. Бар да қайт. «Волгаға» Шағал көпир деген жыр ма, мынаў турған жер.

Тасқылық «яқ» дей алмады, бирақ Әмирханның усы қорлықлары ушын заў-затын қалдырмай сөкти, әлбетте, ишинен сөкти дә, оннан соң заў-затын қалдыра ма! Әмирхан изинен:

— Келип, келинниң қасына жатып алма!—деп бақырды.—Хабарың берип кет!

Әмирхан да ишинен: «Моллекең мени албыратқандай етип албыратқай-дә! Жүргейсең-дә Қызылда машинаңды қайда айдап баратырған-ыңды билмей! Әкеңниң аўзын... пәмсиз ручка менен қол алысқаны неси!..» деп сөгинип отырды.

Лийкин, арадан бир-бир ярым саатларды өткерип-ақ келди Тасқылық, Нурлепеске Кәриймолла мақсымның Сирияға кеткенлигин, келсе тағы ярым айлардан келип қалатуғынын, үй ишиндегилериниң қатты қыйналғанлығын айтып, үйине қайтты, өзи де күтә болдырған еди, соған қарамастан өз үйиниң гаражына бура берген «Волгасын» тағы изине бурды: «Аэровокзалға барайын, сонша мийнетти бир пул етермен!..»

Жол-жөнекей өзи әкелип берген автобусты, Әмирханның «Волгасын» қарай жүрди, гезлеспеди. Демек, самолет кешиккен!

Ол жолдан излеген машиналарын аэропортта көрди ҳәм солардың қатарына меншик «Волгасын» қаңтарып, вокзалға кирди. Вокзалдың ишинде ҳәр жер-ҳәр жерде солқылдасып жылап отырған жети жерде шоғыр бар, ҳаял келмеген шоғыр тек Әмирхан баслаған шоғыр екен, соған қарап, Әмирхан мың «пәмсиз» десе де усы самолетте жети табыт келетуғынына Тасқылықтың пәми алысты. Келип Әмирханға тапсырмасын бежергенин, Нурқасымның пийриниң Сирияға кеткенин хабарлады.

— Мениң жүрегим жаман еди, қайта берсем, Әмирхан аға!

— Ҳеш гәп болмас, жүреги бос адам Тасқылық атана ма!—Әмирхан текедей мекиренип күлди. Изин қатар-қурбысы Тәңирберген алды:

— «Тасқылық» деген бул «Тас жүрек», «Тасбаўыр» дегенниң синонимы. Тас жүрек ерир болса бизлердиң ет жүрегимизге шатақ-ғо! Кетсек бизлер кетиўимиз керек!..

Тасқылық көзи менен атып еди, Тәңирбергенниң сести шықпай қалды, яшуллылардан келген Палўанияз:

— Ғалжыңласпай турың, жигитлер!—деп қатал ескертти.—Жети жерде адам жылап отыр, жети табыт киятыр. Биреў болмаса биреў я сөгип жиберер-дә, я «биреўге қулақ кесилсе биреўге кийиз кескен шелли көринбейди» деп қустаны қылар, абырай Нурекеңниң үйинен Нәзийраны әкелмегенимиз, әкелгенде анаў қатынлар менен қушақласып жылар еди! Әне, сонда-ай, ғошшыларым, бир қарақалпақтың басына түскен ис бәримиздиң қайғымыз болыўы лазым, сонда биз ел боламыз. Изимиз жыласып қалды, биз бунда табыт күтип отырғанымыздан бийғәрез келиншек күтип отырғандай ўарқылдаса берсек! «Мыңына шыдаған бирине де шыдайды», сен де «жүрегим жаман» деп қапылта берме-дә, ғошшым, еле өзиңниң басыңда не саўдалар турғанын қайдан билесең, бул—өмир деген, адам бунда талай туўысқанынан, қәдир-билисинен айырылады, сонда қалай төтеп береди сениң жүрегиң! Мен көп жасаған, көпти көрген адамман, мәзи «темир қуйрық» атанған емеспен, айтар ақылым, ҳәммеңизге де, Әмирхан, саған да: ҳәр қашан буннан жаманына да тайын жүриң, жақсылыққа қуўаныў ҳеш жаққа қашпайды!

Әне, сонда қан таспа да болмайсыз, жүрегиңиз де сақланады...

Палўанияз тағы көп нәрселерди айта бермекши еди, белгиленген рейстиң келгенлигин хабарлаған ғаңғырлы аралас-сес сөзди кесип таслады да, ҳәмме отырған жерлеринен қозғала баслады.

Булардың топарынан басқа алты топардың ишинде де ҳаяллар бар екен, буларға қоңсы топардағы бир ҳаял, тап бир, солдаты тири киятырғандай: «А қудааай, келди-келди!—деп, қуўаныш пенен бақырып жиберди, ким билсин, әлле перзентиниң тири киятырғаны елеследи ме. Ҳаял бирден есин жыйып, тири баласын емес, өлген баласының табытын күтип отырғаны есине түсе кетти ме, күлкисин лаппа тыйып: —Кимниң топырағын жаўдан қорғап өлдиң, қулыны-ым! Кимниң динин -кимнен қорғадың, айбатты-ымм!..» деп азнап жиберди, бул азнаў аэровокзалдың күтиў залынан сыртқа шығып, арқадағы жүк қабыл етилетуғын, келген жолаўшылар шығатуғын темир пәнжереге жеткен соң да сембеди. Ҳаялдың еки жағынан демеп келген еки қатынның бири шыны өзбекшелеп:

— Шүкир еет, Сәўле жан, меннен қалайсаң, үйиме еки табыт изли-изинен келди! Мынаў қаралы түркпен қатын Айсултаннан қалайсаң, жалғызының табытын жерлеп, бул да өлмей отыр, шүкир ет, Сәўле, шүкир ет!—деп турып, «ўай-ўайәәй» леп жылап жиберди, буған жаңағы Айсултан атанған ҳаялдың жылаўы қосылды. Бул үш ҳаялдың биреўи қазақ, биреўи өзбек, бири түркпен екени кийген кийимлеринен, сөзлеринен бес енеден белли еди.

— Табыт күтип турған бир орыс жо-ғәй!—деп салды Тасқылық.

— Орыслардың да табыты барып атырғанды-дә, орысыядқа!...

— Барса барып атырған шығар,—Әмирхан гүңкилдеди.—Әдепки жыллары Аўғанстанға түри аўғаннан айнымайтуғын, дини бир Орта Азия халықларының балаларынан айдап салып отырған. Соң бул урыс ашықшасына кетти, ҳәзир Аўғандағы солдаттың бәри орыс, урыс бар жерде қаза бар, орысядқа табыт бармай атырған-ды дейсең бе! Қаланда орыс жоқ болса табыт қайда келсин, бәри баяғы алпыс бестеги тырыспайдан соң-ақ затларын базарларға ийт муты сатып, кө-

шип-көшип кетти. Қалғанлары да мына газеталар «Арал апаты халықты қурытады» деп жүрегин жара берген соң апатсыз жақларға қайқайысты. Қарақалпақ халқына Ленин орденди тек усы жерде жасап атырған қаҳарманлығы ушын-ақ берди-аў деймен Брежнев!

— Бизиң бир биолог инимиз «енди жигирма жылдан соң бул кәрада ийтти байласаң турмайды» деп қапылтты-ғо, сол дурыс па Әмирхан?

— Ийт турмаса да бизиң қарақалпақ тура береди, басқа барар жери жоқ, Палўанияз аға, қай республика жер, автономия береди!..

— Мениң өзим берсе де көшпеймен, әждатымның қәбирлери усында!..

—Қырымда жасармедиң,—деди Тасқылық.—Жердиң жәннети-әә!..

— О кәрада қырым татарларының да жасағысы келип атыр!..

— Әне, табытларды шығара баслады!!

Барлық гәп-сөз доғарылып, барлық дыққат әскерий кийимдегилер табыт түсирип атырған самолетқа аўды. Аспаннан сарқыла түсип, жер менен сықпанап келип тоқтап атырған самолетлардың гүриллдилерин, уша жақ самолетлардың қулақты шыңлатқан ысқырықларын қамастырып шыққан үш қатынның ай-ҳай, бай-байы, өзин-өзи жулып, пәнжереге тасланыўлары, аэропорт хызметкерлериниң:

— Сабыр ети-иң, ҳәзир алып келеди!—деген қыйғырықлары, әлле қайлардан келип, пәнжереден шыға күткен адамлары менен сәлемлескен, кетип баратырғанлардың хошласқан даўыслары пәнжерениң алдын азан-ғазан етип жиберди Анаў-мынаў даўысың еситилмейтуғынлықтан түбинде турған жолдасына да қыйғырып бақырып:

— Тағы, басқа биреўдиң табытын апарып жүрмеймиз бе?!—деп, қәўетерленисип атырған.

Күтиўшилердиң арасындағы әскерий комиссариат хызметкерлери аламаннан сууырылып шығып, ҳүжжетлерин көрсетип, самолет жаққа кетип атты. Прожекторлар менен жалт-жулт еткен алюмини табытлар биринен соң бири кишкене жүкши машинаға тийелип атыр, тийеп атқан да әскерийлер.

Ояқ-буяғы бир саат өтпей темир пәнжерениң алдындағы дады-пәриятлар, жылап-сықласыўлар, жуба-

тысқан, тәўелле салысқан сеслер жети табыттың жети машинаға салынып, даўыс еситилмеске жетиўи мәтдал, пышақ кескендей тыйылып, пәнжерениң алды лолысы көшкен журттай қаңырады да қалды.

Жети табыттың жети үйге қан қуйып, онысыз да усы хабар өзеклерин өртеп, уўласып-шуўласып отырған жақын-жуўықларын бурынғыдан—ҳәм бетер өгиздей өкиртип, аққуўдай сыңсытып, түнги аспанды жүреклерди зырқылдататуғын мәңги айралық, мәңги жудалық зарына гүңирендиретуғыны кимге мәлим емес! Түнги екилерде автобустан шығарылған табыттың үстине бой таслап жылаған Нәзигүлди аламан ажырата алмай аўара. Мәнигүлдиң жақында түскенлиги, таза келиншеклиги бас пүкил умытылған, шашын жайып жиберип, өз маңлайын өзи төбелеп, табытқа жабысарға шамасы болмай, кеше сәскеде гиябентлерге шай берген жеринде, еки аяғын нақолай табырайтып, байбайды салып отыр, буның менен ийттиң иси жоқ. Бир ўақытта орнынан өрре турды да, табытқа қарата қолын шошайтып, шақалақлап күлип жиберди.

— Мына қатынды жин ура ма?!—Айбөрек айып көрип жекиринди.—Ҳәй, Мәнигүл, есиңди жый, сениң ки не?!

— Ўаҳа-ҳа-аҳа, байым өлди, яҳ! Өле қойсын, өле қойсын... Кел, шеше, қосық айтайық:

Әнекей күн баттыып аспан шаңлайды,
Жулдыз шығып жымыыың-ласып ойнайдыыы!..
Әкем келсе сағa-аан инкар қыладыыы,
Аўлағында бир келсеңши, Әўези-и-имм!
Ўаҳа-а-ҳа-ҳа!!

— Әәәй, өлим, үниңди өшир деймен, қаты-ын!

— А қудай тоба де, Айбөре-ек!—Айбөректи былай тартты Үбайда.—Көрмеймисең, өзи моллаға қатынап жининен айыққан сорлы, тағы жинленди, көтере алмады мына қайғыны, ким көтере алады буны, а қудай, дее, Айбөре-еек!..

Адамлар табытты Нөкер Ниязович пенен Сийсенге, соң Нурқасымның өзине ажыратылған өжиреге алып келип қойды. Биреўлер:

— Табыттың үстине муз қойғанда тәўир болар еди, —дести.

— Оның ушын холодильниктиң директорын таныйтуғын адам керек, ким таныйды? Барып, үйинен оятып, қараўылына звонлатса болып тур, сондай қәтерели танысы бар ма?!

— Бар!—Айтжан Еркетаев Бердәмбетти ертип келип, оның менен әлле қашан жарасып та үлгерген, «бул журт, өлгенге усыншелли шуўласа бермегенде не қылады, өлсе өлипти-дә, ол бир, Маркс пе еди, өлди бир самсам, дүнья бир гегирдектен қутылды, оның несине жылайды, туўылдың ба, өлиў шәрт, билмейди бул журт заңлылықты» деп ол ҳәммеге күйинип турған Мәўленди көрсетти.—Мине, Ғәриптиң жорасы! Машина менен барса алады да қайтады!

— Машина бар ғой, барып қайт онда, Мәўлен!—Әмирхан да усындай сыпайыларды биймезгил жумсап қыйнай алса ҳәз етеди.—Мине, Тасқылық, әне «Волгасы», «зырр» етип барасыз да қайтасыз. Қорықпаң, қағың айнасын, Ғәрип болса болыпты-дә, Шәҳсәнеминиң қойынынан суўырылып шықсын да звонласын, дым болмаса мени жиберди деңǃ..

«Бармайман» десе мына топлым журт бул екеўин адамгерщиликтен сызып таслай жақ. «Шаршап, шалығып, әбден уйқы қысып турғанына қарамастан екеўи бирден Әмирханның заў-затын қалдырмастан, әлбетте, ишинен сөгеди-дә, еситтирип сөксе аўҳаллары шатаққо, сөгип-сөгип кетти. Таң атайын деп турғанда келди сол кетистен. Келсе бул кәрада адам қалып та жалшымапты, қатын-қалашлар да даўыслары қарлыққанша жылай-жылай кими талықсып, кими уйықлап жым болған. Сыртта қуман услап Палўанияз жүрген екен:

— Уәй бәрәкәллә, инилерим! Өзлериңиз қаластырып таслай қойың, инилерим,—деди шеңгел қораның түбине баратырып.—Ҳәзир сизлерге көмеклескендей адамның ирети жоқ, табыттың үстине, қапталларына қоя бериң, салқыны ишке өтсе, иншалла ҳеш гәп болмас!..

Мәўлен өлиден қорықпайды, Тасқылық «қорқаман» деўге мына бийтаныс адамнан уялды. Соның арасынша Мәўлен машинаның артын аштырды да узынлығы ярым метрдей, ени еки қарыстай төрт қырлы кесек музға әдеп өзиниң қолын музлатып көтерди ҳәм баяғы секретарьлық ҳүким менен:

— Неғып турсаң, шофер жора, көте-ер!—деди, бай

адамлардың бәрин уры, бәрин парахор, бәрин шыррық билип, соларды көриўден әжийнеси тырыса беретуғын Мәўлен шофер емеслигин билсе де қасақана айтты.

— Мен шофер емеспен!..

— Тубинде шофер боласаң-ғо, көтере берсе!

Тасқылық Мәўленниң-ҳәм заў-затын қалдырмай, әлбетте, ишинен сөгип, бир кесек музды көтергени де сол, қара жумыс ислемей жуқарып қалған қолларын муздың шаққанлығы соншелли, таслап жиберейин десе уят, тасламайын десе шыдатар емес, жүк артылғанда бели талған ешек тез жүреди ғой, тап сондай диңкилдеп, Мәўленниң алдына түсип кетти. Палўанияз әйўанның шырасын да жақпай шығыпты, иши қараңғы, қараңғы болса да дусмаллап, табыт жатырған қапы усы ғой деп жақынлай бергенде ишиндеги өли тирилип тепсинип атырғандай иштеги табыт бирден тарса-тарс, дүңка-дүңк бола қалды. Қолындағы музын таслай кейин серпилген Тасқылық изинде өкшелесип киятырған Мәўленге соқлықты, Мәўленниң қолындағы басынан жоқары көтерип киятырған муз, абырай, Тасқылықтың тас төбесине түспеди, төбесинен ушып барып, өли жатқан жайдың дизбе қапысына сақ етти, соннан Тасекеңниң төбесине түскенде, сөз жоқ, Нурқасымнан бир күн соң буның да намазы оқылар едидағы, бул жерден излеп таппаған тресть начальниги әне, сонда барып, басында сөз сөйлер еди, қудай бул қурлым әжелге сабыр бергизди. Сабыр бергизгени ғой, тири екенин паш етип, әйўанның аржағынан жақтылық ағараңлап көринип турған ашық қапысына футболдағы дәрўазаманның топқа секиргениндей секирди, ақыры, балалығында «Социализм» колхозы командасының дәрўазаманы болған едидағы! Қапының сыртынан қолында қуманы, ханнан хабарсыз киятырған Палўанияз өзин бир нәрсениң қатты соққанын, қолынан қуманының ушқанын, сууда шалқалап жүзгендей, ҳаўада қолларының ербеңлеп баратырғанын, жаўырынының бир жалпақ қаттыға қатты түскенин аңының барында абайласа да, көкирек аўзынан қошқар дүкти ме, ол неғып жүрген қошқар, букәрасын ойлап үлгермей-ақ ҳуўшын жоғалтты. Өлген өлиниң бул өмирде қайтып тирилмейтуғынына қатты исенген, ҳәтте «тириледи» дегенди ойына да келтирмейтуғын, марксизм—ленинизмди жастанып жатып оқыған, атеизм бас мийи

түўе бас сүйегине де сиңип кеткен Мәўлен иштеги тасырлыдан сескенген жоқ, оны сескендирген ҳәм бир қапталға жығып кеткен Тасқынлықтың сескениўден тапқан басқысы. Орынынан өрре турып, жамбасын қағып атырғанда «ақыллы адамлар сескенсе, сескенгендей бир бәле бардур!» деген ойы Мәўленди де сескендирип, сыртқы есикке жуўыртты. Босағадан атлай сала оның көргени дийўалға перпендикуляр жасап, шалқасына жатырған биреў. «Тасқынлықпекен?» деген ой менен «Оның ақ көйлек, ақ браги бар еди-ғо!» деген ой жылт етип, қиялына избе-из келди де жатқанның бетине үңилтти, қараса, сақалы аспанға шошайып ерини қыбырлап атырған жаңағы тәҳретке шыққан Палўанияз! Ғайры тәбийғый ҳалда анадайда «лықлық» суў ағып атырған мыс қуманды алды да түбинде қалған суўды уртлап, бетине бүркип-бүркип жиберди. Әйне усы мәўритте қандайдур да жеңил машинаның жүрип кеткенин сезсе де оны «Тасқылық екен» деп ойламады. Өлимханадағы табыттың тасыр-тусыр, дүңкәдүңк дүңкилдисине қосылып, бунның:

— Тасқылы-ық, қайдасаң, Тасқылы-ық!—деген даўысы түстен кейин маңыраған ақсақ қойдың сестиндей уяң ҳәм өлпең шықты.

Бетине муздай суў бүркилген соң есине енип, көзин ашқан ғарры Мәўленниң сүйеўи менен турып отырды ҳәм автор да, Мәўлен де түсинбейтуғын, жаза алмайтуғын тилде «ҳалаҳассалий», бирнеме, бирнеме деп, көкирегине түпирди де, тентиреклеп орнынан турды.

Оны сүйеп ишке киргизе бергенде дүңкилди жақыннан еситилип, ғаррыны да ҳаўлықтырып жиберди ҳәм бул ҳаўлығыў оны бирден сергеклендирди де:

— Турың, ҳәй, турың! Табыт дүңкилдеп атыр!— деп даўрықтырып, иштегилерди тик аяғынан турғызды. «Аппырмай, бала, қудай бендесин жарылқап қайтадан жан бере қойды ма екен?!» деген үмит, ең биринши мәрте Нәзигүлдиң жүрегин жылытып, сыртқа сүрмелеклестирди. Сонда да тап усы ой менен бурын жеткен ҳәм зулпын сыйпалап таўып ашқан Нурлепес әлле нени гүбирлениўи менен табыт сартылдап атырған, айналары тас қамал етип қараңғыланған тас-түнек жайдың дийўалын қарманып, шырасын «жарқ» еткизди. Көзи бирден шашы уўдар-дуўдар, ертеклердеги албаслыға

да, мәстанға да усап кететуғын, түри қорқынышлы Мәнигүлге түскени де сол:

— Қудай-аааауў, көрсетпегенин-ақ көп екен!—деди де өкирип жиберди, буған Нәзигүлдиң, оның изиндеги Турсынның барқылдап жылаған даўыслары бир пада мал саллақханадан шығарылып тасланған қанды ийискеп өкирисип атырғандай таңғы тымықтағы даўыс әйўанға, өжирелерге, үйдиң әтирапына сыймай, тууўў алыстағы «Социализм» аўылларына шекем жаңғырақлап кете берди, кете берди.

Бул өкириклер Әмирханды да оятты, лийкин, «адам өлген жердиң жылаўы-дә, алыстан ағайинлери келген шығар», деди де жатты.

Күн шыға Әмирханның үстине жүрексинип Палўанияз ғарры кирип оятты ҳәм Нурлепестиң келини Мәнигүлдиң өзин-өзи жулып, өзин-өзи тислеп, ҳәммени пәтеңге келтирип, мерекениң тыныш атқарылыўына кесент етип атырғанын, келиншектиң анық жинленгенин айтып:

— Бизден гөре мийиң толықлаў ғой, бир нәрсе айтсең, иним, не қыламыз?!—деп мәсләҳат сорады.

— Яқшы, бара бериң, бир-еки саат шыдасып турың, бир иләжын ислермен,—деп қалды Әмирхан. Палўанияз ғарры кеткен соң әри ойланды, бери ойланды, басқа жолын таба алмады. Соның арасынша жумыстың басланатуғын да ўақты болып еди, МВДдағы ғожығына звонласа, орынында:

— Қашша-ан келип қалғаның ба?—Таңланды.— Министр деген уйқысын қандырып келмей ме екен?!

— Уйқы қанғаннан соң да спорт кийими менен сегиз шақырым жуўырып, қырық мәрте гиртас көтерип келип отырман, өйтпесек жуўанып кетемиз-ғоо Абылла томпақтай! Оның үстине тәртип бизде қатал, ноль-ноль сегиз! А-ал, тағы не таптың, бундай ўақытта звонламайтуғын един?!

Әмирхан қоңсысының баласының Аўғанстаннан табыты келгенин, келиншеги жинли болып кеткенин, енди мерекени саўыўға кесент етип атырғанын, байлап таслаўға ҳеш кимниң көзи қыймай атырғанын түсиндирип, өтиниш етти:

— Соны өли жайғастырылғанша ҚПЗында сақлап бер!

— Биз жинлини сақламаймыз, тийисли жерине жиберемиз.

— Жиберсең жибер, бирақ милиция қосып жибермесең бул жердегилердиң арасында да ҳаялдың ағайинлери бермей жүрер!

— Мәкан жайы қайда!

— Тап бизиң үйдиң қасында, бизиң көшени айта бересең!...

Гәп соның менен тыйылды да, Әмирхан дүканына кетип, түске жақын айналып келсе атанақлы сары машина менен ақ халат кийген төрт жигит Мәнигүлди байлап әкеткенин хабарлады Айтбай:

— Демниң арасында жинлиханаға ким хабарлап үлгерген? Ҳәйранман! Бийшара, кисисиниң намазын да көре алмады-аў, ким хабарлады деп ойлайсаң, Әмирхан?!

— Қайдам!—Әмирхан ийинин қысты. Кимниң хабарлағанын Палўанияз билип турса да тис жармады: «Басқа не иләжы бар, ақыры?..»

Ертеңине түске шекем-ақ барлық айтылған жақын-жуўығының бәри келип болды дерлик. Кимиси үйине раймилициядан машиналы, я мотоциклли айтыўшы барыўдан-ақ қолына илиигенин алып, жолға шыға берген олардың биразы бул үйге табыттан бурын келип үлгерген ҳәм табытты үй ийелери, оның қоңсы-қобалары менен бирге жыласып-сықласып күтип алысқан, ең алыс деген тахтакөпирлилер түни менен жолға шығып, жаңа муз келердиң алдында келген ҳәм қонақ жерлерине жиберилип, бир-бир шәйнек шайдан ишискен де жол азабынан шаршап-шалығып ғылжыйысқан. Олардың бәри қонақ жайларынан азан менен келип, мүсийбет түскен үйде таўланып жылап, ўай-ўай, байбайын берип, тағы қонақ жерлерине қайтқан. Бәри де дийхан адамлар екен, бәриниң де мал-ҳалы, бала-шағасы үйлеринде үлкен адамларсыз қалған, бәри де асығыс. Соллықтан өлини тағы қондырыў керек пе, керек емес пе деген саўал қойыўдың өзи де артықмаш еди, сонда да Нурлепестиң кеўлине бола «ең тыңлайтуғын адамы усы ғой» деген пәм менен Палўанияз Нурлепести шақыртып, Әмирханға соратты:

— Алыстағы айтылған ағайинлериңниң бәри келип болған болса, Нурлепес аға, «миймандны» атландырыўдың ғамына кирисеек! Ҳәмме жумыстың адамы. Тәңир-

бергендикине жиберген қонақларың да, Бердаштикиндегилер де шырпынып зорға отыр, жаңа хабар алғанда сезгеним сол. Енди жүз күн қондырсаң да марҳумның қайтып тирилмейтуғыны мәлим...

— Тағы бир күн қондырайықшы, шырағымды!

— Қондырғанда да болар еди-аў, бул бала қашан дүньядан өтти жолда қанша жүрди, сояқларын ойлап көремисең! Иритип-ширитип апарғанды қудай да жақтырмайтуғын шығар!—Әмирханның ҳөктем даўысы Нурлепести пәсине қайтарғаны менен турмай, ҳаўлықтырып та таслады:

— Бай-бай, еле солай екен-аў, онда өзлериңиз билиң, мен ояқларын түк ойламаппан!..

— Сени сынамаймыз, ойлайтуғын ҳал болды ма, аға!—деп, Әмирхан ендиги жағын шырпылдатты. Бир қашар алдырылып еди, соны сойыўды Тәңирберген менен Өтеп томпаққа тапсырды. Қатынлар етеклерин шемберлерине тығып, нәҳән тай қазанды жуўып атты. Биреўлер гешир туўраўға, биреўлер келгенлерди жайластырыўға, тағы биреўлер көшеме-көше айтып шығыўға таярланып, ҳәр ким өз жумысына айналысып атты. Түске шамаласқанда- Бердәмбет келип: «Саат үшлерде Мәўлен парктиң -руўҳлы оркестрин алып келеди, бул коммунизм иси ушын өлген адам, коммунистлик билети болмаса да, бәри бир, коммунист, буны коммунистлерше әдиўлеп жерлеймиз, жасларымызды қаҳарманларша тәрбиялаўға оғада пайдалы тәсирин тийгизеди», деди, буған ҳеш ким ҳеш нәрсе демей сазырайысып еди, табытты ашқанда сасық ийистиң онысыз да сасып атырған «Ақ туба» бойын жайлап кетежағы елден жүрегине түсип отырған Әмирхан:

— Оғада дурыс ислепсиз, Бердәмбет аға!—деп марапатлады.—Шынында да бир журттан бир журтқа барып, интернационалистлик ўазыйпасын атқарып, коммунистлерше қазаланған адам, бул да коммунист!

Буның гәпин бурынғы пахта заводтың көп жыллық директоры, сақалы, мурты жылмыйып қырылса да, булай басып кириккен көзлери, түбинен өсип кетип, баяғыда салдырған алтыны ушына ғана илинип турған тислери, арық, қатпа болыўына қарамастан көзиниң айналасын торлаған майда әжимлер ғаррылығын паш етип турған Айтжан Еркетаев мақуллады. Бул жердеги усы мақуллаўлардан дым хабары жоқ, Айт-

байдикине киргизилген ғаррылар өз-ара қызыл гегирдек:

— Усы бала шеҳит пе, шеҳит емес пе?—деп, Жәлимбет баслап берди.

— Әлбетте, шеҳит-тә!

— Қойып тур, Тәжимурат, сеннен сорап отырғаным жоқ, мектеп молламыз Зарымбет айтсын!

— Шеҳит болыўдың-ҳәм өз шәртлери ба-ар,—Зарымбет бир зум аўызына сөз түспей қалғандай көзин жумып, селдир сақалын тарамыслап, үнсиз қалды да, тағы даўам етти:—Шеҳит болыўы ушын оқ тийген жеринде жан тапсырыўы, басын сүйегендей-ҳәм ҳеш ким табылмай қалыўы лазым. Бул бендени госпитальдан әкелинди, деп отырсыз ғой, госпитальда да емленген, операция болған, оқ тийген соң нешше күнлерден соң дүньядан өткен, демек...

Зарымбет «госпиталь», «операция» сөзлерин бир орыстың өзиндей акцентсиз айтты, бул еки сөз түўе Зарымбет орысшаға суўдай адам еди. Усы отырғанлардың ишиндеги медиресе питкергени де өзи. Айымбет ийшанның медиресесине батраклар балта салып, қыйратып таслаған жылы питкерген. Моллалар қуўдаланғанда буны тотенше оқытыў ушын кеңес мектебине муғаллим еткен, комсомолға алған жыйналыста: «құдай жоқ, ишкен антым болсын!» деп, арақ ишип берген. Соң милициялардың ат шаўып, шыбықлардың басын қылыш пенен шаўып ойнаған ойынларына өлгейлиден қызығып, милиционер болған да кеткен. Өзи менен медиреседе бирге оқыған тәлабалардың кимисин Бадай тоғайынан, кимисин Шораханда қашып жүрген жеринен тутып әкелип тапсыра берген соң, партияға алып байрақлаған. Уатандарлық урыста жаўды қырып салғаны ушын алған орден, медальлары да көп еди, көплиги соншелли, кемпири елеге шекем ақлықларының топпысына тағып түўесе алмай жүр. Урыстан келген жыллары шамалы милицияда иследи, наганы менен партбилетин урлатып қойғаны ушын истен шығармағанда молла болмас па еди, әлле қайтер еди. Соң динниң жолына шуқшыйып түсти, ҳәзир қып-қызыл молла, қалеген сүреңе мәни береди, қәлеген саўалына жуўап тайын:

— Шеҳит емес, бул гәп, әлбетте, Нурекеңе аўыр тиймеўи керек.

— Онда намаз оқыла ма?
— Әлбетте!!!
— Сууға ендириле ме?:
— Паай, Жәлимбет деймен-аааў!
— Мениң бир билмей жүрген жерим бар, тақсыйыр...
— Қулағым сизде, Назарымбет жан,—деди Зарымбет, қулағы өзинде болса да. Назарымбет сорарын да, сорамасын да билмей екиленип:
— Усы, түсинбеймен,—деди.—Аўғанстанда баяғы бизиң басбашыларымыздайларды «душман» дейди екен, телевизорда да сөйдеп атыр, ал енди солар қайсы динде?!
— Мусылман-дә, ислам growinде, соны да билмеймисең?!
— Ал енди, сол душман мусылманларға қай динди қорғап жүр?!
— Ислам динин-дә! Яғный, мусылман динин!
— Кимнен қорғап жүр?!
— Ғайры диндегилерден.
— Кимлер олар?!
Енди албырады Зарымбет, гәпти басқа жаққа буражақ:
— Анаў беттен хабар алынбаймекен, Назарымбет, хабар ал!
— Яқшы, мен хабар аламан. Сиз бирақ маған жуўап берип алың, тақсыйыр,—бунының жуўабы басқаларды да қызықтырғанлықтан бир-еки жерден «ҳаўўа, ҳаўўа!» деген мақуллаўлар шығып қалды, соннан пәт алды ма, Назарымбет милиция бурынғыдан да шулғынды:—Сиз маған айтың, душманлар мусылман болса, оларға қарсы гүресип атырған аўғанстанлылар сирә мусылман, я меники қәте ме, ҳә бәрәкәллә, әне, мениң гәпимниң дурыслығын өзиңиз-ҳәм тастыйықладыңыз! Сонда аўғанлы душманлар динин кимнен қорғаў ушын урысып жүр! Бул, бир! Екинши, бизден барған солдатлар қай динди қорғап жүр, булар ҳеш қандай динди мойынламайды-ғо, кими комсомол, кими коммунист!..
— Ҳәәй, яман саўалларды бересең-дәә, милиция!! —Зарымбет сәллесиниң шубатылған ушын басына орап, жымқырып тығып атырып сөйледи.—Усыны КГБның адамларына бермес един, заңғар! Кел енди, пәмимниң жеткенинше түсиндирейин. Ояқтың да жарлы-

жақыбай, қул-қутанлары аўдарыспақ жасады, оннан хабарың бар!..

— Әлбетте, хабарым бар!

— Байларын қуўып салды, оннан-ҳәм хабарлымысаң?

— Әлбетте! Сөйтпесе революция жеңе ме, қуўды байларын.

— Сол байлар, бийлер бурынғы үстемлигин қайтарып алыў ушын басбашылық етип атыр, бизлер туўысқанлық жәрдем көрсетип атырмыз, түсиндиң бе, олардың өзи жәрдем сорады, баяғы басбашылардың Англиядан жәрдем сораганындай, түсиндиң бе, биз жәрдемлесип атырмыз...

— Тағы бир саўалым...

— Енди мийимди айналдырма, берекет тап, Назарымбет!!

— Жақ, жақ, тек мынаны айтсаң болды: бизиң усы өлип келген баламыз мусылман ба еди?..

— Қалай-қалай гәпиң, мусылман болмаса даңғаралы пийрге супы бола ма, супы еди-ғо, бул бала!

— Сонда бул бала Аўғанстанды мусылман дининен неге қорғады?

— Патшаның буйрығы—алланың буйрығы, оны бежермек барлық мусылманға ўажып!

— Өтири-ик! «Алла «мусылман дининен тазарт» деп, мусылманларға буйрық бермейди. Сен шаа-ла саўат екенсең, Зарымбет, енди билдим. Ең болмаса мына нәрсени шешиў сизиң ўазыйпаңыз: балаға намаз оқыла ма, оқылмай ма!

—Оқылады.

— Онда суўға да ендириледи-ғоо!..

— Ҳаққыйқа-аат!...

Көкнардың нәшеси қысып, «ең болмаса ғаррылардың үстине барып, бир жутып шығайын» деген үмит пенен келген Бердәмбетти Жәлимбет отырар-отырмастан саўалға тутты:

— Намаз оқыла ма, оқылмай ма?!

— Анаўыннан бир жутым бер, оннан соң айтаман!

— Мә-мә, жут та айт!..

— Пай-пай-пай!—Кесаны босатып, Жәлимбетке созды.—Енди бир шәйнек шай талап етеди бул!

— Бай-бааай, Бердәмбет, Назарымбетке қалдырмапсаң-ғо, тап саған кеса услатпаспан деп едим, ар-

ғысымда жоқ мениң!—Кесаның түбин ҳәммеге көрсетти.—Мине, Назарымбет, обалың Бердәмбетке! Енди езгендей көкнар-ҳәм жоқ!—деди кесаның нәўбетин күтип, қылғынып отырған Назарымбетке. Назарымбет бир түрли болып кетти:

— Бәри өзиңнен! Талай айттым саған, ҳәмме арақтан аўған мендей инсаплы ма! Арақтан аўған нәшебентке ең кейининен бе-ер, олар арақтай етип симиреди де тамшы қалдырмайды, кесаны төңкерип үйренген найсаплар демедим бе саған!

— Десең енди, саған өзимнен кейин бережақ едимғо, Бердәмбет шыдатты ма, сорап алды!..

— Қәне, даўды қойың!—Бердәмбет алақанын ортаға созды.—Көкнар керек болса Нурлепесте көп, бар да алып қайт керегиңше!

— Сөйтсек-ҳәм болады екен-аў!—Шығып баратырған Жәлимбетке:

— Ҳееей, қойып турсаң-ә!—деп ирикти Бердәмбет. —Бир жасыңнан гиябент болсаң да, жаныңды көкнар сақлап турған болса да, қойып тур, ақыры! Жаңағы саўалыңа жуўап алмайсаң ба?

— Оны еглеме, Бердәмбет!—Назарымбет шулғынды. —Жуўабыңды өзим айтып беремен,—деп еди, Жәлимбет есиктен шығыў менен бола берди.—А-ал, айта бер жуўабыңды, бәримиздиң де билгимиз келеди!

— Бала жәҳән революциясының жеңиси ушын интернационаллық ўазыйпасын атқарып жүрип, қаҳарманларша қазаланған коммунист, оны сизлер келиңи қутыла алмай биийзар болып отырған өзлериңиздей мәпилик нәшебентлерди көмген жол менен көмежақсыз, көмип бопсы-ыыз, бул жерде биздей, Айтжандай коммунистлер ба-ар!

— Суўға да ендирмейме онда?!

— Суўға да ендирилмейди.

— Қыйсық сырнай да шертиле ме?!

— Қыйсық сырнай да шертиледи!

— Онда мына Сейтмурат Хожанов пенен Абылла партизанды жерлегендей болады екен-ғо, оған обкомлар да келди...

— Буған ғой обкомға хабарланбады-дә, бирақ қыйсық сырнайын өзим таярлап қойыппан!—Саатлы билегин көз алдына кесе тутты.—Келетуғын ўақты да болыпты, бир шәйнек шай да бермедиңиз-аў. Әй, зәлели

жо-оқ, пул жыйып отырған столдан-ақ ишемен!

Бердәмбет шығып кеткен соң биреў-биреўге қарасты, ҳәммесиниң көзинде де: «бул қалай болды?» деген саўал.

— Әй, өзлери биледи-дә,—деди Зарымбет немғурайлы.—Заманына жарасса ислей берсин.

Жәлимбет көкнар әкелип езип, кәмине келтире алмай атыр еди, бир топар орыс, кәрис, қарақалпақ балаларды жалтырасқан қыйсық, дүзиў сырнайлары, жәнжүңи, үлкен дүңкилдек барабанлары менен қоса Бердәмбет булардың аўызындағы өжиреге әкелип отырғызып, Өтеп томпаққа «шайын, азық-аўқатын кем қылма» деп, зинҳарлап кетти. Булар лалаўласып орыс тилинде қатты-қатты сөйлесип, биразлары: «бир майданнан шертип жибере бериўге саз ба, саз емес пе», соны анықлаў ушын-ақ, гәси флейтасын бир сыңсытып, гәси үлкен сырнайын «гүңк» еттирип, ҳәр ҳәрекети менен төрги жайдағы нәшебентлердиң нәшесин бир үркитип отырды. Ҳеш нәше менен хошы жоқ Зарымбеттен басқасы Бердәмбетти сөге берди, сөге берди, әлбетте, ишинен-дә! Еситтирип сөккендей мәрт қайда!

Саат екилерден аса бергенде аўқат тартылып, ғаррылар да, аўыздағылар да бир заман жым болысты, соң табақлар алынды, пәтия етилди. Аўыздағылардың әсбап сазласпасы, сырнай сестиниң нәшебентке жақпайтуғын анда-сандағы «ғаңқ-ғуңқлары» тағы еситиле баслағанда: «Сизлерди-Бердәмбет аға шақыртып атыр,» деген сөзлер еситилди, төрдегилер Тәңирберген Шаббазовтың бири бирине урылған таяқ сестиндей тақылдақ даўысын таныды ҳәм: «бизлерди-әм шақырған шығар», деп, гәси шапанын жыйнап, гәси басына сәллелерин орай баслап еди, лийкин, аўыздағы «ғаңқылдыдүңкилдини» дым еситпеў ушын нығызланып жабылған ишки қапы ашылмады, аўыздағы өжиреден көтерилгенлердиң аяқ сеслери де, орысша, қарақалпақша араластырып сөйлескен ғаўырлылары да бири қалмай суў түбине шөгип кеткендей жым-жырт, жым-жырт бола қалды, сыртқы өжире қапысының «сарт» етип жабылғаны сол өжиреден шыққан соңғы сес екен. Төрги өжиредегилер бир зум үнсиз қалысты ҳәм бирине бири: «бул қалай болды?!» деген таңлағын үнсиз аңлатысты. Тынышлықты биринши болып, булардың ишиндеги Жә-

лимбет бақыраўықтан соңғы жеңил тәбиятлысы Назарымбет милиционер бузды:

— Мектеп молламыз—Зарымбет аға бунда отыр! Бунысыз қалай өли шығарады! Мың большевик бола қойсын, намазы оқытылмай өли шығарылып атырған жоқ, Абылла Ерманов пенен Сейтмурат Хожановтың да жиназасын Айтбай домком—финагент түнемелигине ғаррыларды жыйнап, жасырып оқытып берди...

— Сууға да ендирилди ме?!

— Ендирилгенде қанда-аай! Қушақлап жууған Бәрзиў! Абылланың қурым пальтосын өлемен дегенше кийди-ғо, ҳәзир сол пальтоны Бәрзиўди қушақлап жууған ғарры еле кийип жүр!..

— Айтпақшы, буны сууға ендирди ме екен?!

— Сууға ендирилмей өли шығарыла ма?!

— Сууға ендирилетуғын болса «сүйекке қосылатуғыныңыз бар ма?» деп, келмей ме биреў?!—Жәлимбет шулғынды. Зарымбет:

— Сабыр ет, Жәлимбет, келип қалар,—деп парасатқа шақырады.—Сен тайын болып отыр, Жәлеке, өзиңнен қолайы жоқ.

— Шақырылдық та тайын болғанымыз қалды ма! Зарымбет, бәри сеннен! Дәстүримизден дәстүр қалмады, динимиз бунда жойылды...

— Бунда мениң не дәҳлим бар?!

— Дәҳлиң бар, Зарымбет аға, мен как бурынғы милиционер, билемен, дәстүрди бийкарлайтуғын зәкүн жоқ,—Назарымбет қызды.—Қарақалпақтың өзиниң өли шығарыў дәстүри бар, бунда сууға ендирилиўи керек пе, керек, өзбеклер бул дәстүрине еле сады-ық, жиназа оқылыўы керек пе, кере-ек, тәжиклерде бунысыз өли шығарып көр, қәбиристанға қойдырмайды өлинди! Қапылып қалған усы бизиң қарақалпақ! «Жаңа дәстүр, тыржалаңаш, кепинсиз көм» десе де көме береди булар!

— Буған мениң не дәҳлим бар деймен, ҳаў мусылма-ан?!

— Өйтип азарланба, сениң ўазыйпаң үсир-питирге пул жыйнаў ғана емес, дәстүрди қорғаў! Жаңа Бердәмбет келгенде неге буқтың, неге қыйсық сырнайға урықсат еттиң, дәстүримизде сол бар ма?!

— Дәстүр заманына сай жаңалана береди, Назарымбет. Динге де исенгенлер исенсин, исенбегенлердиң

өзи биледи. Бизиң динди үгитлеп, кәлиймашәәдат билмесе дүрре урғызатуғын қазымыз да, өйтиўге ҳуқуўқымыз да жоқ, партия менен ҳүкүўмет қай дәстүрди мақул көрди, ислей беремиз, «патшаның ҳәмири—алланың ҳәмири!» Оған қарсы шығыў—алланы бийкарлаў, мениң өйтип диннен шығатуғын ойым жоқ, нийетим жо-ооқ! Динди үгитлегениң ушын қамаласаң, соны билмейди емессең, мени домзаққа ийтере бересең, я мен саған аўырлық етип жүрмен бе я мен сениң көкнар пайыңды ишип жүрмен бе?!

Назарымбет тислейжақ ийттей тисин ырсыйтып, үнсиз күлип, басын шайқады:

— Обал-саўабы өзиңе, моллеке, мен сирәдағысын айтып атырман. Мен Сибирьдеги бир халықлардай атын да, фамилияларын да, тилин де орысшалап жиберип, өз салтын, өз динин, ҳәтте тилин умытып, қарақалпақлар да теңизге тақандай шайылып кете ме деп қорқаман. Бизиң профессор жийенниң айтыўына қарағанда қарақалпақ деген Түркистаннан поспастан алдын жүдә көп болған екендағы, жолда бир уруўлар Қашғарға, бир уруўлар Самарқандқа, бир уруўлардың бийлери Бухара таманларға тартып, аўыз бирлшиликтиң жоқлығынан үлкен халық киширейип, бунда бир уўысымыз ғана келген қусаймыз. Енди сояқларда қалған қарақалпақлар «қарақалпақпыз» дей ме, яқшы, демейди. Жийенниң айтыўына қарағанда пайтах Нөкиске келемен дегенше Төрткүлде отыз сегиз мың қарақалпақ бар екен, Қашқардағылары түўе солар-ҳәм шайылып, тилин, үрп-әдетин жойтып кеткен! Үсийте берсек, бул кәрадағы қарақалпақлар да бир халықларға шайылатуғын шығар-дә! Дәстүримизди тутпасақ, шайылмай не қылады! Әне, әне, еситтиңизлер ме?! —Бирден қулағын гөлегейлеп тың тыңлады Назарымбет.—Еситтиңиз бе, нениң сести мынаў?!

— Жаңағы қыйсық сырнайлар-ғо!

— Онда жиназа оқытпайын дегени ме?!—Зарымбет молланың түри бозарып кетти.—Онда суўға да енгизбей жа-ғаў булар!..

— Сөйтетуғын болды енди. Сөйтпей не қылады, бәримиздиң бир Бердәмбетке күшимиз жетпесе!..

— Күшиң жеткенде не қыласаң? Қолын таўлаймысаң! Коммунист деген күшли, биреўи мыңымызға татыйды, мыңымызды тыңламайды, айтысып барған-

да да бир коммунисттиң сөзи сөз, басқамыз қойдай маңырасып қала беремиз, Бердəмбетке кимниң дады жетсин!—Зарымбет қызараңлады.—Дады жетсе бар-ғо соерде Әмирхан да, Жердаш та бар!..

— Көп гегирдеспекти қойың,—Назарымбет əдеп гөлегейлеген қолын бирден есикке шошайтып:—Бар Жəлимбет, хабар алып қайт!—деди тап шатақ шығара алатуғындай пəт пенен.— Бизлерге хабарламастан-ақ атландырып жибережақ шығар булар, атландырар ҳəўўа, ондай болса неғып отырмыз бунда бизлер, молламыз-солламыз үйилип-төгилип! Ондай болса көшсин Нурлепес, кетсин мешит-қəўимнен, айтып қайт соны! Мени айтып атыр де, тап мени-ақ аттырсын Бердəмбет пəтли болса! «Коммунист» деп, мени де сөйтип көмер еле!..

— Әўеле өлип ал, көмиўи қашпас! Сен бурын өлесең бе, я Бердəмбет бурын өле ме...

— Үсейтип күйдире берсе мен бурын өлмей ким бурын өледи! Абылла Ерманов пенен Сейтмурат жиллилни қыйсық сырнай менен көмдирген-ҳəм тап усы Бəрдəмбет! Ол-ҳəм тəўир екен, Қосберген түнде жиназаларын жасырып оқытып қойып еди, ҳаў, мынаў бала ҳарам баратыр-ғо! Я биреўдиң елин буннан барып, ислам дининен қорғағаны ушын қудайдың көрсетип атырған кəраматы ма, моллеке!..

— Қайдам, қайдам, мен ҳеш нəрсе дей алмайман!

— Тап, ендиги молла сайлаўда сени усы аўылға иймам етип сайлатсам бар-ғо, Оразымбет атым бийкар! Бар деймен саған, ҳəўў, бақыраўық бөдене! Айтып қайт деймен жаңағыны, қорқсаң «мени айтты» де!!

— Яқшы, мен барайын,—Жəлимбет орнынан турып, —Бирақ билип қой, Назарымбет, сен яман-ə сақ ҳəм қыйтрый адамсаң!—деди Назарымбетке бармағын солтаңлатып.—Сен мудамы өзиң бара алмайтуғын жерге мени жумсайсаң, ғыжақ берип, я «сен батырсаң» деп мақтап, өзиң айта алмайтуғын сөзди маған айттырасаң!..

— Барамысаң, жоқ па?!—Өңменин көтерип, туражақ болып атырған Назарымбеттиң шыны менен-ақ ғəзеби қайнағанын билди де Зарымбет:

— Бароды-ғо, ҳаў, кетип баратыр-ғо, сабыр əйле-сее! —деп ыйығынан басып отырғызған соң да:

— Барыўын бараман, бирақ сениң сөзиңди айтпайман,—деди есиктен шығып баратырып.

Жәлимбет келсе қашшан қорғасын табыт сыртқа шығарылып, еки бочканың үстине қойылыпты. Нурқасымның бир мәртебе де үстине тиймеген,. ҳәтте көрмеген де болса керек, қаўын қарақшыға кийгизилгендей етилип, атанақ ағашқа кийгизилген, атанақтың жоқарғы ушына баланың әскерий шәпегин қыстырыпты. Оркестрдиң флейтасы жүректи езип жиберетуғын намаға шертсе ишине ийттен қашқан пышық иркилмей кирип кете беретуғын үлкен «кең танаўлы» сырнайы ўақты-ўақты гүрсингенге усатып, «аҳ-ҳа-аҳҳҳ» ын берсе үлкен барабан дүңкилдисин жеткерип тур. Жәлимбет буларға итибар бермеди, аяғының ушынан көтерилип аўызын Әмирханның қулағына тақады да:

— Суўға ендирдиңиз бе, жиназа оқыттыңыз ба?!— деп сыбырлады.—Ғаррылар шатақ шығарып атыр!!

— Баланың өлип, табытқа салынғанының өзине бир нешше күн болға-ан,—Әмирхан да оның қулағына сыбырлады.—Ғаррыларыңа айтып бар, енесиниң пәтегин жей берм-ей, тесиклерине беккем болып отырсын! Көрип турмысаң, анаў шелек қаңылтырдан исленген табыттың үйи-жүйи билинбейди! Соны аштырып берейин, ишинен бир адам дарый алар ма екен, жуўыў ғой, жуўыў, жиназа оқыў ғой, оқыў, маңына дарыйтуғын адам табылса тап Әмирхан болғаным бийкар, айт соны гешшелериңе, Бердәмбетке айтқан тәңир жарылқасыны ма қайта! Я «Ақ тубаның» сасығы аз болып тур ма?!—деп еди, «бақыраўық» лақабына тобының кишилигине, томпақлығына бола «бөдене» лақабы да қосылып киятырған Жәлимбеттиң жаңағы гәптен-ақ жүреги лоғып, шынында да бөденедей кейин жорғалаў менен бола берди...

Нурлепестиң үйинде қатара дизгендей гүрси жоқ, соның ушын да талықсыған, шалыққан, әбден болдырған Нәзигүлдиң, оны еки қапталдан демеп, гүрсинсе гүрсинип, «ай-ҳайласа» тәселле берип отырған Айбөрек пенен Үбайданың астына бир гөне алаша таслан-ды, басқа ҳаяллардың гәси бөкселерин жерге басса, қуяң-пуяңы барлары етеклерин түсирип, шөкке-шөкке түсискени, гәси жаўлықларының, гәси жеңлериниң ушлары менен жаслы-жассыз көзлерин сыпырысып,

Нәзигүлге үн қосқаны менен ҳәр қайсысы өз жоғын жоқласып отырды.

— Тыны-ыш, жолдас қатынлар!!!—Бердәмбет алақаның көкке қарата қолын жоқары көтерди.—Ҳаў, әне қояр, мине қояр десем, күн батқанша келди-келмеди ыңылдасып, келиссин-келиспесин барқылдасып отыра бережақсызларғооо! Орысша жерлеўдиң, дурысырағын айтқанда әскерди әскерий тәртип пенен жерлеўдиң өз қағыйдасы бар, ақыры! Әлбетте, ийманым кәмил, аўылымыздың қаҳарманы... аты ким еди еле?..

— Нурқасы-ымм!..

— Ҳаўўа, Нурқасым еди аты, бул өлмейтуғын, умытылмайтуғын ат, жолдаслар, билип қойың! Себеби Нурқасы-ымм, коммунизм идеясы-ын,—суқ бармағын жоқары шошайтты:—пүткил дүньяға таратыў, социалистлик революцияны дүньялық шеңберге таратыў жолында қурбан болды, упытпаң соны! Буны атқанлар тек афған халқының ғана емес, пүткил жәҳән революциясының, социалистлик системаның душпанлары, олардың бул гүреске баслап жүрген, билессизғооо ақыры, баяғы бизиң молла-ийшанлардай молла ийшанла-аар!..

— Ҳа, бул бала да супы едиғо, Бердәмбет, ояқларын нетесең?!

— Жа-ақ, Палўанияз, усындайда айтпасақ болмайды. Нурқасым супы болған болса сол супылық грязын өз қаны менен жуўды да коммунистке айналды. Бундай мәртлик бизиң усы аўылдағы супылардың қолынан келе бермейди. Хо-ош, енди болар ис болды, бирақ, бир әрманлы жери, коммунизмди көре алмай кетти-дә, соған қыйналаман! Хош, Нурқасым батыр, топырағың торқа болсын, аўылдан аўғанға кеткен жигитлер де сениң қаҳарманлығыңды тәкирарлай берсин, бирақ өнирлери орденлерге толып, аўылға аман қайтып келгей!..

— Ҳә сөйдесе, ақыры!

— Гәпимниң ақырын үйреншикли, қулағыңызға нешше он жыллардан бери ясийин етип қуйылған сүрен менен тамамлайман: Жасасын жәҳән революциясы, иләйым қурып кеткей жәҳәнниң капитализми! Аўғандай мөҳмин халықты, тек аўғанды ғана емес, пүткил дүньяны жумыссызлыққа, ашлық-әптадалыққа, усындай урысларға гириптар етип атырған капиталистлеремей мен бе, мендей коммунистлер ме?! Қаным қызып баратыр, жолдаслар, усының менен мен өзимди

өзим тормозлайман да басқаларға сөз беремен. Сөз Тәңирбергенге, қәне, Тәңирберген Шаббазович!.. Журтты еңкилдете бермей қаҳарманлыққа шақыр, дүньяда жылайманлар бунысыз да толып атыр!

Тәңирберген Шаббазович ол айтқандай журтты еңкилдеткен де, жөнлеп қаҳарманлыққа шақыра да алған жоқ, қайта ортаға шығып, өзинен өзи пырқылдап жылап: «Сөйлеўге жүрегим тоқтамай тур, Бердәмбет аға,..» деп, гәпиниң изин де айта алмастан, рухсат та сорамастан бәсип барып, қурға қосылып кетти.

Әйне усы пурсатта Орал бойының қарақалпағы, орыс деп орыс емес, татар деп татар емес, гармонды қанша уқшатып шерткени менен руўҳлы оркестр сазларын шертиўден бийнесип қалғанлықтан бундай азалы сырнай шертиспеклерде пулға шериклесип, басқарып келсе де аўызына сырнай тиймейтуғын, «мен урыста контузия алғанман, бир адам өлтирсем де судланбайман!» деп, елеге шекем урыс-жәнжелде қызып сөйлейтуғын Миша деген Бердәмбеттиң қулағына аўызын тосып:

— Дорогой Борис ага, саат ноль-ноль восемьде, как вам известно, паркте танцамыз бар, ускорить надо!— деп қыстастырып атыр еди, Бердәмбеттиң басқаға сөз бермеўине сол да себепши болды, себеби, сырнайшылар марҳумның табытын гөрге жиберип атырғанда да гөристанды гүңирендирип жибериўи шәрт екен, сонлықтан Бердәмбет: «А-ҳа, а-ҳа, ҳәзир-ҳәзир!..» деди де соңғы қысқа хошласыў менен-ақ: «Митингимиз жабық, басқа сөйлеўшилер жоқ болса енди атландыра берсек болады...» деп, Сталинниң шәпегиндей бәлент маңлайшалы шәпегин басына кийип алды ҳәм табыттың алдында алып жүриўи ушын Нурқасымның: «...биринши нәўбетте портретин, екинши нәўбетте, көпшикке қыстырылған орден, медальларын тез-тез алып шығыўды...» Палўаниязға буйырды. Палўанияз жүзинде мысқыллы күлки ойнатып:

— Бизиң Шымбайдан Сапарбай деген жазыўшы бар, қырқ жылдың жазыўшысы, китабы да көп, сол өлмегей, сол өлсе көпшигине қыстыратуғын бир де жылтырағы жоқ!—деди.—Бул балада не қылған медаль?! Басшылардың өзлеринен аўыса ма сол?! Бреж-

невтың ўағында «бир тонна медаль келди» дегенге сонша тәме еттим, жа-аақ...

— Ҳәзир оны айтысатуғын ўақыт емес, дорогой!..

— Билип турман ғой, ирети бир келип кетти-дә айтыўдың!..

— Оңда портретин әкееел!..

— Яқшы-ыы,—деп кетиўин кетти Палўанияз темир қуйрық, бирақ ҳәммеси сыртқа шығып, ишинде тири жан қалмаған өжирелердиң дийўалын қоймастан шолып шықты да:

—Портрети жоқпеди баланың?—деп сорады жылай-жылай көзинен жас шықпай қалған Нурлепестен.

— Түсип үлгермеди-ғо, бенде алдындағысын не билсин!—деп гүрсинип қоя берди Нурлепес.—Тек паспортында бир ғана сүўрети болған шығар-аў, ол паспорт та ўаянкаматта қалған шығар, уҳ!..

Палўанияз анадайда адамларды сапқа дизип атырған Бердәмбеттиң көзи өзине бир бежирейгенде үнсиз еки ийинин қысып, еки алақанын еки қапталына жайыў менен «жоқ» ишаратын аңлатты.

Аўылдың жигитлери табытты Қызкеткенниң көпиринен өткенше көтерип баражақ, Бердәмбет буған да күйип қалды:

— Түсинбейтуғын түнек адамлар екенсизғо өзи! Мына машинаны не ушын жуўдырып қойыппан!—ГАЗ —53 ти саўсағы менен нусқады.—Тийең апарың, не бәле, сирә гроб пенен өли жөнеткенин көрмедиңиз бе!..

Жигитлер кузовтың ортасына апарып қойды. Еки жағына қойғандай бул үйде гүрси, я скамейка болмағанлықтан қолтығынан сүйелип мингизилген Нәзигүл, Нурлепес, Турсын, аўылдың тағы бир-еки ҳаялы жаңарақта жуўылғанлықтан ызғары еле кебе қоймаған кузовтың ултанына «П» ҳәрибин жасап, табытты жағалап, шөкке-шөкке түсисти де «ай-ҳай-бай-байын» баслап жиберди, буған флейтаның қай халықтың намасы болыўынан бийғәрез жүректи қан жылататуғын зарлы сыңсыўы, аспаннан бәле-қада түсип киятырғандай «кең танаў» сырнайлардың ўақты-ўақты гүңирениўи, мыс «ләккилердиң» тосыннан «жаңңң» етип, тыйыла қалатуғын жаң-жуңы қосылып, жаман шығанақтағы «Ақ туба» аймағын солқылдатып жылатып жиберген-дей туйылды, кеткенниң қайтып келмеслигин, әжаға-

сын енди ҳеш қашан көре алмаслығын еле жөнли санасына сиңире алмаған Турсынға. Соның ушын да ол көп күнлерге шекем тап усындай болып жерлениўди әрман еткени былай турсын, биреў менен сөз алысса: «бизиң әжағамдай болып жерленген адамыңыз туқымтеберигиңизде бар ма, яқшы?» деп, өзин батырлар әўладынан санап, мақтанып та жүрди. Сондайда оның қарсыласы: «Иләйым, сениң әжағандай болмағай!» деп жинин тырыстыратуғын, ҳәтте, күлетуғын еди-дә, не ушын усы журт күледи, буны ойлап көриўди қыялына да келтирген емес...

## 27

— Өлген өлип кете береди, тири тиришилигин ете береди, себеп, тиришилик тек тириге ғана керек, өлгенлерге бәри бир!—Палўанияз тақыўаланды.—Соның ушын өзиңди алдырма, бирәдарым, жигерли бол, жигериңди жасытпа, сонда ғана бул дүньяда жасай аласаң! Брежневтен бери де еки басшы өлди, олар өлген менен-ҳәм дүнья қапылған жоқ, басшы да табылып атыр! Қапылғанда ким қапылады де, жеке басының қайғысын көтере алмаған, күни ертең жазаланыўдан қорыққан инсанның күни қарап. Күни кеше селхозфактың кафедра баслығы үйинде асылып өлипти, министр ўағында көп ислескенмен, жемхор аттай қолыңа қарай беретуғын, лийкин, ақ көкирек жигит еди, өз жигерин өзи жасытып, кетти де барды!..

— Сол адамға не жетпей өлди екен?—Назарымбет қызықты.—Министр ўағында үйине бир нәрсе ислеп бериўге шақырды. Таўығы көп екен, аппақ май қойдың гөшлерин санын сандай, путын путтай еттирип, пуштарлатып, таўықларына қыстыртты. Бир малайына: «ҳаў, бүйтип бүлингенше мынаў қуйрығы дигирмандай қойдың гөшин жей бергенде не қылады, бизлер-ғо усыннан бир тоймаға зармыз!» десем, малайы «үндеме» ишәратын берип, қулағыма сыбырлайды! Бул үйдегилер инкубатордың-ҳәм емес, қолдан шығарылған қызыл таўықтың ғана гөшин жейди екен. Мынаў жағындағы бир халық художнигиниң қасқыр ийти салманың тоңыртқасынан күнде сол гөшлерди көрип-ақ, нан салса жемей аштан өлип қалыпты. Әне, сөйтип жасаған министр бизиң жийен ислейтуғын университетке му-

ғаллимлердиң баслығы болып кеткен екен, о кәраның парасын да билемиз, бизиң жийен деген демниң арасында тас жай салып, машина алып, қасқыр ийт байлап, ҳәзир кийиктиң ылақларын асырап отыр!..

— Оны не қылады екен?!—Жәлимбет таңланды.

— Ол-ҳәм қолдан сойылған кийиктиң гөшин тәўир көреди емиш! Сөйтип ғана аўызымыздың суўын қуртып күйдиреди-аў усы журт! Әне, соны көрип отырып, жаңағы асылып өлгенниң пара алмағанына, былық жасамағанына қалай исенемен, ал-ғаан! Енди мынаў Ташкент жақтан Гдлян деген тергеўши киятыр дейди-ғо, бизиң жийен де қорқып жүр, пулларын, гилемлерин жән-жаққа апарып таслады, жаңағы Гдлян деген «бизиң ушын майда зат жоқ, ийнеден сабағына, яслиден академиясына шекем жете беремиз, қамай беремиз, обком ба, илимпаз ба, один черт бизге! Нызамды бузды ма, ўәскишшим-ўәссалам!» депти, соны бизиң жийен Гдлянның өзинен еситкен биреўден еситипти, көрдиң бе, бизиң жийенниң-ҳәм жоқарыда шпионлары болғаны-ғо! Жаңағы асылып өлгенге де бир шпионы: «жақында саған барады, ҳүжжетлериңди дурыслап қой,..» деген екен, дейди-ғо жийен! Буның менен де турмай повестка келипти, сол бойынша Ташкентке ме, Нөкиске ме, бир шақырылған екен, неше дипломды қалай, нешше жүз мыңға берди, кимлерден қанша пара алды, оқыўға келместен үйинде отырып оқыў питкерип атырғанлар кимлердиң ойнасы, кимлердиң қатыны— бәри, бәри қағазда сайрап турған екен, қашатуғын саңлақ қалмапты, өлмей не қылады дейди-ғо бизиң жийен! Бәле деймен бизиң жийен, «сен өзиңди өзиң өлтирмесең, қыйнағанға шыдамай бәрин айтып қоясаң! Себеби, жоқары жеген паралардың бәри министр ўағында гәси сен арқалы жыйналып, гәсин тиккелей өзиң апарғансаң, сен асылып өлип кете бер, бизлер жетти-пуштыңа шекем қор қылмайық», дегенди де алдына шәрт етип қойыпты, дейди бизиң жийен! Жел болмаса қамыстың басы қалтырай ма, мыңнан бири ырас бола қойсын усы гәплердиң, соның өзи де аз жынаят емес, соның өзи де Гдлянға мынадан жетип атыр!—Назарымбет тәррийген бас бармағының ушы менен өзин-өзи шалып көрсетти.—Ҳәзир сондай бир заманлар болып тур, таза басшымыз қатал шыққан, «бәрин бастан ақы-

рына қайта қураман», деп атырған қусайды. Бизиң жийенниң обкомнан да, совминнен де қолы бар, ол айтса қәте айтпайды, ең болмаса яшуллылардың я шоферынан, я от жағарынан еситкен гәпин айтады. Жийенниң гәпине қарағанда бурын райкомда ислеген бир арзагөй туўў анаў жоқарыға,—Назарымбет милиционер Москва жақты силтеди.—Бизиң Нөкис, бизиң Қарақалпақстан түўе Ташкенттегилердиң үстинен арза айдағанбыш! Таза тазалығын етип, таза генсек ЦеҚадан бир топар тексериўши жиберген, ҳәзир ҳәммеге тышқан тесиги мың теңге болып атырған қусайды, сөйдейди жийен, ҳимм, билдиңиз бе-е?—деп, өзиниң усыншелли мағлыўматларды билгенине, ҳәммесин еситеретуғын философ жийенниң барлығына мақтаныш кейпин билдирип атырғанында есиктен зәмилдей болып, Бердәмбет әўкийип кирди де, гәп пышақ кескендей үзилип қалды. Бердәмбет қол созғанлардың қолын қысып атырып та, отырып атырып та Жәлимбет шыйқылдата көкнар езип отырған пахта гүлли лаўабы кесаға жалтақлай берди. Бунық әбден қумартып келгенин билген Палўанияз темир қуйрық соннан абайлады да, аман-есенликтен соң:

— Атаңның қолын шайдыр, балам,—деди анасының басын қысып отырған Турсынға.—Шай әкел, қайнағандур,—шәйнекти ысырып қойды. Соң Нурқасымның әрўағына бағышлап, узыннан-узақ аят оқыды.

Қыз есерсоққа тән турпайылық пенен жалаң аяғын тапылдатып басып, қол шайдырып кетти, шай әкелип қойды. Соннан арасынша Жәлимбет те сыпайынын басына жаўып, баяғы бир жеген пәнти бар, лаўабы кеса суў қашырылған соң аз толмас болған көкнардан ең әдеп өзи шым-шымм уртлады да, Палўаниязға усынды, Палўанияз:

— Әдеп сизден болсын,—деп Бердәмбетке услатты. Бердәмбет таза гиябент болғанлықтан онша көп симире бермейтуғын, бир-еки уртлады да Назарымбетке усынды, Назарымбеттен кеса Нурлепеске өтти. Шайды бир басып ишкенше өкпелескен адамдай бирине-бири үндеспей отырдыдағы, шәйнек тәкирарланғаннан кейин терлерин сүртисип, терилери жайылысып, гәптиң тетигин Палўанияз таўлады:

— Қала-ай, Бердәмбет, таза генсектиң тутымы қалай?

— Ҳа-аау̌,—Бердәмбет әжепленип бежирейди.— Оның несин меннен сорап отырсаң?! Өзиң билесең ғой, арақты бес манатқа қымбатсынып жүрсек тоққыз манат он тийинге шығарды, онысы да дүканда жоқ, қолда он бес мана-аат!..

— Сол бәлесин дым шығармаса еди! Жүдә бәрәкәлле болыпты!..

— Оның қуу̌анатуғын дымы жоқ!..

— Ҳау̌, бизиң мынау̌ Айбөрек келинлер жүдә қуу̌анып жүр-ғо!..

— Қуу̌анса арақтың қымбатлағанынан түсетуғын пайдасы бар шығар.

— Өзи арақ заводтың дүканын ашқан соң үйинде арақ сатады бирақ.

— Әне, айтаман-ғо!—Бердәмбет айтқанының дурыс шыққанына қуу̌анған рай билдирип, тиришеленди.— Көкнардың дүканда сатылмағанын айта бер, бунын да нырқы аспанға шығар еди! Енди, бас пүткил көкнарға жатпасам болмады, бул бир сыпайы нәрсе екен, әри қыйсаңламайсаң...

— Алжымайсаң-әм!..

— Арақ та алжытып, ау̌ызымыздан көбик шашқызып атқан жо-ғау̌ Жәлимбет, бул пулымызға таптырмай яндырып тур-ғо! Әри, бул арақтан арзан. Еле буны да қадаған етпесе дейбер!..

— Әйй, көкнардың хабары Мәскеу̌ге жеткен-ди деймисең! Мәскеу̌ көкнарды билгенинде планға еккизип, қашшан-ақ дүканын ашады-ау̌!

— Москваның билмейтуғыны жо-оқ!—Бердәмбет жаңа қыза баслады—Москва қазанында неше мәш қайнағанын биледи, бунда КГБ ислеп тур, өзимиздиң қанша домалақ арзагөйимиз бар!..

— Қудай инсап берсин бәрине де!—Жәлимбеттиң жүреги елден-ақ суу̌лады.—Көкнар мениң жигирма жыллық жолдасым, қатыннан айырылғанда өлгеним жоқ, буннан қағылсам, мени өлди дей бериң! Я-ааа Рәббийй!.. Бир мен емес, елде көкнаршы ғарры қалмай қырылады! Сен де өлесең!..

— Мен оның менен өлмеймен!—Бердәмбет қолын шошайтқан Жәлимбетке мырс етип, жек көриу̌шилик

пенен қарады.—Сталинниң монументин Хрущев жықтырған ўақытта «өлермекенмен» деп едим, жа-ақ, өлмей қалдым, себеби еле Лениинниң монументи тур еди. Енди, Лениинниң монументи жығылғанын еситкен күни —маған қәўип, бир өлсем сонда өлемен. Ал енди онда да өлмесем, жүз жасайман бирәдарла-аар, жү-үз! Жүз жасасам, әлбетте, коммунизмди де көремен, мениң Божабек деген шайыр жорам айтқандай сизлер-ҳәм аман болсаңыз мениң сонда «Қоммунизм көтеремиз то-ост!» деген гәпимди еситесиз, бирәдарлар! Ҳаў, кем-кемнен қуўанып баратырман-ғо бала, я бул да «Шәшма» дай пиян ете ме, әй-й, солай шыға-арр!..

— Бердәмб-ет ағаа,—Нәзигүлдиң даўысы маңыраған ғарры саўлықтың ҳарғын даўысындай қарлығыңқырап өлпең шықты.—Мен «талип-илим адам ғой, бир билсе усы билер, келсе сорайын» деп, жолыңызға мынаў соқыр көзлеримди бақырайтып отыр едим, соны сорай қояйын десем сизлер қаяқтағы бир асылып өлген парахор-сарахор, қылмыскерлерден, коммунизмнен гәп қозғап кеттиңиз, тыңлап отырсам, сизлердиң бул ўаззаҳаңыз мен усы үйге түскели тынған жоқ, еле де тынар емес, ким қылмыс қылса, милициясы бар ҳүкүўметтиң, тутсын, ким асылып өлсе ықтыяры өзинде, коммунизмге ҳәмме кетип баратырса бизлер-ҳәм бир иләжын ислермиз, бизлердиң-ҳәм ғамымызды ойлап отырған, сол ойлағаны ушын айлық алып отырған баслар бар, буған сизлер басыңызды аўыртпай-ақ қойың, «исиңди биреў ислесе, қолың қышып бара ма, сөзиңди биреў сөйлесе, тилиң қышып бара ма!» Ҳаў, партия бар, ҳүкүўмет ба-ар, соны ойлаў сизлердиң қайызғақлы басыңызға қалып па, соны жөнлеп ойлай алғаныңызда усерде отырасыз ба, отырасыз-аў, Мәскеў, Мәкәрияда!..

— Әәә өйтиўге қартайды-ық!..

— Қартаймағанда ғарқ болыппеңиз, қайтқан жериңиз сабанхананың төри! Цекадағылардың көби сизлерден де ғарры деп еситемен-ғо...

— Бай-боой, рельстен шығып баратырсаң, қарындасым!—Бердәмбет шамырқанды.—Сорайтуғыныңды сораса?! Мен бир, Мәўленди излеп келе қойып едим, бетимнен алажақсызлар-ғоо!

— Ҳаў, бир үйден кирип шықпайсыз ба?! Оның несин бул үйден излейсиз?!—Нәзигүл де шамырқанды.—

«Жылағанның алдынан өкирген шығады! демекшимисиз, я бизге ҳеш кимди сoратпайжақсыз ба?!

— Сорай бер-аў! Мен тек кире сала шығарман деп келип, отырып қалдым, соны айтып атырман. Бизлер табытқа ерип, қойымгершиликке кеткен күни ол бийшара асхананың сары ийтиндей усы жерде қазан-табақты айналшықлап қалып еди, соннан үйге бармады. «Жоғалған жоқты жойтылған жеринен излейди» дегенге, басқа жақтан әбден гүдерди үзип келип турғаным ғой, сирә «көрдим, билдим» адам жоқ, милицияға да бардым, жоқ, жумысқа да келмейди, айлық алатуғын күнди мудамы шыбынлаған қулындай шырпынып күтетуғын еди, кассир де ҳәйран айлығын не қыларын билмейди, банкаға қайтарайын десе, келип сорап жүрсе! Бул қалай болды, Палўанияз, не бәлеге жолықты деп ойлайсаң, биреў өлтирип, «Ақ тубаға» я «Қызкеткенге сыйрағынан услап зыңғытпадымекен?..

— Қапылтпа-аш!—Нәзигүлдиң усы сөзи ашшы шықты.—Өли шығарылған ақшамы ол усы кәрада болды-ы, ертеңине мына ғарры екеўимизге «Аўғанға әскер жиберип, биреўдиң ишки жумысына қол суғып, перзентлеримизди саллақханаға айдап атырғанымыз нырққа сыймайды! Буның бәри жоқарыдағы қабақбаслардың қәтеси!» деп, ғаррымыз екеўимизди бирден өкиндирип кетип еди-ғоо, күпә-күндиз ким оның аяғынан услап суўға зыңғытады! Бир, район-прайонда жүргенди-дә, бала емес, па-хыр емес кетиўден излеўге, я пияншық емес «машин қағып кетти» деўге, нәмнаған адамсыз, жолдасыңыздың абырайын төгип, он-он бес күнәм күтпестен әлемге жар салып жүргениңиз уят емес пе?!

— Уят болса не қылайын, душпаны көп еди, «ҳаў, арзаны жаза берме, жазғаның менен, бәри бир, арзаңның бәри үстинен арза жазғанларыңның қолына қайтып келеди, десем де: жақ ҳақыйқатлықты таппай қоймайман!» деп, жаза берип, душпанын арттырған жағдайы бар, Сталинди аямаған адамлардан не ҳақыйқатлық табасаң, сени аяй ма?! Ҳақыйқатлық Сталин менен бирге өлди десем де тыңламайды-аў, солардан бәле тапты ма, деп қорқаман, излемейин десем, тақатым шыдамайды, меннен басқа ғамхоршысы жоқ еди бийшараның!

— Ал енди, мени тыңлаңыз, Бердәмбет аға,—Нә-

зигүл көзлерин Бердәмбеттиң сести шыққан жаққа бақырайтып кирпик қақпастан сөйледи.—Ырасында да «Жылағанның алдынан өкирген шығыпты!» Сизиң аўҳалыңыз-әм бизлердикинен тәўир емес екен. «Өлген жерге мың қатын жыйналады, ҳәммеси өз өлигин жоқлап жылайды» деген бар. Бизиң де жоғымызды тыңлап көриң. Баламыз жайғастырылатуғын күни доқтыр шақырып жүрген қай қудайдан тапқыр, мәгәр өзиңиз болсаңыз-ҳәм айта бериң, онда сизди кеширдик, бизге тек келинимиздиң дәрегин айтсаңыз болды, я өлисин, я тирисин билсек деген әрманымыз бар. Үш күннен бери ғаррымыз екеўимиздиң жетеклесип жүрип, кирмеген больницамыз, бармаған есигимиз, сорамаған дуқтырымыз қалмады. Есап китабын ашып көреди де: «ондай бийтап түспеди!» дейди де жибереди. Соның жөнин сорарман деп, дилгир болып отырсам сизге, сиз өзиңиздиң марҳумыңызды деўге тилим бармайды, өзиңиздиң жоғыңызды жоқлап кеттиңиз. Сиз, көпти көрген адамсыз, биз таянышымыздан айырылып, жез қанатымыз қайырылып, ақылынан адасқан ерли-зайыппыз, ғаррының аўҳалын көрип отырсыз ғой, «анаў-мынаўды биледи» деўге жораларының да сыйқы мынаў, бизге бир ақыл бериң, қай оңбаған хабарлап, қайда житирген болыўы итимал?!

— Ҳиммм, солай дең!—Бердәмбет бир зум үнсиз отырды да көзин дәстүрханнан алмастан әллен ўақыттан соң сөзин уластырды.—Меннен-әм гүман етипсизлер-дә, жақ!—Басын шайқады.—Мен хабарламадым ҳәм кимниң хабарлағанын-ҳәм билмедим, бирақ ким хабарласа да дурыс ислепти-дә, қандай докторды қайдан шақыртқанын хабарламағаны намәртлик! Хабарлаўы керек еди. Мен билсем, келиниңиздиң мийине зил түсип, қайғыны көтере алмай аўырған секилли емес пе, ондай больница Тақыятаста бар сыяқлы еди, ол да көшип кеткен болмаса! Соннан бир хабар алып көриў керек...

— Оердегилер орыс болса биз орысшаласа алмай бүлемиз-аў!..

— Әййй,—Бердәмбет өзинен өзи силкинди.—Арал қапылғалы бери орыс қалды ма ҳәзир, кетти көшип! Бара бери-иң, иләжы табылар, қарақалпақтан-әм жинли емлейтуғын Дийхан, Қосжетер, Нурмахов Қыдырбай...

— Жа-ақ,—Палўанияз басын шайқады.—Нурмахтың Қыдырбайы адам сояды, хирург, таныйман-ғо оны, биз районнан! Ал, анаў екеўи жинлини емлейди деп еситтим, дурысын билмеймен...

— Неге дурысын билмейсең?..

— Ҳаў, үсейтип бир, Турдым кәлдей қызатуғының бар сениң Нажарымбет, биле берип, мен бир я жинли болып көрмесем! Бирақ сен үсейтип, нервте дәрўазшыдай секирип ойнай берсең, жинли де қыларсаң адамды, найсап!..

— А-ал, мен кеттим!—Әскерге тән шапшаңлық пенен Бердәмбет орнынан турды да кәмарын дүзиўлеп, көйлеклериниң етеклерин тартып-тартып қойды.—Аза түскен жерде де басқыласқаныңызды қоймайсыз.

— Жақ, Бердәмбет, өзи күйдире береди, я мен бир, бундай жинли болып көрмесем...

Бердәмбет шығып кетти. Айналып кирип: «Мәўлен келсе излеп жүргенимди айтың, бир бақыра қойып едим, соған өкпелеп жүр ме әлле, қойсын өкпени, барсын үйге, бир өзимди жай жеп баратыр!» деди де тағы шығып кетти.

— Күн жаңа түс болды, кешке шекем айналып қайта алмаймыз ба, ғарры!—Нәзигүлдиң усынысы қасындағыларға «сизлер-ҳәм дәсмияңызды жыйнап, көтериң өкшени!» дегендей ырғақта еситилди.—Сазтурған менен Турсын үйди қараўыллап қалсын!

— Жа-ақ!—Турсынның көзи аларып кетти.—Биреў ўай-ўайлап келсе не қыламан?! Сазтурған да үйде турмайды, азанда кеткеннен еле жоқ! Насос салмада баллар менен шомылып жүр! Сизлерден қалмайман!.. Кетемен дегеним кетемен!

— Бар онда, Сазтурғанды алып кел, бәримиз барамыз, ақымақ!..

Көп өтпей олар—бир соқыр, бир ғарры, бир есерсоқ қыз, бир тентек бала, төртеўи тиртеклесип, гез келген машинаны өзлеринен қаймықтырып, көпирден өтти...

## 28

Той-мерекелер арақсыз өтип, қалада «сухой закон» деген ҳүким сүрип атырған күнлери Темирхан менен Бердаш оқыўын питкерип келди де келген күни-ақ аўылдың көптен бери арақсырап жүрген яшуллыларын, жасы кишилерин араққа уўықтырып жуўды. «Байларды жаман көремен деп жүрген Бердәмбет те арақ

берсе келеди екен, бир қонаққа екинши қонақ қосылып, үш күн Жердаштикинде, үш күн Әмирхандикинде орысша сөгинип жатты. Басы қалтаңлап: «енди уятты, кетейин!» деп орнынан тура бергенде тағы бир қонақ «ассалаўмаәлейкүүм:» деп, созып сәлемлесип, соң: «Ҳа, қайда Бердәмбет аға, бир-бир румкадан қағыспаймыз ба?!» дейди, Бердәмбет те: «Арағың ҳәйран қалып турған шығар жүдә, қәне сол арағың?..» деп, тентиреклеп келип, тағы орнына отырады, тағы ишеди, тағы ғылжыяды уйқылап болып, қалдаўрап тағы түргеледи: «енди кеттим!» дегенде тағы биреў: «Ҳаў, Бердәмбет аға, отыр, сени көрейик деп киятырмыз, сен болмасаң бизлерге арақ бермейди,..» дейди, «ҳааа, солай екен-аў!» деп, Бердәмбет дийўалды сыйпалап келип, орнына отырады, соң келгеннен: «Бизиң Мәўленди көрмедиңиз бе?!» деп сораўды умытпайды бирақ жуўабын тыңламайды.

Әне сөйтип, алты күн өтти, алты күн өтти де Бердәмбет кетти. Қонақ-қопсы да сийреклесип қалды. Үйдиң адамсыз пайытын аңлып жүрген Айтбай финагент, кешқурын Әмирханның үстине сурланып кирди де:

— Жасырынбақ ойнап болдық,—деди.—Барлық жатып қалған жынаятлы ислер қайтадан көтерилип атыр, исенген адамларыңның да көбиси истен айдалды, тойыңды тезлетсең тезлет, тезлетпесең баратуғын қапымды сеннен сорамайман!..

Айтбайдың түклери қатты тикирейип келип еди:

— Әўели сен де бир адам қусап, құтлы болсын айт, Айтеке, мениң балам өзиңниң де балаң емес пе?!—деп, түклерин питегене жатқарды, қолтығынан услап, ғыжым көрпешеге әкелип отырғызды, қолтығына ғыжым көпшиклерди үйип таслады. Дәстүрханнан бурын еки хрусталь фужер менен бир шийше «Белый айст» ортаға қонды, усы ақ ләйлек қонған жеринен көтерилип, Айтбайдың ишинен уя басып еди екеўи, «холодный закуска» ушын алдырылған бир потнос гөшти жарылап, сүйисип тарқасты, Айтбайдың ишине неше ләйлек уя басқанын қайдан билсин, кисисиниң пиян болып келгенинен-ақ истиң оңына басажақлығынан тәмеленген Орынгүл. «Не деди?!» деп сорады.

— Алмай көрсин, неше пуллық адам болар екен! Бирақ сен қызыңды көндир. Ол маған: «усы екеўинен өш алмасам, асылып өлемен, екеўине де тиймеймен,

тиймеймен:» деп тепсинди, ғошшым. «Әкем екен», деп уялған да жоқ, айттым саған физкультура факультетине жиберме деп.

— Қыз гөрге бара ма, не дейди, маған соны айтсаңәәәә!!!

— «Баллар иске орналаса берсин, күйеў балаң Қоңыратқа прокурор болажақ, тойды Қоңыратта да, усыманда да беремиз» деди ғой сөйтип қайтарды қудасын! Ба-ай, Әмирхандай қудаң болса!...

Лийкин, Айтбайдың болажақ күйеў баласы да, Бердаш та ҳеш жаққа прокурор бола алған жоқ, Әмирханға күни бурын ўәде берип, «гүбили майға» батырып жүрген Мәўлетов деген прокурордың өзиниң ҳалы қудай менен екен. Барып айтқанында:

— Басың искен адам екен! «Баяғылар бағда қалды, бағ қуўрап суўда қалды». Заманның аңғысын аңламайсаң ба?! Ҳәзир бирден прокурор етиў, бул өзиңди өзиң атып өлтириў менен, ең кеминде боздың қаўынындай тасырайып қалып, ешектиң кемириўине қайым болыў менен барабар, мени соған түсинбейди деймисең! Мен түўе өзиң-әм тутыласаң-ғооо! Оннанша елеспесиз ебиндей бир кеңсеге юрконсульт ет те қой, еле де анаў иси қозғалмаса дей бер, онда жылың бузаўбас!—деп, жүреги түўе дизесин де дирилдетип қайтарды Әмирханды. Бирақ Жердаштың тамыры беккем бе, пәтли ме, оның баласы Тасқала прокуратурасына тергеўши болып кетти, буники ешейин бир дәўлети қайтқан суўы жоқ суў хожалығы трестлериниң бирине «Жигулиин» жалтыратып қатнап жүр. Буны көрмей Айтбайдың көзи соқыр ма, бир ҳәпте күтти, еки ҳәпте күтти.

— Ҳаўў қуда, ўәде қәне?—деп сыбырлады Тасқылықтың әкеси Тәжимурат ғаррының намазында. «Баллар менен сөйлесик жүргизип атырман, бундай иске асығыўға болмайды, неге тыпыршый бересең, я қызың еки қабат болып қалды ма?!» деп, суўық-селки сөйлеп, Айтбайдың жүрегин сөзи менен емес, ҳәрекети менен осып-осып алды.

Қанша пәмсиз болса да Айтбайдың пәми оның тәсилине жетип үлгерди, үлгергени сол, машинкаға көп даналап бастырып, бирин Москваға, бирин Ташкентке, бирин Нөкиске ашыў менен айдады да жиберди.

Әмирхан «сөйлесик жүргизип атырман» дегени менен еле жүргизбеген екен, Тәжимураттың намазынан

қайтқан ақшамы баласын төрги жайға шақыртып, иштен илип, салды «тақым бураўды», салды, пайдасы жоқ, Темирхандики бир гәп: «Әдеп өзим көрсем екен, Бердаш көрди, ақыры, соны көзим менен көрип турып, оны мен қалай қатын етемен, Бердаш алсын, бул гәпиңизди соған айтың!..»

Дәрҳал Жердашты шақыртып алдырды да, тапсырма берди:

— Жағдай солай, бизики көне жақ емес, сен балаң менен бир сөйлесип көр, тап ҳәзир барып сөйлес, түсиндир жағдайды, алсын қызды, болмаса екеўи де тюрьмада ширийди, статьялары өзлерине мәлим. Соны бил де хабарла ҳәзир, күтип отыраман!..

Саат түнги он екилерде жатып қалған Әмирханның айнасын шертти Жердаш. Гәпиниң рәмәўизи жақсы емес.

— Әй, қылмайды бала! «Бир өзим болсам екен, алар едим, меннен соң Темирхан жантасты, буны көзим менен көрип турдым, буған қалай тәбиятым алады, өзиң де ер адамсаң ғой, мениң орнымда өзиң қайтер едиң? Күнлердиң күнинде Темирхан баспай ма бетиме, сол күни-ақ асылып өлмеймен бе!!! Я меннен қутыла алмай жүрсиз бе?! Мақулы, судланып-ақ келе қояйын, геллем кетсе де ол пәсликке бармайман!..»

Әне, Бердаштың гәпи. Екеўиниң әкеси бас қосысып, күнде сыбырласады, күнде балалары менен сөйлеседи, төртеўи бас қосып та еки баланың алдында еки әке сарсылысты:

— Ҳаў, шырақларым-аў, ала қойсаңыз-дә биреўиңиз! Биротелаға емес, ЗАГСтен өтип, үш ай қатын етиң, соң айдап шығасыз судласасыз да! Кейин анасынан басқа өппеген қыз әперейик әйтеўир сизлерге!.

Жигитлер түнерисип, бирине бири қарасты, соң әдеп Темирхан, изинше Бердаш шығып кетти. Мандыбайдың өлген жери сол еди, екеўиниң әкеси гүрсинисип тарқасты.

Соннан көп өткен жоқ, түнлетип Әмирханға исенимли прокуроры звонлады:

— Анаўыңыздың кеўилин таўың, ертең биринщиге кире жақ! Сөйтпесеңиз қолыңыздан жүзик кете жақ, маған өкпелемең. «Қолында жүзик барында Сулайман да Сулайман, қолынан жүзик кеткен соң Сулайман да сулайған» дегенге түсинесиз бе!!

— Түсинсек не қылайық, баллар айтқанды қылма-

ды, ал енди өзиңизден басқа мықлы тауымыз қалмады! Бир бәле қылың енди!!

— Әйй, мықлы тауыңыз ҳәм ыдырайын деп жүр-аў: Олай болса ертең кабинетке бир кел!..

Келди. Жай-жағдайды түсиндирди.

— Олай болса бир варианты бар: Айтбайды шеңгекке илдиргендей бир сылтаў таўасаң. Ислет басты, ислет! Исенимли қоңсы-қобаң бар ма, ойлас солар менен, биреўдиң айыбын биреў биледи, биреўге биреў жала жаба алады, бул жүргенлерди адам демей-ақ қой, ҳайўан бәри, ийт! Алдына сүйек тасласаң ең болмаса өтип кеткениңше үрмей жатады. Еле сүйегиң көп емес пе!..

— Уааай, баршылық ғой!

— Рам шайырдың бала туўдырып атырған қатынлары толғақ тутып атырғанларға айтады екен ғой: «Маған да онша исенбе, өзиң де аз-маз күшен!» деп. Күшен сен де ақыры, ақыллас адамларың менен!..

Әне, сол Рам шайырдың қосығын келтиргени ғулғула туўғызды. Әмирханға, демек, бунын да қолынан бийлик кеткени! Ақылласқанда кимге ақылласады, Жердашқа ма, оның тамырын бул танымайды, ол да өзлигинен өлмей айтпайды, оған буның баласы кеткени жақсы, тамыры буның тамырынан беккемлиги баласын прокуратураға қорқпай орналастырғанында-ақ белгили болды, оның үстине Жердаш та, Бердашы да ҳеш нәрседен шайтаны сескенбеген түр билдирип жүр. Соның ушын кеўил дәптериндеги ойласатуғын жақынларының дизиминен сызып таслады да сол ақшам түнде Гүлимбай домкомның үйине кирип барды. Күтпеген қонағының келиўи албыратты Гүлимбайды, «бул қышымай уқшатып күтиўге бейимлесип атыр ғой, мен үйимнен күтим таппай келдим бе!» деген ойы мәселениң шешимин тезлетти.

Тап өзиниң үйинде ислейтуғын қылығы тутып, Гүлимбайды төрги жайына ишкерилетти де, биринши гезекте иштен илиўди, екинши гезекте сыбырласып сөйлесиўди буйырды. Коньяк-поньякқа иштей жоқлығын, ҳеш қандай күтимниң керек емеслигин де сыбырлап уқтырды. Соннан сыбырласыўдан сыбырласыў ярым ақшамға шекем сыбырласты, жай-жағдайды жасырмады. «Ондай» ҳүжжет менде бар!»—Бирден қуўанып кетти Гүлимбай, қуўанғанында да сол ҳүжжет есине

түскенине, табыла қойса бул кисиниң дәртине асажағына қууанды, ямана қууанды-ә!..

Ақ баслы темир кәттиң астынан сууырып алып, сары қаңылтыр менен жүзленген аршаны жыңғырлатып аша сала ишиндеги қоқыр-соқырды тез-тез былай шыңғытып атырған Гүлимбай сырттан баққан Әмирханға жылдам-жылдам инди қаза сала ишине кирип кетиуге жанталасып атырған Қызыл қумның сарышунағына мегзеп кетти.

Таптым, таптым! дегени Архимедтиң «Эврика!» Эврика!» дегенине усады. Тасыр-тасыр магнитофонды алды да пленканы қойып жиберди.

Пленкадан еситилип атырған, Нурлепестен параға ешки алғанын мойынлап атырған Айтбайдың дауысы екенин таныганында Әмирханның қууанышын айтбайсыз ба, сирә «қотыры жуғар!» да демеди, бетинен сүйип-сүйип, арқасынан қақты. Өзинен өзи бирден шоршынып:

— Бирақ бул Хрущев заманындағы жазыу! — деди Гүлимбай, қууанышы толы камера пыссыйып баратырғандай кеуилсизлик пенен.— Дәртиңизге асар ма екен!!

— Асады-ыы!—Тужырымлы нықлады Әмирхан. — Бунық қай заманда жазылғанын ким биледи, ол бунда айтылып турған жо-оқ!

— Нурлепес ғаррының өзи паш етпесе болды ғой!

— Оянынан ғам жеме, маған нырқын айт!!

Буған пул сорау жети уйықлағанда да түсине енбеген Гүлимбай албырағанынан күлди, күлди де:

— Енди, хожейин, кеуилиңизден шыққаны-дә!..

— Үш мың бола ма?

— Әй, енди,.. өзиңиз билесиз-дә, хожейин...

— Төрт мың ба?..

— Енди хожейин, тап солай болған соң, мутқа-ақ ал!..

— Яқшы, яқшы-шы, бес мыңынды аласаң, азанда үйден!..

Азанда емес, Гүлимбай сол уақытта-ақ ерип барып алып қайтты. Ҳаял бала-шағасына көрсетпеди, жайды иштен илип алып, санай берди, санай берди, ырас-ақ бес мың! Бес мынды түуел биринши санауы!..

Мезгил ярым ақшам болса да таңның атыуына та-

қаты шыдамай, Гүлимбай кетиўден Әмирхан Темирханды жулқылап оятты:

— Түрге-е, гәп ба-ар!..

Төрги жайға кирди, әдетине гөре есикти иштен илди. Еле уйқысырап жүрген Темирханға магнитофонға «мынаў пленканы қойып көриўди» буйырды. Буйрық қалыўсыз бежерилип атыр. Былқылдақ креслоға көмилип отырған Әмирхан бунындай етип, Есжан бақсыны буйығып тыңламас. Баласына тағы қойыўды буйырды, тағы, тағы қойылды.

— Кимниң даўысы?!

— Айтбай аға менен Гүлимбай қышымайдың даўысы-ғоо!..

— Айтбайды «шәңгекке илдириў ушын» ҳүжжет бола ала ма?!

— Ҳүжжет етемен десе ете береди, ол тергеўшисине байланыслы. Бирақ нызамда «магнитофон пленкасы гүўалыққа мойынлансын» деген гәп жоқ...

— Не ушын?! Не ушын жоқ!!!

— Себеп, қәлеген актер Ленин болып сөйлеп берип атыр, кинодан көрип жүрсизғо! Әйй, буны еслеп атырған бизде тергеўши бар ма?! – дегенде Әмирханның сөнип баратырған үмити қайта тутанды. —Нурлепес ғаррыдан арза болыўы тийис, сояғы шатақ.

— Ҳеш шатағы жоқ, өзиң арзаны жазасаң, мен қол қойдыраман. Сен маған мынаны айт: бул Хрущев заманындағы пленка, соны билип қоймай ма?!

— Әңгиме тергеўди тергеўшиниң қай тәрепке қыйсайтып апарыўында. Айтбай: «бул баяғы еди» деп айбарақ салған күнде тергеўши «экспертизадан өткериўи мүмкин, сонда бул анықланады. Бириншиден, Айтбай сөйтип айбарақ сала ма, екиншиден сол айбарағын тергеўши есапқа ала ма, үшиншиден, билип қой, папа, ҳәр қашан тергеўши менен экспертизаның аўызы бир болады, тергеўши менен аўыз жаласпаса экспертизадағылар аштан өледи! Не ушын экспертиза баслығы Қуйынов дегенлер астына ГАЗ-24 минип шалқып жүр, айлығы жете ме соған! Әлбетте, жетпейди, тергеўши менен бөлисип алған пулын жыйнай берсе «Волга» түўе самолет алар!..

— Онда жаз арзаңды, прокурор жағынан ғам жеме!..

— Оянынан ғам жемеймен-аў, бирақ мына қул ба-

баң қылса! Бунның бир «мусылманшылық бар» деп, честныйлық ететуғын жаман әдети ба-ар...

— Сен оярынан ғам жеме дедим-ғо! Тез, тез, ҳәзир жаз! Қармақтан Айтбай жырылып кететуғын бола гөрмесин!..

Адамларға арза жазып бериў – бул Темирханның кәсиби, оның Темирхан ушын ҳеш қыйыншылығы жоқ еди-дә, усы арза оны қыйнап атты, себеби, бул өз тәғдийрине байланыслы еди-дә, сонлықтан да уқшатпаса болмайды, соның ушын ҳәм қара ләйлектей қара машинка ақ қағазды қаралап, қайта-қайта ҳәрип шоқып, қайта-қайта көширилип атты. Үш ярым бетлик арзаны питкерип сыртқа рықса, қашшан таң атып кетипти, әкесиниң үстине кирсе: «сен болғанша питегене мызғып алайын», деп кеткен әкеси мирдиң оғынан ушқандай силеси қатып уйқылап атыр, буны оятыў бул үйде нызамсызлыққа жататуғын жинаят, уйқысы қанған ўағында өзи оянады, жумысқа баратуғын ўақты да өзине аян, «арзаңды жазып болыўдан оятарсаң», деўине қарамастан Темирхан әкесин оятпады. Жақыннан бери пенсияға ҳүжжет таярлап жүрген, Әмирхан жигирма жылдан бери бирге жатқанды қойған Үбайда да түргелип азанғы ҳалқастың ғамына кирисип атыр еди, күнде жумысына кешиктирмеў ушын жулқылап оянып жүрген баласының буншелли ерте турғанына «сөйте-сөйте адам болып кетер-аў!» деп, ишинен қуўанды.

Әмирхан баласы иске кетип қалған соң оянды ҳәм баласына көзи түспегенликтен:

— Жаңағы доңызға оят деп едим-ғооо!—деди ҳаялына жекиринип.—Бар, Нурлепести шақырып кел!

— Оны не қыласаң азан менен!..

— Ҳе-ее барсаңәәә бар дегенде!..

Ҳаял есиктен зытып кеткен соң сақалын алды, жуўынды. Бул Әмирхан деген баяғыда дәрья жығып, мына жақтан суў басып киятырғанда да тура сала сақалын қырыўды, сабынлап жуўыныўды, кийимин утюглетип кийиўди умытпаған сәтең. Сүйегине сиңген сол әдети еле қалмаған, күнде кийим алмастырып, галстуктың түр-түринен тағып, жасы биразға барса да жас жигиттей қылтыңлайды да жүреди. Жети костюм, жети көйлек, жети галстук, жети туфли бирине бири усамайды, биринен бири аўла, бул елдики де емес, жетеўи

жети журттың фирмасынан, ҳәр бирине ҳәйтесине бир күн ғана кийилиў нәўбети қарайды. Бул кисиниң қартаймайтуғынына ҳәмме ҳайран, шашының бир қарасы жоқ шығар бәлким, бирақ бир тал ағарған шашын да елеге шекем ҳәтте «Сулыўлық салонында» ислейтуғын ойнасы да көрмеген, көриўди қәлемейди де, үйинде ҳәр қонған сайын өзиң саўнаға түсирип, шашын шымқараға бояп, арқа-мойынына массаж жасап, жигит қәддине келтирип жибереди. Бүгин сол жигит қәддине келетуғын күни еди, мынаў ис сәтли шықса ҳәз етип бир дем алмақшы, сулыўының «Венераның мүсининен» де сулыў, сүтиреҢ қәддин-қәўметин сүтиреҢ шамның жақтысында тыр жалаңашлап жүргизип сүйинбекши!..

Ғарры кирип келгенинде сол сулыўының үйине звонлап, менюди телефоннан-ақ дүзип берип, трубканы басқан бойы еди. Әдетине гөре иси түскен адамын ишке әкетип сөйлесетуғынын Убайда да биледи. Төрги есиктиң қапысы ғарры кирген соң тарса жабылып, таўланған гилтиниң сытырлысы еситилгенде-ақ бир пинҳамы гәп барын Убайда билди, бирақ буның баласының ғамы екенин пәмине де келтирмеди. Себеби, усы бир мәпилик ғарры қалай булардың жанына ара тура алыўы мүмкин, я судья, я прокурор емес!..

Иштегилер гүңкилдести, гүңкилдести, «булардики узақ саўда болды ғой, бул не гүңкилди?» Өмирде ислемеген әдетин ислеп, Убайда аяғының ушынан басып келди де, есикке қулағын төседи.

— ...Инимммм, неге жумсасаң соған жумсааа, мени усы исиңе араластырмасаң еди!—Ғаррының даўысы оғада аянышлы ҳәм жалынышлы шықты.—Мен қалай бир мусылманға жәбир ете аламан, ийинимде еки периште обал-саўабымды жазып отыр, өмир бойы төккен суўым, оқыған бес ўақ намазым күйип кетеди-ғоо!..

— ...Сениң намазың күйеди деп, мениң балам күйип кете берсин бе?!—Кисисиниң пәтли шыққан усы даўысы Убайданы шоршытты, шоршытқаны сол, истиң баласы ҳаққында баратырғанын билди, бирақ енди кесент етип: «Айтпасаң еди-ғо бул аўызы бос ғаррыға, көкнаршыларына айтып қойды, усының аўызында сөз тура ма?!» деп, есикти мушлап, кесент етиўге де батылы бармады. Кисисиниң даўысы бәлент-бәлент шығып, урқанатын ушырып баратыр:—Өмиримизше өли-тириңде тақ турып, «айтыўшы» десеҢ үлкен басымызды

киширейтип, айтыўшы болып баратырмыз, жетпесиңди жетирип атырман, соннан келген меннен сол Айтбай жақын болды ма саған? Енди кимниң жарғысын жарып, тарысын шөплемекшисең! Шөпле, шөплей ғой Айтбайдың тарысын, жара ғой жарғысын! Еле алдында ақ түйе менен қара түйе шөгип атыр, «деңгенениң соңы емес, тағы болар деңгене!» Сонда мынаў Әмирханның алдына жылап келмейтуғыныңа исенимиң кәмил ме сен ақымақтың! Усыншелли жасты қайда жасап жүрсең?! Бир аўыз гәп, усындағы айтылғанлардан бир аўыз былай шықпайсаң! Қой мына жерге қолыңды! Әә-әй, сен-әм бир, жалынған сайын гәрдийесең-әәә!..—Гәп тынып қалды. Бираздан соң:—Әне, енди болды, енди қолың қойылды, гәпинди шаймаласаң, өзиң жуўапқа тартыласаң, мен өлимтигиңди тюрьмадан әкелип көметуғын боламан, уқтың ба соны, ба-ар, қайқай!!!—деген сести ашшы шығыўдан Убайда кейин серпилди. Ол әйўанға шығып ол-бул жумысы менен гүйбенген түр билдире баслағанда ишки есиктиң гилти сықырлап ашылды да, изинше Нурлепес ғарры Убайданың тусынан жылап өтти.

— Ҳе-ее, қайнаға, аманлық па?!

Ғарры дым еситпеген, аңын жойтқан адамдай маңғурланып аңырайыўы менен дыбысқа бурылып та қарамастан, сыртқы қапыдан жылап шығып кетти, көзлеринде жас...

## 29

— Қудай бир берсе, үсейтип бере қояды-аў, енапаттай, енапаттай-аў бала! Сеники қырқ, бизики жетпис манат болыпты-ә! Яшасын ҳукуўме-ет!—Нурлепестиң ушып-ушып қуўанғанына Нәзигүл де қуўанды.

— Қудай биз пақырларды өлтирсин бе, бериўин жазбасын! Ендиги мәселе, келинди таўып алыў! Сен базарға шап,—деди ғаррысы тап бир шаўа алатуғындай.—Гөштиң гиласы бес манат болыпты, болса болсын, қымбатсынба, тап, бир гила ал, мен бир, аўхат писирейин! Қазынаның аўқаты не болады балам пахырға, аш болып жүрген-ди, ишсин ҳәз етип! Бес кесе сөк ал, бир манаттан кесасы болса бола қойсын, бизиң бир белимиз қайысып па бул пулға, «бермеймен» десе тартып аламыз ба ҳүкуўметтен, бул да қу-

дайдың бергени! Аяма! Бес кеса ийжаң ал, сары майды ғой, таба алмассаң. Банка алып кет, шубаттың да үш литри үш манат, еки кеса жүўери унды умытпа, қарағым, ҳәўесекке ише қояр, көтере алмасаң, Турсынды ҳәм ертип кет! Сен усылардың бәрин бүгин жеткер, аўқатты ярым ақшамнан атландырып жиберемен өзим, әне, сонда сәске болмай сорпасы суўымастан жетип барамыз, Тахия тас деген не, машинаға мынаў турған жер, бол, ҳа тез бол!..

Бул басқыны еситкен соң, «сөйтсеңиз сөйте ғойың» деп, түслигин ишип болса да кешке шекем мәлҳам болып мүлгисиўди нийет етип отырған гиябентлер де орынларынан турысты. Көкнардың пәти менен барлық уўайым-қайғысын умытқан Нурлепес қызы Турсын түўе музқаймаққа тойдырып келиў ушын Сазтурғанын да йошланып алып кетти. Сол кетистен күн батайын деп турғанда арқаланып-дорбаланып қайтып келди де шаршағанлығы соншелли, Нурлепес есиктен кирип, қапшығын жерге қойыўдан сүре жығылды. Ғаррысының жағдайы ҳәммеден де бетер Нәзигүлге мәлим, тек көкнардың күши менен ғана қыбырлап жүрген ҳалы бар, бурынғыдай буйырған жерге диңкилдеп, үзген ешекти де сақалы селкилдеп қуўып кете беретуғын Нурлепес емес, геўишин сүйреп, Қызкеткенниң ырашындағы земноcос шығарып таслаған сылдыр шегени омбалап, зорға киятырғанын сығырайып көриўден-ақ газге шай қойып, қапталға көпшикти таслаған. Ғарры келә көрпешеге бойын таслап, бас бармағы ғана шошайған шолақ қолы менен көпшикти қымып, басына тартты да шалқасына таслады.

— Бир шайнек шай болмаса таңлайым кеўип, өле жақпан! Мен сорлы я мынаў баллардай куўасише алмасам, музқаймақты ғой көриўден тоңып, тисим қақсап сала береди, үҳҳҳ!.. Ақ терегимниң сулағаны да қартайғанда жас еңбек болды-аў!..

Шәйнектиң изинен шәйнек қатынап атты, шәйнектиң изинен шәйнек кетип атты. Турсын шырпылдап хызмет етип тур, оны базардағы салпылды шаршатпақ түўе, ийнениң ушындай тәсир етсе! Қайта жеген музқаймақ, ишкен газли суўы көзине елеслеп, «жүр» десе ҳәзир-ақ кете бергендей түри бар, кеўили жадырап, апасының «исле» дегенин ислеп жүр. Бул үйдиң суў краны жоқ, журт қурғызғанда пул таппай қатар-

дан бир қалып қойып еди, соннан қалды да барды, соның ушын суўды да Қызкеткеннен тасыйды, радио, газетадан «Әмиўдәрьяның суўы гербицит пенен пестицидли изейкешлердиң патас суўынан ибарат, адамды өлтиреди!» деп қақсай ма, қақсай берсин, биринш иден бул қақсаўды тыңлап атырған булар жоқ, ҳүкуўмет те жоқ. «Журт не демейди, газийтке не жазбайды! Жақыннан бери түрли бәлени жазатуғын, радиодан айта беретуғын болды, бир жерде самолет қулап атырған! поезд дүгисип атырған, дәрьялар уўланып атырған! Ҳүкиўмет дәрьяны уўландыра берип, жинли шығар жүдә! «Адамды өлтиреди» дейди-аў, өлгенде бизлер өлер едик, журтларды сақлығы сақласа, бизлерди қудай сақлайды, шелегиңди шыйқылдатып, ҳеш кимниң кранына барма, әкеле бер Қызкеткеннен! Ағын суўға не жетсин, о! Дәрьяның суўы сирә мәкириў де болмайды, әкеле бер!..» деген нәсиятқа қанық Турсын базардан келген ўақытта-ақ әкесиниң алдына шайын қоя сала Қызкеткенге барып, еки шелек суўды да әкелди. «Қызым, азырақ тындырып ал», деген анасына «несйн тындыраман,өзи-ақ тып-тынық!» деп, қазанына қуйып, гөшин де жуўып салып жиберди.

Гөшти писирип, гүртик салыўына қарағанда газди өширди де Нәзигүл ҳәр қайсысына бир-бир кесадан сорпа берди:

— Нан менен ишип алың, гөши келинге барсын. Гүртигин таңнан саламан...

Гөш жегиси келип, қыңқылдап отырған Сазтурғанға шекем «гөши келинге барсын» дегенди еситкен соң жым бола қойды.

Нәзигүл «тураман» деген ўақтында ояна алатуғын ҳаял еди, онысыз да әззи көзи қараңғылықтан ҳеш нәрсени көрмей дийўалды сыйпаланып, кеўилге яд болып қалған «жол» менен әйўанға шықты, ишки жайдың шырасын жағайын десе ҳәммесин оятып, мазасын ала жақ, соның ушын сыйпаланып барып, әйўанның шырасын жақты да сыртқы қапының тәмбисин тайдырды, жайдан тысқарыланыўдан етин салқын ҳаўа жайлап, уйқысын бас пүкил ашып жиберди, ол күн шығысқа соқырларға тән сезгирлик пенен сығалана қарап, таңның еле саз бере қоймағанын, ойлаған ўақтынан өзиниң бираз ерте турғанын абайлады. Газге от жақты да таҳретин алып, таң намасын оқыды. Жаз

болған соң таҳрет суўды жылытыўдың зәрүрлиги жоқ еди, қуманға суў қуйып, ғаррысына таярлап қойды ҳәм өзи жүўери унын ийлей баслады. Усы ўақытта ишки жайдан Нурлепес шығып, қуманын алып кетти. Бир жаққа кетемиз дегенди еситсе таңды тырнап атыратуғын Турсынның «байбайдың шашындай» шашы уўдар-дуўдар, еле көзинде уйқы.

— Уйқыңды а-аш!—Гүртик шымшымлап отырып даўыслады Нәзигүл.—Бой жеткен қыз деп ким айтады сени! Усы турысыңда биреў көрсе «ырас-ақ жинли екен» дейди-ғо, жуў бетиңди, шашыңды тара, сөйтип, әкеңе шай демлеп, көкнарын езип бер, нәшебентлер үйди басып қалмасынан бурын есикти қулыплап жоқ болайық, тез, тез қызым, те-ез!

Турсын тасырлатып-тусырлатып ислесе де бундайда жуўырып-жортып жүрип, исти тез тындыра қояды, Бети-қолын жуўыўын жуўды-дә шашларын тараған жоқ, әкеси намазын оқып боламан дегенше дәстурханың жайып, пөлке нанын туўрап, қантын усақлап, көкнарын суўға басып үлгерип еди, көкнар жибигенше үкесиниң, өзиниң көйлеклерине қолынан келгенинше утюг басқан болды. Соң көкнарды езип, әкесине сүзип ишкизип болып, утюглеген кийимлерин усталық нәзер менен жақтыға тутып көрди де, шала жерлерин тағы утюгледи. Әкесиниң шәйнегин жаңалап, анасына көмекке кетти.

— Бидонды жуў да үкеңди ојт! Пиязын өзим туўрайман, көзиң ашыр.

Усы ислердиң ҳәммеси көз бенен қастың арасында исленди, буларға Нәзигүл тағы бир-бир кесадан сорпа бермеди, ҳәр ким күндеги күнин көрип, шай менен пөлке нан менен күндеги ҳалқасын ислеген соң узыннан-узақ пәтия етилди, Нурқасымның ҳаққына аят оқылды, «Мәнигүл кишем тез саўалып келгей», деп тиледи Сазтурған, «Мени де биреў айттырып келгей, я алла жаным! Нурқасым әжағама тийе берсин» деди ишинен Турсын. Дәстурханлар да, шәйнек-кесалар да турған турған-жеринде қалды: «Болың тез, нәшебентлер үйди басып қалса, шық дей алмасақ!.. Ғәрежеттиң күйгени былай турсын, бүгин де қалып қоярмыз!»

Усы ғалаўыттан ала-пасырлы кийинисПек басланып, демниң арасында-ақ үй қулыпланып, гилт Нәзигүлдиң жемелегине байланып, үстилериндеги таза де-

ғенлери де Әмирхан менен Жердаштың, Убайда менен Айбөректиң гөне-көксилери, Нурлепестиң арқасындағы кенеп қалта, қолындағы ҳаса, Сазтурғанның жалаң аяқлығы бул ғәриплерди көшеме-көше пал ашып ҳақлайтуғын лолыларға жүдә ғана усатып, жолға шығарды.

Асығып-үсигип шыққаны менен Төрткүл гузарының бойындағы бәндиргиге я Тақыятастың, я Хожелиниң кирей пулы арзан автобусы келе қоймай, узақ қарап турып қалды. Қәпелимде гөне маркалы ГАЗ-21 «Волга» булардың тусында тоқтап еди, машина күткен адамлар лаппа жуўырысып, қапыға анталасты.

— Анаў ғәриплерден басқа ҳешкимди алмайман! Ары турың!—деди азербайжанға усаған, қара муртлы, шеке сақалы самайын қаплаған, тиллә қаснақлы көзәйнекли шофер буйра шашлы дуўдар басын айқара ашылған есиктен шығарып:—Ҳәәә ғарры, ке-ел бери!..

Нәзигүл мынаў сести танығандай, бир жерде еситкендей болса да сирә «бизлерди шақырып тур-аў», деп ойлаған емес, соның арасынша жаңағы киси машинасынан түсип келди де, Нурлепес пенен сәлемлести ҳәм қайда баратуғынын сорамастан-ақ буйрықлы ҳөктем даўыс пенен:

— Мәрҳамат!—деп, бир қолын көксине басты да, екинши қолы менен қапысы аңқайған ақ «Волганы» ишарат етти.—Миниң, мине қойың тез!

— Бай-бай, балам-аў, минейин десек такси таппай турған жоқпыз, оған ғәрежет қайда-а!..

— Бир тийиныңыз керек емес!—Жигит көз әйнегин алмағаны менен Турсынға жалтақлай береди.—Бүгин бир, әжептәўир түс көрип, «алдымнан ғәрип-қәсер шықса пәтиясын алайын» деген нийет пенен атланып едим, аллатала алдымнан сизлерди шығара қойды!!!

Нәзигүлдиң жүреги бирден дүрсилдеп сала берди: «ырас-ақ сол ма, дым қартаймапты-аў!..»

Айдаўшы алдында ҳаялды артқы орынға төрлетти, оның жанына кишкене Сазтурғанды жиберди, шетке Нурлепести, ал алдына Турсынды отырғызды. «Қызын таныды ма екен?! Неге бүйтеди?!..»—Ҳаялдың геллесинен усы ой жылт етип өтип кетти. «Әлле, минбеў керек пе еди?! Ғарры абайлар ма екен, абайламас па екен, қайдан абайласын, мендей соқыр бахты қараның етегин туңғыш ашқан усындай ғошшақ деген ой ким-

ниң басына келер дейсең!.. Күни келип, Турсынға туйдырар пайыт тууса «әкең сол сапары бизлерди жиллиханаға тегин апарып кеткен киси!» деўиме жақсы болды-аў!...»

Жигиттиң ойы алаң, қасындағы қызға урланып қарай береди, Нәзигүл маңлайшадағы узын айнаға ақ басқан көзлерин бақырайтып, жигиттиң ҳәрекетин бақлаў менен аўара. Гербиш завод аўылының тусына келе бергенде:

— Танысып отырайық, ақсақал, атым Насыр,—деди артына қарамастан даўысын ҳөктем шығарып. Машина ийесиниң жолаўшысы менен сөйлескенде даўысы ҳеш қашан пәс шықпайтуғынын билетуғын ғарры буны айыпқа буйырмады.—Қасыңыздағы кишем бе, я...

— Дурыс айтып киятырсыз, шырағым...

— Мынаў қызыңыз ба?!

— Ҳаўўа-дә!

— Балаңыз да өзиңизден айнымайды екен!..

— «Усамасаң туўма» деген, қартайғанда көргеним еди, қатты қуўанып кеттим бе, я тәңирим бизге сонша қуўанышты рәўа көрмеди ме...—Баласын қушақлап отырған қолы менен Нәзигүл ғаррысын шымшып қалғанда Нурлепес бир зум үнсизликтен соң «қырқынан шықпай-ақ нәрестениң анасы әлемнен өтти!..» ге қайымласқан тили:—«Аўғаннан үлкен балам өлип келди, соның дәртине шыдамай келиним жинлиханаға түсип, соның изинен киятырмыз!» ға гүрмелди.

— Қыйын болған екен!—Жигит те гүрсинди.—Атыңызды айтпадыңыз?!

— Әйй, атым қурысын, атым Нурлепес-ғоо!

— «Шыңғыс» екенсизғо онда! «Шыңғыс» дегенниң қарақалпақшасы «Нурлепес!»

— Япырмай-ә! Әй, атта турған не бар, әңгиме жазмышыңның қалай жазылыўында. Енди, иним, бир, тәўир жигит екенсең, мине. Ҳәмиўдиң көпиринен де өттик, тил-жағым тасқа, тулпарыңның усы алып қашыўы болса «жылт» етип, Тақыятастан да өтип кетермиз, бизлерди қаланың тусында таслап өткейсиз!

— Әлбетте, яшуллы. Баратуғын жериңизди билесиз бе?!

— Ўәй неғыған! «Сорай берсең Қаабаны табасаң» деген, сорармыз.

— Ғам жемең, аға, жолдың ғана үстинде, өзим апараман!..

— Иләйим, бахтың жатпасын, иним! Бизди сыйлағанды қудай сыйласын, яратқаннан жалбарынып тилерим сол!..

Тақыятастың төрт жолы дүгискен дәрбентиндеги бәндиргиден соң пияда жетсе де болатуғын жап-жақын-ақ жер екен. Машина сәл-пәл жүргеннен кейин асфальт гузардың сол таманына бурылды да, бир темир дәрўазаның алдына келип тоқтады.

— Әне, Нурлепес аға, келдиңиз!—Насыр машинадан айналып барып, Нурлепес жақтың, кейин Турсынның қапысын ашты.—Пхисбольница деген усы...

— Бай-бааай!—Өкиниш билдирди машинадан түсип болған ғарры.—Бизге, пысықбалныйса емес, жиллихана керек еди-аў, әй, сорастырармыз-дә, буғурлым жеттик, сиз қысынбаң, иним...

— Жинлихананың орысша аты—психбольница, яшуллы!—Насыр күлди.

— Онда жүдә бәрекәллә! Ал енди, ҳәммеңиз жайың қолларыңызды, бир пәтия берейин!!!—Ҳәмме ғаррының изинше дизерлесип, қолларын жайды.

— Жортқанда жолың болсын, Қыдыр ата жолдасың болсын, «жеттим» дегенде жығылмағайсаң, қаст еткениңди сығымлағайсаң, абырайың патлы болсын, өмириң шадлы болсын, үбирли-шүбирли болып, қосылғаның менен қоса ағарғайсаң, қос-қос ҳамалларды қоса апарғайсаң, дәўлетиң таса бергей, мәртебең аса бергей, досларың қаўмашалап, душпанларың қаша бергей, өмириң узақ болсын, ҳәр не тилегиңди берсин, әәәўмииииин!..

— Әўмийин!..

— Әўмийин!...

— Өзиңиз шайыр екенсиз ғой, аға!—Жигит күлиўи менен еңкейип, туфлийиниң шешилип кеткен баўын байлаўға қолайласа бергени, қойын қалтасынан асфальтқа «торс» етип, қара пистолет түсти. Насыр алыўға асықпады. Баўын да байлап болып, асықпайсаспай алды.—Нағыз шайыр қусайсыз!..

— Ўәй неғыған-ә! Жасымда Қыдырнияз бақсыдан үйренип қалғаным-ғоо! Милицияда ислесеңиз керек, ә!..

— Айта гөрмең,—күлди жигит.—Ийтиң милиция болмасын! Просто, жумысым сондай,—деди қол орамал менен пистолеттиң шаңын шала-шарпы сыпыра

сала қойнына тығып атырып.—Заман сондай, мықлы болмасаң күн көриў қыйын, енди бир тилегим, ақсақал...

— Ҳа-а айта бер?!

— Бизиң Ҳайтбай дайымдай бир яқшы ғана саўдыраған адам екенсиз, үйиңизге де апарып таслар едим, хызметшилик, асығыспан!..

— Ўаай, иним, қайтыўы болса көрермиз-аў, ҳасла жолыңнан қалма!

— Қайда жүрсем де бир көзим сизлер таманда болғай! Мудамы еслериңизде қалып, өзимниң ҳәм мудамы еслеп жүриўим ушын бала-шағаңыздың бетлеринен бир-бирден өпсем...

— Ҳа өпе ғой, шырағым, сени де қудай жеткерген шығар бизге! Өзим өпейин десем, «жеркенип жүре ме» деп қорқып едим, өпе ғой!..

Жигит ең әдеп Сазтурғанның, соң Турсынның пешанасынан мейирленип сүйди, Нәзигүл де пешанасын тутып атыр еди, Насыр ҳаялдың еки шекесин бирден уўыслап, сәл шалқайтты да танаўына муртын батырып, ләбинен қуштарлана сорыды. Умытылып баратырған баяғы жаслық күнлерииндеги жыллы леп, жыллы нәпес буйҳуш етти ме, Нәзигүл уятты да, көкирегинен ийтериўди де, ҳәтте изинен келип турған бийтабының уўайымын да бир зум умытып, ары ийтериўге көтерген алақаны, жигиттиң ыйығын сыйпады. Ҳәр қашан туңғыш муҳаббеттиң, туңғыш посаның қәдирин инсан узақ айра түсип, соңғы көрискениндеги соңғы посасында абайлайтуғын болса итимал!

Қеўилинде еш нәрсе жоқ, саўдыраған ынан тарыдай төгиле келип, Насырдың бетинен Нурлепестиң өзи сүйди. Жигит атланып кеткеннен бир-еки нәпес өткере берип, өзине келген ғәриплер бул кәраға не ушын келгенлигин жаңа-жаңа есине түсиристи ҳәм я кирип, я шығып атырған тири жаны жоқ зәўлим темир дәрўазаның әтирапларына елеўсиреп қарасты. «Аўырыўхана» дегенде бир «тез жәрдем» шығып, екинши «тез жәрдем» машинасы кирип атырған, қараўыл кеўил сораў ушын келгенлерди ишке жибермей шаўқымласып атырған мәканды көре-көре кеўилинен шыққысыз елес етип қалдырған Нурлепеске де, Нәзигүлге де бул үлкен ҳәм иши жым-жырт шарбақ жинлихана емес, тымтырыс, пийшембиден басқа күнги мазарстанға мегзеп туйылды.

Ишке кирип қараса жайлар туўў арыда—шарбақтың төр жағында, кире беристеги шеп ҳәм оң тәреплерде. Жинлилер есирип шығып кетпеўи, еси барлары менен араласа бермеўи ушын солай исленген шығар,—шарбақтан жигирма-отыз адымдай арырақтан, докторлар жумыс ислейтуғын имәратларды бөлип, сым тор керилипти, бул да бәлент.

Сирә «жинлихана» дегендей емес, қыйғырып, бақырып-шақырып атырған, Үсен жинлидей «ҳүшт-ҳүштлесип», аяқ жолына қарамай аспанға шақшыйып, жуўырысып жүрген жинлилер де жоқ. Шарбақтың түпкир жағындағы жайлар бетте төп-төрели, еп-если адамлар-ақ жүр, бәриниң кийимлери ала тептиктен, бундай ала тептиклилерди, мынандай сым торларды Нурлепес урыс жыллары фашистлерден азат етилген концлагерьлерде көрип еди, ҳәзир де сол ядына түсип турғанында:

— Сизге ким керек?—деген даўыс еситилди.—Сәлем бердик.

Жалт қараса ақ шағаладай ақ-сары келиншек екен:

— Үлкен қыз болдың ба, қызым, бизлер Мәнигүл деген нашарды излеп жүрмиз, Нөкисте бармаған шыпаханамыз қалмады, ақыры усы жаққа силтеди биреўлери, көрсең-билсең айт, қызым?!

— Айтыўын айтарман-аў, өзи психпеди?!

— Пысыйық болса пысыйқ шығар, әйтеўир, ҳәрекетленди ғой...

— Фамилиясы ким?!

— Ал енди, соны сорамаппыз, я сен сораппең, кемпир?..

— Жа-ақ!—Нәзигүлдиң өкиниши даўысынан мәлим.—Баламыз алып келе сала әскерликке кетип еди. табыты келди-ғоо! Сол дәртке шыдамай келинимиз байғус...—Енди сөйлесе ҳаялдың жылай жағын түсинген ҳәмшийра:

— Болды, болды, түсиндим, апа,—деп аржағын айттырмай қолын гөлегөйледи.—Сизлерди бас врачқа апарайын, изиме ере қойың!..

Аўызында аты-жөни қызыл шөлмекке гүмис ирең бояў менен жазылған қапының алдына келгенде келиншек сыбырланды:

— Фамилиясы Қаранazаров, аты—Ақназар. «Ақ-

назар Қаранazarович» деп сөйлеп, яқшы ма, сөйдемесеңиз жини тырысады-ыыы...

— Ақназар Қаранazarович, мынаў кисилер Мәнигүл дегенди излеп жүр, фамилиясын билмейди, қайсы больницаға кеткени де нәмәлим!..

— Хо-ош, ақсақал,—көз әйнегин кийип, «усылардың өзи де жинли емес пе?» деген гүман менен тигилип қарады.—Фамилиясын билмейтуғын бийтаныс адамды излеўдиң не зәрүрлиги туўып қалды, бул жоғалған жоқты излеп отыратуғын милицияхана я справка бюросы еме-ес...

— Оныңыз жөн ғой, мен бастан бир түсиндирип айтайын, мен айта алмайман-аў, кемпир, сен айтөс!

— Ал енди, дуқтыр қәйиним, айыпқа буйырмаң, биз бир, басына ис түсип келип отырған адамбыз...

— Гуля, сен де кетип қалмай тур, а-ал, айта бериң!

— Баламыз, көзикти ме, ҳәрекетленди ме, кеселге шатылып, моллаға апарып едик...

— Сонда сол молланызға бара қоймадыңыз ба, мәканы мәлим екен, бунда неге келип отырсыз?!

— Сабыр-тақат пенен бир тыңлап ал, қәйиним, егер тыңламайтуғын болсаңыз биз излеп үйренип қалған адамбыз, онда тыңлайтуғын жер излеўге мәжбүр боламыз. Радио деген ҳәмме үйде бар, мынаў ғарры урыс майыбы, мениң еки көзимди, мынаў жетектеги баламды көрип отырған шығарсыз...

— Әңгимени радиодан баслап, басқа жаққа жорттыңызғо, слушай!!

— Радиодан баслағаным, «радиодан еситип атырмыз, көзимиз соқырлықтан газет оқый алмағанымыз бенен қулағымыз гереӊ емес, ҳәзир биз қусаған соқырмайыпты, бул қусаған урыста майырылғанларды дүзде қалдырмаймыз, қоллап-қуўатлап, ғамхорлық етемиз деп атыр», буны өз қулағым менен еситтим, жетеклесип барсақ бизлерди тыңлайтуғын да қулақ табыла кетер» демекши едим, сиз мени сөйлете жақ емессиз. Шүкир, деним саў, бирақ үсейте берсеңиз есигиңизден мениң де жинли болып шығыўым қыйын емес!..

— Ҳаў, ҳаў, сиз революционерсиз ғой, сөйлей бериң, сөйлеӊ...

— Я-аақ, бул күлетуғын нәрсе емес,—ҳаял басын шайқағанда Қаранazarов буның көзлериниң питегеп көретуғынын сезип қалды, себеби, ўарқылдамай, ғар-

қылдамай үнсиз күлип еди-дә Ақназар Қараназарович.—«Баламыз ҳәрекетленди» дегенде мен Мәнигүл келинимди айтып отырғаным жоқ. Аўғанстаннан табыты келген баламызды айтып отырман, соның дәртине шыдамай баламыздың жиназасы оқылмай атырып-ақ келинимиз Мәнигүл жинли болып кетти. Бир билгиш, онда да айып жо-ғаў, мереке тыныш өтсин дегенди-дә, телефон урып, дуқтыр шақыртыпты да қол-аяғын байлап берип жиберипти. Қолында ғана өлетуғын едим, сыртта не болып, не қойып атырғанын төрги жайда байбайлап отырып, мен сорлы билмей қалыппан!..

— Билгенде не қылар едиңиз?!

— Билгенде моллаға жиберетуғын едим. Менин Нурқасымымды да, келиним Мәнигүлди де жининен айырып, супы қылып, некасын қыйып жиберген пийри бар еди. «Тиккелей соған апарың», дер едим, қара басып, иштен шыға алмай қалыппан, шыққанда өлетуғынем қолында!

— Кимниң?!

— Жинлиханадан барған дуқтырлардың-дә! Ал енди, мен айтып болдым, мынаў аўқат суўый бермей келиниме ишкизсем деп едим...

— Гуля Гүлмановна, еситтиңиз ғой, регистратураға апарыўдың орнына маған әкелип отырсыз. Ҳәзир Гуля Гүлмановнаға бересиз, анық усы жерге түскен болса, таўып береди, адам ийне емес ғой полдың жарығына түсип кететуғын! Барың!..

— Бир ҳайран қалатуғын жери, Ақназар Қараназ...

— Ҳәәә бары-ың, бары-ың ақыры, ҳеш ҳайран қалатуғын жери жоқ, Гуля Гүлмановна, регистрацияда неше Мәнигүл бар, қайсысы Ақ туба аўылынан, соны анықлайсыз, тамам!..

Регистратура менен сым тордың аралығына қойылған кең, үлкен скамьяға буларды отырғызды да:

— Шубырысып жүргенди Ақназар Қараназарович жақтырмайды,—деди Гуля Гүлмановна деген көзи пыяшықтың көзиндей жасыллаў, шашы қоңыр жийрен, еркелеп турғандай тилин төсеп сөйлейтуғын ақ сары келиншек, ойнақылық пенен Ақназар Қараназаровичин ҳәрекети менен де, даўысы менен де мысқыллаңқырап. Мен таўаман да өзлериңизге хабарлайман, әлбетте! —деп кетти.

— Пай-пай-пай, ярым ақшамнан турғанымның түк пайдасы болмады, — Бидонын сыйпалап көрип, өкиниш билдирип атыр Нәзигүл...—Аўқатым қашша-ан муз қара кесек болып қалды. Ҳәй, сиңлим!—Өтип баратырған бир ҳәмшийрадан сорады.—Аўқатты жылытып берген-дей газиңиз бар ма?!

— Ҳәмме сөйтип сорайды-әй, шеше, бизиң бийтап-лардың көбисине аўхаттың ыссы-суўығының парқы жоқ, ише береди. Бирақ ол жағы бийтабыңыздың кеселине байланыслы. Бул жердегилердиң бәри жинли емес, не-рвтен шаршағанлар да келеди. Әне, усыларға ысытып берсең болады, ўәәй, газинен ғам жемең, кимниң изи-нен келип едиңиз?

— Мәнигүл деген, бир қасы ақ келиншекти билесиз бе?!

— Ҳаўўа, ҳаўўа, билемен!

— Билсең шақырөс, шырағым! Мен енеси едим, мы-наў атасы, мынаў бийкеши, мынаў Сазтурған деген дү-гилдик қәйиниси, шақырөс, оны да көрер күнлер бар екен-ғоо!..

— Ўай-бууўў шеше-әй!—Ҳәмшийра шеп алақанына оң алақанының арқасын урды. — Ол мениң палатамда еди, кеше ғана алып кетти-ғо!..

— Ки-им?! — Нәзигүл шаппшып турды.—Және не таптың, қызым-!

— Ыра-ас, шеше! Бир молла менен елиўлердеги киси келип алып кетти, «дайысыман» деди, «емлеп жүрген молласына апараман, докторда саўалмайды, талай көр-генмен» деп, ҳеш кимниң айтқанын тыңламады, мәкан жайы Шымбайдың Қасым Әўезов совхозында, аўызы паллыйған, сойлақ тисли биреў, «Сағый Арзыўов де-сең мени танымайтуғын ийт жоқ, соның ушын Шымбай-да ҳеш ийттен қорқпайман, себеби, бәри таныйды» деп мақтанды, әйтеўир! Оны күтип ҳәлегиңизге қалмаң, қайта-ааа бериң, пәкизе!

— Әй, сәл гидир-ши, сиңлим!—Кетип баратырған нашар тағы иркилип, артына «не гәп?» саўалының ишәраты менен қарап тырды.—Келинимиздиң бети пи-тегене бери қарап па еди өзи?!

— Жақ! — Тасқа басылған тықылды сым торға кир-ген соң да биразға шекем еситилип турды.

— Бул қалай болды?!

— Ҳәйранман!

— Бунық ҳәйран қалатуғын жери жоқ, ғарры. Сораўсыз адам бар ма, биреўден хабарын еситкен. «Султан сүйегин қорлай ма?» Дайысы белгили адам болды ғой, шамасы! Кәриймоллаға келген де бир супысын ертип, бери шыға берген, демек дайысының бул кәрадан да ала алғандай қатереси болған. Пай-пай, ғарры деймен-аў, шақыртыў керек еди баламыздың намазына! «Шақыртайық» дедим саған, Әмирханның: «Еле қатынаспаған адамыңды бирден жиназаңа шақырмасаңә!» дегенине аңқ ете қалдың, ҳәр қашан журттың жетегинде кете беретуғын қуртады бизди!

— Өзим жетеклеп жүре алмасам, жетекке ермей не қыламан!

— Енди не бетимиз бенен барамыз?!

— Қайда-а?! — Ғарры таңланды.

— Жаңағы Сағый Арзыбаевбеди, соникине-дә! «Қайда көрдим, қара ешки» деп отыра беремиз бе, барайық, айтайық жағдайды, бар болса келинимизди көрейик!

— Ҳимм.—Ғарры сақалын қайырып жалмап «ҳимилдеди».—Бул гәпиңниң жөни ба-ар екен, барсақ барайық. Бирақ, жаңағы Гүля дегенимиз келсин-ше, өтирик болып жүре ме еле!..

Сым тордың төриндеги жайлардың биринен, қайсысынан шыққанын Нурлепес билмей қалды, зәмбер ме, бир нәрсе көтерген еки тептик кийимли, зәмбердиң қапталында ырғып киятырғаны менен үш тептикли, бәриниң алдында «Салаты жиназа-аа» деп даўысының бары менен бақырып киятырғаны менен төрт тептик кийимлиниң бирден шуў етип шыға-сала-кем-кемнен берман жақынласып киятырған шаўқымы Нурлепестиң айта жақ гәпиниң ақырын умыттырып таслады да ғарры да, басқалары да, сым тордың өзлериниң тусындағы қапысына бет алған шаўқым-сүренге жалт етти.

«Салаты жиназа-а! Мәўлен асылып өлди, ўаҳаҳаҳа!» лап, бар даўысы менен бақырып, жамбасын шаппатлап күлиўи әдебинде өзиниң қайда отырғанын естен шығара жазлаған Нурлепести таңландырды: «Салаты жиназа!» деп болып, күле ме екен, жинли ме өзи?» Жылт етип, жинлиханаға келип отырғанын еслегенинде ол ўаҳаҳа салған байғустың да жинли екенине гүманы қалмады. «Мәўлен асылып өлди!» дей ме, қайда еситип едим бул атты! Ҳа-ҳа, Бердәмбеттиң Мәўлени екен-

ғо!.. Сол болмағай-дә!.. Я-а рәббим..,»—Усы ойы шоршытты ғаррыны. Соның арасынша алдағы «Салаты жиназа! »лап бақырып киятырған узын сақаллы, мурты қырылған, басын пәки менен қырғызған супысымақ тептикли сым тор шарбақтың сымнан торланған қапысын аңқайтып ашып, өзинен он адымдай изде киятырғанларға қолын көксине басып, тәжим етип турды да, Нурлепеске:

— Турр орыныңнан, сволош!—деп бақырып жиберди.—Мәүленди билемисең сен сволош, бизиң үшинши райко-оом! Сол киятыр, туррр!..

Нурлепес түўе басқаларыда орынларынан қалай шапшып турғанын билмей қалды, Турсын болса анаў дәрўаза бетке артын бәстирип, артқы қапысын ашып турған қара машинаға қарай кетти.

— Мәўлен ыссылайды-ғоо!—Қапталласып ырғып киятырған жинли зәмбер Нурлепестиң тусынан өте бергенде өлиниң үстине жабылған ақ простыняны жулып алғаны да сол, есенкирегенинен Нурлепес диңк етип, скамьяға отырып қалды да, Нәзигүл:

— Мынаў өзимиздиң Мәўлен-ғо!—деп жан ушыра ышқынды. Қасынан тық-тық басып жаңарақта газ сораған ҳәмширасы өтип баратыр еди:

— Сәл гидирөс, шырағым. —Ҳарғын даўыс пенен Нурлепес иркти.—Бир аўыз сорайық деп едик! —Ҳәмшийра егленбей кетиўди нақолай көрди ме, қолындағы есап-китап жазатуғын жалпақ журналын баўырына басқан күйинде «қулағым сизде?» ишаратын билдирип, ғаррыға дыққат қойды.—Жаңағы Мәўлен деген марҳум, тили ашшылаў болғаны менен дурысын айтатуғын жигит еди...

— Ҳимммм! —Ҳәмшийра таңлақ кейпи менен ҳимилдеди.—«Қатты арзагөй!» деп қапылтып атыр еди...

— Кимлер соны айтып жүрген?!

— Қайдам, усы жерде биреўлер тапты-ғо! Нениз еди?!

— Бир Бердәмбет деген танысымыздың танысы. Шырағым, алланың аманатын тапсырған бендеге жаңағыдай сөзди айта гөрме. Ҳәр қашан «жақсыға сөз ереди, жаманға шөп ереди» Оннанша айтшы маған, асылып өлгени ырас па?!

— Ырас?!

— Қайда апарады енди оны?! Әменгери де жоқ деп

еситтим. Берсе алып кете қояр едим, көмер едик-тә ел болып! Ҳеш қарақалпақтың өлиги, жүдә кемде-кем болмаса, урыс ўақтында да көмилмей қалған емес, бул халықтың адамлары бириниң өлигин бири көмбей кетпеген...үҳҳ... Соны бир сорап көремисең, қызым, мен Бердәмбетке хабар берер едим?!

Ҳәмшийра үмитсизлик пенен басын шайқады:

— Бул ис бас врачтың да қолынан келмейди.

— Айтсоңо қызым, бир саўап ис ете қойсын-дә!

— Айтыўға болар еди, бул тегин емес, скандалный өлим! Көрип турсыз-ғо, Нөкистен арнаўлы машина жибертип тур, болмаса биз, өликлердиң ийесин таба алмай бүлетуғын едик. Бул қатты скандалный, буны Нөкиске апарып, комисиовать етпей көмбейди де, ҳеш кимге бермейди де!..

— Не ушын?!

— «ЦеҚаға арза жазып, аты қарақалпаққа булағай салған! Сол арза бойынша комиссияны күтип отырғанда бундай болып шықты!» десип атыр үлкенлер,— деп сыбырлады ғаррының қулағына ҳәмшийра.

— Не иләж, онда шара жоқ, бир жақсы қызымыз екенсең, басқа болғанда буғурлым сөйлеспес еди, кәсибиңнен кәмал тап шырағым!!

— Айтқаныңыз келсин, ата, мениң де сиздей атам молла,—деп, ийба сақлап кетти ҳәмшийра. Бул ўақытта өликти салған машина да дәрўазадан шығып, докторлардың бир ер адамы: «Ҳәй, бар орныңа! усы тыржаңлағаның болар!» деп бақырып атыр еди жаңағы секирип жүрген жинлиге, ол болса оннан сайын өршеленип:

— Буны ҳүкүўметтиң басындағылар өлтиртти! — деп бақырды. Врач даўысының барғанынша қышқырды:

— Ҳааа жинли, бар деймен орныңа, ҳа жинли!!!

— «Если он дурак, скажут правду!» дегенди ким айтқан, айт яқшы, жинли болмасаң, билмейсең, бизиң Олжас айтқан буны, Сүлейменов!

— Ҳеейй медбрат! Байлаң буны!

Медбрат тағы бир завхоз қусаған жигит пенен тәп бергенде жинлиниң өзи-ақ Нурлепеслердиң алдынан бар пәрманы менен тапылдап жуўыра аңқайып атқан сым тор қапыға сүңгиди. Көп ийт қуўып, сол көп ийттен анық таланарын сезген бир ийт қуйрығын қысып, усылай зытатуғын, я кетекке сүңгийтуғын, ол сүңгиген

кетектиң аўызында оны қуўып әкелип, кетекке тыққан бир-еки ийт тәуир-аққа шекем әўпилдеп үрип турып, соң жеңимпазлы салтанат пенен қуйрығын шошаңлатып, бөксесин бултаңлатып, кери қайтатуғын еди-аў, бул да тап сондай болды. Жинлини қуўып келген медбрат пенен завхоз қусаған жигит тор сым қапыны тарсылдатып жаўды, соң туўў анадайда жуўырып баратырған жинли артына бурылып қарамаса да, қарамаған соң көрмейтуғынын билсе де қатты түйилген муштларын жоқары көтерип, жекиринип бақырысты:

— Хәә пәдериңе нәә-леет, енди сондай гәплерди айт, Мәўленниң изинен кетесе-ең!

— Ҳәзир байлап таслайық па соо..!—Завхоз қусаған, үсти олпы-солпы жигит усыны айтты да врачтан тек халатының гөнелиги менен парық қылатуғын медбраттың билегинен қолын өткерип былай тартты:— Қойса, жинли менен жинли бола берме, енди шықпайды!..

Буларды алыслата берип Гүля Гүлманова келип өкинишли даўыс ырғағында:

— Мийнетиңиз күйди-аў!—деп ўах-ўахлады.—Шынында да Мәнигүлди алып кетипти, «Арзыбаев Сағый» деген, Қасым Әўезовтен. «Астынғы ерни салбыраған, қарлықпа даўыслы, алақ көз жигит», дейди қызлар.

— Онда мынаў сизлерге буйырған екен,—Нәзигүл кенеп қалтадан сүлгиге орап салынған бидонды суўырды.—Жылытып, пәкизе ишип ала қойың...

Гүля Гүлманова қыймаслықтан алған түр билдирип алыўын алды, бирақ докторлар отыратуғын жаққа емес, тор ишиндеги жинлилер палатасы жаққа кетти ҳәм ийтаяққа аўдарғандай тез қайтып келди де, бос бидонды сырттағы краңға жуўып берди.

Енди усы кетистен «туўры Қасым Әўезовке тарттық!» деген нийет бар еди, Нөкис дәрбентине келип, автобустан түскенде де бул нийеттен ҳеш ким қайтпаған. Шымбайға тартыўы ушын Шоршаның оң жамбасына салынған автовокзалға барыўы лазым, сол жерден арқа жаққа машиналар арқырасып қатынап тур, «Биреўине минсек жеткенимиз-дә! Шымбай деген не мынаў турған жер!» Еки вокзалды тутастырып турған гармошка қапылы узын автобус пединституттуң бәндиргисине келип тоқтағанда Нильдиң суўындай айныды да Нурлепес ҳаялына: «түсиң, ҳа түсиң!»ди салды.

Ҳаял: «изде бир нәрсемиз қалып қойды-аў!» деп шамалады ғаррысының бүйтип апалақлаўынан, Турсын ҳеш нәрсе шамаламады, Сазтурған зырлап баратырған машинасынан түскенине қыйналды. «Машинада айтсам, өзим гәпке ергиш аўма адамман, ҳаял нийетимнен аўдырып жиберер, «Мәўлен еки туўып бир қалғаның ба? Еситсе хабарын еситe берер-дә! Жүр, келинимизди көрип қайтайық, сөйтпесек базарлығымыз сепсип кетеди!» десе аўмай тураман ба, аўаман ғой!» деген ой менен автобуста аўыз ашпаған ғарры: «Сөйтпесек болмайды, сизлер әмеллеп үйге жетип алың, яқ деме, берекет тап», деп жалынып еди.

— Сөйтпесек адамгершиликке жата ма! Биреў өлип атса, биз дереги шыққан тири ғайыбымызды излеп жүрсек, уят болар, соямқларын дым ойламаппыз-аў! Тез-тез бара ғой, дуқтырлар өли денесин-әм пышақлап таслар бийшараның!—деди қыстастырып.

Сөйтип, үйге қайтатуғынлар үйге қайтты-дә, Бердәмбет жасап атырған еки этажлы жайға барыўдан алдын қалалық бағқа келди, оның отыратуғын кеңсесин бурын бир көргени бар, адаспастан тапты. Қапыны тартса қулыплы екен, сол кәрада жүрген бир қыз:

— Мен секретарь—хатшысы едим, күнде келемен, үш күннен бери жоқ, үйи де қулыплы!—деди ҳәйранлық пишинде. Бул ғаррының бағ сейилине келмегенин сезди ме: «набада келе қойса не дейин?» деп сорады.

— Мен үйинен хабар аларман, Нурлепес келип кетти дерсеңдә, қызым!..

Кетип баратырып ойланады: «Жумыстан бир күнде қалмай, ҳәтте базар күнлери де ислей беретуғын адам еди, буған не болды екен, әлле Мәўленди излеп бир жақларға, узақтағы Мәўленниң ағайинлерине кетти ме екен?! Әәй, ишетуғын адам, оның неси таң, мут арақ табылып, жатырғанды-дә бир жерде бизиң гиябентлердей орда басып!» деген ойы бийғамландырып, адымын қойыўлатып еди, «Тап усы, қамалып қалғаннан аманбекен? Сталинге, Ленинге биреў тил тийгизсе алып топылатуғын әдети бар еди, сондайдан ҳәзирги ҳүкиметтиң тыңшыларының бирине тил тийгизип бәле таппады ма екен!..» деген ойы қамшы тийген қақсалдай бир шоршытып, адымын шаққанлатты.

Есигиниң аўызында милицияның қара машинасын

көргенде-ақ жүреги суўлап еди, ал енди, қапыға кире бергенде екинши этаждан, тап сол Бердәмбеттиң қапысының ғана тусынан шығып атырған ғаўыр-ғаўырды еситкенде жүреги өзине бирден тоқтап қалғандай туйылды. Жан ағашқа асылып өрмелей баслаған буған:

— Қапысын бузсақ қайтеди, турамыз ба бунын есигин мушлап!—деген ҳөктем даўысы еситилди, тағы биреўдиң:

— Ким биледи, әлле үйинде жоқ па?—деген даўысын да қулағы шалды.

— Мине, мынаў бир ғарры киятыр, усыннан сорайық, келиң ата!! Қорқпай-ақ қойың, бизлер адам жемеймиз, неге аңқайып турып қалдыңыз?

— Билемен ғой, адам жемейтуғыныңызды! Қапысын бузбай турың, бузылғанды дүзеў аңсат па, мениң даўысымды еситсе шығар...

Екинши этажға шыққанша шаршап қалған ғарры сестин шығармастан бурын сәл-пәл ентигин басып, соң дермантин менен қапланған қапыны еплеп-еплеп урып, даўыслады:

— Мен ғой, Бердәмбе-еет, аш а-аш!..

— Қаттылаў мушлап, қаттылаў даўысласаа!—деп буйырды милиционердиң ғаррылаўы.—Бизлер жудырықлағанда еситпеген адам сениң шүберектиң сыртынан шерткенди есите қоя ма, қызық-әй!

— Мен билсем, тап усы үйде адам жоқ,—деди жаслаўы.—Аш-әй!

— Жоқ болса, жоқ шығар,—Нурлепес кетиўге ыңғайласты.—Әй, тағы бирде келермендағы!

— Тоқтап турың, ақсақал!—Қарапухара кийиминдеги биреў алдын тосты.—Сиз ҳәзир керек боласыз, мен прокурорданман. Биз мынаў жеңгейдиң «жайы сасып атыр» деп, милицияға берген арзасы тийкарында келип отырмыз,—деди қарсы есиктен шығып келген келте жең шайы көйлекли, ерини шала боялған жас ҳаялды ийеги менен нусқап. Ғаррыны еглеп болып, ҳаял екеўине теңдей саўал таслады:

— Үйине кирип көрдиңиз бе бурынлары?

— Әлбетте, бир-еки мәрте келдим,—деди ғарры. Ҳаял бас шайқады:

— Мен быйыллыққа кирген емеспен.

— Қандай қоңсысыз онда?!

— Қандай деп, ҳаў!—Ҳаял еки алақанын еки жаққа жайды—Жумысым болмаса, я мениң қатарым емес, я қатнасатуғын ҳаял туқымы жоқ, не деп киремен қурыдан қурыға! Анаў-мынаў, дуз-пыз керек болса өзи келеди, онда да анда санда-аў! Үйинде аўхат писирмеген соң дуз-пуз да керек бола бермейди.

— Аўхатты... қайда писиреди сонда?

— Үйинде шай-пай, мәйек-пәйек дегендей таярламаса, көбинесе мен ислейтуғын «Қырқ қыздан» аўхатланатуғынын көремен өзим. Оны неге сорадыңыз?

— Үйинде гөш сақламайтуғын ба еди, мынаў шығып турған сасық гөштиң ийиси ғой, бәәй, жаманынай! Холодильниги бармеди, сиз билесиз бе, ғарры?!

— Ал енди мен абайламадым. Мына қызым билмесе?

— Жақ, холодильниги жоқ. Гөш асты деп ойламайман. Пышығы бар еди, сол өлип, сасып атқан болмаса...

— Балтаңызды алып келиң, бузып көремиз буны!..

Ҳаял: «Отын жақпайтуғын болған соң балтаны не қыламыз?» деген таңлақ пенен үнсиз жымыйды да:

— Гөш балта бола ма, кухонный?—деп сорады ҳәм жуўабын күтпестен үйине сүңгип алып шықты.

Қапыны ойып салынған қулыптың тили жақлаўға шамалы-ақ кирип турса керек, тусынан балтаның мүйешин суғып сәл қыйсайтыўдан-ақ есик ашылды. Милициялардың изинше кире беристеги кийим-кеншек қыстырылатуғын, аяқ кийим қалдырылатуғын тамбурға басын суққаны да сол, сасық ийис өкпесине урып, алақаны менен аўызы-мурнын басыўы менен сыртқа жуўырып шықты ҳәм өзиниң ашық қалған қапысына кирмеўи ушын әдеп шыққан есигин, соң өз есигин тарса жаўды.

Өзлериниң кәсибине бала бундай ийислер түўе порсып кеткен өлилерди гөринен ашып, буннан да бетер талай-талай бәд ийислерди көре-көре «көсем болып қалған» заңшылар да бетлерин бүристирип, аўызларын қымып, тек ғана мурынынан нәпес алып тамбурдан ишкериледи. Барлық айналардың перделери жабылғанлықтан кире беристеги ишки өжире де, оның қапысы шыққан арқадағы өжире де тасқараңғы еди, «жарқ» еттирип ғаррылаў милиционер шыраны жағып жиберди.

Аўыздағы өжире тап-туйнақтай жыйнақлы, сирә «кемпири жоқ ғаррының үйи» дегендей емес. Оларға

қарсысындағы дийўалдан полковник мундириндеги Бердәмбет: «кру-гом, шаагом марш!» деп, буйрықты берип жибере жақтай қ-ҳәр менен портреттен бежирейип турды.

Нурлепес ғаррының мурыны көптен бери ийис сезиўден қалған, буны ийис қурытып турған жоқ, «бир гәп болған жоқ па екен?» деген көкиректеги жаман сезим жүрегин дүрсилдетип, дизинен димарын алып тур. Ғарры ортадағы баяғылары бир өзи қолайсызланып отырып, стаканнан шай ишкен, ысыла-ысыла үстинги жағындағы қызыл алманың сүўретлери өшип кеткен кленкалы столға барып, сүйене бергени, прокурор ҳәммеге тийисли ырғақта ҳеш нәрсеге қол тийгизбеўди буйырған соң қолын тартып алып, оны сыйғызарлық жер таппағандай папаланлық пенен албырап, айып қылып қойған баладай тек турды ҳәм:

— Я-аа Алла-аа, жаманлығын көрсетпегейсең!—деди қалтырақ даўыс пенен. Ғаррыдан бурын арқадағы өжирееге ишкерилеген заң хызметкерлери оның да шырасын жарқылдатып жағып, келген-келген, кирген-кирген жеринде үнсиз зеңирейисип қалып еди, олардың ыйықларынан саңлақ таўып сығалаған ғаррының көзине биринши түскени: күншығар қапталдағы диванда басын арқаға берип, қолы төмен салбырап, аппақ шашлары тозғып, аўызынан тили шығып атырған жансыз Бердәмбет! Үстине портреттеги кийимлериниң бәрин кийип алыпты, тап бир тура салып, парадқа кететуғындай, үлкен салтанатларға, пионерлер менен ушырасқанда ғана кийип, соң әлпешлеп алып қоятуғын кийимлериниң бәри үстинде, өңири толы орден, медаль не болғай, бәрин-бәрин қыстырып алыпты, сонша жыллық мүлтиксиз хызмет, Кеңес ҳүкиметине, усы ел-халыққа шексиз, өзи айтқандай «туўылған партия» сына бийғубар ҳәм бийгүман исенимине алған байрақлары-дә ақыры! Аяғындағы тозығы жетпек түўе жылына бир-еки мәрте ғана бир-еки саат кийип барып, қайтқан соң шешилип қоя бергенликтен өкшеси де желинбеген баўыр түслес туфлий да, басқа кийимлери де қалған өмириниң бәрине жетерликтей, тозбастай етилип, ақыр-соңында жан кешер ҳалатта кийип өлиўи ушын буннан он бес-жигирмалаған жыллар илгериде отставкаға шыққан әри қуўанышлы, әри муңлылаў пурсатта берил-

ген еди ғой, буларды билген биледи, билмеген билмейди, соның ушын да:

— Бунның бунщелли жасанып өлгени неси?!—деп таңланды жас милиционер. Ғарры милиционер муртын таўлап билгишленди:

— Нағыз офицер усылай етип өледи-дә ақыры! Мынаў дийўалларға қарамайсыз ба, лейтенант, Сталинниң нешше қыйлы сүўрети тур! Анаў Ворошилов пенен түскени! Анаў парад қабыллап турғанда түскенине қара, жеңис парадында! Бул сүўретлер-ҳәм бир нәрсе айтып турған шығар, ақыры! Фуражкасын мынаў салбырап атқан қолына услап жатқан болыўы керек, жан ҳәўлетине шыдамай урынған ўақытта қолынан түсип кеткен. Болмаса бундайлар бас кийимин полға өзлигинен таслламайды. Мен баяғы «өрдек қырғында» Халқабад ЭМГЭсында «Сталиннен алдандым» деп, бәләҳәтлеп сөгип, хат жазып асылып өлген бир мухайник большойдың өлигин арқаннан жаздырып едим. Прокурор, анаў столдың үстиндеги хатты оқып көриң, бул да сондай болып жүрмесин?!..

— Сабыр етиң, майор бәрин де көремиз. Сүўретке алың, лейтенант!..

Лейтенант әдеп Бердәмбеттиң жатысын, соң столдың туяғындағы уксустан, қарақалпақшалап айтқанда сиркеден босаған үш қырлы шийшени, соң стол үстиндеги хатты «жырқылдатып» сүўретке алып болған соң барып, прокурор хатқа үңилди сонда, да қолын тийгизбеди. Мынаў жақта хаттағыны билгенше сабыр-тақаты түўесилген майор: «Даўыслап оқыңшы, прокурор, бул исте бизлер де қатынасып жүрмиз-ғо ақыры!» деди шамырқанған даўыс пенен: «сениң бир өзиң емессең, бизлер де бармыз!» дегенди аңлатып. Прукурор жалт қарады да: «Яқшы-ы, сизиң-ақ айтқаныңыз болсын,» деп мырс етти ҳәм үстин шамалы шаң басқан хатты даўыслап оқый баслады:

*«Мен исенген партия жоқ енди, мен исенген ҳүкүмет жоқ! Мениң сонша жыллыы тызметим, демек гүлләп өмирим пушша шықты, енди жасаўымның неге, кимге кереги бар? Мен офицермен, сөзимде тураман: «Партия қулаған күни өлемен» дедим бе, өлемен. Булардың буннан ярым саат илгери Ильичтиң, қараң-ә, Лениинниң монументин қулатқанын радиодан еситкенде, жүрегим тоқтар ма екен деп едим, әттең тоқтамады! Булар еле Ленинградтың-ҳәм атын Сталинградты өзгерткениндей бир указ бенен өз-*

*гертсе өзгерте қояр, бәлким, Ленинди мавзолейден-әм шығарар еле, қарап турың!.. Мен өзимди өзим атып өлейин десем, пистолетим жоқ, соның ушын-ҳәм қазан жайдағы ҳаяллардай уксусишип өлиўден басқа иләжын таппадым, сонлықтан-әм мени «офицерлерше өле алмапты» деп айыпламаң ҳәм мениң өлимимди ҳеш кимнен көрмең! Тыныш өлиўиме ҳеш ким кесент бермеўи ушын есикти өзим иштен илдим. Квартирамды, усы бар мүлкимди «Ақ туба» аўылына келип туратуғын Нөкер Ниязович ҳәм Елмуратов Сийсен деген үйи-жайы жоқ, бала-шағасы жоқ дәўир дөреткен еки қаңғымай бар, соларға бериўди, усы соңғы өтинишимниң орынланыўын ўәсият етемен. Тиримде таслап кеткен ҳаялым менен қызыма өлген соң хабар берип, шүйинши сораўды қәлемеймен, бирақ мениң өлгенлигимди ресвоенком билсин, хабарлаң бирадарлар. О дүньяның жоқлығына исенгенликтен «хиямет—маҳшерде көрисермиз» деп хошласа алмайман. Мениң өмиримдей өмириңиз мийўасыз ҳәм пуш өтпегей!*

*28—август, 1989-жыл. Хатты өз қолым менен жаздым.»*

— Әне, хаттың мазмунын билгиңиз келсе, майор!— Прокурор қаддин тикледи.—Тап, жаңағы сиз айтқан МТСтың механигиниң өлиминдей! Ўай-боой, бундай да фанатик бола ма екен! Өликти машинаға салың да қапыны илип, мөр басың.

«Өмирим қаҳарманлық пенен өтти!» деп, өзиңе өзиң исенип, көкирегиңе урып жүргенинде сол қаҳарманлығыңның ҳеш кимге кереги болмай қалса сол жаман! Инсан кеўилиндеги жыллар бойы уялап қалған ҳәм өзи соған исенип жасаған исенимниң жоғалыўы кем-кемнен болса да айлап, жыллап узақ ўақытты талап етиўи итимал. Дүньяда ең жақын, ең кийели, ең пир тутқаныңнан алданған жаман, өзиң өмир бойы «қызыл аяқ қар кешип, жалаң аяқ жар кешип» жанталаса гүрескен сол қыйын гүреслердиң нәтийжесинде ерискен идеяңды биреўлер көзиңниң тирисинде қорлап атса бул оннан да жаман, ал енди өзиң бул дүньяда ҳәммеге, ҳәмме нәрсеге, кеўилиңдеги исенимнен басқа ҳеш қандай идеяға исенгениңди қойған мәўритинде сол идеяңды қорғасарлық я дос-яран, я өзиңде диңкедимар болмаса ол бәринен де жаман, әне, усындай пурсатларда өзиңниң тәнҳалығыңды, көкирегиңниң қуры қуўыс макет екенлигин абайлайсаң, жаныңды сол сезимталлығың гүйзелдиреди, көкирегиңдеги барлық исенимиңнен айырылған, енди талпынып жасайтуғын исенимиңниң жоқлығын сезинген пурсатында ендиги өмирдиң биймәни көринетуғынлығы соншелли, бир өт-

се қайтып келмейтуғын адамға жалғыз ғана мәрте берилетуғын өмир деген әжайып ҳәм бийбаҳа нәрсениң де қуны саған қара бақыршелли көринбес, жанның шығыўының қаншелли қыйын екенлигин қыялыңа да келтирместен өлимге бел байлаўың бир минут! Бәлким, Бердәмбет те сол бир минутты бастан кеширгендур, ким билсин!

Сол қайғылы бир минут бастан кешти ме, тамам, өзиңе өзиң жәлладсаң, өз ҳүкимиңди өзиң орынлайсаң, өмириңниң, санаңның соңғы мәўритинде тап балалығыңнан, есиңди билген күниңнен тап усы бүгиниңе шекем не бир әжайып гезеңлерин, анаңның ҳәйиўиңен ашықлық қосықларына шекем, өзиң ойлаған ислердиң не бир салтанатлы жеңислеринде көкирегиңдеги қуўанышың көкирегиңе сыйса да бул әлемге сыймай толып-тасып турғандағы өзиңниң бахтыяр қәлпиң зуўў етип, көзиңниң алдынан өтеди де сен-ҳәм бахтыяр күлки менен көз жумып, жәҳәннен жәҳәннемге жөнелген боласаң, лийкин сол бахтыяр күлки қымбат саған, бул күлки усы ўақытқа шекем талпынған идеяңның, арттырған ислериңниң, улыўма жасаған өмириңниң бийманилигин, ҳеш кимге керек емеслигин сезинбеген жағдайда ғана келеди саған, соның ушын-ҳәм биз соңғы мәўритиндеги соңғы санасы менен бахтыяр күлки менен өлип баратырғанларды көре бермесек керек, «дүньяники әрман менен!..» деген нақыл-ҳәм, бәлким, соннан қалғандур, Бердәмбеттиң жан кешер ҳалатында сонша мәжилислерде топлым журтты аўзына қаратып шешенсинген, сонша әскерий буйрықларды берген, «компартия, коммунимзм жасасын!» деп талай сүрен салған қызыл тилин соннан өш алғысы келгендей айқара тислеп қалыўлары да санасына ең соңғы келген жуўмақтың өкинишли болып, бахтыяр күлкиниң буйырмаўының ақыбетидур бәлким! Өлип баратырған адамға өмири қанша узақ болса да, тоқсан, жүз жасаса да сол узақ өмир көзди ашып-жумғанша өткендей туйылады, себеп, сол өмирдиң бәри кеўилдиң «киноаппаратынан» көзди ашып-жумғанша өтип аяқландыдағы, ақыры! «Көзди ашып жумғанша өттиң де кеттиң, өмир!» деген көпшилик марҳумлардың тилинде сайрамаса да кеўлинде сайраған әрманның жаңғырығы—ең соңғы сөзи ҳәм ең соңғы санасы шығар!.. Усыған шекемгиңди өзиң бастан кеширип, өзиң бежерсең қалған жағың адамлар менен...

Адамлардың протокол жасаўы бир минут!..

Сени зәмберге салып алып шығыўы да бир минут!..

Мум еритилип, есигиңниң мөрлениўи бир минут!..

Қара машинаның жүрип кетиўи бир минут, машина бир минутқа да жеткермей шарбақтан шығып, гүзарға түседи, оның қайда баратуғынын сен билмейсең, машинадағы тирилер биледи! Қай жериңди ким қайтип жарып көреди, қандай шешимге келеди, оны да сен билмейсең, сен өлгенсең ғой ақыры, соның ушын оны да басқалар биледи!..

Ал, кетип баратырған машинаның изинен үндеў белгисиндей шошайып, аңырайыўы менен турып қалған Нурлепестиң есине енемен, нениң не болғанын ақыл тәрезисине саламан дегеншеги албыраўлары да бир минут! Енди бир минуттан соң нениң не екени санасына сиңип үлгереди, сонда ғана оның ҳәзир үндеў белгисиндей зиңирейген қәдди-қәўмети кем-кемнен саўал белгисиндей бүгиле баслайды да кеўилин сансыз саўал белгиси жайлап, аяғын үйине қарай сүйрейди, мейли, зиңирейсин, соған шекем сизлер оған бир минут, тек бир ғана минут пурсат бериң!..

## 30

Әтирапқа гүз салқынын салып, Ақ туба жийегиндеги қамыслардың үрпек басларын елп еткен самал тозғытса үпилдириклери узақ-узақларға ушып турған күнлердиң биринде әлле қашшан қамалып қалған әкеси Айтбайды изинен барып көре алмай езилип қайтқан Бийбираба төрги өжиресинде бул қорлықларға шыдай алмай солқылдап жата-жата ақыры өзине өзи жигер берди де, силкинип орнынан турды.

Мектепте дене тәрбиясынан сабақ беретуғын ҳәм қаладағы қызлардан дүзилген каратэшилер командасына тренерлик ететуғын бул қыз, кеўлине өшпес дақ, умытылмас дық салған зорланыў ҳәдийсесин басынан кеширгенге шекем жаны зәрре жабырқаса магнитофонды қоя сала жулқынып ойнап, ямаса даўысын қырылдата алмаўына қарамастан келиссин-келиспесин, Высоцкийдиң қосықларын жигерлене айтып кеўил көтеретуғын еди, сол ҳәдийседен соң қосық қалды бир жақта, қосық та кеўлинде күй болса шығады, ойын қалды бир жақта, ойын да марқа ақ ылақтай секиртип ойнататуғын кеўлинде шоқлығың болса ой-

налады. Лийкин, кеўилдиң күйин де, тоқлығы менен шоқлығын да, демек, қосығы менен ойынын да Темирхан, Бердашлар қызлық намысы менен қоса дал-дал етип қопарып алып кеткен сыяқлы. Оның орынын ада болмас бир қайғы-муң, қыз болып туўылғанына шексиз өкиниш, улыўма, еркек атаўлыдан жеркениш ҳәм оған деген ғәзеп ийелеп, сарсылды, сарғайды, есикпе-есик қатнап айтысты-шертисти, өзиниң басынан кеширген уятлы исти әлемге жәрия етип, өз жүзин төмен қаратқанынан басқа арттырған түги жоқ. Ақыры бунысынан пайда жоғын, қайта өзин өзи қурытып алатуғынын, өзи «өшимди әпереди, мен заманның тең ҳуқықлы қызыман!» деп исенип жүрген заң-нызамның ҳәм шығысы пәтли болса да Ҳәмиўдиң аяғына келген соң «қарға--қузғынның тырнағында» кеткенин әбден билгеннен кейин бурынғы жилўа-назлы, әдеп-икрамлы қыз минези де шурт өзгерип шыға келди. Соннан бери қыз сирә «қыз» дегендей емес, орыс сөзи менен айтқанда жүрген бир «хулиган», қарақалпақшалағанда «тийгенге тийеди, тиймегенге кесек атады,» урнығып, өртенип жүрген биреў. Таң сәҳәрде, кешқурынлары спорт костюмын кийип алып, бөксесин бултаңлатып, Қызкеткенниң бойында ўақты-ўақты қаршығадай «шаңқ!» етип, «йияя!» деп сес шығарып, өзинен өзи ҳаўаны сәдделеп жүргени, жуўырып жүргени, бул жигирма-отыз, бар-ә, бир саат даўам етсе екен, қудайдың қутлы күни азанда еки, кеште еки саат өмири апасының тили менен айтқанда «жинлишиликке» кетип жүрди. Анасы әдебинде: «жинленген шығар, бунық көргенин басына тарақ тийген нашар көрмесин, жинленбей тура ма!..» деп, қорқып та, «не қусап баратырсаң, өзиңди қолға алсаңо. қызым-аў, қыз деген жипектей солқылдаған, қамырдай созымлы болыўы керек!» деп, ақыл-нәсиятын айтып та жүрди. «Мен қыз емеспе-ен!»деп қайтарып таслайды да күндеги кәрин ислей береди. Сабағын адалап келип, қатнайтуғын жери—спортзал, стадион! Үйге де бурынғыдай пәкизе қызлар емес, жулпысланған орыс, кәрис, татар қызлары үйирсек болып қалды. Базда-базда солар менен жылан көз ақ қумлы Қызкеткенниң ярашында дуйым-журттың ерси көргени менен ислери жоқ, тоңқалақ асысып, «аяқларын аспанға көтерисип, қолларының ушы менен жуўырысады-дә бәдбақлар!»

Әне, сөйтип, күн шықпай бир өзи жуўырып бара-

тыр еди, «көреси мийнети барды-дә!», Қызкеткеннен ертелеп ийин ағаш пенен суў алып баратырған Тур-сын, мынаның мынаў тек қара майка, қара плавка менен күн шықпай сатанлары жалтырап жуўырып жүрисин өзи есалаң болса да ерси көргени соншелли, аўызы аңқайып бақырайды да қалды, ыйығындағы еки шекер суў майыстырған ийин ағаштың салмағын да сезер емес. Бул сөйтип турғанында Бийбирабаның қара жыландай былғаңлап тусына келип қалғанын, «ия-яяа!» деп, бир сес шығарғанын биледи, арғы жа-ғын билмейди, кимдур, еле ҳеш қол тиймеген мәми-шин уўқалап атқандай болып еди, соң-соң биреў емип атқанға, солқылдатып сорып атқанға меңзетип: «ҳаў, мен еле күйеўге тийгеним жоқ, сонда қалай туўаман, туўмасам ким емеди мени!» деген ойы әлле неден шоршытып, көзин ашайын десе аша алмайды, еки қо-лын көтерип, сийнесин сыйпап көрейин десе де көтере алмайды, ләң! Өйтпейин десе мынаў бир нәрсе сол-қылдатып, қытығын келтире ме, қалай-қалай?!. Ол кирпиклериниң арасынан сығалап, бир жалтыр гел-лени көрди ҳәм буның Әмирханның геллеси екенин таныды:

— Әм..әм..ир... аға, маған... не.. болды?..

— Шәйтаныңды сорып атырман, ҳайналсын дейди, қорықпа, ҳәзир былай апарып есиңе ендиремен...—Бир қолын қыздың бөксесиниң астынан, екинши қолын жа-ўырынының тусынан өткерип, дизерлеген орнынан кө-терилди. —Ҳәзир, ҳәзир... айналайын, айналайын ап-пағым, ҳәзир көзиңди шайдай ашаман, ҳәзир, ҳәзир...

Боянлық бетке алып баратырғанда есиктен шыға берман шалт жүрген Нурлепести көзи шалып кетти де, бағдарын өзгертип, ғаррыға қарсы жүрди.

— Шырағым, шырағым, не болып қалды буған?..

— Не болатуғын еди, Бийбираба силесин қатырып кетипти!!

— Кәне, ол албаслы, қолында ғана өлейин, кәне!

— Пәтленбей-ақ қой, — Әмирхан ентиге жүрип баратырып сөйленди: — Жаңа мениң алдымнан жуў-ырып шығып еди-аў ол қаншық, көзи қанталап ке-типти, қанға жериген ол! Еле де қудай сақлапты!..

Қызды үйине апарып жатқарған соң Әмирхан пи-тегене отырмақшы, өзиниң бир достыникинде (әлбет-те, бир ойнасыникинде-дә) болып, таңнан турып, ерте киятырса узақтан Турсынды бир тепки менен шалқа-

сына салып, Бийбирабаның қашып баратырғанын айтып, «Тутайын десем, тута алмай қалдым,» деп, мақтанбақшы, өйтип-бүйтип арза жаздырмақшы еди. «Бийбираба сабап кетти» дегенди еситиўден-ақ мәселениң төркини Нурлепес қол қойған арзада екенин абайлаған Нәзигүл:

— Сабамақ түўе өлтирер-әм еле! — деп бақырып жиберди. — Биреўиңиз жаладан арза жаздырып, әкесин қаматсаңыз сөйтпей не қылады! «Хаялына күши жетпеген қоңсысының баласын сабайды». Сизлерге күши жетпегеннен соң бизлерге топылысының басланғаны-дә енди! Тыныш отырғың келсе, бул қаралы журттан көшейик ғарры!..

— Көшсеңиз көшиң! — Әмирхан ашыў менен орнынан өрре турды. — Көшиң қәне, жайыңызды өзим сатып аламан, таўыққана қылсам да пайда! Әәәйй, ақмақлар! Оннанша доктор шақырып, мынаўыңызға справка алып, милицияға берип, көзин қорқытың оның! Көзин қорқытпасаң өлтирмей не қылады, қырарҳәм шетиңизден! Шақырайын ба мил...

— Қой, қой, шырағым! — Нәзигүл қолын гөлегейледи. — Айтысыў ушын ҳәм сизлердей пәтли болыўымыз керек, айтысқан әззи я өлип кетеди екен-дә, я өзи қамалады екен...

— Буған дәлилиң бар ма, не деп отырсаң өзиң, бар ма дәлилиң?

— Айтыса-айтыса Мәўлен өлип кетти, буны көзим менен көрдим. Сизиң менен айтысып, Айтбай қоңсының өзи қамалды, бул дәлил емес пе, қәйиним-аў, бул айтысыңа биз ғәриплерди қосып не қылайын деп един! —Хаялдың ерни кемсеңлеп жылай баслағанда:

— Әәәйй, сизлерге гәп айтып турған мениң есим жоқ! — деп, түңилиў менен қолын бир силикти де, Әмирхан есиктен шығып кетти.

Күн еле де шыға қоймаған. Тысқарылаған Нурлепес ҳажетханасының аңсақ-саңсағынан сығалап, путында қыстырғышы, үстинде қара майкасы менен қумды еспелеп, буларға «қолыңнан келгенин қыл! Енди азап бере беремен!» дегендей, жуўырып жүрген Бийбирабаны көрди, көрсе не қылсын! «Ҳәй, қызым-әй, балада не жазық бар еди, өйткенше өзимди өлтире қойсаң болмай ма?!» деп айтыўға оқланып, сыртқа шығыўын шықты, бирақ қыз қашшан насос жаққа кетип қалған екен, ол лаппа бурылып бери қайта бер-

ғенде тап бир жан алғыш жақынлап қалғандай, ғарры үйине сүңгигенин өзи де абайламады. Қараса ошағының басында зеңирейип тур, қайта-қайта: «Тап усы, берман жууыра бергени, ғаррыға да жан керек екен, ийманым бир қысым болды, қудайдан қорқпағаннан қорқ!..» деген сыяқлы әңгимелер менен өзине өзи тәселле бергени менен турмастан сыртқа баратырған ҳаялының изинен ере шықты. Кеўилине «бул бәдбақ тағы бир сәдде берсе...» ҳаялы туў анаў жаққа қалпақтай ушатуғындай.

Дурыс, Бийбираба қатарласып турған ерли-зайыплының да алдынан өтти, өткенде де бийәдеплилик пенен, мысқыллы күлки менен оңдырмай жымыя күлип өтти. Лийкин, Нәзигүл Бийбираба ойлағандай қәўлекиленип бара жабысатуғын соқырлардан емес, ойланып ис тутатуғын, парасатлы ҳаял ғой, Бийбирабаның орынына өзин қойып, көрди де, қыздың күйиктен ислеген бул иси ушын оны ғарғап-силеген де жоқ, қайта изинен даўыслады:

— Саған өкпемиз жо-оқ, қызы-ымм, ҳәр не бәле өзлеримиздеее!

Күндегидей нәшебентлер де бүгин келмеди, көкнарға, көкнаршыларға қысым жасалғалы көкнардан Жәлимбет бақыраўық өлип қутылды да, Өмирбай базарком азанда жумысына кетеди, таза нәшебент Палўанияз болса бул күнлери Назарымбеттиң үйине қатнап, екеўи әжик-гүжик сонда болысады. Усы күни буларға ең болмаса я Әмирхан, я Бийбирабаны жаманлап, қол күши менен ала алмаған өшлерин тил ушы менен алып, дебдиўлерин бир шығарыў сондай керек еди, эттең, ҳеш ким келмеди, өзи барайын десе Нурлепестиң қызы жаңа-жаңа көзин ашыўға қарады. Қайта-қайта шоршып:

— Ўай-ўай, апа, келип қалды! — деп есикке қарайды да апасының мойнына жабыса береди. Усы ғалаўыттан шоршып оянған Сазтурған не болғанын билмей ҳәйран, апасынан қайта-қайта: «әжапама не қылған, есик беттен не көрип тур, ҳеш нәрсе жоқ-ғо!» деп сорай-сорай жөнли шай да ишпестен нолевой класына кетип қалды.

Түске таман қыз есин жыйып, тысқарылаў ушын сыртқа шыққандай болып еди, соннан жалаң аяқ, жалаң бас тасырақлап Әмирханның үйине қашып кирди:

— Ўай-ўай, келди, келди! — деп есикке қолын шо-

шайта береди, Әмирхан қараса—ҳеш ким жоқ. Бул жаңа ғана дүканларынан хабар алып келип, бир заман уйықлап алыў ушын шешинип, спорт кийимлерин кийинип алған бойы еди, Үбайда курортта, кеткенине жаңа бес күн болыпты, Темирхан Тахтакөпирде бир үлкен исти қараў ушын азанда ғана кетти, ақлаўшы болған соң талабы сондай, гә анаў район, гә мынаў, ол сирә-да үйде турмайды. «Гүбелектиң өзи отқа ушып келеди-аў! Тап усыны Ақназар Қараназаровқа апарсам, бир күнде жининен аймай ма?» деген бир ой мийине жылдырымдай жылт етип келип еди, қызды көкирегине басып:

— Шырағым, шырағым, қорқпа, сени ҳеш кимге бермеймен! Саған биреў қол тийгизип көрсин-ши, қәне! —деп жубатып атырғанда да сол ой буны тәрк етпеди.

— Қыздың мийи қозғалған, —деди қызды үйине ертип апарып. —Буны жинлиханаға апарсаң, абырайы төгиледи!..

— Айта көрмең, жинлихананың аты өшсин! —Нурлепес селк ете қалды. —Буны Карриймуллаға ғана апарайын!

— Апарсаң апар-дә, бирақ Нурқасымдай, Мәнигүлдей әрўақ жабысқаннан, жин урғаннан басқаға молланың күши жетпейди, сонда да апараман десең апар, гүлдей нашар қор болмасын, «қаратқан қарап қалмас» деген, пайдасы тийсе тийе кетер.

Ерли-зайыплылар ойланып узақ отырысты, қызының көзи еле есикке үркек нәзер менен таслай береди. Бирақ, бул сапары Әмирхан кетиўге асықпады. «Не де болса гәпти, өтиништи Нәзигүлислесин, ҳаялы ақыллы бунын!» деп отыр. Күткен жеринен шығып, ақыры ҳаялы тилге келди:

— Бизиң бағанағы ашыў менен айтқан гәпимизди әпиў еткен болсаңыз, бир тилегим бар-аў!..

— Жо-ғәәй, мен анаў-мынаўды кеўилге гийне тутатуғын келте қоныşлардан емеспен. Сениң жасың киши болғаны менен, бәри бир, өзимниң жеңгемсең, жеңге деген айтпақ түўе қарғайды-ҳәм, оның несин кек тутаман. Қайта мен қызыңқырап кетиппен, өзлериңиздиң кеўлиңизге келмеди ме әйтеўир?

— Бизлердиң кеўилимизди баққаныңыздың өзи жетип қалды! Сиз бир, ел үстинде жүрген адамсыз, танымайтуғыныңыз жоқ, усы қызды пул берип болса

да бир пинҳамы доктор таўып емлетиўге болмас па еди?! Соған сыртқа сыр шашпайтуғын, жанажан бир достыңыз жоқ па? Қыз бала, питегене еси бар болса кетеди ғой, «тесик моншақ жерде қалып атырған жоқ» әйтеўир, «тең теңи менен, тезек қабы менен», төредей болмаса өзиңдей биреў табылып, болар әйтеўир абыйға бабый, табылар түбинде бүргелиге сиркели! Сондай күнде буның жинлиханада болғаны бетине басыла берер. Дурыс айтасыз, молланың күши аш әрўақ жабысқан, дуўа түскен, жинленгенлерге ғана жетеди, мен қызымды, қудайға шүкир, еле жинли деп жүрген жоқпан. Пул санай алады, қазан-табақ услайды, таза жүрип, таза тура алады, бирақ журттың ақылындай жүйрик ақылы жоқ, сәл әўмерлеў. Соның ушын буны жинлиханаға апармай-ақ қояйық, моллаға да ҳәлек болмайық, анық мийи шайылған болса шайылған шығар, ол албаслының теп-киси әнәйы болсын ба, билемен, мийи шайылғанның пири—доктор! Бизиң Кумшүңгилдеги бир бөлемиздиң мийи шайылып, апармаған молласы жоқ, трактордан жығылғанға молла не қылсын, ақыры докторда жатып шығып еди, ҳәзир тракторын ҳарылдатып-ақ жүр, сирә «баяғыда жинли болған» десең ҳеш ким исенбес. Мен сизиң «доктор» дегениңизге қулақ қояман, қайда сол доктор, ким буны пинҳамы емлейди? Сизге ҳеш қашан жумысым түсип, өтиниш етип көргеним жоқ, қәйиним, усы тилегимди орынла қәйиним, Турсын да аўлақ емес, өз қарындасың ғой, биз пақырлардың тағы бир пәтиямызды ала қойың?! —деп жылап жиберди Нәзигүл.

Әмирхан да, муңлас ғой ақыры, төмен қарап гүрсинди. Әллен ўақыттан соң, ойланып-ойланып:

— Ким бар екен, бала-аа, —деди Турсыннан көзин алмастан, еле де аўыр ойға шүмген, басына анық мүшкил ис түсип отырған кейип аңлатты: —Бир-еки күн ойланғанда табылар еди-дә, оған шекем буники өтлесип кетип, анық жинлиге айналса не қыламыз?! —деп, үшеўиниң бирден жүреклерин суўлатып, көзлерин үлкейтти. —Әй, яқшы! —Суўласқан жүреклер қанасына түсе баслады. —Ҳеш исим түспеген бир әмеки докторым бар еди, соған бир апарып көрейин-ши! Турсын қарағым, «Волгада» тыныш отыра аламысаң өзиң?

— Отырар-аў! —Қызы ушын анасы жуўап берди.

— Мың «ярым ес» десек те дүзде өз абырайын өзи төкпеўге ақылы жетер-аў, солай ма?!

Қыз ийегин екшеди. Әмирхан қызға исенимсизлик нәзери менен қарап:

— Бир светофорда көшени басыңа көтериўиң менен барқырап бақыра қашсаң, машинадан түсип қуўмайман, өйтип абырайымды төгип жүре алмайман, бул көше деген, билип қой! — деп суқ бармағын солтаңлатты. — Көше болған соң қурдай қатнап турған машина болады, сен жаңағыдай етип қашсаң, бири болмаса бириниң астына түсип, асфальтта мийиң қатыбыламықтай шашырап атса, жуўабын ким береди?!

— Ҳаў, ондай гүман болса кемпир екеўимиз еки жағынан услап-ақ барайық-дә!..

— ...Жуўабын мен беремен!—Әмирхан Нурлепестиң гәпин қулағының тусынан өткерип жиберип, өз саўалына өзи жуўап берди. — Онда мени судлайды. Өзин өзи тутып отыра алғандай болса, бир-еки сааттың ишинде жуўындырып, шомылдырып аршылған пияздай етип қойсаңыз, апарсам апарып-ақ қайтайын, гәптиң шыны мен кир-ғожалақ адамды миндирип жүриўге уяламан, оның үстине, докторлар да үсти кир болса ишинен күлсе де маған күледи...

— Жуўындырыўын жуўындырамыз-аў, қызымыздың өзи де күнде шашын жуўып, таза жүреди, — деди Нәзигүл. Шаш дегенлери қашан көрсең жипектей, тек бир, зәрре қатарынан кемлеў болды да нәресте!

— Көп гәпти қояйық, бизиң керегимиз бар ма, жоқ па?

— Әйй, илип таслайман қапының иши-сыртынан! Қайда қашар екен! — Ғаррыға қуўланып көзин қысты. — Дым шатақ шығара берсе алдырып жиберемен жағына, түсиндиң бе, қыз?! Түсинсең болыпты, жуўын тез, ийге тартарыңды кий үстиңе, сөйт те бизикине бар, мен машинаны сазлай берейин, — деди де шығып кетти. Ол кеткен соң Нәзигүл:

— Дым гәпке түсинбейди екенсең, ғарры, — деди оның дизесинен басып. — Исшилер гөне-пөне жулдыр кийимли қарапуханы машинасына миндириўге тиксинеди, уялады. Еситпедиң бе, өзи де айтты ғой: «кир-ғожалақты мингизиўге уяламан,» деп, соған да түсинбедиң бе? Оннанша бар да машиныд сыпырыс, тур, тур! Турсынды өзим таярлайман!

Ғарры шүйелип орнынан турып кетти.

Арадан бирер саатлар өткенде қызын Нәзигүлдиң өзи ертип келди, үстинде Айбөректиң таза болса да модадан қалған кремплин көйлеги, аяғында румынниң қымбат ақ туфлиий, бул да модадан қалған соң Айбөректиң бергени, шашын жууып, тақ өрим етип тарапты, жалаңбас.

Ғарры әлле қашшан машинаны тили менен жалағандай жалтыратып болып, ҳәжетханасына шекем баяғыда Нөкер Ниязович пенен өзи қуйып берген бетон соқпақты шланга менен жууып жүр еди.

Келгенлер иштен Әмирханның шығыуын сыртта күтти. Әллен уақтыта кептер мойын костюм-шалбар, кептер мойын галстук, ақ көйлек, жерге табаны бурын тиймеген шылт жаңа қара туфлий кийип, қылтаңлаўы менен Әмирхан шықты. «Бул ширкин сирә шәйтан шығар!—Нәзигүл таңланды.—Шашына сирә бир ақ қылаў илеспес пе! Еле сол мен түскен жылғы турысы, я қәдди бүгилсеш, я тиси түссеш! Оннан бери де «Волгасын» еки мәрте алмастырды, темир тозса да бул тозбайды-аў!...»

Әмирхан Сочиден баяғы Жердашқа өткерген жыллары Айбөрекке өзи алып келип берген қызыл ала кремплин көйлекти таныды, ол Айбөректи усы көйлегинде оғада сулыў көретуғын, бир жақларға ертип кетер болса да «сол көйлегиңди кий, паай, перигe айналасаң-аў!» дейтуғын, енди болса бул көйлек ярым ес қызды гүлзардың ишинде турғандай етип, шырайын шығарып тур!

— Ал, жолыңыз болсын, иләйыы-ым!—Турсынның анасы емиренип ақ пәтиясын берип қалды. Әкеси пәтия қылып, сақалын сыйпап, еле гүбирленип отыр. «Волга» болса қашшан көзден таса болды. Енди бул ғарры ҳалының келгенинше қыбырлап, Әмирхан тапсырып кеткен ислерди бежере бериўи керек еди. «Ҳаў, қайтпаймыз ба?» деген Нәзигүлге:

— «Жазған қулға шаршаў жоқ!»—деди ҳәм мал қора жаққа кетти.

«Волга» сол кетистен Ашшыкөл тамандағы саўда орайының санаат затлары дүканының алдына келип бир-ақ тоқтады. Шынында да ата-анасының көзинше қапыны илип еди, өзи иште отырып ашты ҳәм қызға өзин өзи услаўды, гәп-сөзге қулақ аспаўды, айтқан исти булжытпай орынлаўды қатаң тапсырды да:

— Ал енди, түс!—деп буйырды.—Өлимсирей бермей жүр, журт күлер!

Қызды дүканға ертип кирди. Әлле қашшан кейўаны жасына жетсе де еле турмысқа шыға алмаған, қыз күниндеги шырайын жаздырмаўға жанталасып, косметиканың ең қымбат, ең жаңаларын қоймай, бетине баяғы Әширепиниң сүўретин салып, сол баяғы сулыўлығына жатып-жабысып жүрген нашардың бул киси басқа биреў менен келгенде ҳәр қашан жүреги бир «жызз» ететуғын, соннан буларды салландырып жиберип болып, кешке шекем қызғаныш отында өртенип, не қылып, не қойғанын, не саўда еткенин билмей жүретуғын еди, «Ура берсең қудай да өледи» дегендей, бир емес, еки-үш-төрт-бес емес, күнде көрип, күнде көрип, күнде қызғана берсең қызғаныш-ҳәм, өзиң-ҳәм өледи екенсең. Әширепиниң қызғанышы өлсе де еле өзи өлмей жүр, өлмегени менен базар жайда алма сатыўға келип, үйинде узақ түнейтуғын мурыны орақтай түрк ғаррының түни менен аймалайтуғыны да Әширепиниң өзи емес, жансыз сезимсиз қуры сүлдери...«Өмиримди Әмирхан хазан урғызбағанда институттың Қонысбайына, я Абыллаға тийип алатуғын едим , екеўи де мине деген азамат болды! Тап енди биреўди ертип келсе: «мени усы ширкин қуртты, жетегине ерсеңиз, мендей болып байсыз қаласыз, мендей болып қурыйсыз!» деп, ең болмаса қулағына сыбылайын-шы,..» деп пәтленгени қашшан! Оннан бери де Әмирхан талай қызды әкелип, усы Әширепиниң өзине жасандырып алып кетти, лийкин, Әширепи ҳеш қайсысына да «иллә!» деп аўыз аша алмай қала берди, не бәлеси бар екенин өзи де билмейди, есиктен Әмирхан көриниўден тили таңлайына тығыла ма, я лал болып қала ма, ҳеш нәрсе айта алмай буйрығын бежериў менен бола береди. Олар атланып кеткен соң: «қап, енди бир келип көрсин, айтпасам Әширепи атым қурысын!» деп кеп пәтленеди, оннан бери де талай келди, еле Әширепи аты қурыған жоқ ғой! Қурығанда прилавканы сабалап, «Әширепи!» деп шақыра ма Әмирхан?! Усы даўысты еситти ме, демек, Әширепиниң еле тири болғаны склад жақтан түрин сурландырып болса да шықты ғой әйтеўир, өз аяғы менен шықты, өлип, «Әширепи» аты қурығанда Әширепи өз аяғынан шыға ала ма! Әмирханның: «Тап, француз қызларына меңзетип

бересең, қуўыршақтай жасандырасаң!» деген буйрығы менен Турсынды ишкериге өзи ертип кете ме, өзи ертип кетти ғой, демек, Әширепи еле тири! Бир айтса, бүгин айтар!..

Әмирхан дүканның есигин иштен илди ҳәм еки жағы жазыўлы қаңылтырдың «закрыто» деген жағын аўдарып қойды. Ол усы қаңылтырды қай жылдан баслап ҳәм неше мәртебе аўдарып қойғанын еслей алмайды, әдепки жылларында складтың төрине бир өзин жиберип, есикти өзи жаўып, өзи қаңылтырды аўдарып барып жүрди, сондайда сырттан хан келсе де сабалап-сабалап қайта береди. Соң-соң өзи бунда қалып, ҳәзиргисиндей қаңылтырды төңкере сала прилавкадан ары өтип, текшелердеги затларды усталық нәзер менен бирим-бирим көзден өткерип жүретуғын болды, солардың қайсы бири ядта қала береди дейсең, көп ғой ақыры, жасандырып кеткен қызлары көп! Ҳәр қайсысында бир сааттан кем күткен ўақты жоқ, кийим таңлатады, бояндырады, әкелген нашарының өзи бояна алмаса «Сулыўлық салонындағылардың» кәлегенин жырып жиберетуғын Әширепи сулыўландырып шығарады, әлбетте, бунық бәрине ўақыт керек, Әширепи болса бул сапары да бурынғыларындай дым асықпады, шала-шарпы жасандырса «шефының» «Исинди жөнлеп бежерсеш!» деп, складқа қайта қуўған күнлери де аз емес ғой, соны биле тура Әширепи қалай асықсын, асықпаса қәйтип тез шықсын! Әмирхан саатына қайта-қайта қарай ма, қарай берсин, оған ўақыт емес, сулыў керек, түбинде сулыў апарып берсе болғаны емес пе! Ал, Әширепи болса «баааяғылары» өзиниң он жети жасында усы дүканға Әмирханның өзин машинаға «салып» келгенин, сонда дүканшы жаўан Оразгүлдиң сурланып турып, жүзин қалай боярғайларын ҳәўес пенен еслеп турып, көз алдына елеслетип турып, Турсынның косметика тиймеген қара торы жүзин гүл-гүл жанған қызыл шырайға дөндиреди. «Туўған сайын ашылатуғын нашар екенсең, ерге шықсаң деген жайнап-жаснап сала бересең, ҳәмме сени «меники болса екен!» дегендей келиншек боласаң!» дейди, дирилдек даўысы менен: «Байсыз қатын шөлдеги гүлдей кем-кемнен сола береди, нашарды жасартатуғын дәрини қудайтала еркектиң белине байлап жиберген!..» дегенинде шыны

менен-ақ таңланған Турсын сағыйраға тэн садалық пенен:

— Шийшеге салып байлаған ба?! — деп сорайды. Мынаның шылғый дени дурыслығына гүман менен қарайды да:

— Ҳаўўа, — деп күледи Әширепи. — Бақлажанды билемисиң?

— Бизиң атызда да бар.

— Әне, үлкенлиги тап сондай шийшеге салып, Әмирхан ағаның да белине байлап жиберген аллатала! Сулыў қыз болғың келсе сорасеш бир қасық! — Сын нәзери менен айнаға қарады Әширепи, қыздың қуўаныштан жүзи жадырап:

— Сорасам бере ме?! Я апама соратайын ба?! — дейди. Әне сонда барып, бул қыздың дени шылғый саў емеслигин билди Әширепи.

Соң ҳәр кийимди бир кийгизип көрсетти, «жараса ма?» дейди де: «жақ, бул жараспайды,» деп, бириншисинен екиншисине өте береди, қызға бәри де унап атыр, сонда да «жақ, жақ» деп өзгертеди.

Бир сааттан-ҳәм аслам ўақытты өткерип, қызды ертип шыққанында Әмирхан Турсынды түк танымай қалды, лийкин, буған таңланған жоқ, таңланбағаны, тап, усындай адам танығысыз дәрежеде жасандырып шығатуның билетуғын еди-дә, ҳәр сапары усындай, Әширепиниң өзи де бул складтан тап усындай болып шыққан, сонда Әширепини Оразгүл апасы тап усы пишимде кийиндирген, жасандырған. Сонша әкелген қызларының биреўине де бул өзиниң баяғы жасанып шыққан форма-фасонын бермеп еди, бүгин әдейи сөйтти, «Мейли, мени усы кәраға дәслепки әкелген күнин еслесин,» деген әрман бар еди Әширепиде, еследи ме, еслемеди ме, оны Әмирханның сүйсингенде жайнап сала беретуғын көзлеринен серлей алмай қалды. Олар машинаға минип, жылысып кеткен соң да «еследи ме, еслемеди ме, еслесе тәўир болар еди,» дей берди өзине өзи. Ақыры, өзинен өзи қорланып, өзинен өзи исинди, тулланды. Дүканды жаўып таслап, «закрытоны» тағы көшеге қаратты, бир нәрсеси умыт қалғандай тез-тез жүрип складқа кирди де, тап сол баяғыда — он жети жасында сондағы нәм-нәҳан адам — Әмирханға үркек тайдай қолы тийсе дирилдеп, өз өримин өзи шәйнап, аманатын тапсырған жердеги үйилип атырған пахталы қара гүпилердиң үстине бойын тасла-

ды да дүс-төменине түсип, еңкилдеп жылады, еңиреп жылады, солқылдап жылай берди, жылай берди. Бул не, туңғыш муҳаббети, ең соңғы үмити менен мәңги хошласыў ма, әлле бир қазыққа байланыўы менен сирә бир аяқ жазбастан қартайған қақсал байталдың диң-диң ойнаған тай ғунандай гезин сағынғандағы, жоқлағандағы оқыраныўы ма, буны анық өзи де билмейди, көптен бери бүйтип жылап көрген жоқ еди, қызғанып көрген жоқ еди, Әмирханнан еле де суўыспағанын, суўысыўы мүмкин емес екенлигин, үмитин еле де үзе алмай, еле артына қарағышлап жүргенин анық бүгин билди-аў сирә.

Жылай ма, қоя ма, Әмирханға бәри бир, ҳаял деген жилўа ушын, наз ушын, күлиў ушын, күтиў ушын алланың ерлерге берген жарасығы, жыламаса ол ҳаял бола ма, жыласын! Ҳаял деген бул, Әмирхан ушын минип шаўатуғын жорға, жорғасынан жаңылды ма, жүриси дийдинен шықпады ма қартайсын, қартаймасын, бәри бир, Әмирхандай бардамлылар сол ғарры атты мине ме, минбейди, сайлап минеди, оның ушын бунда темир тақымлы тегеўрин де, теңге де бар, соның ушын аты унаса болды, тақымы бос ийелерин темир тақымлар аўдарып урып, атын минип кете береди, буған өкпелейтуғын, жылайтуғын дымы жоқ, Әмирханға ҳаял жылатқаннан ләззетли нәрсе бар ма! Сонлықтан да артына қарамастан, сирә ҳеш кимди аямастан «Волга» сын айдайды да, туппа-туўры рес- больницаға келеди.

— Түс! — тағы да буйрық, тағы да ертиў. Бул сапары «травматология бөлиминиң баслығы» деген жазыўлы қапыға кирди. Ески досы менен питегене ғана сыбырласты: «Бир товар алып келдим, таяқ жеген өзи! Анықлап бер, мийи шайылған ба, шайылмаған ба, дени саў ма, ҳәрекетленген бе? Анық мийи қозғалса, емлерсең,» деп, көзин қысты, бул да Әмирханның өзи қусаған қоразлардан ғой, ҳәр ким өзине усаған адам менен дос-яран болады-дә, Әмирханның көз қысыўынан-ақ гәпке түсинди. Түсингени сол, бул да көзин қысты:

— «Жолдасың қыйсық болса бир көзиңди қысып сөйле» деген ақыры! — деп кеңкилдеп күлди. — Шақыр қәне, неше пуллық таўар екен, көрейик, — деўи мәтдал, Әмирхан есикти қулашлап ашып, сыртта тур-

ған Турсынға «кир» ишаратын басын ийзеп билдирди.

Доктор Әмирханның көзинше-ақ олай көрди, булай көрди. Соң қыздан шығып турыўды өтинди. Қыз шыққан соң:

— Бир қатты шоршынған, травмадан аман, — деди. — Жақсылап уйықласа, демниң арасында тәўир болып кетеди. Енди буны қайда апарасаң, бир өзи ме, я қасында биреўи бар ма?

— Бир өзи, — деп шығып кетип еди, тағы кирди. — Ал, енди, жора, бизге «Ханның қызынан» номай етип бер, қумардан бир шығайын!

— Анаў күнгиңди демде түўескениң бе?!

— Ўәй, күнде ишилип турған соң бәле түте ме!!

Доктор шийшели шкафтан бир пакет алып услатты да:

— Пай-пай, ийт несибелисең-аў! — деп, жаўылып атырған қапының изинен қарап қалды. Ишинен: «усы қарақаның болғырдың-ақ жолы болады да жүре ме!» деп таңланды.

Турсын көпирден өтип баратырғанында өзиниң Тақыятасқа киятырғанын абайлады.

— Жақ, мен жинлиханаға бармайма-ан! Жинлиханадағылар Мәўлен ағаны өлтирип қойды-ы, бармайма-ан!

— Тыныш отыр, мен сени жинлиханаға апаратырғаным жоқ! ..

Буйрықтың қатаң шыққаны соншелли, қыз жымжырт бола қойды.

Оны Хийўа дәрўазалы нәҳән бир жайдың алдына әкелип түсирди. Кнопканы басты. Иштен ғаздың ғаңқылдағанына қусаған: «Ҳәзир, ҳәзиррр!» деген даўыс шықты ҳәм берман жүрип киятырған шүўектиң салпылдысы еситилди. Иштен жасы елиўлерден асса да сулыўлығын еле жойта қоймаған, узын бойлы, ақ қубадан келген, шашлары мейиздей қап-қара, ләплери жуп-жуқа бир кейўаны шықты.

— Қалайсаң, Кеңесгүл! — Әмирхан оның шүртийтип усынған ләбинен сүймей жарқыраған айдай пешанасынан сүйди де ишке алып кирип кетти. Дәрўазаның сыртында қалып қойған қызға:

— Неғып турсаң, келе берсеш! — деп буйырды дәрўазаның ашық қапысына шала бурылып.

Бул да қәдимги «Жаслықта берген кеўил, басыңа бәле болар!» деген қосықты арақ ишсе айта беретуғын Кеңесгүл ғой! Дым бала көтермеўине байланыслы күйеўинен әлле қашшан ажырасқан, жасының барып қалыўына байланыслы Жеткергени де шеп көрген, сөйтип «отставкаға» шығарып жиберген, дүканынан көп ақша кемис шығып, үстинен ис қозғалайын деп атырған жеринен жылап-еңиреп, Әмирханға келген де: «Өмириңше есигиңди сыпырып өтиўге қайылман, мени тек усы сапары аман алып қал!» деп, аяғына жығылып жылаған сол Кеңесгүл-дә! Әмирханға да «Жаслықта берген кеўили, басына бәле болып,» аяды ма, я басқа есабы бармеди, жетпесин толтырып, исти жаптырды. Ҳаялдың бурыннан жыйнап жүрген бираз пулы бар екен, соған шамалы қосты да, усы Хийўа дәрўазалы «хан сарайын» сатып әперип, Тақыятасқа көширди. Складқа орналастырды. Өзин ала Жолдасбай деген, жинли емес, әўмер болып туўылған, елеге шекем бир де үйленбеген, кейисең ыржыйып күлип, қатты кейисең ўаҳаҳалайтуғын, аўқаттан басқа күтиги жоқ, еркекликтен де қуры алақан бир жас жигит әмекисин ертип әкелип, қолына киргизди де басын байлады. Не қылсын Әмирхан, «жаслықта кеўил бергени ғой», сонша жыл минип-минип, қартайғанда ер-тоқымын алып, сабап-сабап қуўып жиберетуғын лолының ешеги емес, адам ғой! Адам болғанда қандай, «жаслықта кеўил бергени,» жаслықта болғанда да Әмирханның өзиниң жаслығында емес, Кеңесгүл жас ўақытта бул кеўил берген. Енди сол Жолдасбай базар жайда сипсекеш, үйден кирип-шығады, кәсиби сол болған соң үйдиң дөгерегин сыпырады, ҳәжетханаларды тазалайды. Қулласы, бул үйге нашар менен келип басын суғатуғын үш адам: Әмирхан, прокурор, складтың баслығы, соннан басқаларға бул үй қуўыш, сол үш адам бул үйди мудамы ең таптырмайтуғын азық-түлик, қойдан түйе таўыққа, шәйтан таўыққа шекем, қара икра, кофе, коньяктиң неше түри, қулласы, бәри-бәри қалеген ўағында тайын, Жолдасбайға усылардан тойғанынша ишип-жеп, бай қатынның үйинен кирип шықса болды-дә! Оннан артық не керек, қойға қуйрық уятын жабыў ушын лазым ба, лазым! Бунық да үйлениўге, сирәда үйленди ғой, ырaслап үйлениўге уқыбының жоқлығын да усы есик-

тен кирип-шыққаны, Кеңесгүл менен ЗАГС тен өткенин жасырып жүр, соның өзи жеткиликли емес пе, не керек буннан артық!

Жолдас еле базар жайынан келмеген екен. Ишкерилеўден дәрриў Қараназаровқа жиберип алмақшы, усы қыздың дени саў ма, я ырас-ақ жинли ме, Қараназаровтан соны билмекши еди, қапылып, Жолдастың жоқлығын айт! Телефоннан шырпынып отырып, ақыры үйинен тапты да:

— Хәй, Ақназар, Әмирхан ағаңман ғой, бир товар әкелип едим, көрип кет,.. тез, те-ез, он минут ғана ўақтым бар! — деп, трубканы басты.

Турсынның алдына шай қойылып атырғанда Қараназаров кирип келди. Турсын аңаў сапарғы жинлихананың «баслығын» таныған да сол, үркип ушажақ кептердей бир көтерилип, зорға дегенде өзин басты.

— Мынаў бир, ағайинниң қызы еди, көрип бер иним, асығыспан, — деп шырпынды Әмирхан. Қараназаров қыздан аты-жөнин, туўылған жылын, ата-анасын, анаў-мынаў сорады да:

— Ақылы пүп-пүтин-ғоо аға, — деди. Қыз қуўаныпсала берди. — Несин әкелип отырсыз бунын?..

— Сонда да сен анаў дәриңнен берсеш, анаў дәриңнен!..

Қай дәриден сорап турғанын Қараназаров түсинди, Әмирханға «анаў дәриден» таўып берип жүргени усы ма, талай таўып берген, бир-еки сапар жинлиханаға жаңадан келип атырған хәмшийра қызлар менен бирге келип, «анаў дәрини» Әмирхан менен бирге ишкени де бар, дурыс, ол бул үйде емес, Зоя Космедемянская көшесинде.

— Ўай-бай аға-аў, жаңа айтпайсыз ба соны! — Қараназаров өкиниш билдирген болып атыр. — Жаңа ала шығатуғын едим!..

— Шынын айтайын, қызды кеше өзиңдей бир карэтист қыз урған! Түни менен шоршынып уйқыламай, бай-байлап шыққан, үйи бәле көринип, сыртқа қаша береди!..

Доктор «хәә, солай ма?» деп, қайтадан көрди. Бул да соны айтты:

— Жақсылап үш-төрт күн тырп етпестен уйықлаўы керек!..

— Онда сен үш күн уйықлататуғын анаў дәринди

бер, мейли, қасында өзим-ақ боларман-дә енди, не қыламыз, — деп «қыйналды» Әмирхан ҳәм докторға ере шықты да:

— Сен «усы жерден тапжылма, үш күнге шекем *өзим көрип кетип тураман*» демесең, ҳәзир бул да: «деним саў болса мен де қайта берейин» дейди ғой! Звонокты да басайын демейсең, ойласпастан кире қойдың-аў, ғөшшым! Мийнетти күйдирмесең болғаны-ғоо!!!

— Жо-ғәә, ғам жеме оятынан! — деп, ишкериге қайта сүңгиген Қараназаров: — Оятын бекиштирдим, үш күнге шекем «жүр» десең де қайтпайды, инанбасаңыз айтып көриң, — деди өзине исеним менен күлип.

— Доктордың *айтқанын қыл*, — деди Турсынды қасына шақырып Әмирхан доктордың көзинше. — Басында питегене шикәс бар екен, жинли болып кетиў қәўпиң де жоқ емес, соны маған мынаў жигит сени қорқытпаў ушын сыртқа шығарып айтып тур. Өзим қасында боламан, бир жаққа ылағып кетпе! Мен үйиңе хабар берип қайтайын, қорқып отырар! Яқшы ма, Кеңесгүл апаңның *айтқанын қыл*, «шомыл» десе шомыл, яқшы ма? Үш күн емленеди екенсең, яқшы ма?!

— Яқшы.

Дәрўазаның сыртына шыққан соң тағы сорады Әмирхан.

— Жинли емес. ярым еслеў-дә, мийи кеш рәўажланған! Ҳеш гәп, бундайларды көрип жүрмиз-ғо, өзиңиздей ақыллы адам *тапса* тез сабақ алып, бәри нормалласып кетеди!..

*«Жигули» ди жибере берип, Әмирхан Нөкиске* тартты.

— Қудай сақлап қалған екен! — деп қапылтты Нәзигүлге. — Бүгин апармағанда қолдан кеткен екен қыз! Барыўдан жатқарды, үш күнге шекем қыбырлаўға, қыйналыўға болмайды!..

— Өйппе-ей, өзиң яр болагөр жаратқан Жаббарым! Қайда жатқардыңыз, барып көриўге *бола ма?!*

— «Үш күнге шекем қыз уйықлайды, соған шекем ҳеш ким тынышын алмасын», деп жиберди ғой, барсаңыз еңбекти бир пул етесиздағы! Өзи де бир шурт минез адам еди, «әкет қызыңды!» десе не дейсең, мен ғой жалынып-жалпайып, зорға жатқардым, қасына өзлериңиз қатарлы бир ҳәмшийра нашарды отырғы-

зып кеттим. Ийттиң үргени, пышықтың мияўлағаны, шыбынның ызыңына шекем еситпеўи керек екен, енди сизлер барып мыңғырлайжақсыз, я!

— Ондай болса бармай-ақ қояйық-аў, түбинде тәўир болса болды!

— Оның ушын доктордың айтқанынан шықпаў керек.

— Шықпай-ақ қояйық-аў, шықпай-ақ қояйы-ық!— Ҳаял жылады.

Сол күни буларға көзаба ушын-ақ үй бетинде жөтелгиси келмесе де жөтелип, «ҳәй-пәй!» леп, сес шығарып жүрди Әмирхан. Жәлимбет бақыраўықтың қырқынан шығып, қызының хабарын еситиўден Нурлепестиң дәлбиреклеп бир келиси барын билди. Бирақ ғарры ол ойлағаннан кешлеў, Жердаш екеўи жеңилжелпи аўқат пенен коньяк ишип отырғанда келди.

Асықпай-албырамай отырып, Нурлепестиң жүрегин жарып үйине қайтарды. Енди булардың үйинен шықпайтуғыны Әмирханға мәлим. Тезлеў кетиў ойы менен отырған соң «Волганы» ишке киргизе ме, Жердаш кетиўден есикке қулыпты урды да «Тақыятас, қайдасаң?» деп, ҳаңлап отырды.

Бул сапары да есикти Кеңесгүл ашты. «Соған қарағанда еле Жолдас келмеген бе?!» деп таңланып еди, машинаны дәрўазадан ишкерилетип, иштен илип атырғанда:

— Бундай шыбық тиймеген жабайыны қайдан таптың? — деп сыбырлады Кеңесгүл. — Сирә «ванна» дегенди көрмеген-ә, кир дегени болар емес, көпке шекем сирә көбик ағарған жоқ...

— Тазаласаң болыпты-дә...

— Енди қалеген жериңнен сорый бер, — ҳаял мәжбүрий күлди.

Трусийи жыртық екен, сатпақ-сатпақ, — дегенди де қосып қойды. Әмирхан едирейип қарады да нықыртты:

— Ақылсыз нашар-аў, бәри бир, мени оннан тиксиндире алмайсаң! Мениң менен биринши ақшамыңды еслейсең бе, өзиңниң иш кийимиң қандай еди?!

Сөйдеди де ишке кирип кетти. Қараса Жолдас көпшикти жастанған, еки турпайы адам, бурын көрмеген тағамларынан дийханый иштей менен сыпайылыққа тән емес аўхатланыў усылларында өрли-ғурлы

«отлап» отыр, Турсын адам киргенин де сезер емес, шағауық турып, ғоза дегенлерди тиси менен ғаршыллдатып шағады, жүзиниң шып-шып терин де сүртиў ойында жоқ, кешеден берги иштейсизлик те әбден жынтығын қурытып тасласа керек. Бул көринислердиң ҳеш қайсысы Әмирханды қызықтырған, дыққатын тартқан жоқ, Жолдасқа оқыйып бир қарады да, иштеги жайдың ишиндеги қызыл ғыжым есикке кирди ҳәм аздан соң генераллардикиндей лампасы енли, көк жүн спорт костюмын кийип шықты. «Бул киси өз үйине де өзгениң үйлерине де усындай-усындай костюм алып қоя берген бе, я мынаны үйинен алып келип кийди ме», — ол жағын елестиретуғын да ойлайтуғын да Турсын емес, билетуғыны тек «Әмирхан ағам үйге барып қайтты», тамам, Жолдастың да ақыл шамасы усыннан аспайды, соның ушын-әм «абыйға бабый, бүргелиге сиркели» лер, бирине бири түсинисип, шүңкилдесип, бириниң дийдинен бири шығып отыр еди, Әмирхан келди де шырыс бузылды. Ҳеш тартынбастан:

— Қәне, Жөке, — деди отағасысы. — Отлап болсаң орыныңды тап!

Қайқайды, сирә не ушын бүйдеп атыр, буны Жолдас та, қыз да ойлап аўара болған жоқ, ҳәммеси нызамлыдай, тап усылай болыўы керектей, Әмирхан төрге шығып, ғыжым көпшикти баўырына тартты. Кеңесгүл дәстүрханды қайтадан жаңалады ҳәм «Сорағаның мынаў еди ғой», деп сырлы бағыс пенен бағып, қуўрап қалған ишектей аппақ, собықтай бир нәрсени усынды Әмирханға.

— Буннан еле сенде бар екен ғой! — Әмирхан устап атырып таңланды. — Раҳымет, бизге үлкен жигер бағыш еттиң! Жатарда сорып жатсамбекен?

— Ҳәзир жесеш, жатарға шекем сиңсин.

— Онда Турсынға да бир шуқым берейин, — деп, пышақ пенен қыйқалап отырып, таспадай қатып қалған гөштиң собығынан үштен бирин зорға қыйып алды да қызға берди: — Мә, жеп жибер, аўхатыңды сиңиреди!

— Колбасаның дәминдей екен, — қыз тамсанып сөйледи. — Оннан дузы өткинлеў. Буны қалай жейди адам, ағаштай ғой?

— Тамсана бересең, өзи ақыры жибийди. Азғана уўылдырығым бар, прокурордан қалған, әкелейин бе?!

— Соны да сораймекен, «сорап бергенше урып бер!»

Қеңесгүл кишкене бир ләккиге салып, қара тарыдай, лийкин иркилдеген нәрсени Әмирханның алдына қойды ҳәм лийкинли:

— Сени баға берейик, бизге де шық тамармекен, — деп күлди.

Мына дәстүрхандағылар, мынаў ишип-жеўлер, булардың ҳеш қайсысы Әмирханды қызықтырмайды, оның ушын буның бәри күнде көрип жүрген дағдылы бир аўқатланыў.

Мен қатты шаршадым, жатсам ба деп турман...

Мынаўдан, — Қеңесгүл төрт қырлы, бурандалы шийшеден коньяк қуйып атты.—Бир-бирден дүгистирейик, басқа нәрсе дүгистирмесек те! Бул әри йош, әри жигер береди, бир бийәрман йошсын деп атырманда!...

Аўўа, раҳымет, ғоншым, мениң бабымды өзиң билсең ғой, қәне, дүгистирсек дүгистирейик... Жақжақ, бул сиңлиң ишпейди, қуйма!

Дүгистирди. Ишти. Қеңесгүл керилип-созылып орынынан турды.

— Жүдә уйқысырап баратырған болсаң төсегиңди салайын онда.

Қеңесгүл өзлери аўқатланып отырған өжирениң төрги өжиресине кирип кетти. Бул ўақытта ишерин ишип, жерин жеп Турсын қашшан бәсип отырған. Гүрсиниң арқалығына кийгизилген пиджагин нусқап: «Ананың қалтасында бир дәри бар, — деди Әмирхан, аяқ ушында отырған Турсынға, жаңа түскен келиншегин жумсағандай. — Соны әперип жибериш, саған ишкизейин, түни менен сылт етпестен уйықлайсаң. Сениң көп уйықлаўың керек, доктор сөйдеди.»

Қыз қопаллық пенен орнынан турып, қойын қалтадағы бир пакет дәрини әкелип, Әмирханның алдына қойды да орнына барып, етегин желпиндирип, жалп етип отырды.

Мынаны тилиңниң үстине саласаң, — Бир порошогин усынды. — Сөйтесең де үстине мынаў минералли суўдан айдап жибересең!

Бул не деген дәри? — Қыз орамды ашып, жоқары сортлы ақ ундай майда унтаққа ақылдың нышанпы билинбейтуғын биймәни көзлерин тигип сорады.

*Мен дым дәри ишпейтуғын едим, не өзи бул?*

— Бул, «Ханның қызы» деген дәри. Буны бурынлары ханның қызлары ишкен. Ҳәзир министрлердиң, райкомлардың қызлары ишеди...

— Қымбат па?!

— Жүдә қымбат! Мынаў пакеттегиниң өзи бир басбақлы сыйыр!

— Көп шығынға қалыпсыз-аў, Әмирхан аға, өзимақ уйықлайман-аў! Бир сыйыр берип не қыласыз, мә, апарып бериң!

— Жа-аақ, мен буны сыйыр берип алғаным жоқ, маған мутқа берди, тек мен қунын айтып атырман.

— Онда буны мен ишпей-ақ қояйын, Айбөрек кишеме апарып саттыраман да, бир сыйырының пулын өзим аламан...

— Пулды не қыласаң?

— Апама таза геўиш-мәси, ағама малақай, Сазтурғанға кәстон, үйге гүлли таўар алып, дийўалға қағаман. Оннан да аўыса берсе Мәнигүл кишеме сырға апарып беремен...

— Қой гәпти қой! Ишип жибер, доктор ишсин деди!..

Қыз соншелли қымбат дәрини өзинен қызғанып отырып, ишип жиберди. Енди тез жатыўы керек еди. Дәстүрханға пәтия да етпеди. Қызды қыстастырды:

— Енди жигирма минуттың ишинде барып жатпасаң, шатақ!..

— Не қылады?! — Қыз ҳаўлықты. — Аўызым қыйсайып кете ме?!

— Ондай болыўы да мүмкин, — Әмирхан жымыйып күлди. — Қайда жатпақшысаң?

— Кеңесгүл апам менен-дә!

— Ол өзиниң кисиси менен жатады, уялмайсаң ба сен, қыз баласаң?!

— Онда бир өзим қорқаман-ғоо! Сизлер Жолдас аға екеўиңиз жатың-дә!

— Жолдас қылмайды, айттым. «Онда шығың үйден!» деп атыр. Сен жерде жатасаң, мен кәтте жатаман...

— Уяламан-ғоо!!!

— Мен атаңдай адамман, меннен несине уяласаң?! Уялсаң арман қарап-ақ жатайын! Бол-бол-бол, кир мына ишке!!

Қыз бул асықтырғанға албырап-ақ кетип баратыр-

ған поездың изинен жуўыражақтай орынынан шаппып турып, төрги жайға кирип кетти. Әмирханның бала жигит ўақтынан кейин-ақ бундай ислерде лүпилдемеген жүреги тап усы сапары лүпилдеп, парасаты қашты. Ишке — Турсынның үстине кирип еди, ол шыраны да өширместен, сыртқы кийимлерин де шешпестен, үстине аққа капланған одеялоны жамылмастан айнаның аўзында томпайып жатып қалыпты, көзи бақаншақтай бақырайып атыр.

Әмирхан асықпастан сыртқы кийимлерин шешип, трусишең өжирениң ишинде бир нәрсе излегендей былай-былай жүрди. Соң нағыслы диййўалдағы «Лалагүл» шырағын жақты да, көп лампочкалы хрусталь қәндилдеги жақтыны сөндирди. Жайдың ишин «Лалагүлдиң» болар-болмас сағымы атып киятырған таңның сағымындай қызғыш дөндирип жиберди, Турсынның жаслығы барқ урған жүзи де көрген көздиң ҳәўесин тартқандай дәрежеде қырмызы дөнип атты. «Қыздың қумарын оятайын» деген үмит бар, диван кәттиң үстине созылған Әмирхан да үстине ҳеш нәрсе жамылмағанлықтан шынында да қызға қызық көринип атыр.

— Турсы-ын! Уйықладың ба? — Сынық даўыс пенен сорады уйықламағанын сезе тура.

— Жа-ақ, қайта уйқым ашылып кетти!!!

— Онда барып... — Өзиниң демине өзи түйилгендей — тағы бир порошок ишип қайт! Бай-бааай, анық ҳәрекетленген қусайсаң-аў! — деп қапылтты. — Бар, бар деймен!..

Қыз тағы бир порошок ишип келип жатты, әллен ўақыттан кейин сынық даўыс тағы сорады:

— Турсы-ын, уйықламадың ба еле-еее?!

— Жа-ақ, қайта уйқым ашылып кетти.

— Нени ҳәўес етип атырсаң?!

— Хеш нәрсени!..—деди қыз бир нәрсени ҳәўес етип атырса да айтыўға тартынғандай даўыс ырғағында. Тақаты түўесилген Әмирхан өзи жатқан диван-кәттиң тусындағы гилемди мушлап атып сөйленди:

— Ҳәзир ҳәўес ететуғын боласаң! — Даўысында ашыў аралас дирилди.

Кеңесгүл келди де шыраны жағып, қандилди қубылдырып жиберди, «Лалагүл» шырағының жақтысы ҳәтте жанып турғаны да билинбей қалды. Ҳаял қар

комбинашкадан аппақ сүтирең денесин жалтырата бүйирин таяныл турып:

— Не болып қалды?! — деп сорады. — Аманлық па?!

— Аманлық емес, мына сиңлиңе дәри де тәсир етпей атыр, тәсир етиўине көмеклес!..

— Сөйтер деп едим-аў, анаў сапарғыдай етип көмеклесейин бе?

— Өзиң билесең ғой! Несин сорап турсаң, бол-бол...

— Яқшы, яқшы, жаның шыға бермесин, қалтырап атырсаң ғой, — деди ҳаял жағымлы бир наз бенен ҳәм Турсынға таңланды:

— Бай-бууў, қалай уйықлай аласаң, сиңлим. Тур, тур, дәриңниң мийнетин күйдирме! Шеш үстиңдегилерди, қасыңда өзим жатаман. Сен арман қарап жат, ҳәй! — деп буйырды Әмирханға. — Нәм-нәҳән кисисең, дым уялмайсаң-әй! Әне, арман қарап жатты, ағаң қарамайды, уялмай-ақ қой, сиңлим! Усындай боларын билип, төсегиңди еки адамлық етип салып едимаў өзим де! — деп, жуўҳалана сөйленип жүрип, қыздың плавкасынан басқасының бәрин өзи шешиндирди де, қандилди өширип, қапталына созылды. Қыздың үстин жапса да өзиниң үстин жаппай, Әмирханға «мени көрдиң бе?» дегендей көзлерин сүзип, қара комбинашкадан жаңарақтағы аппақ бедени алтын қызғыш дөнип атты. Бул, әлбетте, тақаты, уяты да түўесилип атырған Әмирханға тәсир етпей қалған жоқ, тоңған адамдай қалтырап келип, еки нашардың ортасына суғылды, әдебинде өзине тийип кеткен ер адамның денесинен шоршынды Турсын, қандайдур да бир ҳарам тәҳәреттиң шашыраўынан қашқандай арман қаймығып, ысырылыңқырап жатты. Қасындағы екеўи буны «адам ба, ийт пе!» деп те елестирместен, шорпылдасып сүйисип атқанда әдебинде өзинен өзи уялып, тығыларға тесик таппағандай бир ҳалатты сезсе де олар пысынаса баслағанда қандайдур да бир қумарлық, арзыўҳәўеслик мийиндеги бар санасынан, устамлығынан үстем шығып, ғайры-тәбийғый бир ҳалатта өзинен өзи жутынып, өзинен өзи ентигип, сол жупласып атырған еки бендеге өзиниң-ҳәм епкинге үйирилген пәрдей тартылып баратырғанын өзи де сезбей қалды, есаўанлығынан ба, шыдамсызлығынан ба, оны да билмейди, билиў ушын ойлап көриў керек ғой, бул қыз ойлап та

көрген жоқ, бүккесине түсип, көterилип басылып атырған Әмирханның арқасын алақаны менен сыйпалап атты. Арқасына алақан тийиўден Әмирхан аўнап түсти де:

— Саған урықсат, — деди Кеңесгүлге. — Қызға жаңа тәсир етти!..

Кеңесгүл ашыў менен алампурхан болып орнынан турды да қапыны тартып урып жаўып кетти, қарап кеткен жоқ, «Сен адам емессең, Әмирхан!» деп, тоңқылданып кетти.

Орнына барып азғана жатты ма — жатпады ма, Турсынның:

— Ўай-ўай, өлди-им, Кеңес... Ке.. ке... апа-аа! — деген жәп-жаман, тарғылланған даўысы барқырап еситилип атты. Лийкин, оған итибар берген Кеңесгүл жоқ, ол шырасын да өширместен талай-талай уўмажақланып қалса да еле теп-тегис, тып-тынық денесин қара комбинажкадан жалтыратып отырар едидағы, лийкин, оған қыйсайып қарарлық жан жоқ еди, ләттепәм, қатинек Жолдасы болса күнниң салқынлығына қарамастан сырттағы сыпада қурылдыны урып атыр, енди ол қар бир жаўғанша гөне-көксини жамылып, сыртта жата береди... Анаў шынжырланған ийт екеўи шарбақтың ишиндеги төрт қара тоқлыны қорып атады, сөйтпесе ҳәзир уры-ғар көп, кооперативши кәбапшылар қой таппаса ийттиң гөшине шекем писирип сата береди емиш, Жолдастың өзи жеп көрген, соның ушын-ҳәм қорыйды-дә қойларын!...

Азанда жуўынып-артынды, қырынды, шай-пайға да қарамады, «кеўилине тийсең оңдырмайман!» — Кеңесгүлге усыны ескертти, сөйтти де Әмирхан күн менен бирге дәрўазадан машинасын шығарып кетти.

Шайды Жолдасы менен бирге отырып иштн, иштеги нашар шықпады. «Па-ай, уятсыз екен-аў өзи!» деди Жолдасына. Жолдасы нени, кимди айтып отырғанын да түсинген жоқ, еки қолының сұқ саўсағы менен танаўының еки жағын сыйпап, «ҳаялына» бақырайды, бақырайды да үнсиз күлди, оның ип-ири тислери ырылдаған ийттиң тисиндей жәп-жаман туйылғанлығы соншелли, «көп отырсам зығырданым қайнап кетер», деди де Кеңесгүл складына турып кетти.

Түсликке үйине келсе төрдеги нашар еле шықпағанын айтты Жолдасы.

— Тири ме өзи?!

— Тири-ғоо! — Ыржыйып күлди. — Соннан-әм ҳаял өле ме екен!

Кеңесгүл үндемеди, үндемегени — жақпағаны. Ҳиндлердиң сөк шайын демледи, қаймақ қатты, дым үнсиз жүрип, колбаса қууырды. Жолдасқа есиктиң ауызларын сипселеп таслауды, туфлийин сыпырып қойыуды буйырып сыртқа шығарып жиберди де, түслениуге отырды. Усы гезде уўқаланып қалған қағаздай болып, есиктен Турсын шықты. Қолтығында қан-қан простыня.

— Оны не қылажақсаң?!

— Жууып жаяжақпан...

— Керек емес, тандырға апарып, өртеп жибер!..

— Жуусам кетеди...

— «Керек емес» дедим ғой, ҳаў шырағым, гәпке түсинемисең, өзимниң ҳарамым аз емес!..

Кеште ғайры-тәбийғый бир қызық ҳалатта Турсын жолға қарап, Әмирханды күте баслады. «Келемен, ҳеш жаққа шығынып кетпе,» деген.

Әмирхан елди жатқара берип келди. Ауқатланбады да. Турсынға дәри де берген жоқ, еки адамлық төсекке жатты да қалды.

Үшинши күни кешегиден сәл ертерек келди, бул күни Турсынға күн узайып кеткендей, сирә енди қайтып уясына батпайтуғындай сезилип еди, батады екен, есиктен Әмирхан көрингенде әжағасы Нурқасым тирилип келгендей қууанып, орнынан өрре турды.

— Бүгин қайтатуғын күниң!..

— Ертең-ақ қайтайықше!!! — Қыз үйине барса мынадай ҳәзликли турмыстан, сағынып күтиулерден айырылып қалатуғынын билип шоршынды.

— Яқшы...

Әмирхан Турсынның үйине келип: «бети берман қарап киятыр, керек десеңиз әкелип беремен, жақ, биротала айығып шықсын десеңиз онда докторға тағы бир неме бермермиз, тағы бир он бес күн қарап берсин, сонда қайталамайды, деп еди, «берсек берейик, берекет тап, қызымыздың жазылып кеткени абзал! Кетеси нашар, кемиси болмасын!..» деп, жатып-жабысты екеуи бирден.

— Нурқасымның жылына гизнеп қойған питегене пулым бар!..

— Жақ, жақ, өзим беремен! — деп, қолын гөлегей-

леди Әмирхан. — Маған тек пәтияңызды берип турсаңыз сол ғаниймет! Ал енди, мен доктор менен келисемен де он-он бес күн бир жаққа барып қайтаман, жумысларым шығып қалды...

«Тилегенниң қарынына!» Дүканын орынбасарына муқыятлап тапсырды: «Мен Ашхабадтан зат излеп қайтпасам, бул жерден өт қақпайды, саўда болмаса аўҳал белли-ғоо!..»

Кетти сөйтип. Машинаны Кеңесгүлдикинде қалдырды. Кешки поездға шығып, жумсақ вагон менен шынында да Ашхабадқа тартпақшы еди, изинде Турсын. Тағы ойланды: «Усы үйден қолайы бар ма?..» Такси тутып, түнлетип келди, дәрўазаның қоңыраўын басты:

— Ҳе, кетпедиңиз бе?!

— Сениң дузың аўыр екен, жибермеди. Он бес күнге шекем жумысқа бармайсаң, бизлерди күтесең. Кеңсеңнен қорқпа, өзим звонлайман! — деди Турсынға еситтирип-ақ. Турсын тағы он бес күн болатуғынына қыйналған жоқ, қуўанғаны былай турсын!...

Ашхабадқа кетти ме, кетти, енди буны Қарақалпақстанда тири жан көрмеўи тийис. Дәрўазадан сыртқа шыққан жоқ, қара тоқлының қошқарын сойдырды да музлатқышқа қойдырды, қошқардың қай жерин қалай, не менен қуўырып бериўи керeклиги Кеңесгүлге жасынан яд. Коньяк-моньяк «Бакалейторг»тың складынан жетип турды, базар саўдасына өмир сахнасында байдың ролин ойнап жүрген сорлы Жолдас бар. Он бес күнге шекем төрги жайдың төсеги жыйылмады, күниге үш мәрте қалеген аўқаты тайын, жыллы суў, суўық суўы менен ванна хызметинде, сирә бундай өмирди қыялына келтирип, түсинде көрип пе Турсын! «Адамның бахыты бир ашылса ашыла қояды-аў, Алла жаным, мени усы күниңнен айырма!» деп тилейди ишинен. Он бес күнге шекем төрги жайдың ярым пердеси де, шилтери де, қалың ғыжым мақпал пердеси де ашылмады, он бес күнге шекем усы тас қаранғы жайдағы «Лалагүл» шырақ таң шапағының сағымын берип, Турсынның ақ марқа балықтай жалаңаш денесин таң шапағының қызғыш ireңине дөндиреди! Он алтыншы күни кешқурын «Волга» Әмирханның есигиниң аўзына келип тоқтайды да, бурынғы кирғожалақ ярымеслеў Турсын емес, керегин ишип-жеп, күниге бир мәртебе жыллы ваннаға көмилип, узақ жатыстан пор-

рықтай болып ағарған, бурынғы темиреў шығып жүретуғын жүзлерине қан жуўырып, гүл-гүл жанған Турсын түсип, бурынғыдай есерлене жуўырып, я аяқты алдам-қалдам басып емес, саллана-долана ҳасыл кийимлерге шоласып, *үйине жол алады.*

Бул үйге келетуғын нәшебентлер Назарымбеттикине қоныс аўдарғалы соникине кетип, келмей атырған әкесиниң изинен Сазтурған жуўырып барады: «Әжапам келди!!!»

Усы гәпти еситиўи мәтдал, сақалын самалға тоғанақтай ашаландырып жуўырады үйине Нурлепес, бунда оған жаңарақта мәлҳәм еткен қашқашының күши мәдет! Келсе, ырас, қызы келипти! Айналып-үйирилип атыр анасы, бул аздай бул да айналып-үйириледи!

— Түпәләм, түпәләм! Саўлатлы ғана қыз болыпсаң! — деп түпиреди әкеси. — Илайым, берекет тапқай Әмирхан! Ҳәзир барып аллажарылқасынымызды жаўдырар едик-дә, әттең, Ашхабадта-аў!..

— *Жа-ақ, үйинде! — дейди қызы. — Ашхабадтан* киятырып, алып қайтты! — деп, Әмирхан үйреткен сөзлерди тәкирарлайды. Соннан ҳаялы екеўи тиртеклесип, оған Сазтурған ерип, Әмирхандикине келеди де төрги жайынан кийимлерин аўмастырып баярының шығыўын әйўанда күтеди. Бул үйде жас бала, бийпарық адам жоқ, сонша үлкенлигине қарамастан әйўанның иши жып-жыйнақлы, тап-таза, тып-тыныш. Тек нағыслы дийўалдағы адам бойы үп-үлкен қымбат сааттың алтын жалатылған дөңгелек теңселгиши теңселген сайын бир шығатуғын тосаң тықылдысы еситилгени менен оны булар еситип отырған жоқ, радиодан аңыраған қазақ жыршысының:

Әәәәўүүў, аўылым көшип барад Жөтергенге,
*Жөтергенге есен-саў жетермен бе!...*
Әкеси қойын сойып-әәәўүў, той береди,
Қызының шымылдығын көтергенге-ее!.. —

деген ҳаўазы, оны биреўлердиң «өйдөйт, былпыт қалқам!» деп хошаметлеп атқанлары, кең далада қулдырап аққан арғымақтың дүбирине усаған домбыраның «шабыслары» еситилип-ақ атыр, *бирақ қулақларына* киргени менен бул сеслер саналарына, кеўиллерине жетпегенликтен «еситилип атты» деў қыйын шығар, ақыры, ҳәр қандай сестиң шығып-шықпай атқанын,

еситилип-еситилмей атқанын сезетуғын қулақ болғаны менен аңлайтуғын сана менен дыққат ғой, булардың болса барлық дыққат-ойы, демек, санасы, көзлери Әмирхан шығатуғын есикке бағдарланған. Жарылқаўшы уллы пайғамбар, қапылғанда уллы патша төрги есиктен сән-салтанат пенен шығар мәўритлеринде оның мөҳмини мүслимлери есигинде я датханасында демин ишине тартып, тула денени көзге, ықласқа айналып усылай күтер болар. Әне, спорт костюмының үстинен парша шапанын жалтырата жамылып Ақ тубаның ең гирдикарлысы, ықтысатлысы, ханы ҳәм төреси теңселип шықты. Нәзигүл орынынан өрре турмағанында, өйтпеў кереклигин сөйтип есине салмағанында мынаў жеңилтек ҳәм дәлбирек ғаррысы өзи отырған жерден Әмирханға жеткенше сақалын жерге сүйретип, апыл-тапыл еңбеклеп жуўырыўға және сол сақалы уйпаланғанша баярының қымбат шүўекли аяғын аймалап сүйиўге қуштар-ақ еди, абырай, соны сезген ҳаялының сақлығы сақалдың қадирин сақлап қалды да, ғаррыны орынынан турғызды.

— Ассалаўмаәлейкүм! Аман барып саў қайттың ба, қарағым, Ашхабадқа! Басқан қадемлериңе гүл питсин, иләйым, бизге еткен хызметлериң Алладан қайтсын, әўмийин! — Ғарры толықсып-тасып, жылап жиберди. — Сирә бул қызды енди келе болады деп сөйламап едик, тәңир жарылқасын, иним, тәңир жарылқасын!..

— Қызымызға көп ғайрат салыпсаң, қайиним! Қатыншылық етип, анаў-мынаў деген болсам әпиў ет деўге келдим, ғайрат салыпсаң!.. Енди қайтып саған тоңқылдансам тилим қырқылсын, алакөзленгенниң көзи шықсын. Мениң қарғысым қатты, қәйиним...

— Қарғысыңыз душпанларыма болғай, жеңге!

— Әўмийин!..

— Әўмийин!!!

## 31

Ерегистиң өзи сәл жерден шықты. Әмирханға бәринен де бетер кешеги жүрген қулы Жердаштың бүгин өзин Әмирхан менен зәңгилес санап, ерегискени батып кетти. Өжетликке Әмирхан да алдына адам салмайтуғын еди, Жердаш оннан да өткерди:

— «Нэзерим түскен нашарды аман жибермеймен!» деп мақтана берме, аға, усы гэпинди қайтып ал. Нашардың бэри аўмақай емес!..

Әйне усы гезде Айбөрек булардың алдына қазан кэбап қойып шығып баратыр еди,- эңгимениң бир ушлығын қулағы шалып қалды да, қапыны шала жаўып, сырттан тың тыңлады.

— Бир саўалым бар, усы сендеги келинимиз аўмақай ма, жоқ па!

Әмирханның үстем ҳэм бэлент шыққан бул даўысын Айбөрек еситсе де Жердаштың тисин ырсыйтып күлгенин еситкен жоқ, себеби Жердаш үнсиз күлип еди-дэ! Еситпегени менен Айбөректиң жүреги дүрсилдеп сала берди, бул байынан қорққанынан емес, Жердаштың Әмирхан менен Айбөрек арасындағы барлық қатнасларды биле тура бэрине қайыл болып үйленгени ҳаялға мэлим, ақыры, сонда не ушын кисисинен қорқады! Оның жүрегин лүпилдеткен нэрсе — Әмирханның Жердашты бассынып сөйлеўи, «маңлайының жигине ғана былш еттирмей...» Жердашының үнсиз қалғаны. «Өҳ жаман, — деп силкинди есикте ҳаялы. — Ҳалыңды билмей ерегисиўди ким қойыпты саған, сеники мақул де де қой! Көрдиң бе, өткенди бетине быжылдатып бастырып отырғанын, өҳ жаман, намыссыз, шала өлтирди-аў бул мени!..» Жақ, шала өлтирген жоқ екен, кеңкилди аралас күлки менен кисисиниң ызғарлы ҳэм мысқыллы сести бирге шықты:

— Баяғыны айтып табалаўдың, баяғы менен мақтаныўдың түкке кереги жоқ, аға! Баяғыда мениң қандай сум бала болғанымды сен билмейсең, кишем биледи, мениң өзим билемен. «Кишемнен сора» дер едимдэ, баяғы өткенди кишем енди мойынлай ма, соның ушын оны қоой, ҳэзир қалайсаң, соны айт маған!

Әмирханның түри қалай сурланғанын қапының артындағы Айбөрек қалай көрсин! Лийкин, байының гэпине «ҳай-ҳайлады» да қапыдан узақласты. Қазан жай беттеги гөргүмирашылығына айналысып кеткенликтен гэптиң ендиги жағын есите алмай қалды ол.

Ол болғанында Әмирханның сурланған түси қайта жылыныўдан-ақ, енди бул кисиниң топылысқа өте жағын абайлаған да, кисисине ымлап, «ендиги жағында сақ бол!» дегенди аңлатқан да болар еди. Мынаған қараң:

— Мен ҳәзир-ҳәм қоразбан, — деп, бийҳазар ғана жымыйды, ат та тебер алдында үсейтип қулақ жымыйтатуғын еди-дә, Жердаш ойлағандай, теўип салды: — Мен қартайған сайын мәкийеннен жуўасып, мәкийенениң шақырған жағына тойтаңлап жуўыратуғын, мәкийенениң шоқып көрсеткен тезегин шөплейтуғын қоразлардан емеспен...

— Тапп... — Жердаштың аўызына сөз түспей, күлди. — Тап, мендей екенсең!..

— Кимдей екенимди өзим билемен! Мен қайқаңлатып қуйрығын қашырта беретуғын адамлардай гәпти қашырта бергенди жақтырмайман. Бир шәртим бар, мениң менен уруўлас болмасын, буны ата-баба, әждатымыздың руўҳлары кеширмейди, екиншиден, яшуллыларға дәрек болмасын, басқа қәлеген нашарыңды көрсете бер! Өзиңди гүўа қылып турып, көзиңше дизимнен өткермесем, он бес мың ақша беремен, бермесем, қатынман! Өткерсем сен бересең, бермесең қатынсаң!..

— Неше мы-ыңң?!

— Ҳимм, қорқып кеттиң бе, он бес мыңң!..

— Ўаҳа-ҳа-ҳа...

— Неге күлесең?!

— Он бес мың-ҳәм пул болды ма, насыбай алып ата ғой оныңа!

— Ҳаў, ҳаў! Шының ба?! Өзиң айт онда?!

— Утыласаң, ақсақал, бул бир, екиншиден, сенде мен ойлаған пул жоқ, сени прокурор тонап кетти...

— Ояғын не қыласаң, өзиңниң шаманды билсеш!

— Мениң шамам жете береди, жүз мың ба, миллион ба, бәри бир! Өзимниң утылмасымды билген соң мениң «миллион» деўим-ҳәм мүмкин...

— Яқшы, яқшы, ким утатуғынын бир алла биледи, жигирма беске талып қалмаймысаң!

— Сен шәрт қойдың ғой, мениң-ҳәм шәртим бар, турасаң соған!

— Қайтқан қатын!

— Биреў биреўге «сол пулды төлемесем анам қатыным болсын» деп, тил хат бергейли.

— Сол-ҳәм шәрт пе, сен берсең мен берейин, әкел қолды, турдық па жигирма бес мыңға?!

— Турдық, мине қолым! — Қолын созды Жердаш. Әмирхан утыў қумарынан қалтыранып:

— Қайтқан қатын! — деп, тағы тәкирарлады ҳәм «шарт» еттирип Жердаштың созылған дәстин қысты.

— Қәне, айт енди адамыңды?!

— Мен узаққа бармайман, аўыл-елдиң-ақ адамы!..

— Аўыл-елде, өзи меннен аман ҳаял бар ма?! — Уаҳаҳалап күлди Әмирхан. — Онда жүдә яқшы, мәўлет неше күн!

— Бир ай бола ма?!

— Аўыл-елдиң нашары болса үш күн жетеди маған, оннан созсаң шәрттен қашқаның, бол-бол, тез айт, адамды ынтықтырып өлтире берме!

— Мен антымды бузбайман-аў, сени аяп отырман, я антты бузасаң-дәә, я жигирма бес мыңды тап усы бүгин-ақ санайсаң!

— Онда тап усы гәпиңде тур! Мен пысығына жүремен: орныңнан тур да қағаз бенен ручка ал, сен елден-ақ тайсалақлап отырсаң, тил хат жазып бересең...

— Тайсалақламайман-аў!

— Тайсалақламасаң тур, қағазыңды ал!!

Жердаш столдан «Жалпы дәптер», шарикли ручка алып, алдына таслады. Әмирхан бежирейип қарады да:

— Буны неге маған таслап атырсаң, әдеп өзиң жаз!! — деп буйырды ҳәм отырып атырған Жердаштың алдына «жалп» еттирип таслады.

Жердаш көпшигин омыраўына басып, ручканы қайымлады ҳәм диктант жазажақ оқыўшыдай устазының аўызын аңлыды.

— Жаз! Тырнақшаны аш, бул, қатесиз болмағы керек. Аштың ба, жаз енди: «Тилхат. — Астын бир сыз, таза жолдан. Бай-бай, тырнақша керек емес екен-аў, әйй, кете берсин, буны биреўге тексерте жақпыз ба өйтип! Жаз, таза жолдан. — Мен Ердаш улы Жердаш, беремен усы тилхатты сол ушын, Әмирхан менен ант ишискеним тақыйық, мәгар антымды бузсам, шешем зайыбым...

— Өйдемейик-дә Әмирхан аға, уят болар!

— Шыбжыңлама, «жаз» дегенди жаза бер! Жаз: — шешем зайыбым болсын! Ант бойынша жигирма бес мың тигистик, егер мен көрсеткен нашарды Әмирхан ертеңнен баслап үш күн ишинде... — Бул кәраларын енди сыпайылайық, үш күн ишинде дедиң бе, де-

сең бопты, жаз: — үш күн ишинде мениң көзимше, — Тырнақшаны аш, «дизимнен өткере алмаса,» — жап тырнақшаны, жаптың ба? Жапсаң бопты, өзиң күнде тилхат жазып жүргенбисең деймен, «өткере алмаса» дедиң бе, ҳаўўа, «өткере алмаса жигирма бес мың манатты ол маған береди. Егер өткергенин көзим менен көрип турсам, онда жигирма бес мың манатты маңлайыма төбелеп отырып...

— Ҳимм, неге төбелейди екенмен?!

— Жаза берсе, «жаз» деген соң, буны биреў көрип атыр ма?! Жаз!

— Келер гезек, а-ал, жаздым!

— «Маңлайыма төбелеп отырып мен төлеймен! Усыннан қайтқанның анасы өзиниң қатыны болсын! — Неге басыңды шайқайсаң?! Жақпай ма?!

— Қатты кеттиңи-из, яшуллы!

— Артына қолыңды қой да бүгинги сәнени жаз!

Жердаш оның айтқанын иследи де тилхатты дәптерди, ручканы Әмирханның алдына ысырып қойды. Әмирхан мыйығынан күлип, «енди көремиз тыбжылғаныңды! Әлемге бир әшкара қылайын сен ешекти!» кейипи менен тилхатты төрт бүкледи. Қойын қалтасынан партбилетин алып:

— Буны усы ең жойтылмайтуғын нәрсениң ишине ғана салып қояйын, — деди де айтқанындай иследи. — «Ас келсе Қуран жыйылады!» Мына қазан кәбап та суўып баратыр, үйдиң ийеси қусап, салмайсаң ба «ал-ҳа ал» ды?! Бул, қалай-қалайсаң өзиң, ғошшым, қуй анаўыңнан?!

— Жақ, жақ, аға! Жигирма бес мың манат аз дәрт емес, бир «Волга» менен бир «Жигули» ноль шестой! Оннан да мың манаты артық!..

— Ҳимм, елден-ақ жүрегиңе түсти ме?!

— Жүрегиме түспей не?! Мен де пысығына жүрейин, енди тилхатты сен жазасаң! Сениң тилхатың қолыма тиймегенше, ас бата ма, жаз, аға!

— Не деп?!

— Тек анаў тилхаттағы мениң атымның орнына атыңды қоясаң, «анам қатыным болсын» деп, урасаң подписти, қоясаң сәнени, ўәшкишшим-ўәссалам! Тилхатты сөйтесең де маған бересең!

— Яқшы-ы! — Әмирхан партбилетти қайта суўырып, ишинен тилхатты алды, соң бул да көпшикти

омыраўға тартып, жазды да берди. — Мине, мәрҳамат, мен журтлардай пулды ҳаялымнан сорап алмайман. Уттың ба, ал пожалуиста жигирма бес мыңды! Мениң бир белим аўырып па, маған да қудай жеткере береди! Ал енди, олай болған соң нашарыңды айт, ким ол?!

Жердаш нашарын айтыўға асықпады, түргелип барып, тилхатты сейфине салып, қулпын урып келип отырды. Соң:

— Нашарымды айтайын ба, — деди Әмирханды аўызына телмиртип. — Айтсам кәбапты жей алмай қаласаң-аў! Аўхатты жеп бол, соң айтаман...

— Жақ, ҳәзир айтасаң!!!

— Кел енди, қоймадың-ғо! Әйй, ешейин бир нашараў!..

Жердаш Әмирханды тыпыршылатыў ушын-ақ кербазланды.

— Ким ол, кимниң қатыны ешейин болғандай?!

— Ўәйй, оны бир күнге жеткермейсиз-аў, күйди бизиң ақша!!!

— Иләйым! Сонда да еситейик!

— Ўәйй, — Кәбапқа шүнишкини урып жиберди: — Бийбираба ғой!..

Әмирханның төбесине қуал түскендей отырған жеринде «солқ» ете қалды бир жерлери. Сын көзи менен қарап отырған Жердаш:

— Аўхаттан алың! — деп атыр, бул аўхаттан ала жақ емес:

— Бийбирабаң ким?!

— Әй, өзимиздиң балалар талап таслаған қаншық ғой, оны шыдатпайсаң-аў, күйген жигирма бес мың!..

— Енди балам менен ышқыр бажа қылмақшымысаң?!

— Ышқыр бажа болмаған адамыңыз қалды ма, аға! Балаң менен де болып көр ақыры! Мейлиң соқпаса жигирма бес мыңды сана! — деп, бармағын жыбырлатып көрсетти Жердаш ҳәм арсызлық пенен күлди.

Әмирхан оған қос бармағының арасынан бас бармағын тығып көрсетти ҳәм тасыр-тусыр орнынан турып кетти. Жердаш даўыслады:

— Ҳа-аў, аға-а, кәбап жемейсеңбе-ее?! Ўаҳа-ҳа-ҳа!..

«...Жүреги қозғалған! Гәптиң шыны, қызынды пәлек арқалағандай етип, профессорға апарыўға уялдым, ғаза кийим, әпергенимди басқаға жорыман!... Дәрисин әпердим, күнде жатарда ишеди. Бирақ бир шәрти бар, соны умытпаң: дәри ишкен соң қыз күсегенин қылыўы, ҳеш ким «тәк!» деп, бағдарынан қайтармаўы керек, өйтсе еми ушып кетеди екен, доктордың зинҳарлап айтқаны сол!...»—Усы даўыс қулағын шыңлатып, қызын, ҳаялын ерткен Нурлепес тастай қараңғыда тиртеклесип келди үйине, шыра жақты, төсеклерин салды. Қызы жатып атырып, әкесиниң гәпи бойынша «Биссимилла, шыпа болагөр!» деп қайта-қайта тәкирарлады да еки порошок дәрини суў менен саңқ қойды, дәми қыздың күндеги жатарда ишип жүрген «Хан қызының» дәмине усайды я сол ма, басқа ма, Турсын буны парықламады.

Таң ала геўгимде Нәзигүлди Нурлепестиң: «Қурып қалдық! Турсын орнында жоқ!...» деген даўрығы оятып жиберди. Қызын түсинде қарақус алып баратырғанын көрип, бастырынып ояна алмай атырған ҳаял әдебинде ояна алғанына, буның түси екенине қуўанды. Қапелим де қорқынышлы түси де ядына түсип, еңбеклеп барды да, қызының көпшигин сыйпап көрди: көпшикке бас қойылған, көрпеше аяқ ушына серпилип тасланыпты. Қалтыраған саўсақлары менен қараңғы өжиреде қарманып көрип, көзли ҳаял усыны аңлады, аңлады да: «Ақ тубаға шап! Түсип кеткен болмасын!...» деп, бир бақырды да изин бай-байға айналдырып жиберди.

Ақ тубаның ырашына өрмелеп шыққан ғарры Әмирханның үйи менен өз үйин тутастырған қыйсық соқпақта киятырған бир қараны көрди. Оның қызы екенин таныған да қуўанғанынан ыраштан қалай түскенин де билмейди. «Алла жаным, Алла-ай!...» деп, көкирегине түпирип жылап жиберди.

— Неғып жүрсең, қызым-аў?..

— Үйде ҳәўлирип жата алмадым, Әмирхан ағаның терис әйўанында жатып киятырман...

— Тири болсаң болар! Бүйтип қорқыта бергенше айтып кетсең болады ғой, қызым-аў!

— Жибермей жүре ме деп қорықтым. Дуқтыр: «қалеген жеринде жат, тур, ҳеш ким «яқ» демесин, «яқ»

десе дәриниң мийнетин күйдиресең» деди-ғо аға!—Қыз үйретилген тотыдай Әмирхан айт дегенди айтты.

Ертеңине бул ўақыя тағы тәкирарланды, соңғы күни тағы.

Базар күни буникине гиябент ғаррылардың тирилери орда басты. Ерли-зайыплы екеўи көптен бери хабар алмағанларына қайысып, соннан берги болып атырған ҳәдийселерди жылап-сықлап айтысты.

— Оның несине жылайсыз, түўе!—Палўанияз темир қуйрық кейиди.—Онда Әмирханда да әрўақ болғаны! Енди оған қырық түнемей, билмедим қалай боларын! Бай-баай, базда шаш қойғанларды тегин санаймыз-аў!

Әмирханның ҳаялы келген күни шаўқым шықпаўы, гүдик туўмаўы ушын Нурлепес ҳаялы менен тиртеклесип барды да басларынан өткен азаплы түнлерин айтты ҳәм есигиниң аўызында болса да, сырттағы сыпада болса да ада-жуда саўалып кеткенше қызын Әмирханның әрўағына түнете турыўды қайта-қайта өтиниш етип, жалынып-жалпайды. Жумсаўға мут малай табылғанына ҳаял ишинен қуўанса да сыртынан назырқанғаны менен кеўилиндегисин де айтып қалды:

— Болыўын бола берсин-аў, мен бирақ жумсай беремен ғой!

— Жумыстан адам өле мее-әә! Қай молла есигинде түнегенди қаратып жатқарады дейсең!..

— Онда бола берсин!..

— Сөйт, шырағым, берекет тап!...

## 33

Сол ақшам түни менен төңбекшип атты, өкиниши ишине сыяр емес: ...анам қатыным болсын!» Дүньядағы ең қәдир тутатуғын анамның кийели әрўағы еди, сол ҳаққында усы адам айтса инанғысыз, намысы бар жигитлер асылып өлсе арзыйтуғын уят сөзди жазып бердим-ә!... Үш күни қашшан өтип кетти! Неғып пулын сорамай жүр бул езек!...» Көзин жумса, анасының елеси тастай қараңғыда-ақ тап күпә-күндиздиң шаңқай түсиндегидей ап-анық көзиниң алдында кепленип тура қалады! «Әйй, мениң мийнетим қайда күймеген! Несине аяйман, мениң бир, белим аўырып па сол пулларды табыўға! Биреўди тонайман, тағы биреў мени тонайды, биреўден аламан, биреўге беремен! Отыз машина тағы

киятыр, ҳәр қайсысынан еки мыңнан алғанда қалып турған жоқ па усы пул! Оның несине анамның әрўағын қорлайман! Пулын берейин де қағазымды алайын!...» Жамылғысын серпип жиберди де өрре турып, аяғын диван каттен салбыратып отырды. Тез-тез сейфти ашып, пачка-пачкасы менен жигирма бес мыңды санамақшы еди. «Апырмай бала, усынша өмирдиң ишинде министрлерден, министрлердиң төр ағаларынан, обком, МВД, КГБ лардан өз сыбағасын өңешине жулып алып тығып жүрген Әмирхан келип-келип бурынғы малайы ҳәм ышқыр бажасы Жердаш сүмелектен ырас-ақ пәнтлене ме-әй! Ўайй атаңның... сүмелек қумсасы, баплаўын қара мынаның! Әй, буннан өлгеним абзал, пәнт жеп отырған адамымның түрин қара! Иий! — Өзинен өзи шимиркенип тиксинди. Усы мәўритте қулағында Жердаш ўаҳаҳалады, көзиниң алдында Жердаштың елеси ўаҳаҳалады. Өз қулақларын өзи тилла жүзикли қоллары менен тарса басты, жақ, ўаҳаҳа тынар емес, бул ўаҳаҳаны тосарлық тосқын бул әлемде жоқ сыяқлы.—Ўайй ўәләтизинаәәәйй! Мысқыллаўын қара, мени мысқыллайтуғын суўмурынның сыйқына қара!... Бар-әәй, қызға да дарымайман, дарытпаса қалай дарыйман, ҳаў!... пулды да бермеймен! Жердаш қолынан келгенин қылсын!...» Орнына қайтадан жатты.

Жатты, жатты, ойланды,, ойланды ақыры бир қарарға келди: «Басқа илажы жоқ! Анаўларға бес мыңды беремен, оннан соңғы тамашаны көөр, Жерда-аш! Жүзине қара капрон шулық кийген әбеший адамлар көкирегиңе пистолетин тақағанда тилхатты бирмегениңди көрейин! Ертең—бир күни дамбалыңа жибергизбесем, онда мен ийтпен!...»

Ҳәр қашан сап ақыл Әмирханға азанда келетуғын, түни менен шешимин таппаған, аўнақшып шыққан шийе түйинлердиң де азанғы бас пенен ап-аңсат шешимин таба қоятуғын. Ол соннан үмитленип еди, аза бойын түршиктирген, биринен бири қорқынышлы көп «сериялы» түслер шала уйқы етип, басы мең-зең, маңғурланып түргелди. Оянғаннан соң да анасының Темирханның машинасы менен әлле қайларға кетип баратырған түси көзине тап ҳәзир көрип атырғандай елеслеп, жөрыўға жүреги бармай урқанатын ушырып жиберди. Сол маңғур геллеси менен-ақ ақшамғы ойын өзгерте алды: «Не қыламан оларға бес мың манат берип, жер-

де жатқан бес мың бар ма?! Анаў бас кесердиң пулына машина таўып берсемғо, бир түўе бес Жердаштайыңның жүрегин жарып береди! Еки бастан «өлтир» деп айтпайман, мениң орынымда Жердаш болғанында айтар еди-аў, әә!! Маған тек тилхатты әкелип берсе болғаны-ғоо, онда да оқымай алып келиўи керек, оқыма-ай!..»

Бүгинги жумысының көбиси Тақыятас, Хожелиден питетуғын, өзи бармаса басқалар питкере алмайтуғын мүшкил ислер болғанлықтан ерте атланыўды нийетлеп қойса да түстиң алдында жолға шықты.

Нөкистеги темир жол көпиринен түсип, Тахыятас, Хожелиге жеткеретуғын жол менен жаңа дағдыраўан, бола бергени, шылт жаңа бир қара «Жигули» изинен қалай болса солай ҳәм жол қағыйдасы менен түк есапласпастан озбырлық пенен озып барып алдына түсти де кем-кемнен тезлигин пәсеңлете берди. Әмирханның жүн тыққандай аўырласып, ойланыўы нашарлап киятырған геллеси: «бүйтип жүрисин пәсеңлетери бар, озып не қылады?!» дегенди ойланбастан ашыў дизгинин жаздырып жиберди, ашыўдың дизгини «Волганың» дизгинин жаздырды. «Волга» «Жигули» менен демниң арасында-ақ қапталласыўын қапталласты, бирақ қара «Жигули» де табан жерге тарысқан қара тулпардай тарысып, алдына түсирмей узақ жүрди, ҳәтте, «озғым келсе озып та кете беремен!» дегенди бир-еки мәрте озып та аңлатты. Айдаўшы қара муртлы, жийрен шашлы жигиттиң көзиниң күлгенин қара көзәйнек тасалағаны менен ақсыйған аппақ тислери өзиниң күлип киятырғанын паш етер еди, бунысы менен де турмай шофер машинасынан басын шығарды ҳәм бас бармағын мурынының ушына тийгизип, басқа бармақларын жыбырлатып, Әмирханды ермекледи. Ханасына сыймай өз терисин өзи жарып шығып кете жазлаған Әмирханға қарсы алдындағы эксковатор көз ушында-ақ көрингендей еди, бир қараса «Жигули» артта қалыптығы, эксковатордың тусынан зуўў етип өтип баратырғанын байқады. Лийкин, адасып қалғысы келмегендей, «Жигули» еле өкшелесип киятыр.

Тахиатас базасында «Волганың» жылаўы бир-ақ тартылды. Қанша ўақыт базада иркилгенин билмейди, иси питкен соң машинасына отырды да Хожелиге тартты.

Тахиатастан шыққаннан көп узамай еки қала арасындағы елсиз даланлық басланды. Жолдың оң тамамында өлип атырған сары көпекти узақтан көриуденақ ийиси мурынына келгендей сезилип басын шеп жағына қыйсайтыңқырап еди, қапталдағы дөңгелек айнадан тағы да қара «Жигули» көринди, не көп, қара «Жигули» көп, қайсы бирине итибар бере берсин!

Хожелиниң спорт дүканынын алдында «Волга» тормозланды. Ийеси сыртқа шықты, машинасының қапысын илди, жән-жағына қарады. Ерип келип тоқтаған машина жоқ. Көуили алағадасыз дүканға кирди, бул дүкан да Әмирхан ҳүким сүрген дүканның филиалы болғанлықтан Әнәпиясы бар ма, Шүкиржаны, Минаўўары бар ма, есиктен «үлкен баслықтың» төбеси көриниўден гәси қыздай қылымсып, гәси албырап сораған сораўларына жуўап берип, анық асығыслығын билген соң гәси шайға мирәт етип, гәси жилўа-наз етип атты.

Дүканның баслығы оғыры сулыў болғанлықтан өзине арзырлық қәдди-қәўметли, сыйлы-сынлы аҳыў-зарын әне табылар, мине табылар деп жүргенинде басынан «базарын өткерип» алған ғарры қыз еди, соның кабинетине кирип кеткенинен «үлкен баслық» сыртқа шықпады, Минаўўары ма, Әнәпиясы ма, минераль суў менен жигирма-отыз кәбап, қолдан жапқан солқылдақ пәтирди ресторанның алдындағы жиңишке муртлы, ала тақыялы кәбапшыдан алып келип еди, солқылдақ пәтири менен минераль суўын столға қойдырды да:

— Мынаў қойдың гөши емес, ийттиң гөши! — деп, кәбапты қайтарып жиберди. Буны кәбап әкелген Минаўўары ма, Әнәпиясы ма, билмедим, қасындағы дүканшы қызларға айтпастан:

— Ағамлар «өзлериң жеп алың», деп атыр, келе қалың, аай шыққанлар, аппақ шыққанлар!—деди де Шүкиржанын ба, Бағыйлашын ба, пәтирге жуўыртыптағы биреўине шай демлетип, ҳәммени тап усы бүгин үйинде түслениў машақатынан азат етти. Айтыўына қарағанда кишкене ғарры қыз баслығы ым-жым менен усы жерде түслениң дегенди уқтырып жиберген.

Номери тоқсан бесинши сыңғырлақ көк шайдан пәкизелеп демлеп, сервис шәйнек пенен сервис кесаларды алып кеткен қыз:

— Иштен илип алыпты, ағамлар пинҳамы ислесип атырса керек, қапыны шертиўге уялдым, — деп келди.

Биреў биреўге қарасты, ҳеш ким ҳеш нәрсе демеп еди, Әнәпиясы әндамлы ғана тынышлықты недендур ашыўлы кейип пенен:

— Ислеседи-дә! — деп, азарлана бузып жиберди. — Сонша жерден ислеспесе не ушын келеди, ақыры, ўааай, айналайынлар-әй!..

Сырттағы қыз-келиншеклерди кишкене баслықтың қапысы узақ күттирмеди, буған үлкен баслықтың түсликтен соң бирден саўда базасының директорына хабарласыўға қыстастырған асығыслығы себепши болды да қулып иштен ашылып, оннан әдеп қостаңлап үлкен баслық, соң жүзи туўған макийенниң кекилиндей қызарып кеткен кишкене баслық сәллана-долана шықты ҳәм үлкен баслығын машинасына мингизип, узатып салды.

Үлкен баслық өзиниң Жер жолдасындай жасалма жубайына Жердаштың мәкан жайын жаздырып, анаў адамына машина беретуғынын, соны таўып алып, үш күнге қалдырмай ескертиўин тапсырып, соның қәтиржамлығы менен саўда базасының алдында «Волганы» қаңтарғанында да көрген жоқ «жигулиди», база баслығы менен сөйлесип, жолға шыққанында да «қара Жигули» көзине илиге қоймады, ал үлкен гүзар менен кеңисликке шығып, Нөкиске дағдыраўан болғанында қара «Жигули» қашшан оның ядынан шығып кеткен еди.

Ол ханнан хабарсыз зуўлап отырды, буннан көп жыллар бурын талай бульдозерлер «теке тиресип», топырағын бәленттен үйип, оның үстине гирес-гирес тайнапыр самосваллар қыйыршық тас төгип салынған жол оннан бери де бир нешше мәртебе қайта асфальтланып, ҳәр асфальтланған сайын сақа тас, бақа тас, қайрақ таслар қайта-қайта төгиле берип жүдә бәлентлеп кеткенлиги соншелли, Әмирхан туў анадайдағы телеграф сым ағашларының тас төбесинен қарап зымырайды. Ал сондағы топырақ гүрелген шуқанақлар болса бул заманда аман жер қалмай изей алғалы шалшық суўлы изейкешке айналып кеткен. «Сары ийттиң тусынан өттим бе!—деп жән-жақты серледи. Жақ, еле узақ екен. —Бара-барғанша усы еки жақтың сасық суўлы изейкешинде неше ийт, пышық порсып өлип атыр екен, ҳәр күни бир ийт, бир пышық қағылғанда да...—деген бир жинли қыял келди де соңғы жағы өзин түршиктирди: — Усыннан машинам аўдарылып, анаў изейкешке аўнар болса... ийй, қудай басқа салмағай!..» Жолдың сол жағасынан нәзерин тайдырған оның көзлери тағы да дөң-

гелек айнаға, дөңгелек айнадағы қара «Жигули»ге түсти. Мийинен саўаллар жылдырымдай атласып атыр: «Басқа ма, сол ма, басқа ма! Сол ма?! Сол! Сол!! Номери де соолл!!!.. Не керек екен буған?!..»

Жүреги бир жаманлықты сезинип, тордағы бөденедей ҳәўлирип тыпыршылады, дүрсилдеди. «Өлтире жақ шығар... пистолет пенен атып... баллонды жарса!!!..» Жан деген татлы, өлимнен Әмирханшылап, тула бойың түршигип, оқ тийер-аў деген жерлериң оқ тиймесе де «шым-шым» етип, буғып-буғып қашқанында, жаның татлылығын бийқатер күниндегиден миллион мәртебе артық сезесең!..

Издеги машина «өтип-ақ кетпеспекен?!» деген ой ол күткен оқтың сести еситилмеген, ол күткен жерлерине оқ келип тиймегеннен соң келди оның есине ҳәм өтсе өтип-ақ кетсин деген қиял менен тезликти қайтарып, жүрисин тосаңлатты. Усы пәтте қара «Жигули» зууў етип алға шықты ҳәм ол да бурынғыдай пәт бермей тезлигин қайтарды да «оза алсаң оза бер!» сылайын аңлатты, әдебинде Әмирханда тағы озыў ойы болмады, алдағы «Жигулидиң» кем-кемнен тезлиги пәсеңлей бериўи оны усы ойға алып келди ҳәм озыўдың барлық қағыйдасы менен «дөдетин» берип, қапталласа берген қынынан суўырылған шәмширдей қара «Жигули» суўырылып алға шықты. Қарсысынан киятырған пилдей нәҳән КрАЗдың жақынлап қалыўы Әмирханды тағы қара «Жигулидиң» артына тықты. Соның арасынша КрАЗ өтип кетти де тағы бир қызыл «Жигули» Әмирханның машинасын сол таманынан яғный жол таманынан қысып қапталласты, оң таманына бурылып қашайын десе жатырған сасық суўлар, бәри бир, өлим! Усы пәтте алдындағы қара «Жигули» артқы шамын жағып, бирден тормозланды, тап шамның сол жаныўын күткендей қапталдан қысқан «Жигули» де тоқтады, изге бәсип-ақ қашыўды ойлады ма, ким билсин, Әмирхан артына жалт қараса бир ақ ГАЗ—21 маркалы «Волга» бунның артқы буферин «ийискеп» тур. Көзи издеги «Волгаға» бақырайғаны менен қолы ғайрытәбийғый ҳалда жылдам-жылдам қапыларды илди де айналарын көтерди. Бир зум, ҳеш машинадан ҳеш ким түспеди, усы бир зум Әмирханға мәңгиликтей туйылды. Издеги «Волгадан» шым-қара қырқпа сақал-муртлы, тар балақ жинсий брюк, жинси куртка, қара туфлий кийген, қара көз әйнекли ишектей биреў суўырылып шығып атырғанда

жаны Әләуетдинниң сыйқырлы шырасынан шыққан дәўдиң түтининдей Әмирханның да ийегинен шийрин жаны суўырылып шығып баратырғандай сезилди өзине, ол ийманын үйириўди билмейтуғын еди, билген жағдайында да тили усы турысында гүрмелиўи нағайбыл. Мисли бир түсинде бастырынығып атырғандай бақырайын десе даўысы шықпайды, қашайын десе жән-жақ қурсаўлы, қашарға жол, тығыларға тесик жоқ, усы көрип турған қорқынышлы әпшерлерин дым көрмейин десе бақырайып көзи жумылмайды. Усы жумылмаған көзи өзине Әзирейлиниң келгенин ҳәм мушының арты менен айнаны дүкилдеткенин көрип-ақ тур. Әне, ол қалтасын қарманды да биллярдтың шарындай қара шар алды.

— Ашпасаң өзиң бил, — деди әрмен шығар деп отырған Әзирейлиси шыны қарақалпақ тилинде.—Мынаў бомба, билип қой! Ашпасаң дым жақсы, машинаңпашинаң менен пашақ-пашағың шығып аспанға ушасаң, оннан соң сүйегиңди де ҳеш ким жыйнап ала алмайды, а-аашш!..

Қорықпағанында Әмирхан Әзирейлиниң ҳәтте қарақалпақ тилин де билетуғынына ҳайран қалыўы итимал едидағы, қорқыныш оған ҳеш нәрсени ойлатпады, қорқыныш санасынан да бетер қолына ҳәмир етти, титрек саўсақлар оң жақтағы қапысын аңқайтып ашып жиберди:

— Ққке-еелиң, яшуллы, жазығымыз болса айтарсыз!!

Әзирейлиси буның қалтырақ даўысын я еситпеди-дә, я жуўап бергиси келмеди, қапталына үнсиз отырып алды да етегин түрип, киндиклигиниң тусына тығылған еки пистолеттиң қара дәстелерин көрсетти ҳәм өлпең даўыс пенен болса да қатаң ескертти:

— Буны сизиң қашыўды ойламай қатиржәм отырыўыңыз ушын көрсетип атырман. Қаша қойсаңыз, онда бизиң мийнетимизди жүдә жеңиллетесиз, алдыңыздағы машинада отырған Мясник гелленизди кесип алады да есесине он бес мың алады! Бул сизиң гелленизди қуны! Келиң, танысып қояйық, биз сиздей намәрт, қорқақлардан емеспиз: Палымбет улы Насыр! Кәсиплеслерим «Қутлымирәт» деп те атайды, себеп мен олардың мирәт еткен жер қутлы болып берген. Хо-о-ош!.. Гәпти созбайман, бүгиннен басқа еки күн мәўлет беремен!..

«Үҳҳ, ҳәзир өлтирмейди екен ғой, еки күн жасаған-

ды айтсеш!» —Әмирханның маңлайынан суўық тер бурқ ете қалды ҳәм тили гүрмелди:

— Ол не мәўлет, не қылыў ушын бересиз...

— Сизиң мәўлетиңиз қашшан өтип кеткен, бирақ Жердаштың мәўлети бир басқа, бизиң берген мәўлет бир басқа, бизики точма-точ орынланыўды талап етеди, күтпейди, орынласаң жасайсаң, орынламасаң үшинши күни саат нол-нол он екиде «Орақ балға» жақтағы «Трактордың естелигине» Жердашқа уттырған жигирма бес мыңынды ҳәм бизлердиң хызмет ҳақымыз ушын тағы он бес мың алып барасаң да күтип турасаң, кетпейсең. Өзимиз келип аламыз. Егер артыңа қуйрық байлап барсаң онда қатыныңды да, баланды да қырып кететуғын баҳадурларымыз ҳәрекетте...

— Яқшы-ы-ы, Насыр баҳадур, — көкирегин басып алған Әмирхан өзин зорлап болса да тил қатты:— Сол еки күнде мен сол нашарды қолға түсирсем барлық бәле-қададан қутыламан ғой, солай ма?!

— А как-же?!

— Яқшы-ы, баҳадур, яқшы-ы, бир сауалым бар енди...

— Пожа-аалуиста!..

— Неше мыңға жалландыңыз, неше мыңға кести мениң геллемди?!

— Он бес мың, жигирма бесин өзине беремиз.

— Яқшы-ыы, Қутлымурат баҳадур, ааа әпиў етиң, Насыр баҳадур...

— Ҳеш гәп, албырағанда ондай-ондай болады.

— Мениң басымды Жердаш күтә арзан баҳалапты! Буған мен өкпелемеймен...

— Ол бес мыңға баҳалап еди, он мынды өзлеримиз миндирдик!

— Солай дең еле! Ол бизиң бастың баҳасын билмейди екен. Яқшы-ы, баҳадур, қызды қолға түсирсем Жердаштан қутыламан. Сонда сизлердиң көретуғын мәпиңиз қайда, Жердаш бир нәрсе бере ме сизлерге?!

— Ол бизиң жумысымыз, сиз өз исиңизди қылың, узақ жасайсыз!

— Сиз де, биз де деловой адамлармыз ғой, бир зат сорайынщы?!

— По-жаалуиста!

— Соқта ойынында еки еселеп үстине айдаў деген бар, турасыз ба?!

— Түсиндим айтқаныңызға. Пулды еки еселеп...

— Бар-əə, үш еселеймен!..

— Бес еселесеңиз де биз ондай намəртликке бармаймыз, айттық па, гəп тамам, бежеремиз, гəпти шаймаламаймыз. Сизиң менен бизиң парқымыз сонда, сиз де тонаўшысыз, биз де тонаўшымыз, бирақ биз лебизимизге беккембиз, сизлердей лебизди шаймаймыз, бул бир, екинши, сизлер ҳəммени тонай бересиз, жетим бе, жесир ме, бəри бир сизлерге, ал бизлер сизлердей журтты тонаўшыларды тонаймыз, бизиң бунымызға журт ҳəз етеди! Журттың нызам əпере алмаған өшин, мине, — көкирегине дүрс еткизди. — Мен əперемен! Сизлер қыйт етсе қашып, керек болса ҳаялыңызды—ҳəм шығарып берип, жоқары менен биригип, қорқып урлайсыз, бизлер басымызды өлимге тигип, қорқпастан бара беремиз! Биз мийрим-шəпəҳəт фондына, жетимханаларға мəкан жайымызды, аты-жөнимизди айтпастан пул да жиберe беремиз. Сизлер биреўге бир тийин қайыр-сақаўат етсеңиз, гүпсип мақтанып, өмиринше сол адамды миннетдар етиўге барсыз, сизлер тышқанларсыз, тапқаныңызды тарта бересиз, тарта бересиз. Сизлерди тонаў, өлтириў мениң ушын саўап. Мен тапқанымның бəрин қайыр-сақаўат ушын журтқа үлестирип кетип журмен, сол журт мениң аты-затымды да билмейди, усы жүргенимде, қарыў-жарағымнан, машинамнан, кийим-кеншегимнен басқа дымым жоқ! Күниге он мың керек пе, таўаман, беремен журтқа, мəкан жайын, жай номерин, кимниң өлеси аш екенлигин билсем, тамам. Ҳиммм, қалайсыз, неге үндемейсиз, сарышунақ! Гəплесип болдық, тамам, айтқанды бежермесеңиз мен сизге миннетдарман, көп адамға қайыр-сақаўат қарызым бар! Ал енди, жөне ҳəзир! Үшинши күни саат он еки!

Тар балақ жинсиге суғылған аяқлары сыйраңлап орынына отырды да кейин шегинип, машинасын изине бурып кетти, қара «Жигули» де, қызыл «Жигули» де Палымбет улы Насыр—Қутлымирəт қайтсе соны тəкирарлап, келген изи менен ҳайт қойды да демниң арасында көзден ғайып болды. Нөкис жақтан киятырған лаплама былғаўышлы ақ «Волга» турған «Волганы» номеринен таныды да гилт тоқтап, айдаўшы милиционердиң ҳəким полковниги машинадан шықты:

— Ҳиммм, яшуллы, аманлық па, түриңиз өзгерип кетипти! — деди сəлем əликтен соң.

— Зəрре қалғып кетиппен...

— Аз қыдырыңдағы сонда!!—Полковник лийкинли

күлди. — Не түс көрдиңиз?!
— Түсимде рекэтшилер қамап алыпты!.. Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!
— Ўаҳа-ҳа-ҳа! Рэкэтшиле-ер! Қайдағы жоқ нәрсе түсиңизге енеди-аў! Ҳеш гәәп, түсиңизде қамаса оңыңызда қамамайды, ал яқшы!...
Еки «Волга» еки жаққа қарай жылысты...

34

— Мен анаў бирде Бийбирабаның сизиң үйден шыққанын көрдим бе?!
— Әйй, иним-аай, қоңсы-қобашылық, барысасаң, келисесең, урысасаң, кейисесең, жарасасаң дегендей...
— Не деп жүр сонда?! — Әмирханға мынаў ғарры сумлық пенен сыр жасырып отырған сыяқланды. — Қызынды соншелли есинен тандырып болып-әм келе береди-аў, бет жоқ екен өзинде! Кеширим сорай ма сирә?!
— Кеширим сорап келгени ғой сол! «Сизлерде өшим жоқ еди, тек жаладан арза жазғаныңызға жанып кеттим», дейди.
— Сизлер кеширдиңиз бе, не дедиңиз?
— «Бизлердиң-әм сизлерде өшимиз жоқ, арза жаза жақ та емес едик,..» дедик. Усыншелли сақалым менен қалай өтирик айтаман, «жаз» деди, жаздық, ол арзаның Айтбайды қаматыўға күши жететуғынын мен қайдан билейин, сен де әпиў ет, шырағым», дедим.
— Пай-пай-пай, ерлепсең-дә, Нуреке, әпиў етти ме жүдә?!
— Әәәй, билмедим, — Ғарры басын шайқады. — Әпиў етерликтей де ислер болмапты ғой өзи! Бунын журттан көрерлиги жоқ, ҳәр не болса өзимизден болды, биз сизди де айыплап, я өкпелеп отырғанымыз жоқ...
— Ол түсиникли ғой, кеширди ме?!
— Кеширмеди ме деймен, жүзи жадырап кеткен жоқ. «Әмирханның үстинен арза жаз, өшинди әперемен», деп, Турсынды үгитлей баслағанда Нәзигүл буған қайыл болып, аўызы қыйсайып киятыр еди, «Шық!» дедим қызға. «Әмирхансыз күнимиз жоқ бизиң, енди соның менен араз қылмақшымысаң!» деп, урсып-урсып, қуўып жибердим, қалай болыпты?!
— Кимге исенсе де ҳәр кимниң өз ерки өзинде. Бирақ билип қойың, Бийбираба деген, бул «қул сатыўшы»!..
— Аппырмай-ә ҳәзир ҳәм қул сатыўшы бармекен?!

— Бизлер ондайды «қул сатыўшы» деймиз, бармақтың ушы менен дүканға шақырып, қолына бир елиўликти қыстырамыз, айтқан нашарымызды гөрден болса да таўып, өзи келистирип, өзи әкелип береди. Бийбираба деген базаржайдағы узақтан келип, алма сатып отырған «орақ мурынлылардың «қул сатыўшысы!» Жақында бир замминистр қызды апарып берипти ғоо биздей бир ышқыпаз ғаррыға!..

— Қызы да нәщелидидә! — Өмирдеги аз қылатуғын әдетине гөре тисиниң кетигин үңирейтип, үнсиз күлди ғарры. Әмирхан қырғыйкөзленди.

— «Тең теңи менен, теззек қабы менен». Сәтеңге сәтең, аўышқа аўыш табыла береди, кемпириниң қасынан шыққанына айдан асып, қуўрап атырған бир гүләңгир ғаррылар бар базарда, инанбасаң барып көр, көринген нашарға қуўланып көз қысып қалады оңбаған ғодалақлар! Олар сәтеңлигин не қылсын, оларға жас болса болды-дә, жас тоқлыны ғарры қасқыр сүйеди, жүниниң жылтырақлығы парқ емес ғарры қасқырларға, тек тиси өтсе болды. Ҳәмме сендей ғәрип, сылбыр, мүсәпир ме! Мен сени қорқыта жақ емеспен, кемсите жақта емеспен, замминистр қызлардың басын айналдырып жүр ғой, «Түйени жел ушырса, ешкини аспанда көр!» демекши едим, сен ғой, гәп тыңлай жақ емессең-ғо, бул журт көзи менен көрмесе исенбейди, яқшы, қулақ еситкенди көз де көрер иншалла, Бийбирабаны үйиңе үйир ете бер!.. Ал енди, қайт, мен бир майдан қыйсайып ала жақпан!..

Әри-бери шошайып отырды-отырды, терис қарап жатып алған Әмирхан қайтып берман қарамай, ғаррының келгендеги кеўлиндеги мүддәҳәсин-ҳәм умыттырды. Қолларын таянып, шүйелеп орынынан турды да шығып кетти.

Кетип баратырып ойланады: «Аппырмай, бала—деген жуўмаққа келди ақыры.—Қатынның қотлап жибергенине келе берипперн-аў исинип! Жаманлық ойлайтуғын адам жаңағыдай жанын ашытып сақландыра ма бизди! Жетер-жетпестиң гәпине бола буўырлым кеўилине тийип алмай кетип қалғаным-ҳәм жақсы болған екен!..»

Нурлепес неге исенсе де кеўилинде шубҳа қалдырмай исенеди. Оның үстине Әмирханды «жалған сөйлейди барып турған қайрақ!» деген ойға барыў түўе ондайды ойлаўдан да қорқады. «Ел үстинде шаш қойып,

гәлистөк тағып ,таза кийинип жүрген сауатлылардың, бәри де тегин емес. Заманның төрелиси де, төреси де солар! Соның ушын да биз қусаған ғәрип-қасерлер өз тағдийрлерин солардың қолына исенип тапсырып, ерип жүр. Халық—олардың перзенти, алдамайды олар өз перзентлерин!..»

Нурлепес Әмирхандикинен келип, ҳаялына усыларды айтты.

— Жетер-жетпестиң гәпине исене берме қаты-ын. Тас болмаса қол ушын берип, жетпесимизди жеткерип отырған азаматтан айыра жазладың-ау шабазым,—деп, жән-жағына алақлап қараса—Турсын жоқ!

— Ҳаў, қыз қайда?!

— Жаңарақта Бийбираба ертип кетти,..

— Қурыдым десең-ooo!..

Ғарры тасыр-тусыр орнынан турды да геўишин оңлы-шепли кийип есикке жуўырды. Ҳаялы нениң не екенин түсинбей изинен даўыслады:

— Ҳе, ҳе-е, аманлық па?! — Ғаррыдан жуўап болмады. — Сазтурған, қара барып, әкең қайда кетип баратыр екен?

— Чемпио-он! — деп күлди есиктен қайтып кирген Сазтурған. — Ағам сөз жоқ, сөйтип жуўырар болса чемпионлардың чемпионы!!!

— Қайда қарап жуўырып баратыр?!

— Бийбирабаникине.

Тақаты шыдамай, соңғы гезлери көзлери пүткиллей әззилеп кеткен Нәзигүлдиң өзи де сыйпаланып сыртқа шықты. «Бийбирабаның үйи усы туста-аў!» деген жағын шамалап қарады. Көзине булдырап ҳеш нәрсе көринбеди, кеўили әлле неден алағада.

Бийбираба төрдеги хантақтада шақмақ дәптердиң еки тақтасына сулыўлап бир нәрселерди жазса, Турсын оған бар дыққатын қойып отыр еди, изинен жаў қуўғандай сыртқы қапыны биреў тасырлатып ашты да әйўан менен булар отырған қапыға дүрсилдеп жуўырды, усы дүрсилдини еситкен еки қыз «бул не екен?!» деп ойлап үлгермей-ақ булардың қапысы сарта ашылып, ишке Нурлепес ғарры абынып жығылды.

Қызлардың зәрресиниң ушқанлығы соншелли, екеўи бирден төрге қашты. Бунын Нурлепес атай екенин көрген Бийбираба өзин басып:

— Қутырған ийт қуўды ма, ата-а?! — деп-ақ, үлгерди, ғарры апалақлап орнынан турды да, қырық жарық

аяғын аннап-саннан басып барып мүйешке тығылған қызының билегинен есикке тартты. Есине енген Бийбираба: «Мына қағазға қол қойып кет, ҳа Турсын!»—деп шарикли ручка менен жазылған еки тақта қағазды желбиретип тутты.

— Бул қол қоя ала ма, бери әкел, өзим қойып берейин?! — Айтқаны сол гәп, Нурлепес тамырлары билеўленген қара ғожалақ қоллары менен қағазды жулып алды ҳәм туўрап-туўрап Бийбирабаның бетине шашып жиберди.

— Арзагөйлик әкеңиз екеўиңизге жарасады, албаслы!!!

Ашыў менен қапы сарта жабылған соң Бийбираба өзине келди. Едендеги ақ таўықтың пәриндей шашылып атырған қағаз қыйқымларын сыпырып жүрип:

— Нурлепес атамдай ақ көкирек адам бул әлемде жо-ғаў! — деп таңланды өзинен өзи. — Бунда айып жоқ, Әмирханнан келген бәле бул!!! Усыннан өмиринше қан жылатпасам, әкемниң өшин алмасам, өзимниң кегимди қайтармасам, қыршынымнан кетейин! Жылама кеўилим, жылама, жыласам жигерим жасып кетеди!..

Ертеңине түс аўа бергенде әйўанда қамыр ийлеп отырған анасы қызының «ияя!» деген ащы даўысынан шоршынып, қолының қамырын сүртпестен ишки өжирege сүңгигенинде өзинен өзи аяғын басынан асыра ырғып, биресе қолларын жедел менен жигерлене сермеп болып өтип атырған Бийбирабаға көзи түсти.

— Бүйтип не жаздың, қызым-аў, қыз бала қусап, есилген жипектей болсаң-оо!..

— Мен қыз бала емеспен, апа-а! Бул, бир...

Ҳаял қызының қытығына тийгенин билип, бирер сөз бенен кеўил жубатпақшы еди, қызы аўызын аштырмады:

—...Екиншиден, мен асылып өлетуғын ақмақлардан емеспен, мени аңлымай-ақ қой, апа-аўў!..

— Қуданың қылғанына қайыл бол, қызым, заманың сондай!..

— Қуданың қылғанына қайыл болмайман!!! — Қыз бақырып жиберди. — Сен айтқандай «жаманның өзи қудайдан» таппайды, оны қудайдан өзим, таптыраман!..

— Әси болма, қызым...—Анасы артын айта алмай жылап жиберди. — Заң бар, зәкүн бар, өзи бир жағына шығар...

Қызы жинлидей шақалақлап өзиниң санына өзи

шаппатлап күлди. «Мен жыласам бул күледи-аў! Усының мийи бузылған жоқпекен?!.» деген қаўетер менен аңырайып қалған анасына саўсақларын шошаңлатып, бир қолын бүйирине таяныўы менен:

— Заң—законы ислемеген, дурысырағы, заң-законы пулдан әззи келген ҳүкүўмет,—деп нықыртты.— Билесең бе, неге усайды, бул қырық қарақшының үйине усайды, бундай ҳүкүўметте мықлы болсаң күн көресең, соның ушын көзиңниң жасынан кетсин, садағам, жылама...

Анасын жубатып, арқасынан сыйпалап әйўанға шығарған ол диванға бойын таслады.

Ырғыған дүрсилди, «ияя!» лаған сестиң бирден тынып қалғаны «асылып өлмесинниң» дәрдесерлигинде қызын аңлый-аңлый жүрек шайды болған ананың кеўлине тағы ғулғыла салды, тағы ишке сүңгиди, қараса, қызы солқылдап жылап атыр. Тапқан ақылын айтты:

— Жылай ғой, қызым жылай ғой, ҳәсиретиң жеңилленеди...

— Жа-аққ!!!—Қыз басын диваннан жулып алғандай силкинип тикейди де шаңқ етти:—Жақ жыламайман!... —Көзиниң жасын суқ бармақларының сырты менен сыпырып отырып күлди. Оның күлки аралас ғәзеп шатынаған көзлериниң шықлары қуяш пенен шағылысқан қара гүлге меңзеди.—Әмирханның баласы сейилге шақырса барайын ба, ҳимм, барайын ба?!

— Бар қызым, бар! Көрингенге күлки болғаннан өзине тийип алғаның абзал!...

— Ўаҳа-ҳаҳа, ўаҳаҳаҳа-а-а... уўўў—ўаҳаҳаҳааа...

## 35

Анасының күнде жер тоқпақлап қарғанып мыжый бериўи, шымшый бериўи анадан кем ақыллаў болып туўылған Турсынның бар ақылын да жеп қойды ма, не қылды, қыз соңғы бир-еки күн ишинде бурынғыдан да әўмерленди. Жыламайды да, күлмейди де, «отыр» деген жеринде тас мүсиндей сылт етпестен бир күн отырыўға бар, анаў-мынаў гәплерди еситпей де қалатуғын қусаған, анасы: «Турсын, бармысаң?» десе де үндемеди, ақыры: «Ҳа қатын, бармысаң?!!!» деп бақырды Нәзигүл.

— Барман-ғо.

— Бар болсаң чай қайнат!

Чайды қайнатып әкелип, бурынғыша анасының алдына шәйнекти қойды. Ҳаял шайын қайтарды, әкеси ярым буханка нанды қолтығына қысып турып, сау қолы менен кесе алмай ҳәлекленип атты, «өзим кесейин», дей коймады. Нурлепес өлдим азарда ортаға кесип қойған онлаған тилим наннан да аўзына қызы шертип салмады, байғус әкеси: «наннан жесеңо қызым!» десе де аңырайып отыра берди.

Бул сахна азанда тағы тәкирарланды. Бирақ енди дәстурханға туўрарлық нан жоқ еди. Деген менен, бурынғы дағдысына садық Турсын дәстурханды жайды. Әкесине бир буханка нан әкелиўи ушын жигирма тийин керек еди, тинтпеген қалтасы қалмады, лийкин жигирма тийин шықпады, алпыс манат пенсияның келетуғын ўақтына, болса еле бес күн бар. Әне, усы азанда-ақ ҳәр күни Әмирханның үйинен Турсын алып келетуғын қалған-қутқанның қәдири өтти. Лийкин, анасы да, әкеси де қызын қайтып, Әмирхандикине изеп бастыра жақ емес. Кеше азанда сол үйге қарай маңғурланып кетип баратырған Турсынын Нурлепес жары жолдан қайтарып, анасының қолына услатты, анасы қызының шымшымаған жерин қойған жоқ. Соннан қорқты ма, бүгин ояққа бетлемеди.

Анасы бос дәстурханды сыйпалап атырғанда қызы сыпырылып әйўанға шықты. Анасы бақыра жақ еди, шықырлыдан қызының шийше жуўып отырғанын билди де бақырмады ҳәм Турсынның бул құрақым ақылының барлығына да шүкир етти.

Нөкербайдан қалған бес шийшени торға салып, әкесиниң қолына үнсиз услатты ҳәм ғарры есиктен шығып баратырғанда:

— Шийше жигирма тийин болды аға — деп ескертип қалды. Қызының бул баҳаны қайдан билип жүргенине ғарры таңланды, себеби Нурлепес Әмирханның ҳаялының ўақты-ўақты Турсынға шийше саттыратуғынынан бийхабар еди.

Оның жағдайына түсинди ме, «Көк дүкандағы» тиллә тисли жүзине сулыў қыздың сүўретин салған сулыў емес дүканшы шийшесин алды, бирақ бес буханка нан таўып бере алмады, мүйешин түни менен тышқан кемирген, соңлықтан-ҳәм журт алмай кеткен ең соңғы еки буханка ғана нан буйырды буған. «Нан енди келеди, булар кешегиден қалған жаман нан» дегенине «Нанның жаманы бар ма?! Бере бер!..» деп тоңқылданыўы ме-

нен дуканнан шығып еди, үйине келсе Турсын тағы жоқ!

— Турсын қайда?!

— Бар емес пе, қара жән-жақты!..

Қарады, қарады, жоқ, «Ақ тубаға» барды, жоқ. Қызкеткенди жағалап, ақ қумнан жаңа из қыдырып көрди, из де, қыз да жоқ.

— Жоқ па?!

— Жоқ!

— Әмирхандикине тағы кеткен болмасын?!..

Бақырыў, кейиў Нурлепестиң қыялына да келмеди, Әмирханның есигиниң аўызын сыпырып жүрген қызының төбесин көрип, тирилигин билгениниң өзинде-ақ қуўанышында шек—шегара болса қәне! Үйдиң ийелери жоқ, есиклери қулыплы, күндеги дағдысы бойынша сыпырып атырса керек.

— Жүр қызым, нан әкелдим, айналайын, жүр! — Сипсени қолынан алып былай зыңғытты. — Енди ер жетип қалдың, ийбе сақла, керексиз жерге шақырмаса да келе берме...

— Келмесем болмайды...

— Неге-е, қызым?!

— Усы үйдиң ҳаялыман, Әмирхан ағамның өзи айтты.

— Ойнап айтқан ол, қызым. Кишең еситсе өкпелейди-ғо!

— Жа-ақ!—Қыз мақтаныш пенен бахтына ыразылық кейпинде жағын жайлаўына жиберип күлди. — Кишем өкпелемейди, «Әмирхан ағаң екеўимизге де болады, екеўимиз де ҳаялымыз» деп, кишемниң өзи айтты...

— Гәпти қой, жүр қызым, жүр.

Қызын жас баладай қолынан жетеп үйине алып кетти.

## 36

Қасында бир супысы менен Қариймолла пәтияға келип, бийғам отырған Нурлепеслердиң үй ишин пүткиллей албыратып таслады. Сол күни қызы менен Нәзигүл кир жуўыўды ерте баслап, Нурлепестиң бүрге пүркип кеткен ақ дамбалларының ышқырларын салбыратып сыртқа тартылған сымға жайып, көйлек-кеншеклерине жаңа сабын сүрте баслап еди, булар кирип келди. Сыртта жуўғанда да болатуғын кирди тап сол күни

иште жууўып, әйўанның ҳаўасы сабынның ийиси, газде қайнап турған шелектиң пууўы менен моншаның ҳаўасындай жәп-жаман ҳәм жағымсыз еди. Буның үстине қублаға қараған айналардың шөлмеги сынған көзлеринен ҳүўлеген самал менен Ақ тубаның бәд ийиси кирип, үй ийелериниң ети өлип кеткени менен сырттан келген дуўпиязлардың жүрегин айнытарлық дәрежеде.

Араб еллеринде узақ сапарда болып, саҳараның, теңиздиң таза самалларына бираз үйренисип қалған Кәриймолла шынында бул үйден кеткенинше асықты. Бирақ бул усындай шаңарақлардан тез турып кетиўди тәкаббирлық, әсийлик санайтуғын адам ғой, супысы шыдамаған сасыққа да бул шыдап бағып:

— Баяғылар Туркияға барғанымда аўҳалы оғада нашар еди, ҳәзир рәўәжланып кетипти! Самаллары да тап-таза, уры-ғар, арақхорлық, парахорлық жоқ. Енди ояқлардың таза самаллары буяқларға да жетсе тәәжүп емес, жаңа патшамыз ҳәр кимниң динине ықтыярды да берип жиберди, солай емес пе Көбейсин мақсум!—деп, супысының кеўилин мынаў ийисти ойлай бериўден, ойлай бергенликтен тиксине бериўден алағада қылып отырды. Нурлепес самал-памалына онша түсине қоймады, келининиң бети берман қарап киятырған хабарын еситип қуўанды. Кәриймолла көп отырмады: «Кирип шығатуғын жерлерим көп еди, ҳүзир,..» деп, кеширим сорап, кетип қалды.

Сол күн бул үйдегилер ушын жүдә бир қонақлы күн болды. Түс аўа бергенде түңликтен дүрс етип түскендей Нөкер Ниязович пенен Сийсен Елмуратыш төрде қыйрап атты, қолтықларында қурақлы дастық, дәстурхан толы шоколад, печенье, колбаса, базардың бар ҳөнерин көрсетип жапқан наны, әттең, арағын шығарайын десе бул үйге қара түсип қалғаны шатақ болып тур, бул суўық хабарды олар дәстурханға жайласып отырған соң Нурлепестиң өзи айтты. Арақхорлыққа республика «чемпионларынан» саналғаны менен мүсийбеттиң аты мүсийбет, булар да аҳласты-ҳуҳлести, аят оқыды, кеўил айтысты, тым-тырыс қалысты. Лийкин, Нөкер Ниязовичтың портфели толы портвейин Нөкерден де бетер Сийсен Елмуратыштың аңсарын аўдарып, берекетин қашырып отыр-дә! Алдындағы шай, нан, колбаса, нуқылы ериклер сирә ғана ықласын тартпайды-аў, сирә ғана! Оған бир нәрсе жетиспей тур, бир нәрсе, ол нәрсе де портфельде тур ғой, пайдасы не, азалы үйде ишиў уят!

«Өлимнен уят күшли», лийкин «уяттан-ҳәм арақ күшли!» деп дүзетип қойды өзинше! Сийсен Елмуратыш. Нөкер Ниязович болса бар дыққатын газетаға, ондағы СССР Прокурорлығынан келип, бундағы нәҳәнлердиң бети-жүзине, ҳамал-памалына, орден-порденине қарамастан қырғыйдай тийисип, ҳәммесин қырғыйдан қашып сейисхананың жарығына тығылған шымшықтай етип атырған Гдлян ҳаққында мақалаға аўдарғысы келсе де мийи, ақыл-ойы портфельдеги портвейнге аўылжып кете береди, лийкин, усы үйден енди қалай қашып қутылыўға болады. Сийсен он манатқа алып келген еки кило гөшиниң бәрин қазанға салдырып жиберди. Арағы болмаса сорпада, гөште не ҳәз, не пайыз бар, ешейин бир аўхаттә!

Өмиринде ислемеген кәрди ислеп, екеўи де шыррыйысып кийинип алыпты. Екеўиниң үстиндеги де кеше я бүгин дүканнан алынып кийген ақ көйлек, қара костюм, қара «Ферғана» туфлийи, екеўиниң носкийи де, галстуклары да, қолына таққан саатлары да бир қыйлы. Пайқас еткен серли адам булардың бәри бир күнде, бир дүканнан алынып, бир ўақытта кийилгенин серлеўи итимал, өмирин папаланлық пенен епеленлеп өткерген Нурлепеске ондай серлилик қайда! «Бунша малынып кийингендей молшылыққа дуўшар бола қойыпты-аў, қудай көпсинбесин, арақты да қойған шығар, қойса қоя қойсын. пақырлар!» дегеннен басқа ой онда болған жоқ. Усы ўақытта «Нурлепести жүдә таңландырайын», деди ме, Нөкер Ниязович бешбентиниң қойын қалтасынан банктен ҳәзир шыққандай «мөри» бузылмаған, қыры сынбаған шылт жаңа қызыл онлықтың дәстесин:

— Жылысып түсип қалар-аў усы! — деп гүбирленди де ҳәммеге көз етип шалбарының қалтасынан көширип қойды ҳәм: — Мине, Нәзигүл, бизден сарқыт,—деди бөлек жүрген төрт жигирма бесликти соқта таслағандай ҳаялдың алдына таслап. Тап усы ҳәрекеттиң бәрин Сийсен Елмуратыш та тәкирарлады.

— Ҳаў-ҳаў! Бул қалай болғаны?! Алып қойың, өзлериңизге керек болады еле!..

— Жә-жаақ, — Нөкер Ниязович ҳәрреден қорынғандай қолларын көзиниң алдында ербеңлетти. —Намазға айттырғаныңызда да, бәри бир, әкелетуғын едик, Нурқасым деген өз инимиз еди..

— Ҳаў, сизлердиң бир, үйленип үйли болыў нийетиңиз жоқ па, гизнесеңизго мусылманлар-аў!

— Бизлер биротала ҳүрдиң қызын қушпақшымыз енди! — деп ыржыйды Турсынға қарап Нөкер. — Жүремиз бе соо ким болса соған үйленип, солай ма Сийсен Елмураты-ышш!

— Ҳаўўа-дә!!!

— О қояқта екен?! — Нәзигүл шыны менен-ақ таңланды.

— Соны да билмейсизлер ме-әй, түўе! О дүньядадаә, ялғаншының ҳаяллары-ҳәм ялғаншы! Бизлердиң буған «Қырқ қалада» Ийримовтың жигирма гектарлық тирийек плантациясында тирийек тилип жүргенде көзимиз жетти. Ийримов деген, Ийримов дегенше Ийримов еди-ә енеғар! Нағыз ийримнен туўылған Ийримниң төли! Пул дегенди ийримдей тартады-ә, тирийекти оннан бетер! Өзи райкомпартияның секретары, өзи бизиң мынаў Өтеп томпақтай орыс ийттен айнымаған-аў! Әне, сол он алты, он жети жасар қызлар менен келеди-ә қосымызға, вертолет пенен келеди-ә! Әне, сонда бизлер көрдик бул дүньяның нашарларының ҳәм, райкомларының ҳәм ялғаншы екенин! Бизге не, пул берсе болды, көкнары түўе табанын тилип берейик-ә!..

— Онда оғада жақсы райком екен! — Нурлепес ҳәўесленди.—Бизиң жақтың горкомларыға үйме-үй милийса жиберип, атызларын тексерип, қылтыйған көкнар, ҳәтте көкнарға усаған шөп қалдырмай жулғызып жүрә, көкнардай болып мойының жулынғырлар! Жәлимбет соған шыдамай өлип кетти. Мениң де шамалы пахалым бар еди, соны кеппе қылып оңысып отырман. Ол таўысылған соң, билмедим, ҳалымның қалай кешерин! Ҳәзир базарда қадағы еки юз манатқа шықты, мениң бес айлық пенсиям! Сондай дарханлық болса көшер едик Ийримовтың сорамына!..

— Кереги жо-оқ! — Сийсен үмитсизлик пенен қолын силтеди. — Ийримов қашша-ан қамалып кетти, көкнар атызлары сүрилди. Сөйтпегенде биз буяққа дарыймыз ба! Ол бир патшалық заман еди ғой бизлер ушын! Ол күнлерди бизге қудай көп көрди. Ийримов сыймады мынаў тар пешанамызға. Мынаў қайта қурыў дегени ҳәтте моллаларға шекем дарханлық берсе де биз қусаған алқашларға, сиз қусаған нәшебентлерге қайта қурыў емес, мықлап қырыў бола жақ, көкнарды қоя алмасаң өлип кете бересең, арақты қоя алмасаң, арақ пул ушын ҳақлайсаң, басқа иләжы жоқ буның. Бурынлары да тәуир еди, шәшме арзан, көше-гөйден шийше жый-

нап апарсаң да қойыныңа биреўин тығып кете бересең, азмаз горлышкадан болса да қағып жиберсең, көзиң шайдай ашыла қояды, өзиң сергекленип, кеўилиң ҳалласлап, қуўанып сала бересең, мийиң ислейди. Енди қымбат, журт шийшесин де тасламайтуғын болды. Грузия, Арменстан жақлардағы вино исленетуғын жүзим бағларды да Ийримовтың көкнар плантациясындай пытырлатып жулып таслаған, жаўызлар! Оннан соң қымбатламаай не қылады, самогон ислесек те судланады екенбиз! Тюрьмада вино беретуғын болса өзлеримиз-ақ сотлана қояр едик-аў, вино бермейтуғыны шатақ! Баяғы Турдыбай шайыр деген шағлаған жигит еди, қамақта винонық қумарына шыдамай-ақ өлип кетти деп еситтим биреўден. Енди мынаў қалтадағы пул түўесилсе бизлердиң аўҳалымыз шатақ!...

— Енди қойыңлар арақты, жасларыңыз да алпысқа шамаласты. Екеўиңиз биригип бир жай алың, үйлениң!..

— Пай-пай, Нәзигүл деймен-аў! — Нөкер басын шайқады. — Түсинип отырып-ақ өртей бересең-аў! Үйленгендей шама болғанда қашшан үйленетуғын едик, бул, бир, екеншиден бизге жайдың кереги жоқ, ярыдос саў болсын де оннанша! Мәселемкиден, мениң анаў қалтамдағы, — Жүктиң үстине шешип қойған бешбентин ийеги менен нусқады. — Үш жүз алпыс танысымның аты, макан жайы жазылған, сол үш жүз алпысы саў болсын! Күни менен қаңғыраман, кеште ҳәр күни биреўиниң үйине бараман. Бир жылда неше күн бар!— Үш жүз алпы-ыс! Жылына бир қондырады қай-қайсысыда, сонда мен қай бала-шағам ушын там салып, дүнья жыйнайман! Оннанша «беш күним хош күним!» Ал енди, Нуреке, сизлер—ҳәм баяғылары орда басып, бир жерлерде жазылысып дағысатуғын едиңиз ғой, солай ма Сийсен, урқанатынды ушыра бермей мақуллап отырсаңә, мен саған жағатуғын гәп айта жақпан!..

— Ҳә, сөйтсе, ақыры!

— Сени айтар ма екен деп едим, ақыры өзиме айттырдың, шыдамлы екенсең, мақаў! Биз енди, Нуреке, азмаз кейип ете қояйық деп, азмаз шийше-пийшемизди де алып келип едик, бул үйде бундай қайғы барын ҳасла билсек-аў! Соның ушын бул жерге алып келгенимизди айыпқа санамаң!..

— Жә-жәә, билмеген уў ишеди!..

— Сол уўды Тәңирберген Шаббазовтикине барып

таттырып келмесем, мынаў Сийсен өле жақ! Бирақ усы манға келип жатамыз, бул жерде арақ ишип көпирип отырсақ бул мусылманшылыққа да, адамгершиликке де жатпа-ас, ааа Нурқасым деген қандай инимиз еди... Тур Сийсен, не бәле, үйелеп қалдың ба?!.

— Я-аақ, мен бүгин сол нәрсени қоя жақпан...

— Онда жүдә бәрәкәллә! Мен портфелим менен бараман да Шаббазовтың пәтиясын алып қайтаман. Айтпақшы, ол еле өлген жоқ па, — Бирден Нурлепеске жалт қарады.—Газеттен Тәңирберген Шаббазов дегенниң өлгенине кеўил айтыўды оқып едим, атын алжасып жазған емес пе?!

— Қудай сақлағай!Тәңирбергенниң еле сол жүриси. Бирақ жақында инилери ме, балалары ма, пушық Жуман менен түйе таўық урлап киятырғанда тутылып, бир милийсаласып жүрди, изи не болғанын билмедим!..

— *Ўай-бооой!* — Сийсен шоршып түсти. — Онда барып хабар алмасақ болмайды екен,—деп орнынан турып атырғанда Нөкер ыйығынан басты:

— Отыра бе-ер, хабарын өзим айтып келемен!..

— Жинлимисең өзиң! Усы үйге келип, хабар алмай кеткенимди сеннен еситсе маған өкпелейдиғо! Мениң де үш жүз алпыс танысымның бири ақыры!..

Олар портвейн толы үлкен портфельди көтерип келгенинде Тәңирберген Шаббазов жумысты тәлли-пәлли менен өткизип келип, өзиниң усташылық исине қунт пенен кирисе жақ болып атыр еди, сонлықтан да:

— Пай, сизлер-әм келетуғын ўақытты табасызлараў! — деп қыйналды. — Мени не, сонша шымшырқадай бала-шағаны муғаллимшиликтиң тоқсан манаты менен бағып отыр дейсиз бе?! Қүни ертеңги базарға бир италияный айна шығармасам оңысығым қарап!..

— Әй, онда мейлиң! Сонша ай көриспей бир келгенде сеники не наз! Бес-алты шийше портвейнимиз бар еди, бир татыса қойсын десек буныки не! Жүр Сийсен, усы ғәрежетимизди көре киргизбек түўе Өтеп томпақ жылап жиберсин-әә!..

Мектеп жақта қанша телмеңлесе де я завхоздан я мийнет муғаллиминен түстен кейин шық тамыза алмай гүдерди үзип, руўхы түсип келген Тәңирберген:

— Ҳәй,-ҳәй, ойынды көтермейсиз бе?! Сизлерди қуўатуғын мен бе, портвейни менен келген мийманды қуўатуғын жинли еле туўылған жоқ! — деп, ырсаңлап күлийи менен алдыларына қулашын жайып турды да

тәңирдиң зарын етип, сырттағы сыпаға отырғызды. Жасы алпысқа шамаласса да адамның араққа мықлысы да, иштейлиси де усы Тәңирберген.

— Өйтип, өз абыройымды өзим төкпеймен! Мен институтта Қонысбай менен деканның туалетин соғып жүргенимде профессор Айымбетов бизди «Нөкис пяншиклериниң маршалы!» деп мақтаған. Жақ-жақ, жигитлер, мен оны өтирикши қылып, маршал атыма дақ түсире алмайман! — деп жүрип, атыздан помидор алып келди, салат тууради, нан кести.

Күн бата бергенде булар бирине бири герендей бақыра сөйлесип, келди-келмеди уаҳаҳаласып атырғанда не қыйлы сөзлер кетпеди дейсең:

— Олла, биллә! Әмирхан Нурлепестиң не законный күйеў баласы-ы! Турсын қарындасың деген қашшааан... Турсының түўе Нәзигүлиңди-әм блокнотындағы есаптан өткерди!... — деп бақырды Тәңирберген.

— Тап, мен усыны барып сорайман! — Нөкер Ниязович пәтленди. — Егер айтқаның жалған болса маңлайыңның жигине балта менен ғырш еттиремен!

— Ырас болса бар ғой, мен ғырш еттиремен бул дүньяда ашылмаған маңлайыңның жигине!..

Мәселе буннан да асқына бериўи, үшеўи отырған жерлеринен өрре—өрре турысып (тура алса-дә әлбетте) Нурлепестикине жуўырыса алса жуўырысыўы мүмкин еди, Тәңирбергенниң әлеп нөкистеги қудағайы еки ҳаял менен келип қалды да, қудасының көзин шайдай ашып, мәслигинен сейилтип жиберди. Оның өзине келген геллеси мынаў еки алкаштан абырай барда қутылмаса түнде бул екеўи уйқысырап жүрип, қудағай, қудашаларды шаўлатып алып, бийабырай етиўи мүмкин екенлигин ойлап алды:

— Ал енди, жигитлер, бизди әпиў етиң, қудағайлардың хызметинде боламыз...

— Ҳаў, биз-әм боламыз, таўық-паўығың болса қуўаласайық!..

— Мен пәрин жулып берейин,—деди Сийсен ырасы менен.

— Жақ, жақ, бол-май-дыыы! — деп екшеди Тәңирберген. — Гәптиң қысқасы, виноңыз түўесилген болса үйди босатың, қатынның да дүканнан келетуғын ўақты болды...

— Айтбақшы, қурдас растраттан аман ба?!

— Не қылайын деп един, төлей жақпен?!

— Ҳа төлесек төлей қоямыздә! Мине, ақша деген! — Нөкер қалтасынан бир дәсте онлықты суўырып көрсетти де, қалтасына қайта тықты. — Байлық мәңгилик емес, сонша миллионы менен Ийримов қайда жатыр?!

— Мениң түрим суғанақ болғаны менен өзим суғанақ емеспен. Суғанақ болғанымда шырданыңызды қағып қалыў ушын-ақ қондырған болар едим. Ал енди, жоралар, сонша пулыңыз бенен мен сизлерди бул үйде сақлап турыўға қорқаман! Балаларым гештекке түйе таўық урлап, еки мың манат парасы менен кеше құтқарып алдым, соның ушын қәне, қайқайың!..

— Ҳаў, вино бар-ғоо!..

— Өтеп томпақтикине барып ишиң, ол ВПШны питкерген партийный қораз, партийный қоразлар урлық ислемейди...

— Урылардың атаманы солар болса ма!..

— Қәне, гәпти қысқарт, Нөкербай! Шығамысаң, жоқ па! — Тәңирберген пянь болғандағы әдетине гөре он саўсағы менен бирден шашын артына өрлеп, орынынан турып кетти де екеўиниң де туфлийлерин тентиреклеп жүрип, туўрылап қойды. — Ал енди, тез кетпесеңиз мен туфлийларыңызды шеңгелликтиң арасына зыңғытаман да изиңизден балта алып қуўаман! Сөйтип, сизлердиң бар-ғоо, саатына неше километр тезлик пенен қашатуғыныңызды тәжирийбе менен анықлайман, сөйтейин бе, кетесиз бе! Ийтти босатып жиберсем де сизлерди Ақ тубаға я Қызкеткенге түсирип қайтады, ийтти қамайтуғын зәкон жоқ, әй сөйте қояйын!..

Тәңирберген шертектен шығыўдан ийттен өлердей қорқатуғын Сийсен басқы тапты да, анадайда пыллыйып атырған портфельге жабысты:

— «Бас саўға батыр, бас саўға!» Бул ыраслай жақ, жүр, қашайық.

Екеўи бирден туфлиларын оңлы-шепли кийип сипселиктиң арасы менен қашып баратырып бақырды:

— Ҳә оңбаған хожа-а! Ийтиңди босатпай қойып тур, кетип алайық!..

Былай шыққаннан соң портфельди қарманып, Сийсен қуўаныш пенен даўыслады:

— Бай-баай, еле мынаның ишинде төрт шийше бар-ғо, Өтепдикине ме?

— Оны шерик етип не қыламыз, Нурекеңдикине тарт!

— Оныкинде ише алмаймыз-ғо!...

— Сыртқа қойып кет, кирип-шығып жүрип ише беремиз!..

Үйдиң ишиндегилер аўхатларын жеп болып буларға пай қойған екен. Турсын салып әкелип берди.

— Бир нәрсе жетиспей тур, — деди Сийсен ҳәм турып кетип, бир шийше виносын алып келип еки кеса сорады. Нәзигүлдиң жети жини әне сонда-ақ тырысып еди, соның қурысы басылмай атырғанда:

— Нәзигү-үл, — деди Нөкер бир кесаны саңқ қойған соң аўызын сыпырып атырып. — Күйеў қутлы болсын! Үйиңизде аза болғаны қалай, Турсынды Әмирханға бергениңиз қалай?!

— Ғаррылаў демесең орынлы жер-ғо!..

— Не деп былшылдап отырсызлар өзлериңиз?!

— Ҳимм, өтирик пе? Турсынды қашшан Әмирхан үйине киргизипти-ғоо!..

Маңлайына ушып киятырған лаўабы кесадан Нөкер Ниязович буғып аман қалды, кеса дийўалға тийип шылпәрше болды да, отырғанлар өрре-өрре турысты, пянь гелле менен аяқларын шешпей отырғаны усы сапары оларға пайда берди, болмаса кәттиң астынан Турсын суўырған балта Тәңирбергенниң балтасындай өткир болмағаны менен шүйдеси менен-ақ бул екеўиниң басларын ғарбыздай жарып таслаўға жарайтуғын еди.

Олар сол қашыўдан насосқа жақынлағанда еслерин зорға жыйысты да, Нөкербайдың биринши сорағаны портфель болды.

— Оны өлмей умытаман ба?! Тапқан екенсең умытатуғын затты! Өтепдикине тартамыз ба?!

— Так-ак, үшеўи қалды, оған Өтеп томпақты шерик етип не қыламыз! Насосшының қосына тарт!!!

Ай жақты еди, шыра болмаса да шертектиң астында биреў биреўди емин-еркин көре бересең. Каналдан дымқыл ҳаўа келеди, олар дымқыл-дымқыл емеслигин сезген жоқ. Насосшының ҳәтте серппели де емес, оннан бурынғы-қырқыншы жыллары шыққан еки адамлық темир кәтин сыйпаламай-ақ таўып отырысты. Қызкеткенниң суўы ултанға түсип, әлле қашшан насос тоқтап қалған болса да насосшы кәтиндеги жаман кийиз, маймай пахта көпшигин, гөне гүписин алып кетпепти, оларға бул шеп болған жоқ, кеса излеп те ҳәлекленбеди, несине излейди, жоқ екенин биледи ғой! Кеса болғанда да айдың жақтысында «горлышкадан ишкен жақсы,

сыйпалап, кесанды таба алмай отырмайсаң!.. Кесаның сыртына кетти ме деп атпайсаң!..»

Екеўи еки шийшениң «қалпағын» шешип, ўақты-ўақты жутып ўақты-ўақты ғаңғыр-гүңгир, ўақты-ўақты қатты-қатты сөйлесип атты:

— Бизлер-әм Бердәмбеттей болып өлемиз бе?!

— Жа-ақ, бизлер пянь болып атып өлемиз! Усы Нурекеңниң гәпи дурыс па, ырас-ақ Бердәмбет аға жайын бизлерге қалдырдымекен?!

— Нурлепес өтирик айтпайды ырас! — деди қуўанғанынан даўысын көтерип Нөкербай. — Пай-пай-пай, неге Нурекеңдикинен шығып, прямо мийрасқа қалған жайымызға тартпадық!..

— Еле де тартайық-дә!..

— Жа-ақ, онда айықтырыўшыларға тутыламыз, буны ишпей турып ис қылғанымызда болатуғын еди, бул, бир, екиншиден, бунық хатлық-қәлемлик иси бар шығар еле, үшиншиден, енди менде ол жайға жеткендей шама қалмады, қәне, ҳинд қосығын айтып жибер!..

Үлкен жақтан Нөкиске «гастролға» келип, анаў «Ташкент» мийманханасында болып атырған, ҳәзир түнги талапта екеўи көпирдиң еки басын гүзетип турған еки қарақшының ғаррылаўы анаў баста турған жаслаўын қасына ысқырып шақырып алды:

— Еситип турмысаң, мынаў улысып атырғанлар ийтлер ме, адам ба?!

— Адам!..

— Не деп улысып атыр, қулағың меникиндей шала саңыраў емес, ийттиң улығанына усайды ғой, «адам» дейин десем, «уў-уўў-уўў»! Ийт болмасын тағы?!

— Жақ, адам! Булар ҳиндлердиң «Гезенде» кинофильминен Радждың қосығын айтып атыр анаңқара:

«Аварагуў, уўў-уў-уўў-уў!..

Тарагуў, уўўў-уў-уў-уўў!..»

— Онда бизлер қатарлы адам екен,—деди ғаррылаўы. — Бала күнимизде бул қосықты бизлер-ҳәм айтқанбыз, пянь ба?

— Пянь. Барамыз ба?!

— Қойып тур, әбден сести шықпай қалсын. Соған шекем жақынлаңқырап барып аңлыймыз қудай бережақ өзи! Кетти-ик!

Олар Қызкеткенниң тик жарының түби менен буққы тасламай-ақ жетти насостың тусына. Қосық тап бир, булардың келгенин көрип қойғандай, пышақ кести ты-

йылды, қарақшылар да бир нәрседен сәтем алғандай, лаппа тоқтасып, қулақ түрди. Қосықтың изи қара сөзге дөнди.

— Бул дүньядан ишсең-ҳәм өтесең, Сийсең, ишпесең-ҳәм. Бул дүньядан ишкениң-жегениң өзиңдики. Мен ғой, атеистпен, сонда да баяғы тийе берсин Бәрзүў айта беретуғын еди, бендеси дүньяға шыққанда «ураман, жығаман, әззиден жулып аламан!» деп, анасының қурсағынан мушын түйип түседи екен-дә, дүньядан кетеринде: «мынаңқараң, алып баратырған ҳеш нәрсем жоқ, дүньяники дүньяда қалды!» деп, алақанын жайып кетеди екен! Бизиң Бердәмбет аға да сөйтип кетти-аў, ўах-ўахх! — деп жылап жиберди усыны айтқан даўыс. Тағы бир даўыс:

— Өмири бойы «коммунизм қураман» деп жуўырдыжортты, «Социализм ушын урыңлар!» деп урды моллаийшанды, урды! Ақыбетинде не қылды, ийманын үйрететуғын молла да болмаған шығар сол Бердәмбет ағаның, я қурған коммунизми жоқ! Ҳаў, еле социализм қурдық дегени де өтирик екен-ғоо!.. Не қылдың, Нөкер, уйқылап қалдың ба?.. Әй, уйқыласаң уйқылайғой!.. Мынаў, қолындағы шийшеси төгилер-аў, былай, алып қояйынш!.. Ҳимм, портфельде тағы бир портвейин, ол— азанға-а!... Аварагуў, а-а-а-ааааа!... Тарагуўўў!.. Нөкер! Ҳа Нөкер! Ҳей, аварагуў, турсаң-әә!.. Аварагүў, а-аа-а, тарагүўўўўўў!... Ўай-ў-аай, неғып қойдық, ким етип шығардың мени, жәмийеееeет!!! Аварагүўўў!!!. Ҳа, усындай етип шығардың-шығардың, шортсным, шығарсаң шығара ғой, ҳаў, арағыңды қымбатлатпасаң бой ма!.. Әй, ол да шортсным, қымбатласа қымбатласын, ҳа дуканда турса бой ма-ааа, қалай аламан саўдагерден шийшесин отыз бестен!.. Уҳҳ, тарагүўў, аварагүўўў, уўўў!.

Гә ийттиң, гә қасқырдың, гә шағалдың улуўына усап кете беретуғын бул даўыс Ақ туба қурбақаларының ўарқылдысына, қосылып, биразға шекем тынбай еситилип турдыдағы, соң даўыс уяңлап-уяңлап, бирден еситилмей қалды...

Түси ме оңы ма, билмейди, «түсим» дейин десе оңындай: биреў муздай қолын қолтығына тығып қытықлап атыр, күлейин десе аўызы ашылмайды, даўысы шықпайды, күлмейин десе, күлкиси келип баратыр, «оңым» дейин десе, түсиндей, себеби, усындай бастырынатуғын, я қаша алмай, я қуўа алмай аяқ-қолың ләң-

ленсе де мийи лəңленетуғын пурсатлар түсинде көп болатуғын, қалай да Сийсен жардан қулап баратырып, жаўырыны жерге тийгенде қатты бақырды ҳəм өз даўысынан өзи шоршып оянды да: «ырасында да түсим екен!» деген ой менен көзин мөлийтип қараса аспан емес, шертектиң үстине басылған қамыс плита көринеди, қолын былайтып ербеңлете бергени муздай шийшеге тийди, шалқасына жатқан күйин бузбастан басын бурып қараса кəттиң туяғы, өзи услап атырған шийше көзине түсти. Шийшени сол жатысын бузбастан көзиниң алдына əкелип көрди, ишинде бир нəрсе бар қусаған, астынан өткен ызғар тоңдырды ма, ийеги сақылдап, дизесин баўырына тартып, түргеп отырды ҳəм бүкшийип усы отырысы оны еки дизеси қулағынан асқан мəстан мамаға усатып жиберди. Өзиниң көзине өзи исенбеди: «Вытрезвительде портвейн неғып жүр?» Қулағының тусында шайқап көрди сыңғырлайды, демек, ба-ар! Ийегин аспанға көтерди де шийшедегини тийисли жерине жеткерип таслады, əтирапына оннан соң қарады, көзине биринши түскени—майкашаң, трусийшең қунысып атырған Нөкер, оның астындағы насосшының маймай гөне кийизи, шыбықша көзгенекли темир кəти. Өзиниң усы кəттен жығылғанын жаңа билди ҳəм бул кəраның айықтырыўхана емеслигине оғада қуўанды да, тоңып баратырған бойын жылытыў ушын жəн-жағына қараса ҳеш қандай кийим-кеншектен нышан жоқ. «Əйй, бир жерлерге шешкенбизди-дə!» деген пəм менен кəтке турып отырды ҳəм Нөкердиң жамбасына шаппатлап оятты. Екеўи темир кəттен аяқларын салбыратысып отырысты, кəттиң темири тақымларын тоңдырып жиберди.

— Сийсенбисең, қайдамыз?!

— Насосшының шертеги.

— Қайдан келдик?!

— Нурлепестикинен шығар.

— Соникинде неге жата қоймадық?!

— Қайдам.

— Өлим! Кийимлер қайда?!

— Қайдам, өзим-ҳəм ҳəйранман. Түнде төсектен турып, шығып кеткен шығармыз.

— Неге шығып кеттик?!

— Қайдам.

— Қолыңдағы шийшеде бир жутым бар ма?!

— Қайдам, мә, өзиң көр! Жоқ қусай ма?!

Жоқлығын билип турып-ақ шийшени Нөкерге берди, Нөкер аўызына сырқып көрип, бос шийшени Қызкеткенге зыңғытып жиберди.

— Мен «вытрезвительде шығармыз» деп қорқып едим, жақсы буғурлым сыртта екенбиз!

— Буннан вытрезвитель жақсы еди, — деди дирилдек даўыс пенен Сийсен.— Мен «тоналдық па» деп турман. Я төсектен шығып кеттик пе?!

— Жа-ақ, кийимимиз бенен кеткен шығармыз...

— Яғә! Бешбентлеримиз жүктиң үстинде қалған шығар-аў! — Қалғанына гүманланса да өзиниң усы пикирине өзи исенгиси келе берди Сийсен.—Сениң пулың шалбарыңдамеди, кәстоныңдамеди?!

— Қайсысында болғанда не, екеўи де жоқ-ғо бәри бир! — деди Нөкербай алагеўгим қараңғылықта әтирапын шолып. Орынынан турды. — Жән-жақты көрейикши, қарап бир жерге қыстырдық па әлле!..

Насос шертектиң әтирапындағы қара таллар тинтилип шығылды. Жоқ. Көзлерине кийимлери, кийимдеги ҳеш жерге сыйдыра алмай шошаңлатып көрсетип жүрген жалындай бир дәсте қызыл онлығы елес-елес.

— Усыннан табылса ғәрипшиликти бир умыттырар едим саған! — дейди Сийсен Нөкербайға. Арақтың қумарынан-ақ ийегине қосыла иши қалтырай баслаған Нөкер:

— Ал енди, мениң изимнен қалма!—деди дирилдек даўыс пенен. — Жақты түспей кийимлеримизди таўып кийейик. Бул ўақлары трусишең жуўырған айып емес. Та-ак, әдеп Нурлепестикине кеттик!... Билип қоой, бизлер шынығып жүрмиз! — дейди изиндеги диңке димары қурып киятырған Сийсенге. — Анаңқара, Айтбайдың қызы Бийбираба да жуўырып жүр-ғо, нашар қурлым жоқпыз ба, шаққанлат ший балтырыңды!..

— Ҳәә, жарайсыз Нөкербай аға!—деп күлди шын кеўилден, тисин ағартып, қарсы келип қалған Бийбираба. — Аўылдың барлық ғаррысы да үсейтип шынығабергенде болады-ғо!..

— Басына түссе жуўырады-дә! — Сийсен өзинен өзи бүлкилдеп күлди.

Нурлепестиң «Социализм» типиндеги тырнақсыз, көримсиз жайының дизбе қапысын Нөкербай сабалай баслағанда Сийсен изинен келип, ентигин баса алмай тур-

ды: «Я алла, кийимлеримиз, пулларымыз усы үйде болғай-дә!..» деп гүбирленип атырғанында есик әдеп тықырлады, соң бирден ашылды да, қапының аржағынан Турсынның уўдар-дуўдар шашы, жылай-жылай исип кеткен қабағының астынан ғәзеп пенен шатынаған көзлери көрингени де сол, узын дәстели қалайы бақыраш Нөкербайдың тар маңлайына сақ ете қалды.

— Жит, буралқы ийт! Бузақы! — Қапы тарса жаўылды да илинди.

Ҳеш нәрсе сораў мүмкин болмай қалды, лийкин, кийимниң дәрегин сорамай кетиў де мүмкин емес.

— Абырай, бақыраштың қалайы болғаны! — деп пешанасын сыйпаўы менен кейин шегинди Нөкербай.— Қолы яманә пәтли екен бул жинлиниң. Шыны шәйнек пенен сөйтип урар болғанда бизге кийим-кеншектиң де, вино ушын пулдың да түкке кереги болмай қалатуғын еди, абыра-ай...

— Былай тур, — Сийсен қойдың маңырағанындай өлпең ҳәм сынық даўыслады: — Қарағым Турсы-ын, а-аш, ҳайй-налсын дейди әжағасы, а-аашшш!

Қапы жулқынып ашылды. Сийсенниң шөжениң көзиндей дөңгелек киши көзлери Турсын көтерген балтаның жарқылдаған жүзине түсип кеңейгени де сол, бир қараса жантақты жантақ, боянды боян, салманы салма демей ырғып-ырғып, буғып-буғып, шүйдеси шымлап-шымлап қашып баратыр екен, жойтқан жоғы да, араққа қумарлығы да, ҳәтте Нөкер деген адамның қасында болған-болмағаны, оған балтаның тийген-тиймегени, дым-дым-дым ғана есинде жоқ, қарайын десе қорқады, қарамайын десе изинен биреўдиң өкшелесе пысынап жуўырып киятырғанын кеўили сезеди. «Турсын емей ийт пе! Балта шүйдеме тиймесе еди!..» деген сайын шүйдеси шымм-шымммм... Соның арасында биреў тусынан «зуўў» етип озып кетти. Сийсен әдебинде «Меннен басқа да тыржалаңаш қашып баратқан биреў бар екен-аў!» деп таңланды ҳәм усы мәўритте күни кеше ғана екеўи универмагтан бирге алып, бир үйде бирге кийинип шыққан ақ лампаслы қызыл трусиди таныды. Жанында Нөкер Ниязовичтиң бары сонда есине түсти, ал изиндеги пысылды болса еситилмей қалды. Соның ушын-ҳәм адымын қойыўлатып болып, артына қарады. Туўў анадайда жалғыз аяқ соқпақ пенен Турсын үйине кетип баратыр, ийининде балтасы.

— Тап, қашып баратырып та сени ойлайман-ә, тиримисең әйтеўир?!

Нөкербай жуўап бермеди, Сийсенге оңдырмай оқырайып бир қарады да Тәңирбергенниң үйи жаққа асықты.

Түн жарпынан турып, сыртқа еки жүзлик лампаны жағып, бүгинги базарға айнасын питкерип салыў ушын өлип-өшип атырған Тәңирберген таң қашшан атып кетсе де шырасын өшириў есинде жоқ, ҳәзир ғана жонып питкерген жақлаўын мылтықтай гөзеп, дүзиў-қыйсықлығын усталық нәзер менен көрип атыр еди, тыржалаңаш еки сүлдер киятыр!

— Түриңиз бар болсын! Тағы да айықтырыўханаға түстиңиз бе?!

— Айықтырыўхананы айтады-аў бул, ол ҳайт пенен той ғой биз жолыққан масқарашылықтың қасында!..

— Ҳимм, не бәле болып қалды?!

— Көрмей турмысаң, тоналған қусаймыз!

— Не деп турсаң өзиң, Нөкербай?! Тоналғаның қалай, «қусаймызың» не?! Тоналған-тоналмағаныңды — ҳәм билмеймисең?!

— Билмеймиз ғой соны! Насосшының шертегинде тыржалаңаш жатыр екенбиз, тоңып ояндық. Әй, не болары болды енди, мынаў Сийсенниң иши қалтырап тур...

— Өзиң ғарқ шығарсаң!..

— Ўәлийсең өзиң! Мен де ғарқ емеспен, бир жутымың бар ма?!

— Сен қызықсаң-әй, Нөкер Ниязыш!—Тәңирберген шамырқанды. — Муғаллимшиликти ислеп көрдиң ғой өзиң, еле сол айлық, ал затлар болса бес-алты мәрте қымбатлап кетти! Сол бир айлық пенен қудай берген жети баланы кемалға келтиремен бе, Ташкентте оқып атырғанына жатақхана бермепти, оған ҳәр айда елли манат кирей пул жиберейин бе, мынаў үйге келип жатырған қудағайға көйлек пул таўаман ба, қайсы бирине боламан, шайы көйлектиң өзи үш жүз манатқа шықты деп еситемен! Ааал сизлер болсаңыз, қара басыңыз, сөйтип жүрип, меннен бир жутым тәме етесиз, я ермеклегиңиз келе ме мени?! Ермеклегенше «а қудай, тоба! Усындай заманда бала-шағалы етпегениңе шүкир!» деңиз! Бирақ, Нөкербай жора, жүзиңе айтаман, сен өзиң менен турмай мынаў Елмурат қатағанның баласы Сий-

сенди де қып-қызыл пияншық еттиң де тындың, ендиги жағында бул адамға бийғәрезлик бер, ақыры бул да қатын алсын, халық болсын!..

— Пәй-пәй-пәй-пәй! Соған ақылымыз жетпей жүрген шығар жудә! «Ешек жойтпағанның бәри ақыллы», түўе!—Нөкербай ашыўланды. — Есиң болса есигиңди ашып үйиңе киргиз...

— Ҳимм, тағы не қылайын?!

— Көрмей турмысаң не қылатуғыныңды! Етек жапқандай бирнеме бер!..

— Ҳимм, тағы не керек?! — Тәңирберген мырсылдап күлди. — Мынаў жақлаўдың қыры керек емес пе!— Брусты салмақлап турып сөйледи. — Үйде қудағайлар барын билесиз, неге келип турсыз?!! Я бассынасыз ба, усы турысыңызда үйге киргизсем «қуданың жораларын көрдик, өзи де сондай қусайды» деп, әлемге жар салып қайтадығо, соны билместей ақмақпан ба, қәне марш! Сыртқа шықпасынан бурын шеңгел қораның тасасы менен буққышлап тартың! Сизлерге айтаман, ҳәәәўўў!!! Тартыңң!!!

— Қаяққа-?!

— Басыңыздың аўған жағына!..

— Мынаңқара, басым сизиң үйге қарап аўып баратыр!..

— Қайт деймен, Сийсен, қайт дегенде!!!

— Жүр, Сийсе-ен!—Нөкер билегинен тартты.—Бул адам емес...

— Дурыс айтасаң, адам емеспен, мен периштемен!..

— Жа-ақ, сен ийтсең!..

— Ҳәзир ийтти көрсетемен көзлериңизге!! — Тәңирберген шынжырлаўлы ийтине қарай жүрди. Өтен томпақтикин шөкелеп қашқан Сийсенниң изинен жуўырып баратырып даўыслады Нөкер:

— Бур жолыңды! Өтен томпақтың гөнесин берсе де келте болады!..

— Онда Кәримбай кәристикине ме?!

— Оның гөнеси өзинен аўыспайды! Оның үстине мудамы бийтлеп жүреди, ийй! Тәўекел, Әмирхандикине-е та-арт!

Жолда буларды машинасын сыпырып атырған Жердаш ирикти:

— Ҳа жол болсын, жалаң пут маймыллар!..

Нөкербай ентигип турып, жағдайын айтты да етегин

жапқандай бирнеңе сорады. Жердаш «тамбасындағы шифердың астын қараң», деди.

Аздан соң еки арық Жердаштың кеп-кең кийимлерин солпы-солпы кийип там басынан түсти. Жасында шопаншылық етип, жалаң аяқ жуўыра бергенликтен Жердаш туфлийдиң қырқ бесиншисин кийеди екен, қай жыллардан қалғаны, шифердың астындағы ыссыда нешше жыл дымсығып жатқаны намәлим баслары қайқайып кеткен, өкшеси туқылланған туфлийлерди кранның суўына жибитип кийди.

— Тап усы турысыңызда базарға барың да пул жыйнаң! — деп күлди Жердаш. — Цирктиң Никулинин мына жерде қалдырасыз, бүгин базар!..

— Жерда-ашш! — Жаңы шығып баратырғандай өлимсиреп даўысын созды Сийсен. — Нөкербай өле жақ, жутқандай бирнемең жоқ па?!

— Бар болса да бийдәўлетке бермеймен, дәўлетим қайтады!..

— Онда анаў бос шийшелеринди бер!

— Тәңирберген сорап жүр еди, әәә мәйли, алың!...

Олар Қызкеткен жасқасындағы ақ қумнан тағы бир шийше тапты, бара жабысқан Сийсен ишин ийискеп көрип:

— Болмайды-ы, — деди басын шайқап. — Ишине дәрет сындырып кетипти!

— Бери бе-ер! — Ылақтырайын деп атырған шийшесин Нөкербай тартып алды. — Қызықпысаң өзиң, жуўсаң не ҳалалланбайды!..

Жармыстың тып-тынық майда толқынларының жонларын шығып киятырған қуяштың гүмис ireңлери сайқаллай баслағанда олар шөкке-шөкке түсисип, шийше жуўып отырып сөйлести:

— Жоқарыдағылар ол жер-бул жерин жуўып-шайып, жуўындысын Әмиўге ағызады, оның ишинде уў, зәҳәр бар, оны бизлер ишемиз, барлық изейкеш-ҳәм Әмиўге қуяды, — деп қапылтты Нөкербай. — Изей суўы да ҳеш гәп, зәҳәрин айт бунның!...

— Қоя бе-ер, Нөкер! — Сийсен шийшесин шайқап күлди. — Арақтан зәҳәр емес, бизлер ийт жанлымыз, бизлерге бәле келмейди. Усы, мына шийшедеги суўды Кремльдиң құдайы ишсе, билләә, тил тартпай өлер еди, бизлерге бәле жоқ, жақ шыным, несине күлесең!..

Шийшекеш Енжалының үйи жигирма шийшесине

төрт манат ақша берди, бир манатты жумысқа баратырған Өтен томпақтан алып қалды. Бурын саўда бөлиминде баслық болып ислеген, ҳәзир сақал-мурт қойып, өлген жерде намазға уйып, түнемелигине арақ сататуғын Жалғастың үйинен еки манатты мойнына жаздырып, Нөкербай жети манатқа бир шийше «Шәшма» алып шықты. Екеўи Айнияздың скамейкасында отырып ишип еди, жанлары жай таўа қойды. Ендиги винонын уўайымы усы бастан-ақ жүрегин зырқылдатқан Нөкербай:

— Гербиш заводқа тартайық! — деди усы ой келгенине қуўанып. — Қаланың сыпырынды таслайтуғын таслағына шықсақ, шийшеге сүрнигип жығыласаң!

— Кеше шалқып жүрген дәкеңлер едик! — Сийсен Қырққаладағы күнлерин ҳәўес пенен еследи. — Енди таслаңдыдан қаңғымай ийтлерге араласып, тағы шийше тимискиленемиз-дә!

— Заманың басыңа салса ол да ар емес!—деп жигерлендирди оны Нөкербай.—«Пияншик» деген таңбамыз бар, ҳеш жерге жумысқа алмаса, я Америкадағыдай ислемесең де берип атырған напақасы жоқ, тиришилик ушын я ҳақлайсаң, я шийше тимискиленесен, енди Қырққаладағы патшалық күнлер жооок, сорлы Сийсен! «Уллылықтан шермендешиликке бир адым» дегенди ким айтқан?!

— Напальон Бонопарт!

— Соны билсең ер изиме! Шийше жыйнап жүргениң жаңа ма, винонын пәти қайтпай жетип қалайық!..

## 37

Әмирхан бул исти бир жақлы қылғанша шыпынады, өткен ҳәр минут бул үйге Әзирейлини жақынлата беретуғындай, ўақыт санаўлы. Көкиреги негедур ҳәўлиреди, не де болса тап усы бүгин шешпесе болмайды. Сыртта сылт еткен дыбысқа қулақ түреди, есик ашылған сайын жалт қарайды, жақ, баласы емес, ҳаялы... Баладан еле дәрек жоқ, «қайда кетти бул жүўернемек! Қаңғыра бермей келе қоймай ма?!»

Аўхат та писип атыр, ортаға да қойылып атыр. Әмирханның түк иштейи жоқ, ҳаялына сыр бермеў ушын-ақ шымқынып жеген болады, оның менен сыр бермей атыр ма! Кисисиниң қас-қабағын, қыймыл-ҳәре-

кетин өмир бойы бақлап, өмир бойы сынап жасаған Үбайдаға Әмирханның оң қасындағы басқасынан өсип шыққан бир түк қандай жағдайларда дирилдейди, соған шекем мәлим. Баяғы дүканы өртенетуғын сапары да сол қыл дирилдеп еди, сол күни дүканы өртенди, онда ол сол қабағындағы қастың қылы еди, енди бул оң қабағында.

Аўқат үнсиз желинди, бирине бири иллә деп аўыз ашпады. «Аманлығы болғай-дә!» деп қәўетерленгени менен «Неге мазаң жоқ, аманлық па?» деп сорай алмайды ҳаялы: «Айтбайды ғой, бәри бир, сорап ҳәлек! Бул түнериўинен жекиринип жибериўден қайтпайды!..»

Турып баратырған жеринен ҳаялы қайта отырғызып, пәтия еткизди. Қудайға шала исенетуғын ол усы сапары қол жайып, аўызын қыбырлатып, не тиленсе де узақ тиленди ҳәм орнынан турып, ғаңғырлап сөйлеп турған радионы да өширип кетти. Оған жым-жыртлық ҳәм жеккелик керек еди:

— Төсегин мениң қасыма сал, қашан келсе де қасымда жатсын...

— Аманлық па?..

— Өзиниң өжересине сүңгип кетпесин!

Төрги жайға кетип баратырып айтқаны сол, бүгинлиги даўысын еситип отырғаны да сол. Бул ҳәрекетлердиң шылғый тегин емеслигин сезген зайыбы, иши-баўыры қалтырап изинен кирди. «Келдиң бе, кеттиң бе?» дейтуғын ийт емес, жумсақ жасыл креслоға көмилген ҳалында маңлайын сүйенип отыр. Ҳаял пышық жүрис пенен үнсиз жүрип баласына да, кисисине де төсек салды Соң есиктиң алдында буйрық күткендей қолын әлиплэм алып мүслимлик пенен турды. Байы ҳайранлық пишинде оқырайып қарады, ҳаялы унағысы келгендей мыйық тартты.

— Неғып турсаң, бақырайып?!

— Носкийиңди шешейин бе?!

Кисиси қолын қапыға силтеп, «кете бер» ишаратын берди.

Оған жым-жыртлық ҳәм пинҳамылық дәркар еди, нағыслы дийўалдағы үлкен аспа сааттың маятнигиниң ҳәр салланғандағы тосаң бир тықылдысының өзи мийин тесип баратыр, оған жым-жыртлық жүдәма зәрүр еди-дә, усы жым-жыртлық әйўанда бөксесин томтайтып жатырған, өмиринше яр қызығын жөнлеп көре ал-

мастан қостарының дыққатына жутынып, жаслығын жеккеликте өткерген, ҳәзир де әжим басқан жүзлери сол жаслықтағы сулыўлықтың изин жойта қоймаған, лийкин, жесирден ҳеш парқы болмай жаслығын өткерген ақ қатынның ишин қалтыратып қорқытар еди, неден қорқады, оны өзи де анық билмейди, бирақ не де болса бир жаман ҳәдийсе бола жақтай кеўилине.

Диван-кәтте шалқасына түсип, Әмирхан жатыр: «...Жигирма бес мыңды маңлайына бассам Жердаштан қутыламан!.. Бирақ пәнти бар-дә бул ийттиң! «Әмирханды бапладым!» деп айта жүреди-аў, өзим талаўды үйреткен ийтимнен өзим таланғаным батады маған! Ҳеш кимнен пәнт жемей келип-келип, усы суў мурыннан пәнт жермен бе!..» Өзинен өзи төңбекшийди, өзинен өзи аўнақшыйды, астындағы кепрен төсек батып атқандай, биресе диван-кәт диван кәт емес, астына от жағатуғын кәристиң пешине айналып, лаплап баратырған сыяқлы. «Саат үшш, уҳҳҳ, келмеди-аў жүўернемек!..»

Уйқылады ма, уйқыламады ма, билмеймен, есиктиң ашылған сытырлысынан өрре турып қараса өзиниң үйи екен, соған қарағанда «көзим илинсе керек», деп шамалады ҳәм диваннан аяғын салбыратып отырды.

Жалт етип шыра жанды. Тап шүйинши сорағандай ырғақта:

— Балаң келди! — деди ҳаялы күйеўин шад етиў мақсетинде. — Ҳәзир келип жатады... ҳимм... шыраны өширейин бе?...

— Ҳәзир келип жататуғын болса, балаң өширмей ме бул үйдиң шырасын! Соған ақылың жетпей тур ма, я мени сөйлеткен қызық па саған?!...

Ҳаял тулланып, үнсиз шығып кеткен соң да Темирхан бираздан кейин келди.

— Ҳимм, неғып жүрсең таң атқанша тентиреп?!

— Тап бир, өзиңиз жигит болмағандай! Жигиттен жол босын соралмайды...

— Нақылды да билмейсең! «Дийўанадан жол болсын соралмайды!»...

— Жа-ақ, «жигиттен»! Ҳәзир, мынаў шадлы заманда дийўана қалды ма? Ҳәмме бек!..

— Алыпсаң бекти! Бүгин «Кафениң» аўызында бир қолын жеңинен шығарып жиберип, алдына жыртық қалпағын қойып, ҳақлап отырған Нөкер Ниязовичти көрдим, дийўана емей олар не?!

— Олар дийўана емес, пияншиклер! Мен шарбазарда Сийсенниң де ҳақлап жүргенин көрдим, бес манат берип едим, жерден қалпағын алды да қуўырдақханаға кирип кетти, ишеди, дийўаналығы да таамам, олардың дийўаналығы бир шийшеге жеткергенше! Бул ҳеш гәп, аға, қайсы газетаны ашып қарасаң жәрдем сорап, счетын хабарлаған шөлкемлер! Қай басшы қай сырт елге кетсе де қайыр-сақаўат сорап жүрген, жағдай усындай болып кете берсе пүткил мәмлекет дийўанаға айнала ма деп қорқаман!..

— Қайда сонда дийўана қалмағаны, бир сөзиң бир сөзиңди қуўып кетеди. Отыр мында, парасат пенен бир сөйлесип алмасақ өзлеримиз-әм дийўанаға айналыўға сәл қалып турмыз, — әкеси баласына сыбырланды: Қашшаннан сени күтип отырман, пинҳамы гәп бар...

— Қапы ашық тура берсин бе?

— Анаң әйўанда ма?!

— Әйўанда.

— Әйўаннан киретуғын қапыны да, мынаў есикти де иштен илип кел, ҳаял адам, еситсе бирден шаўлап кетер, шаўламастай да хабар емес.

Темирхан әкесиниң айтқанындай етип әйўанға шығатуғын есикти де, өзлери жатырған жайдың есигин де мықлап жаўып, иштен илип келди.

Залдай үлкен өжирениң төриндеги бәлент қаслы қымбат диван-кәтке әкесине, қапталдағы сол кәттиң сыңарына баласына төсек салынған еди, әкесиниң ишараты менен баласы шыраны өширди, қымбат жипек пердени суўсылдатып ашып, үлкен италияный әйнекти шилтери менен қалдырды, толған айдың сүт ireң нуры шилтерден төгилсе де едендеги өскин түкли қытай гилеминиң гүллерине шекем тайдың қасқасындай ап-анық көрсетип, өшкен шыраны өжиреге жоқлатпады.

«Жатып-ақ сөйлесе беремиз, ғой», деген ойдағы Темирхан трусишеңленип, диван-кәтине созылды да:

— Бүгин уйқылай алмайтуғын шығарман!—деди өкинишли.—Видеодан көрген «ужасларым» көзиме елеслеп машинаны зорға айдап келдим, қорқынышлыаў, оғада қорқынышлы!..

— Ақылсыз перзенти-имм,—сарсыла даўысын созды Әмирхан. — Оннан да қорқынышлы ҳәдийсе болажақ бул үйде! Соны сөйлесейин десем, шалқаңа түсип жатып атырғаның не-е, ақылсыз перзенти-имм!..

— Айта бер, сөйлесе бермеймиз бе?

— «Қорқпасаң сыбырлаймысаң!» Не ушын илгиздим қапыны! Кел бери!

Әкеси бас ушындағы мақпал тыслы көпшикти қолтығына тартып, диванның үстинде жамбаслаcа, баласы дөңгелекли былқылдақ креслоны дөңгелетип әкелип, қарсысына отырды да әкесиниң аўызын аңлыды. Әкеси сыбырлыдан бөлентирек:

— Әне, енди, балам,—деди сынық даўыс пенен.— Мақул тыңлап, бир гәпиңди айт, азаматсаң ғой, сениң менен шынтлап сөйлесип, бир қарарға келмесек я бизиң бас кетеди-дә, я жигирма бес мың манатты шыртып алады...

— Ким алады?!

— Гангстерлер! Рэкэтерлер! Қайта қурмай терис қурғырлар, өйтемиз, бүйтемиз деп, әнейдей гүрлеп турған мәмлекетти қулатып елдеги уры-ғарды көбейтип жиберди! Кел енди, бул қатын қарғыстың пайдасы жоқ, не қыламыз қәне!

— МВД ға хабарлайық-тә, онда мениң жораларым көп.

— Ол жерде сениң жораларыңды жумыстан шығарып жибере алатуғын мениң де жораларым бар, — Әмирхан мырс етип күлди.—Өйтиўге қорқаман. Ондайлар жекке жүрип ат шаппайды, МВД түўе КГБда да жансызлары болса тәәжүп емес, хабарлағанымызды билген пурсатта-ақ бизлерди туқым қурт етип кетеди, қайсы бир Катанийимиз ҳәйран қалып тур! Бул жердиң салбөкселери қыймылдайман дегенше қуданың нәзерине жибереди олар...

— Шатақ болды-аў онда қайтемиз?! — Темирханның уйқысы ашылып, бойы сергекленип сала берди. Әмирхан үндемей узақ отырды. — Мен юристпен ғой, билемен. Рэкетер бирден аспаннан түспейди, усы аўылда адамы бар, соны билип алыў керек...

— Оны билемен...

— Ким?!

— Жердаш.

— Жер-даашш?!. Мүмкин емес!

— Жүдә ғана мүмкин. Маған рэкетердың өзи айтты!..

— Ҳа-аўў! Жердаштики не?!

— Мен оннан утылып қалдым бәсекиден. Пулын

бермей жүр едим, изиме рэкетер салыпты, ўәлэтизинаа! Буннан қутылыўдың бир жолы бар, сен Бийбирабаны алатуғын болсаң, жигирма бес мыңнан кештим!

— Оған жигирма бес мыңның не кереги бар?! Жигирма бес мыңы менен келсе-ҳәм алмайман. Оған ақыры, биринши болып, ..әйй, айтпақ-ақ қояйын...

— Жа-ақ, айта бер, буннан бетерин-әм сөйлесип жүрген жоқпыз ба, ақыры! Өзиң билесең, мениң ағам я иним жоқ, соның ушын мен сени баламдай емес, инимдей етип тәрбияладым, себеби, усындай үлкейгениңкирегениңнен соң тартынбай сөйлесиўиң, сырласыўың, мениң де сениң менен ойланысыўым, сөйтип, жеккелигимди умытыўым керек еди, соның ушын-ҳәм анаңа айтпағанымды саған айтаман, тартынбаўың, уялмаўың ушын бетиңди ашып, дайы-жийендей ҳәзиллесемен, сениң уялатуғын әкеңдей емес, ең жақын, ең сырлас достыңдай болғым келди мениң, түсинип отырмысаң, ақыры, сеннен басқа сүйенер таўым сырласым жо-оқ, ал сен болсаң жасыра бересең. Айт ашығын, не ушын кесгеллем ат-тоныңды алып қаша бересең! «Биринши болып...» деп атыреңғо, не биринши, бол, айта бер!

— ...Биринши болып... Бердаш көрди-дә!..

— Аман ба екен?

— Аман екен.

— Өлимм! «Аман екен» дейди-аў, өл кисиге ҳақыңды жибергенше! Өзиң неге биринши болмадың, машинаңа сен мингизген болсаң! Енди жүре бер «гүзе жалағаның ушын тутылып!» «Қатық ишкен болса, қутылып кетти!» Әй, сениң меннен болғаның бийкар, шығар! — Таңлайын тықылдатып, басын шайқады. — Сени баплағаны менен турмай, енди мени баплай жағын қара! Бундай аман нашарға дус болармысаң, оны да ийт-қусқа жем қылармысаң, ақымақ! Ҳә-ә, өзим болармедим!—Ғурышланды.—Бердаштың көкирегине теўип жиберип ғана, ҳимм-..—Ыңырсынды.—Ақы-ма-аақ! Ҳаяллдың айтқаны ырас шықты-аў, мен исенбей жүрсем, ақымақ! Аласаң енди, тамам!..

— Бердаш алсын!

— Әсте-е! — Өз аўызын өзи басты. —«Тамның да қулағы бар», әсте. Ол «меннен соң Темирхан көрди, соны көзим менен көрип, қалай қатын етемен!» депти ғо, соны еситпей жүрмисең?!

— Еситтим, еситсем не қыламан?!

— «Соны әперсеңиз асылып өлемен» депти әкесине. «Жалғыз балам еди», деп, әкеси жылап отыр.

— Мен атадан алтауман ба, мен асылып өлсем саған жақсы ма?!

— Уақытша, шатақ басылып кеткенше қатын ете-сең...

— Тағы баяғы қосық!..

— Баяғы қосық айтыла береди еле, мен утылып қалдым, иләж жоқ!..

— Неден, қалай, түсиндирш маған?! Мениң алған-алмағанымның сизлердиң бәсекиңизге не қатнасы бар?!

— «Балам алып қойды, енди ол мениң келиним, оған көз сала алмайман, мә жигирма бес мыңың!» деймен де утылмаған боламан, утылған болсам да буны-мды әри мусылманшылық, әри мәртлик биледи журтлар..

— Маған майдалап түсиндир, мен бир, жақсы түси-нип алайын!

Әмирхан Жердаштан қалай бапланғанын қанша күйип-жанса да, қанша өкинсе де сыбырлы даўыс пенен түсиндирди баласына ҳәм рэкетерларға жолыққандағы қорққанынан диз кийимин патаслап ала жазлағанын, мәўлет алып зорға қутылғанын, сол мәўлетте шәртнама орынланбаса қара басларының рэкетердиң «қанжыға-сында» кететуғынын жаны ҳәзир шығып баратырғандай бөлип-бөлип, аҳлап-үҳлеп отырып айтты.

— Әлбетте, жигитсең ғой, сениң жүзинди төмен қаратып, оған үйлендириў маған да аңсат емес! Жердаш-қа жигирма бес мыңды бере қояр едим-аў, оның мени масқаралап күлгендеги жәп-жаман түри көзиме елеслесе етимниң түршигетуғыны соншелли, «әй, өлсем өлип-ақ кетейин, буннан утылып тири жүргеннен жүрмей-ақ қояйын!» деген шешимге келе беремен. Анық алмайту-ғын болсаң... қызды аўлаққа шығарып бериў қолыңнан келе ме? Қыйсайып қарай ма өзи саған?!

— Күнде қол көтереди-аў, өзим қарамай кетип жүр-мен. Ашшы көлге апарып, пиянь етип таслап кетсем бола ма?!

— Жүдә бәрәкәлә! Ише ме өзи?!.

— Әкеси қамалғалы ишетуғын қусайды, қызлар айтты-ғо.

— Онда жүдә бәрәкеллә! Бирақ, умытпа, қасымда Жердаштың өзи болады, сонша пулдан айырылыў оған да аңсат емес, соның ушын көзи менен көрмей исене

жақ емес, мәйли, көрсин. Бирақ сен оған мени тағы масқара қылып алма, онда мен саған жоқпан, асыламан да өлемен!...

— Ўәй, я-ғәә! «Аламан» деп-ақ апараман-дә!..

— Мәйлиң, оянын өзиң билесең. Дым пянь ете алмасаң, қолыңа пысылдаўық беремен, ийискеттиң, тамам, бир саатқа шекем еси-түсин билместең силеси қатып уйқылайды...

— Билемен ғой, пысылдаўығым да ба-ар — деди мақтанғандай.

— Оны қайдан билесең?!—Таңланды әкеси.

— Саған керек нәрсе, маған да керек,—баласы күлди. — Сениң балаңман ғой, ақыры!

— Ма-ла-деесс! — Баласының жалаңаш арқасынан қақты. Екеўи еки диван—кәтке созылған соң да көп ўақытқа шекем ертеңги күнниң ис-жойбарын дүзип, бирин бири «шегелесип» жатты...

38

Екеўи базаржайдағы кәбапхананың алдында «Волганың» еки жағынан шығып, қапыларын сартылдатып жапты ҳәм қостаңласып келип бастырма астындағы қалайы столға тақалған тоқымалы шыбық креслоларды тартып шалқайысты. Қарсысындағы столда мойнында фотоаппараты, ийининде дәрўишлердиң қәдибәдбағындай жалтыраған былғары дәсмиян қобдыйы бар бир фотохабаршы муртлас милиционерге:

— Та-ак, сиз кәбапшыны қорқытып, жумыс ўақтында кәбап жеп атырған жериңизден объективке илиндиңиз, буны енди биз газетаға басамыз, әлбетте, бир данасы министриңизге де жетеди, оны ҳүрмет тахтасына қыстырмайтуғынын билип отырсыз ба?!—деп албыратып атыр екен, булардың гүрриңи Жердашты да, Әмирханды да қызықтырған жоқ, екеўиниң көзи бирден шөрекханаға жақынлап қалған Бийбираба менен Темирханға түсти.

— Жетеклесиўи зор, — Жердаш мыйық тартып, сыбырлады. — Бай-баай, ашық-машық-ғо булар! Әй, қайдам, сизди—Ғодалақ, бизди — Шыраз етип кетпесе дей бер булар!

— Япырмай-ә! —Бир шоршыныўға Әмирхан шоршынды. — Өйтип қудай ура ма?! Онда баламның жүзин көрмеймен!..

— Өйдесең ҳәзиргиниң баллары қуўанады, ояғынан қәтиржам бол... — Еки көзин баласы жақтан айырмастан қалпағы менен желпинип сөйледи Әмирхан:

— Ҳай-ҳаай, суўға жақын жердиң ҳаўасы өз алдына!..

«Жигулийдиң» артқы қапысын өзи ашып, Темирхан Бийбирабаны джентелменлерше сәл басын ийиңкиреп, отырғызды, әне, қапыны жапты. Нөкербай менен Сийсенге бир-бир қағаздан желбиретип пул берип атыр, бәлким, қыздың көзинше мәртсингени шығар, әкеси пулына қыйналмайды, «Қопаллығын сирә бир қоймадыаў, ишине ура ма бул пияншиклерди! Анаў-мынаў ис болса гүўа болып шыға келеди!!.» деген ойы қыйнады.

Еки пяньшиктиң ортасынан ақ «Жигули» суўырылып шығып кетти.

— Мәшәрип, буяққа ке-е! — Мәшәрип деген кәбапшы келди. — Сен, бала, ырасыңды айт? — Әмирхан таңланғандай түр менен қарады да: — Кәбапшылар ийттиң гөшин — ҳәм қосып сатады деген гәп бар, сол ырас па? — деди қуўақылана күлип, Мәшәрип те қосыла күлди, Жердаштың дым күлетуғын түри жоқ. — Егер сол ырас болса, — Әмирхан Мәшәриптиң қулағына күлип сыбырлады: — ондай кәбапларыңды анаў екеўине, — деди бас бармағының ушы менен фотокорға жалынып отырған милиционердиң столын нусқап: — берип жибер, ўаҳаҳаҳа, қулағыңды әкел, олар мут болса ийттиң гөшин ҳәм жей береди...

— Уаҳаҳаҳа!..

— Әйй, ойын-ғоо, бизге кәбап келтир...

— Ишти жасатайын?!!

— Жа-ақ, бизге пақыр-пухараның арасы жақсы, солай ма, Жердаш?!

— Яҳ?!... Ҳә-ҳә, дурыс, дурыс!...

— Жердаш аға! — Мәшәрип таңланды. — Албырап отырсыз ба тоңып отырсыз ба, қалтырап отырсыз-ғо!..

Бақталасының қожырағанынан ләззетленген Әмирхан:

— Жердаш ағаңның иши қалтырап отыр! — деп бүлкилдеп күлди, — Емин таппаймысаң?!.

— Хоп, хоп!..

— Әәә, хоппай ө-өл! Әкел деймен, Жердаштың ишинен ыссы өткерейик!..

Өзи қыйналған сайын буның рәҳәтленетуғынын

билип-ақ отыр, «сыр бермейин» деген сайын ғайрытәбийғый ҳалда албырай береди, Әмирханның сөзин қуўатлап күлген болып еди, өзиниң ўа-ҳҳаҳасы өзине жылаған даўысқа усап еситилгени соншелли, лаппа аўзын, жаўып, терис қарады. Соның арасынша еки дигиллик кеса менен бир шийше армян коньягин алып, Мәшәрип келди.

— Ал енди, иним, Мәшәрип, бизлер енди сени мәптен қалдырмайық, исиңе бара бер.

— Хооол-хоп! Жигитлер ҳәзир шай келтиреди, биймәлел отыра бериң,

Мәшәрип көкирегине қайта-қайта қолын қойып шегинип кетти.

Көп узамай кәбап та, шай да келтирилди. Әмирхан асықпады, баласы ашшы көлге бараман, қызды есинен айырылғанша пиянь етемен дегенше оған кеминде еки саат кереклигин жақсы биледи. Соның ушын да коньякты бир жутымнан қуйып:

— Ал, Жердаш иним, тилек тиле?—деди ҳәм көзиниң астынан сын нәзерин жиберди. Жердаш ийегин қолы менен былай-былай бурып, мойын омыртқасын сықырлатты,соң кесаны қолына алып, түбине үңилип бираз отырды:

— Не деймиз, «қашқан-ҳәм алла дейди, қуўған-ҳәм алла» дейди...

— Яқшы-ы, — деди гәпке түсинген Әмирхан. —Сениң-ақ утыўың ушын!

— Сизиң-ҳәм утыўыңыз ушын устаз! — Жердаш қағыстырып ишип жиберди, сарғыш жүзи бирден қызарып сала берди. — Көптен бери ишпеп едим.

Исликтеги кәбапты жыртқышларша жулқып жеп, я ол, я бул бири-бирине иллә деп аўыз ашпады. Өзиниң утатуғынына әбден исенген түрде:

— Жердаш, — деди жолдасы, жарылқаўшының аяған даўысы менен.—Сени қапа қылмақшы емеспен, тек бәсекиниң аты бәсеки-дә...

— Айтагөрмең, мен қапа емеспен, бизики де өзиңиздей.

— Онда мениң бир усынысым бар, — сыбырланды:
— Яқ деме?!

— Тыңлап көрейик? — «Тыңлаўға қуштарман» кейпинде қулағын түрди.

— Алды менен сол тайыншаққа сен мин, бир, өш алайық, күйдирди ғо ол шайтан!!!

— Жа-ақ, олай етсек шәрт бузылады, жол да, мийнет те сизики.

— Меннен кейин мейлиң ала ма?!

— Алмайтуғынын билип қойдыңыз-аў! — Жердаш жымыйды.

— Қәтиржам бол, иним ғамынды жеп келдим!— Қалтасын қарманып атырып сыбырлады.—Мине. мына бир порошокты тилиңниң үстине таслап жибер «Ашшы көлге» қораз болып ғоқақлап барасаң, ал ғошшым, ал, оннан соң мейлиңниң алмағанын көрейин, алмасаң өкпелеймен, ал, ал!..

Жердаш порошоклы қолды арман ийтерди, Әмирхан берман. Ақыры Жердаш алды, бирақ ишпеди, қолына услап отыра берди. Жердашты «қорқып отыр» деди ме: «Мине, бүйтип ишесең!» деп, тилиниң үстине бир порошокти шертип салды да, үстинен кесадағы суўып қалған шайды жумалатты.

— «Ханның қызы» деген дәри бул. Буны мен ушын арнап соғады! Ярым саатқа бармай сүмирейген ағзаң шыррыйып шыға келеди, иш деймен, иш.

— Кел енди, коймадының-ғо! Жердаш назырқанып қырап ишти. — Ал енди, биз буяқта таярланып атырмыз, ояқтағылар арақтан кесгеллем татып алмасашее?!

— Ғам жеме-ее, балада «пысылдаўық» бар, бир пысылдатса бир ярым саат, еки пысылдатса үш саат уйқылайды!

— Сизиң, өзи лабораторияңыз бар-аў, ақсақал?!

— Не жоқ ағанда! - Әмирхан коньяк қуйып атырып сөйледи.—Әнейи адам Жердаш пенен беллесе ме?!

Күнниң жартысы уясына киргенде қалған жартысы қызыл отаўланып, Қызкеткенниң сүзбениң сырқындысын дай ирeңсиз өли суўының үстин қан қызыл нурлары менен сайқаллағанда Әмирхан бирден асықты:

— Жылдам жақты барында жетейик, тур, тур!..

Муртлы милиционердиң ийнинде фотокордың дәсмиянлары, қолтығында бир палаўқабақ, екинши қолындағы корзинкада бес-алты кило шамасындағы таўық жеми, изинде фотоаппаратын асынған фотокор, «Волгаға» булар да жетти, Әмирханлар да жетти:

— Яшуллы, — деди милиционер, — Фотокор ағамыз таўығына жем алып еди, «Орақ-Балғаға» таслап кетсеңиз?!

— Қәлеген базаршыны узатып салыў сениң ўазыйпаң ба-а?!—Әмирхан милиционерге шайнап тасларлықтай ғәзеп пенен қарады да:—Мин, Жердаш!—деди жолдасына.—Фотокорға жүк көтериўши кран болмаўың ушын жумыс ўақтында мут кәбап жеўши болма, малайға айналып кетесең, қаш жолдан...

Машина жолға шықты...

* * *

Ақ көпирдиң түсерлигиндеги ушырасыўда-ақ Темирхан қыздың жеңил спорт костюмы, айна-тарақ, гөржер дегендей майда-шүйде қомпайтқан қара сумкасын алды, сумкадан пласстмасс дәстеси шошайып шығып турғанның гөш балта екенин билмесе де:

— Қуралланып жүретуғын болғанбысаң, Бийбиш?—деп сорады ҳәзил ушын-ақ. Қыз қызларға тән жағымлы күлки, ойнақы минез бенен шақалақлап күлип, жүрисин тоқтатпастан жуўап берди:

— Ҳимм.. көринген жабыса берсе қуралланбай не қыласаң!

— Оның да туўры!—Сумканы қайтарып берди.—Ҳаял сумкасы екен...

Соның менен, машинаға минип кетти. «Аты әлемге әйгили болып кеткен қыз бенен биреў көрсе уят ғой!..» деген ой бар, қызды артына отырғызды, қыз бунысына өкпелеген жоқ, қуўанды.

Пивозаводтың тусынан өте бергенде:

— Енди бас үйренген тайдай жуўасып қалғансаңды-аў!—деп бир қойды Темирхан артына қарамастан.—Бурынғыдай айқасып туўламассаң!

— Бас үйреттиңиз-ғоо-о!—Қыздың даўысы муңлылаў шықты. — Бирақ билип қой, енди айқассам, бир өзиңе күшим жетеди...

— Яқшы-ы, яқшыыы, кешир енди, түбинде мойынға түстиң, кешир!

— Есалаңым-аў, кеширмегенде не қыламан, өзим менен турмай әкемди-әм қаматтыңыз!..

— Кешир дедим ғой енди, өйте берсең түсирип кетемен!

— Түсирсең қайта беремен, үйге...

— Кешир дедик-ғо енди саған?!

— Есалаңым-аўў!—Қыз күлип, басынан тәкибай ал-

ды. — Кеширмесем, машинаңа минемен бе? Бирақ, Тимур, бир нәрсени сорағым келеди сеннен: усы сизлердиң ҳужданыңыз қыйнала ма уят ислериңизге?!

— «Сизлердиң» дегенде кимлер?!

— Өзиң, Бердаш, әкең, Жердаш-тә!..

— Ҳимм, қайдам, мен сол шайырлардың «ҳуждаан... оҳ, гөззаллыыққ, тағы не, тәбәссүм, тағы... қүдиреет!..» деп, телеэкранда бети белдей болып, делбеленип отырғанын көрсем бир күлемен дейсең, бир күлемен! Тыңлап отырған, көрип отырған ийт жоқ, китапларын шығарып атады, оқып атырған ийт жоқ! Генжемурат деген муртлашы «шайырман» деп кеп ыңыранады, қалтасындағы тийины бир кәбапқа да жетпейди, «рууҳым бай, көкирегим кең!» деп урады көкирегине ақымақ! Ақмақ, қурсағың аш болса көкирегиңниң не кереги бар, тағы бир шайыры журт арасын ҳақлап той қыдырады, бет ашады бир манат ушын, шайыр емиш, малақайыңның жыртығын тик, «қүдиретлиемиш!» Қүдиретли болсаң «Аралдың» алдында неге қулап атырсаң, қалтаңда қара тийиниң жоқ болған соң айықтырыўхананың машинасы да алмай кетти, ақмақ! «Гөззаллық!» дейди сөйтип жүрип, Үббинияз Хожанов деген маңқасы да мурны муштумдай болып жүрип, «гөззаллы-ық!..» деп қосық оқып отыр телевизорда, журтты гөззаллыққа тәрбиялайдымыш, өзиниң түрин көрсең қусқың келеди...

— Сен буны неге маған айтып отырсаң, дурачок?!

— Сен қосық оқыйсаң да жүресең, соған жиним тырысады! «Ҳуждан-ан, қүдире-ет!..» — Бәри шайырлардан үйренгениң! Оқымай-ақ қой, билмейди олар қүдираттиң не екенин!.. Яқшы, сонша қосық китап оқыдың, өзиң билемисең қүдираттиң не екенин?

— Билемен! — деди қыз. Машина «Орақ-Балғадан» өтип баратыр еди. — Қүдиретти неге билмеймен, қүдирет деген бул инсанның көкирегиндеги жақсылық. Тимур, билип қой, «гөззаллық дүньяны апаттан қутқарады» деп ким айтса да исенбеймен, апаттан дүньяны адамлардың бири бирине муҳаббети, кеўилиндеги жақсылығы, жақсылықтан шығатуғын кеўилиндеги мийрим-шәпәҳәти қутқарады, мендей оқып жүргениңде жаңағы гәплерди айтпас едиң, ендиги жағында «оқып жүр» дер едим, кешиктиң, баҳадурым...

— Ендиги жағында да оқымайман, қүдираттиң,

гөззаллықтың не екенин оқымасаң да билмеймисең?! Гөззаллық деген, бул—сен!..

— «Қүдирет» дегенимиз сен бе сонда?!

— Мен қүдирет емеспен, мени женшип жиберетуғын бир нәрсе бар...

— Нызам ба?!

Артына бурылып қарады, қарады да оңдырмай күлди, усының менен: «нызамның күшин көрген жоқпысаң?! деген сықақлы пишинин аңлатып қойды. Ол арман қараған соң жығырданы қайнай баслаған қыз сумкасын қапталынан алдына алып отырды. Темирхан:

— Сен билесең бе,—деп даўыслады. Қыз оның еңсесине жеркениш пенен қарады. — Мен билген қүдиреттиң алдыңда қызлар түўе нызамың-ҳәм тыржалаңаш ойнап береди! Ол ҳаққында гимнлер ҳәм ба-ар!..

— Қандай?

— «Мани-мани!» деген, түсиндиң бе! Оған ҳеш кимниң күши жетпейди, ол министриңди де, обкомыңды да қолына тийиўден күлдирип сала береди, прокурорың, милицияң, бәри де соның қулы, бәри де оның алдында тыржалаңаш ойнап береди, а-аа, сениң әкең соны биле турып, закон қуўмақшы, законды ислетиўге болады, оның ушын жаңағы қүдирет болыўы керек қолында!...

— Мениң қолымда оннан-ҳәм қүдиретли нәрсе бар, —деп өзин өзи зорлап күлди қыз. — Керек десең, көрсетемен...

— Көргенбиз ол қүдиретиңди, ўаҳаҳаҳ! Оның өтпейтуғын кисиси көп.

— Өткереми-из, айдаңқырай бер...

— Айтпақшы-ыы,—деди Темирхан. — Отаўға апарайын ба, РесПОники?

— Қыз күнимде... есимнен шыққысыз болып қалған қамыслық-ше-е?.. Сен билмейсең, сонша қол көтердим... — Қыздың даўысы дирилдеп шықты. — Сирә бир тоқтамадың-аў, сонша күннен бери арзығып күткен күн бүгин, сағынып күткен, сағынып...

— Сен жылайжақсаң ғой, шыда, мине, ҳәзир келдик...

Асфальт гүзардан түскен қара жол сексеўилликти қақ жарып, қарабарақлыққа шекем алып келди, тағы да кете берсең көлдиң түслик басына шығасаң, алпысыншы жыллары «Шорша» қойымгершилиги менен гөне аэропорттың ортасынан суўырылып аққан гүзардың

қаракөгис асфальты тынық суўлы, оқтай дүзиў өзекке усап, арғы басы қызғыш сары қумлыққа сиңгенше жалтырап жататуғын да оннан кейинги жағында көгилдир сағым арқалы көгис аспанға қосылып кеткен сыяқлы көринетуғын. «Ашшы көлге» дәслепки жол да сол гүзардан «сағa» алып салынған. «Автовокзал» салынған соң гүзар әўлийшеликтиң түслигин қырып кетти, әўлийешилик пенен «Шоршаны» шегаралап турған жолды ала труба кесесине қыйып таслады, соң булманнан темирбетон шарбақ жүргизилди, бул жолдың жабылыўы көл бойына туңғыш салынған пивохана, асхана қусағанлардың да жабылып, қарабаханаға айналыўына алып келди, қысында бул қарабаханаларда ийесиз ешеклер, ықлап, түни менен қаңғымай ийтлер улысып шығады. Шомылыўшылар көлге бой таслап, қумарын тарқатыўы ушын айдынның бираз жерине шекем енисип салынған тахта траплардың гәси қулап, гәсиниң тақталарының ийге тартарын журт алып кеткен. Кийиниў ханаларына қағылған фанерлар ўақтында боялмағанлықтан ығал менен көпшиген, порсыған, бир адамлық, көп адамлық саяманлардың темир труба өрелери ширип; гәси қанаты сынған тырнадай жантайып атса, гәсиниң сыпаларында сынған шифер, сынған шийше, бос консерва қутылары қашан көрсең жайрап атқаны. Күн жылт етти, тамам, анаў кәрадағы общепиттиң картошка, гешир, пияз, капуста усаған керекжарағын сақлайтуғын узын-узын жер төле складларынан көңирсиген бир шириктиң ийислери келип береди, «Ақ тубаның» сасығын еслетеди. Сонда да жасқасы жақсы, шөп-шаланы жоқ бул таманлар жазына қарай адамсыз болмайды, қара плавка, қара лепшиклери, қара шашлары мүсиндей аппақ тулғаларын хәкедей алабайрақ етип турған қыз-келиншеклер, бала-шағалары менен келип, қырғаққа машиналарын қаңтарып атырғанлар алтыншы, базар күнлери оғада көбейип кетеди.

Ислейжақ «урлығы» барлар бул түслик таманға дарымайды да Темирханлардай болып қарабарақларды быршылдатып басып, дузы жүзине шыққан кебирдиң үсти менен арқа таманды жағалайды. Әне, усы таманнан бираз жерге шекем көлдиң үстин мырғам қамыс қаплаған. Батыстағы дүт тоғай—пионер лагери ашылған жыллары егилген қыйлы-қыйлы «орыс терек», көк-

тереклер, бәри де егилген жыллары-ақ қунарлы топырақтың, жырымсыз мийнеттиң шарапатынан аспанға шапшып, булыттай қараўытқан нуўқарағай орман бола қойып еди, соннан бери жазында қаўырсын қанатлы ақ қуслардай қара шортиқ, ақ футболка кийген сағыйралар шатырларын қурып, барабанларын дүңкилдетип қайтқан ғаздай жез сырнай—горнларын ғаңқылдатып атады, лийкин, гүз келиўден горнлардың ғаңқылдылары ғазлардың ғаңқылдыларынан ерте тыйылады, палапанлар аўыл-аймақларына, мектеплерине ушып кетеди. Ал, ғазлардың соңғы ғаңқылдылары семип, қыраў түсиўден бул тоғайлықты ғарға-қузғынлар ийелеп, түни бойы ғарқылдасып атады. Деген менен лагерьдиң аспазханасы ислеп турады, жайлары жийҳазланып, саўлатлы ҳәм пинҳамы қонақ жайларға айналдырылады, бурынлары бундай жайларда Меңлибек, Байназар, Сайыпберген, Қарамазар, Шәниязов, Жаныбек Назбеков қусаған қарақалпақ беглери ақшамлары шағал мәслик қуратуғын, шыраларын сөндирместен аппақ жалаңаш қызлардың киндиклерине коньяк қуйып, сорып ататуғын, *қыран болып шаңқылдасып, ғарға болып ғарқылдасып* күлисетуғын еди, «ҳәр заманға бир заман, ҳәр заманға ҳәр тәртип» деген, ҳәзир буның бәри болмағандай, жым-жырт, Меңлибек, Сайыпбергенлердиң болса *ел арасына шығып,* әдеп-икрам, халықтың перзентиндей жақсы көриў ҳаққында ўаз оқыўдан, Москвалы Бдлян деген тергеўшиге тергеў бериўден қоллары босамайды.

Лагерьдиң жаңа баслығы—аты-жөни еп-ерси —Мыхайым Сереке улы Бүкиртаевтың жини келиўден бурынғы баслықтан қалған ийтлерге түсти. Бурынғы баслық қараўыл сақламайтуғын, лагерьди үш ийтке бақтырып қоятуғын, Бүкиртаев та ийтке бақырғанды намақул демеди, лийкин, бул үшеўи де уры ийт екен, олар лагерьден шығарылып жиберилди де, олардың орынына көпек пенен шатасы бар бир төрткөз қасқыр *ийттиң күшиги,* Төрткүл жақтың туқымынан қасы, кирпиклери қап-қара сары ийт, екеўиниң ортасына еле күшиклеп көрмеген сылыңғыр, тазыдан аўған қаншық алып келди. Булардың үриўлери де сол дәслепки ийтлердиң үриўлериндей, булар да жазында балалар менен қосылып ойнап жүреди, бәри де Исламбек завхозға садық, сол «жит» десе кетеклерин де таслап зытады, үшеўи бирден қуйрықларын былғаңлатып, Ислам-

бекке жарамсақланып жүргени, сол берген жуўындыны ишип, сол берген сүйекти кемиреди, сол «бәс!» деген жаққа үшеўи бирден үрисип жуўырысады, Исламбекке әсиресе Төрткүлли ийттиң қылўалары унайды: «Көптен бери ийт-пурышпан, адамдай, туўылған жерине садық бундай ийтти көрмедим. Түнлерде де Төрткүлге қарап улыйды!—дейди мийман келсе сол ийтти мақтап. — Ал, мынаў екеўине туўылған жеринен бир сүйек артық, - жаман ийтлер-булар, тек мениң аяғымды жалай береди, подхалим ийтлер, адам жоқта үреди, адам барда тым-тырыс! Оқытылмаған-дә, саўатсыз ийтлер! «Ташкентте оқытылып, көп жыллар Ташкентте үрип келген...» дегенге ала қойып едим, Ташкенттен кетсин садаға!..» деп отырады. «Лагерьден шығып кетеди, аўысқан сүйеклерин анаў дачалардың қарабақаналарына көмип қайтады! Мен буларды дачалар жақта үрип жүриўге әкелдим бе, лагерьдиң әтирапын қорғаўға әкелгенмен!..» деп күйинеди. Исламбектиң айтып отырғаны «Брекеңниң алтын дәўранында» басланса да питкени питип, питпегени солай-ақ қарабаханаларға айнала баслаған, жаңа ҳәкимлердиң «қулақ кесеменинен» қорқып, трестлери тым-тырақай таслап қашқан ийесиз имәратлар, тас гербишлери талам-пайға айналып атырған шалама-шекки қурылыслар.

Темирхан менен Бийбирабаға да, бара қойса бул имәратлардың ишинен шермендешилигин тасалай қойғандай дийўал табылса табыла қояр. Лийкин, Темирхан олай жүрейин десе әкесин адастырып алыўдан қорқады, өз қарарына өзи беккем бел байлаған Бийбирабаға болса, бәри бир емес, буған өзи дәслепки масқараланған жер, жаўырынының астында жапырылып женшилген қамыслық дәркар. Ол өзи ҳәйўанларша өкирип жылаған, аўнап жылаған сол қамыслықты көргиси келгендей, өзин өзи асығып киятырғандай сезинсе де келе-келе кем-кемнен қапалық, кемлик,.. соң-соң қумалақ-қумалақ ыза, бара-бара ғәзеп қалтыратып... Титрек қоллары менен дәстеси қара пластмасслы жүзинде қыстырғыш тесиги бар жалпақ гөш балтаны шығарды да сумканы қапталына түсирип қойды. Дәстени қолына батарлық дәрежеде қатты қысынып, қыз қолайлы позициясын алып атырғанда:

— Әне-е,—деди жигит қамыслықты пашырлатып басып баратырып,—Бул жерден машина да көринбейди,

пулдан қүдиретлинди көрсететуғын жерге келдик, ўаҳа-ҳа-ҳа, гәпин қара, «пулдан қүдиретли емиш».. ҳи-ҳи-ҳи..

Жигит күлкисиниң аржағын даўам ете алмай қалды, аяғын жылан шаққандай қыз ышқынып жиберди:

— Жаўы-ызз! Ҳәйўанн!!! Ийт!..

Жигит асыққан жоқ, лийкин, бундай сөзди еситип жүрмеген өр көкирекке ғәзеп те көп күттирмеди, «аўызына таслап жиберейинши!» деген жигер менен тислеnип артына қарай бергени...

— *Мине саған пулдан күшли!!!*—деген сес «ияа!» дегениндей шаңқ етип қатты шықты ҳәм жарқ еткен балтаны-ақ көрип қалды, бул жарқылды оның усы дүньяда ең соңғы көргени еди, бул жарқылдыда еле батпаған қуяштың нуры бар еди-дә, оны бирден қанқызыл нур жуўып кетти. Ол урып болып, Бийбирабаның қатты бақырып жибергенин де еситкен жоқ, өз тилин өзи айқара тислегенин де, маңлайының жигин қақ айырған балтаның орнынан шаптырған қан Бийбирабаның жүзин жуўып барып, салонның тас төбесиндеги плапонынан тырсылдап тамып турғанын да билмейди, дүньяға неге келди, неге кетти, буны ғой сирә да билместен кетти... Қыз да бир зум есеңкиреди, әжептәўир басым менен бетине шаптырған жып-жыллы суйықлықты «қан екен-аў!..» деген қорқынышлы қыял бир зумға шекем ойына да келген жоқ!.. Усы қас қағым мәўритте ғәҳәр-ғәзеп мийрим-шәпәҳәт пенен жылдырым тезлигинде жылт етип орын алмасыўы мәтдал, «оны қутқарыў керек!!!» нийети ғайры тәбийғый ҳалда қолын балтаның қан сорғалап атырған дәстесине жуўыртты. Ол балтаны услай алды ҳәм пәт пенен жоқары көтерди де айрылған жиктен шығарып алды, балтаның орнына қатыбыламық қусаған бир суйықлық бурқ ете қалды, дене былқ етип қапталындағы бос орынлыққа қулады! Қыз қорқынышлы бир ҳалатта қатты қышқырып өзин артқа таслады, егер орынлықтың арқалығы болмағанда бәлким, сол пәт пенен артқы айнаның пашақ-пашағын шығарып сыртқа зыңғытармеди, не қылар еди! Өлген өли өрре турып жабыса кететуғындай, тап биреў оған қурал алып топылып өлтириўге киятырғандай қызылала қолларын көз алдында сермелеклеў менен: «Яқ-яқ-яаақ!...» деп бақырады, шегинеди, аяғын алдына тиреп шегинеди, қолынан келсе шыға қашпақшы! Қайда қашпақшы, неге қашпақшы, буған өзи де түсинбейди, нени,

«я-аақ!..» деп бақырып атыр, буны да билмейди. Қәпелимде жылт етип: машина дегенниң қапысы болатуғыны, оннан шыға қашыў мүмкин екенлиги есине келди де, машинаны ашты, сыртқа шықты, лийкин, қашқан жоқ. Оның патаслықты тәбияты алыўға үйренбеген денеси бетиндеги қолларындағы қанның шәппиклениўинен шимиркенип, аяқ кийими менен көлди кешип кетти.

Суў оған суўық көринбеди, жаңағы қандай қанжылым. Сүңгип-сүңгип алды, сүңгиген жериндеги суў гөш жуўылған жуўынды суўға меңгеп-меңзеп кетип турды. Не қылып қойғаны шын мәнисинде оның ядына көлди кешип шыққан соң түсти, ол негедур, Темирханды аяғаны сонщелли, ҳәзир тирилип тура қойса өзин сонша аяқ асты қылып қорлаўларын, әкесин қаматқанын, қулласы, бәрин-бәрин әпиў етип жибериўге тайын еди, лийкин, өлгенниң тирилгенин көрген-билген адам жоқ, «өлиў» деген бул уўдай ҳақыйқатлық, басқа ҳақыйқатлықлар бийкарланса да бул ҳақыйқатлықты бийкарлағандай күш бул әлемде еле болған емес, буған Бийбираба да түсинди, түсинген сайын өмиринде тири мақлуқтан қан шығарып көрмеген өзиниң өлтирип қойғанын, өлтиргенде еки аяқлы таўық, төрт аяқлы ҳәйўан болса екен, тил-зибаны бар, сана-сезими бар, ҳәтте жоқары мағлыўматы бар адамды ырасы менен-ақ өлтире алғанына өзи исенди, оның жанын, ҳүжданын мине, усы исеним қыйнады. Бирақ адамда сондай бир қүдиретли қәсийет бар, бул қәсийет адамның өзин өзи, өзиниң ислеген жынаятын өзи ақлаў қәсийети, егер де адамда усы қәсийет болмағанда ҳүжданы пәклердиң, ҳүжданы қыйналатуғынлардың бәри ҳүждан азабынан қырылып жоқ болар едидағы, дүньяда тек ғана сөйлей алатуғынлығы менен адам атағын нықаплап сақлап жүрген, аяўдан да, меҳир-муҳаббеттен, де, уяттан, намыстан да журдай, шынтлап жылай за алмайтуғын, шынтлап күле де алмайтуғын жыртқышлар қалар еди!

Үстинен суўы сорғалап, суўы тамшылаған шашларын да тәртипке салмастан путалықтың арасы менен жөн алды қарабарақ кетип баратырғанында Бийбирабаның санасын ең әдеп: «Оған неге балта ура қойдым! Гегирдегин қолымның қыры менен-ақ шаўып таслаўыма болмаспаеди!... деген саўал келди. «Өз күшиме өзим исенбегенмен... жа-ақ, исендим... Жа-ақ, оның

қаның көргим келди мениң... жақ-жақ, мен, мен... бәринен де бетер оны аяп... өлтирмей таслап кетиўден қорққанман!! Өлтирмей таслап кетсем... ол шыпаханада саўалады, мен қамалып кетемен, ол тағы изимнен ўарқылдап күлип қалажақ!.. Иләжим жо-оқ, ҳүкимет кегимди әпериўге әззилик етсе, закон әззилик етсе, басқа иләжым жо-оқ!.. А-ал, кек алмай жүре бергенде-ше!. Онда малдан парқым не, ҳүжданым шыдамаса мен бахты қара не қылайын!..» Бир түп қыйсық сексеўилдиң түбинде отыра қалып, өксип-өксип жылағысы келди. Тағы... ... өзин өзи қолға алды: «Жасыма жигеримм, жылаўдан тапқан пайдаң жоқ!.. Өлтириўге мәртлигиң жеткен екен, мойынлаўға да мәртлигиң жетсин, тарт! Милицияханаға тарт, өзиң бармағаның менен, бәри бир, қолыңды таўлап ,кисен салып алып кетеди, тарт, тарт!»..

Асфальт жолға қарай жуўырды, асығып жуўырды, қолын таўлаўы мүмкин болған милициядан, оның елесинен қашып жуўырды. Қумды омбалап асфальт жолға өрмеледи, бул жол енди Нөкис пенен Тахтакөпирди тутастырып, оннан ары кете беретуғын, ортасы «Орақ Балғалы» кең гүзарға жеткериўи керек еди... Қыз қарсы келген машинаға да, изинен жеткен машинаға да қолларын сермеп жуўырды. Биреў ала жазлап турды да: «Адам өлтирген болса,..Нахрена нужен маған милицияға қатнап, допрос берип жүриў...!» деп, кетип қалды. Екинши биреўи: «мынаў пиян қусайды, нашар басына буншелли ише берип!..» деп, машинасын қаймықтырғаны менен турмай сөгип кетти.

«Орақ—Балғаның» тусында далбақлап алдынан шығып еди, тиркеўине қаўын тийеп киятырған трактор тормозлады:

— Неўе қызым, аманлық па?!

— Алып кет!..

Тракторшы егеде киси екен, қапталынан қағысып жай берди.

Аэровокзал, медтехникум, жасыл терекли ресбольница перзент көтерип турған ҳаялдың тас монументи артта қалып кетти. Қалалық бағдың мүйешинен бурыла бергенде:

— Тоқтатың — деди билегинен түртип: — Ендиги жағында, өзим-ақ бараман!...

— Қайда? — Таңланып тоқтатты. — Мына сыйқың

менен қайда барасаң?! Жүдә алыс болмаса жақынлатып таслайын, қайда?!

— Милицияханаға... Адам өлтирип қойдым, ата-а,— Қыз түсип кетти. Тракторшы қайта-қайта көкирегине түпирди...:

— Не қусап баратыр, усы заманның жаслары?!...

* * *

...Әмирханның негедур, ҳәўлиргендей болып жүреги дүрсилдей берди. «Коньяктан шығар» деп ойлады әзелинде, бирақ буны қасындағы Жердашқа айтыўды нәмәртсинди. Монумент—трактордың қасына келгенде машинасын бирден тормозлады.

— Ҳим, неге тоқтадыңыз, устаз?!.

Үндеген жоқ, айнадан басын шығарып, Қарақалпақстанға «социализмди алып келген трактордың» жәнжағын үнсиз шолыды. Тас диңгектиң үстинде ҳәңкийип тур трактор, жән-жағы сырдандай дала:

— Жерда-аш,—Кек ете даўыслады. — Бой жасырар таса жоқ, бунын қаяғында аңлымақшы еди мени?!

— Кимле-ер?!

— Рэкетшилериң-дә!—Басын шайқады. — Оңбайсаң сен бала! Соларыңды өзиңниң үстине айдасам қайтер единң, тек бир аядым-дәә сени!..

Жердаш ўаҳаҳалап күлди, жамбасын шаппатлап күлди, бирақ буның биреўи де шын күлки емес, қасындағысының ызасын келтириў ушын ашыўдан шығып атырған өтирик күлки екенин қасындағысы да түсинип қойды. — Неге бунша ўаҳалайсыззз,—деди тисиниң арасынан, ызылдап, бунын бирден «сизсирегеннен»-ақ өзин қатты жек көрип отырғанын Жердаш та билди. Әмирханның биреўге ғәзеби қайнаса ғана сөйтетуғыны буған бурыннан мәлим. — Жазығым аяғаным ба сени?!

— Олар мениң үстиме келмейди бәри бир!—Ашыў аралас мақтаныш пенен:—олардың бәри Тасқалада жақыннан бери тергеўши болып ислеп атырған Бердашының жоралары екенин айта жазлап, өзин зорға ирикти де, деди: — Олар бир сөзли ҳәм мәрт адамлар лебизи ушын жан береди, сизиң менен биздей пуллы жаққа тайғанап кете бермейди, айдаң, устаз, қараңғы түсип кетер!.,

— «Бир сөзли емиш!..» — Мырс етти де стартерди басты.

Қаланың сыртынан өтетуғын айналма жолдың түсерлигинен «Ашшы көлге» бурылды, ырасында да қараңғы түспесинен бурын жетиўи керек еди, ҳәзир болса шомылатуғынлар, дем алатуғынлар, қайтқыншы машиналар да жоқ есабы. Ендиги жағында бул көлге топары менен, әскерий бөлимниң қурылысшы солдатлары, жайдағы отыриспадан ишип пискен, «бир сүңгип қайтамыз», деп, түни менен бақырысып жүретуғын шала пиянлардың машиналары «уўласып-шуўласып» қосық айтысып келмейди. Бул—баяғы Әмирхан келип туратуғын жыллары еди, ҳәзир арақ қымбатлап, саўдагердиң қолындағы «Орыстың ақ арағы» жигирма бес манатқа шыққалы, пул таппаған мәскүнемлер самогон қайнатып ишип, гәси уўланып, гәси жарылып өлип атырғалы, «сухой закон» енгенине де бир түпирип, партхызметкерлердиң гәси партиядан, гәси машиналы, көп телефонлы, саўлатлы ҳәм суслы мәкамаларынан қуўылып партхызметкерлери-ҳәм парт болып атырғалы «Ашшы көл» де арақхорлардан сейиле басланғанынан Әмирханның түк хабары жоқ: соның ушын да «түнги гөшшақлардың» сейили қызаман дегенше Жердаштың көзине кәраматын көрсетип-көрсетип, шырўаның шыртып ала сала елес-қапаста басқа тири жанға көринбей бул әтираплардан зым-зыя болыў қуштарлығы қыстастырып айдады машинасын.

«Волга»—оң жағы майда толқыны келип-қайтып атырған қара-көгис айдын шалқар, шеп жағы майда сексеўиллери кешки тымықта силтидей тынып турған саҳра, қарсы алды бара-барғанша жасқалықтан ибарат шөп шықпаған қумшайт аланда еки «көзин» түсликке бақырайтып тасырайды. Баланың әкесине «күтемен» деген жери де усы, усы кәраға Темирхан келип, «Волга»ны бағып қалады, Әмирхан менен Жердашты Бийбираба ес-түссиз пиян болып атырған өз машинасы жаққа силтеп жибереди, олар ислерин питкерип қайтып келген соң Жердаш пенен есап-китап усы «Волганың» ишинде жүргизиледи, соң «Волга» менен Әмирхан, Жердаш қайтады. Темирхан өз машинасына барады, қызды мингизеди де есигиниң аўызында түсирип кетеди, ўәде усындай еди. Лекин, «әкелемен» деген жағынан көлеңкедей созылып киятырған Темирхан да,

Темирханның машинасы да көринбеди. Усы ўақытта батыстағы сексеўилликтен бир ақ «Волга» суўырылып шығып кетти, машинаның маңлайындағы атанағынанақ оның «тез жәрдем» машинасы екенин екеўи де аңлап қалды.

Геўгим түсип кеткен еди, Әмирхан баласының тезлеў келе қоймағанына пошалады, Жердаш: «иләйым, келмегей-дә!» деп тиледи. Бул да анаў-мынаў питнелерден емес, «усы бүгин питпесе хабарын өзим беремен, келисилген ақшаны өндирип ала қойың, тийислисин бизге таслап, қалғанын гәрданыңызға урасыз», деп келисип қайтқан, ҳәзир қайсы телефонда күтип отырғанын да жақсы биледи, тек... питпей қалса болды, «Я-ааа аллаа! Бунық да мурынының тесигин бир төмен қаратсам, я-яяаа, пәрўәрдигәр!..

— Жердаш, жасың киши ғой, былайла-аў, — деди батысқа қолын созып. — Барыңқыра, бала кешикти-ғо, қараөйс! Екеўи бирден ғылжыйысып пыяң болды-аў усы жаманлар! Ондай болса мени даўыслап-ақ шақыр. «қудай қайдан көрсетти» деп өзиң тийисе берме! — ҳәзиллеп те қойды.

— Машина менен-ақ барайық-дә! Я пияда барып көрейик, машинаны ийт жей ме!

— «Сақлықта қорлық жоқ» деген, иним, ол жерге бизиң машинаның изин салыўға болмайды, жинаят ислеўге баратырғанымызды умытпаўың керек. Мен тутылсам «қасында ким бар еди» десе, билесең ғой, мен онша өтирик сөйлей алмайман, және «биреўден екеў жақсы» деген...

— Онда екеўмиз барайық, пияда-ақ!

— Сен не, қорқып турмысаң?!..

— Ўәй, яғ-әә! —Жердаш кетти. Қырық-елиў адым атты да тағы қайтып келди, ашық айнадан бортачокты ашты, иши пулға толы визитнигин алып, билегинен өткерди: — Мынаўым қалып қойыпты, — деди суўдың бойында өзинен өзи қаўжырап, руўҳы түсип турған Әмирханға пул қалта салбыраған билегин жоқары көтерип.

— Баар, баар, ийт жейтуғынбеди, бәри бир, бизге бересең ғой!

— «Қудай қәлесе» дең, уста-аз!

— Бериден қайта берме, дачаға дейин ба-ар! — деп бақырып қалды.

Дача, дурысырағы, питпестен ийесиз қалған дачаның шала қурылысы көлдиң арғы басындағы, Аралға байланыслы соңғы жылларды жалпыламай өле баслаған «Орыс тереклердиң» арасынан күндизлери көринип туратуғын қарабаханалық. Кеминде «Волга» турған жерден ярым шақырым бар-аў!» деп шамалады өзинше Әмирхан. «Онша житиримди силтей бермегенде де болады екен-ғо, еки бастан көлде адам жоқ!» деди өзине өзи гүбирленип.

Жердаш қолдан егилген тоғайлыққа жақынлағанша батыл барды. «Ҳәзир мың манат ушын адам өлтирип атырған заман! Бес жүз манаты ушын бир кооператив таксишини өгиздей өкиртип сойып кеткени өткен ҳәптеде емес пе еди, онда да усы «Ашшы көл» де!!! «Жердаштың мың манатсыз жүрмейтуғынын қаланың қайсы бандити билмейди!» деген ойы мийин жайлаған сайын адымы қойыўласты. Ал, алдынан гүбирлескен сес еситилгенде: Еле пияң ете алмаған ба, сөйлесип жүр ғой!..» деди өзине өзи ишинен таңланып. Тағы жүриңкирегеннен кейин даўыс өктем-өктем, сайрам-сайрам шықты:

— Буны бунша шуқластыра берип не қыламыз, жолдас майор!—«Майор» сөзин еситкеннен-ақ гилт тоқтады.—Өлтирген адам қолымызда ғой!...

— Рәсмийшилик-дә, жолдас лейтенант!—деген тағы бир биййпәрўа сес шықты. «Биреўди биреў өлтирип кеткен!!!»—усы ой сап ете қалғаны, Жердаштың бел омыртқасының жулынын бойлап муз жуўырды, «жүрегим тоқтап қалған шығар!» десе, жақ, тайдай дүрсилдеп соғып тур. «Бул кийели орыннан тез кетпесем, өлтириўши болып тутыламан!... Усынша ақша менен түнниң ишинде неғып жүрсең десе не деймен!..» Қашайын десе жерден аяғы көтерилмей-жақтай, қашпайын десе өзинен гүманландыра жақ. Әтирараптың жым-жырт бола қалғанлығы соншелли, жарқылдасқан фотоаппаратлардың шымшықтай шырқылдысына шекем ап-анық, ап-анық!... Көзин адырайтып қараса тереклер, туў анадайда милицияның қызыл белбеўли, төбесинде лаплама былғаўышы бар машинасы!!!

— Өли болғаны менен адам-ғооо, абайлап көтериң!.

Бир қараса, Жердаш өзиниң «назадқа» бәсип-бәсип, қан қуйылған жерден бираз узақласқанын сезди. Бир

шөпти де тысырлатпастан артына айналып алды да қаш-ҳәәә, ийтиң Жердаш болмасын!..

Далбақлап қашып киятырған қараның Жердаш екенлигин сезиўден дизесинде димәр қалмаған Әмирхан да машинасына жуўырды. «Ҳа, не болып қалды?!» десе де сөйлерлик шамасы жоқ, Жердаш тусынан зуў етип өтип кетти. Әмирханнан бара сала рульге отырып, машинаны алып қашажақтай стартерди баса бергенде шофердың бос қапталындағы қапыға қолы иликкен Әмирхан өз машинасына өзи зорға илесип минип қалды.

Тап, «Шоршаның» қапталындағы автовокзалға жеткенше Жердаштың жол қағыйдасы менен иси болған жоқ, алдағы машиналардан қыйдырып өтип баратыр!

— Не бәле болды, айт деймен, Жердаш?!!

— Биреўди өлтирип кетипти! Милиция деген қара шыбындай үймелеп атыр!... Усыннан тутылсақ... исимиздиң аты жоқ, «жылымыз бузаўбас!» Өлтириўге участник боламыз!!!

— Өлтирилген ким екен?!!

— Әәәә, қайдам-әә, соны сорайсыз-аў!!

— Ҳаял ма, ер адам ба?!

Жердаш дуп-туўры өзиниң есигиниң алдына келип, биреўдиң машинасын тормозлады:

— Орыныңызға отырың-дә, үйиңизге сызың, ақсақал!—деди өзи шыққан соң шығыўға қолайласып атырған Әмирханға рульди нусқап,—Ойпап болдық, бир де ноль, есап бизики!

Ашыўы буўрадай буўырқандырған Әмирхан қос бармағының ортасына бас бармағын тықты да, ашық айнадан Жердаштың аўызына таман созды ҳәм гүрр еттирип, машинасын айдап кетти.

Машинасын гаражына киргизип таслағанда да, үйине киргенде де ашыўы тарқаған жоқ еди. Қатты ашыўланғандағы әдетине гөре айўан-пәйўанда егленбестен, сыпада бир өзи шошайып, қара шай ишип отырған ҳаялына қыйсайып қарамастан ең төрдеги жайына өзиниң өжиресине өтип кетти. Ериниң қатты ғазеп пенен келгенин көрген ҳаялының берекети бирден ушып, орнынан өрре турды ҳәм ийбенип болса да күйеўиниң үстине кирди. Әмирхан күтә болдырған ҳалатта аяқларын алдына созып жиберип, былқылдақ креслоға шалқасына таслап жатыр еди. Ҳаялының: «Шар-

шадыңыз ба, бегим!» деген сауалына да жууап бермеди. Ҳаялы созылып атырған еки аяғынан қус тумсық қара туфлийин алмагезек суўырып алды, аяғын уйқалады, оттай болмаса да:

— Табаныңыз оттай ғой! Врач шақырайын ба?!— деп атыр. Ери ҳаялының мамықтай болса да түрпидей тийип атырған алақанларынан аяғын суўырып алып, тикейип отырды, бежирейип қарады, ҳаял орнынан турып гүрсинди. Кисисиниң төрги диванға зыңғыта салған кәстонын, қалпағын алып атырғанда:

— Маған бир майдан жеккелик керек еди,—деди жыйырылып. — Сен гүбелек бола қалдың-ғо әбден!...

— Көйлек-шалбарыңызды қыстырып кете қояйын деп едим...

Әмирхан атып турып, үстиндеги көйлек-шалбарын шешип-шешип ҳаялының бетине зыңғытты да, бақырып жиберди:

— Меннен тағы аласың бар ма?!

Ҳаялы ауқаттан гәп қозғауға жүрексинбей шығып кетти.

Булардың мал қорасы жердиң аяқ ушында. Ҳаял тез-тез шайын туўарып, сыйырын сауыуға шығайын деп атырғанда алампурхан болып кисиси келип қалды. Кеўлиндегисин таппаса да кисисин бир нәуийе жайлады ғой, жем толы ләгенин сыйырына жақынлатып та қойып еди. Мыс қуманын, сүт шелегин алып келди бул сапары. Сыйырының желинине бағана дәриси жуққанын көрип еди, соны шайды, баспағын жиберди. Гүрпилдетип сауып атырғанында Нурлепестиң әйуанға кирип баратырғанын көрмей қалыпты:

Әдетине бола Нурлепес геуишин әйуаннан кире беристе-ақ қалдырып, төрги жайға жалаң аяқ кирди. Әмирхан төрги диванда қырынлап жатқаны менен есикке бақырайып қарап атырған екен, ғарры, ханнан хабарсыз, барды да қарсы алдына дизерлеп отырып, сәлем әликтен соң-ақ саудырай берди:

— Қызымыз усылай қарай қаша беретуғын кеселге жолықты...

— Ғарры-ы! Мени тынышыма қоясаң ба, жоқ па?!

— Енди, иним...—Ғарры гибиртикледи,—Өзиң сазыўар еткен бийабырайлықтан өзиң қутқармасаң, үйден берекет қашты, қатын «асылып өлемен!»деп атыр. Енди...

— Ғарры-аа!—Созып бөлди. Ҳөктем буйрық!—Тур орныңнан!

— Турамыз-ғо, иним, гәпимди айтып алайын-дә!— деп атыр еди, Әмирхан шапшып турды, шапанының жуп жағасынан силкип түргелтти де ийтерип-ийтерип, биринши есиктен, ийтерип-ийтерип екинши есиктен, ийтерип-ийтерип әйўанның есигинен шығарды ҳәм ҳаялы жаққа қарап:

— Ҳә әкеңниң аўызына ат тепкир, қаты-ын!—деп бақырды бар даўысы менен ғәзеби қайнап. —Сен мешел болмағаныңда, үй жумысыңды өзиң атқара алғаныңда маған сонша малайдың не кереги бар еди!....

Әйўанды тарсылдатып жаўып, тағы төрги өжиресине жалаң аяқ зиңкилдеп өтип кетти.

Әмирхан «Әмирхан» атағын алғалы тағдийрында буннан ҳәм бетерирек қаралы түн болмаған шығар! Өжирениң ишинде өрден ыққа-ықтан өрге жүрди, аяғы тыным табар емес, басында жылдырымдай атласқан ойлар тыным табар емес, оған ҳәмме нәрсе, ҳәтте жақтылық та кесент ететуғындай шырасын да жақпады, тек өрден ыққа-ықтан өрге....

Өз маңлайына өзи мушлады: «Бул ғана ақмақ перзент, пысылдаўығын көп ийискелетип жиберге-ен, көөп!... Неге ғана алып қала қоймадым қолынан, неге ғана-аа!..»

Мезгил тәўирақққа барса керек, ҳаялы қорқып-үркип кирип, аўқатты салыстырғанын айтып кетти, бара жақтай болып қалып еди, келмеди, келмеди,, аўқаттың суўып баратырғанын айтып, ҳаял тағы келип кетти.

Әмирхан буфеттен бир-бир «Белый айст», бир хрусталь рюмка алып барып отырды. Ең әдеп «айстан» үсти-үстине таслап алды, үндемеди, үндемеди, телмирип отырған ҳаялының жүзине де бақпады, гөш қуўырылған екен, аўқатқа бирден үнсиз ҳүжим жасады, тез-тез жеди, тап бир, поезды кетип қалатуғындай асығып жеди, бундай ҳалатты бурын-соңлы байында көрмеген хаял ҳәйран!! Сораўға қорқады, сорамай аңлаўға бар интасын берип отырғанында есиктен жинсий, қара футболка кийген қара мурт, қара сақаллы, арық турақтан келген биреў кирип келди. Ҳәзирейли келгендей Әмирхан өрре турды, лийкин қас қағымда есин жыйып алды, «ҳаял билсе-шаўлайды, шаўласа мынаў адам адам емес, жан алғыш, екеўимиздиң геллемизди еки қолтығына қолтықлап шығып кетеди!..» Келген адам менен жайтаңлап

сәлемлести, «күттим, күттим, келмедиңиз, ақыры аўқатқа отырып едим, төрле, аўқат жең...» деп жалбырақлап атыр. Мийман кишипейилликти буннан да асырып, рахметти жаўдырып асығыслығын айтты, лийкин, бир рюмка коньяк ишти. Әмирхан оны әйўаннан жайға баслап кирди.

Олар кирген жайдың қапысы «зырқ» етип илинди, ҳаял соннан-ақ бул келгенниң тегин адам емеслигин сезинди. МВД, респрокурор келгенде жалбырақламайтуғын кисисиниң мийман кириўден өңи өшип сала бериўи, қанша жалбырақласа да өңи өзине келмеўи байының ҳәрекетиниң жалған екенлигин зайыбына билдирип қойды. Соның ушын ҳәм ҳаял есиктиң гилти таўланғанда жүреги таўланғандай шоршыў менен талпынған кемпир тақаббил бир көтерилип басылды.

Ишкерилегеннен соң мийманның биринши ислегени-қапыны илип, гилтти қалтасына басты, екинши ислегени-жинсий тырсыйытқан. онысыз да жиңишке, узын аяқларын сыйраңлатып барып, пердени жаўып таслады, шыраны жақты. Аўызғы өжирениң кире берисиндеги креслоға аманат ғана отырды ҳәм пистолетти столдың үстине алып қойды. Әмирханның дизеси енди уйыса баслады, әри-бери буйрық күтти-күтти, мийман үндемеди.

— Не қылайын?

— Тшшш!—Мийман сол қолы менен өзиниң аўызын басты ҳәм оң қолының бармақларын жыбырлатып, «пулды сана!» ишаратын көрсетти де столды түртип: «мына жерге қой!» буйрығын аңлатты.

— Ә-әә әжеп, әжеп....

Әмирхан аяғының ушынан басып, төрги өжиресине кирди, изиндеги қапыны да аңқайтып ашық қалдырды. Мийман пистолетин гезенип, ол кирген жайдағы сытырлыға қулағын түрип отырды. Аздан соң гөне трусийге оралған түйиншикти есиктен алып шыға бергенде Әмирханның көзи пистолеттиң уңғысына түскени де сол, маңлайында майда қурт ойнағандай жыбырлап сала берди. Бул жыбырлы мийман пистолеттиң уңғысын төмен түсиргенше даўам етти. Мийман шығанақ тиреп отырған стол оған жеткерместен кетти. Үҳҳ, ақыры жетип, түйиншикти оның алдына қойды-аў! Мийман «ары тур» ишәратын берди, ол шыққан қапысына шегинип турды. Мийман трусийден ақшаны аўдарып таслады. Столдың үстине шашылған қызыл онлықлардың пачка-

сынан санап-санап, жигирма бесин алды, буны Әмирхан да ғайры тәбийғый ҳалда ишинен санап турды. Мийман түргелип, шалбарының дизесиндеги, еки қапталындағы, артындағы қалталарына асықпай-албырамай жайлады. Қалған төрт-бес пачканы трусийге бурынғысынша орады:

— Қақшы!—деп зыңғытты Әмирханға,.—Бизге ҳақымыздан тысқарының кереги жоқ!—Сөйтти де есикти ашып шығып кетти.

Бийсәўбет мийманды ҳаял түргелип турып, әйўанның есигинен шыққанша көзи менен узатып турды, есиктен шыққан соң бара сала есикти иштен шатырлатып илип таслады, соң ерин көргенше асықты, ишкери кирген ҳаялы төрги жайдың есигиниң алдында есин жойтқандағы Юрий Никулиндей аңырайып турған ерин, оның аяғының тусында ҳәр қайсысы ҳәр жерде жатырған төрт-бес қызыл онлық пачкасын ҳәм қара трусийин көрди.

— Бул не жайраған пул?!

— Ҳаҳ!—Кисиси ҳаялының көзи түскен еденге қарады. Сонда ғана титрек қоллары менен түйиншикти қақшый алмай қалғаны, қолдың сыртына тийген орамның жаздырылып кетип, пачкалардың аяқ астындағы ғалы паяндоздың үстине шашылғаны санасына жетип үлгерди.

— Ақымақ адам екен!—деди есин бирден жыйып.— «Машина бер!» дейди. «Мынаўың аз!» десем де, «алмайман!» десем де пул менен урып кетти, жыйнап ал!..

— Қанаҳәтке берекет, ала бердә!—деди ҳаял пулды жыйнап атырып.—Нанның усағы да нан! Өйпнесей, олар да трусийге орайды екен-аў!. Бирге... жатамыз ба?!

— «Бетиңе күле қараса ыштаныңа жамаў тилейсең», ба-ар, баланды күт!—деп, бақырынып жиберип еди, қолынан пуллы трусийди жулып алып. Изинше өзи келди. —Дурыслап аўқатлана да алмадық, жаңағы коньякти әкелш, силем қатқанша бир уйықлар ма екенмен!..

Ҳаялына ярымланып қалған коньякты алдырды, ишти, бәри бир, биресе Жердаштан масқара болып утылғаны, биресе баласының ойсызлық етип, пысылдаўық пенен Бийбирабаны өлтирип қойған қорқынышы есине түсип, парасат бермеди. Қайткен күнде де оның тап усы ўақытта жол табыўы, бул ушын ақыл-еси шайдай ашылып, гәллеси сааттай сыртылдап ислеўи зәрүр, оғада зәрүр! Буған жигирма минут ғана уйқы керек, жигирма

минут! Сөйтпегенше ақылы айдынласпайды, басы ашылыспайды, буны өзи жақсы ғана биледи. Және бир шийше ишип көргенде не қылар екен! Онда сандырақлап, ҳаялға сыр берип алмайма?! Темирханның пысылдаўығы да ядына түсип атыр: «Мурынға бир пысылдатып, бир ярым саат уйқылап алармедим!» Пысылдаўық пенен: «сол пысылдаўық қурытты-ғо!» деген ой келип, «неге ғана алып қалмадым, сонда қыз да өлмейтуғын еди, маған буннан былайғы дәрдесер,—бережақ парамды алып, ийттен қорққан гедайдай князлардиң есигин қағып турыў да жоқ еди, ойдай опырылған артықмаш шығын да жоқ еди!..» деген екинши ой буны Отелло қылып ыңырандырды, өзин өзи мушлай жазлап, ҳаялының қасынан турып кетти.

— Уйқылай жақпан, бир саат уйқы маған ҳәзир алтыннан қымбат!..

— Билемен ғой, билемен...

— Билсең гөрди-жерди сылтаўлап үстиме кире берме!

— Бала неге кешикти?!

— Бала еме-ес бул, мениң ашылмаған сорым, жүргенди-дә және бир ис арттырып! Жаман адам тегинге жүре ме, жатыры пәс, жатыры!.. Әнейдей, Жердаштың өзиндей баласы-ыы Тасқалаға тергеўши болыпты, тергеўши-и, ақлаўшы да еме-ес...

— Қыйнала берме, қаның тасып кетер, ағасы, барып жата ғой!..

Ҳаял алдында бөдене болып жорғалады, диванға бесиктей бөлеп, жатқарып кетип еди, аздан соң майка, трусийшең турып отырды, ай қараңғы еди, торшерди жақты. Барқылдап бақырып, ҳаялын шақырып алды. Ол бийшара еле жата алмай да жүр екен, муздай холодец алдырды. Бир шийше коньякты аштырды да: «Неғып турсаң бақырайып!» деп бақырып жиберди. Әлбетте, ишинен айтады-дә: «бүйтип байлы болғаннан дүньядан тақ өткен мың мәрте артық!..» деп қарғанып кетти ҳаялы.

Екинши «айстты» кишкене рюмка менен жырпылдатып отырмады, фужер менен үсти-үстине «дем бермес намасына» салып тартты, үсти-үстине муздай холодецтен асады. Шийшени сырқып болғанда өзинде шаршап қалғандай ҳалатты сезди. «Умытпасымнан бурын бежерип, тисимниң қайызын қандырайынш, әкеңниң!..—Телефон аппаратын алдына тартып, номерлерди тартып:

— Алло, Жердашты шақыр! «Уйқылап атырр?! Оят!!! Хе, неге?! Адам оятпастай ол бир, Сталин болып па?! Шақыр деймен-әәә!..

Трубка басылып қалды, бул тағы өжетлесип номер терди, енди ҳеш ким келип трубканы алмады, тағы терди, тағы сондай, тағы...

Төсегине жатып атырып та сөге берди, аўызы, басы, қулағы, укиниң көзиндей көзи, шешеси, дымы қалған жоқ, сөге берди, сөге берди, Жердашты сөге берди...

Көзи илинди ме, илинбеди ме, я силеси тастай қатып қалып па еди, буны ырасында да өзи билмейди, телефон безилдей берди, безилдей берди, ҳәкисине, телефон аппараты бас ушындағы журнал столының үстине қойылыпты, бурын анаў үлкен столда туратуғын еди. Жердашқа звонлаў ушын өзиниң тартып қойғанын умытты ма: «буны ким-әй бас ушыма қадап кеткен?!!» деди торшерди жағып, телефон аппаратына көзи түсиўден, лийкин, сол ўақытта-ақ Жердашқа звонлағаны, сөйлесе алмағаны ядына сап етип түсти. Жердаш оянған ғой, енди кеширим сорай жақ шығар, мә, кеширер!» деди өзине өзи ҳәм трубканы алып, қулағына тутты.

— Алла-ооу, Әмирха-ан!—Өзине «Ханның қызынан» дәри таярлатып берип жүрген врач достының даўысын таныды.

—Паайй, сөйлесетуғын ўақытты таптың-аў!—Әмирхан шаншыўланды. —Маған ҳәзир бир саат уйқы батпан алтыннан артық...

— Дәтиң шыдамады, достым, балаң да сондай-сондай бола қойыпты.

— Қандай-қандай бола қойыпты, не деп турсаң?!

— Билемен ғоой, Әмирхан-аўў, қартайғанда ҳеш кимге де аңсат еме-еес, белиңди беккем бууў, жора-а! Баланы үйге апардыңыз ба?!

— Қайда оның өзи!!.

— Ўай-боой, еситпеген қусайсаң-аў!.. Кешир, жора! —Трубка жабылды..

— Ақымақ адам екен-ғо!—Әмирхан да трубкасын ашыў менен «сарт» еттирип жаўды.—Пияң ба өзи, ярым ақшамда уйқы бузып...

Торшерди өширип, қайтадан жатып қалды. Әне, ядына баласы енди түсти: «Бул неге маған кеўил айтады?!» Өрре турды. Торшерди жақты. Бармақлары дирилдеп, асығып-албырап номерди терди:

— Алло, ал енди, жора, жаңа уйқылы көзим менен аңламаппан! Бизиң бала ҳәзир қайда, өлимлик саўда болса да жасырмай айт? Өли ме, тири ме?!

— Уай-боой, жора-ай, тири болса түн жарпында сечи қозғайман ба!.

— Қашан өлген?! Айтсаң-ә, ҳеей жүрек жарылса да айтсаң-ә! Кешки саат алтыда базарда сыртынан көрдим-ғо! Айт деймен, ҳәәй, аўызыңа жылан жумыртқалағыр!..

— Енди, жора, мен жаным төзбей айтып атырсам. «Ашшы көлде» биреў басына балта урып кетипти! Балтаны алған өзим...

— Сен неғып жүрсең ояқта?!

— Шым-шырқадай бала-шаға, бир айлық неге жетеди! «Тез жәрдем» нен азғана саат алып едим, ҳәкисине мениң ўақтыма дуўры келгенин қарасаң-ә, бунының да! Бети-аўызын қан жуўып кеткен, таныў мүмкин емес, тек балаңның «жигүлийинен» таныдым...

Әмирханның саўсақлары трубканы жаздырып жиберди. Пәскелтек столдан салбырап гилемге түскен трубкадан «гук-гүўук» сес шығып турды. Әмирхан әдеп үнсиз жылады, соң еңиреди. Басқа анық түскен ғулпет шын мәнисинде санасына жаңа жеткен еди. Ақыры орнынан турып, аш бүйирин таянды да «ўай-ўайды» салып жиберди. Апалақ та-жумалақ есиктен кирген ҳаялы өжирениң ортасында даўыс шығарып таўланып турған кисисин, еденде жатырған трубканы көрди. Не де болса усы трубкадан жеткен хабар екенин түсингени де сол, трубкаға жабысты.

— Ҳәй-ҳәй, қай ширкинсең түн жарпында журттың жүрегин жарған!..

Трубка—«гүўк-гүүўк-гүўўүк-гүўўўк...»

## 39

Емленип атырған адамлары қаншелли хор-зар, әбигер, сықылы қашқан шырайсыз, «болары болған, боралай тозған», жақсы күнлерден үмити аз, келешеклери әлле қашшан артында қалып қойған, жуўынып-тараныўды түк үрдис етпейтуғын, бир ўақлары үрдис етсе де соң-соң умытып, сақалы, тырнақлары өсип-ақ жүре беретуғын ҳәм соған ети өлип кеткен патас арақхорлар, нәшебентлер болса, жатырған палаталары да тап емле-

ниўшилерине усаған ызғар, ырым-жырым, қаншелли «сылап-сыйпаса» да» ем қоныўдан өтисип, қулаўға мейил берген, абыйға-бабый өжирелер еди. Бул палатадағылар «ҳәр биримизге пәлен кубометрден атмосфера керек, ҳаў, бизлер бир жайда консерва банкасындағы селедкалардай, Нөкистиң автобусларындағыдай тығылысып өле жақпыз-ғо! Бул қалай болды! Ишип-жейтуғынымызды бир келип көриң, суўда дәм бар, буларда дәм жоқ! Кийип жүргенлеримизди көриң, мәселемкиден, мына мениң үстимдеги ала кийим нешше өлиниң үстинен сыпырылып алынып жуўылғанын мен билмеймен. Мен Освенсиумның концлагериндеги тутқынларда да бундай шобытты көрмедим!..» деп арыз ететуғынлардан, шатақ шығаратуғынлардан емес, қойдан жуўас, өз айыплары өзлеринде, соның ушын-ҳәм мөҳмин адамлар. Мөҳмин болмай не қылады, мәселемкиден, Нурлепес ғаррының өз үйи буннан да ызғар ҳәм патас, үйинде ишетуғыны күниге үш мезгил көк шай, жейтуғыны пөлке нан, «қудайға шүкир, бул кәрада жақсы-ғо, ыссы аўқат береди, дәми болмағанда не, қуры шайдан жақсы-ғо!..» Сонда Нурлепес кийимине «гөне» деп налынсын ба, үйинде кийип жүргенлери де журттың гөнеси, қашан бир буған журттың таза кийим берген күни бар?!. «Аўқаттан, кийимнен, жайдан кемиси жооқ, кемиси тек бир жутым көкнар, бир кеса шара-аап!.. Сийсен, Нөкерлерге!.. усыны умытыў ушын-ақ, бирин бири усыннан алаң қылыў ушын-ақ, келиссин-келиспесин, сөйлей береди:

— Мәмлекет ишимликке қарсы нызамнан сегиз миллиард манат зиян көрипти, мен газетадан оқыдым!— дейди газетаны қуры қалдырмай, әсиресе ишимлик ҳаққында жазса мулт жибермей оқып жүретуғын Нөкербай ҳеш ким сорамаса да. «Сегиз миллиард» дегенниң неше мыңнан қуралатуғынын есаплаўға Нурлепестиң қудирети жетпейди, соның ушын да бул сөз оған қызық емес. Лийкин, Палўанияз:

— Он бес мың манат жетпей қалса, «крупный хищение» деп, атыў жазасын береди,—деди тоңқылдыға тақаббил.—Сегиз миллион, миллион деймен, миллиардаў, ҳәр миллиардта мың миллион бар ма?..

— Япырмай-ә!—Нурлепес жаңа таңланды.—Миллиард деген жүдә көп болады екен-аў!..

— Сонда да сол законды шығарғанларға шыбын қонған жоқ!..

— Сонша зәлел берсе де ме?! Онда неге дүканшыны атады?!

— Қәә-йдеем, көсемлерге о зәкүн жүрмейтуғындығы!..

— Сегиз миллиард, я-аа! Суўдан шыққан шигиндей Сийсен көпшиктен басын көтерди. —Онда ҳүкиўметти асырап отырған, биз, пияншиклер екенбиз-дәә!..

— Әй, сол «сегиз миллион» шығар!..

— Жа-ақ, мине, газет!—Нөкер газетадан астын сызып қойған жерлерин оқып берди. Адамлар сонда да инанар емес.

— Арақ қымбатлап кетти-ғо, еки шийшениң пулына ҳәзир бир шийшени зорға аласаң, онда да дүканнан табылса-аў, табылмаса Жалғас пенен Айнияздың, Кәрәмәддинниң үйинен жигирма бес манаттан ала бересең, қайтесең енди!..

— Сизлер түсинбей отырсыз. Бул сегиз миллиардтың ишинде Грузия, Армения, Азербайжандағы сол пәрман қырып таслаған жүзим бағлары ба-ар, быйыл бәҳәрде қайта еккенде де ол жүзим бес жылға шекем бурынғы қәддин ала алмайды, енди отыра берсин ҳүкиўмет ҳәр жылы сегиз миллиард зиян көриң!..

— Не де болса сол әдиран қалғырдың қурығаны жақсы болды!—деди Палўанияз ақ көкиреги менен аңқылдап, еки пияншик буны мақулламаса да: «жүдә бәрәкәллә болды!» деп салды Нурлепес: «Ата-бабаң ишпеген нәрсе еди бул апат, қайдан, қалай келип қалды өзи? Бизиң Сазтурған да көшеден журттың шеккенинен қалғанын терип шегеди екен, муштай болып, шылым соның не теңи десе-ее! Буған да пәрманы жоқ па?

— Асықпа-а, жаныңды пәрман алады еле!..

— Әй, усы ата-бабаның тусында арақ та, папирос шегиў де жоқ еди, қайдан шықты сол апат. Әй, билгишлер, жуўап бермедиңиз-ғо сизлер?! Я қорқасыз ба?!

— Жа-ақ,—Нөкербай басын шайқады.—Ҳәзир биреўден биреў қорқпайтуғын да, биреўге биреў бағынбайтуғын да зама-ан, несине қорқамыз; арағың да, папиросың да орыслар менен келди, а-ал, еситейин дегениң солмеди? Бурынлары бундай гәп ушын қамар еди, яшасын еркинлик!.. Не айтсаң да еркинсең, айта бер, айта бер...

— Усы еркинлик үйимиздегилерге әдет болмаса дей бе-ер!—Палўанияз сақалын тутамлап, жастықтан алмастан басын шайқады. —Келинлеримиз, балаларымыз

«әшкаралық, жәриялылық» деп, не болса соны жүзимизге быжылдатып басып, жағамыздан алып жүрмесе дей бер! Күнде қулағына қуйыла берсе, ешекке де ясиийин қонады, адам-ғо, адам! Буны бизлер көзимиз бенен көрдик, баяғыда, Хрущев заманында, қайсы газетти алып қарай ғой, «Жеткиншектен» тап «Совет Қарақалпақстанына» шекем, орайлық газеталар ғой жатты бас пукил, сөөөйтип, қайсысын алып қарасаң сонысында «тағдийрим өз қолымда» деп, тыңға ма, қудайдың бәлесине ме, жулқынып кетип баратырған жаслардың сүўрети, мақалалары! Колхоз баслық ўағымызда пақсаларға жаздырып жүрдик-ә сол сүренлерди! Бизиң аўылдан-ҳәм кетти баллар. «Тағдийрың өз қолыңда, қашанғы кемпир-ғаррыңды паналайсаң да жүресең?» деп, жиберген-ҳәм өзлеримиз сол нәрестелерди, себеби, сөйтиў үрдис болып кетти. Ал енди, сонда Мырзашөлге, Қазақстанға кеткен баллардың биразы кемпир-ғаррыларының ас-абатына да келе алмай қалды сояқта, ким хабар береди оларға, я мәканы мәлим болмасада жылында туўылған жерине келип-кетип турмаса! Ҳәзир, әсиресе, Ресей жақларда бала-шағалары таслап кетип, қартайғанда ҳүкүўметтиң мойынына түсип атырған мәпилик кемпир-ғаррылар аз ба, аз емееес, солардың бала-шағалары, жоқ па, ба-аар, пайдасы не, баяғылары «тағдийрим өзимниң қолымда» деп, кими БАМға, кими ТАМға кетип қалған. Өйтиўге де үйреткен, мынаў маңлайы қара, газетшилер менен жазыўшылар! Жоқарыдан ызым-сызым гәп болса қудайы берип қалғаны, жазып атырғаны, тыр-тыр-тыр көтермелеп жазып атырғаны! Бай-бай-бай-бааай, әкесин услап қаматқанларды комсомолға алды-аў баяғылары! Партияға алып, ҳамал берди-аў! Сол балларды герой етип жазды бул жазыўшылар, атларына көше, мекте-епле-еерр! Ата-анасына сатқынлық еткен адамлар кимге сатқынлық етпейди, сондайлар ҳәзир сөйтип кирген партиясын-ҳәм сатып атыр!.

— Қапы-ылт әбден! Сен, Палеке, фактсиз сөйлейсең!..

— Ҳимм! Факт керек пе саған?! Жигирма тоғызыншы жылы Қалый мақсым Зарлықбайдың көтерилисине иймам болып қатынасып, тутылып кеткен соң еки бирдей қызы «ондай әкениң бизге кереги жоқ!» деп, ҳәтте фамилияларын өзгертип кетип еди-әә!..

— Сөйтип не қылды?!

— Уаай, қыздырасаң-аў мени, Нөкербай ғошшым, айтпайын десем де айттыра бересең! Сөйтип не қылатуғын еди, оқыўға кирди екеўи бирден, партияға кирди! Өзлериндей әкелерин аттырып оқыған биреўлерге тийди-и...

— Химм, гәп сенде?!

— Көп жыл партком болып иследи, қайда десе-е, газетлерде партко-ом! Абырайсыз болған жоқ әлбетте, тиккелей обкомның биринщиси менен телефоннан сөйлесетуғын еди-әә! Енди партия жабылып еди, анаў күни партияға қарсы бир мақаласын оқып, жүрегим суўў ете қалды. Баяғыда әкесиниң мақсымлығынан қорқып фамилиясын өзгертип жүрген ўәлятизинә мақаласын «Я-ааа пийрим Биййбипатма!» деп баслапты-ә, артына «Қалый мақсым қызы Айпарша» деп қол қойыпты, ҳәәә Айдан садаға, Айдың паршасы емиш, дозақтың паршасы ол мәстан, әә парша болмаға жетпегей! Әне, усындайлар саатты компартияны, гилең усындай ҳамал ушын кирип кеткенлер қыйратты, енди динди урған бир зәкүн шықсын, фамилиясын тағы өзгертиўге ба-ар бундай шерменделер! Бул, не факт емей апаңның айбөреги ме?! Әне, усындайларды герой қылды бул жазыўшылар, газетшилер!..

— Сөйтип жаза бергенде, бирақ,—Сийсен гәпке араласты.—Сөйтип жаза бергенде болатуғын еди!..

— Ҳеее, о неге?!

— Мен әдебиятшыман, аға. Сизлер әдебияттың күшин билмейсиз еле. Сөйтип жаза бергенде бар ғойй, тап жәлептиң баласы өз анасын әкесине, парахор менен саўдагердиң баласы парахор, саўдагер ата-аналарын милицияға тутып беретуғын еди бирақ, сондай итималлығы бар еди...

— Ўа-ҳа-ҳа-ҳа, ҳи-ҳи-ҳи-ҳийй!..

— Ҳа, бул нее, Палеке?! Табаныңызды биреў қытықлап атырғандай ырғып-ырғып күлесиз, түўе! Ҳаў, мен оқыдым-ғо сондай гүрриңди! «Сизлер не честно жасап атырсыз, а-аа мениң ҳарам тамақты ишким келмейди»... деп, әкеси парахор, анасы саўдагер бир бала қолын силкип таслайды да үйинен кетип қалады, бул не, факт емес пе?!

— Ол факт еме-есс, ол апаңның айбөреги! Сен қусаған бир талабы келиспеген әдебиятшының сандыра-

ғы, асып кетсе, әрманы! Ҳәзирги балалар, бул Айпаршаның ўағындағы балалар еме-есс, булар ата-аналарынан гөрден болса да пул табыўды, пул болса бахыт та, талап та, ҳамал да, партбилет те, қатын да, машина да, қулласы, бәри де, ҳәтте ҳүждан да сатыла беретуғыны-пара алмаса өзлериниң «Қарақум» шоколадын жей алмайтуғынын, ғайры еллердиң қымбат жинсийин кийе алмайтуғынын, айлық пенен машина мине алмайтуғынын бесиктен баслап түсинип жасап атыр, ата-аналарының ҳийлесин, пул «соғыў» усылларын көрип, үйренип өсип атыр. Соның ушын-ҳәм жарлының баласы жарлы, байдың баласы бай...

— О неге жарлының баласы жарлы болады екен?..

— Ақыры, оған байыўдың жолын үйретпеген-дәэ әкеси! Несин үйретеди, байыўдың жолын билгенде өзи байыр еди-аў, өзи билмейди. Өзиниң де тап өзиндей ғәрип ҳәм байый алмайтуғын, қуллықтан басқаны билмейтуғын әкеси болған, билмеген соң ол да буған үйретпей кеткен, енди бунын да үйрететуғын дымы жоқ, сөөйтип, ғошшым Нөкербай, жарлылық деген шынжырма-шынжыр кете береди. Жаңағы Сийсен айтқан гүрриңдеги баланың «сизлер честный емессиз, ҳарам тамақ жегим келмейди» деп, үйин таслап кеткени өтирик. Аштан өлип баратырса тастың тамырын-әм жер-аў ол жуўермек! Ҳәр нәрсе рабайы менен болғаны жақсы, соған ким исенеди! Усы ўақытқа шекем «бизиң апам саўдагер, дүканнан арақты алып, отыз бес манаттан сатып отыр, услаң!» деп, бир пионер милицияханаға барған ба?! Я бир саўда министриниң баласы дүканның баслығы созған жүзликти «бул ҳарам пул!» деп алмай қалған ба, әй, қайдам-аў!..

— Әй, усы, «Айтбай келипти», деген гәп ырас па?!— Бирден тоқсан градусқа бурып жиберди Нөкер Ниязович.—Бизлер көптен бери Бердәмбет ағаның өли төсегинде аўнап атқан соң «Ақ тубаның» хабарын дым билмеймиз-аў, кимнен еди, биреўден еситкендеймен, сол ырас па, Нуреке?

— Келдиғо,—Нурлепес айыплыдай салпаўсып жуўап берди.—Әй, келгени қурысын, қызы қамалып кетти, әттең, этегенай!..

— Ҳаў-ҳаў!—Сийсен шонтаңлады.—Қыйналып отырсыз ба, Нурлепес аға?! Адам өлтирген соң қамалмай не қылады?!

— Қамамаў керек еди!—Нөкербай басын шайқады. —Не қылсын сонда, Бийбираба зорлыққа көне бериўи керек пе?! Өш алған әндамлы!..

— Өшти ҳүкиўметтиң өзи әперер еди-дә!..

— Сениң таўықтың мийиндей мийиң бар, Сийсеке, жүзиңе айтаман...

— Сеники де маймылдикинен асып атқан жоқ...

— Ол айтқаның да дурыс, бәри бир, таўықтан маймыл ақыллы!..

Бул жердегилердиң бәри гилең шыртылдап атқан, сиркеси суў көтермейтуғын адамлар, сүйегине сиңип кеткен көкнар тегинликте умытыла қоя ма, мезгили келгенде бет-әпшерлери бүрисип, мазалары қашып, адамның сести түўе бүлбилдиң сайрағаны жақпай нәшебентлер шертип жиберсең сына жақтай шыртылдасса, алқашлардың ҳеш қандай дәри-дармақларға, ем-пемге емес, қула дүзге-кафе, қуўырдақхана, дүканлардың алды, күнде өзлери таўықтай пешелеп шийше шөплейтуғын туўў анаў таслақтағы мусоросвалкаларға аңсарлары аўады да турады, олар бундай ўақытлары маңғурланады, бас сүйегиниң ишлериндеги мий емес, жүн тығылғандай, ақыл-ой деген намыў-нышан жоқ, көзлери луппыйып, маңғурлана бағады, ишлери, ләплери, ийеклери, қоллары қалтырасады, стакандағы аўызына апаратырған суўы шайпалып, тислери стаканның ернегине тийип дигирлеседи. Бундай арақхорлардың ҳеш қайсысы руўҳлары усындай жутап атқан пурсатлары гәп тыңлаў, төрели гәп айтыў, ойланыў, арақтан басқа нәрсени күсеў, ҳәтте аўқат ишиў ҳәм уйқылаў, бир жерде парасат таўып отырыў уқыбынан маҳрум. Сийсен де, Нөкербай Ниязович те бул кәраға әкелинген күннен бир ҳәптеге шекем усы аўҳалларды басынан кеширди. Наркологиялық шыпахананың бәлент пақсасынан асырылып түсип қашыўға бир нешше мәртебе ҳәрекет етип көрди, Сийсенниң арқасына минип, өңмениң жаңа пақсаға арта берген сапары қараўыл Нөкердиң аяғынан тартып жерге былғап урды ҳәм теўиптеўип салманың ишине жумалатып таслады. Өзинде нәрсе қарсыласарлық диңке-димардың қалмағанын Нөкер Ниязы-ыштш биринши мәрте сонда билди, көмеклесиў орынына қашып кеткени ушын Сийсеннен де, қараўылдың үстинен арыз етип барғанында: «сениң кимге керегиң бар, жәмийеттен ишесең, жейсең, жә-

мийеттиң пайдасына бир тийин түсирмейсең, енди қашсаң бир укол менен сени өзим-ақ өлтиремен, олуколды жүз грамм спирт беремен де Сийсенге салдыраман, сөйтип, сени иләҳәтке, Сийсенди тюрьмаға жиберемен де қутыламан, ўәшкишшим-ўәссәлам, ҳүкүўмет те, мен де тыныш!..» деп, қулағына сыбырлағаны ушын бас врачтан да түңилди. Себеби, спирт-ғо спирт, таптырмайдығо ол, спирт түўе жүз грамм лампамай татыған жаман вино ушын-ақ Сийсенге «сал» деген уколын салыўға өзи тайын еди-дә! Лийкин, Сийсен «қашаман» деп айтқан жоқ, бирақ: «шақсаң арқамды тутаман пожалуиста!» дейди, усыны айтқан сайын бул Сийсеннен сескенеди ҳәм Сийсенди жаман көреди. «Сизлерди емлетип, өзим кооператив ашып беремен, адам етемен, кемпир әперемен» деп геў-кеўлеп, алдастырып, усы кәраға тығып таслағаны ушын жети жини Әмирханда: «Ҳәә кооперативиң менен қосып әкеңниң аўызын... Кооператив, кемпир неме дәркар, қай бала-шағам аштан өлип, көштен қалып баратыр, бир шалқығаныма жете ме мениң!» деп сөгинеди, парқы жоқ, еситтирип те сөгине береди, ашыў менен шамасы жете қойса өшин ала жақ, Әмирхан бар ма бул жерде, көзи маймылдай мәшшийип, маймылдай бүкшийип отырған Сийсенге түседи де жаўжарақланған жини тағы Сийсенге атлана береди!

— Тааaак, Сийсен жор, ўааапшем, сенде таўықтың мийиндей-әм мий жоқ,—деп шағып алады тили менен. Бундай гәплерин есите-есите Сийсенниң де ети өлип кеткенликтен ашыўланыў орнына кеңкилдеп күлип, усы ашыўланбағаны менен де еңсесин тырыстырып отырғаны, күйдирип отырғаны Нөкерди.—Яман-ә күйемен-аў, Сийсен жора, күйсем не қылайын, сеннен басқа адам мениң менен жора болмайды...

— Мениң менен-әм сеннен басқалар жора болмайды.

— Соны билсең күйдире бермесеңо! Өлтирип аласаңғо мени, оннан соң бир өзиң қайда сыясаң...

— Луўбой жерге!—Сийсен қолын қылыш қылып серmеди. «Любой» ды ол айтса үсейтип айтады.—Екеўмизди бирден ким үйине сыйыстырады! Сен маған алағада болмай, мени ўуайымлай бермей бийәрман өлип кете бер, мен Әмирханның есигин сыпырып-ақ, малҳалына қарап-ақ, гөне-көксисин кийип-ақ, шийшелерин сығып ишип-ақ күнимди көре беремен

— Ййй, жаман-әй,—Нөкер түңилип сөйледи.—Тауықтың мийиндей мийиң болғанда соны айтар ма едиң, ақылың соған жетиспей атыр ақыры!..

— Соған деген не?!

— Бириншиден,—Нөкер шунатайын бүкти. —Әмирханның сипсекешлиги, гөне кийими, мал-ҳалына қарау қусаған малайлығы мынау отырған Нурлепес ағадан ауыспайды, шийшесин де усыған береди, солай ма Нурлепес аға?

— Сизлер-ақ алың-ау шийшесин, мениң пенсиям бар ғой...

— Екиншиден, Әмирханға арзан қул керек, бизлерди аяп әкелген жоқ усы жерге, таярлап қойған, ойлап жүрген бир нәҳән мийнетли жумысы бар, соған жумсау ушын бәҳәрги қосқа баққан өгиздей етип, биз екеуимизди усы жерде баққызып атыр, тауықтай мийиң болса сен усыған түсин, бизлер керекпиз оған, керек болмасақ судтың бийлиги менен қайдағы бир узақ жақларға үш жыллық мәжбүрий емлениуге жиберилейин деп атырған жеримизден алып қалып усыманға тыға ма? Оярына қарасаң тап мынау отырған, —Бармағын Нурлепеске шошайтты.—Нурлепести-әм бир стратегиялық план менен емлетип атыр!..

— Шырағым-ау, неге мениң маңлайыма қол шошайта бересең! Өзли-өзиңиз ийттей бығырласып таласа бермейсиз бе, я үшинши бир ийтти-әм тислеп өтип, таласпаққа араластырыу сизлерге әдет пе?!..

— Әй, қойыңлар, қойыңлар, гәпти басқа жаққа бурайық!—Қолын гөле-гейлеп, Палуанияз сөзди бөлди.—Сениң есиң бар-ғо, Нурлепес аға...

— Ҳимм, басқалар жинли ме, ҳимм, бахты қаракомму-нист!..

— Яқшы, яқшы, Нөкержан, сен алып топыла берме, ақыры. Хат-сауаты бар, тарийхтан хабарлы адамсаң, билсең маған мынаны айтш, усы жай қашан салынған?!

— Мени не, «планын сызып берди» деп отырмысаң?

— Ҳәә, яқшы-яқшы, сениң-әм билмейтуғынларың бар екен-ғо!..

— Билемен, бирақ айтпайман.

— Ҳәә, яқшы, айтпасаң айтпай-ақ қой, сөйтип, бүркенип, питегене жат, пақырлап қайнап кеткен жығырданың суусынсын, соң айтарсаң.

Ызғар өжирге салқынын салып шөккен әжеп тәуир

тыныншлық узағына созылмады, Нөкербай жамылғысын серпип жиберип, турып отырды да:

— Тым-тырыслыққа олла, тақатым шыдамайды!— деп бақырып жиберди.

— Шыдамасаң айтсеш жаңағыны?!

— Оның неси қызық? Булманда бурын әдеп нөкислилер отырған, соның ушын-ҳәм «Нөкис аўыл» атанған...

— Ҳәә, бәрәкәлле! Сөйтип бир, бийҳазар, ҳеш кимге жәбир бермей сөйлеп отырса, иним. Сол нөкислилер салған ба усы жайды?!

— Мине, нөкислилерге бундай жай салмақ!—Нөкер қос бармағына бас бармағын тығып көрсетти, тарийхын өзи билетуғын болса да тек гәпти басқа жаққа бурып, жәнжелдиң алдын алыў ушын сорағанына өкинди Палўанияз, көпти көрген адам ғой, ашыўланбады, кетик тисиниң орынын үңирейтип күлди де «даўамлай бер» ишаратын берди.

— Бундай жайды нөкислилериң ҳәзир-әм сала алмайды!..

— Ҳимм, неси артық бунның?!

— Гербиши, устасы, сапасы артық бул жайдың! Ҳәзирги гербишлер өрмесинен бурын-ақ орнында жатып езиле береди. Бул жайдың гербишин еле куал менен урып сындыра алмайсаң, қарақалпақтың гербиши жоқ бул жайда...

— Ҳимм, қайдан әкелинген ебесе?! Уай, былпытасаң-аў сен-әәмм!..

— Не былпытқаны бар! Сен сөйлемей отыр, Сийсен, жиним тырысады сен сөйлесең, не айтсаң да шебине таўлап отыратуғын Сапарбай шөддес деген бар еди баяғыда...

— Өйтип бир...

— Сөйлеме деймен, Сийсен!!!.. Ҳимм, сөйтип тыныш отыр. Бунның гербиши катер менен Ресейден әкелинген. Нөкиске салынған биринши тас жай усы. Соннан бери бул жай Николай патшаның басын жутты, Лениннниң көзин көрди, Сталинниң басын жутты, Хрущевың кетти БМШтың минберин туфлийиниң өкшеси менен сабалап-сабалап! Брежневың өтти Уатаның ойдай олжасын өрден-ыққа шашып-шашып, еле сен өлген соң-әм ҳәзир анасының қурсағында жүрген бир пияншиклер келип жатады бунда. Патша қуласа да

қуламай қалды бул жай, бул Нурекеңниң салғанындай «Социализмниң жайы» емес, патшаның жайы, тырнағы беккем. Усы өжирелер үш мәрте суўға ғарқ болған, суў қайтқанда айнасынан сарылдап ағып атқан, сонда да қуламаған. Әтирапындағы жүзлеген жыл соң салынған жайлар қулай берген де бул қуламай қала берген, дурыс па, Палўанияз аға, айт мына шаймийге?!

— Дурыс, дурыс, еки суўалмасын өз көзим менен көрдим!..

— Қудайға шүкир, буғурлым гәпимниң бәнтин басатуғын гүўам бар екен, болмаса мынаў бул гәпимди де өтирикке шығарады...

— Тап, мен де көрдим екинши суў алыспағын!..

— Хә-хә, сөйтип тирилигиңнен хабар берип отырса, Нуреке! Бул жайлардың тырнағы беккем, гербишлери жақсы жымласқан, желим ылайлары беккем, суўды сорымайды, самалды өткермейди. Сыртта самал ҳүўлесе ҳәзирги жайлардың ишинде дүбелей турады. Гербиши жөнли писпесе, өргенде жөнли жымласпаса, желим ылайы ыдыраған ғана қум болса сен салған «Социализмниң жайы» қуламай қай жай қулайды, Нуреке-ее!..

— Ол жағы устасына да байланыслы, гәрежетинен ғәрезли...

— Әне, соннан бери бул жай ақ патшаның тусында әскерий лазаретта болып турды ма, турды-ы. Қызыллар пайдаланды ма, пайдаланды-ыы. Соң жиңишке аўырыў, лепселер жатты бунда. Соң соқырлар жатты бунда, ҳәзир, енди, мине, жинлихана! Бурынлары шылғый ақ қолғап кийетуғын ақ сүйек офицерлер жатқан бунда, енди буның теңи Сийсен пияншик, Нөкербай зобалаң!..

— Ат қартайса дийўанаға түседи деген-дә, оның несине таңланып отырсаң?..

— Сөйлеме десем де сөйлей бересең-аў, ўай-ўай, Сийсе-ен!..

— Айта берсее?!

— Мен таңланып отырған жоқпан-ғо, ақыры! Мениң таңланатуғыным: қәдири қашқан жайға қәдири қашқан адамларды таўып жатқызыўын қара!

— Мақтағаның қайсы бул жайды, қәдири қашқаны қайсы, ғошшым!

— Палўанияз аға-ғаў, жасыңыздағы қәдир, қәне, ҳәзир өзиңизде бар ма?!

Баар, қудайға шүкир, ҳе, не бопты!

— Сонда да, аға, жаслықтағыдай қайда-а! Мен мақтағанда бул жайдың беккемлигин мақтап едим...

— Оныңа тураман.

— Ҳәзир, патша Россиясы сол жыллары салған жайлардың беккемлиги изертленип атыр, мақталып атыр...

— Не ушын?

— Изертленбей не қылады, өзлери салған жайлар питемен дегенше-ақ тоза берсе! Россия имәрат салыспақта өзиниң өтмишине қайтажақ, әттең, ақ патшаның дәўириндегидей устасын таппай жүр, лийкин, ақ патша заманының үлгисин алып қоя қоя жақ, газеттен оқыдым мен...

Есиктен сүрмелеклесип, Сазтурған менен Нәзигүлдиң кириўи Нөкердиң сөзин бөлип, есикке жалт қаратты:

— Ҳә кеел, жеңге-е!

— Әстере-ек!—Сийсен күлди.—Жеңгең есиктен «Жасорат» алып киргендей бақырасаң-ә әбден! Ке-ел, жеңге, қолыңдағыны маған бер!..

— Саған «Жасорат» керек емес пе, бундағы вино емес, гүриш гөже,—деп ләбиниң қыйығынан күлди, Нәзигүл аўқатлы дүңгирди даўыс шыққан жаққа дусмал менен созып. Ҳаялдың көзиниң бас пүкил көрмей қалғанын биринши абайлаған Палўанияз ишинен ўахўақласа да сыртқа сес шығармай басын шайқап орынынан турды ҳәм қолтығынан демеп әкелип, ғаррысының кәтиниң ернегине отырғызып атырып күлди:

— Бул не, жеңге, демниң арасында жатырқап қалдың ба, бойыңды артқа таслай бересең, ғаррыңның төсегине әкелдимғо!

— Ҳаўўа, енди, анық жеңгелик еткен екенсең, басқа қызығымызға да қарап тур, азанда ақ субиңниң пулын аларсаң, бәри бир, дүканда шайы жоқ,—деп күлип атыр Нәзигүл де:—Қалайсызлар, бийтаплар, тәўирмисизлер, сатып алған аўырыўларыңыздан қутылатуғын түрлериңиз бар ма?!

— Сонша ғәрежетке сатып алып, арзан беремиз бе оны!..

— Мутқа-ақ беререк-аў, ҳеш ким сатып алған дәртимизди алмай атыр...

— Оған да пул керек, пу-уул!—деп созды Нөкер.—Аўырыўыңның үстине пул қосып бер, дәртиңди докторлардың алмағанын көрейин, Сийсен!

— Пул тапсам дәртиме даўа заттың қай үйде екенин өзим билемен, он мана-аат бир шийше «Портекең!» Әне, дәртиңе даўа сол, Нөкер!..

— Қодирең гәпти қойың, жигитлер,—Нәзигүл өзин зорлап күлешырайланғысы келгени менен келистире алмай атыр.—Сазтурған екеўимиз сыйпаланып жүрип, зорға писирип әкелдик, мийнетимизди күйдирмей, пәкизе, сууытпастан ғана ишип ала ғойың, ғәриплерим, «Портвейин» ишиўден шақыңыз шықса буғының шақындай шақаланып шығатуғын ўақты болды, ендиги жағында ийманыңызды тилең алладан, Нөке-ер, қайдасаң, неғып үндемей отырсаң!..

— Көзиң... ауырып қалды ма, Нәзигүл жеңге-е?

— Ҳә, сөйтип, сестиңди шығарса, ақыры. Ешекке «ешек» дегениң менен ашыўы келмейди, себеби, ешек екенин жасырып жүрген жоқ. Сыпайылаў ушын «көзиң аўырып қалды ма» деп атырғаныңа түсинемен, бунуңа да рахымет. Көзим көрмей қалды...

— Ўах-ўах-ўах...

— Ўах-ўақлайтуғын дымы жоқ, бул дүньяның мен көргендей қызығы қалмады...

— Қой, өйдеме, қызық еле алдыңда...

— Коммунизм деген ба-ар.

— Коммунизмге жеткен екенбиз-дә, тусынан билмей өтип кеткен екенбиз, Сийсен. Сооо сары майдың гиласы бир манат жетпис тийин, гөштиң гиласы үш манат...

— Арақтың шийшеси еки манат алпыс тийин!—деп қосты әңгимениң қайда баратырғанын абайлаған Нөкер.—Көкнар дегениң ийт муты-ы!...

— Колбасы дегениң еки мана-ат!..

— Әне, сол туста-ақ өтип кетипти коммунизм!-деп күлди Нәзигүл өзин зорлап. —Кеше радиодан бир килограмм колбаса бир жүз алпыс бир манат дегенди еситти ғой-аў мынаў қулағым!...

— Аштан өлмеймиз, қорқпа!...

— Билемен, аштан өлмеймиз. Мениң қудайдан тилегим: қәне, еки қулағым бирден тас гереӊ болып қалса! Дүньядағы адамды адам қорлап атырған, езип атырған жаман хабарларды дым еситпесем! «Еситпейин-ақ» деймен, жақ, еситип қоя беремен! Көрмейин-ақ деймен, көрип қоя беремен...

— Ҳаў-ҳаў, көргениңе қуўанбаймысаң қайта!...

— Гөрине қуўанаман ба, көретуғының гилең адам-

ды тиришиликтен түңилдиретуғын бузақылық, ҳәйўаншылық!..

— Оғурлым көрип жүрсең тәуир екен! -Палўанияз жағасына түпирди. —Мен «бас пүкил көзден қалдым!» дегенге қорқып едим...

— Көзден қалыўын қалдым ғой, Палўанияз-аў— адамның көзи көкирегинде де болады екен, сол көкиректеги көз жумылмай көре берип, жанымды егеўлей берип өртеп тур ғой мени!—деп, ҳаял жылап жиберди. Ҳәр ким ҳәр жағынан: «заман дүзлесип кетер, буннан бетеринен сақлағай, шүкир ет!..» дей бергеннен соң ба, я өзи менен ғаррысының бирге жылап отырғанын сезип қалды ма, Нәзигүл. —Мен тек ҳаяллыққа салып атырман, ҳа киси,—деди лықлығын тыйды да бирден парасат таўып. —Мен жыласам-әм сен жылама, ҳаслымыз қатын болған соң бизиң жылаўымыз-әм, күлиўимиз-әм сәл жерде, мениң тилегим азамат жыламасын, азамат жыласа шатақ!..

— Ҳеш ким-әм жыламасын -аў!..

— Қәнекей онда!!! Жыламай жасаў қайда-а, жылаўдың да жылаўы бар, жылаўдың да керек жери бар, мудамы күлип жасай берсек-ҳәм өмир әҳәҳиў менен биймәни өте жақ. Сонда да, ғарры-ыы,—Нәзигүл гүрсинип, ғаррысының дизесин мушлады.—«Буннан бетеринен сақлағай» дей бер, жақсылығы ғой қашпас ҳеш жаққа, ҳәршеңки жаман күнге ҳәм қайыл, ҳәм тайын болып жүргейсең, шабазым! — Ҳаялдың даўысы дирилдеп сала берди. —Өзиң билесең, мениң ақ жиним бар. Жақсылық та, жаманлық та аян беретуғын еди, ҳәршеңки түслерди көремен...

— «*Түс түлкиниң теззеги*» де де қой-дә!..

— Бүгин көргениң ертең жоқ, өзим тап өлип қалатуғындай қорқаман да тураман...

— Қапылта бермеш, жеңге!..

— «Жаман айтпай жақсы жоқ», кел енди, буларды бир көрип қайтайын деп шыққаным ғой, буғурлым, тәуир екенсизлер. Марҳум анам айта беретуғын еди қыз күнимде: «бой жетип, кемалға келип, турмыс қурсаң, набада бир жаққа барарман болсаң-ҳәм жубайың менен ырзаласып кеткейсең. Әзирейли деген шақыртыўсыз қонақ, ол үйде де, дүзде де тап бола қояр, сондайда, ырзаласпай кетсең, «ериң-пириң» деген, пирдиң

гийнеси мойынында кетпесин...» деп. Сол айтқандай, бәриңизди әри көрип кетейин, әри ырзаласып..

— Ўаай, қапылтты-аў мынаў-әм!..

— Ҳаяллыққа салып, бажалақлап, зейинине тийген жерим болса, ырза бол. ғарры, мен де саған ырзаман...

— Ҳаў, қой деймен жеңге!..

— Қудайым, өмирлеримиз узақ болғай, сонда да ырзаласып қоя бергенниң неси жаман, Палўанияз! Бул да бир адамнан адамның қарызы.

— Оның ҳеш ерси жери жоқ-ғоо!—деди Палўанияз ырасы менен-ақ.—«Жаманлықты алдына ал, жақсылық қашпас ҳеш жаққа» деген гәп бар. Мен сениң кеўилиңе түсинип атырман. ғой. «Ыразыман» деп айта ғой, Нуреке оның кеўил бузғандай ҳеш жери жоқ...

— Жақ-жақ, жаман ырымға жорыйтуғын да ҳеш жери жоқ, оны түсинемен ғой, Палўанияз. Мениң не деп буннан кеўилим қалады, соған ҳәйранман, меннен отыз-қырқ жастай жаслығына қарамастан қолымдағы шаппаттай қызыл шақа жетимекке реҳими түсип-ақ бас қосып, адамгершилик деген усындай-ақ болар! Соннан берги жағында биримизге биримиз еле «ары отыр» деп көргенимиз жоқ, қоңсы-қоба менен бажылдасып ашшы шыққан даўысын еситкен емеспен, тоғым менен толғанып, ашым менен айналасып жүр ғой әйтеўир бир ҳаял Бийбипатшаның туқымыман десе усындай-ақ болар, мен сеннен ыразыман, шабазым, сен-әм менен ыразы бол. Жан деген алланың аманаты, қудай аманатын кимнен қай ўақытта аламан десе де өзи биледи, Сен жассаң еле. көрмегениң алдында, мен бир, күн алған шүберектей илбиреп тозып турған жанман. Есиме жақсы салдың-аў мениң, қудайым, өмириң узақ болып, мени жоқлаў саған нәсийп еткейдағы, алла жаным мени тағы жетим қалдырмағай, бәлким әжел қурығы сеннен бурын маған түсер, бәлким, мен ырзаласа алмай қаларман сениң менен. «Ырзаман» деген бир аўыз гәпиңди сен де меннен аяма ғошшым, мен саған ыразыман!..

— Мен де ырзаман, ғарры. Сен кеўлиңди қабартпа, мениң де өлгим келмейди, әлбетте. Тек кеўилимдеги гүптикейди бир тарқатып қоймақшыман-дә!..

— Ҳә, солай болсын!—Сийсен жымыйды. —Онысыз да кеўилсиз палатаға ҳәсирет шөккизип, ҳаўасын аў-

ырлатып жибердиңиз ғо! Мен мына гөже қуйылған кесаларды жууып-шайып берейин...

— Бере берсе, өзлеримиз жууамызғо!—десе де қылмай, Сийсен кесаларды шықырлатып жыйнап алып кетти.

— Әмирхан иниң елиу гектар жер алыпты, елиу сыйыр алыпты, фермер болмақшы, ғарры-ы...

— Ҳә бола қойсын, қудай көпсинбегей азаматқа!

— Соған бизлерди де көширип әкете жақ қусайды.

— Ҳау, көше беремиз бе, үй деген, жай деген бар.

— Жайыңызды жыға жақ!

— Ҳә, о неге жығады?! Меники жабанский жай емес, «Социализм» жайларының үлгисинде салдым жараспай турған жоқ! Неге жығады?!

— Қайдам. «Кеше Бүкиртаев Қалбай Мыхайымман» деп бир қасқа бас келди....

— Ҳимм, гәп сеники!

— «Жығамыз жайыңды, жайыңда тырнақ жоқ, көше жоқ, Ақ тубаң сасып кеткен, буны да көмип таслап, бәрин нөлден баслап, қайта қурамыз!» дейди. «Ҳа биз не қыламыз?!» «Исласы болады» деп алдастырып атыр еди. Әмирхан келе кетти: «Буларды өзим фермер хожалығыма алып кетемен, жыға бериң жайларын! деп еди, бүгин азан менен бульдозерши келип тур. «Ҳа, босатың жайды» дейди. «Ҳау, қойып тур, ғаррым жинлиханада еди, сол шығып келсин», деп, зорға мәулет алып қалдым!..

— Бай-бай, кемпир, жақсы хабар алып келмедиң бизге!..

— Бизиң жайлар аман ба?!

— Палуанияз-ау, Ақ тубада ма жайың?!

— Тап, билмейтуғындай сорайсаңәй, жеңге?

— Билип, мен бир, үйиңнен нан ауыз тийип көрмесем.

— Ол айыбымыз бар. Ал, бәрин жыға ма екен Ақ тубаның?!

— «Қуртлап-бийтлеп отыра берипсиз, бул отырыстан аштан өлесиз, жайларыңыз үстиңизге қулайды, бәрин қайта қурамыз..» деп заңқылдайды-әй жаңағы Бүкиртаев деген ширкин. «Ақ тубаның» сасық суўын үлкен арнаға ағызып жиберемиз» деп қапылтып кетти, «сөйтпесек буннан тараған ауырыу пүткил жер шарының

халқын қырады...» деп қапылтқанда қайда журсиз, түўе! Тамағыңыз тоқ, уйқыңыз пүтин, сизлер кеткели «Ақ тубада» не қыян-кести болып атырғанын билмейсиз-аў, түўе! Бүгин азанда Бийбираба ақланып келди!.

— Япырмай-әә!!! Адам өлтирсе де ме?!

— Гүлимбай қышымайды милийса айдап кетти. Жалахор қусайды!..

— Тағы не хабарлар бар?

— Хабарды радиодан есит, мен радио емеспен, Сийсен, бизлерди дәрўазаңыздан шығарып салың!..

Нәзигүл менен Сазтурғанды босағадан атлата сала қараўыл изде елпилдеп киятырған Сийсенге «Қайт изге!» деп бақырып жиберди ҳәм темир дәрўазаны тасырлатып иштен илип таслады.

— Ҳаў, мынаў ыдысларын берейин-дә: -Сийсен қолындағы бидонлы торды көрсетип, зорға дегенде дәрўазаның киши есигин аштырды ҳәм сырттағылар менен хошласып болып: —Строгий режимдемиз, күнимиз усындай, —дегенди де қосып қойды.

Ол палатаға келгенде жәп-жаман бир кеўилсизликти сезди: ҳеш ким үндемейди, ҳәр ким ҳәр жаққа қарап томпайысып атыр, кеўили недендур, алағада, Нурлепес кәттиң серппесин сытырлатып аўдарылып түсти де: «Я-аааа аллааа, ендиги жағында аманлығы болғайдәә, жаңағы нашардың гәплерине түсинбедим ғооо!» деди ҳәм тереӊ тын алып гүрсинди.

## 40

Питегене есейип, ақылы тоқтасайын деди ме, Турсын басқа көзге де, анасының қыялына да бурынғы Турсын емес: буннан бирер жыл илгерилердегидей үйинде өгей әкеси Нурлепес жоқ түнлерде де апасы менен бирге жатпайды, арқасын қасымайды, «кел, апа, қызжигит ойнайық,» деп күлип, көйлегин шешип, қушақламайды. Бурын усы қылығын қойдыра алмай бүлетуғын Нәзигүл енди Турсынның сол қылығына зар, «бирге жатайық» деп шақырса да қасына дарымайды. Оған да Нәзигүлдиң өзи себепкер: Нурлепести Палўанияз Шортанбайдағы Турдыш пасомның садақасына ертип кеткен түни қызы менен бирге жатқан соңғы түни екен, сол ақшам қыз, бурынғы әдетинше көйлегин шешип таслап, анасының қойнында дамбалшаң жатты.

Қыз өзиниң ойынша қанша «ер жеткен шығарман» десе де анасының қойнына кириуден өзин баяғы бөбек қәддинде сезетуғын, апасының емшеклерин аймалап жататуғын еди, сол түни де сөйтти, бирақ көп узамай уйқылап қалды. Сылдырлаған көк шай, сорып алатуғын күшли аўхаты болмаса да сиңе бермейди екен. Нәзигүл түн жарпы аўғанда оянды. Сол күнлери-ақ бурыннан шала көретуғын көзлери бурынғыдан бетер қапыла баслаған еди, лийкин, төсек пенен шыраның аралығы, есиклерге, әйўандағы газге, суў шелекке, ҳәтте анаў Әмирхан менен Жердаштың үйлерине апаратуғын жоллар да әлле қашшан Нәзигүлдиң көкирегине яд болып қалған, оларға көзи дым көрмей қалса да, көзин байлап жиберсең де геўишине жер сыйпата басып бара береди, алжаспайды, сол сапары да шыраның тетигин алжаспастан таўып жақты, тысқарыдан ишке кирген соң тағы да алжаспастан таўып, өшире жақ болғанында кәттен сәл аўса жығылайын деп жатырған Сазтурғанға көзи түсти де оны дийўалға таман аўнатып жатқарды, соң баласының тәуир-ақ узайып қалған бойына сығрақ көзи менен сығаланып қарап: «түпәләм-түпәләм, тил-жағым тасқа, бул да сырықтай жигит болып киятыр, даўысы да рәсийда болған,..» деп сүйсинди өзинен өзи. «Шүкир қудайға, мынаў есалаңымның да еси енип киятыр,..» деп өзи ҳәзир турып кеткен төсекке қараса қызы ақ ботаның санындай еки санын еки жаққа керип жиберип, қулашын керип, шалқасына жатыр, бедениниң ийининен жоқарысы, көйлектиң етек қәддинен төменги дизе таманлары қуяшқа татыққанлықтан қаралтымлаў-дә, қалған жағы тап сүтке суңгип шыққандай аппақ-аппақ-аў! Турсынның өрими тарқатылып кеткен шым қара шашы жаўырынына төселе жастықта қопырап, қыздың онысыз да аппақ суңғақ ыйықларының, сийнесиниң, қос әнарының ақлығын бурынғыданҳәм ағартып, бурынғыдан-ҳәм нәзиклендирип, сүйкимлендирерлик етип көрсеткенлиги соншелли, қызының жалаңаш тулғасын тап биринши көрип турғандай ҳәўеслик пенен бақты анасы ҳәм тап усы пурсатта өзиниң нашар адам болғанына, сырттан келген бир бийгана жигит болмағанына қуўанды ҳәм өз қызының буншел-

ли ақлығына ҳәйран қалды, гүңгирт емес, жүдә сүтирең ақ нәрсе ғана буның көзине ақ таңлақ болып, ҳәтте, базда-базда ап-анық-ақ көрине қоятуғын, өзиниң соқырақ көзи, мынаў ақ балықтай беденди ақ таңлақтан анықлаў ҳалында көрди ме, демек, қызының оғада ақ қыз болғаны!

— Айналайын турпатыңнан, қәдди-қәўметиңнен айналайын,—деп гүбирлениўи менен сүйсинип келип, қызының қасына созылған соң шыраны сөндириўди умытқаны ядына түсти, бирақ «аздан соң таң намазыма тураман ғой,..» деди де шыраны сөндириўге талапланбады, дурысырағы, ериниди. Биледи, қызының уйқысы Алшағыр дәўдиң уйқысындай қатты. Турсынның әдеп қалтырақ қоллары менен еплеп-еплеп шашларын сыйпалады, биреў келип көретуғындай қопырағын жыйнастырды.

— Шырағымның мәмишлери де үлкейип қалыпты, еси дүзиўлеў, инсаплы, инсан қәдирин билетуғын, қызымды басына тең көретуғын биреў табыла қойғайдә!—Ишинен сөйдеди, саўсақлары сийнесинен жылысып, жаңағы өзи айтқан мәмиштиң тусында еғленди.— Мынаў ийт пенен қусқа буйырмай, әндамлы биреўге нәсийп еткей-дә!—деп, устап қараса, «қайрақтай ғой қарағымның мәмиши, еле не көрипти?» деген мәмиш өкпедей боп-бос! Жүреги сонда-ақ суў ете қалып еди. Қызы бойшаң, оның үстине бул қыз көкирек бүрме кийсе де қынама белли көйлекти қәлемегенлигинен емес, таппағанынан кийип жаўшымаған. Баяғы Әмирхан әперген қынама белли кийимлер болса сандықта әлпешленип сақлаўлы, «бундай қымбат кийим енди саған бар ма, жоқ па, әтияж сақлап қой балам», деп, сандыққа салдырып қойған да өзи.

Ҳаял қызының мәмишиниң өкпедейлигин жаманға жорығысы келмеди, оң қолын Турсынның киндигиниң үстинен асырып, қызы менен параллель жатты. Сол жатыстан көзи илинди ме, жоқ па, анығын билмейди, алақанының астында бир нәрсе бүлкилдегендей болды. «Әй, қыялымады-дә!» деп еди, тағы бүлкилдеди. Ҳаял орынынан өрре турып отырды ҳәм қызының емшеклигинен қуўығына шекемги аралыққа алақанын жуўыртып көрди, алақан емшекликтен жоқарылай баслап, киндиктен түскен соң кәмандай ийилип төменлей берди. Нә-

зигүлдиң өкпеси аўызына тығылып, өз демине өзи түйилип, жүрек соғысы жийилене баслағанда көзине баяғы Нөкер менен Сийсен келген күнги шатақ, «Қызың Әмирханның ҳаялы!» деп бақырып турған Нөкердиң жәпжаман, мәс әпшери елеслеп, даўысының қалай қатты шыққанын өзи де билмейди:

— Маңлайым қайдан қурып еди-әәәййй!..

Түс көрип атырған Турсын өзине мойынын созып, бирден бозлап жиберген ақ әрўананың даўысынан оянып кетти ҳәм нашар балаға тән уялшақлық пенен аяқ ушына серпилип тасланған көрпесине қол созды да жалма-жан омыраўына тартып басты. Қараса ақ әрўана болып бозлап отырған қасындағы анасы!

— Ҳимм, апа, не болды саған?!

Ҳаял тилге келмеди, өзинен өзи еңкилдеп, еңиреп жылай берди.

— Апа-а, неге жылап отырсаң?!—Жаңа ғана үстине жабылған көрпесин серпип таслап, Сазтурған өрре турды.—Бир жериң шаншып аўырды ма?!

— Мына жерим, мына жери-и-и-иммм!..—Ҳаял жылаўын үзбестен жүрегиниң тусын мушлады.—Мына жерим шаншып кетти ғоой-аааў, мына жерим... Енди журттың бетине қалай қарайман, қалай жер басып тири жүременнн!..

— Апа-аа,—Сазтурған шалбарының балағына аяғын асығыс суғып атырып сөйледи.—Аз-маз шыдап тур, Айбөрек кишемдикине бараман да дуқтыр шақыраман, шанышады, тамам; қойып кетеди...

Баласы есикке епелеклеп баратырғанында:

—Қойып тур, шырағыммм,—деп ирикти анасы.—Өзинен өзи-ақ қоятуғын түри бар...

— Яқ, шақырайын!

— Керек емес, әне, әне-е, қойды!—дегенге Турсын да қуўанды, баласы:

— Аязлаған шығарсаң, ҳәзир газди жағамыз, өз қолымнан ашшы етип, шай демлеп беремен,—деп шығып кетти.

— Не қылып қойдың, шырағы-ыым, не қылып қойдың?!—Анасы қызын анық көрип отырмаса да басын шайқап жылай берди, жылай берди, неге екенин өзинен басқа жан билмейди, қызы да жылады. Баласы қай-

тып кирсе анасы менен әжапасы Турсын қушақласып жылап отыр. Аңырайып қалған Сазтурған:

— Қой деймен апа, адам өлгенде буйтип қушақласып жылайды!—деп сөйленип келип, екеўин еки жаққа айырды.

— Адам өлмей не қылды, шырағыммм...

— Ки-имм?!

— Мына мееенн, мына мен өлдим, мына мееен! Турсын өлтирди мени, мынаў Турсы-ыынн!..

Бала гәпке түсинди де шығып кетти, әжапасының иши билингели Сазтурғанның да ишине гүбелек кирген, ой үстине ой: «Баяғы Нөкер пияншиктиң айтқаны дурыс болмаса болар еди! Жел турмаса қамыстың басы қалтырай ма, ол ийт те бир нәрсени ызым-сызым сезип айтқандыдағы!..» деген ойы шоршытады өзин.

Ҳәр кимниң қыйсық болса да өз бармағы өзине жақсы, есаўан ба, ақылдәне ме, бәри бир, әжапасы Турсынды «ғап-ғарры старикке» қыймайды: «Ғап-ғарры старик ғо, сақалын қырып, француз духийин сеўип жүргени менен, олла, ғап-ғарры старик сол! Сақал-муртын жиберсин, бизиң ағамның шапанын, сырты шүберек тыслы, жүни өскин малақайын кийсин, белин бизиң ағамдай етип, шүберек белбеў менен буўсын, тап бизиң ағамнан да ғарры болып көринеди сонда! Старик ғой, старик! Өзинен қырқ жастан-әм киши қызға қалай ол уялмай қол қатады! Әәәй, қуры бир сандырақ-дә Нөкер ағаники!..» деп, өзин өзи алдағысы келе береди. «Төңбек кесел деген болады, қыйттай қызлардың иши де ҳәмледар ҳаялдың ишиндей шәмпийип кетеди!..» дегенди биреўден еситкенде қуўанышында шек болған жоқ, адам өз туўысқанының бийтап болғанына да буншелли қуўанады екен?! «Бизиң Турсын әжапам төңбек кесел менен аўырыпты, соны докторға көрсетип келдик», деп алдайды оқыўдан қалған күнлеринде муғаллимин, буны класстағы басқалар да еситиўи, усы хабардың елге жайылып кетиўи, оны ҳеш кимниң «еки қабат ғой, соры-ымм!» деп масқараламаўы ушын-ақ әдейи муңайып, журтқа өзин аятып турып айтады ҳәм өзиниң усы гәпине өзи де исенеди, Өзин өзи сөйтип исендирип жүргенде апасының жылап отырғанын қара! Демек, бир гәп болғаны-ғо! Бала ишке қайтып киререин кирсе де айыпты Турсын емес, өзи ислеп қойғандай қыпылық-

лап, әжапасының бетине тик қарай алмай, бул үйден тез ғана мектепке кеткенди тәўир көре берди, бирақ бул үйдеги кеп алып кеткен ырым ҳәм дәстүр сондай, ким болса да Нәзигүл ораза аўызын аштырмай жибермейди: «ораза аўызын ашпай шыққанның сол күни талабы оралары гүман...» емиш, сол дәстүрге қаршадайынан қанық болып өскен Сазтурған кетиўдиң иләжын таппай төрге өтип, төсегин жыйнап, кәтин тақластырды. Баласының кеўилине ғулғула салмаў ушын-ақ дадыпәриядын қойып, Нәзигүл қызы услатқан пластмасстан қуйылған қызыл қуманды алып, таҳрет ушын сыртқа шықпақшы еди, Сазтурғанның өзи жетеп апарып, сыртқы қапыдан шығарып әйўанға кирди, бети-қолын жуўды, газде қақпағы шақырлап қайнап атырған қаңылтыр шәйнектеги суўды шыны шәйнеклерге демледи. Бул қос шәйнекти қолына көтерип төрги жайға киргенинде Турсын әлле қашшан төсеклерди жыйнастырып, апасының астына көрпеше таслап, есик таманға сипсе менен себелеп суў сеўип атыр еди, жүзине қараўға Сазтурған уялғаны менен Сазтурғаннан бул уялатуғын түри жоқ, ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай көзин бақырайтып қарайды да, жумысы менен бола береди: дәстүрхан жаяды да:

— Неғып турсаң зиңирейип?—дейди инисине.—Қойсеш қолыңдағы шәйнеклериңди! Я услап турмасаң ушып кете ме?!

— Өйтип уша берип, ақ шәйнек ақ кептер шығар әбден!—дейди Сазтурған үйдеги кеўилсизликти шамалы болса да жеңиллетиў ушын ҳәм шәйнеклерди дәстүрханның мүйешине қойып, гөнерип кеткенликтен унатыла беретуғын пөлке нанды өтпес пышақ пенен туўрай баслайды, бул үйдегилердиң тисине қант тиймегенине жылынан асып кеткен, сонда да мынаў никели кеткен қант бөлгиш дәстүрханнан кетпейди, соны аршаның үстиндеги гөне қаршынның астына тығады да шайын қайтарып, үплеп ише баслайды.

Апасын төрге Турсын жетеп өткерди, алдына жай намазын жайды, ҳаял бир шетке дамбалын сыпырып таслап, таң намазына шөкти. Үйдеги аўыр кеўилсизлик кем-кемнен езип баратырған Сазтурған, қалай болмасын бул жүктиң астынан қайда болса да шыға қашыўға, ғам-ғусса, қапалық думаны сейилгенше қай гөрде

болса да жүрип қайтыўға асығып, аўызының күйгенине де қарамай суйық демленген көк шайдан үплеп-үплеп уртлап, нанды өрли-ғурлы шайнап, күнде апасының үкитлеўи, кейиўи менен кетип жүрген мектебине шырпынбақта.

Нәзигүл жай намазын жыйнап, өзиниң үйреншикли орынына сыйпаланып барып отырып атыр еди, ҳеш қашан ислеп көрмеген әдетин етип, баласы анасының пешанасынан бир сүйди ҳәм:

— Мен кеттим, апа, мектепке...—деди ентигип турғандай бөлип-бөлип.—Әжапам төңбек кесели менен аўырған, сен буны қапа қыла берме, өзиң де күйе берме, яқшы ма, апа-а...

Анасы аўызына сөз түсемен дегенше қапының сартылдап жаўылған даўысын еситти ҳәм баласының жаңағы гәпинен жүреги елжиреп:

— Айналайын-ай, мени жубатпақшы, қудай жубатсын мени,—деди өзинен өзи гүбирленип.—«Төңбек кесели менен аўырға-ан!..» —Баласының усы сести түске шекем қулағынан кеткен жоқ: «иләйым, сондай болғай!.. Әй, солай шығар-аў, Әмирхан уялмай ма ақлығындай әўмек қызды алдастырыўға!.. Жақ, жа-ақ, мен билемееен, ишиндеги бүлкилди баланың бүлкилдиси!..»

— Турсы-ын, ҳа Турсын!—Сес жоқ, лийкин, аңығын адам жоқта өзинен сорап билгенше асығып, иши пытырлап баратыр:

— Турсы-ыын, ҳа Турсы-ыыныннн!—Тағы сес жоқ. Сыйпаланып сыртқа шықты, тағы даўыслады, тағы сес жоқ. Тың тыңласа Жердаштың үйи беттен бир аяқтың сылтылдысы киятыр. Айбөрек өзи қатынасатуғын Әмирхан менен өз үйине шекем, өз үйинен Нурлепестиң үйине шекемги аяқ соқпақтың үстин: «қар, жаўында шүўек пенен-ақ жүре бересең, бир машина асфальт деген не, асфальтшылар бир шийше араққа сатып кетеди» деп, Жердашқа айта жүре баяғылары-ақ асфальт төктирип, сол төккен жолшыларды арақ-шарабы менен түслендирип, асфальтын өзлерине төсетип, өзлерине бастырған. Заман алғаў-далғаўланып, барлық зат зәҳәрден де қымбатлағалы барыс-келистиң де қуны артып, бул асфальтланған аяқ жолдан жүриўшилер де азайғалы астынан тепкен ызғар, үстинен жапқан жаўын-шашын соқпақтың жийеклерин ыдырата баслағаны менен тас

жолдың аты тас жол, киятырған өкшениң қандай нәли барын да қулағына жетиўден билип үйренген Нәзигүл бул тықылдының өз қызының өкшеси емес, ушына темир қағылған биз өкше екенин қалтықсыз таныды, усы қыткершилик заманда бундай қымбат биз өкше кийиў бунын әўмери түўе гирдикарлы, ықтысатлы, қазанлы үйлердиң қызларына да несип етип атырмағанын Нәзигүл жақсы ғана биледи. «Бул ким екен, бала-аа, қәтелестимбекен?! Жа-ақ, дыбысты парықлаўда биз соқырлар, алдымызға адам салмаймыз ғой, шыққан ызылды шыбындики ме, я ҳәрредиң қанатынан шықты ма, биз маңлайы қаралар алжаспай таный беремиз! Бизди қудай өлтирсин бе, алла таалам көзимиздиң кемислигин қулағымызға, көкиректеги көзимизге қосып берген ғой!..» деген бир ой жылт етти оның қыялынан. Ырасында да жақыннан бери ғана сыйпаламай соқыр болса да Нәзигүл өз үйиндегилер ғой былай турсын, өзге үйлердеги өзине таныслардың аяқ сестин ап-анық айырып таный береди. Лийкин, мынаў бир жақынлап киятырған тықылдыны танымай тур: «ким болды екен бул, ким де болса сәтең!..»

Соқырларға тән тағы бир қәсийет: қанша айбарақ салып, ҳәўлирип турса да жат дыбыс қулаққа шалыныўдан биреў аўызын басқандай сестин тыя қояды, сес шыққан жаққа қыйсайып қарамайды да, несине қарайды, бәри бир, көзиниң көрмейтуғынын биледи ғой, соның ушын-ҳәм бурын нәзери қай тәрепке бақырайған болса сол жаққа бақырайып тура береди, лийкин, Нәзигүл соқырлардың бул пешесин бузып, тықылды шыққан жаққа жалт қарады, себеби, бул таза соқыр едидә, көзи питегене көретуғын күнлериндеги дағдысы менен қарап қойды, бәлким, «көре қояман ба?» деген қам тәме болған шығар, оны өзи де билмейди, лийкин, ҳеш нәрсе көре алған жоқ, есесине:

— Сәлем бердик, Нәзигүл апа!—деген даўыс еситилди, ырғағынан-ақ даўыс ийесиниң онша кеўилсиз емеслигин абайлады ҳәм даўысты да таныды:

— Ҳаў, ҳаў!—Нәзигүлдиң даўысы таңлақлы шықты.—Мынаў Бийбираба ма?! Кел, шырағым,—Нәзигүлдиң басқа жаққа ылағып баратырған қолын қыздың өзи услап қысты ҳәм оң қолын ҳаялдың шеп ийининен асырып, ырсалаңлап күлиўи менен қушақлады.—Аман келдиң бе?.. Әй, анаңның алдына аман келсең болар.

Орынгүлге көз айдын айтарман десем, жетеклеп апаратуғын адам жоқ, болмаса келгенинди еситип-ақ едим, —деп жуўып-шайып атыр Нәзигүл, Бийбирабаға сөз бере жақ емес, мойнында уяты бар, қысынған адамның усындай бирден көп сөйлеп жиберетуғынын билмейтуғын Бийбирабаға: «көзден бас пүкил қалған екен, сөйлесетуғын адам таппай иши писетуғын ғой, адам көрсе усейтип сөйлей беретуғын шығар» дегеннен басқа ой келген жоқ. Ҳаял сол сөйлениўи менен қызды ишкери баслай жақ еди.

— Жақ, апа, рахымет,—деди геренге айтқандай қаттылаў.—Кирип шығатуғын жерлерим көп. Демниң арасында қоңсыларымды сағынып қалыппан-аў, апа!..

— Бәрәкәллә, сиңлим! Ҳәмме сендей емес, қоңысысын сағына бермейди. Кимниң үйинен шықтың?

— Жердаштың баласын көре жақ едим...

— Көрдиң бе?!

— Үйи илик екен, илинип қалғырдың!..

— Қой, өйдеме, сиңлим, кеширимли бол, умыт ашыўды. Ҳаў, үйге жүрсе?!..

— Жақ, асығыспан...

— Асығыс болсаң кетесең ғой,—деди Нәзигүл сәл болса да сөйлесип, тәўбеге келтирип, райдан қайтарып жиберейин деген ой менен, себеби, тийермен адамның «үйи илинип қалғыр» демейтуғыны Нәзигүлге мәлим, сондай-ақ, Әмирханның жалғызын өлтирген қыздың Жердаштың жалғызын-ҳәм өлтире алыў итималлығы барын да түсинеди, оны да өлтирсе «соры қайнап қалады-аў Айбөректиң! Бул дүньяда тентек балаға ана болғаны қурысын!» деп, Айбөректи бир нәрседей аяйды. Соның ушын-ҳәм қыздың қаҳәрин қайтармай жибере жақ емес.—Кетесең ғой, нан аўыз тий, көптен бери келген жоқсаң...

— Келе беремиз ғой енди...

— Ҳаў, мени ишке киргизсе, шырағым-аў!..

— Ырас-ақ көрмей ме көзиңиз?!

— Мен әртислик ете алмайман ғой-ааўў!!!

— Өйппей, қыйын болған екен апа!—Бийбираба шынтлап қыйналған кейипте ҳаялдың қолтығынан алып ишке баслады.—Еситип атырман ҳаяллардан, қызыңыз да сондай-сондай бола қойыпты...

— Қандай-қандай!!—Нәзигүл шоршынып турып қалды.

— Билемен-аў, журттың гәпи...
— Журт не деп атыр!
— Жақ, айтпайман.
— Айта бер, шырағым, «халық айтса қалпал айтпайды», айта бер, қулақ еситкенди түбинде көз көреди.
— Сонда да мен айтпайман, айтатуғынлар табылып қалар, жүр апа, жүр!..
— Ҳимм, сиңлим, яқшы, бунын да дурыс...
Ишке кирген соң ҳаял: «ал, усыкәраларда Турсынның дәстүрханы бар, нан аўыз тий, бирақ, бирден мени таслап кетип қалма, ақылымның жеткенинше беретуғын мәслаҳатым бар», деди дирилдек даўыс пенен ҳәм бир заман парасат таўып отырыўды өтиниш етти. Қыз қыйып кете алмай қапталына шөкти, дәстурханнан нан аўыз тийди. Тез айтып қалмаса кетип қалатуғынын билген соң Нәзигүл гәп сайбағыслап атпады, үсти-үстине дөндирди:
— Сен, сиңлим, гәпимди бөлмей, ҳимм, бир... тыңлап ал мени. Адамлар қатты ойға шүмгенде ойын басқа нәрсе алаң қылмаўы ушын көзин жумады, қудай бизди мудамы ойға берилсин деди ме, көзимизди өзи жумып қойыпты. Усы, жатып-турып ойланаман, маған бәри жаладай көрине береди, нашар баланың ер адамды өлтирди дегенине ҳеш ким исенбейди, бул итималдан дым ғана алыс, сол исенбегеним дурыс екен, мине, ақланып келип отырсаң, ҳәр қашан ҳақ ис ҳақлығына шыға береди...
— Жақ, жақ, апа, өлтиргеним ырас,—деди гәпти бөлип қыз сынық даўыс пенен.—Еле исим көп мениң, енди Бердашты өлтириўим керек!
— Өйппей, шырағым, бунынды журт еситпесин! Мен де еситкеним жоқ, сен де айтқаның жоқ...
— Неге енди! Сиз де еситтиңиз, мен де айттым, бирақ «журт еситпесин» дегениң дурыс, журт еситсе душпанларым еситеди, душпанларым еситсе өлмеўдиң иләжын ислейди. Соның ушын «журтқа билдирмей өлтир» дегениңизге тураман...
— Ҳаў шырағым, мен «өлтир» деп отырғаным жоқ! —Қыздың дизесин нуқып сөйледи ҳаял. —«Бул пикирди шығарып тасла, ким жаман болса өзи қудайдан таўа таўа береди» деген мәнисте айтып отырман.
— Қудайдан таўмайды булар, журтты қудайдан тап-

тыра береди! Жаңа-ақ өлтире қояйын деп едим, қызыңыз аяғыма жығылып жылады!..

— Өйппееей, сиңлим-ай, ҳәкисленгеннен аманбысаң! Кимди өлтире жақ един?!

— Әмирханды-дә!

— Оған мениң қызымның қандай шатағы бар?!

— Айтпай-ақ қояйын деп едим, қоймадыңызғо енди! Қызыңыз аяғын уўқалап отыр екен мен кирип барсам!..

— Өйппееейй, сорым!—*Бетин шымшыды.*—Үбайда қайда?!

— Үбайда қара шай қуйып отыр, ол қашшан-ақ сизиң қызыңыздың шорысына айналған! Ояғынан қолыңыз бәлент—күйеў балланыз миллионер!.

— Дуньясына от тийсин! *Сонша жуўырып-жорттырып жеди, жырып жеди, изинде туяқ та қалмай баратырғо! Кудайдың қарғағаны сол емес пе ақыры!..*

— Соның ушын-ҳәм екеўи бирден сизиң қызыңызға қул болады-дә! Сизиң қызыңыздың ул туўып бермейтуғынына ким кепил!..

— Ҳимм, оннан соң?! Айта бер, баслаған соң ақырына жеткер, қарағым, мен *бир* анығын билип алайын: бизиң қызымыз не қылып отыр ол жерде, сен неге бардың?!

— Айттым-ғо, өлтирейин деп барып едим Әмирханды! Үбайда менен Әмирхан мен кириўден өрре-өрре турысып, төрге қашып, екеўи *бир* мүйешке тығылды, аяқ-қоллары «дир-дир» етеди-ә, аңсат па жан тапсырыў! «Өлтирме, шырағым, үйдиң ишинен қәлегениңди ал!» деп датлайды екеўи бирден. «Қәлегениңди ал» дейди-аў, өй, ийтлер! «Қәлегенимди бере алмайсыз», десем де түсинбейди-аў, «қәлегенимди сизлерден сорамай өзим суўырып аламан», «ала ғой, ала ғой», дейди екеўи бирден қолларын гөлегейлесип. «Яқшы, гәпиңизде турың,—деймен, бендешилик ғой, душпанына қалтыратпа тийгизип қызығына қараў кимге жақпайды, қарап тура бергим келип еди, тағы, ашыўымнан айырылып қалар-ман деп қорқтым да:—Яқшы, гәплериңизде турың,—деймен және.—Мениң қәлегеним сизлердиң гейдеңизде тур, ол екеўиңиздиң өкпе-жүрегиңиз, билесиз ғой, мен каратәшимен, пәнжени ураман да өкпе-жүрегиңизди суўырып аламан, дым қыйналдырмаўға ўәде беремен» деп пәнжелеримди тәррийте бергеним, аяғыма тасладыаў Турсының бойын! Ким айтады оны гөдек, есаўан

деп! Өтирик бәри! «Ең болмаса мени ая, апа жан, булар өлип кетсе мынаў аўҳалым менен мен бахты қара болып қаламан ғой, ишимдеги бийғүна нәресте тағы жетим қала жақ, мени ая, апа жан, мени ая, өмиримше қулың болып жүрейин» деп еңиреп, аяқларымды ийттей *жалайды-ә! Аяғаным соншелли*, есиктен қалай шыққанымды өзим де билмеймен, бир қарасам, Жердаштың үйинде турман, Айбөреги төрге қашты буның да! «Балаңды тап!» деп тепсиндим, «бала жумыста», деди, шықтым да кеттим. Бир сөз бенен айтқанда сизлердиң бәриңиз ийтсизлер, апа, кеўилиңизге келмесин, сизиң ғарыңыз да, қызыңыз да ийт, адам емес екеўи де! Ийт болмағанда өзиндей адамға қул болыўдан түңилмейме сирә! Ал енди, Жердаш сизлерден-ҳәм пәс ийт, қатынының арқасынан байып, қатынының ойнаслары менен қатынасады-аў, бул не деген пәслик! Көргим келмейди сизлерди, түпиў!—Қыз турды да шығып кетти.

Кешке шекем Турсын үйге келмеди, кешке шекем ҳәўлирди Нәзигүл, Турсынлап шақырды, жоқ, бай-бай салып жылады, жоқ, ақыры жайдан шықпай бүккесине *түсип жатып алды. Баласы-Сазтурған «Әжапамды өзим* қуўып қайтаман!» деп кетип еди, бираздан соң есиктен ҳаплығып кирди де:

— Шата-ақ!—деди қорқыныш аралас даўыс пенен қатты бақырып.—Бердаш ағамды қамап таслапты!..

— Ҳаў, ҳаў!—Нәзигүл өз дәртин умытып басын жастықтан жулып алды.—Ол пуркуралғо, пурқуралды ким қамай алады екен! Аўызыңа келгенинди айта берме, Айбөрек апаң еситсе өкпелеп жүрер!..

— Айбөрек апам деген, қашшан баласының изинен жылап-еңиреп тюрьмаға кетипти!.. Жердаш аға да кеткен!... Әмирханлар да соякта!

— Буны ким айтты саған?!

— Буны Тәңирберген аға Шаббазов пенен Турсын айтты!..

— Үйинде Әмирханлар жоқ болса Тәңирберген неғып отыр оерде!

— Әмирхан Турсынды бақтырып кеткен-дә!

— Не ушын бақтырады?!

— Жаңағы хабардан қорқып, толғақ тута баслаған. «Анық опасный болып баратырса тез жәрдем шақыр» деп, телефонының қасына отырғызып кетипти...

— Енди апасный емеспекен?..

— Ҳим, әй, жа-ақ,—Баласы Турсынды ҳәзир ғана «тез жәрдем» машинасы туўыў үйине алып кеткенин айтпай қалды. Анасы да баланы қысындыра бермей, өзи менен турмай баласының да ҳүжданын қыйнай бермеў ушын-ақ өзин өзи зорлап, Турсынды тилге алмастан гәпти:

— Ол неғыған сум хабар екен журтты қорқытып толғақ туттырғандай?!—деп бурып жиберди.—Түсиндирип айт, балам?

— Бердаш Тасқаладағы кабинетинде отыр екен, Бийбираба кирип барған да өлтире жақ болып бас салған!..

— Ўай-оооой!..

— Прокурорда наган боладығо, атып жиберген!

— Кимди-и?!

— Кимди болатуғын еди, Бийбирабаны-дә!

— Бийбираба неғыпты, аман ба өзи?!

— Үсти-үстине үш ирет атса аман қала ма!.. Қызының өлгенин еле үйиндегилер билмейди, сөйдеди маған. «Ҳеш кимге айтпа» деди, сен де айтпа, апа.

Бул ялғаншы дүньяның бирден қорқынышлы туйылғаны соншелли, әлле ким ашыўға шыдамай буның қызын да өлтирип қоятуғындай көринип: «Бар, бар, әжапаңның қасында бол! Келсе-әкел, келмесе қасынан табжылма! Тәңирбергениң де оңған ийт емес, биреў көп пул берсе ол да адам өлтирип бериўден қайтпайды, бар, ба-ар!» деп қыстады. Сазтурған ондай ойсыз емес еди, «туўууў үйине кетти» дейин десе мынаў тастүнекте: «байбай, онда мени де апар! Қараўылдың қасында-ақ қызыма тилеклес болып отырайын!» деп, анасының зәўлим салатуғынын билди де айтпастан шығып кетти.

**Үйде** жападан-жалғыз қалған Нәзигүлдиң басына ҳеш қандай ой келер емес, отырды, турды, отырды, турды, отырды, турды. Шыра жанып тур еди, зәрре, жигирма минуттай көзгир алса да мийи ислей қоятуғын, лийкин, қайда сол жигирма минутлық уйқы! Қулағын жастыққа төсеп, жатты, жатты, көзин тастай жумып жатты, жумбағанда да буған жақты кесент етпейтуғын еди. Буйығайын деди ме, я көзи илинип пе еди, билмейди анығын, қулағына қызының «апалап» жылаған даўысы тал-тал еситилип атқандай көзине бирден қызы елеслеп кетти. Енди ол тағы түргелип отырды, адамды қәўип-қәтерде қорқыныштан, қәтерден сақлайту-

ғын намазларды билетуғын еди, ишинен соларды оқыды. Сөйтип, тағы жастыққа басын таслады, жатты, жатты, геллесине ой енди-енди келе баслады, ең биринши ойы оны ғаррысынан түңилдирди ҳәм «усы үйге келмегенимде қызым бундай бийабырай болмаспеди!» деп өкинди.. «Аштан өлип баратырса да адам деген өзиндей адамнан қорлана бермеўи, қуллықтың ноқтасына басын суға бермеўи керек еди ғой, өзи менен турмай қызын да ийт жеми қылды-аў бийшара ғарры!..» Ишинен оқый берди, түрли-түрли аятларды оқый берди, сөйтип атып, тағы көзи илинди ме, намәлим, жаңағы саза тағы қулағына, қулағы арқалы көкирегине талтал жетип атты да: «Оған бир гәп болған!» деген қорқыныш көкирегин гүңгирлетип, жүрегин ҳәўлирткени соншелли, тикейип отырыў менен де парасат таппады, сыйпаланып барып, биринши гезекте шыраны өширди, бул бурыннан үйренип қалған дағдысы: жан жоқта жанып қалған шырадан жайға от тийеди деп, жаслайынан сөйтип үйренгенликтен үйреншикли қоллары шырт еттирип өширдидағы, болмаса, тап усы турысында Турсыны болмаса жай түўе оған усы әлемниң де кереги жоқ еди.

Ол сыртқа шығыўдан-ақ Сазтурғанға жақында қара талдан жондырып алған ҳасасын умытқанын билди, лийкин, изине қайта қоймады, неге өйтти, оны өзи де, биз де билмеймиз. Адам естен бир айырылса қатты айырылады, дегбирден сасса әсиресе Нәзигүл қатты сасады, барлық ақыл-ойын қызы ийелеп алған бийшара ғана ана аяғының асфальтқа тиймей қара топырақтың усти менен кетип баратырғанын, Әмирхан менен бул үйди тутастырып турған қап-қара асфальт соқпақтың үстинде аяғына илинерлик шөп-шар жоғын аяғы астына басылып атырған шөплердиң сытырлысынан билсе болмай ма ең болмаса! Сылдыр шегеге шыққанында ол жолдан адасқанын абайлады, лийкин, соқырлар адасса да изине қайтпайды, «жолға түсип кетермен» деген ойы оны алға илгерилетти, бул әлем тас қараңғы болғаны менен сағымы бар, бунын көзине сол сағым да көринген жоқ. Қум түўесилип, тағы ақбас-жантақлық басланды ҳәм өзиниң дөңге шығып баратырғанын абайлады,

абайлап үлгергени де сол, оның аяғының астындағы жер бирден ойылып кетти, ол өлимди де, суў бойында тик жар дегенниң болатуғынын, оның қулаўы мүмкин екенлигин де ойлап үлгермеди, тула бойына жуўў етип, суўдың тийгенин, өз салмағы, өз пәти менен өзиниң шүмип баратырғанын биледи, «суў дегенниң түби болады, табаның суў түбине диңк етип тийиўден бир тепсинесең, жоқары зоңқ етип шығасаң!» деген ой қас қағымда шүмип баратырған оның қыялынан өтә шықты, әттең, аяғы жерге тиймейди, өлген ийтлердиң, ешеклердиң, пышықлардың өлимтиклерин жасырып атырған шалаңлардың арасы менен әжел деген апат оны төменге қарай симирип тарта берди, тарта берди. Аяғы бир қаттыға тийгендей болып еди, тепсинди-тепсинди, лийкин аўға түскен балықтай туўлағаны қалды, қалың шалаңның үстинен оның пықырлап шыққан соңғы демлери ғана сезилип атты, буны да я көрген, я сезген тири жан болмады. Ертеңине «Нәзигүл ушты-күйди жоқ болып кетипти!» деген сыпсың тарады, биреўлер «әй, жүргенди-дә, келер», десип, шыпаханадан шала емленип, биймезгил шығып келген Нурлепести, анасы бийдәрек жоғалғалы көринген адамнан қорқып, көринген адамға жалтақлай беретуғын болып қалған Сазтурғанды жубатысып атты. Питегене еси бар адам-ақ еки көзден түкал қалған, қақаң-соқаң менен иси жоқ, өмиринше бес ўақ намазын қаза қылып, я өтирик сөйлеп көрмеген молласымақ нашардың узақ жақларға қыдырып кете алмайтуғынын биледи ғой, буны Нурлепес те, баласы да билмейди емес, деген менен, табыты есиктен шықпаған ғайыптан қам сүт емген бенде үмит ете береди, оның қайда болса да өлип қалғанын, өлиги я Қызкеткеннен, я Ақ тубаның сасық суўынан тыста емес-аў, көзли нашар оннан басқа қайда бара алады деп, қоңысылары да шамалайды, солай болса ҳәм «сондай болыўы итимал» деген жаман хабарды ким бийшара Нурлепеске айта алады!«Өмиринше бир бахты ашылмай қойды-аў!» деп аямаған адам аз оны, аяғаны менен кимниң қолынан не келеди?! «Изле, бир дәреги шығып қалар» деп үмитлендиреди, өзлери гүдерин үзип отырса да қоңысылары.

Усы күнлери көзи ашық пенен палдаманның көбейип

кеткенлиги соншелли, бүгин Ташаўыздан, ертең Байтеректен, арғы күни тағы бир жақтан я Палкер қыздың, я басқаның дәреги шығып атады. Баласын алдына салып тартып отырады Нурлепес, бүгин Шоманайда болса, ертең Хийўада, пул жағы Әмирханнан, Турсыннан Өмирхан атлы «тоқпақтай уллы» болғалы пулды аяп атырған жоқ, себеп пенен өмиринше минбеген самолетларына да минип жүр Нурлепес пенен баласы, Әмирхан болса бурынғыдай «Нурлепес аға, Нуреке» деўди де қойып, әлле қашшан «ғарры» деўге өткен, өйтпей қайтеди—Нәзигүл барда шығып кеткенинен Турсын үйине қайтып изеп баспады, туўуў үйинен Әмирханның өзи барып, машинасы менен өзиниң ғана үйине әкелип түсирди, лийкин ҳеш ким Әмирханды улы менен қутлықлап атырған жоқ, бирақ ҳәмманиң улдың әкесин иши биледи де жылап-сықлап, үлде менен мүлдеге оранып отырған Турсынға: «Ҳеш гәп болмас, несине жылайсаң, я жаман хабарын еситкен жоқсаң, өйтип жаман ырым баслама!» деп кейип кетеди.

Ким қанша албаў салса да ҳаялының я өлисин, я тирисин көрмеген Нурлепестиң кеўили қарар табар емес, ой үстине ой, енди қайда барса екен! Ядына бирден Кәриймолла түсип кетти ҳәм усы ўақытқа шекем есине сол түспегенине өзинен өзи өкинди. Ертеңине, баласының оқыўдан келиўин күтпестен-ақ бир өзи Кәриймолланикине ҳайт қойды. Бахтына, ол үйинде екен, қашшаннан өз аймағының иймам кәтиби болып алыпты. «Сондай күнлерге дус болып қалдым, тақсыйыр, әўелҳа қуда, қалаберди, сизиң кәраматыңыздың арқасында кемпиримниң бир дәрегин табарман, деген үмит пенен пирли босағаңызға келип отырман», деди болған исти баян еткен соң. Узақ үнсизликтен кейин Нурлепести Кәриймолла бир супысына ертип жиберди. Супы бул ғаррыны Тоғыз ортақ қаңлы қышлағындағы көп теректи, үлкен ҳәўли-ҳәремли, сән-саўлатлы бир үйге баслап келди. Есиктен киргени де сол, әйўандағы нәҳән тақта сыпада гешир туўрап отырған баяғы өз келини өрре турып, алдынан жайтаңлап шыға келди. «Түпәләм, тилим тасқа! Әнейдей адам болып қалыпсаң, балам! Маңлайыма сыймадың ғой сен мениң, бахтыңды қызғанып қәйтейин, қайда жүрсең де аман болсаң, қудай яр болса болар!..» деп саўдырап атыр Нурлепес, келини таслаған көрпешеге шығып алған соң да. Мәнигүлдиң

шәмпийген қарыны Нурлепеке буның турмысқа шығып та үлгергенин айтпай-ақ аңлатты. Қисиси Тахтакөпирдеги бир ағайининиң намазына ҳәзир ғана кетипти, соны еситип бүгин қайтпаслығын билген Нурлепес: «Әттегенаай, жаңа шыққан болса зәрре кешиккен екенмендә! Апаң ушты-күйди жойтылып кетти, соған бир китап аштырайын деп келип едим, әттеген-ай!» дей бергени, Мәнигүл «ол қалай жойтылып кетеди!—деп шоршынды. —Жүрими болса тири шығар, бүгин мийманым боласыз, қудай қәлесе, таң намаздан соң азан менен өзим китап ашып беремен, ата, пийримиз сизди кисимизге емес, маған жиберип отыр», дегендеги Нурлепестиң қуўанышын айтпайсыз ба! Кеўилине Нәзигүлдиң ең жақсы көрген қәдирдан келини китабын жан ашыта ашып, қалай болмасын, дәрегин таўып беретуғындай, басқаның ашқан китабы да, палы да ғалет сөйлейтуғындай.

Мәнигүл таўық услатып шалдырды да, ертип келген супыны қайтарып жиберди. Дәстурханды молдан жайып: «тисиңизге қолай» деп, сөк тақан, жийде тақанларды, писилген сары майларды қойып атты.

— Бул дүньяда уйқы арсыз, аўқат арсыз, жей бериң, мың қайғы бир ис питирмейди, аманлық болса апам да табылар, қуры уўайымлап өзиңизди қайғыға қайыстырып алмаң, еле алдыңызда кишкене баланың талай машқаласы күтип тур, сиз де уўайым-қайғыдан аўырып қалсаңыз оның аўҳалы нешик болмақшы!—деп, шынтлап қаўетерленип, шынтлап тәселле берип отырды.

Таңнан турып ғаз мойынлы мыс қуманға тәҳрет суўын қуйып берди, таң намазын атасының артына уйып ғана оқыды.

Мәнигүл китап қарамады, қумалақ аша жақ. Өзинен өзи гүбирленип, өзинен өзи сыбырланып отырып, кенедәридей сыйқақ қыйыршық тасларды бир нешше жерге бөлип таслады да ҳәр уйинге бир үңилип, бирден үнсиз қалды. Келининиң өңи өшип сала бериўинен-ақ ҳәр қыймылын жутынып бақлап отырған Нурлепес палының шебинен келгенин абайлап-ақ еди-аў, ҳаял өзинен өзи тығылып: «Белиңизди беккем буўың, ата,— деди де гәпиниң изин айта алмай жылап жиберди.— Апамнан айырылып қалыппыз, апам суўдың түбине тап былай—деди әллен ўақыттан соң еки мушын бирден ийегиниң астына әкелип.—Тап усылай ғана шөгип жүресине отыр! Қайсы суў екенин билмеймен, я Қызкет-

жен, я Ақ туба!... Бир ҳәпте дейин бе, он күн дейин бе, апам топыраққа араласады!... Усы екен-аў, үлкен баланыз түсиме ене берип еди, ийис те шығардым, кисимиз бенен басына да барып қайттық, сонда да ене береди, не екен десем усы екен-аў, белиңди беккем буў, ата-а!...»

Бендешилик-дә, жақпайтуғын ҳақыйқатлықтан жағатуғын жалғанды тәуир көретуғынымыз бар, Нурлепес Мәнигүлден кеўили толмай суўынып қайтты. «Сонша сыйлап күткени неси, мақтанбақшымекен, сонша қапаландырып жибергени неси, демниң арасында неғыған әрўақ буған дарып жүрген? Айтқанларының бәри жалған!...» дегени менен, сол палдың келмеўин қаншелли тилегени менен аңлығаны еки суў-Қызкеткен менен Ақ тубаның сасып кеткен шалшық суўы. «Усы ўақытқа шекем порсымай ма ол, порсыған дене қашшан қалқып шығады, суў астында бир минут та жатпайды!» деп жубатты оны Палўанияз темир қуйрық. Әне, усы гәп жаққы оған. Жаққанын соннан билип, суў аңлығанды туўарып, Маңғыттағы бир палдаманға барып еди, ол: «ҳаялыңның бүгин-ертең дәреги шығады, усы еки күнде шықпаса ҳеш қашан да шықпайды!» деп, қуўандырып қайтарды.

Маңғыттан ертелетип жолға шыққаннан түс аўа аўылға келсе баяғы Мыхайым Меңлибай улы Букиртаев деген оралскиге усаған адам онлаған бульдозерди Ақ тубаның онлаған жағынан ҳарылдатып дүктирип атыр. Болдық балалар усыманда, алашаңғыт, биреўди биреў көриўи мүмкин емес. Оң тәрепинен түбине топырақ қуйылған терең шалшық суў кем-кемнен тасып баратырғанға меңзеп, пақырлап-пуқырлап, ақыры Қызкеткен менен еки араны тутастырған ески аңғарға қуйылды да, сасық ийисине адамлардың жүреклерин айнытып, Қызкеткенниң өли суўының үстине сарылдап қуйыла баслады, әдебинде Нурлепес ҳеш нәрсени ойламастан өз қайғысы менен ~~өзи~~ болып, тусынан өтти де кетти. Үйине барып бармақ бүгип санап қараса Мәнигүлден қайтқанына шыпшаң он күн болыпты. Кеўили алғаў-далғаў болып, Ақ тубаның бойына жалаңбасланып жуўырды: «Порсыған болса қалқып шығыўы керек!..» Күн батқанша күтти, ҳеш өлик қалқып шықпады, Ақ тубаның суўы түўесилген соң да бульдезерлер айдың жақтысы менен ислей берди, бул шаршап, ша-

лығып, баласы менен ақыры үйине қайтып кетти. Таңда оянып қараса әтирап жым-жырт, бульдозерлер қашшан кетип қалған, Ақ туба жақтан бурынғыдай сасық емес, бир жақсы жағымталлы самал есип тур. Түстен кейин теп-тегис болған бурынғы Ақ тубаның орнында аўылдың балалары футбол ойнап жүрди.

Арадан тағы бир айлаған ўақытты өткере берип, әбден үмитин үзген соң бир ешкини бес жүз манатқа несийеге әкелип сойды да, Нәзигүлдиң садақасын берди. Шақырған соң келмей тура ма, кисиси менен Мәнигүл де келди. Кәриймолла курортқа кеткен екен, келе алмапты. Садақадан соң: «Апамның үстине шығып кетейин, жүр, кишкене», деди Мәнигүл Сазтурғанға, буған бир Сазтурған емес, «баяғы Нурқасымның жыназасында да үсейтип еди, мынаны тағы жин урды-аў, келмей-ақ қойыўы керек еди», деген пәм менен Палўанияз да, басқалар да әри аяп, әри ҳәйран қалысты. Мәнигүлдиң Турсынды, Сазтурғанды, Айбөректи, тағы бир-еки-үш ҳаялды ертип, әлле қашшан аяқ асты болып, шаңғытып қалған Ақ тубаның орнына кетип баратырғанын көргенде изинен аңырайып қалған Нурлепес өзиниң жамбасына өзи урды.

— Енди билдим, билдим!

— Нени билдиң?!—деп таңланды Палўанияз.

— Айтып еди-аў Мәнигүл: «он күннен соң топыраққа араласады» деп! Сорлы басым, исене қоймап едим! —Нурлепес гәпиниң изин айтпай кеткенлердиң изинен ентеледи.

Нурлепес келгенде Мәнигүл маңыраған ылақтың даўысындай өлпең даўыс пенен қыраҳәтин келистирип, аят оқып отыр еди.

Марҳумның басына шығып қайтқанлар, дәстүр бойынша үйге даўыс шығарып кирди. Ертеңине Нурлепес Ақ тубаның «Ортасы усы-аў» деп шамалаған жеринен қәбирдиң сүлдерин жасап, үстине шеңгел көмип, басына сырық шошайтты.

Өлген өлип кете береди, тири тиришилигин ете береди, Нурлепестиң де тиришилиги өтип атты, дүканда зат жоқ, базар қымбатшылық болғаны менен көшеде аштан өлип атырған адамды еле ҳеш ким көрген емес, бул аўылдың бурынғыдан парқы—сасып атқан Ақ туба жоқ. Ақ тубаны көмип таслап, ирик-шириктен қутқарып, таза самал естирип бергени ушын-ақ адамлар

анаў Меңлибай улы Бүкиртаев дегенди тәўир көрип қалып еди., тәўир көрилген адамлардың да жек көрилмеги сәл жерде екен, атқарыў комитетинен, милициядан; тағы-тағылардан бес-алты адамды изине ертип, үйме-үй жүрип, «жайларыңызды жығамыз, босатың, болмаса астында қалып өлесиз!» дегенди тек жаман хабар ғана емес, ҳүким, пәрман иретинде айтып шыққанында ақ тубалыларға бул әлемде Бүкиртаевтан бузық адам барлығы гүманлы туйылғанлығы соншелли, биреўлер: «Елди усындай адамлар бузады!» десе, тағы биреўлер: «бул бурын байдың баласы екен, Совет ҳүкиметинде өши бар!,.» деди, «Тап усы адам Американың шпионы!!!» деп қапылтты тағы биреў. Сонша азабын шегип, өзи салған жайды ҳеш кимниң өзи жыққысы келмейди, жаман да болса ҳәр кимниң өз үйи өзине алтын сарай. Бүкиртаев: «Социализм типинде салынған барлық тырнақсыз гөне жайларды жығамыз!» деген сайын ақ тубалыларда уллы тоңқылды:

— Онда қандай типте жай саламыз?!

— Оны дәўир көрсетеди, жағдайдың өзи айтып береди,—дейди Бүкиртаев бети былш етпестен.—Қулласы, бәрин қайта қурамыз, ескисин жығамыз!..

— Яқшы, жықсақ жығайық,—дейди бир кәтқудалар. —Бирақ сен қандай типте жай салатуғынымызды айтып бер?!

— Оны дәўирдиң өзи айтады, ҳәзирше жайларды жыға берейик, билесиз ғой, гөне жайды жығыў таза жай салғаннан да қыйын!—Бүкиртаев ашыўланатуғын бәле емес, күлип жүрип,—Мынаны айтыўым керек!—дейди де өз билгенин қыла береди.

Ең биринши жығылыў қәўпи Нурлепестиң жайына туўды:

— Фронтовик, урыс майыбы, жетим-жесир екенсиз, биринши гезекте сизге жәрдем бериўге келистик, балаңыз екеўиңизге көп этажлыдан бир өжире беремиз, газиңиз, суўыңыз бар, бирақ ыссы суў ўәде ете алмаймыз, көшиң!—деди Бүкиртаев жаңа жайдың ордерин көрсетип. Нурлепестиң бундайда Әмирханнан басқа ойласатуғын кими бар.

— Бизикине келе ғой, қартайғанда басқа қаяққа қаңғырасаң! Өли болсақ бир шуқыр, тири болсақ бир төбе,—деди еле рәсмийлестирилмеген жетписке шама-

ласқан күйеў баласы, журт бунның мәртлигине ҳайран қалысты.

Қашшан бул үйдиң шорысына айналып кеткен Үбайда Әмирхан Нурлепести көширип алып келгенинде әжеп тәўир етип күлди.

Бахыт бул үйде де Нурлепеслерге күлип қарамады, Нурлепестиң «социализм типиндеги» жайы жығылғаннан бир-еки ҳәпте өтер-өтпестен «ишим, ишим, ишим!..» деп, басы женшилген жыландай таўланып-таўланып, Турсын да бир саатқа бармай жан тапсырды. Адамлар жетим қалған Өмирхан атлы баланы сағыйралар үйине жибермекши еди, «ҳеш кимге бермеймен, бала өзимдики!» деп Әмирхан биринши мәртебе ҳәммеге еситтирип мойынлады ҳәм журттың көзинше ҳаялы Үбайданың етегине салды, жыйналғанларға бир-бир қызыл онлықтан: «пәтияңызды бериң балама» деп, үлестирип шығып еди, ҳәмме жол-жөнекей Әмирханды мақтасып, ғаўқылдасып қайтысты. Бес саўсағың бирдей ме, гәп көп, «Тап Турсынды Үбайда уў берип өлтирсе меннен көрме!» десе тағы биреў: «Доктор келди, көрди ғой! Өйтип биреўдиң гүнасын көтерме, ийесине керек болса қоңсысы өкпелемес. Қудайға керек болды, алды, керек десе қудай сени де алады!» деп атқаны.

41

Истиң көзин билген бардамлыларға бул қымбатшылықтың да оң келиўин қара! Бийбирабаны атып өлтиргени ушын «өзин өзи қорғаған, сөйтип өлтирген» деп, прокуротурадан шығарылса да күн кесилмей, адвокат болып кеткен Бердашынан «Айтбай өш алып жүре ме?!! Әлле қайтеди?!» деп гүдикленген Жердаш әдеп елиў сыйыр алып, сонысы менен Бозатаўдан берилген елиў гектар жеринде фермерликти гүжитип жибердидағы сол жылдың гүзинде-ақ жайын Әмирханға сатып, баласын да сол жаққа орналастырып, көшти де кетти. Сийенниң насосшылық кәри бар екен, «Жүр мениң менен, ҳәр күни ишетуғын қара қаныңды берип турaман, бирақ айлық талап етпейсең, тракторды ходлайсаң да шертектиң астында шала пияң ҳалда насос айдап, май гүпинди жастанып ғылжыйып жата бересең, өлсең көмемен, тири болсаң жумсай беремен...» деп, бир келгенинде Жердаш алып кетип еди, бир ҳәп-

те болмай: «Жердашы қурысын, вино түўе мынаў да жоқ, таңнан турғызып насос ходлатады, соң шай-сууыңды береди де қолыңа кетпен услатады, ҳәррге таланып, күнниң қызылы семгенше жантақ шаптырады, оннан соң да гөне көрпешени төсеп, гүпиңди жастанып, малдың басында жатыўың керек, қайта дийўанашылығыма зар болып қалдым! «Бухара, Самарқанд кетсем, мени йоқлар кишим бармуўў!» деп, өтирикли-ыраслы еңиреп, пул таўып, шөрек сатып алып жеп, виноға тамағымды ҳөллеп, базардың прилавкасының үстинде милиция келип оятқанша қурылдыны урып жүргенлерим патшалық екенғо!» деп қашып келди ҳәм сол күни қашшаннан бери Әмирханның «Марал» ресторанында швейцар болып ислеп, түнемелигине сол ресторанға қараўыллық етип, түнги қонақларға қымбатына арақ сатып шығатуғын Нөкер Ниязыш пенен «өлмей аман келгенин» бир шийше виноға жуўды, соң таңнан турып, туннель бетки талабына кетти. «Кеште тағы келемен-әй, Нөкербай» деп ескертиўди де умытпады.

ГПТУ дың аспазлығын питкерип, дырдай жигит болған Сазтурған да Әмирханның «Маралында» қазан-табақ жуўыўшы, «Қызлар күледи, Әмирханның қулысаң» деп, бурынлары да жүргизбейтуғын еди, енди әбден келистик! Усы қуллықтан қашан қутыламан, аға!» дегенди ыңғырыўлады Нурлепеске, Нурлепес те әри-бери «Құдай бизди қуллық ушын жаратқан, бул күниңе де шүкир ет, балам, заманның тәбризине бақ, сен ғой, сен, сен түўе инстототты питкерген, әри уста, әри муғаллим Шаббаз үйшиниң баласы Тәңирберген неғып жүр, еки бирдей талабы менен бала-шағасын асырай алмай, ақыры мотороллерин дырылдатып, Әмирханның сатып алған төрт асханасына гәртүшке-пияз, гөш тасып, қулына айналып баратырған жоқ па! Басқа талапта нан болса партүшкилди питирген Өтен томпақ Шортанбайда шыбынға таланып, Әмирханның мал фермасын бағып жүре ме?! Олар неге Әмирханға қул болыўға арсынбайды, буның хызметин «өз хызметим» де де қуданың қылғанына қайыл бол, әдептен наны пүтин-пүтин, наны жарты-жарты—ҳәр ким бул дүньядан қудайдың шашқан ырысқалын шөплейди, несийбеңе ыразы бол да пәкизе ырасқалыңды таўықтай шөплей бер. Енди буннан былай ҳәммме ҳүкиметтиң емес, биреўдиң хызметин ислейтуғын қусаған, маған буны Палўанияз айтты, болмаса

өзимниң ақылым жетпейди ғой, «енди социализм қулады, коммунизм жоқ, мәмлекетлик меншик кисилердиң қолына өтеди, енди биреўдиң хызметин ислей бересең, басқа иләжы жоқ», деп жиберди маған.. ыңғырыўлаўдан-ақ ойластым оның менен,..

— Онда, аға, маған өкпелеме, сениң қуллыққа етиң өлип кеткен, мен кетемен!—деп еди, бала ақыры айтқанын қылды да тынды. Алты ай даўамында ДОСААФ та түни менен шоферлық оқыўда оқып жүр екен, шоферлық ҳуқуўқы қолына тийиўден Әмирханның «Маралына» бармай-ақ қойды, зорлады, жалынды әкеси, қылмады:

— Сеннен аңгөдек адам жоқ, аға,—деп әкесин қустаны қылды.—Сен билмейсең, апам қызының дәртине шыдамай өзин Ақ тубаға таслап өлген!

— Ҳее, не қылды ол бийшара Турсынға, бақтыжақты...

— Аға-аа, әпиў ет, адамда намыс болмаса қыйын, мен буны саған күйгенимнен айтып отырман, кешир мени?—Баласы жылап жиберди. —Ҳеш нәрсе қылмағаны ма, есалаң сорлыны алдастырып, қолға түсирип, қарнын шәмпийтсе бул қорлыққа апам шыдар ма еди, уялмады ма екен Әмирхан қызындай адамды...

Гәпиниң артын айта алмай тығылып, сонда бир есиктен шығып кетип еди, соннан бийдәрек кетти де барды. Бир күнлери, үлке-ен, тап баяғы Нурқасымның «Қолхидасынан-әм узын» бәлент машина айдап келди.

— Аға, Наманган, Ферғаналарға жүк тасып жүрмен,—деди балалыққа тән жеңиллик пенен мақтаныпп. —Ақша деген мынадан!—Алқымын бас бармағы менен сызып көрсетти ҳәм әкесиниң алдына бир дәсте қызыл онлықты торс еттирип таслады.—Тасқаладан жай алайын деп атырман, апам менен әжапамның жәллатының үйинде телмеңлетип қоймайман, сәл-пәл шыдай тур, алып кетемен, мен бир, жайымды алып алайын!—Сөйтип, тасыр-тусыр шықты да кетти, әкеси жөнлеп тиллесе де алмай қалды. Лийкин, сол-сол екен, ғаррының ядынан: «апам менен әжапамның жәллады!..» деген сөз шықпады, қайда жүрсе де қулағында шыңлады.

Жердаштың жайын ийт мутыға сатып алыўдан Әмирхан қайтадан ремонтлатып, боятып-сырлатып, жийҳазлады. Бес өжиресиниң ҳәр бири адам кирсе шыққысыз: едени гилем, жапсары гилем, бәлент қаслы,

былқылдақ, ағаш кәт, шифонер, хрусталь қәндил! «Бул не?!»—Бул, бес адамлық мийманхана, асханасы, моншасы күни-түни ислеп тур. Күни-түни Тасқаладан келген Кеңесгүл деген ҳаял усы кәрада аўқат таярлап, қонақ күтиў менен аўара. Күни-түни бул ҳәўлиниң бәлент шарбағынан төрт-бес жылтыр машина арылмайды, бири кетсе бири. Бәринен де жутып жибергендей бир қыз, бир нәҳән хызметкер түсе береди. Күни-түни магнитофон тынбайды! Шарбақтың дәрўазасын ашыў менен, жаўыў менен аўара Нурлепес! «Ғарры, мен туўмайтуғын таўыққа дән салмайман. Базар экономикасы деген бул! Артықмаш бир гегирдек-әм билдире береди. Буннан былай Кеңесгүлдиң мөҳминисең!» деди-аў күйеў баласы. Соннан бери шарбақтың дәрўазасын ашады, жабады ғарры. Кеңесгүл деген-әм жомарт ҳаял екен, ҳәр күни бир қызыл онлық услатып, ғаррының кеўилин жүдә мәс етеди! Сөйтип мәсирип жүре берер ме, әлле қайтер еди... Тап, күпә-күндиз-ақ еди, Гүлимбай Нағыметыштың тоғызыншыны быйыл питирген қызы, шашлары қопырап, иш көйлек пенен жайдан атылып шықты да дәрўазаға қарай жуўырды, изинен қуўып киятырған Кеңесгүл: «Жап, дәрўазаны жап!» деп бақырады, ғарры не қыларын билмей албырап турғанында қыз шығып қашты, ҳаял келип: «Қулағыйың гереңбе иймансыз! Жап дедимғо саған, тут дедимғо урғашыны! Нурмуҳаммед суўдырдың бес мың манаты қашшан Әмирханның кассасына тапсырылып кетти, енди соны өзиң төлеймисең, яҳҳ, иймансыызз!..»

Ғарры кетти де қалды. Палўаниyaздикине келди.

— Ол мийманхана емес, жәлепхана!—деп қапылтты Палўанияз. —Отыз күн тутқан оразаң, оқыған намазың, барлық ишкен-жегениң ҳарам!..

Соннан бери Палўаниyaздикинде, «базар экономикасы деген бул, бир гегирдек те билдиреди!..» усы сөз қулағында тәкирарланып, бираздан бери иркилип қалған пенсиясын сорап, собеске келди. «Бюджетте пул жоқ!» деди шашы қырқылған қыз. Сууға түскен пөлке нандай езилип, көпирдиң үсти менен киятыр еди, көзине иш көйлекшең дәрўазадан ырғып қашқан Гүлимбай Нағыметыштың қызы елеслегени де сол: «Мениң Турсын жаным да мына сумырайдан сөйтип қашқанды-аў! Дәрўазаны мендей ғарры көпеги илип қалғандур!..» деген ой геллесин шыңлатып жиберди:

«Барайын да жайына от берейин бул ҳайўанның! Көп ақша берип, Гүлимбайдың өзине бастырыпты-аў бул даўды! Өле қал Гүлимбай!..» Көпирдиң үстинде киятырған оның усы ойы алдынан, артынан дөдетлескен машиналардың сигналларын да еситтирмей таслады, көзине де ҳеш нәрсени көрсетпеди, қатты соққы тийди де көкирегин бир нәрсе женшип өткендей болды... Жылт етип, бунның да барлық жақсы жолдаслары, жақсы күнлери көзинен өтти: Жумагүл-Жумаш, неке тойлары, ата-анасы, Нурқасым, Мәнигүл, Нәзигүл, Турсын... Қулласы, бәри-бәри!

— Бул журт айта береди Әмирханды жаман деп, Палўанияз аға! Адамлар өлисин түйе таўық пенен жайғастырып атыр. Әмирхан әлле, неткен ғаррыны өгиз сойып жайғастырды-ғо!..

— Тәңирберген Шаббазо-ов! Соған мийиң жетиспей ме, ғаррының қунының өзине бир жүз елли мың манат өндирипти Әмирхан! Табанда өндирген-ә, сөйтип басып тастаған жинаятты!..

— Япырмай-ә!!!

Бир айдан кейин Сазтурған келди. Болған ҳәдийсени еситти. Жылады, сықлады, қолынан басқа не келсин! Жигит кетермен болып, машинасын ходлап атырғанда кишкене Өмирхан: «Папам шақырып атыр» деди. Барды. «Мынаў отыз мың манат. Саўма. Кассаға сал, үйленесең. Сөйтсем-әм мениң жақсылығымды билмейсең!!» «Бул не?» деп таңланды бала. «Әкеңниң қуны! Оны судлатқан менен әкең тириле ме, оннан усы абзал!». Бала отыз пачка қыры сынбаған онлықты Әмирханның бетине керилип турып, отыз мәрте зыңғытты, гәсин қақшып, гәсинен буғып қалып, соққыдан жалтарып турды Әмирхан. Байтеректен қызыл жапырақ жаўғандай үлкен әйўанның иши қызыл онлыққа жайрап қалды. Әмирхан сөгиниўи менен пулды жыйнай баслағанда Әмирханның ата-бабасы, заў-затын бәләҳатлап, есиктен шықты да қапыны бар пәрманы менен сарт еттирип жапты, епкин менен есиктеги қызыл онлықлар Әмирханға қарап ушты.

*1991-1992-жыллар, 4-май, №2 республикалық емлеўхана, 47-палата.*